
8Н (24см.) Б
5 16

САИД БАДУЕВ



НОХЧ-ГІАЛГІАЙН
КНИЖНИ ИЗДАТЕЛЬСТВО
ГРОЗНЫЙ — 1976

САИД БАДУЁВ

ГУЛЙИНА СОЧИНЕНЕШ
ШИНА ТОМЕХЬ

ХУДОЖНИК Е. М ТОКАРЕВ

84(2Чеч.)
Б 15



САИД БАДУЕВ

ЧИТАЛЬНЫЙ ЗАЛ
ЦЕНТРАЛЬНОЙ ГОРОДСКОЙ
БИБЛИОТЕКИ г. ГРОЗНОГО

ГУЛЙИНА СОЧИНЕНЕШ

ХЬАЛХАРА ТОМ

ПРОЗА, ДРАМАТУРГИ

ОТДЕЛ ОБСЛУЖИВАНИЯ

С2 (Чеч.)
Б15

Текстологически болх бинарг, хIоттийнарг, дешхьалхей, билгалдахарш яздинарг ТУРКАЕВ ХЬАСАН ВАХИТОВИЧ.

РЕДАКЦИОННИ КОЛЛЕГИ.

АЙДАМИРОВ А. А., АХМАТОВА Р. С., ДЫХАЕВ В. А. (жоьпаллин редактор), МУЗАЕВ Н. Д., МУСАЕВ М. М., ТУРКАЕВ Х. В.

Бадуев С. С.

Б15 Собрание сочинений, т. 1. Текстологическая работа, составление и вступительная статья Х. В. Туркаева. Чечено-Ингушское книжное издательство, 1976.

397 с.

Б $\frac{0733—109}{М\ 135\ (03)\ —\ 76}$ **26 — 75**

С2 (Чеч.)

ХУДОЖНИКАН РЕВОЛЮЦИОННИ ДОШ

I

Советски заманахь вайн Даймехкан вежараллин халкъийн литератураш кхиийна гIарабевллачу дуккха а яздархоша. Иза социалистически дIахIоттаман амалехь ду. Оцу художникех бакъонца ларалуш ву нохчийн советски литературан бухбиллархо Къилбаседан Кавказерчу яздархошна юкъахь цIеяххана волу Сайд-Селим Сулейманович Бадуев.

Иза литературана юкъа хIумма а къийлалуш, тийсалуш ца веара. Нийса-м кхечу кепара аьлча хир дара: цуьнан цIе зорбанехь гучу ма-еллинехь доладелира нохчийн литературан сиха кхиар, йолаелира оцу литературан истори. СаIидана дукха хан ца ийшира кхолларалин шуьйрачу новкъа вала, халкъан кхоллалучу исбаьхьаллин культурехь кхечерчух тера боцу шен болам каро. Цо язда волалушшехь хаийтира ша литературана юкъа шен тема йолуш вогIуш хилар; цунна хьалхара гIулч литературехь ша йоккхушехь хаьара, муьлхачу идейно-исбаьхьаллин басаршца кхетор ву ша керла стаг — социализм дIахIоттархо. Вайн бакъо ю тахана Бадуев СаIид ишта хилла хиларх теша, хIунда аьлча, С. Есенинан дешнашца аьлча, «доккха хIума хан дIаяьлча дикох го».

ХIара хаьржина произведенеш арахоьцу, нохчийн халкъан сийлахь кIант хилла, историна юкъавахана Бадуев СаIид вина 70 шо кхачар даздеш. Шераша, шайн сиха хиларе хьаьжжина, тIаьхьарчу тIаьхьенна стеган щIей, цо дина гIуллакхашший дуьтуш, цуьнан юьхь-сибат, амал, нахаца хилла юкъаметтиг дIашарйо, и стаг, цуьнга цу тIера хьаьжча, кхечарех тарво. Шерийн ницкъ боккха бу...

Амма шераш а, зама а гIорасиз хуьлу стага шел тIаьхьадитинчу хьаналчу гIуллакхашна хьалха. Ткъа Бадуев СаIида

шен доццачу дахарехь дина гIуллакхаш Iаламат даккхий ду, шуьйра бу церан чулацам, кIорге ду церан маьIна. Цуьнан дийцарш, очеркаш, роман ,пьесаш, публицистически статьяш, гочдарш тамаша бина ца валлал таханлерачу вайн дахарна хьалхахIуьттучу хьашташна жоп луш ду. Ткъа уьш яздина 20—30-чуй шерашкахь. Шовзткъа шо сов хан ю уьш язйина, амма тахана кхоьллича санна хетало церан чулацам, иза вайн деношца богIуш нисбелча. Иштта хуьлу, яздархочун кхолларалла идейно-исбаьхьаллин ницкъах юьзна хилча. Литературехь цо бина некъ беха бацара. Цуьнан кхолларалла иттех шарал тIех ца иккхира шен кхиарехь.

II

Бадуев СаIид вина 1904-чу шарахь Соьлжа-гIалахь шен долахь жима лавка а йолуш вехаш хиллачу Сулейманан доьзалехь. Иза вуно жима воллушехь болабелира цуьнан къинхьегаман некъ: хьалхе велира да, тIаьхьа бисина доьзал кхаба стаг цахиларна, СаIида 1914-чу шарахь юкъахдитира Грозненски реальни училищехь дешар. Цуьнан училищен 4 класс бен чекхъяккха таро ца хилира.

Бадуев СаIидан бералла а, кхиазхочун шераш а нисделира тишачу Россин юкъараллин-политически дахарехь, цуьнан йистошкахь исторически даккхий гIуллакхаш хуьлучу заманахь. Оцу гIуллакхаша, дуьйцийла йоцуш, хинволчу яздархочун дагахь ша тайпа лар йитира, къаьсттана хьомечу халкъан халачу дахаро а. Жимчу СаIида халахетарца тидаме оьцура Iадатой, шариIатой цуьнан хьийзор. Халкъан оцу балано жима воллушехь кхиийра цуьнан кхетам, чIагIо яйтира шен болчу ницкъаца бусулбан динан дайшца луьра къийсам латто.

СаIид кхиира Грозный гIалахь — Къилбаседан Кавказан революционни боламан гIопехь,—цунна кхузахь гора оьрсийн белхалойн дахар, церан митингаш, дахар тода гIерташ цара латто къийсамаш, интернациональни дог-ойланаш. Лаьттан кIоргене кхийдаш, кхиа гIерташ, къоначу ножо хьалаийзо ницкъ санна, оцу къийсаман идейш шена чуийзайора СаIида: цунна хаьара болабеллачу революционни къийсамо шен халкъана а паргIато йохьур юйла. Оцу шерашкахь гинарг, дагна Iаьткъинарг цуьнан дагахь дисира.

Сийлахь-йоккха Октябрьски революци цо хазахеташ тIеийцира. Революцис нисдира бIешерашкахь боданехь саттийна латтийна къинхьегамхойн баккъаш, серлабаьккхира царна

ирсе боьду некъ. Революцица цхьаьна веара Советски Iедал дIахIоттош турпалалла гайтина гIараваьлла революционер, нохчийн халкъан сийлахь кIант — интернационалист Асланбек Шерипов. Цо, кхера а ца кхоьруш, тIаьхье йоллуш Iорайоккхура буржуази, къинхегаман халкъан классови мостагIийн — шайхийн, молланийн «хьехамаш», орца доьхура массо а яхь йолчу нохчашка, шайхаший, молланаший лаьллина кхин яха меттиг а боцуш са хадийна Нохчийчоь паргIатъяккха гIовтта, бохуш[1].

Кхуьуш волу СаIид Асланбеках Iемара шайхащций, молланащций къийсам латто. Шерипов Асланбекан статьяший, къамелаший, кхайкхамаший Iорайоккхура контрреволюцин, духовенствон, классови мостагIчун Iалашонаш. Революционеран амалан, цуьнан кхолларалли хатI шен говзалле дерзийра Бадуевс. Вай мискъала-зарратал харц дерг эр дац, нагахь, Бадуев СаIид шен кхолларалле хь Шерипов Асланбекан гражданскн майралле х, революционни тIетовжамах Iемаш схьавеара, аьлча.

1922-чу шарахь Бадуевс Буру-гIалахь (хIинца Орджоникидзе гIала) чекхйоху кооперативни курсаш, цул тIаьхьа йоцуш хенахь кооперацехь болх а бо. Амма цунна лууш дерг хьомечу халкъана юкъахь дIахьош лаьттачу культурни революцехь жигара дакъалацар дара. Цундела цо чекхйоху учительски курсаш, цул тIаьхьа масийта шарахь школехь хьехархочун болх бо, берашна а, баккхийчарна а йоза-дешар Iамош. 20-гIа шераш чекхдовлуш С. Бадуев, шен ерриге хан литературни балха тIе хьовзайой, кхолларалли болх бан волало.

Iаламат ша тайпа, тамаша бина ца валлал сиха кхиъна а, идейно-исбаьхьаллин агIо шуьйра а, кIорге йолуш а ю цуьнан литературни тIаьхье. Литературехь цо бинчу белхан маьIно а, цуьнан дахарехь хиллачу нийсачу идейни тIетовжамо а СаIид Бадуев Къилбаседан Кавказехь баьхначу гIарабевллачу художникийн хьалхарчу могIаре хIоттаво.

Кхолларалли корматалла йоккха яра Бадуевн. Цо цхьаметта боккхачу айамца болх бора поэзехь, прозехь, драматургехь, публицистикехь. Оцу массо а жанрехь баккхий кхиамаш а бехира СаIида. Цо язйина 15 гергга пьеса, роман, масийтта повесть, дуккха а дийцарш, очеркаш, поэмаш, стихаш, статьяш. Церан чулацамо тоьшалла дора яздархочунна шен халкъан дахарна хьалха лаьтта коьрта проблемаш гуш

---

[1] *Асланбек Шерипов.* Статьи и речи. Грозный, 1972, 129 агI.

хилла хиларна: халкъ керлачу дахаре гIерташ, латтийна къийсам, революцин идейш къуьйсуш, бIаьхойн яхчаелла амалш, керла дахар дIахIуттуш халкъана Iадатой, шариIатой йина новкъарлонаш, патриотизман, интернационални дог-ойланехь керла стаг кхиор, иштта дIа кхиерш а.

Муьлхха а литература кхоллаелла йогIучу муьрехь шен ницкъаца иза кхиа хало ду. Цунна шуьйра гIо оьшу кхиъна евллачу литературашкара, церан исбаьхьаллин кхиамех къоначу литературо, школьни маттахь аьлча, урокаш йо, царех Iема. 20-чу шерийн хьалхарчу эхехь кхоллаелла нохчийн йозанан литература-м цу новкъа ца еъча ца йолура, хIунда аьлча, дIаяханчу хенахь кхиъна къоман исторехь йозанан дашца IаIийна говзалла (зеделларг) цахиларна, масала, хIирийн литературехь 19-чу бIешерехь Коста Хетагуровс кхоьллина демократически традицеш санна, я хIинца кхиъна кхоччуш чIагIъелла яьлла исбаьхьаллин хорма а цахиларна. Цундела къона литература исбаьхьаллин хьал долчу литературехь Iемаш схьайогIу, уггар хьалха прозин, поэзин жанраш а йолуш.

20-гIа шераш юккъе девлча язда волавелла Бадуев СаIид, халкъан барта кхолларалла а, кхечу литературашна зеделлачунна а тIе а туьйжуш, литературехь баккхийчу кхиамашка кхочу. Нагахь цул хьалхарчу яздархойн Дудаев Iабдин а, Нажаев Ахьмадан а, Сальмурзаев Мохьмадан а кхолларалин некъаш цуьначех тера ца хиллехь, церан шайн кхолларалле хь, кхечу литературийн кхиамаш схьа а оъцуш, оцу литературех, къоман амал зуьйш, пайдаэца йиш ца хиллехь (хIунда аьлча, шаьш хьуьжаршкахь дешарна, царна дика ца евзара оьрсийн литературни традици), Бадуевн и дан аьтто белира, къаьсттана прозехь. Хууш ду иза берахь дуьйна халкъан хьекъална (цуьнан барта дашна) юккъехь кхиар а, тIаккха школехь, реальни училищехь оьрсийн классически литература цо Iамаяр а.

Литература кхоллалучу муьрехь цунна юкъаveанчу Бадуевс еара кхечерчух къаьсташ а, чIогIа оьшуш а йолу теманаш, цундела литературан жанрийн пхенаш яздархочо говзаллица аьллачу довхачу дашах дуьзира. Шен кхолларалла йолалушшехь цо шена хьалха хIиттайо хала Iалашонаш: ша вехаш волу хан, нохчочун политически кхетам кхиаран некъаш гайта волавалале хьалха стеган дIадахана дахар кхачам боллуш талла, иза патриархальни дахаро, динан хьехамаша кхиоран сурт хIоттадан, къинхьегаман стеган хьекъал дIаоьцуш, иза

даима а сийсазвеш, дино лелийна бозбуунчаллаш, цул тIаьхьа революцин дарцо цуьнан патриархально-родовой Iерлахар кагдар — цуьнан кхолларалле хь даима а цхьаьна ийна, цхьаьна ясталуш йолу теманаш ю.

И чолхе, амма чIогIа оьшуш йолу теманаш хIиттош а, схьайостуш а Бадуев шен цхьа раж йолуш ву. Цуьнан кхолларалла ерриге а кхоччуш теллича, гучудер дара вайна, муха дара цуьнан, реалистан, кхиар, исбаьхьаллин говзалла алсамъялар, граждански тIетовжаман керл-керла басаршца лепар. Ткъа, хIокху статья тIехь и дан таро цахиларе терра, вай тоам бийр бу цуьнан цхьацца йолу произведенеш теллина.

20-чу шерийн шолгIачу эхехь кхуьуш лаьтта нохчийн литература халкъан амалан духовно-нравственни чулацам гайта дагахь йолаелира. Коьрта долчунна иза дозуш дара литература кхуллучарна а, керлачу интеллигенцина а бIешерашкахь тIаьхьадисина лаьттина халкъ социалистически новкъа доккхуш беш лаьттачу белхийн доккхахдолу дакъа исбаьхьаллин дашо шена тIеоьцийла кхоччуш хиъна хиларх. Иза вай билгалдаккха дезаш дара, хIунда аьлча, и тайпа кхетам яздархошка йозанан литература кхиарца бен боьссина ца хиларна. Цундела хийцало вай дуьйцучу шерашкахь произведенийн чулацам, шорло церан теманаш. Ткъа оцу хенахь литературан кхиамаш хиларан коьрта бахьана цуьнан керла жанраш кхиар а, идейно-тематически керла боламехь иза йолаяларца а дозуш дара.

Йозанан литература, иза кхоллалучу хенахь, халкъан дахаран масех агIо толлуш, керла стаг керлачу идейшца кхио гIерташ кхуьу. Поэзина а, драматургина а, прозина а тIехь биначу талламаша гойту оцу хенахь литература коьрта долчунна кхаа тематически направленица (боламца) кхуьуш хилла хилар: социалистически дахаран хорманаш стагана йовзийтар, халкъан кхетамехь динан идеологино йитина кIорггера лараш, халкъо шен къоман а, социальни а пагIато къуьйсуш дIаяханчу заманахь латтийна къийсам гайтар.

Хьалхара болам бозуш бара Дудаев Iабдин, Нажаев Ахьмадан, Бадуев СаIидан поэзица. Оцу поэташна гора шаьш дехаш долу зама, цуьнан хийцамаш, гIиллакхаш, оьшурш. Шайн заманан идейни кIорге шайн поэтически корматалле хьаьжжина халкъе кхийдайора цара, цунах лаьцна дуьйцура, хьалхахьа кхойкхура. Церан стихийн чулацамо гойту партис юьртабахамехь цу хенахь дIакхехьна политика уьш халкъана йовзийта гIерташ хилла хилар.

Халкъан турпалаллин истори исбаьхьаллин дашца дешархочунна йовзийта гІертара цу хенахь Яндаров Мохьмад — «Макажойн имам», Шерипов Денилбек — «Іалбек-Хьаьжа Зандакъера» пьесашца, Мамакаев Мохьмад—«ЦІий хуьйдина лаьмнаш» поэмица.

Вай билгалбинчу тематически боламашца цхьаьна уьйш, делахь а маьІница ша къаьсташ яра оцу хенахь литературехь кхиа йолаелла забарен — сатирически жанр. Эльдарханов Іисас яздинчу «Нохчийн дийцарша» а, Саьмурзаев Мохьмада кхоьллинчу «Нохчийн ира дийцарша» а билгалдоккху къонаЧу яздархоша заманан коьртачу теманашца цхьаьна халкъан хьекъалх, цунна шена тІехь долу кхачамбацарш гарх лаьцна яздеш, керла стаг кхиош болх бина хилар. И жанр халкъан бартан кхолларалли на тІехь кхуьуш яра, цо кararчу заманна жамІаш ца дора, цо стаг халкъан оьздангаллех, цхьацца болчу нахера дуьйлучу оьзда доцучу гІиллакхех кхетош, кхиавора дешархо. Керла зама талла декхарехь кхин жанраш а яра.

Литературан кхиаран дийна сурт хІуттур дацара, нагахь санна вай кхоалгІачу тематически боламна тІехь жимма алсамо ца севцча.

20-чу шерийн шолгІачу эхехь литературан юьхь йийриг Бадуев СаІидан кхолларалла яра, аьлча а цуьнан дийцарш, повесташ, стихаш яра. Церан идейно-тематически лехамаш шайн кІоргенца а, шуьйраллица а къаьсташ бара литературан кхечу жанрийн лехамех. И хан йолалуш йогІучу литературехь новеллистико зазадаькхина хан яра.

Бадуев СаІида юкъаялийначу дийцарийн темано, ма-дарра аьлча, оцу хенан литературан берриге а коьрта лехамаш шена тІехьовзийра: оццул чІогІа бара динан идеологин, дино таІийна лаьттинчу стеган теманаш схьайоьллуш яздархочо гайтина исбаьхьаллин ницкъ.

И тема нохчийн исбаьхьаллин дашехь хьалха а йолуш яра. Йозанан литература кхиале халкъан бартан кхолларалло тоам боллуш Іорадоккхура молланаший, диной къинхьегаман стагехь латтош долу Іазап. Амма цу тайпана тема йолчу бартан кхолларалли на ца тоьура и тема социально-классови агІора гайтар, ца хаьара идейни шораллица дахаран чолхе агІонаш йовзийта.

Социалистически хенан хьашташна сема волчу Бадуев СаІида шен кхолларалли н коьртачу Іалашонехь хьалхарнит лорура динний, къинхьегаман стаганий юкъахь йолу йоьрзур йоцуш йолу гамо гайтар. Къона литература оцу хенахь дуккха а

зеделларг доцуш, дегIе ницкъ база яра. Цундела яздархочо, халкъан керлачу дахарна новкъарло еш долу ширделла Iадаташ, шариIат Iорадоккхуш, халкъан бартан исбаьхьаллех пайда оьцу, къаьсттана забарен-сатирически дийцарех, хабарех, кицанех. Фольклоран оцу бухо сихдира билгалдаьхначу шерашкахь дийцаран, тIаккха повестан жанраш кхиар.

Нохчийн забарийн, сатирически дийцарш кхолладелла, хетарехь, Нохчийчохь феодальни юкъаметтиг кхуьучу хенахь. ХIетахьлерачу забарийн, сатирически дийцарийн маьIна социальни лакхенаш Iорайохуш ду. Вайна го шайхийн, моллаийн, къанойн, тIаьхьо кхолладеллачу дийцарашкахь — суьдхойн, приставийн васташ. Оцу дийцаршкахь, Марксан дешнашца аьлча, халкъ беламца къаьста шен ширчу дIадаханчух. Шен дахарехь гуттар ширделлачух ца дешаш, доьлу халкъ, цунна шера го шен Iер-дахарна новкъарло еш долу хIума. Цул совнаха, дийцаршкахь кхоччуш билгалъяьлла хьоладайн, къехойн юкъаметтиг, цундела халкъо тIеттIа кхиайо дахарехь кхоллаелла социальни юкъаметтиг а, нравственни а, эстетически а норманаш хийца дагахь шен йолу ойланаш а.

Ала деза барта кхолларалле хь тайп-тайпана болчу социальни бекъамийн векалш хиларо а, хаалуш церан амалш билгалъевлла хиларо а, церан тIетовжамаш къаьстина хиларо а йозанан литература кхуллуш цунна хехь лаьттинчу яздархошна боккха тIеIаткъам барх. ГIараваьлла волчу оьрсийн Iилманчас В. Проппа боху: «Шен чулацам дахарца бозуш бацахь а, туьйра ду, къаьсттина Iер-дахарх дуьйцуш дерг, йозанан реалистически повествовательни бух биллинарг».

Нохчийн забарийн дийцарийн, притчийн шайн сюжеташ, идейш, васташ ду. Кхоллалуш лаьттачу йозанан литературана и халкъан исбаьхьаллин дош-кхачалур доцу шовда дара, литературо цу чуьра сюжеташ, васташ схьаэдора.

Доцца аьлча, и тайпа бахьанаш дара 20-чу шерийн шолгIачу эхенехь дийцаран жанр кхечу жанрел сихох кхиийнарг. Лакхахьа вай ма-аллара, церан коьрта тема социалистически дахаран новкъа волуш воллучу нохчочунна бIешерашкахь хьалха Iадатой, шариIатой бина, цуьнан тIамарх боьлла хьехамаш хIинца цунах дIакъаьсташ, хуьлуш йолу халонаш гайтар яра. Цул совнаха леррина оцу темина яздина долчу дийцарша, повесташа, пьесаша стеган дахаран дуккха а агIонаш а гойтура.

Язда волалушшехь дийцарехь дикка кхиамаш боху СаIида. Цуьнан дийцарийн хорма чолхе яц. Церан сюжеташ, коьрта цхьаъ я шиъ турпалхо а волуш, цхьанхьа а мал ца луш, пру-

жина санна, юьйлина хуьлуш ю. Дийцарш, дукха хьолахь, дагалецамийн хормехь автора хьалхарчу юьхьера яздина ду.

Вай билгалйинчу хенахь, 20-гІа шераш чекхдовллалц, Бадуев СаІида яздина массо а дийцар, повесть — Іадато, шариІато стагана беш болу моральни ницкъ гойтуш яздина ду. Эрна дац цундела оцу циклан дуьххьарчу дийцаран цІе «Іадат» хилар а, тІаьхьо и дийцарш «Іадаташ» (1930 шо) цІе йолчу шина сборникана юкъа дахар а: яздархочо цу кеппара йовзуьйтура церан тема, шен Іалашо исбаьхьачу дашца Іадаташца къийсар юйла а хоуьйтура цо.

...Шуьйта боьдучу новкъа йогІу говр-ворда. ЦІеххьана говр а къаьхкина, ворда эхка йоьду. Цу тІехь Іаш йолу Бикату генах таса а елла, кхозуш ю, иза хІинций-хІинций Органа чуйожа мегаш ю. Амма говрахь царна тІаьхьа вогІучу Іусамас цунна гІо ца до, дехьо, эхка вахарна цхьа а кхерам а бощуш Іачу шен дех Арсанакъех бакъахьа ца хеташ. Бикату, шен мере орца доьхий-доьхий, шийлачу маьхьарца Органа чуюжу...

Чулацамца цунах тера ду «Олдум» цІе йолу дийцар а. Дукха сатийсина хилла кІант ву Олдуман, цуьнан зудчан Сепиятан. Цо чІогІа дог хьаийна, цунах чІогІа сакъералуш ду и шиъ. Цхьана дийнахь кІант хьоьстуш Іачу Олдумна шайн чу вогІуш шен да го. КІант а карахь цунна ша ца гайта дагахь, бер шен карара дІакхуссу цо. КІант цІенкъахь, цІийдина хи а чохь лаьттачу яй чу вужу...

«ПІу» дийцарехь кхин а цхьа масал даладо яздархочо: мел къиза, стеган дахар чолхе деш, стаг ирсах воккхуш хуьлу Іадат! УьйтІахь ловзуш лела жима йоІ Маржан, гІу йисте охьахуу, цу чу когаш а охкош. Шен мардеца Дибрица херх хьокхуш йоллу Хелипат а, цуьнан майра Ахьмад а йоІана тІе ца доьду, Дибрех бехк хеташ. ЙоІ цу чу южу.

Вайна ма-гарра, гучудуьйлучу Іадатан тайп-тайпанчу «гІиллакхех» лаьцна дуьйцу яздархочо. Цо тоам ца бо Іадатан къизаллех лаьцна цхьа-ши масал а даладой. ХІун Іалашо яра-те Бадуевн Іадатах лаьцна тІеттІа алсам дийцаран? — Шен заманхо, социализман бух кхуллуш воллу къинхьегамхо, катоьхна пагІатваккха везаш вара цуьнан ширбеллачу кхетамах. Яздархочунна дика хаьара, оцу стеган кхетамехь долчу заманца ца догІучу гІиллакхех лаьцна ша дукха мел дийци, и стаг царех сихох дІакъаьстар вуйла. Цундела ю вай цІераш яьхначу а, кхечу а дийцарийн, цаьрга цІеххьана хьаьжча, цхьатера теманаш, вовшашца йогІуш йолу сюжеташ. Амма иштта хетало цаьрга тІехулара хьаьжча, ткъа ойла йича, кхин сурт гучу-

долу: цаьрца художнико хIоттадо дахаран шуьйра сурт, цаьрца цо дешархочунна хьехамаш бо, церан чаккхенашкахь ю цо публицистически хормехь еш йолу ойланаш, цигахь къаьсттина гучуболу цуьнан граждански тIетовжам.

«Дешархо! — боху яздархочо «Iадат» дийцаран чаккхенехь. — Iусамас Бикату кIелхьараяькхича, Арсанакъас и кхайкхор вара?

Нагахь кхайкхийча, Iусамин дегIах меже южур яра?... И гIарадаьлча, Iусама шен лаьттан болх ца балуш вуьсур вара?»...

Цу кеппарчу хеттаршца, я хиллачух лаьцна ойланаш ярца гучудоккху Бадуевс шен турпалхошна лела цахаар, церан тIамарх Iадатан хьехамаш боларна уьш декъаза нах хилар. Дийцарийн чулацамо, хетарехь, кхоччуш кхетор вацара дешархо, нагахь церан чаккхенашкахь авторо шеца деш къамел дацахьара.

Дукха а, чолхе а ю дахарехь нехан вовшашца йолу юкъаметтигаш. Уьш мел дукха елахь а, бохуш санна хетало яздархочо, дIа ког баькх-баькхинчохь нах Iадатех тийсало, Iадато вас яза, бохам база нийсачу новкъа веана стаг ван а вац.

...Дехьа чохь Iуьллу Зайнапана дукха везна волу цуьнан майра Аьстамар («Зайнап»). И леш лаьтта. Зайнап шега а ца йогIуш, кхуьнга еана аьлла, буса кхунна къолах веана Бектамар, Аьстамара и кхеро дагахь кхоьссина топ а кхетий, ле. Лурвоьлла лелаш волчу кхунна цхьана дийнахь шен мостагIаша бинчу тIамехь лен чевнаш хиллера. Зайнап ялийна бутт кхачале, деззашехь, вовшех долуш лаьттара хIара шиъ. Амма, дехьачуьра сехьа а еана, Аьстамаре шен безам балхо йиш яц Зайнапан. ХIунда? «А-а!... Цуьнан-м, цу чу яхча, оьздангалла юхий нохчийн Iадатехь, цу чохь Зайнапан марвежарий а, баккхий нах а хиларна. ТIаккха-м Зайнап юьйцур яй, собар дощуш ю, бохуш».

...Далхьадий, Ахьъядий, Бауддис цхьана буса, шаьш синкъерамехь долуш, бегашина шайн зударий бита а битна, шаьш сакъийрина кхо йоI ялор ю аьлла, вовшашна дешнаш деллера. Хьалхарчу шиммо, и бахьана а хIоттийна, шаьшшиннан зударий битнера. Тховса, арахь шело марсаяьллачу хенахь, Баудди волчу а веана, изий, цуьнан зуда Кулсум меттара а гIаттийна, Бауддига «ахьа тхойшинна бинарг тешнабехк бу, тIе, хьо, тхойшиъ Iовдал хеташ, тхойшиннах воьлуш а ву», олий, цуьнга Кулсум юьтуьйту. Бауддига шайн бертаза яхана, аьлла, иза цIа ца йита дуй биъна Кулсуман дас. Ша йитича,

шен ден цIа еъча, чуяха ницкъ ца кхочуш, Кулсум гIорайо...

Далор вай кхин цхьа масал. ....Доккха ши стаг ду ИбрахIим, цуьнан зуда Кабихий («Кабиха»). ИбрахIима, шен йоI Рукъият моллега маре яла делла дош дохийна шен, аьлла, Кабиха юьту. Доьзалах а, массо хIумнах а йолий, къанъеллачу дийнахь ша юьсу иза.

Бадуев СаIида и тайпа дийцарш яздечу хенахь нохчийн цу хенахьлера литература, дийнна схьаэцча, советски заманан сибат кхолла гIерташ яра. Дукхахболчу яздархойн кхоллараллехь диллина стеган васт дацара, царна, ма-дарра аьлча, и кхолла хаа а ца хаьара. Уьш иза кхолла некъаш лоьхуш бара.

Ткъа СаIида юьхьарлецира шен некъ: хIора керл-керлачу дийцарехь стеган амалан цхьацца зил гойтуш, цо тIаьххьара а дийна сурт хIоттадора керлачу хенаца цхьаьна ван кечлуш волчу шен заманчохун, цу кеппара кхуллура цо къизачу Iадатан васт. Стеган амалан чолхенаш, хIеттал къоман психологи ларалуш долчу Iадатан юьхь гайтар дуьххьара Бадуев СаIида далийна нохчийн литературана юкъа. Шуьйра а, Iаламат чолхе а йолу и тема тIеттIа толлуш, цуьнан бес-бесара агIонаш билгалйохуш дIавоьду иза, шен кхолларалла-лица дахаран кIоргенашка кхийдаш.

Цунна вуно дика хаьара шен халкъан дика а, вон а тIиллакхаш. Яздархочун тидам къаьсттана шена тIе хьовзийна ю цуьнан кхолларалла-лехь чIиран тема. ХIан-хIа, цунах лаьцна дуьйций ца Iа иза — турпалхойн васташца, церан вовшашца йолчу юкъаметтигашца гойту цо: къизачу Iадато, цхьана пайда боцчунах йоккха Iала-Iожа а йой, нахана юкъе стим тасар, цаьрга цIий Iанадайтар. И тема схьайоьллуш Бадуевс тидаме ца оьцуш ца дуьсу мел кIезиг хIума а. Кхачамболлуш схьадоьллу цо девнан бахьана а. Цул тIаьхьа атта ду цунна произведенин идея дешархочуьнга кхачо. «Хьовсал, бохуш санна хетало цо, мел пайда боцу хIума ду хIокху турпалхойн дахар кагдинарг, мел къиза, ца оьшу Iедал ду наха каралаьцнарг, уьш ирсе хила ца буьтург».

...Дуьне санна, дукхаеза Илесана Аьлбика. ЙоIана кIант а веза иштта дукха. Ша цхьана баттана цIера араволуш хиларна цуьнан куьйган йовхо шеца дIаяхьа Илеса Аьлбикин куьг лоцу, йоIа дIа а кховдадой. Эладита даьржа. Илес Аьлбикин шина вашас воь, цул тIаьхьа и шиъ воь Илесан наха. ТIаьххьара а Аьлбика, шена тIехIоьттина бала ла а ца лой, дог а эккхий, ле.

«Дешархо! Айхьа ойла ехьа кху гІуллакхан. Лаьцча хІун дара Илеса Аьлбикин куьг? Цо и ца езаш, я цуьнан нахаца хьагІ йолуш, я гамо йолуш-х ца лаьцнерий и. Аьлбикас Илесе куьг шен вежарий юьхьІаьржа хІитто-х ца деллерий!.. Ца хаьа суна-м, дешархо, хьо хьуо гуш ву-кх, нохчийн муьлхха а Іадаг схьалаьцца хьаьжча, иза шех зулам далазий, бохам ца болушший дац-кх».

Бадуевн дийцарийн турпалхойн цо кхечу жанрашкахь кхоьллинчу турпалхойх къаьсташ цхьа башхалла ю. Уьш шайна тІехІоьттина хало ловш, цуьнан бахьанина тІаьхьакхиа а гІерташ чекхбовлу шайн дахарехь. Ма-дарра аьлча, уьш цхьа а дахар нисделла ваха ца хии. Уьш, массо а бохург санна, хІаллакьхили. Оцу турпалхойх цхьаммо а ша-шега ца хотту: стенах дозуш ду соьга хІара бала боссаран бахьана, мел ницкъ тоьар бу сан хІара гІуллакх хийца? Бакъду, царех цхьаццамо ала-м олу: «Нохчийн Іадат бахьанехь». Амма оцу Іадатан социальни орамашна тІаьхьакхиа гІерташ стаг вац царех.

Турпалхой иштта ледара, шайн ирсе кхача ца гІерташ хилар яздархочо шена хуъушехь дитинера: дийцарш тІехь дуьйцург яхначу заманахь хилларг дара, ткъа оцу хенахь церан, оцу турпалхойн, ницкъ алсамбаккха, хьекъал самадаккха йоккха Іалашо яцара къинхьегаман халкъа юкъахь лиэлаш. И Іалашо тІаьхьо кхочур ю цуьнга. И Іалашо кхоллаеллачу хенах лаьцна ша яздеш, цо кхин амал йолу турпалхой кхуллур бу.

Иза къаьсттана повесташкахь хаало. Царех лаьцна вай жимма лахахь а дуьйцур ду.

Бадуевн хІора турпалхо ша вехачу заманца чІогІа зІе йолуш ву, кхечерчух тера йоцу шен амал йолуш, дийцарехь юьйцучу кІеззигчу заманахь и амал хийцаялар автор тІетеІаш, ницкъ беш дац турпалхочунна. Иза ша вуьту цо чолхечу дахарх кхета а, цу дахарехь шен даго хьоьху некъ харжа а. «Цадешар — бода» тІе йолчу дийцара тІера ахархо ГІебарт, молланаший, совдегарший Советан Іедална дуьйцучу эладитана-ша карзахваькхина, шен кІанте Хьамзате латинан йоза ца доьшуьйтуш, цунна етташ, «копар-кериста хир хьох» бохуш, схьавогІу, дахарехь хиллачу цхьана гІуллакхо ша самавакхалц. Цкъа цхьана дийнахь, Іаьрбан дешар ца Іамадо, аьлла, йиттина, шен кІант Хьамзат цІахь вуьтий, шен зуда Бикату оьций, асара воьду ГІебарт. Бикату цІахь ю, моьттуш, цуьнга шена кІархийн бустамаш дахийта «Серло» газета а дохьуш цаьрга йогІу лулахо Рукъият. И газета Хьамзата шена деша

доьху. Цунна цу тIехь заемийн кхаж тасаран таблица а карайо, церан заеман кхаж а болу. Сарахь цIавеанчу ГIебарта, газета карахь а долуш, набкхетта Iуьллучу кIантана дов а дой, шайн заем юхку, шега номерш дIа а язъеш, нахана уьш юхкуш-оьцуш лелачу Ахьъядана. Кхано самаваьллачу кIанта кхаж балар шега дIадийцича, ГIебарт ца теша. Амма, воьдий, шен заем схьа-м йоккху цо Ахьъядера. Ткъа ГIебарт хIун стаг ву а, цуьнан дахарехь хилла некъ а, цуьнан деган, куьйган цIеналла а гайта Бадуевна дукха меттиг ца эшна. Иза цуьнга масех дашца даделла:

«— Ас хьайга дIаелларг яхьар ю ахь,—олу шен заем Ахьъядера схьаяккха ваханчу ГIебарта. — Сайниг ерриг хьацарша а юьзна ю хьуна». Доккха маьIна доллу цу тIаьхьарчу дешнех. Цара хоуьйту вайна ГIебарт къинхьегамца шена а, шен доьзална а сискал йоккхуш лелаш стаг вуйла, ткъа, Ахьъяд нехан хьацарх векхаш лелаш ву.

Амма цул тIаьхьа-м ца хуьлу ГIебарт шен кIантаца шога, цунна деша лаарна дуьхьал. Мелхо а ша книгаш а, тетрадаш а, кхийолу дешархочун хIуманаш а оьций, Хьамзат школе вохуьйту, цуьнга шена йоза хьехар а доьху ГIебарта.

Бадуевс доццачу дийцарца хан а, меттиг а, стеган дахаран мур а, турпалхочуьнан хIуманах кхиар а гойту. И турпалхо цу дахарна юккъехь хиларна цуьнан киртигаша кхиаво.

Нохчийчохь Советан Iедал дIахIоьттина хьалхарчу шерашкахь къаьсттана шеца луьра къийсам латто безаш дара дIаяханчу къизачу замано бухадитина Iадат, шариIат, цара новкъарло йора нохчийн халкъ социалистически новкъа даха долалуш. Оцу халкъан балица исбаьхьаллин дашца къийсам латто бевллачарех хьалхара ву СаIид Бадуев. ШарIо нахана деш долу моральни а, нравственни а зен гойтуш долу дийцарш дукха ду С. Бадуевн. Царех муьлххарг а кIорггера драматизм йолуш, стеган дийна амал а гойтуш, йоккха идея йохьуш ду шеца. Масала, тоьур дара «ГIу», «Зайнап», «Iимран», кхидолчуй дийцарийн цIераш яьхча хьалха хиллачу вайнехан дахаран а, амалан а башхаллаш йовза.

Вайна ма-гарра, Бадуевн дийцарийн ша тайпа форма ю: Iадат, шариIат Iорадоккху дийцар чекхдолуш, авторо дешархо кхетаво: «Дешархо, я накъост! Иза ишта а, ишта а ду хьуна, иза ишта ца хиллехь, хIара кху кеппара хир дацара хьуна», — олий. Оцу тайпанчу книжки тIера схьа авторо дешархочуьнца къамел дар чIогIа мехала а, оьшуш а дара цу хенахь. ХIунда аьлча, дешархо кIорггера йоза-дешар ца хууш а, керлачу за-

мано хьалхахIитточу декхарех кхето везаш а вара. Иштта сиха евзара дешархочунна ширачух бухадисинчу тIиллакхийн кIорге. Цул совнаха, Бадуевна чIогIа лаьара дийцара тIехь гайтарал совнаха, Iадатой, шариIатой шен халкъана бен ницкъ багахь балхо. Цундела Бадуевн дийцарийн социальни маьIна чулацамал дуккха а шорло, совдолу. Цундела доццачу дийцаро диц ца лун васт кхуллу. Динан тема йолу Бадуевн дийцарш, яздархочо даггара дийцарна, публицистически хормане доьрзу. Къаьсттана иза билгалдо цуьнан дийцарийн чакхенаша. Цигахь гучуболу авторан гражданский тIетовжам а.

Бадуевн кхолларалле хь йоккха меттиг дIалоцу дийцарша. Ткъа хIун бахьана дара-те Бадуевна дийцарийн жанр «тайна» хиларан, стенна оьшура-те цунна и тайпа доца а, деха а дийцарш, ша поэт а, драматург а хилча?

Кхузахь ца хилча таро йоцу некъ бу, аьлча а, бахьана хIара ду: Бадуевна дийцаран жанр оьшура шен кхолларалли н идейно-исбаьхьаллин чулацам кIаргба, шорба, лакхабаккха. Цунна шера хаьара: дийцар — яздархочо романна тIебоьдучу новкъа йоккху хьалхара гIулч ю, дийцар — романан хьалхара тIегIа ду. Дийцаршкахь хуьлуш дерш: турпалхойн вовшашца йолу юкъаметтигаш, церан амалш вовшех къасто Iамар—иштта кхиийна йолу говзалла прозехь йоккхачу хорман произведени язъеш шена оьшур юйла хаьара Бадуевна. Цундела цо хьалха ша яздинчу дийцаршца жим-жимма IаIийна бух бара цуьнан «ПетIамат» романан чулацаман бух хIоттийнарг.

Нагахь хьалхарчу дийцаршкахь дийнна исторически хенан кийсак а, чолхе сценаш а, дахарехь хуьлуш долу даккхий гIуллакхаш а гайта яздархо ца гIиртинехь, уьш дерриш а цо тIаьхьо язйинчу романан чулацаман коьрта билгало хуьлий дIахIуьтту. Амма, хьалха дийцарш ца яздинехь, Бадуевна роман кхолла хала-м хир дара.

Иза атта таллало Бадуевн прозин кегийчу жанрашкахь: нагахь «ГIу» дийцар тIера Хелипат а, кхечухьара Зайнап а, Бусана а, иштта дIа кхиболу а турпалхой-зударий — Iадато хьаьшна, кегбина, аьтта дIабаьхнехь, церан васташца автора Iадатан къиза ницкъ гайтинехь, — царех къаьсташ ю массарел тIаьхьа кхоьллина турпалхо ПетIамат. ПетIаматан дахаран Iалашой, амаллий, дахарехь шен меттиг лахар а, вайна махаъара, вукхарех къаьсташ ду. ПетIаматана ца туху Iадато буржал, хIунда аьлча, цо цу Iаьржачу Iадатца къийсам латтабо, ца хуьлчу даьлча, герз а карахь дуьхьал йолу.

Бадуевн дийцаршний, ро[illegible] чулогIу исторически хан-

ОТДЕЛ ОБСЛУЖИВАНИЯ
ЧИТАТЕЛЕЙ
ЧЕЧНЕ ЦГБ

а, чулацам а, вовшашна новкъарло ца еш, дийна цхьаъ хуьлий, цхьаммо вукхуьнан маьIна шордеш, схьадогIу. Масала, цуьнан дийцаршкахь гойтуш йолчу хено Iадато нахана бечу ницкъах, дукха хьолахь зударшна, цара оцу Iадатна дуьхьал къийсам цалаттабарх атта кхетаво дешархо. Иза халкъ самадалаза, дин чIагIделла хан яра. Ткъа «ПетIамат» романан турпалхоша Iадатна а, паччахьна а дуьхьал къийсам латтабар гайтар оцу хенан бакъдерг дара, хIунда аьлча, и шераш нохчийн халкъ революционни кхетамца самадолу шераш хиларна.

Шен дагна Iаьткъина тема — хьомечу халкъана хьалхахьа даха новкъарло еш долу Iадат а, шарI а — даго ма-хьоьхху схьаелла гIерташ, дукха жанрашкахь болх бина Бадуевс. Дийцаран жанраца цхьаьна Бадуевс болх бо повестан жанрана тIехь а. Цо язйина йиъ повесть («Мацалла», «ЦIеран арц», «Пхи туьма», «Бешто»), уьш 20-чу шерашкахь кхоьллина яздархочо. Уьш кхоьллина хан вай билгалйоккху, хIунда аьлча, 20-чу шерашкахь Бадуевс язйинчу массо а жанран хIора произведени шен идейни маьIница а, тематически чулацамца а вовшашца цхьанайогIуш хиларна. Кхузахь, къамелана жимма хьалха а эккхаш, ала деза, 30-чу шерийн цуьнан кхолларалла мелла а тематически кхечу агIор екаш хилар.

Амма повесташ, темехь уьш дийцаршца йогIуш елахь а, чулацамца шуьйра а, маьIнина кIорга а ю. Цул совнаха, царна тIехь исбаьхьаллин кхоччуш йолчу говзаллица гойту Бадуевс нохчийн халкъана юкъахь хилла а, хуьлуш лаьтташ болу а классови бекъам.

Бакъду, повесташ а, дийцарш санна, дукхахболчу турпалхойн амалца халкъан бартан кхолларалица йозуш ю. Масала, «Мацалла» повесть тIера моллин амал дукхахьолахь къаьсташ яц барта кхолларалехь халкъо моллин диллинчу вастан амалах.

Делахь а яздархочун, дийцаршка диллича, алсамъяьлла говзалла кхузахь гуш-м ю. Повестан коьрта турпалхой — ТIелиббий, ХIижанний — хIаллакьхуьлу, Мухтар-моллас шен царех доллучу декхарна цаьргара церан тIаьххьара говр дIа а яьккхина, шаьшшиъ кхин дан амал доцуш, меца дисича. Уьш хIаллакьхуьлу, керлачу заманахь кхечаьрца нийса сий а долуш, дахарехь шайна йоггIу меттиг дIалаца шаьшшиъ хакъ дуйла хаа а ца кхиош.

Повестехь яздархочун коьрта тидам турпалхойн амалийн психологически кIорге кхийдарна тIехь лаьтта. ТIелиб а,

ХIижан а — догцIена ши стаг ду. Гражданоки тIамехь бIаьрса а дайна, ТIелиб хIинца, хIокху мецачу хенахь, нахана дечиг-пондар а лоькхуш, шаьшшинна дала ца даллал яа хIума йоккхуш лела. Амма мацалла тIе мел чIапIъели цунна хIума кIезиг ло, тIаххьара а ца луш а вуьту.

Иза къинхетаме ву ХIижанаца, цунна шен зудчух даггара къахета, шеца, бIаьрзечуьнца, меца хан токхуш йоллучу. Цкъа, цхьана дийнахь, ТIелиб ХIижане ала хIутту шена ала хала дешнаш: шегара дIа а ялий, кхечуьнга маре гIуо, шеца мацалла яла а ца леш. Амма ХIижан, хало тIехIоьттича, везачу стагах шен лаамца дIакъасттал хьуьнар доцуш стаг ца хилла. Иза ТIелибца соцу, цуьнца цхьаьна шело а, мацалла а екъа.

Цкъа Мухтар-моллас, ХIижане шайга а кхойкхий, цуьнга хьаьжкIаш кхарзийта бехказло а хIоттайой, цунах куьйгаш туху. Оцу балано эгIийначу ХIижанан кхетамехь цхьа кIезиг йолчу ханна шен дакъазаяларна (ТIелибан дакъазаваларна санна) бехке молла хилар кхерстира. Амма оцу кхетамех шен дахаран Iалашо ян иза а, я ТIелиб а кхиа-м ца кхиира.

Вайна го, цу кеппара, яздархочун хьалхарчу произведенийн турпалхошка шайна паргIато шайга якхалург хиларх кхетам буссуш.

Вайна ма-гарра, шен хьалхарчу повестаца Бадуевс гайтира дIадахана дахар, вала меттиг боцуш декъаза хилла нах. Эрна дацара яздархочо хьалхарчу рожехь дIадаьллачу тишачу дахаро хьаьшна хилла, хIинца ирсе кхача паргIато яьллачу нехан васташ дахкар: яздархочунна хаьара — паччахьо тоьхна хилла буржалш селхана дIадаьхна волчу стагана хала дара тахана дахарна шуьйра паргIат юкъавар, ша бIешерашкахь, набаран тар тесина волуш санна, яькхина хан йицъян, шен кагйина амал юхахIоттаян. Шех а, шен ницкъах а тешаш, ша мехкан да а лоруш, иза «когаваха» жимма хан оьшура. Стеган амал керлачу агIор хийцаяла атта дац.

Цундела, дахаро шайна хьалха хIиттийна халонаш ла а ца елла, ТIелиб, ХIижан хIалакьхуьлу.

Нагахь санна хьалхарчу шерийн шен кхолларалле хь яздархо вастийн социальни чулацамана башха кIорге гIерташ ца хиллехь, турпалхойн амалш кхиоран некъ цо башха ца теллинехь, — и кхачамбацарш дIадоху цо «ЦIеран арц» повесть язъеш. Кхузахь кхоччуш гучудолу яздархочунна шадуьйцучун кIорггера маьIна дан хаар, турпалхойн васташца Октябрьски революци хилале хьалха дIаихначу шерашкахь

къинхьегаман халкъан, цуьнан социальни лакхенийн хилла юкъаметтиг гайта Іамар а. Кхузахь, исторически бакъдолчунна тІе а гІерташ, гайтина халкъан кхетам самаболуш хилар а, и халкъ таІийна латтийна паччахьан чиновникаш, молланаш, хьоладай а. И тайпа идейно-исбаьхьаллин говзалла йоцуш яра «Іимран» дийцарехь, «Мацалла» повестехь а. Хьалхарчу дийцаршкахь, повесташкахь хилла описательность, церан гуш болу фольклорни бух — уьш хІинца дІадевллера, церан метта турпалхой къийсамехь кхиар, церан дахаран Іалашо гайтар деара Бадуевн кхолларалли на юкъа.

«ЦІеран арц» повестехь хІоьттина конфликт, цхьаннахьа а мал ца луш, схьаястало, турпалхойн идейни а, моральни а тІетовжамаш а бовлу сихха гучу. Повестан сюжет кхуьу, керл-керла нах шена юкъа а озош (иза ма ю литературни кхолларалла фольклорничунах къастош йолчу коьртачу билгалонех цхьаъ). Хьовсур вай Элберте — нохчочуьнга — пристав волчу Кулдевичан гІоьнче. Обаргашка шен чохь буьйса яккхийтина, аьлла, лаьцна валийна Кулдевича, таІзар деш, къиза хьийзош волу Хонмурд: «Элберт!.. Элберт!.. ГІийла стаг вара-кх со, алахьа кхуьнга, суна хІара ницкъ ма бе, сан бехк ца хилча мукъана а», — аьлла, шега вистхилча, Элберта элира: «Ахь хІун дей, бакъдерг дийца ахь, тІаккха хІумма а хир дац хьуна!..»

Цунах тера ву Мирза а. Шен хьашт кхочуш хилчахьана, халкъана шех мел доккха зулам далар х, хІуъу дан а кийча ву Мирза. Масала, цо барт бина Кулдевичаца юьртан банк, наха лачкъийна, аьлла, шаьшшинна йита. Ткъа, Іедална хьалха цунах жоп дала дезарш юьртан къехой хиларх — иза шекволуш а вац. Мирзин амал тера ю и санна сутар а, пис а болуш фольклорни дийцаршкахь кхоьллинчу хьоладайнчех. Амма иза, фольклорехь берш санна, цхьанадаггара вац, иза, фольклорехь санна, муьлхачу а къинхьегаман стаге Іехалур вац. Мирза, ша социальни лакхенийн типически векал хиларе терра, шен гІад ма-дду дуьхьал ву паргІатонехьа къийсам латтош болчу кинхьегамхошна.

...Цкъа, хьуьнах толлуш лела Мирзий, Кулдевиччий, тила а тилла, цІеххьана тІеІоттало шаьш сибрех вахийтинчу Хонмурдан хІусамна. ЦІахь Хонмурдан бІаьрзе зудий, цуьнан йоІІий бен стаг вацара. Кхузахь аьтто хилира Мирзин дукхахенахь дуьйна ша лур ю аьлла йолу нохчийн зуда Кулдевична яла, цо шеца банк екъарна. Шелделла жІаьлеш божал чу дохка шаьш араяькхина Хонмурдан йоІ Залуба Кулдевичаца

божали чохь а юьтуш, арахьа агIор неI а лоций дIахIутту Мирза... «Дукха хан ялале, вела а воьлуш, ша-шега бIаьрг а теIош, божали чуьра араваьллачу Кулдевича, Мирзин пхьарс а Iовдуш, элира...». Уьш дIабахана жимма хан яллале, Кулдевич шена тIекхевдаш дог гIелделла, охьаюжуш, Залубин карара охьайоьжначу лампанах цIе а йолий, божала дага долало, чуьра Залуба ара ца ялало... Цунна гIоьнна араяьлла Бано цIерана тIе а кхочий, цу юкъара охьа ца ялало...

Оцу тайпана нехан трагически дахар а гойтий, иза моллина мел Iаьткъина, хьожуш санна, моллега олуьйту яздархочо хиллачу гIуллакхех лаьцна. ХIан-хIа, моллина къа ца хета бехк-гуьнахь а доцуш къиза еллачу Залубех, Банох, ткъа Хонмурдах-м — муххале а. Хонмурдеран цIенош даьгначохь нах а гулбой, «кхерам болуш бу-кх хIара «ЦIеран арц», и боьха нах кху тIехь бахар бахьана долуш...», олий, чекхдоккху цо Хонмурдан доьзал сийсазбеш ша деш долу къамел.

Цу кеппара, оцу повестехь яздархочо массо а агIор гойту хьалдолчу нехан, паччахьан хьадалчийн къизалла, къен нах цабезар церан тIамарх доьлла хилар, къинхьегамхоша шайн паргIатонехьа латтош болчу къийсаман болар шуьйра доладар. Эрна дац повестан чаккхенгахь обаргаша пристав Кулдевич вер яздархочо хаийтар: халкъо шена тIехь латтийна къизалла бекхам боцуш ца юьту, цунна хааделла Россехь оьрсийн къинхьегамхоша герз а карахь паччахьаца къийсам латтабойла.

Ткъа, халкъан дахар хадалур доцийла символаца хоуьйту яздархочо: дIаихна шераш; Хонмурдера цIенош лаьттинчу орца тIехь керла хьун яьлла, хьозарчаша гIовгIанаш еш, цаьпцалгаш екаш лаьтта иза. Халкъ дийна ду, иза къийсамна кийча ду — иштта хетало оцу суьртан маьIна. Ткъа, кхин тIехинйолчу шен произведенешкахь Бадуевс шуьйра гойтур ду халкъ меттахдолуш хилар, цуьнан кхетам самаболуш хилар.

Банон, Залубин дахар тера ду «Бешто» повеста тIерачу Бусанин хIаллакьхиларх. Амма Бусана хIаллакьхуьлу иза динан хьехамашна дуьхьал ялар бахьана долуш. И повесть язъяр билгало яра Бадуевн кхолларалле хь кестта социальни иралла йолуш йолу произведени гучуериг хиларан. И тайпа произведени «ПетIамат» роман хилира.

Иштта дара хьалхарчу муьрехь цуьнан кхолларалле хь коьрта тема хIоттар. 20-чу шерашкахь цо арахоьцу масийтта книга. Авторан тIетовжам къаьсттина билгалболуш, динан

дайшца къийсамца билгалъяьлла ю царна юкъахь «Іадаташ» цІе йолу ши книга. Царна тІехь турпалхойн дийнна могІа бу Іадатний, шариІатний дукха муьтІахь хиларна дахарехь якхий халонаш Іиттаелла («Іадат», «ГІу», «Баудди», «Зайнап», и. дІ. кх.).

Билгалдаьлла ду Бадуевн дийцаршкахь, повесташкахь даима а бала лелош ерг зуда хилар. Нохчийн зудчун юкъараллехь хилла Іер-дахар гайтарца яздархочо юх-юха а хоуьйтура динан хьехамийн реакционни хилар.

Къизачу динан дайх хьакхабелла, эшна болу шен турпалхой гойтуш, Бадуев СаІид исторически бакъдолчуьнца нийса воГІура: халкъан исторехь хилла ма-хиллара, динан дайша бахьачу балано а, паччахьан Іедало политически беш хиллачу ницкъо а дан амал доцуш, хІун дийр ду ца хууш, халкъо дІакхехьна бІешераш толлура цо.

Вайна цкъацкъа хаза тарло цхьацца болчара «Бадуев СаІида шен дукхахйолу произведенеш халкъан дІаяханчу историх лаьцна хІунда язйина-те, шен кхолларалла Советан заманахь кхиънашехь?» бохуш. Оцу нахана ца хаьа-техьа, мел тІаьхьадисина дара нохчийн халкъ, кхидолу кегийра къаьмнаш санна, Октябрьски революци тІекхочуш, Советан Іедал дІахІуттуш, мел боккха бара цуьнан хьекъална а, паргІатонна а молланаший, диной, паччахьан векалший бина тІеІаткъам? Бадуев СаІидна, исбаьхьчу дешан ша воккха говзанча хиларе терра, хаьара шен халкъехь лаьттина а, долу а хьал, цунна кІорггера гора хІинца керлачу дахаре доьрзучу халкъан кхетамехь хуьлуш болу баккхий хийцамаш. Цундела, халкъан политически кхетам кхиаран некъаш гайтархьама, цуьнан хазделла, тоделла дахар дІадаханчу Іаьржачу денош-ца дустархьама, яздархочо ша волалуш юхьарлаьцнера паччахьан заманахь стаг патриархальни моралаца кхиар а, цуьнан сий, доьналлий хьаьшна дІадаккхар а, революцин дарцо цуьнан патриархально-родовой кхетам керлачу идейшца хийцара исбаьхьаллин дашца таллар.

Вайна хаьа, «Мацалла», «ЦІеран арц», «Бешто», «Пхи туьма» повесташкахь яздархочун тидам шайна тІехьовзийнарш дахарой, диной таІийна нах буйла. Керлачу, советски замано царна паргІато елла, шайн корматалле хьаьжжина, шайн ирсе кхача тарло уьш массо а. Амма атта дац-кх оцу нахана керла хан йолаеллачу юьхьанца а доккха доьналла долуш нах хилла дІахІитта: церан амал, лелар, дахарехь шайн меттиг лахар хІинца а чІогІа дозуш ду дино, Іадато

бечу хьехамашца. Оцу хьехамаша стаг лайн амалехь кхиийна. Ткъа и тайпа гIиллакхаш керлачу хенаца цхьаьна ца оь. Цундела царех цхьаберш, лайн амалш хийца а ца лой, ле. Церан балар яздархочун символ ю, керлачу заманца ца догIу тиша Iадат далар гойтуш.

Амма оцу хенахь, революци хилале хьалха, къинхьегаман халкъан дахарехь лелаш яра кхитайпа идейш, оцу идейша къинхьегаман стаг шен паргIатоне кхача гIерташ даима а сема латтавора, кхечу халкъашца доттагIалла чIагIдора. И идейш шен паргIатонехьа къийсам латтабеш демократически а, революционни а зеделларг IаIийна йолчу Россехьара кхочура нохчийн къехошка. И бакъдерг исбаьхьаллин дашца талла Бадуев цIеххьана ца волало, цунна тIе иза вогI-вогIуш вогIу шен дахаран жамIаш дан бен ца ларош волчу стаге къинхьегамхойн дахаран жамIаш дан таро а йолуш хьекъал (социальни сознани) доссар гайтарца. И Iалашо исбаьхьаллин дашца кхочушъеш, шуьйра схьаеллаелира Бадуевн новаторство а: дIадахана дахар цо революцин идейшца дозуш гойту; керла социалистически дахар тIечIагIдаран маьIна а ду цуьнан произведенийн.

Цуьнан лаккхаяьллачу исбаьхьаллин корматалло таро хуьлуьйту 30-чу шерийн хьалхарчу эхенгахь шен кхолларалле хь тоьлашха йолу произведенеш кхолла.

Аьллачуьнца доьзна цIераш яха мегар дара «Партизанаш» поэмин, «ЦIен гIап», «Политотдел» пьесийн, «БIе де, я бIеннах цхьаъ» дийцаран. И произведенеш халкъ революцина самадаларх, цо граждански тIамехь дакъалацарх лаьцна язйина ю. Ма-дарра аьлча-м и тема цуьнан кхолларалли на юкъа иза язда вола ма-веллинехь еара. Нагахь санна 20-чу шерашкахь яздархо и тема схьаелларан некъаш лоьхуш хиллехь, хIинца цуьнан кхолларалли н коьрта ницкъ и схьайоьллуш, цунна тIехьажийна бу.

Аьллачуьнца доьзна масална яккха мегар дара «ПетIамат» (1930) романан цIе. Оцу романехь нохчийн литературан исторехь дуьххьара кхоьллина шен сий лардеш гIаьттинчу зуда-ламанхочун васт. Турпалхо ПетIамат шен паргIато, шен сий, меттиг ларйина ца Iа. Цунна дика хаьа халкъехь молланаша латтош болу бала. Иза царна шен долу таIзар дан хIутту.

Бадуевс дукхахйолчу произведенешкахь дуьйцург революци хила герга таьIначу шерашкахь хуьлуш ду. Цаьрца яздархочо буьйцурш халкъа юкъара схьабевлла цуьнан векалш

бу. Ткъа Бадуевн кхолларало кхоччуш зазадаькккхина хан 30-чу шерийн хьалхарчу эхенехь нисло. Оцу шерашкахь язйо цо «ПетIамат» а, «ЦIен гIап» драма а, кхин дуккха а революцих, дахар социалистически кепара дIахIоттарах лаьцна произведенеш.

Нагахь «ЦIеран арц» повестехь халкъан векалийн амалш кIорггера гайтаза йисинехь, романехь яздархо турпалхойн амалш а, церан дог-ойла а гайттал кхиъна бевллачу художникийн могIаре дIахIутту.

Романан чулацамо вайна хоуьйту цу тIехь дуьйцуш долу гIуллакхаш 1917-гIа шо тIекхочуш хиллийла. Исторически бакъдолучунна тIе а гIерташ, яздархочо гойту оцу хенахь паччахьан Iедална дуьхьал халкъо дебо болийна къийсам а, цо герз а карахь гIатта дагахь беш болу кечам а. Бакъдерг дийцича, Лага а, Мусост а, Дуда а совнаха кIеда бу, катоьхна шаьш дIадолийна гIуллакх деш бац. Иза романан кхачамбацарех цхьа агIо хетало. Хетарехь, яздархо оцу турпалхойн васташца, аьлча а, уьш бу аьлла, церан цIераш яхарца, шина классан вовшашца хилла луьра къийсам гайта дагахь хилла.

Амма ПетIаматан васт, церанаш санна, ледара дац. Цо шена моллас бечу ницкъана дуьхьал латтош болу къийсам дахарехь ма-хиллара гайтина бу. Цуьнан гIоьнчий бу паччахьан Iедална дуьхьал болу «мятежникаш», царех автора ма-аллара. Цу тайпана вовшашца йозуш йолу ши конфликт кхоьллина Бадуевс романехь: зуда-ламанхочунний, реакционни динандайшний юкъахь, халкъаний (Мусост, Лага, Дуда и, дI. кх.), Iедалний юкъахь. Хьалхарчу конфликтан чулацам цхьана стагний, динний юкъахь хилла Iот-баккхам хилла ца Iа, цуьнан маьIна шуьйра ду. Цундела и ший а конфликт романан чаккхенгахь цхьаьна йозуш, цхьаьна схьаясталуш гойту яздархочо.

Доцца аьлча, иштта яра нохчийн литературехь кхоллаелла дуьххьарлера роман. Иза яра социальни роман, шен маьIница паччахьан Iедалан а, религин а реакционни хилар гойтуш.

Шен сий а лардеш, къийсамехь яхчалуш йолчу зудчун васт дилларо юкъараллин кхетамехь зуда гIийла а, дуьхьало йоцуш, шега кхаьчна хала дукъ дIадахьа кийча хиларх тешначу нехан тIечIагIъелла ойланаш йохийра. Бадуевс ПетIаматан вастаца бохура: нохчийн зудчуьнгахь Iаламат боккха болу морально-нравственни ницкъ меттахбер бу, нагахь юкъараллин дIахIоттамо цунна пергIато лахь. И тайпа пергIато цунна революцис елира. Эрна дацара Бадуев революци хуьлуш йол-

чу заманан кийсаке хьажар: цунна лаьара революци хила герга кхаьчначу дарцо бIешерашкахь таьIна лаьттина нохчийн зуда самаяккхар а, цо революци тIеэцар а, цунах и кхетар а гайта.

Кхеташ ду цундела роман язйинчул тIаьхьа Бадуевс, исторически бакъдолчунах пайда а оьцуш, «ЦIен гIап», «Большевикаллица ялта дерехьа» пьесаш язъяран бахьана: цунна лаьара романехь ша хIоттийна коьрта тема кхидIа а кIаргъян. Революцих, социалистически дIахIоттамех лаьцна ша яздеш цо ца йицйора дино таIийначу стеган, Iадатан теманаш а (пьесаш «Дайн Iедал», «Марха досту де», «Гуттар ца хуьлу моллина мовлад», и. дI. кх.). ЦIераш яьхначу теманашна яздина дуккха а дийцарш ду цуьнан.

30-гIа шераш дуьйладелча СаIидан кхолларалли тема коьртадолчунна хийцало. Цуьнан хьалхарчу дийцаршкахь Iадатой, шариIатой хьешна хиллачу стеган метта кхолларалина юкъа колхозаш йохкуш, промышленни белхаш беш волу керла стаг вогIу. ХIан-хIа, яздархочо, хьалха и тема ша йолош, и стаг кхиъна ваьлла белхало санна ца гойту, хьалха цо и стаг керлачу дахарна юкъа меллаша, ша шен ницкъах ца тешаш веъна хилар хоуьйту вайна. ТIаьхьо кхоьллинчу дийцаршкахь, пьесашкахь, поэмашкахь, стихашкахь идейно-политически боккха кхетам а болуш, мехкан да хилла кхиъна ваьлла белхало хуьлу цунах.

...Советан Iедал дIа ма-хIоьттинехь ярташкара гIала белхашка буьйлабеллачу нехан васт кхоьллина яздархочо «Некъан кехат» (1932) дийцарехь. Юьртан Советан йозанче шена некъан кехат (удостоверени) даккхийта веанчу жимчу стагана Яндархина шен маса шо кхаьчна а ца хаьа, гIалитIа схьакхаьчча бийца оьрсийн мотт ца хууш къахьоьгу цо, цул совнаха, цунна лела ца хаарна цхьацца эхьен киртигаш хIуьтту цунна тIе. Цунна тIеIоттавеллачу оьрсийн белхалочо гIодо цунна.

Яндархин вастаца Бадуевс хоуьйту дешархочунна къинхьегаман стагана, яханчу заманахь иза тIаьхависина хиларна, керла зама йолалуш шен хьашташка хьажа хала хилар, цуьнан кхетам лакхабаларан некъ — иза керла дахар дIахIоттадеш бечу белхашна катоьхна юкъагIортар хилар.

Жимма тIаьхьо ша яздинчу дийцаран цIе «Керла нах» (1934) тиллира С. Бадуевс. Дийцаран турпалхочо а, цо дечу гIуллакхаша а хоуьйтура дешархочунна оцу хенахь селхана дечиган готанца латта аьхна волу нохчо тахана вуьззина

керла стаг хилла дIахIоттар. Оцу дийцарца нохчийн литературе дуьххьара белхалойн классан, промышленностан тема ялийра яздархочо.

Дийцаран коьрта турпалхо мехкадаьтта доккхучу вышкан тIехь болх бен Магомирзаев Муса ву. Цуьнца цхьаьна балхахь бу яханчу заманахь Мусас санна хало Iийшина къехой. Муса белхан ударник хилла ца Iа: цо гIайгIайо белхашна тIехь дан дезачу куьйгаллин а, цигахь гайта дезачу хьуьнаран а, белхашна ечу харжан кхоам бан безаш хиларна а. Иштта веара Бадуевн кхолларалла юкъа керла стаг — къинхьегам а безаш, кхоаме а волу мехкан да.

«Керла нах» дийцаран шен башхаллонаш ю: цуьнан чулацамехь вайна карайо публицистически ойланаш а, лирически кIоргалла а. Яздархочун оцу стилах кхета хала дац: шен халкъ серлонга даларе даима а сатуьйсуш волчу яздархочуьнга деган айам боцуш ца язлора селхана Iадатой, шариIатой таIийна латтийна нохчо тахана Даймехкан хьаштийн бала а кхочуш кхиъна хиларх.

Къинхьегаман тема коьртачарех цхьаъ ю Бадуевн 30-чу шерийн кхолларалле хь. Цо хаддаза тидам бо промышленностехь, колхозан аренашкахь белхаш бечу стеган хийцалучу амалан. «Тракторхо Жунид» (1932) дийцарца яздархочо толлу латталелорхочун амалехь хилла хийцамаш. Тоххара хьалха Жунид вуйла «юьртахь а, дуьненахь а ЖунидгIеран хIетахь хиллачу къорзачу жIаьлиний, кхуьнан къеначу нанний бен ца хаьара». ХIинца, Советан заманахь, Жунидах юьртана а, махкана а оьшуш стаг хилла, хIинца колхозан аренашкахь болх беш волчу цунна шена а хаьа ша, шен къинхьегам халкъана оьшийла. Оцу дийцарца Бадуевс къеггина гойтура хIетахьлерачу дешархочунна социализман дахарехь къинхьегаман стеган доккха сийдеш, иза лоруш хилар.

Нохчийн ярташкахь хуьлуш лаьтта социально-политически хийцамаш толлуш ю цуьнан цхьамогIа произведенеш: дийцарш, пьесаш, стихаш. Стага къинхьегамехь, юкъараллин дахарехь дакъалацарх тоам бина ца Iа яздархо — хьалхарчу рогIехь цунна лууш дерг оцу стеган алсамболуш болу политически кхетам гайтар дара.

Хала а, шога а бара цу хенахь комсомольски, партийни болх бечу нохчочун некъ: цкъа-делахь, политически дахарна дика самабовлаза болу нах кхоччуш ца кхетара цо лелочух, дечух, де бохучух. ШозлагIа-делахь, ма-дарра дийцича, иза ша а вара нохчийн Iадатах дикка самавалаза.

«Самаяьлла ячейка» (1931) дийцар тIехь СаIида довзуьйту вайна цхьана комсомольски ячейкин дахар. Ячейкин секретарь волу Iабади къечу наха а, кулакаша а, комсомольцаша а шех «дика кIант ву, гIиллакх долуш ву» аларна, оцу дешнех дагана там хуьлуш, массарна а дика хила гIерташ, комсомоло шена тIебиллина болх бан ма-беззара ца беш, кулакашна цхьацца царна луург деш схьавогIу. Иза иштта хилар хиънаачу комсомольцаша цунна «собранехь выговор до».

Цуьнан метта Мухьид хIоьттича, «ячейка стамъелла а йогIура, нахана юкъахь беш болу кхетамца-кхиоран болх жигара а бора комсомольцаша».

Халкъана юкъара кхиъначу комсомольски, партийно-советски белхахо доттагIчунна а, мостагIчунна а цхьабосса дика хила гIертар — Iедалан балхана кхоччуш тIера цахилар санна хеташ волчу СаIидан оцу дийцаран чулацам публицистически хорма йолуш бара.

Кхечу шен хенан тематикана язйинчу произведенешкахь а яздархо даима а тидаме хьоьжу пачхьалкхан гIуллакхехь волчу стаге: мел даггара бо цо шен болх, мел муьтIахь ву иза ша кхочушдан дезачу гIуллакхана («Большевикаллица ялта дерехьа», «Самаяьлла ячейка», «Тракторхо Жунид» и. дI. кх.). Цу произведенешкахь кхечаьрцачулла чIогIах хаало яздархочун граждански тIетовжам. Оцу произведенешкахь яздархочо гойту социализман дIахIоттаман классови мостагIаша — кулакаший, молланаший, — къинхьегаман стаг нийсачу новкъа ваха ца вуьтуш, лелон бозбуунчаллаш, йовзуьйту ахархошна колхозаш йохкуш хилла йолу партин политика. ЦIераш яьхначу цхьайолчу пьесашкахь, дийцаршкахь, шайн Iаьржа Iалашонаш нис ца луш, холчахIиттина шайхаш, молланаш буьйцу Бадуевс, уьш хьекъал доцуш, шаьш «хIума хууш нах бу» бохуш, таханкхана «коммунисташ» дIабоьлху, бохуш. Iехабелла хилар а хоуьйту цо. Амма атта дац-кх хьалха цара кортош хьовзийна лелийначу нахана царах дIакъаста: тIамарх доьлла девла бIешерашкахь царна молланаша, «сатоха, дуьненахь бала хьегахь а, ялсамане гIур ву хьо», бохуш, дина хьехарш. Керлачу дахаро сиха кхетош болу къинхьегаме нохчий дийнера де мел дели тIаьхьара дIабовлуш, шаьш буьсу молланаш.

Цу тайпанчу нехан керла кхетам кхиаран, социалистически дIахIоттамо шайга кховдийна гIуллакх дан ма-дезара даран а проблема чIогIа йийкира Бадуевн кхолларалле хь. «Самаяьлла ячейка» дийцарехь турпалхочун Ризванан дешнашца

яздархочо публицистически айамца нийса дIаэлира: халкъана юкъара схьабевлла керла куьйгалхой Iадатан-шариIатан хьехамех мукъабовла беза — цара Iедало шайна тIедиллина декхар нийса ккхочуш ца дойту, классови мостагIашна а, Iедална а диканиг хила гIерташ, шалха ойланехь ккхиаво куьйгалхо. Социальни чIогIа мехалла йолчу оцу темано дан деза маьIна дойтура дешархочуьнга.

Иштта шорлора Бадуевн ккхолларалли тематика, кIарглора идейни а, философски а маьIна. Коьртаниг — цуьнан прозехь яздинчу исбаьхьаллин дашо керла проблематика хIоттор, дахар толлуш, керлачу тIегIан тIе иза валар дара.

III

Социалистически революци, цуьнан ккхиамаш, революцин стаг — и теманаш коьртачу теманашна хьалха йогIуш яра нохчийн 20-чу шерийн поэзехь. Оцу теманаша поэтийн йиш хуьлуьйтура шайн деган ойланаш йийца, халкъана керлачу дахаро хьалхахIиттош долчу гIуллакхех лаьцна дийца а, халкъо революцин идейш тIеэцар гайта а. «Революци хили. БIешерашкахь халкъан бIаьргашна дуьхьал лаьттина бодан, цакхетаман марха Россин халкъийн баьччас—партис дIаяьккхи. Керла дахар дIахIоттош сихо е!» — и маьIна долуш ю нохчийн 20-чу шерийн шолгIачу эхенгахь ккхоьллина йолу Дудаев Iабдин, Нажаев Ахьмадан, Бадуев СаIидан, Мамакаев Мохьмадан, и. дI. кх. стихаш. Церан поэзис шен хенахь керла стаг ккхетош-ккхиош доккха гIо дина партина. Уьш дика кхеташ бара «литераторийн гIуллакх — хала а, чолхе а гIуллакх хиларх», и гIуллакх «дIаяхана хан сийсазаярх, цо тIаьхьа дитина айпе гIиллакхаш дIадаьхча ккхочушхирг цахиларх. Литераторийн декхар ду керла зама Iамо, тоян, гайта, цу кеппара тIечIагIъяр»[1]. Цундела шайн ккхолларалле хь революцин зама шуьйра чулоцуш, цуьнан билгалонашна тидам бан гIертара уьш, вовшашна чучча гIоьртина луьрчу къийсамехь йолу ши зама (яхнарг, керла тIейогIург), церан тайптайпана йолу Iалашонаш а гойтуш. ПаргIатоно халкъана маьрша къахьега лун таро, сиха ккхуьуш волу стаг яханчу къизачу замано лелийначу къизачу гIуллакхашна дуьхьал хIиттар — изза чулацам бара нохчийн оцу заманахьлерачу поэзин а, литературан кхечу жанрийн санна.

---

[1] *Горький М.* Цели нашего журнала. «Литературная учеба», 1930, № 1, 1—12 агI.

И тайпа башхалла СССР-н массо а халкъийн литературийн а яра цу хенахь.

Керлачу стеган дог-ойла кIорггера гайта езаш хиларх а, оцу стеган керлачу социальни юкъараллица йолу уьйр талла езарх а нохчийн поэташ 20-гIа шераш чекхдовлуш кхийтира. Оцу проблемех уьш кхетаран бахьана церан хьекъал, идейно-политически кхетам лакхабалар а дара.

Нохчийн поэзехь керлачу стеган дог-ойла гайта дуьххьара Бадуев СаIид волавелира. Амма волалуш волчу поэтан тидам тIебахнарг дукхахьолахь турпалхочун **дагахь дерг дацара,** цуьнан халкъаца йолу **юкъаметтиг яра.** «МаргIалан синтаре» цIе йолчу шен стихотворенехь поэта боху:

ХIай маргIалан синтар,
Цхьана бешара ду вай —
МаьI-маьIнехь хилар бен.
Ма хьаббеллахь суна буй,
Дагца мекха ю моттий.
Ластий пел ма далийталахь
РогIехь кхуссу жамболат.
ТIекхаьчча алалахь: вотталхьа,
Дац хьуна и ямарт.

Оцу стихотворенехь волчу лирически турпалхочо шен дуьхьа еш яц и тайпа ойланаш, ша кхоош дуьйцуш дац цуьнан цу тIехь дуьйцург. Цуьнан ойланийн маьIна IаламатдоккхаДу. Цунна хууш ду баккхий социальни хийцамаш хуьлучу хенахь керла кхиъна волчу стеган юкъараллица йолу уьйр чIогIа хила езар.

Хирий-теша мостагIийн лаам,
Даьлла къух вай гича?
ХIан-хIа,
Вайна тIе стом летар бац,
Вовшашна орца луш ца хилча.
МостагIийн лаам бер бац,
Вовшийн генаш вай кхаьдча.

30-чу шерийн поэзехь керлачу стеган васт дукхахьолахь лирикехь кхоллало. 20-чу шерашкахь кхиъначу лирикех къаьсташ, 30-чу шерийн лирика стеган дог-ойла гайта гIерташ кхуьу. Нагахь санна 20-чу шерашкахь поэтийн кхолларалла халкъ керлачу дахарна **тIедерзо** гIиртинехь, оцу дахаран ша тайпа хиларх и халкъ **кхето** уьш гIиртинехь, 30-чу шерийн поэзина юкъабаьхкина турпалхой къинхьегамца а, къийсамца а **социализман идейш тIечIагIъян гIерта.** Уьш иштта кхиаран ба-

хьана церан духовни сиха кхиар дара. Оцуьнца дозуш дара тIеман хан тIекхачале кхиъначу поэзин кхиамаш хилар а.

Бадуев СаIидан поэзехь къинхьегаман, керлачу стеган, социальни дахаран теманаш революцин темица цхьаьна ийна ю. Карарчу заманах, цуьнан гIуллакхех лаьцна ойланаш, колхозникийн васташ шайца долчу дуккха а стихашкахь («Лам», «МаргIалан синтар», и. дI. кх.) гучудолу революцин сибат.

Колхозаш яхкаран темина СаIида лерина дийнна сборник арахийцира. Сборникан цIе а яра «Колхозан иллеш» аьлла. Цуьнан чулацамехь вайна карайо хенан болар довзуьйтуш йолу ритмаш, рифмаш. Аьллачунна масална яло мегар дара «Трактор» стихотворени. Шен мукъамца а, чулацамца а 30-чу шерийн къинхьегаман сурт хIоттадоцо. Бечу белхан гIовгIанан сурт хIоттадар оцу хенахьлерачу дукхахболчу советски поэтийн кхолларалли амал яра.

Орга догIу хьаьдда —
Бур,
Бур деш!
Трактор йогIу едда —
Дур,
Дур деш!

Ярташкахь социалистически юкъараллин дахар тIечIагIдарал совнаха, Бадуевс хьалаайийо аренашкахь къахьоьгучу стеган юкъараллин кхетаман проблема. Бакъдерг дийцича, оцу стихаша шайн чулацамал совнаха дага кхин дукха ойланаш ца йохкуьйту. Уьш кулакаца, колхозникаца, дешархочуьнца поэта деш долчу къамелах юьзна ю. Делахь а, мел оьшуш дара-кха оцу хенахь поэта цу тайпана деш долу къамел, ма сиха кхиавора-кха цо шен кхетамца тIаьхьависина волу дешархо!

Колхозехь беш болу болх, цу тIехь нехан хуьлуш болу кхиамаш поэта кулакашна дуьхьалбетта, царна, уьш колхозан болар малда гIерташ болу дела, шайна хетарг бакъ цахилар а хоуьйтуш («Кулак»), ткъа колхозникашка шайн болчушна тIе кхин а кхиамаш баха, бохуш, кхойкху иза («Колхоз»), вовшашца социалистически йохье а довлуш («Колхозан бригада», «Охана пергIат дер», «Тоз», и дI. кх.).

Кулак!..
Дийнахь а, буса а наб йоцуш,
Яхана зама дагалоьцуш,
Хьо вац,
Колхозан бахаме хьоьжуш,
Харцонца иза буьйцуш?

Кулакан Iалашонаш йовзуьйтуш цу тайпана поэта деш долчу къамело вовзуьйтура колхозникашна керлачу дахаран мостагIа.

Ахьа ца кхайкхадо, ахьа ца боху
Колхозан юргIа кхузткъа аьрша?
Ахьа ца дуьйцу, ахьа ца боху
Колхозан гIайба шийтта аьрша?

Цу кеппара колхозийн мостагIий Iора а бохуш, поэта тIечIагIбо колхозийн дIахIоттам, ткъа колхозашка кхойкху и, хьаналчу къинхьегамца Даймехкан эвсаралла лакхаяккха, бохуш:

ХIей! Тоха ка, ка тоххий,
БIаьсте тIейогIу!
Хила бригада хIайтъалий,
Охана тIедогIу!

Оцу тайпана, 30-гIа шераш дуьйлалучу хенахь яздархойн, къаьсттана Бадуев СаIидан, кхолларалле хь аало къоначу литературо дахаран жамIаш даран кеп. Литературан коьрта Iалашо хуьлий хьалхайолу керлачу, къинхьегамехь кхуьучу стеган проблема. Хьалха хIара ду аьлла схьалаца хIума доцчу къамелаш тIера поэташ хIинца реалистически васташ тIе богIу.

Поэзин и тайпа кхиамаш къаьсттана хаало Бадуевн «Дуьйлало, кIентий» стихотворенехь, Айсханов Шамсудинан «Хьава», Мамакаев Мохьмадан «Ненаца дина къамел» поэмашкахь. Шен стихотворенехь ша дуьйцург Бадуевс шен заманхойн а, поэтийн а цIарах дуьйцу.

Дуьйлало, кIентий, дуьйлало,
Сийначу бацалахула дуьйлало,
Кху цIечу зезагашлахула дуьйлало,
Цу цIечу байракхца дуьйлало!
И мела мох а
Вайна аьхна хьоькху,
И можа малх а
Вайна къегаш хьоьжу.
И дато бутт а
Вайга сирла хьоьжу,
И дато седа а
Вайна лепаш хьоьжу.

Бадуевн поэтически корматаллина хьалхарчу рожехь муьтIахь ю публицистически а, героически а лирика. Цунна, шен

заманхошна-поэташна хаа ца лург хаалора дахарехь хуьлуш лаьттачу хийцамех, цундела халкъан дахар хийцадаларан некъаш къаьсттана цуьнан поэзехь хаалуш ду. Цундела цуьнан стихаш социальни чулацамах юьзна ю, дахарехь хилла социальни хийцамаш, цуьнан турпалхошка ма-хьаьжжинехь, гучу а бовлу вайна.

Халкъан дахаран чолхечу, наггахь реакционни долчу гIиллакхех лаьцна дуьйцу поэташа зудчун парпIатонан тема шаьш схьайоьллуш. 20-чу шерийн поэзехь оцу темина язйина цхьаши стихотворени бен яцара. Цунах кхета атта ду: оцу хенахь яздархойн берриге а тидам халкъ керлачу дахаран новкъа долуш хуьлуш лаьттачу хийцамашна тIехьовзийна бара. XIинца, аьлча а 30-чу шерашкахь, халкъо социализм дIахIоттош жигара дакъалаьцначу хенахь, бIаьста ло дешаш гучудовлу стохкалера дахкаделла гIаш санна, гучуделира халкъ хьалхахьа даха ца дуьтуш долу дахкаделла Iадат. Иштта тучуболу 30-чу шерийн поэзехь керла болам: керлачу хенан башхалонаш а йовзуьйтуш, керлачу дахарна стаг юкъаозо гIодеш йолчу хьалха язйинчу стихийн метта хIинца кхин стихаш кхоллаелира. Цара дуьйцура социалистически дIахIоттаман кхиамех лаьцна, цара. ширчу гIиллакхашца къийсам латтабе, бохуш, кхойкхура.

Дуьненахь уггаре а ширачу проблемина — зуда мукъаяларан проблемина ойлайина Россин революционни демократаша а, Малхбалерачу (Востокан) прогрессивни мыслительша а. Ша-шах кхеташ ду, яхначу хено таIийна латтийна нохчийн зуда паргIатъяккхарехьа нохчийн къоначу поэташа шаьш язда буьйлалушшехь къийсам болабарх: Iадатан, шариIатан реакционни хьехамаша социализм шуьйра дIахIотточу муьрехь а новкъарло йора зудчунна, иза керлачух кхетарх кхоьруш, иза шайн «хьехамийн» кIелхьара ялархкхоьруш.

Нохчийн поэташ, яздархой дика кхетара и гIуллакх кIоргтера маьIна долуш дуйла. Цундела ларамаза дац и тема церан кхолларалле хь хIоттаяр а, схьаястар а классови къийсаман хIу хьакхаделла хилар.

Нохчийн зудчун васт шаьш кхуллуш, поэташа иза шен син паргIатонехьа къуьйсуш гойту. Бадуев СаIидан «Йиша», «Тоьар ду», «Парашютистка» стихаша а, Айсханов Шамсудинан «Хьава» поэмо а кхуллу зудчун яханчу хенахь хилла дахаран сурт, дуьйцу хIинца цуьнга кхаьчначу ирсах лаьцна.

Оцу темина СаIида язйиначу стихийн къамелан хорма ю, публицистически чулацам а болуш. Иза къаьсттана гучудолу

«Ламанан йише» цIе йолчу стихотворенехь. Иза язйина поэта зуда-ламанхочуьнца дечу къамелан хормехь, що довзуьйту зудчунна яханчу заманахь «тхьамданаш, хьаьжой, молланаш кхеташойн коьртехь гулбалар», цигахь цара «зударшна Iедал чIагIдар». Амма гучуяьллачу «пергIатонан байракхо лалийра когахара болатан гIоьмаш».

30-чу шерийн хьалхарчу декъехь, аьлча а советски яздархойн Ерригсоюзни хьалхара съезд хилале, нохчийн поэзехь хаъал идейно-исбаьхьаллин кхиамаш гулбеллера, поэташ дахаран чолхенаш кIоргера ган буьйлира. Нагахь санна 20-чу шерашкахь яздархошка шайн кхолларалле хь дукхахьолахь натурализм, хьехамаш, иза я важа хIума хесторан кеп хилар ладеллехь, 30-чу шерийн литературехь уьш дахарна кIорге кхийдара, стеган дахаран Iалашо, цуьнан дог-ойла гайта гIертара. Поэзе описательностан метта шен юьхь-сибат а долуш, шен амал а йолуш волу лирически а, эпически а турпалхо веара. Цо, керла дахар доккхуш, халонаш хьегнера, къийсам латтийнера, иза оцу къийсамехь вахча а веллера. Поэташна тIеттIа оцу турпалхойн амалехь революцин гIуллакхна муьтIахь хилар, къинхьегамехь шайгара турпалалла гайта лаар муха кхолладелла, мичхьара схьадогIу уьш иштта кхиийна хьоста, — исбаьхьчу дашца гайта лаар алсамдаьллера.

И шайн дагахьлаттамаш кхочушбеш, тайп-тайпана исбаьхьаллин некъаш карадора царна. Масала, Бадуев СаIидан поэзин амал хуьлий дIахIутту цуьнан стихийн социально-драматически чулацам. Шен драматизированни стихашкахь ала дагалаьцнарг доцца олий ца Iа СаIид: стихийн яккхий экспозицеш ю, цара дешархочунна довзуьйту хуьлуш лаьтташ долчу гIуллакхийн бахьанаш. Цигахь тоам боллуш дуьйцу турпалхочух лаьцна, цуьнан юьхь-сибатах, тIеюхучу хIуманех, къамел дарах, оила ярах, хазахетарх я халахетарх лаьцна.

Цу тайпана йолу СаIидан стихаш диалоган хормехь язйина ю. Нагахь санна 20-чу шерашкахь диалоган стихашкахь отвлеченни васташ хиллехь (масала, серлонан, боданан, маргIалан синтаран аллегорически васташ), хIинца, вай дуьйцучу шерашкахь, Бадуевн поэзина юкъабогIу шайн амалш йолу турпалхой, церан шайн юхь-сибат ду, царна хаьа, къонахалла а, сий а хIун ю. Бакъдерг дийцича, поэта хьалхо язйинчу стихийн Iот-баккхамаш халкъан бартан поэзера схьаэцна бу, церан маьIна социальни басарца кхелина дац. Оцу Iот-баккхамийн маьIна дукха кIезиг ду. Масала, хьовсур вай сюжетни стихотворенин («Ши доттагIа») турпалхошка. Кхузахь я Дизар а, я Мохьмад а цхьана классан векалш бац, цундела цара

лелориг социальни хьашташ кхочушдан гIерташ лелош а дац. Дизаран вастаца поэтана гайта лиънарг — иза муьлххачу а стагехь доьналла а, къонахалла а, собар а хила дезар дара. И тайпа стихотворенеш, коьрта долчунна, шайн амалш йолуш болчу бакъболчу турпалхошна тIекхача гIерташ, Бадуевс поэзехь бинчу некъан башхаллаш билгалъяха гIодеш ю, цара гойту Бадуевн кхуьуш лаьтта поэтически хатI, цара гойту цо поэзехь бен болчу некъан цхьацца йолу гуола туху меттигаш, кхуллуболчу турпалхойн амалийн цхьацца зилаш.

Шен говзалла кхиа мел кхуьу, маьIна а, чулацам а кIезиг болуш йолу стихотворенеш язъяр а дуьтий, поэта кхуллу шуьйра социальни чулацам болу кхолларалла. «Къайле» цIе йолчу поэмехь (1930) хIоьттина конфликт — иза социальни шина классана юкъахь хилла болу Iот-баккхам бу.

Поэмин исбаьхьаллин башхалла: шен лиро-эпически кхолараллехь даима а хуьлуш ма-хиллара, кхузахь а волало иза экспозицина тIера дIа. Оцу исбаьхьаллин приемо вовзуьйту дешархочунна турпалхо, цуьнан цомгаш Iуьллу нана. ДIадаханчу дахаран социальни драма къеначу зуда-ламанхочун дийцарехь гучуйолу вайна.

Поэмехь къехошний, хьалдолчарний юкъахь Iот-баккхам нисло. Къечеран баьчча Шихмирза хIалакьхуьлу. Къехой бохийна. Совдегар Жаби суьдо бакъвина.

Поэмин конфликтан маьIна доккха ду. Оцу поэмица цо шен поэзина юкъа социальни тема ялийра, амма шен драматургически произведенешкахь ма-хиллара и тема схьайоьллуш кIоргенашка ца гIиртина иза, кхузахь къинхьегамхой башха хIайтъаьлла а бац. Цул совнаха, поэмин финалехь йоккхачу идейн метта чIир эцар гайтина поэта. Шихмирзин кIанта Абаша Жабина доькху шен да вер.

Бадуев СаIид социальни тематикин поэт ву. Цо социальни дахарх лаьцна прозехь а, драматургехь а яздо. Нагахь санна прозехь, драматургехь и тема схьайоьллуш Бадуев пагIат хиллехь, поэзехь изза тема цо сихаллица йоьллу схьа. Цу тайпана стихаш дуьйцуш дерг даггара хиларца а, чулацаман эвсаралла сов йолуш, сурташ, антитезаш алсам йолуш къасташ ю. И тайпа хIора бохург санна поэма, стихотворени поэта «ХIай!», «ХIей!» олий дIайолайо. Аьллачуьнца доьзна цIераш яха мегар дара «БорхIалгIа март», «Паччахьан замане» стихотворенийн. Царех лаьцна вай лахахьа дуьйцур ду.

Оцу стихашкахь Бадуевс, Мамакаев Мохьмадана тIаьххье, нохчийн поэзи йолалуш кхоллаелла халкъан поэзих тера йолу

ритмико-рифмически хорма дIа а кхоьссина, юкъаялийра керла хорма а, керла интонаци а (мукъам). Масала, цуьнан кхолларалле хь ялх слог а йолуш, перекрестни рифма а йолуш стихаш юкъаяр цо оьрсийн стихийн хорманах пайдаэцаран билгало ю. Оьрсийн исбаьхьаллин культуро нохчийн литературана бина тIеIаткъам уггар къегина гучуболу Бадуевн кхоллараллехь. Иза кхечарел хьалха волало оьрсийн поэтийн кхолларалла нохчийн матте гочъян (М. Голодныйн, Э. Багрицкийн). Иза цу хенахь кIезиг хIума дацара.

Коьртачарех цхьаъ яра цуьнан кхоллараллехь промышленни белхан тема. «Iаьржа деши» стихотворенехь поэта йоккхачу йовхонца дуьйцу нефтяникийн балхах лаьцна, церан «турпаллин куьйгаша» хьалхарчу пхеашеран план хенал хьалха кхочушъярах воккхавево иза:

ТIамна кечделла
И эскар санна,
И вышканаш лаьтта
Цхьа нисъелла, тайна,
И хIоа вышка
Эскархо ву вайна,
Уьш хехь лаьтта
Пхеашеран планна.

Индустриализацин тема кхидIа схьаеллало «Кхочур ду» стихотворенехь. Кхузахь поэтана социалистически бакъдолчо хьоьху советски халкъ коммунизмана тIекхочург хилар. И сийлахь Iалашо тIекхачош советски халкъо беш болу болх къегина гайтина цо «Лам» цIе йолчу стихотворенехь.

Поэзи кхоллалучу муьрехь нохчийн поэташна шайн коьрта декхар халкъана керлачу дахаран башхалла йовзийтар дуйла хаьара. Ткъа, 30-гIа шераш дуьйладелча оццу поэтийн кхолларалла кхечу амале йоьрзу. Литература на хьалха хIиттинчу проблемех коьртаниг халкъ юкъараллин дахарх кхетар гайтар юйла хиира яздархошна. Нохчийн поэташна ца хаалуш диса таро йолуш дацара шайн халкъан амал хийцалуш хилар. Оцу халкъан лаамехь дара цуьнан кхечу халкъашца йолу уьйр кхин а алсамъяькхина, цаьрца цхьаьна барт цхьаъ болу доьзал санна, Советан Iедалан мостагIашца луьра къийсам латтабар. Нохчийн ламанхошна дуьне шайн ярте л, областал арахьа а дуйла хиира. Церан кхетамехь теттIа алсамйолу советски патриотизм, интернациональни дог-ойла. Уьш тидамца хьоьжура хIетахь дуьненчохь хуьлуш лаьттачу хийцамашка, халкъашна кхоллалуш лаьттачу кхерамашка. Иза дерриге а,

дуьйцийла йоццуш, литература на юкъадеара. Поэзехь керла тема кхоллало — халкъийн доттагIаллин тема. Ма-дарра аьлча, халкъан бартан кхолларалле хь хилла йолу и тема хIинца кхечу идейни маьIне йирзинера, цо дахьаш дерг керла маьIна дара — хIинца халкъийн доттагIалла бохург боккха чулацам болуш дешнаш дара, и доттагIалла хIинца Ленинан, партин идейша чIагIдина дара.

Патриотизман, интернациональни мотиваш нохчийн поэзехь чIагIло къаьсттана 30-чу шерийн шолгIачу эхенехь, хIетахь дуьйна и поэтийн кхолларалли н билгалонех коьрта билгало а ю.

Бадуев СаIидан, Мамакаев Мохьмадан, Дудаев Iабдин, Нажаев Ахьмадан, Музаев Нурдинан, Айсханов Шамсудинан, кхечеран а цу заманахьлера стихаш дуьнентIехь машар а, халкъийн ирс а лардаран теманашна язйина ю.

Революцин тема, колхозаш яхкаран, индустриализацин теманаш санна, кIорггера схьайиллина Бадуевс, Мамакаев Мохьмада. Революцин 15 шо кхачаран хьокъехь язйинчу «Октябрь» стихотворенехь, социализм дIахIоттош, халкъо бина некъ гойту Бадуевс. Стихотворенехь карладоккху халкъан дIаяханчу хенахь хилла хала дахар. Поэта хIинца, революцис пергIато елча, Советан Iедалан ницкъ къинхьегамца чIагIбе, боху. Революционни пафосах юьзна йолу и стихотворени Октябрана язйинчу гимнах таръелла:

Тахана уьйу байраккхаш —
Зударшца цхьаьна уьйу,
Царна еххина гIоьмаш
Октябро лийIи.
Яржае шуьйра
Чилланан ЦIен Байракх!..

Поэта кхуллу сов доккха маьIна долу революцин символ:

Керлачу мохо
ХIу хьо массо а махка.

(«Вайн беш»)

Лирически турпалхочун идейни кхиар гучудолу публистически стихотворенешкахь а. Стихотворенийн оцу хормица а лаьара поэтана халкъан дахарехь а, кхетамехь а революцин дарц бахьана долуш хилла хийцамаш гайта. Оцу стихотворенешкахь керла стаг керла истори еш ву («Итт бIаьсте», «Партизан», «Сайханов Iалаудинан безамна», «Вайн беш»).

Исбаьхьаллин керлаваст ша кхуллуш, Бадуев Саид даима а керла стилистически хорма каро гIерташ хуьлура. Масала, «Ши малх» поэми тIехь дIадаханчу ширделлачу дахарх дIакъаьстина, керлачу, социалистически дIахIоттамна юкъахь вехаш волчу стеган дегалаам дешархочунна бовзийта гIерташ, публицистически прозица дIаволало, цул тIаьхьа стихотворенин хормица дуьйцу. И тайпа башхалла цунна оьшура турпалхочуьнга дешархочуьнца къамел дайтархьама, цуьнга шен заманхо хьуьнар долуш кхиавайтархьама.

Накъостий!
ХIинца вайн Советан Нохчийчохь
ДугIур вай большевикийн сема ла,
Аьр вай большевикийн доьналлин дош!
Дийр ду вай кхиаман жамI,
Дийр ду вай иэшаман жамI!..

ТIаккха, маьлхан символически васта кхоьллина, Октябрьски революци цуьнца юстуш, и революци хиларан бахьана гучудаккха гIерта поэт. ДIадахана хала дахар дийца волалой:

И харцо, дийнера дийне кхуьуш,
Стамлуш, шорлуш, хIорд хилла,
Лаьттара шуьйра дуьненчохь яьржаш,
Ца юьтуш бакъо бIаьрг белла, —

революцина тIекхочу: «кхийти дуьненахь бакъонан малх».

Оцу поэмин чулацамехь гайтина бац халкъо шен паргIатонехьа латтийна къийсам. Поэтана хетарехь, стихотворенина чуйогIучу дIадахначу дахарх лаьцна балин, хIинцалерачу дахарах лаьцна синкъераман эшарца йовзуьйтур яра паччахьан заманан халонаш. Цул совнаха, поэмин символика а ю шеца доккха идеологически маьIна дохьуш:

Малх, бутт, седа боцуш
Дуьне хила йиш юй? —
Цуьнга терра ленинизм йоцуш
Дуьне хила йиш яц!

Поэми тIехь коьртаниг — иза лирически турпалхо, революцино дохьуш долчу керлачух кхетта, цунна шен ницкъ мел бу пайдехьа хила гIертар ду:

Со воллу и угIу яйш
Нохчашна тIелата
Орца доьхуш ца угIу ала!
И яйш угIу промыслашкара, заводашкара
Нохчийн, оьрсийн белхалошка

БархI сахьт даькkхинарш паргIатдовла,
СадаьIнарш балха хIитта,
Бохуш, угIу ала!

Хетарехь, Бадуев СаIидан поэтически кхолларалле хь уггар диканиг «Партизан» цIе йолчу поэми тIера кийсак ю. Цу тIехь гучуелира Бадуевн йоккха поэтически говзалла, идейни кхиъна бевллачу нехан васташ кхолла цунна хаар а.

Поэма граждански тIом болчу хенахь Нохчийчохь хилла гIуллакхаш карладохуш ю. Бекболатан а, цуьнан кIентан Бердан а васташца поэта гайтина нохчийн тоьлашха йолу революционни амал. Цара, паргIатчу дахаре кхача гIерташ, шайн синош ца кхоийна...

...Бекболат а, Берд а партизанашна цхьа сиха пакет дIакхачо гIерташ ву. КIайнчеран кIелонна тIекхочу уьш. КIанта на чевнаш йина. Иза а вуьтий, Бекболат шен гIуллакх кхочушдан дIавоьду, кIайнчеран кара иза гIур вуйла шена хуъушехь. Цо и ца дича, ерриг а партизанийн отряд хIаллакьхир ю. Оцу юьззина йолчу драматизмаца поэто гойту шен турпалхой ницкъ болуш а, майра а, хьуьнар долуш а нах хилар.

Оцу поэмица Бадуев СаIида нохчийн литературехь массарачул а хьалха кхочушйо цу 30-чу шерашкахь советски литературехь йогIуш йолу шен долаллин а, юкъараллин а проблема. Революционни декхар кхочушдархьама, коллективан дуьхьа Бекболата, шена хуъушехь, шен кIант хIаллакьхуьлуьйту. Шира заманаш хуьйцуш лаьттинача къийсамашкахь кхоллаелла яра къоман и керла амал.

Поэмин эпически хорма а, поэтически гIирс а, яздаран хатI а, дуьйцийла йоцуш, халкъан бартан кхолларалло хьехна поэтана, хьалхарчу рожехь — халкъан турпалаллин илеша. Царна тIехь, вайна ма-хаъара, дийнна эскарна дуьхьало еш хуьлу цхьаъ я ши стаг.

Ткъа Бадуевс йоккхачу говзаллица дуьллу революцино самадаькkхинчу халкъан турпалаллин сурт, хIора турпалхочун кхечерчух тера йоцу амал къастайо, керла исбаьхьа басарш юкъадаладо. Цундела вайн ала таро ю: «Партизан» поэмица Бадуев СаIида хуьлучу гIуллакхан драматизацин а, сюжетан кхиаран а ша говзанча вуйла хаийтира. Цуьнан исбаьхьаллин тIаьхье толлучара [1] яздо, поэма оцу хенахь нох-

[1] *Мамакаев М.* Певец народной думы. «Грозненский рабочий», 1964, 4 сентябрь; *Туркаев Х.* Революционная страстность художника. «Грозненский рабочий», 1974, 15 декабрь.

чийн литературехь кхоьллинчу произведенел тоьлашха ерг ю, бохуш.

Бадуев СаIид паччахьан Iедало бодане латтийначу халкъан векал хилла дIаяханчу къизачу ханна хIуй кхайкхош гIаьттира. «Паччахьан замане» стихотворенехь къийсамехь революци ларйинчу лирически турпалхочо, керлачу дахарх воккхавеш, цабезамца дагалоьцу яхана хан. Стихотворенехь, цу кеппара, халкъан аз дека, цо паччахьан заманна еш йолу кхиэл хаало.

ХIай, паччахьан зама,
Кхехкадарх, цхьаьнауьйр дацара вай!
Некъийн — тайпанаш ду.
ЦIеран алонца ас бина буй
Хьуна айина бу.

Поэтан и стихотворени шен хенахь, критикаша лаккхара мах хадийна, Къилбаседан Кавказан поэтийн сборникана юкъа яхийтира[1].

ХIокху стихотворенехь а, кхечаьрца санна, СаIида ша ала гIерташ верг символикаца аьлла. СССР-н тIеттIа чIагIлуш лаьттачу ницкъах лаьцна цо кху кепара боху:

Делахь хаалахь, ас хьон некъ
Къинхьегамхошца буйла,
Даккхийдеш тхо доьлху некъ
Куьзганан серлонца буйла.

Кхузахь шерра го поэт хьалхарчуй, шолгIачуй пхеашерийн турпалаллин боламах воккхавеш хилар.

Вайна ма-гарра, Бадуев СаIидан поэтически хазна юьзна ю революционни тематикаx. 30-гIа шераш юккъе девлча а, юкъера тIех лилхича а цуьнан поэзина юкъайсгIу керла темаш — патриотически а, тIамна дуьхьало еш йолу темаш. Массо а советски яздархошна санна, цунна а ша санна шера гора цу хенахь малхбузехь тIамна кечам беш дукълуш долу дарц. СаIида оцу хенахь язйо социалистически Даймохк безарх, иза Iалашбан советски халкъ кийча хиларх лаьцна стихотворенеш.

Нагахь тIамна
Вайца гIаттахь,
Луьрчу тIамна

---

[1] *Тахо-Годи А.* «Поэзия горцев Кавказа» сборникана язйина предислови. М., Госполитиздат, 1934, 12 агIо.

Вайга кхайкхахь,
Шайн хьакхин муцIар
Вайн беша кховдаяхь,
Хьолахойн и цIуьхIар
Вайна тIекховдаяхь,
Луьра тIом экхкхар бу
Доккхачу дуьненахь...
Вай кIентий, вай майра кIентий,
Толаза йиш яц![1]

Стихийн керла чулацам а, керла хорма а лоьхуш, СаIид 20-чу шерашкахь поэзин кхиамашца зIе йолуш хуьлу. Цуьнан стихийн васташ, композицин дIахIоттам чIогIа тера бу халкъан иллех, эшарех.

Делахь а церан лирически турпалхо — йоккха Iалашо йолуш, кIоргера гуманизм йолуш стаг ву. Цо даима а къийсам латтабо керла, социалистически идейш дахаран барам а бина дIахIотто гIерташ. Нагахь Бадуев СаIид нийса доцчунний, ницкъаний, стагана гIело ечу хIуманний шен гIад мел ду дуьхьал волуш хилар дагадайтича, вайна лирически турпалхочун, поэтан амалш цхьаьна уьйш карор ю.

Бадуев СаIидан поэзех лаьцна дийцар дуьззина хир дацара, нагахь нохчийн стихъхIоттаяран гIуллакха тIехь цо бинчу балхах ца аьлча. И кхолларалли болх боккха а, шуьйра а бу, цунах лаьцна кху статья тIехь дийца хало ду, меттиг кIезиг хиларна. Цундела масех дашца ала лаьа: нохчийн 30-чу шерийн поэзин кхиамаш дукхах долчунна керла стихъхIоттаяран гIирсаш поэтана карабарах бозуш бу.

30-чу шерийн нохчийн поэзина юкъа стихотворнин керла размер Бадуев СаIида ялийна. Аьлча а, хьалха хиллачу стихийн исбаьхьаллин зеделлачунна тIе а теIаш, цо кхоьллира шен размер — шина стопин дактиль. Цуьнан дукхахйолу стихаш оцу размераца язйина ю.

IV

Iаламат йоккха меттиг дIалоцу Бадуев СаIидан кхоллараллехь драматургин жанро а. Оцу жанрана тIехь цо ша яздан волавелчхьана дуьйна схьа болх бира, цуьнца бозуш бу

---

[1] *Бадуев С.* Вайн беш, 33 агIо. Патриотизман, революцин теманашна цо язйина стихаш («Красная Армия», «Партизанская песня», «Октябрь», «Вспыхнуло солнце Советов — ему наш привет», «Песня чеченских партизан») оьрсийн матте гочйина ю (сб. «Поэты Чечено-Ингушетии», М., 1935).

цо исбаьхьаллин дашца баьхна баккхий кхиамаш. Иттех шарахь (1926—1937) цо язйира 15 гергга пьеса.

Литературан бухбиллархо хиларал совнаха, цунах нохчийн советски театран бухбиллархо а хилира. Нохчашна театр оьшийла а, театро халкъана юкъахь боккха идейно-кхеторан болх бийриг хиларх кхечарел хьалха кхеттарг Бадуев СаИид ву. Далор вай 1929-чу шеран 21-чу ноябрехь арадаьллачу «Серло» газета тIехь «Самадовла! Хан тIехйолуш лаьтта!» аьлла цIе а йолуш цо зорбатоьхначу статья тIера цхьацца дешнаш:

«Массарна а ма-хаъара, — бохуш яздора СаИида, — Нохчийчохь а, Соьлжа-гIалахь а нохчийн цIарах, нохчийн ненан маттахь а, нохчийн гIуллакхах лаьцна оьрсийн маттахь а нохчийн кегий нах а болуш цхьа а театр а, драмкружок а яц.

...Театран гIуллакх серлонна юккъехь уггар коьрта лара мегар долуш гIуллакх ду, хIинца а боданах цIанъялаза йолчу вайн нохчийн областехь муххалле а» [1].

Тайп-тайпана тематика йолуш, шен хенахь хиллачу дахаро хьехна идейш тIечIагIъеш ю СаИида язйина пьесаш. Амма церан массеран а чулацам, яздархочун ерриге а кхолларалин чулацаман санна, коьртачу Iалашонна тIехьовзийна бу: классови къийсамехь вахчалуш, керла стаг кхиар гайтарна, цуьнан дахарна новкъарлонаш еш долу хIумнаш катоьхна дIадахарна, халкъан юкъараллин дахарехь социалистически хорманаш тIечIагIъярна.

Бадуев СаИида драматургехь бина болх, кхийолу жанраш санна, хIетахьлерчу периоде (хене) хьаьжжина чулацам болуш нисло. Аьлларг кхеташ хилийтархьама, билгалдоккхур вай: 20-чу шерашкахь цо язйиначу пьесашна тIехь дуьйцург оццу хенахь кхоьллинчу дийцарша, повесташа дуьйццург ду: Iадат, шариIат Iорадоккхуш, керлачу, советски дахарехь ваха волалуш волу къинхьегаман нохчо кхетош-кхиор.

Дуьххьара язйинчу «Дайн Iедал» пьесица дIайолало Бадуевн и тема. Пьесица цо дийцинарг чIир эцар — ширачух тIаьхьадисина реакционни гIуллакх хилар ду.

...Синкъерамехь, Халидан карах ца хууш тапча а кхетий. Хьамза ле. Синкъерамехь мел волу стаг цуьнан валар Халидан карах ца хууш хиларна теш хIоьттинашехь, Хьамзин нанас Кебирата шен кIенташка чIир хьейойту Халидна, цул тIаьхьа дукха хан ялале и цаьрга вен а воьйту. Цара и къиза

---

[1] «Серло», 1929, 21 ноябрь.

гIуллакх деш, Халидан карах топ кхетий, Хьамзин воккхахволу ваша Мохьмад а ле. Цу кеппара чIир Халидан кIантана тIехь юьсу.

ВорхIе а дех схьа ма-дарра, тIейогIучу тIаьхьенга а кхочуш, яхлур йолуш яра и чIир, нагахь дукха хан ялале тIедеанчу Советан Iедало дIа ца яьккхинехь. Халидан кIантана Вахина хIинца кхерам бац Хьамзин тIаьхьенгара: изий, Хьамзин ваша Ахьмад доттагIий бу.

Пьеса, ша СаIида драматургехь бечу белхан юьхьиг хиларе терра, шеца кхачамбацарш долуш яра (турпалхойн кхиар цагайтар, церан психологически кIорге дешархочунна цайовзийтар, и. дI. кх.). Амма цу хенахь, Нохчийчохь Советан Iедал дIахIоьттинчу муьрехь, нах керлачу дахаре баха ховшуш, сцени тIехь хIотта а йина, царна пьесехь хуьлуш лаьттарг дIагайтар — иза шеца стаг кхетош-кхиоран доккха маьIна долуш дара.

Нагахь «Дайн Iедал» пьеси тIехь Бадуев динан идеологина (хьехамашна) башха кIорге ца гIиртинехь, шен кхийолчу пьесашца цо турпалхойн васташца, церан дахарехь йолчу Iалашонашца хоуьйту дешархочунна халкъалахь лелаш долу вон мел долу хIума, Iадатой, шариIатой гIорториаш а йина, лелош дуйла. 30-гIа шераш дуьйладелча язйинчу «ПетIамат» пьесица Бадуевс, Iаламат нийса, боккхачу чулацамца моллин васт а дуьллий, гучудоху «халкъан баьччийн» тишделла орамаш.

Пьесехь дакъалоцуш ву ткъе шиъ стаг, царех хIора а ишта я вуьшта моллех хьакхало, цуьнца иза я важа гIуллакх хуьлий. Цундела моллин стешха, ямарт, хьал дезаш, тешнабехке хилар кхоччуш гучудолу.

Пьеси тIехь дуьйцурш Октябрьски революци хилале хилла гIуллакхаш ду. Пьесин сюжет «ПетIамат» романан сюжет ю, цундела пьесин чулацамах лаьцна дукха ца дуьйцур вай. Делахь а билгалъяха езаш меттигаш а ю пьесин: цу тIехь бу романехь ца хилла турпалхой, цуьнан сюжет романан сюжетах къаьсташ, шуьйро ю. Къаьсттана шена тIетидам бохуьйтуш ду Лагин васт. Иза ву халкъана юкъа прогрессивни а, революционни а ойланаш яржош лелаш. «Динна лийна» аьлла, моллас Лагин девеше шаьлта тохийтина цунна, «паччахьана дуьхьал хилла» аьлла, «гимназера дIаваьккхина», «дела ваш, аьлла, телхина лерина», набахте воллийтина моллас Лага.

Оцу васто тоьшалла до молла халкъан духовни паргIа-

тонна самайолучу ойланашна дуьхьал хилар, иза и халкъ бодане латто гIерташ хилар.

Цуьнан къиза хилар къаьсттана гучудолу драматурга ПетIаматан васт схьадоьллуш. Молланаша зударшкахь латтийна Iазап кхоччуш довзуьйту Бадуевс моллиний, ПетIаматний юкъахь хиллачу Iот-баккхамца.

Амма ПетIамат шен ден Дудин йоI ю. Дуда а вацара шена а, мискачу нахана а гIело йойтур йолуш. Цу тIехула сибрех а вахийтина иза. Кхеташ ду, ПетIаматан амалехь дуккха а хIумнаш ду ден амалера схьаэцна. Ша сибрех вохуьйтуш шен чоьхьара стаг ца хиларна моллега Iалашъяйта юьту цо шен йоI. Молла ямарт хилар цунна дагахь а дац. Ткъа ПетIаматна дена ца пинарг гина (Дуда, паччахьан Iедална дуьхьал велахь а, динах тешаш стаг вара): паччахьан хьадалчийн а, моллин а Iалашонаш цхьаъ ю, хьалхарнаш а, динан дай а, къинхьегаман халкъ боданехь а латтош, цуьнан къа даа кийча бу.

Цундела гIотту иза шен а, Iедалой, молланаший таIийна латточу халкъан а ирс лардан.

Цу кеппара, пьесехь коьрта ши лини — ши тIегIа ду: революцин идейш юкъаяржош болу нах моллина новкъа хилар; къинхьегамхой шена кога кIелхьа латто цунна хаар. Амма и нах вовшахкхетча моллин идеологи юхийла хоуьйту вайна драматурга пьесин финалаца: кхузахь оцу наха, цхьабарт а хуьлий, таIзар до цунна.

Оцу пьесица Бадуевс къеггина гайтира: революцин идейш нохчийн халкъан хьекъале кхочура, шайна дуьхьал нисъелла динан гIорторашш кег а еш.

Бадуев СаIидан кхидIа динан «гIиллакхаш» довзуьйтуш йолчу пьесашна тIехь гайтина ду: халкъ социалистически новкъа даха дIа мел гIоьрти, цара шайх дIакъастабо молланийн хьехамаш («Марха досту де», «Гуттар а ца хуьлу моллина мовлад»).

30-чу шерашкахь язйина пьесаш шайн идейно-тематически чулацамца, исбаьхьаллин говзаллица хаъал къаьсташ ю драматурга 20-чу шерашкахь язйиначарал.

Аьллачунна тоьшалла до, масала, «ЦIен гIап» цIе йолчу пьесо. И пьеса, СаIидан кхолларалин хьесап дича, ца язйича йолуш цахилар гучудолу вайна: поэзехь, прозехь революцин тема схьаелла гIерташ цуьнан хиллачу лехамашка хьаьжча, иза эххар а оцу темина йоккха произведени язъя декхарийлахь вара. Дагадаийта деза, «ПетIамат» пьесехь

хуьлуш дерг Октябрьски революци тIекхочучу муьрехь хилийла. Революцин идейшка кхача гIерташ хилла нах революци йоккхуш, иза мостагIех ларъеш муха хилла, хьажа везаш вара яздархо, хьалхарчу произведенийн хьесапехь.

Цундела кхуллу цо «ЦIен гIап». Цу тIехь дуьйцург — граждански тIом болчу хенахь Грозный гIалахь хиллачу бIе дийнан тIамах лаьцна ду. Хьалхехь дуьйна, и тема кхоччуш схьаелла гIерташ, исбаьхьаллин лехамаш бина Бадуев и пьеса язъярехь кхиъна ваьлла художник ву: революцин кхиамаш ларбеш кхузахь цхьа нохчий хилла ца Iа, цаьрца цхьаьна оьрсий, украинцаш, гIалгIай, кхечу къаьмнийн векалш а бу. Царех бу коммунисташ Петров, Решид.

«ЦIен гIап» нохчийн маттахь йолчу пьесех тоьлашха ерг ю. Революци хилале хьалха жимчу къоман—нохч-гIалгIайн—къинхьегамхоша хьегна халонаш а, паччахьан чиновникаша цаьргахь даллийна Iазап а, Iаьржачу Iадато латтийна бода а цу пьеси тIехь вуно говза, художественни хьуьнарца гайта хиъна яздархочунна-драматургана н. СаIид Бадуевна»[1],—бохуш яздора пьеса сцени тIехь хIоттийначу муьрехь нохчийн гIаравоьллачу поэта Мамакаев Iарбис.

Цу кеппара, васташ тIера вастана тIе кхочуш, цхьана произведенера вукху тIе волуш, кхуьура Бадуевн исбаьхьаллин говзалла, цунна турпалхой типически кхолла хаар, революционни бакъдерг гайта Iамар. Вайна гуш ду-кх цо тIаьхьа кхоьллинчу турпалхоша шайна хьалха яккхий а, шуьйра а Iалашонаш хIиттаяр, ткъа цо волалуш кхоьллинчу турпалхойн Iалашонаш вуно кIезиг яра.

И пьеса язйинчул тIаьхьа С. Бадуевс шен берриге а ницкъ колхозни тематикана тIехьовзабо. Драматургин жанрехь колхозаш йохкуш Iиттаеллачу проблемаша цо язйо «Большевикаллица ялта дерехьа», «Политотдел» пьесаш. Уьш, тематически вовшашца йогIуш елахь а, тайп-тайпана маьIна долуш ю.

«Большевикаллица ялта дерехьа» пьесица СаIида бовзуьйту вайна хIетахь нохчийн ярташкахь хилла классови къийсам, колхозаш йохкуш, социалистически дIахIоттам чIагIбеш дIакхоьхьучу белхашна кулакаший, молланаший йина новкъарлонаш.

Церан векал ву пьеси тIехь кулак Арсби а. Цо шен махуьллу новкъарло йо ялта дIадуьйш дIахьочу кампанина.

---

[1] «Ленинан некъ», 1936, 5 июль.

Амма атта дац Арсбина шен боьха Iалашо дIакхехьа: къехой кхетта социализмо шайна еллачу паргIатонах, царна хIинца кхоччуш го Арсбис хьалха шайн хьацар диънийла а, хIинца а иза цунах ца Iаьбнийла а. Цундела цара массара а шайна тIаьхьара дIавоккху иза, Iедале цунна таIзар а дойту. «Тхан болышевикийн ялта деран план юкъахъюьсур яц», — боху Арсбига хьалха цо дийцинчу хабаршка ла а доьгIна, колхозера дIа а ваьлла леллачу къехочо Жамалдас.

Жамалда а, кхиболу къехой а колхозаш яхкаран политикех кхетар бахьана дукхахдолчунна дозуш ду комсомолхочо — колхозан хIайттархочо Хьалима, трактархочо Идриса, уьш кхетош, бинчу балхаца.

Делахь а оцу пьеси тIехь Бадуевга кхоччуш гайта ца деллера колхозаш йохкуш партис дина куьйгалла. И кхачамбацар драматурга дIадоккху «Политотдел» пьеса ша язъеш.

Оцу пьесица Советан Iедало кулакашца латтийна къийсам гайтина ца Iа Бадуев. Цу темица цхьаьна йогIуш кхин цхьа чIогIа оьшуш йолу тема а ю: халкъана юкъара схьабевллачу партийно-советски белхахоша шайна Iедало тIедиллина гIуллакх догцIена, дан ма-дезzара кхочушдар. Ялта гулдаран уполномоченни волчу Оьцукаевс кулакашка узу, хIума оьцу. Iедална и ямарт ву. Цунах терра лелаш ву сельсоветан секретарь Дебиг а. Халкъана юкъадаьржинчу оцу сакхташа социалистически дIахIоттамна новкъарло йора, цара классови мостагIчуьнца латто безаш болу къийсам мелла а малбора.

Шен юьртахь долу и «боzбуанчаллаш» гучудовлу партсекретарна Хьалимна. Цо сихо йо уьш лелош болу нах Iорабаха а, кулак волу Арснакъа а, подкулачник волу Хьапуз а къинхьегамхошна новкъара дIаваккха.

И тайпа конфликт хIоттор, цо шеца дохьуш долу социальни зен гайтар, ма-дарра аьлча, массаьрга а далур долуш хIума дацара. Дахарехь лелаш долу зен — вай дуьйцург къоман куьйгалхо ши юьхь йолуш хилар ду — Iорадаккха йоккха граждански къонахалла оьшура. Бадуевн нийсархошка-яздархошка иза ца даделира, ткъа СаIида цунах лаьцна майрра дош элира. Цуьнан бахьана дара яздархочунна партин политикех шен халкъ ма-хуьллу сиха кхето лууш хилар.

1932-чу шеран февралехь хиллачу ЦК-н XVII-чу партийни конференцехь билгалдаьккхира: социализм дIахIоттош бечу белхийн хIинцалерачу муьран задачех коьртаниг — халкъ кхетош-кхиор ю, «вайн мехкан массо а къинхьегамхо хье-

къалца а, хIайттараллица а классаш йоцу социалистически юкъаралла дIахIоттор хо а веш»[1]. «Политотдел» пьеса оцу конференцис бинчу сацамашна нийса жоп луш яра.

Бадуев СаIидан пьесийн идейно-эстетически чулацам кIаргбеллера къаьсттина 30-чу шерийн шолгIачу эхенгахь. 1935—1937-чуй шерашкахь язйо цо «Дашо Iам», «ЦаIебина зуда ялаяр», «ЖаIуьнан доьзал», «Хаза бIаьсте». Уьш, театран сцени тIехь хIетахь хIиттийна елахь а, хIинца а кароза ю. Царех цхьацца йолчеран чулацам вайна бевза Бадуевн заманхоша хIетахь газеташ тIехь яздар бахьана долуш. Масала, хIинца а нохч-гIалгIайн драмтеатрехь болх беш волчу Зубайраев ЯрагIис яздора 1937-чу шарахь:

«Нохчийн къоначу драматурга Бадуев СаIида нохч-гIалгIайн къоман театр кхоллаелчхьана дикка пьесаш язйина: «ЦIен гIап», «Дашо Iам», «ЦаIебина зуда ялаяр», «Хаза бIаьсте», «ПетIамат», и. дI. кх. цIерш йолуш. Оцу пьесашна юкъахь нехан самукъа даларгахь а, политкуллехь а къаьсташ ю Бадуев СаIида дукха хан йоццуш яьккхина «ЖаIуьнан доьзал» цIе йолу пьеса.

«ЖаIуьнан доьзал» цIе йолчу пьесано гойту, 1929-чу а, 1930-чу а шерашкахь дуьххьара Нохчийчохь колхозаш вовшахтохар муха хилла а, оцу заманчохь къехой колхозаш юкъа ца бахкийта гIерташ классан мостагIаша—кулакаша лелийна агитаци а, оцу агитацина дуьхьал а, колхозаш чIагIъярехьа а партис латтийна къийсам а»[2].

V

Бадуев СаIид санна волу воккха художник-реалист яханчу хенахь шен йоза ца хиллачу халкъан кхиар Октябрь бахьана долуш хилла дара. КIорггера хьекъал долуш йолчу вайн сийлахьчу Коммунистически партис Советан Iедал дIахIоьттинчу хьалхарчу деношкара дуьйна схьа дахарна юкъадалийна дара В. И. Ленина революци хилале ша язйинчу «Партийни организацийн, партийни литературин» статья тIехь аьлла дешнаш.

Бадуев СаIид, шен яздархочун говзалла лакхайоккхуш, даима а халкъан бартан кхолларалле х пайдаоьцуш вара, цунна, ша дешан говзанча хиларе терра, дика гора фолькло-

---

[1] «КПСС в резолюциях и решениях...», ч. III. М., 150 агI.
[2] «Ленинан некъ», 1937, 20 май.

ран чулацамехь долу стаг лараран, нахана юкъахь доттагIалла кхайкхадаран маьIна.

Делахь а оцу художникан корматаллин кIоргенаш кхоччуш вайна йовзаран бахьана иза оьрсийн литературах Iамарх а, оьрсийн яздархошца цо доттагIалла леладарх а дозуш дара.

Цуьнан Серафимович Александрца, Голодный Михаилца, Багрицкий Эдуардца, Асанов Николайца, Луговской Владимирца доттагIалла хилла, цхьанакхетар хилла Фадеев Александрца, Горький Максимца. ЦIераш яьхначу яздархошца хаддаза хилла уьйраш бахьана долуш нохчийн къоман къоначу яздархочун эстетически кхиар сихделира. Цунна масал ду 1935-чу шарахь «Нохч-ГIалгIайчоьнан поэташ» сборникана юкъа яханчу Бадуев СаIидан стихийн критико дика мах хадабар а.

1932-чу шарахь СаIида нохчийн матте гочйо Горькийн «Песня о Соколе». Ма-дарра аьлча-м, оьрсийн литературан произведенеш нохчийн матте яха Бадуев 1930-чу шарахь волавелла (масала, М. Голодныйн стихаш). «Песня о Соколе» цо шен «Тхан хьехархо — М. Горький» цIе йолчу очерка-на юкъа яхийтина. И очерк нохчийн литературехь Горькийн— революционеран, яздархочун, публицистан, хьехархочун васт дуьххьара дуьллуш яра. Горькийн кхолларалли нищкъо, цо къаьмнийн литератураш кхиош деш долчу Iаламат доккхачу гIуллакхо язъяйтира СаIиде и прозведени.

Цу техь Бадуевс хоуьйту вайна Горькийс шена бинчу тIеIаткъамах лаьцна а: «Ленинан доттагI! Харцонан мостагI! Хьалхошна гIайракх! Хьо тхан хьехархо, тхан накъост Горький! ЛадогIа! ЛадогIа! Хьоьга дош ала воллу ламанхо-нохчо.

ХIара со ву, къолам караэцна, цунах куьзга дина, хьуна сайн дог гайта воллург!

ХIара со ву, шийтта шо хьалха хьан цIе хезна, итт шо хьалха ненан мотт хилла... хьан дарж даздаргахь ламанан цIогIа тоха воллург!

ХIара со ву, шовзткъа шо хьан белхан кхачар, халкъаца цхьаьна сайн даго и даздар цIечу маттаца хьуна хазо воллург!»

Хууш ма-хиллара, 1934-чу шарахь советски яздархойн хьалхарчу съездо шен болх дIакхоьхьучу деношкахь М. Горькийс тIеийцира нохч-гIалгIайн яздархойн делегаци. Нохчийн гIараваьллачу яздархочо Мамакаев Мохьмада шен дагалецамашна тIехь яздора: «Нохч-ГIалгIайчуьра тхо пхи стаг

вара. Тхо Іара Алексей Максимовична генахь доццуш. Кхелхинчу тхан яздархочо Бадуев СаІида, шен бокал схьа а эцна, хьала а гІаьттина, элира:

— Дуьлойша, Горький вайга хьошалгІа кхайкха вай.

Юьхьанца кІеззиг доьхна хьаьвзира тхо, амма оцу сохьта метта даьхкина тхо, тхешан бокалаш эцна, СаІидана тІаьхьахІиттира.

— Хьоме Алексей Максимович, — элира Бадуевс, тхо, нис а делла, Горькийна хьалха дІа ма-хІиттинехь. — Оха, нохчгІалгІайн къоман векалша, доьху хьоьга тхаьш долчу хьошалгІа вар. Оха тхайн цІахь чІогІа хазахеташ тІеоьцур ву хьо.

Цхьана минотана массо а вист ца хуьлуш лаьттира. Цул тІаьхьа шен деха пІелгаш нисделлачу мекхех а хьаькхна:

— ХІаъ, со хилла шун махкахь, — элира цо таьІначу, стоммачу озаца, — хІинца цигахь дика хир ду, чІогІа дика...»[1]

Оьрсийн халкъан духовни тІаьхьенца йолчу къаьмнийн къоначу литературийн юкъаметтигах лаьцна а, оьрсийн яздархошца шайн йолчу юкъаметтиго шайн кхолларалле хь деш долчу гІуллакхах лаьцна а атта а, кхоьтуьйтуш а аьлла шен къамелехь 1932-чу шеран 3-чу ноябрехь СССР-н яздархойн Союзан Оргкомитетан хьалхарчу (шорйинчу) пленумехь Бадуев СаІида.

Ламанхойн яздархойн гІуллакхаш а, ойланаш а дорцехь ломахь висинчу стеган ойланех таръеш, Бадуевс элира:

«Шу кхетар ду оцу махкахь кхиъначу стеган дог-ойланах. Шу кхетар ду ламанхошкахь (ас юьйцург цхьа Нохчийчоь хилла ца Іа—ерриге а Къилбаседа-Кавказ ю) долчу хьолах: уьш кхетош-кхион чІогІа дукха болх бан беза, чІогІа хала болх. Тхуна яздархошна-ламанхошна, чІогІа хала ду, хала хІунда ду аьлча, Советан Іедал тІедаллац тхан... цхьа а культура яцара, цхьа бода боцург...

...ХІинца тхо, яздархой-ламанхой, шун дешархой, хІокху пленумехь болчу советски яздархойн дешархой, — шун куьйгаллица тхешан тІаьхьадисина халкъаш кхетош-кхио гІерта.

...Профессиональни яздархошка цхьа дехар ду сан — Лев Толстой а, Лермонтов а, Пушкин а санна... 10 шарахь цкъа мукъане а дуьйла тхан лаьмнашка, гайта тхуна, кхуьуш болчу къоначу яздархошна, муха караерзо еза муьлхха а тема, ламанхойн муьлха тематика схьаэца еза. «Хьаьжа-Мурд»

---

[1] «Грозненский рабочий», 1968, 28 март.

тIехь Лев Толстойс санна, «Измаил-Бей» тIехь Лермонтовс санна, язде шаьш а ламанхойн дахарх лаьцна, ламанхойн тематиках лаьцна. Серафимович веанера тхо долчу лурчах, цхьа бутт ах бутт баькккхи цо Нохчийчохь, тхо тешна ду цо кестта вайна цхьа произведени лург хиларх...»[1].

Цхьатеррачу ойланех, лаамех дуьззина дара оцу пленумехь гIарабаьллачу ДегIастанан яздархочо Капиев Эффендис а, Бадуев СаIида а дина къамелаш.

Советски воккхачу литературоведа СССР-н Iилманийн Академин член-корреспондента Г. И. Ломидзес Бадуевн оцу къамелан идейно-политически, философски чулацаман кIорггера мах хадийра: «А. Серафимовича даггара аьлла хьекъале дешнаш хир дуйла шена хууш санна, — оццунах — цатешаман метта, советски халкъийн барам боцуш вовшашца безам бахарх, вовшийн тешаме хиларх а дийцира шен къамелехь нохчийн литературан бухбиллархочо С. Бадуевс... С. Бадуевс шен къамел А. Серафимовича къамел дале шо хьалха дира... Цхьаьна уьйш ду оьрсийн, нохчийн яздархоша, вовшашна хаа а ца хууш, дина къамелаш — тайп-тайпана долу советски къаьмнаш цхьаьна иэн дезаш хиларх, царна вовшашца цхьабарт хила новкъарло еш йолу психологически барьераш дIаяха езаш хиларх. Бадуев СаIидан аматаца вайна хьалхахIуьттура нохчех керла стаг, шен дагчохь нахана юкъахь социалистически системано кхиийна йолу дика интернационалистически ойланаш йолуш волу»[2].

Яздархо Бадуев СаIид юкъараллин боккха болх беш а вара. 1936-чу шарахь хиллачу Нохч-ГIалгIайн автономни областан Советийн 3-чу чрезвычайни съездехь иза хаьржира Къилбаседан Кавказан Советийн съездан делегат[3].

* * *

Иштта ю. доцца дийцича, Бадуев СаIидан кхолларалли
идейно-исбаьхьаллин башхаллаш. Iаламо елла талант хилар бахьана долуш цо шуьйрачу новкъа яькккхира ненан маттахь кхуьуш йолу литература, иза, оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а литературийн кхиамех гIо а оьцуш, дебош. Иза дийна воллу-

---

[1] Архив ИМЛИ, ф. 41, ед. хр. 24, лл. 64—68.

[2] *Ломидзе Г. И.* Новая историческая общность — советский народ и литература социалистического реализма. Изд-во АН СССР, 1972, 12—13 агI.

[3] Хьажа: «Ленинан некъ», 1936, 20 ноябрь.

шехь шен нийсархошна-яздархошна хьехархо а хилла дIахIоьттира. Цунах Iемаш бу вайн денойн яздархой а. Иза автор вара дуккха а йолчу школьни учебникийн. Цуьнан очеркаш, статьяш, дийцарш, повесташ, пьесаш, стихаш, поэмаш шаьш язйина шовзткъа шо сов зама йоллушехь, цхьаннен а ца хиллачу кепара жоп луш ю таханлерачу вайн заманхойн гIуллакхашна, ойланашна, лехамашна, цуьнан массо а произведени. Бадуев СаIидан — яздархочун, гражданинан, интернационалистан — кхолларалла — партина а, халкъана а къонахчо дина къонахаллин гIуллакх ду.

ХЬАСАН ТУРКАЕВ,
филологически Iилманийн кандидат.

ЖАЙНА ДИНАЧУЬНГАРА[1]

Дешархо! Дукха хан яра со хIара сайн хабарш язда ойла йолуш волу. Дукха хан яра со сайна Iеткъа хIара гIуллакхаш йозанца даржо ойла йолуш волу. Суна сайна инзаре, тамашийна, бодане хеташ долу хIара гIуллакхаш. Ойла йича, хьанна а иштта инзаре, тамашийна хетар долуш долу хIара гIуллакхаш.

«ГIуллакхаш» аьлла цIе а тилина, хьуна хьалха со даржо воллурш гIуллакхаш дац, уьш вайн бодане Iадаташ ду.

Со воллу хьуна цу Iадатех лаьцна дийца. Дешархо! Хьуна ма моттийла, хьуна нохчийн Iадат ца хаьа ала со гIерта! Хьуна ма моттийла, революци эккхалц йолчу заманчохь хьо вайн Iадатаца ца кхиъна ала со гIерта! Мел харц хир ву хьо, хьуна и моттахь! Дешархо, суна-м вуно шера хаьа, хьуна вайн Iадат девзийла, суна-м вуно шера хаьа, хьо вайн Iадатца кхиънийла.

Со-м хьуна вайн Iадатна юкъадогIуш долу, сайна хезна, цхьа кIеззиг сайна гина а долу тамашийна, инзаре хабарш дийца воллу.

Суна айса хьуна дуьйцучу кху хабарийн кхел хьоьца ян лаьа, хьоьца цхьаьна уьш дика талла а толлуш.

Дешархо! Со догIовха ву, ахь, сайца хьайн цхьа кIеззиг зама а йойуш, кху хабарийн кхел йийр ю аьлла. Суна ца моьтту, сайца, цхьажимма хилла а, хьо реза хир вац.

ХIинца цкъа сан хьалхарчу хабаре ладогIа, тIаккха хьоьца цуьнан кхел а йина, сайн хабарш кхидIа а дуьйцур ду ас хьуна...

---

[1] Жайна — кхузахь к н и ж к а бохург ду.

ПОВЕСТАШ

МАЦАЛЛА

I

Гуш малх боцуш, меллаша кIеда дайн ло ловзош, гIийла хьоькхуш мох бара кIайчу шаршо кIелахь йоллучу ехачу регIахь. Цу регIа кIел, Теркана гена йоцуш, ерриг лайла а яхана, лаьтташ цхьа жима кIотар яра, пхи-ялх да вехаш. Цу кIотарара дIахьаьжча, лайца а ийна гун Терк, наб кхетча санна, дижина хетара. Цу Теркаца йолу, цкъа йохийна, юха хIиттош лаьтта ярташ, доккха диллинчу лайна, дикка хьаьжчий бен ца къасталора.

Суьйрено шен мокха маша дуьненах боьзча, цIеххьана, цхьаннан а хама ца бен, луьра мох, лайх чекхбуьйлуш, чехка хьекха болабелира, борз санна, угIарца массо агIор а буьйлуш.

Оцу заманчохь, жимчу кIотарний, цунна дехьа Iуьллучу юьртаний юккъерачу, гуш некъан лар йоцчу, шерачу арахула, хьоькхучу цу дарцана, дикка хьаьжча, халла бен ца къаьсташ, цхьа адаман гIаларт догIура, цхьана хIуманах тийсалуш санна, цкъа охьакхеташ, тIаккха, ирахIуттий, долалуш.

Иза бIаьрзе ТIелиб вара, юьртара шен цIа вогIу. ТIелиб, гIалгIазкхаша Теркан йистера ярташ йохуш, йоккхачу тоьпан дарцо бIаьргаш а даьхна, цул тIаьхьа чоьхьахь вехха нехан ярташкахула а лелла, юха нах Теркаца керла баха ховшуш, ша хьалха ваьхначу жимчу кIотара веанера, ваха дагахь.

Амма шен зудчо а, шен вашас а бахама тIехь болх а беш ваха хууш воллучу меттехь, шайн лула юьртарчу, лелош мах а болуш волчу Мухтар-моллас, тIом болчу заманчохь топпий,

патармашший доьхкина, кхунах долчу шен декхарина кхуо халла вовшахтоьхна йолу говр а яькккхина, и говр яькккхинчу деношкахь шел пхи шо жима волу шен ваша а велла, кхин дан хIума доцуш ша висарна, ша жима волуш Iамийна дечиган пондар карла а баькккхина, илли бахарца и а лоькхуш гулдечу ахьарах ша а, шен зуда а кхаба гIерташ воллуш-м вара ТIелиб. Цуьнан дара 30 шо, цуьнан шера хьаьрса юьхь эсала яра; цуьнан жимчу мера кIелхьара мекх куьйгашна сингаттам боцуш дара; цуьнан эгIазчу дегIа тIера кхекхийн кетар ерриг иэттIа яра, бакъду, цуьнан коьртара чолан месала куй-м башха цуьнан къоьлле хьаьжна а бацара.

Цхьана куьйгахь пондар а боллуш, вукху куьйгарчу Iасанан юьхьиг шена хьалха новкъа а туьйсуш, хьоькхучу дарцехула хала вогIучу ТIелибан гуттар а сингаттаме лаьттачу сибатах хаа дезара цо хьоьгу хало, цуьнга боьссина бала.

ТIелиба хIинцца дукха хан йоцуш шен пондарца ша а, шен зуда а кхаббал ахьар доккхура, амма, хIинца ялта механа дикка даз а делла, кхуо шен пондарца илли бахарх кхунна наха ахьар а ца луш, ахьар а доцуш цIа оьху таханлерниг шозлагIа де дара, цундела кхуьнан дегI тахана къаьсттана дешнера, кхунна сингаттам хIор минотехь алсамбуьйлуш лаьттара.

ТIелиб иштта дикка ихинчу заманчохь хьоькху мох жимма лахбелира, мохо айина хьийзо ло а, кIайн куз хилла, даьржина Iуьллучу лай тIе охьадижира, амма шело, тIаьхь-тIаьхьа алсамъюьйлуш, тIетеIа-м йолаелира. ТIелибна а шело дикка хааелира, делахь а кхунна дуьхьал хьоькхучу байчу мохо хIара тIекхача воллучу кхеран кIотарара шелонна угIучу жIаьлин гIовгIа а хазийна, шен цIера меца зуда дуьхьал тесча, шен дегIах хьаьрчина и шело йиц-м елира цунна. ХIара тIаьхь-тIаьхьарчу деношкахь шен зудчух, ХIижанах, чIогIа къахеташ вара, ша бахьанехь цо хало хьоьгийла хууш. Кхунна хаьара, ХIижанна, ша дIакхоьссина, маре яхча, сискал яа меттиг карор юйла а, шен дог ца дохо и Iадъеш юйла а. ХIижан дуьхьал тесча, ТIелибна дагадеара: хьал долчу наха ахархошкара шайн дохнах ялташ эцар, уьш, и ялта дIалачкъийна, къайлах дууш, духкуш Iеш хилар, кхунна къаьсттана дуьхьал тесира, ша юьртара хIор сарахь цIа мосазза вогIу, хийла цIенойн корашкахь бераш а, зударий а мацалла боьлху шена хазар.

Карахь ялта а доцуш, бахарш тоделлачу нахана а хезара, ТIелибна санна, мацалла бераш а, зударий а, нах а угIу. Амма

деши... дагар а ца далой, Іадда-м Іара. Иштта цу ялтин къий-далар шена дагадеъча, ТІелибна сингаттам алсамбелира, цо меллаша ден болар дайдира, кхуо, ша воллучу охьа а хууш, элира: «Дависа шу бІаьргийн!.. Шуна бода хилла хІоьтти-кх хІара кІайн маьлхан дуьне! ХІай нуьре ши бІаьрг, шух вала со! ХІун дина хІуттур ву со ХІижанна хьалха? Ас хІун эр ду? Ас хІун дуьйцур ду цу мацалла яла йоллучу сайн зудче? Со-х — стаг ву бохуш ву, со-х — стаг ву бохуш ву!»

Цу тайппана ТІелиб, хІинца ша воьлхуш Іачу кулла юххе а хоий, хІор ша цІа мосазза вогІу а воьлхура, цІахь вилхича шен зудчун дог иэшарна кхоьруш, юьртахь ша пондарца илли бохучу бахарш тоделлачу нахехь вилхича, уьш шех бийларна кхоьруш. ХІинца ТІелиб санна арахь хьуламехь боьлхуш а, цуьнан йолу ойла йолуш а Нохчийчохь кІезиг тІелибгІар бацара, амма нищкъ кІезиг хиларна, уьш, цхьана дикане са а туьйсуш, Іадда-м Іара. ТІелиба, хІор ша Іуьйранна сама мосазза вели, шен бІаьргех куьйгаш хьокхура, шен бІаьргаш довлар гІенах дац-техьа, олий. Амма, шен даьІахке куьйган пІелгийн дуьхьигаш шен диэлла а делла, гуш са а доцуш дохкучу къорзачу бІаьргашна чу а нислой, кхуо, кийра цІе а летий, чехкка бІаьргийн негІарш а детташ, шен куьйгаш иэгадарца духа-м дохура. ТІелиб, шен бІаьргаш довлаза хилча, хьал долчу нахе шена ялтина тІехь къоьлла ца йойтуш, шега хІуъу а далур ду моьттуш а, ша дийр ду моьттуш а вара, амма, кхуьнан ирс дойуш, кхуьнан бІаьргийн нур, мича даха ца хууш, кхунна генна-м даьллера, кхунах хета къа хилла юха дан йиш а йоцуш.

ТІелибан хІусам, кІотарара кхиерш санна, тІе латта а тесна, чукхетта йоллуш цхьа гІийла хІусам яра, гонах керт а йоцуш, ирх болуш кІур а ца гуш. ТІелиб, неІаре тоьхна ло а эцна, шайн чу волуш арахь дикка садаза хиларна, чохь цхьана маыІІе а хиъна, юргІанах а хьаьрчина, йоьлхуш Іаь ХІижан гора. ТІелиб чуваьлча, ХІижанан хоршин горга юьхь сийначу басахь хеташ гучуелира; цуьнан Іаьржачу боккхачу шина бІаьрга чуьра цуьнан логехь нуьйда йоцчу некха тІе мелчу хин горга ши тІадам буьйжира. Цо хІума яаза таханлерниг шозлагІа де дара. Цо а йора, ТІелиба санна, къийделлачу ялтин ойла; бакъду, хІинцца тІаьххьарчу деношкахь ойла ярх, ТІелиб дІатесча яла гІоле а ца карийна, и дІа ца таса хІуъу а дийр ду ша, аьлла, саца-м сецнера. Ала деза, ХІижан, ша нахана бинчу балхана дуьхьал шена дукха ахьар ца лахь а, мичча тайпана а цхьа болх бийр бара ша аьлла

хилар а, шен дегIехь бисинчу кIезигчу нищкъаца шега хIумма а далур доцийла хууш, доллучу хIумнах дог а диллина, Iадъ Iеш хилар а. ХIижана, шена ТIелиб дIатаса дагадеъча, олура: «ХIинцца хIокху сохьта сан са дIадер ду. Сан са дIадолуш лаьтта. Со-м ца хилла ирс доцуш, сан-м ирс хилла, дегIах дIакъаста са-х дай сан. Цул тIаьхьа аса хIара мацалла а хьоьгур яц. Цул тIаьхьа сох ТIелибан къа а хьаьрчар дац».

ЦIенкъарчу тишчу истанга тIе, вехна стаг санна, охьалахвеллачу ТIелибе ХIижан йистхилира: «Ахьар ца деа ахь?»

— ХIун?.. хIун?.. — олуш, ТIелиб воьхна вистхилира, — Ахьар?.. — аьлла, ХIижана шозлагIа хаттар дича, — ахьаррий?.. ахьаррий?.. ХIан-хIа... хIан-хIа... — аьллачу ТIелиба, шен доца хьаж шен даьIахкан куьйгаца къевлина схьалецира; цуьнан дог цIийза доладелира. ХIижан, цуьнан кара а йоьжна, йилхира. ТIелиб а, кхунна коьртах дайн куьг а хьоькхуш, шен корта шен белш тIе а кхоьссина, дикка гIелвелла охьавахара.

ТIелибгIаьргара декхарна говр яькхина Мухтар-молла-м ца Iара ТIелибгIар санна меца а, шийлачу цIа чохь а. Цуьнан ахьарх ийдинчу гуьржийн кузашца кечдинчу гIеххьачу цIа чохь сов тамехь яра, цу чохь йогуш йоккха пеш яра, цунна уллорчу нара тIехь Мухтар-молла Iара, когаш чучча а бехкина, логера ветташ а даьхна, юьхьара а кхийдаш, шена хьалхахь, тIера Iаь а оьхуш, лаьтта чIепалгаш дууш.

Мухтар-молла хIинца пеша юххехь бод хьакхош йоллучу шен зудчунна жимма оьгIазвахна вара, ша тахана базарара цIа кхачале, дина хингалш ца карадайтарна. Мухтар-моллин зудчунна шера хаа-м хаьара, шен майрачунна, Iаьнан заманчохь, кхечу кхачанел хингалш дукха дезийла, уьш цунна кIордийча, шозлагIа цунна дукха беза кхача кхерзина дацауьстагIан жижиг дуйла а. Амма Мухтар-молла тахана билггал цIа ца вогIу моьттуш, кхуо шена кхечу кхачанал дукха дезаш долу чIепалгаш-м динера.

Мухтар-моллина шен зудчо йинчу оьгIазлоно башха хало а ца йора.

ЦIеххьана, шена тIерачу мокхачу гIовталан хьалха кисан чуьра жимчу книжкех шен бIаьрг кхетча, Мухтар-моллина дуьхьалтесира, ша, Iарб йозанца цу книжки тIе а язъеш, эцна бIе пунт хиллал ялта а, цу ялтех ладам боццу ялта а луш эцна жа а, бежнаш а. Шена и дуьхьалтесча, цо, шен шуьйрачу къоьжачу шина цIоцкъамах цхьаъ — генна хьаьж тIе

хьала а кхуссуш, аьтто бIаьрг горгбеш вела а къежна, шен зудче элира:

— Цкъачунна и деттина даьлла хингал кеч а дай, схьа хьалха диллахьа...

II

Къегина кхетта бутт ТIелибгIеран жимчу корехула, боьлуш, чухьоьжура. ГIайгIанна а, мацалла а, шелонна а цхьаьна а хьаьрчина Iеш ТIелиб а, ХIижан а дара.

ТIелиб, шен шуьйра юткъа белш ша воллучу пенах а таIош, корта а айина, шен карахь Iуьллучу ХIижанан коьрта тIе куьг а диллина, стоммачу эшарца вистхилира.

— ХIижан!

ХIижан, елхар юха а дирзина, сауьйзуш Iуьллура, иза, стенна делахь а, йист ца хилира.

— ХIижан! — аьлла, са а даькхкхина, ТIелиб юха а вистхилира: — Хьо хьашт доцушший, ца езашший дац со хьоьга ала гIертарг, сайн хьох болчу безамо хьуна цатам ца бан хIуъу а дан тIелоцуьйтуш, вайшиъ цхьаьнакхетачу заманчохь со декхарийла волларна, хIинца хьан дегIана болуш болу цатам, хало, гIайгIа дIаяккхха со резахилар ду. Аса дукха ойла йина хьан, хьо суна хало ца ян, хIинццалц IадъIийнийла хаьа суна. ХIара гIуллакх кху тайпана чекхдер дац. Со бахьанехь хьо хIаллакьхуьлийла ца лаьа суна. Хьуна хьайна сискал яа меттиг карор ю... — и тIаьхьара дешнаш ша олуш, ТIелибна дикка эхь хийтира, кхуьнан дегI оцу заманчохь дегаделира, кхунна хийтира — хIун олучу хьола тIе вели со, яа сискал ца хиларна? ХIун киртик ю суна тIе хIоьттинарг, со санна болчу нохчашна юккъехь?

ТIелиб, бокхха къурд а бина, юха а вистхилира.

— ХIижан!.. Хьуна, хьайна яа сискал а йолуш, яха меттиг лаха пурба ло-кх аса... — аьллачу ТIелибан бIаьргех хин тIадамаш ийгира, цо шен дагахь — хIаллакьхуьлда хьо хьал!.. хьал!.. — аьлла, шен кийрара бала а, велхаран мохь а, къурдаш дарца, халла сацийра. Цуьнан кийра цIеран алу туьйхира, коьрте бала хьаьвзина, цуьнан деха дегI иэго доладелира.

ХIижан, дукха елхарна йиш а хаьлла, мохь хьакха йиш йоцуш, яй йоьлхуш Iара. ЦIеххьана цхьаъ ала дагахь корта айинчу кхунна кхеттачу батто жимма серлаяькхкхина шайн

тиша чоь а гира, беснеш а тІунйина Іеш ТІелиб а гира. ХІижанан кийра богуш бара, кхуьнан дегІаца хьала-охьа шелонан хІон тулгІе еттара. Цо, йист а ца хуьлуш, къевллина ТІелиб маравоьллира. Кху шимма, кхин вовшашка дист ца хуьлуш, кІеззиг наб еш сахилийтира.

ШозлагІчу дийнахь, шелонна иэгаеш ХІижан шена гичи, ТІелиба юха а сийсарлерра къамел дира. ТІаккха билггал ша мацаллий, миллий леш йоллу моьттучу ХІижанан ойла шина агІор хьийза йолаелира. Цо кест-кестта ша-шега хоттура: «ДІатаса ас я ма таса ас цхьана заманчохь дукхавезна ТІелиб?». Цунна цхьаъ шега луьйш санна хетара: «ХІижан! ТІелиб хьуна дукха везна зама-м ша зама ярий. Хьо хІун дан йоллу хІинца бІарзвеллачу, тишвеллачу, мацвеллачу щу ТІелибах? ДІатаса! ДІатаса иза. ХІаллакьхуьлуш йоллу хьо, дІатаса, вита иза».

ТІаьххьара а мацалло шен цхьаннах а къинхетам боцчу болатан ирчу туьран дитт ХІижанан хье тІе хІоттийра — «Вита хьайн майра! Лаха хьайна яа сискал а йолуш волу кхин майра. Ца лохий ахь — хьайн сих къаьста хьо!» — бохуш санна. Цу туьран дитто ХІижанна, цой, ТІелибий цхьана заманчохь хаза даьхна денош диццда гІертахь а, ХІижанан ойла керчар бен, цо ТІелиб дІакхоссар ца сацадора.

Иштта ойла хьийзаш, яа сискал хуьлуш а, ца хуьлуш а, ХІижана пхи-ялх де даьккхира. ТІелиба ша шозза дина къамел кхин юха ца дира. Иза и къамел дина дохковаьллера, ХІижан шена дукхаезарна а, и йоцург шена улло вала а, шега хьажа а кхин накъост ца хиларна а. Амма ТІелибна, ша мел дохковаьллехь а, ХІижанах къа а хетара, шегахь и кхаба ницкъ бацарна эхь а хетара.

III

Цхьана дийнахь малх, дуьнене хьаьжчи а, ца хьаьжчи а хІун дара-теша, бохуш санна, хьалаболуш лаьттара. Диллина Іуьллуш ло а дара. Жимчу кІотарахь, наггахь цІийнах беш, ирх болуш кІур ца гора. Буьйса шийла яккхарний, мацаллий маьІ-маьІІехь угІучу жІаьлийн гІовгІанаш а хезара, цхьана а цІийнан неІ Іуьйранна йоьллуш яцара, сахилале шайн-шайн керташкара дезарш дина а бевлла, массо а чубирзича санна. Амма цу массеран а керташкара дохнан керташ а, рагІош а деса-м гора — цхьаъ доцург. И рагІу Хьамзин дара, цу рагІу

кIел цхьа говр яра, тIе кIайн истанг а тоьхна; и еха говр, шена тата мосазза хези, дIа-схьа хьожура, шена даа докъар я баа хIоъ ца бохьу-теша, аьлча санна. Иза шелонна иэгайора.

Оцу заманчохь цу кIотара тIе богIучу новкъа цхьа стаг вогIура шина чкъурга тIерачу гIудалкхахь. Цуьнан даккхий ал бIаьргаш цуьнан хьаьвзинчу мера тIехула вовшашка хьовса кечделча санна дара. Цуьнан хебаршка ихинчу юьхьа тIера къежъелла маж лергина яра. Цунна тIерачу холхазан кетаро шина стеган хоийла дIалаьцнера.

И вара бIаьстенна юккъехь ТIелибера шен ширчу декхарина говр яьккхина Мухтар-молла. Иза шен расхачу говрах йохку архаш, шен ши куьг чучча а дуьллуш, пхьаьрсех а хьарчийна, кест-кеста шен бIаьргаш тIе оьху месала чола куй хьала а туьттуш, вогIура.

Цуьнан аравалар кху жимчу кIотарахь юхкуш бежнахьайба хIума юйла хьажа дара.

Ша жимчу кIотара кхаьчча, Мухтар-молла, майданна юккъехь шен ши чкъург а сацийна, леррана дIа-схьа хьаьжира. ТIаккха цхьа колл такхийна вогIуш воккха стаг шена гича, кхо цуьнга мохь туьйхира:

— ХIей! Воккха стаг! Кху кIотарахь ялтех юхкуш бежана хIума юй, хьуна хаа?

Ялтин цIе яьккхича, воккхачу стеган цергех хи делира. Иза Мухтар-моллех хьаьгира. Цо моллина меллаша жоп делира:

— Цхьа говр-м ма ю хьалла чуьрчу Хьамзин, — аьлла.

— Муьлхачу чохь ву иза?

— Хьалла рагIу долчу кертахь ву-кх.

— А!.. мегар... мегар... хIай... чу!.. чу!.. — аьлла, Мухтар-моллас шен ши чкъург, гонах керт а йоцуш, ша лаьттачу Хьамзин цIен тIе яхийтира. Цу щIийнах ирхбуьйлуш сирла-ал кIур бара. Бакъду, ирхъоьху кIур туьнкалг юьззина ирхболуш-м бацара.

Ша цу цIенна хьалха кхаьчча, моллас мохь туьйхира:

— Ва Хьамза!

Цхьа а вист ца хилира.

— Ва Хьамза! — аьлла, моллас шозлагIа а мохь туьйхира. ТIаккха и мохь а хезна, цу цIийнан лоха неI а йоьллуш, Хьамза, ара а ваьлла, кхунна тIе волавелира. Иза хоршин басахь вара, лоха а волуш. Цо, шен можах ка а етташ, Мухтар-моллина тIе а веъна, маршалла а хаьттина, элира:

— Охьавосса, чу гIур ду вай!

— Чу варна-м цхьаъ дер, хьан юххуш хIумма а юй? — аьлла, Мухтар-моллас хаттар дира.

— Дер, ялта даздала ши кхо де долуш, ас хьоьгара, бIе пунт хьаьжкIаш а елла, эцна и цхьа говр-м ма ю сан. ХIинца, тхешан вешин доьзалш тIе а кхетта, ялта кхачадаларна, йохказа со ца волуш, — аьлла, Хьамзас шена жоп делча, Мухтар-молла, меллаша гIудалкха тIера охьа а воьссина, Хьамза а эцна, цуьнан говр лаьттачу рагIу кIел вахара. Вехха хьийжира молла цкъа шен хиллачу говре, тIаккха цо, йовхарш а тоьхна, элира:

— Стенах лур ю ахьа хIара?

— Ца хаьа суна-м хьоьга ала кхуьнан мах, бакъду, хьайна а хууш, аса хьуна кхунах цхьа бIе пунт хьаьжкIаш-м елла.

— В-айн, — аьлла, Мухтар-молла цкъа вела а къежна, юха а вистхилира:

— ХIетахь дуьйна схьа ши бутт баьллийла ца хаьа хьуна? ТIе хIокху сохьта хьайбанийн-бежнийн болу мехаш а ца го хьуна? ХIинца кхуьнан и ахь суна белла мах хир бац... хир бац... уьш дIадаьлла, дукха вахарг, уьш дIадаьлла.

— Ткъа хIинца хIун мах хир аьлла хета хьуна кхуьнан?

— ХIун мах хир бара цуьнан?.. Нехан говрийн боллу йиъ пунт — пхи пунт мах хир бу-кх.

Хьамзин, цо и мах аьлча, чIогIа оьгIаз а вахна, шен говр ца йохка ойла хилира. Хьамзина а хаьара хIинцца хIокху сохьта шениг санна йолчу говрийн, Мухтар-моллас боххург бен, кхин мах боцийла а, цо лурриг луш шегара говр эца стаг шена карор вуйла а, делахь а хIара дог дохуш вара, Мухтар-моллина шегара говр эца хьашт хилча, хIинцца ши бутт хьалха ша шена елла бIе пунт хьаьжкIаш дага а еъна, шена гIоле а еш, шегара цо говр эцаре. Мухтар-моллас аьллачу механа оьгIазвахана, ойлаеш лаьтта Хьамза, ша цу моллера хIара говр оьцуш, шена тIехь йисна хьаьжкIийн пунт дага а еъна, хIинца гуттар дохковаьллера, кхунна говр юххур ю, ша аьлла. ХIокхо тIаьххьара а элира:

— Молла, хIинца ца йохка безам бу сан хIара говр.

— Хьамза! — аьлла, Мухтар-молла, харц вела а къежаш, юха а вистхилира:

— Вуно шера хаьа-кх хьуна хIокху хьайн говрах цхьаммо а пхеа пуьнтал кхин сов ялтин цхьа буьртиг лур боцийла... Бакъ ду, нагахь хьо аса хьайх йоллу цхьа пунт хьаьжкIаш сацаярна кхерахь, цунах кхерам бац хьуна. И хьаьжкIийн

пунт мацца а хьайн хилчхьана лур ахьа. ХIинца, схьахетарехь, хьуна ялта а оьшу, айхьа нахана хIара говр цу мехах юхкур елахь, суна йохка.

Молла а ву хIара, харцо йийр яц кхуо, аьлла, Хьамзас Мухтар-молле элира:

— Делахь юхкур ас хьуна хIара.

Цо и аьлча, Мухтар-моллина хийтира: «ХIинца-м дала тIеIотта дера валийтира со хьуна, иштта цхьана бахьаниций бен шу Iаьржачу нахера декхар схьадала мел хала дара.... ХIинца-м сайн хьаьжкIийн пунт схьаелира суна».

Мухтар-моллас, куьг куьйгах тухуш, Хьамзица мах а бина, цуьнга цхьана-шина дийнахь хьаьжкIаш дIаяхьа вола а аьлла, ша эцна говр шен йоьжначу говрана улло а тесна, шен гIудалкх кIотара юккъехула хьалахьажийра.

Жимчу кIотарах а иккхина, цIехьа воьду Мухтар-молла новкъа хIоьттина йоьдучу ХIижанна тIаьхьаккхийра. ЙогIучу гIудалкхан тата хезна ХIижан, цкъа юха а хьаьжна, новкъара дIаяьлла дIайолаелира. Цуьнан цкъа куьцехь лаьттинийла хоуьйтуш долу дегI хIинца хоршин бос эцна делахь а, жимма безамехьа гучу сибато Мухтар-молла цуьнца гIиллакх ца лоцуш тIех ца валийтира. ХIара, ХIижанна тIаьхьа а кхиъна, говр юха а узуш: «Схьаяло, зуда, тIеяла!», — аьлла, вистхилча, ХIижана, кхуьнга схьахьожуш, элира:

— ХIан-хIа, со-м иштта дIайогIур ю.

Моллина, уллора бIаьрг ма-кхийтти, ХIижан евзира, кхунна оцу минотехь, ХIижан йоI-стаг йолуш шена и чIогIа дукха а езаш, ша цуьнга бина бегаш дагабаьхкира. И шена дагадеъча, моллас, шен гIудалкх а сацийна, йита а ца йитина, ХIижан гIудалкха тIе хаийра.

ХIижан цхьалха кучара, шеллуш, ега а еш, йогIура жимчу гIудалкхахь. И хиъначу Мухтар-моллас, шена кIел диллина Iуьллу верта схьа а эцна, ХIижане хьарчадайтира. ХIорш, дукха ца хьелуш, жимчу кIотарна къайлабевлира.

IV

Iуьйранна ХIижан арайолуш жимма набаран тар тесна Iуьллу ТIелиб самаваьлча, цунна шен дегIах дикка лазар кхетта карийра. ХIара меллаша вистхилира:

— ХIижан! — аьлла. Кхунна цхьаммо а жоп ца делира. Юха а хилира хIара вист: — ХIижан! — ТIаккха а шена жоп

ца хилча, кхуо шена дехьа а, сехьа а истанга тIе куьг хьаькхира, кхунна шена уллохь ХIижан ца карийра, хIара цIехьана хьалаиккхира: — Мацалла елла-кх иза! — аьлла. ТIелиба ехха лийхира ХIижан, гор а вижна, цIенкъа куьйгаш а хьоькхуш. ХIара, хьала а айавелла, пенах куьйгаш а хьоькхуш, юха а волавелира: — ХIижан!.. ХIижан!.. — бохуш, амма ХIижан кхунна кара-м ца йира. Иза кхунна гено яра. ЦIеххьана ТIелибна дагаеара хIинцца дукха хан йоцуш ХIижане ша шозза а аьлла долу — «Хьайна луъург дан пурба ду хьуна», — боху дешнаш. И шена дагадеъча, ТIелиба, куьг а хьаькхна, вахана шен метта охьа а хууш, элира:

— А!.. ХIижанний?.. ХIижан яла ца елла, ХIижан, со а витина, цхьаьнга маре яха, дIаяхна... И хIунда ца йоьдура дIа, аса шена яха пурба делла хилча? И хIунда Iара соьца, соьца йолу йовхо, марзо, Iайла кхачийна хилча? — аьллачу ТIелибан къорзачу шина бIаьргара ши хин тIадам буьйжира, иза юха а вистхилира:

— ХIунда яха-теша иза, со а витина, дIа? Сан шех хета къа хилча, цуьнан хIунда ца хили-теша сох хета къа? Ша, со дIа а кхоьссина, дIайоьдуш хилча, со сама а ваькхкхина — «кхин дIа цхьаьна дахар ца хилла-кх вайшиннен», — аьлла, соьга тIаьххьара цкъа йист хIунда ца хилира-теша иза?.. ХIан-хIа, со цо Iехийна! Цунна цо гуттар ма-баххара со везаш ца хилла. Цо со левеш хилла!.. ХIижан!.. Харц ХIижан! Харц ХIижан! Ахь соьга хIун бехира? Аса хьоьга хIун бехира? Стенга даха вайшимма вовшийн чIагIдеш дийцинарг? — аьллачу ТIелибан эгIаза дегI цкъа тохаделира. Цунна цIеххьана дагадаьхкира шен хаза дIадахна денош.

Цунна дагадеара, ХIижан едда еанчул тIаьхьа, шаьшшимма буьйсанан заманчохь, шайн сов цIа чохь корехула чу хьоьжучу беттан серлонехь вовшийн сибаташ а гуш, вовшашка къамел дар: «Дуй-теша вайшиннал ирс долуш ши стаг?.. Кхаьчний-теша цхьаннан а дог ша бохучу, вайшиннаш санна?.. Дуй-теша цхьа а адам, хIинца вайшиъ санна, вовшашца сакъералуш?» Оцу заманчохь ТIелиб а, шен балди тIе чо а балаза йолчу юьхьа тIера сийна ши бIаьрг велавелча къайла а бохуш, хазчу кепехь дегI а долуш, безамехь жима стаг вара. ХIижан а, елаелча шен йогучу беснеш тIе кIаьгнаш а хIуьттуш, экханан дилхахь а йолуш, куц долуш стаг яра. Мар-мара а дахна, кхеттачу батте а хьоьжуш, шаьшшиъ Iеш, ХIижана, шен корта ТIелибан некха тIе а буьллий, меллаша олура: «КIайчу марчоно бен вовшах ма доккхийла вайшиъ».

Цо и аьлча, ТIелиба, катухий, ХIижанан ши белш а лоций, бIаьрга тIе бIаьрг а хIоттош, леррина цуьнга а хьожий, олура:

— ХIижан! Вайшиннан дегнаша вовшех боьзначу безаман маша ма хедийла! Бакъду, со кхера-м кхоьру кхуьнан тIаьхьенах, вайшиъ цхьанна а дуьйцу ца хезначу тайпана вовшийн дукхадезадаларна.

Цу дешнаша ХIижан, ненах бер санна, ТIелибах хьарчайора; цуьнан бIаьргаш хих дузура, цо олура, ТIелиб къовллий мара а вуллий: «Ма кхера!.. Ма кхера, сан жима ТIелиб. Дац хьуна вайшиъ вовшахдаккха хIума кху малх боьлучу дуьненахь...»

Иштта безамехь, цхьабосса шаьш, шина накъосто, цхьана заманчохь хаза, мерза хан якккхар дара-кх хIинца ТIелибна дагадеънарг. И шена дагадеъча, ТIелиб, цкъа шен корта къевллина схьа а лаьцна, жимма ойла а йина, доккха са а доккхуш, шена улло истанга тIе куьг а хьаькхна, шен дечиган пондар схьа а эцна, гIийла йиш лакха волавелира. Оцу заманчохь схьакхетта малх кхуьнан корехула, боьлуш, чухьожура. И малх, шен йовхо кху ТIелибан цIа чу тоха гIерташ санна, тIаьхь-тIаьхьа къегаш, кхуьнан корехула чу хьожура. Цуьнан йовхо ТIелибна жимма хаалора...

ГIийла эшарш лоькхуш Iен ТIелиб гIийла узам бан велира, дукха хан ялале иза дешнаш дагардан волавелира:

— Ой... дай.. я-да-дай,
Дай-да... я-да-дай,
Дай-да... я-да-дай,
Ай... сан жима хьо ХIижан,
Дай-да... я-да-дай,
Стенна кхоьсси ахь со дIа!?
Стенна дайи ахь сан сий!?
Со-х вацарий вайшиннан цIий шелдинарг,
Хьо стенга сихъелира, хьо жима, хьо ХIижан?
Хало ловш схьавогIуш со вара,
ГIайгIано Iаьвдинчу дилхан дагах
ДIаьвшан цхьамза чекх ахь ца баькхинехь,
Сан жима ХIижан, сан хаза хьо ХIижан.
Дари ас до хьуна, бехке со хиларна,
Лууш хьуна пергIато айса йитарна.
Делахь а кийрара дилхан сан дог
Соьга сайн ойланца сацадала ца туьгу.
Цхьа хIун ду ца хуучу ва ницкъо,
ГIа дужучу заманчохь лаьцна куьйра ва санна,
Сан балина и цIийза, хьуна ва санна, тIаьхьа ва кхойкхуш:
Хьо шена дукхаезарна хьох ца дала

Нахала даьлла, нахана ша декаш,
БIаьрза хилар ца лоруш, нахана ша доьлхуш,
Олхазаро цIахь дуьсчу шен кIорнина ва санна,
Хьо шен кIорни лоьруш, хьуна ижо ва лоьхуш,
Хьох даьлча дуьненахь дан амал шен доцуш,
Деган накъост шен хьо хеташ, лелаш ша хилчи,
ХIунда кхоьсси ахьа дIа, хIунда дити ахьа и ша,
Ардангах хаьдда борз санна, кху нана-дуьненахь...
Ай... къинхетам боцуш дара-техьа хьан дог?
Я зудчун, майрачун вовшийн безам
Муха хуьлу, ца хууш яра-теша хьо?
Я дакъазабовла хьаьхначу зударшна
ТIехула хаза, тIехь бIаьрг ца соцуш,
Кепехь, исбаьхьа куц долуш, безамехь,
ХIара биъчи, и дуьненахь цкъа а
Мацъялар сан хир дац, аьлла хоьтуьйтуш,
Гуттар а тIехула хаза лепаш,
Даимана юккъехь бехка, мекха хуьлуш
Болу стом бара-теша хьоьга кховдийнарг?
Сел дог дохош, ахь дакъаза со ваккха,
Сел кийра шелбеш, ахь гIийла со вита...

...ТIелибан илли юкъах а дуьтуш, чехка неI а йиллина, цхьа йоккха стаг чуелира: «ТIелиб!» — аьлла.

ТIелиб, цкъа жимма ла а доьгIна, халла къурд а бина: «ХIун бах ахь? Хьо мила ю?» — аьлла, вистхилира.

— Со-м кху кIотарара ЖуьхIират ю, хьоьга ХIижана аьлларг дIаала еана.

— ЖуьхIирт, хьо ю иза?

— Я-те, ТIелиб, со ю хIара-м.

— ХIун ду хьоьга аьлларг?

— Со, жимма ахьар карор дацара-техьа, аьлла, юьрта яхана, цIа йогIуш, Мухтар-моллица гIудалкхахь йоьдуш ХIижан дуьхьал кхийтира суна. Суна тIе ша кхаьчча, гIудалкх саца а яйтина, цо соьга элира, ша, шен маьхча яхана нуц волчохь жимма ахьар карор дацара-техьа, аьлла, новкъа яьлла яра... Новкъахь Мухтар-молла а кхетта, цо шен кхарза езаш хьаьжкIаш ю а аьлла, нахана хьесталучул, цунна уьш кхорзур ша, аьлла, йоьдуш а ю, сарахь, ахьар а дахьаш, цIа а йогIур ю ша, аьлла, хьоьга иза дIахаийта, элира-кх цо соьга... И дIаала еара со-м, — аьлла, йоккха стаг, шен хебаршка ихинчу юьхьа тIерчу жимчу мерах кхозу седа дIа а боккхуш, араелира. ТIелибан церг елаелира.

Дерриге а дуьне шен долуш санна, цуьнан дог ловзаделира. Иза воккхаве велира, ХIижан юха а ян яхнийла хиъча.

И хазахетар, и воккхавер, дукха хьолахь, нехан а гена

дІа ца дахаре терра, кхуьнан а гена дІа ца дахара. Кхуьнан воккхавер, кхуьнан хазахетар, цхьана бух боцчу чудоьжча санна, лар йоцуш дайра, кхуьнан паргІатдаьлла дог юха Іийжа доладелира. ХІара цІеххьана, шина куьйга шен корта а лоцуш, ойлаян велира, кхуьнан юьхьа тІе берцан буьртиган барамехь шийла хьацар туьйхира. Хиъна Іаш волу иза цІехьана хьалагІаьттира, шен цамгаррий, мацаллий ца лоруш.

ХІунда хІоьтти-теша иза юха а сел чІогІа холча?

Цунна дагадеара, тохара ша ХІижанна тІехьийзаш волуш, Мухтар-моллас шаьш хи тІехь хийла тергалдар а, цул совнаха, хийла кегийчу наха шега: «Мухтар-молла ХІижане чІогІа безам болуш ву», — алар а. И дара-кх хІинца ТІелиб холчахІоттийнарг а, цуьнан дог Іовжийнарг а. «ХІан-хІа, хІара ишта хила йиш яц», — аьлла, ТІелиб неІарехьа велира, аравала дагахь. Амма, дегІ мацделла, гІора дІадаьлла хиларна а, шелоно гІелдина хиларна а, хІара юха а шен метте охьа-м хиира. Ша жимма садаьІначул тІаьхьа, ТІелиба юха а элира:

— ХІара иштта хила ца деза! — Цул тІаьхьа ТІелиб, меллаша хьала а гІаьттина, мерах йогІурш яьхкинчу говро санна, корта а оллийна, шен Іаса шел хьалха а Іуьттуш, аравелира. Цунна хьийзаш бІагор бара, Мухтар-моллех ца тешаш, цо кест-кеста ша-шега олура: «Іехор ю-кх цо ХІижан!» Иза, бай хьаькхначу мохо а охьатухур волуш, дегІ малделла вара. Цунна дагахь дара Мухтар-молла волчу ваха.

ХІинца ТІелиб Мухтар-молла волчу вахча, кхо иза лазортехьа, я ша лазавойтур-техьа, я ХІижан лазор-теша?.. ХІун хир ду-теша, хІара цига вахча?.. Кхарах цхьанна зен далахь, мел хьаштдоцург ду... ХІунда гІерта-теша хІара цига ваха, Мухтар-моллех дегабаам а бина?.. ХІара бІаьргаш доцуш ву, нагахь цхьа хІума хилча а, кхуьнга-х даций хІуммма а далур. ХІара къен а хилча, меца а хилча, шийла а хилча, зудчух дегабаам бар я шен зуда бахьанехь нахах дегабаам бар кхунах дІа хІунда ца долу-теша, кхуьнгара дІадаьлла бІаьргийн нур санна? ХІара-х дуьненан пекъаршлахь а уггар чІогІа пекъар вуй-теша аьлла, гІийла ву. Хилча хІун ду хІара цу тайпана? Ша цхьа агІо бакъабелла хиларх а, юххец ихьаьрсаш а, куьйгаш дІадевлла, бІаьргашна са ца гуш, дийнахь а, буса а ца соцуш цхьа лазар долуш хиларх а, хІинца ТІелиба бен дегабаам муьлххачу стага беш а хилча, бийриг а хилча?

КІотарах ара а ваьлла, юьртехьа воьду ТІелиб, ша нахана пондар а лекхна, юьртара цІа мосазза вогІу, велха охьахуъу-

чу, цу нахана пайдехь йоцчу кIохцалан кулла тIе ша кхаьч-ча, кхин дIаваха а ца велла, охьахиира. Кхунна сихдинна дегIах детташ цкъа довха, тIажкха шийла хьацар дара. Арахь хIоьттина лаьттачу шелонах хIара хIумма а шекволуш ва-цара, хIара тIехулара жимма даша а дешна, бухара гIорийна долчу лай тIе агIорвелира, куллехьа гIовла а йолуш, кIегар Iе а ца велла.

V

Мухтар-молла эвлан йистехь вехаш вара, хIинцца дукха хан йоцуш шен керла динчу цIеношш чохь кхуьнан бахамана гонах йина аннийн керт яра, аннийн доккха ков а долуш. Мухтаран бахам кхечу неханчул къаьсстана дика гуш бара. Цунах хаддаза ирхбуьйлу гуш сийна кIур бара.

Амбарана юххехь, рагIу кIела ехачу товхи чу дуткъа пий-сик а хьоькхуш, хьаьжкIаш кхорзуш йоллучу ХIижана кест-кеста садоIура, шен дегIехь кIезиг ницкъ хиларна. Кхуьнга хIинца ша дийриг а далур дацара, тахана шозза а Мухтар-молла волчохь хIума ца йиънехьара. Бакъду, ХIижан ша юзарх паргIатъяьлла яцара, кхунна нанна берал башха шен ТIелиб даг тIера ца волура; делахь а хIара жимма паргIат-м яра, сарахь ша цIа йоьдуш, молла волчуьра, цунна яа хIума хьуриг хиларх синтем а хилла, чIогIа садаре са а туьйсуш. ХIижанна дикка бос тIе беънера, иза, цу куьрка хьалха хьий-зина, хилла цIазам санна, цIийеллера; иза шен Iаьржачу бIаьрг-цIоцкъамца дикка безамехь хетара.

ХIижан, шен карара деха пийсик а хьаькхна, куьрка чуьра тIаьххьара хьаьжкIаш схьаяьхна яьллачу меттехь, тIевеъна-чу Мухтар-моллас элира:

— ХIижан, хIинца тоийтича а мегар ду хьуна, вайна малх а дIабузу тIаьхье ю. ТIе, хьан цIа яха а деза.

— Ца хаьа, хьуна луъург дийр ду аса-м, — олуш, ХIижан хьалаайаелира.

— Баккъалла а тоьар ду хьуна, — аьлла, Мухтар-молла, харц вела а къежаш, юха а вистхилира:

— ХIинца эцца амбара чу а ялий, ахьа Iенийна, дIа-схьа евдда лаьтта хьаьжкIаш жимма хьала а тасий, тоийта ахьа.

Цхьана а хIуманах шекйоцу ХIижан шен дагахь «хIинца-м цIа кхача герга яра со» аьлла, куьрка хьалхара хьаьжкIаш а, кхиболу гIирс дIа а берзийна, ша кхарза хьаьжкIаш кхехь-

начу амбара чу яхара (ала деза, ХІижанна, тоххара новкъахь шен Мухтар-моллех бІаьрг ма-кхийтти а, цо, ша жима йолуш, шега бегаш бар дагадеара, делахь а хІара, Мухтар-молла воккха стаг волу дела, дешна молла а волу дела, цунах шена бохам бер бу аьлла хІума дага догІуш яцара).

Мухтар-молла, ХІижанна тІаьххье амбар чу а ваьлла, аьтту агІор ах амбар дІа а лоцуш, йоккха йина лаьттачу кІен оьли тІе охьа а хиъна, аьрру агІор йоккха лаьттачу хьаьжкІийн оьли тІера охьахьаьлхина хьаьжкІаш хьалагулъеш йоллучу ХІижане вистхилира, чучча куьйгаш духкуш, шена тІерачу кетарх а хьерчаш:

— ХІижан, дукха хенахь дуьйна сайн дагахь къийлалуш дерг ала аса хьоьга?

— ХІун ду иза? — аьлла, ХІижан цец юхайирзира. Мухтар-молла, леррина цунна тІе ши бІаьрг а хІоттийна, меллаша неІарехьа а ваьлла, юха а вистхилира:

— ХІижан! Хьо йоІстаг йолуш хьоьга бахна безам, хІинц-хІинцца тІаьхьа со шуьга сайн тоьпах, патарманех доллу декхар схьадеха оьхуш, карла а баьлла, хьо хьашт долуш ву-кх со... Билггал бакъ ду хьуна, хьо цу цІен тІера схьаялийта аса сайн декхарийна шун говр яькхина хилар а, сайна хьо дукха-езарна, ахьа и цІа дІатосург аса дийр доцуш хІума цахилар а... Хьуна а ма-хаъара, сан къена цхьа зуда бен ян а яц (билгалдан деза, Мухтар моллин зуда тахана хІорш схьакхаьчначул тІаьхьа шен вешин бераш долчу хьажа-хІотта яхана хилар). Оцу сайн зудчера хьуна новкъарло ца хилийта аса тІелоцу хьуна. ХІижан! Цу ТІелибехь хІаллак а ца хуьлуш, соьга ерзахьа, масала, сан воккха кІант ву, бохий ахь, иза, бев а ваьлла, ша вехаш ву-кх.

ХІижан йист ца хуьлуш лаьттара, цкъа кхуьнга хьожуш, тІаккха охьахьожуш. Цуьнан бІаьргаш шуьйра къаьрзинера, цуьнан лахара балда иэгадора. Иза чІогІа холчахІоьттинера. Цунна цкъа а, шозза а орца доккхуш мохь хьакха дагадеара, тІаккха а, хІара керт йоккха хиларна, кху кертахь даькхина орца цхьанна а хезар доцийла хууш а, и орца ша даькхича, моллас шена цхьа бохам баккхарна кхоьруш а, ІадъІийра.

— Хьажал хьо, ХІижан, — аьлла, Мухтар-моллас, куьг а туьйсуш, юха а шен къамел дІадолийра: — Дуьненан даькхи сан мел ду, хьуна хууш ду-кх. Сан жа дуьйцу а хьуна хезна хир ду-кх. Лелош мах а бу сан. Уьш дерриш ца хилча а — и Іохку хьаьжкІаш гой хьуна? Аса кхорзуьйту хьаьжкІаш йохка кхорзуьйту моьтту хьуна?.. Уьш-м аса лаьттах йохка

кхорзуьйтий. Хьуна хаа деза, ХIижан, суна санна, кхин ши бутт балале хIор хьаьжкIан буьртиг дешин соьман новкъа лелар буйла. ТIаккха а хаа деза хьуна, ХIижан, и Iуьллу кIа цу хенахь жовхIаран новкъа хир дуйла... — аьлла, Мухтар-молла, ХIижанна юххе вахна охьа а хиъна, юха а вистхилира:

— ХIижан, тахана, дика кхача биъна аьлла, хьайна тIе беанчу басе хьажахьа, хьо-м, юучунна дика хьегахьара, йоI-стаг йолчу заманчохь санна, хаза хир ярий... ХIижан, ерзахьа соьга, суна хьо езаш хилча, бакъду-кх, хьо цу бIаьрзечу гуьйригехь Iахь, хьо дукха хан ялале лийриг хилар... Кхин цхьаъ ду хьуна, бакъ а долуш. И ду, хьуна моттахь а, болх бича а ахьар карорг цахилар хьуна а, хьо санна йолчунна а. Ас хьо кхуза хьаьжкIаш кхарзийтархьама ца ялийра, ас хьо ялийра леррина хIинца айса хьоьга дина къамел дан... ХIара хьаьжкIаш-м сан зудчо кхорзуш лаьтташ яра... — аьлла, моллас, канаш чохь хьаьжкIаш схьа а эцна, — ХIижан, аса хIокху дешица кхолур ю-кх хьо, — олуш, и хьаьжкIаш ХIижанан некха тIе туьйхира. ТIаккха, кIен оьли тIе пIелг а хьажийна: — Аса цу жовхIарца лийчор ю хьо, — аьлла, вела-къежира.

ЧIогIа йоьхна, кхераелла, иэгош, араэккха са доцуш, бIаьргашна бIагор хьийзаш, хебаш лаьтта ХIижан мохь тоьхна йистхилира:

— Соьга сайн майра дIакхосса бах ахь?

— Бах!

— Кхуссур вац! Хезий хьуна, кхуссур вац ас сайн майра дIа! — аьлла, ХIижан араяла дIайолаелира. Цунна молла дуьхьал велира. — ДIавала суна хьалхара! ДIавала! Ас хьан дешех сайн дегI ца духку! — аьлла, ХIижан тохаелира. Цуьнан бIаьргаш хих дуьзнера. ХIижан тохаелча, иза шена тIе ца тан йоллийла хиъна молла, оьгIазвахна, вусавелира, цо ХIижан, пхьарс а лаьцна, юха кхоьссира. Иза, цо чIогIа кхоссарна, хьаьжкIаш тIе охьаюьйжира. «Дала ма нисвойла хьо!» — аьлла, хьалаэккха и йоьлча, моллас тIекхетта, Iуьллучохь и саца а йина, элира:

— КъорIанор, хьо соьга ца ерзахь а, иштта атта дIа-м ма ца йоьду, сарралц яжа а яьжна.

— ДIавала! ДIавала суна тIера!

— Хьуна моьттург-м бакъ хьаха дацара, — аьлла, Мухтар-молла, чехкка шена тIера кетар охьа а кхоьссина, юха а ХIижанна тIекхийтира. ХIижана бехха мохь хьийкхира. ХIижанан мохь цхьа кIеззиг заманна сецира. Ощу заманчохь

ХIижанна моллас ша жовхIаршца лийчош сурт хIоьттира, иза малъелла охьаяхара.

Цул тIаьхьа дукха хан ялале Мухтар-молла, вела а къежаш, хьалагIаьттира. ХIижан, наггахь шен жима накха ирх а кхуссуш, гIийла садоьIуш Iуьллура.

Цуьнан юьхьа тIе хьацар тоьхнера, цуьнан бIаьргаш, яла йижча санна, дийшина дара. Мухтар-молла араваьлча, ХIижан жимма саметта а еъна, ирахIоьттира. Цо, шен шуьйра къаьрзинчу бIаьргашца дIа а, схьа а хьаьжна, юха шен этIийначу куче а хьаьжна, бIаьргаш хих а дуьзна, мохь хьаькхира:

— Вай! Орца дала, со йийн шуна! — ХIижан, чехкка ара а иккхина, цIехьа хьаьдира. Арахь суьйрено шен мокха чорда маша будуш лаьттара, дай тIеоьгуш лайн чимаш а дара, шерачу арахь гуш, едда йогIу ХIижан йоцург, кхин адам дацара.

Ерриге кIозарш охкийна, коьртахь хIума а йоцуш, едда йогIу ХIижан некъаца йолчу кулла юххе кхачале сецира, цу кулла юххехь Iуьллуш цхьа Iаьржа гIаларт а гина. Дикка дIа-схьа хьийжира ХIижан, цу гIалартах кхоьруш, тIеян ца яьхьаш. ТIаккха, и меттахъхьовш шена ца хааделча, ХIижан, наггахь ког а боккхуш, тIейолаелира. Цу кулла тIе ша кхаьчча, хIара инзаръелира, кхунна вевзира, ерриге юьхь а йистина, са а ца доккхуш, Iуьллу шен майра ТIелиб. Кхуьнан дегI иэго доладелира, кхуьнан чIишталгаш тIулгаш хилла язъелира. Кхуьнан дегIахарчу массо а пхенашкахула дегIах алу етташ, тулгIеца цIий доладелира, хIара, балдаш а иэгадеш, шийлачу маьхьарца: «Ва ТIелиб!» — аьлла, ТIелибна тIе кхийтира.

Кхунна цуьнан дегI шийла карийра, кхуьнан дуткьа дегI, мангало хадийча санна, ТIелибна тIе дуьйжира. Шийлачу маьхьарца Iуьллучу ХIижанна цIеххьана дуьхьалтесира хIинцца, цхьа сахьт хьалха, ша моллас хийзаяр. ТIаккха дуьхьалтесира кхунна хIинцца, цхьа бутт хьалха, мацаллех цамгар а хилла, велла шен да. Кхунна дуьхьалтесира, нах мацалла леш лаьтташехь, Мухтар-моллас а, и санначу кхечу наха а шайн буйна къевлина ялта. ХIижан, кхераелла, чIогIа къаьрзинера, хIара, ша хьокхуш болу мохь саца а бина, цIехьана юьртехьа хьаьжира, кхунна цу юьртахь йогуш наггахь серло а гира, кхойкхуш молла а хезира:

— ОллохIу-акбар!.. ОллохIу-акбар!..

ХIижанна цкъа дуьхьалтесира, иштта маьркIажехь, тохара, ша еанчу заманчохь, ТIелибца хьалххехь чу ерзар а, ТIелиба шега: «Вайшинна вовшийн дукхадезарна, вайшиннан

тIаьхьенах кхоьру-кх со», — алар а. ТIаккха дуьхьалтесира кхунна ТIелиба шена паргIато юьтуш хIинц-хIинцца шега аьлла дешнаш. Уьш дуьхьал а тесна, шийла мохь хьаькхначу, кхунна хийтира шайн кIотарара а, юьртара а шена тIе Iаьржа куьйгаш кхийдош санна: «ХIижан! Сискал!.. ахьар!...» — бахарца.

Цунна цхьаъ шега луьйш санна хетара: «ХIижан! Хаал, хьайн майра стен вийна, мича бахьанина велла? Хаал, хьо стен дакъазаяькхкхина?.. А!.. Ца хаьий хьуна?.. Ца хаьий хьуна?.. Делахь хIета — сискал!... сискал!..»

ЦIехьана ХIижанна, шена а хIун ду ца хууш, чIогIа бIагор хьаьвзира. ТIаккха, дегIехь мел болу ницкъ цкъа дIаболуш, юха шозза алсамбаларца тIебогIуш, кхуьнан дегI дулалуш лаьттара. ХIара: «Хаха-ха», — аьлла, ела а елла, йистхилира: «ТIелиб, хьалагIаттал. Хезий хьуна?.. ХьалагIаттахьа, вайшиъ цIа гIо, хьалла гена цIа? Ма... ма... дIаваьллахь!.. ДIаваьллахь!.. Хьоьгахь шаьлта ю. Хьоьгахь шаьлта ю... ва... ва! Орцадала, со кхуо йоь шуна!», — аьлла, ХIижан шийлачу маьхьарца ша схьаеанчу новкъа юьртахьа дIахьаьдира.

...Шен даьхни дIа а Iалашдина, суьйранна чуверза, шайн шуьйра ков тIетоттуш воллучу Мухтар-моллина, шайна хьалхахула, мох санна, охьахьаьдда йоьду ХIижан гира, ерриге кIозарш а охкийна, наггахь мохь тухий, ела а луш. Мухтармоллас, тахана шена цуьнгара хилла там дага а беъна, вела а къежна, элира:

— Деллахь, ма тера а ца лелара хьо иза нахала доккхучух... Хьайна и тайна ца хиллехь, ела а йоьлуш, суна гонах хьийзар а яцара, хIинцца еана схьахIуттур ю, хьаста а елла: «Сискал ялла ахьар лохьа суна», — аьлла. ХIара хIунда ца хIуттура?.. Хийла зударш а хIиттина суна-м цу тайпана схьа, — олуш, Мухтар-молла, шозлагIа вела а къежна, йовхарш а тоьхна, шен лекха ков юххе тIе а чIаьгIна, чувахара.

ЦІЕРАН АРЦ

Де даьллачу хенахь, чІогІа оьгІазвахна, цергашца лахара балда а лаьцна, тІехьа ши куьг а диллина, жимочу сирлачу цІа чохь, йоккхачу юьртарчу «участкан правленехь», чухула дІасалелаш вара нохчийн участкан пурстоп, ша гІалгІаза-кхашха а волуш, Кулдевич.

Кулдевич дегІана лекхо вара, ханна 40 шо хир долуш, цуьнан хІилла тІехь гучу горга-буьрса юьхьа тІера маж яьшна яра, цуьнан Іаьржа мекхаш даккхийчу куьйгашна сингаттам баьккхина дара. Цуьнан ал ира ши бІаьрг чехка лелара чухула дІаса, цхьа хІума лоьхуш санна. Цуьнан можачу куча тІехь йоллу ши погон кху цІийнан доккхачу корехула сийначу дитташ тІехула гІийла чухьоьжучу малхо, тІера можа суйнаш дохуш, къегайора. И погонаш сел чІогІа лепахь а, царна тІе бІаьрг хІотто хала дара, царна юккъехь кхин къарза йиш йоцуш сел чІогІа къаьрзина Кулдевичан юьхь хиларна.

Кулдевич веана тІехІоьттира цІийна юккъехьо, тІехь тептарш а гуш, лаьттачу йоккхачу стоьлана, цу тІехь Іуьллучу шен дашо сахьта тІе хьажа. ТІаккха цу тІера хьалаайабелла ши бІаьрг цу стоьлана гена доцчу, пенах кхозучу паччахьан суртах а кхетта, леррина вехха цуьнга а хьежна, юха а шен оьгІазваххар тІехь, чухула дІасаволавелира пурстоп.

Тахана хІунда ву-техьа иза къаьсттана оьгІазвахна?

Цунна тІе селхана-буса мотт бохьуш стаг веанера, орцара жимчу кІотарара Хонмурд волчохь буьйса яккха чубирзина

обаргаш бу, аьлла. Иштта шега и аьлча, цу буссехь цига шен стража а яхийтина, царна сагатлуш сахуьлунга а ваьлла, тахана уьш схьа ца кхочуш а, цара шена хIун дахьа ца хууш а ваханера-кх Кулдевич сел чIогIа оьгIаз.

Кулдевич, чехка стоьла тIе а веана, гIант вон цIенкъа а тухуш, охьахиира. ТIаккха, стоьл тIерачу дато гIутакхара цигаьрка а яьккхина, и латайина, иза цергашца вон Iийша а Iуьйшуш, цхьана куьйга корта а лаьцна, стоьла тIе тевжира, бухIано санна, бIаьргаш а къерзош.

ХIара иштта Iечу цIийнан неI арайолучу сени чохь хийла баккхий нах Iара, пенех теIаш, цIенкъа а хевшина, юкъ-юкъа шайн Iасанаш тIе а теIаш, наггахь вовшийн лере боьлхий, меллаша вовшашка бист а хуьлуш.

ХIара къена нах, шайн бес-бесарчу мажош тIе наггахь куьйгаш а хьоькхуш, Iуьйранна дуьйна баьхкина Iара, цхьацца гIуллакх хилла, неIарехь лаьттачу стражнико, пурстоп оьгIазвахна ву, и ваставаллалц собарде, бохуш.

Иштта Iечу кху баккхийчу нахе салам а луш, кху юьртара лекхочу эгIаза дегIахь волу совдегар Мирза, шен цIерачу сов цIа чу воьдуш санна, шен чу бахна гун ал ши бIаьрг чехка а бетташ, пурстоп волчу чуиккхира, тIаккха хIара Iен баккхий нах, белшаш а сеттош, вовшашка хьаьвсира.

Цул тIаьхьа, дукха хан ялале, хьалхе дуьйна а пурстоьпаца юьрта яхьачу банкан гIуллакх дуьйцуш волу совдегар Мирза, тохара санна, чехка неI а йиллина, шен шуьйра батт ела а къажош, якхий цергаш гучу а йохуш, кху баккхийчу нахана юккъехула а ваьлла, дIавахара.

Мирза араваьлча, Кулдевича, шен оьзна яьлла цигаьрка чимтосурга а тесна, цу кIелхьара итт туьманан кехат, чехка схьа а эцна, кисана диллира. ТIаккха, хьала а иккхина, тохара хьалха санна, шен буьрса юьхь а юсийна, чухула дIасаволавелира.

ЦIеххьана сени чохь татанаш девлира. Цул тIаьхьа дукха хан ялале шен помощника Элберта, чу а ваьлла, шен дакхий сийна бIаьргаш Кулдевична тIе а хIиттийна, чест а деш, шаьш цIа дахкар а, обаргаш кара а ца бина, уьш биссина хIусамда шаьш лаьцна валавар а шега хаийтича, Кулдевичкхин а чIогIа оьгIазвахара:

— Ведите его сюда! (Кху чу схьавалаве и!) — аьлла, тIе а вахана, шина а куьйга стоьлан йист а лаьцна, цергаш а хьекхош, дIахIоьттира.

Араваьлла Элберт дукха хан ялале, шена хьалха Хонмурд

ваькккхина, чу а ваьлла, неIарехь сецира. ТIаккха Хонмурд, шен куьйса юьхьа тIера чубахна гун тонкин бесара ши бIаьрг кIелдIахула Кулдевиче а къерзош, тIехьа ши куьг диллина дIахIоьттича, Кулдевич, вон Хонмурде а хьаьжна:

— Где абреки, которые гостились у тебя? (Хьо волчу хьошалгIа биссина обаргаш мичахь бу?) — аьлла, охьа а хиъна, гIанта тIе аркъал таьIира.

— Низнай мая!... — аьлла, кхеравелла, дегI дегош лаьтта Хонмурд, шена юххе чоийца куьйгаш охьа а хецна лаьттачу Элберте чехка дIа а хьаьжна, юхахьаьжира. ТIаккха Кулдевича, стоьл тIе буй а тоьхна:

— Что это значит, не знаю?.. Ты слышишь, я тебя спрашиваю, куда они делись? (Ца хаьа бохург хIун ду?.. Хезий хьуна? Аса-м хьоьга хоьттий — уьш стенга бахна?) — аьлла, шен лахарчу балдех чIогIа цергаш йоьххира.

— Яй бох, ни знаю, господин пурстоп! — аьлла, шен пIелгаш а гуш, когахь йохкучу неIармачаш тIе бIаьрг хIуттуш, охьахьаьжна Хонмурд, шена муьшка еш санна хетта, Элберте дIахьаьжча, — куй дIабаккха, — цо а аьлла, Хонмурда шен куй дIабаьккхира, вуса а велла Iечу Кулдевиче а хьоьжуш.

Цул тIаьхьа Кулдевича Хонмурде, стоьла юххе а валийна, стоьл тIе буй а бетташ, чIогIа чехош, дукха хеттарш дира. ТIаккха шена цуьнгара цхьа а пайдехь дош ца долийла хиъча, «сволочи!.. звери!..» — бохуш, ког цIенкъах бетташ лаьттачу Кулдевича цIеххьана, шена хьалхарчу стоьла тIехь Iуьллучу шедах бIаьрг кхетча, вон шен балда цергашца а лоцуш, катоьхна и схьа а эцна, корта а оллийна, тайп-тайпана бос а хийцалуш лаьттачу Хонмурдан баьшначу коьртах «зверь!..» — аьлла, чохь тата а доккхуш, шед туьйхира.

— АллахI!.. — аьлла, мохь баьллачу Хонмурдан керара бIегIаган куй охьабуьйжира. Хонмурд, катоьхна шина а куьйга шен корта а лаьцна: — Элберт!.. Элберт!.. ГIийла стаг вар-кха со, алахьа кхуьнга, суна хIара ницкъ ма бе, сан бехк ца хилча мукъана а, дехьа сан гIо, гечде алахьа суна, — аьлла, Элбертана хьаставелира.

— Ахь хIун дей, бакъдерг дийца ахь, тIаккха хIумма а хир дац хьуна!.. Эхь ду хьуна харцдерг дийцар: хьо-х воккха стаг ву, шовзткъа-кхузткъа шо а хир долуш, — аьлла Элберта шена жоп делча, — «ХIун дуьйцур ду ас?.. Сан-м даций дийца хIумма а, суна-м ца хаьий царах хIумма а, ша айса, цара, меца ду шаьш, аьлча, вай мостагIчунна а лун сискал ялар доцург!..» — аьлла, Хонмурда корта охьабахийтира.

Ша шед тоьхча, юха а ваьлла, чохь мохь хьоькхуш лела Кулдевич, Хонмурдий, Элбертий дуьйцучух ша жимма кхетча, кхин тIе а оьгIазвахара:

— Я тебя научу врать!.. зверь! (Ас Iамор ду хьуна аьшпаш битта!.. экха!) — аьлла, юха а, шед айина, хIара шена тIе хьаъдча, цхьана куьйга корта а лаьцна лаьтташ волу Хонмурд: «Не надо!.. не надо! — аьлла, Кулдевична хьалха цIенкъа бертал вуьйжира.

Кулдевичан и бертал вожарх аьтто хилира. Цо ехха шед йиттира Хонмурдан коьртах, тIера бахтар хаддалц. ТIаккха шедан кхаж цуьнан коьртах а тоьхна, цу тIе, Iуьллучохь кхузза цуьнан вортанах мийра а тоьхна:

— Отведите этого негодяя! (ДIайигал хIара боьха хIума!) — аьлла, Элберте вист а хилла: — Я вас научу, звери! (Ас Iамор ду шу, акхарой!) — бохуш, верриге макх а велла, чухула дIасалела велира.

— ХьалагIатта хьайна! — аьлла, Эльберт вистхилча, Хонмурд, шен коьртах а, мерах а ихинчу цIенкъарчу цIийга а хьоьжуш, меллаша хьала а айавелла, вехна стаг санна, дIаса а лесташ, неIарехьа волавелира, шина а куьйга корта а лаьцна, халла къурдаш а деш. ТIаккха, Элберта неI а йиллина, Хонмурд хьалха а ваьккхина, хIара шиъ аравелира. Хонмурдан бIегIаган куй охьабоьжжинчохь бисира.

Кхеран чохь гIовгIанаш евличхьана дуьйна схьа а кхерабелла дIабаха айабелла Iен сени чуьра баккхий нах, мелчу цIех а вуьзна араволу Хонмурд гича, цунах шен бIаьрг кхеткхеттарг кхералой, шозлагIа цуьнга юха ца хьожуш, белш чу а хебош, пенах а хьерчаш, меллаша ара а бевлла, дIабахара.

Хонмурд чохь воллуш хийла денош дIадевлира. ТIаккха шозлагIа Хонмурд ле а вина, гIуллакх суьде а делла, суьдо бехк а боцуш волу хIара, итт шо хан а тоьхна, сибрех вахийтира.

* * *

БIаьсте а дIаелира, деъна шийла Iа а тIехIоьттира. Шуьйра кIайн шаршу тIе а тесна лаьттачу аьрцнел дехьа, кIайчу вертанех а хьирчина, лаьтта лекха ирхдахна лаьмнаш а гора. Царал дукха лоха боцуш, цу хьуьнан лаьмнел аьрц-

нашкахь леккха ирхбахана ши арц а лаьттара, цу шинна юккъехь гIеххьа лекха цхьа арц а бара къаьсташ, буьхьметте ирхъоьху кIур а гуш, гонах кегийра яьлла хьун а йолуш. Цу арцана кIелхьарчу шерачу арахь 7—8 чаккхарма гена кIайчу обанах а хьаьрчина Iуьллуш пурстоп веха йоккха юрт а яра, маьI-маьIнехь ирхбуьйлу кIур а гуш, юьртах къаьсташ ирхъяхана момсар а йолуш.

Шело аьрцнашка къаьсттана чIогIа йоьллера, хьаннаш юккъехь цхьана а хIуманан тата дацара хезаш, уьш чIогIа набкхетта лаьттара, царна хIоранне а тIетесна кIайчу дарин юргIанаш дара.

Iаьнан мархашна кIелдIахула ша кIезиг гойтуш, малх, керчина беъна, кIайчу аьрцнаш тIехьа чубузуш лаьттара; сийна стигланаш сийналла яййина, меттах ца йовлуш санна, гора; малх чубузу гуо, жимма цIоьлла а ийна, гIелбелла богура; суьйре буьйсангахьа мел лести, шело а алсамйолуш лаьттара.

Буьйса йоьлча, аре хийцаяла юьйлира, доккха диллина Iуьллу ло мохо орцара хьуьна юккъе кхоьхьура, гIийла ловза а деш. Оцу заманчохь цу юькъачу хьуьна юккъехула Кулдевич, Мирзий вогIура, шалго тоьпашца, кочахь тIоьрмигаш, тIаьхьахIиттина лартоллу жIаьлеш а долуш.

Кулдевич, шай, Мирзий ши шо хьалха дуьйна кест-кеста цхьаьна мала а молуш, муьлххачу а тайпана, вовшийн Iоттаделча, гIуллакха тIехь аьтто а беш, шаьшшиъ герггара ши доттагIа хиларе ца хьоьжуш, Мирзина чIогIа оьгIазваханера, тахана шаьшшиъ, цIера а ваьлла, хIинца кху хьуьна юккъехь тиларан бехк Мирзин буйла хууш. Амма, шен дагара-м ца хоуьйтура, цунах шайна яла гIоле ца гуш.

ХIунда ву-техьа цунна Мирза бехке?..

ХIинца, ши бут хьалха, Кулдевича, шен гергарчу нахехула гIайгIа а бина, юьртан банк шен кара еллачул тIаьхьа, Мирзас Кулдевичца юкъахь и банк дIатохар дуьйцучу заманчохь, и банк наха, къола дина, ехьи, моттуьйтуш, сурт хIоттор а сацийна, мала а хиъна, цхьацца къамел деш, зударш хьахабелча, дика кеп а хилла Iаш волчу Кулдевича чIагIо йинера, шега муьлххачу а нохчийн зудчух куьг тохийтинчул тIаьхьий бен и банк шаьшшинна ерзош долчу гIуллакхана тIетовр ма вац ша, аьлла. И гIуллакх кхочушдан Мирзас тIе а лаьцнера. Цундела Мирза, хIинццалц кхечу меттигашка ша Кулдевич ма-кхийллара, тахана кху аьрцнашкарчу кIотаршка а веънера-кха, аьтто балахь, шен дош кхочушдар а хир, ца балахь,

таллар а хир-кх, аьлла. Амма тахана, шина-кхаа кIотара хIоттархх, аьтто-м ца баьлла.

Иштта и дошш кхочушдан тахана Кулдевична талла ван марздарна вара-кх Мирза бехке.

ХIара шиъ, толлуш лелаш буьйсанга а вахана, хьуьна юкъехь тийсаелла, эттIа шайна тIера йоца кетарш, шелонна, тIе а ийзош, гуш цхьа а некъан лар йоцуш, докхха диллинчу лайлахула халла вогIура, кхача кхачийна мац а велла, тIе, дукха леларна, кIад а велла. Кулдевична Мирза хьалха а ваьлла, хIара шиъ вогIуш, шело тIаьхь-тIаьхьа чIагIлуш лаьттара, минот мосазза ели мох чуьрабуьйлуш хьекха болабелира, диллина Iуьллу ло, цIийзаш, массо маьIIе а кхуьссуш.

ХIара шиъ чIогIа холчахIоьттина вогIура, хьоькхучу дарцана шаьш хIун дийр ду а ца хууш, буьйсанна чуверза меттиг а йоцуш. Иштта холчахIиттина кхеран жIаьлеш а дара, массо а заманчохь цIийзарца кхарех а хьерчаш. Вехха ихира хIара шиъ хьуьна юккъехула, шаьш мичахь ву ца хууш. ТIаккха цIеххьана Мирза, шаьш цхьана гIеххьа тIе хьун а яьлла лаьттачу лекхачу орца кIеларчу бокхачу кхура тIе кхаьчча, и кхор а бевзина:

— Стой! — аьлла, вистхилча, ший а сецира.

— Кху лекхачу орца буьхьметте тIехь даькхинчу ирзо юккъехь бехаш ахь, обаргаш кхаьбна, аьлла, сибрех вахийтинчу Хонмурдан доьзалш бу, — аьлла, юха а Мирза вистхилча, Кулдевич чIогIа холчахIоьттира, цаьрга ваха даго а ца вуьтуш, ца вахча, хьоькхучу дарца юккъехь вуьсийла а хууш. Кулдевича ехха ойла йира, ца ваха дагахь, тIаккха а: «Ну, ничего! дуй, Мирза!» — (ХIумма а дац, яхийта, Мирза!) — аьлла, Мирза хьалха а ваькхкхина, мохо ло тIедиттина, гуш некъан лар йоцчу орца тIе ший а хьалаволавелира.

ХIара шиъ иштта воьдучу заманчохь чIогIа мох, къинхетам боцуш ло дIасакхуьссуш, тIаьхь-тIаьхьа чуьрабуьйлуш, чIогIа хьоькхура, хIара шиъ хьалавала ца вуьтуш. Амма, шайгара тоьпаш Iункарнехьа а луьйзуш, хала а, атта а ший а хьала-м гIертара.

ХIара шиъ воьду хIусам гIийла яра, хьоькхучу дарцана жимма бен къаьсташ а яцара. Цу ханнийн гIишлошна массо а маьIIе буьйлуш, цIийзарца ловзуш мох а бара, кху буьрсачу буьйсанна дIатийначу жIаьлийн хезаш гIовгIанаш а яцара. Цу гIишлон жимчу туьнкалгехула, стигалах эн дагахь, хаддаза чехка ирхбуьйлу кIур чехкачу мохо жимчу керта хьий-

забора, хьеран берано хи санна, массо а маьIIе кхуьссуш. Амма цу гIишлойн латта тIетосуш дина ледара тхевнаш, стенна делахь а, луьрачу мохо чу-м ца кхуьссура.

Кулдевиччий, Мирзий халла веана кху жимчу керта кхечира. ТIаккха неIар тIе ваханчу Мирзас, неI чIаьгIна а карийна, неI а тухуш, мохь туьйхира:

— ХIей, хIусамда!..

Цхьа а вист ца хилира.

Юха а туьйхира:

— ХIей, хIусамда!..

ТIаккха, неI а йиллина, жима Залуба араелира:

— ХIей, мила ву?

— Тхо дара хIорш-м. Тила а тилла, мац-шел а делла, схьадирзина, хIинца ахь чу ца дитча, йиш яц-кх тхан!

— Ой, дера, дуьтур ду-кх, схьачудовла! — аьлла, жимчу Залубас, ша чоьхьа а йолуш, ший а чувигира.

Кулдевич, Мирзий, когаш лаьттах а бетташ, чуволуш, неI тоьхчахьана дуьйна схьа а кхераелла дегI дегош Iен Бано, цкъа цхьаъ ала а йоьлла, сецира. ТIаккха Мирзин: «Дика мел дерш!» хезча: «Диканца дукха дехийла шу а! — аьлла, жимма са метта а деана: — Муьлш бу хIорш, ва Залуба?» — аьлла, юха а йистхилира.

— ХIорш-м хьеший бу!

— Хьажахь, шелбелла баьхкина хир бу хьуна уьш! Же, Залуба, дика хьовзалахь! — аьлла, Бано, шен кочара суьлхьанаш схьа а даьхна, уьш хьийзо йолаелира.

— Дера, йоккха стаг, шел а, мац а делла, ма даьхкина тхо дахка-м! — аьлла, Мирза, хьалха, ша гIо а деш, Кулдевична тIера совнаха йолу хIума дIа а яьккхина, тIаккха шена тIераниш дIаяьхна воллушехь, Залубас товхана хьалхара гомашан кIорни кхечухьа яьккхира.

Кулдевич, Мирзий, товхина дехьий, сехьий лоха гIанташ а дехкина, шаьшшиннан шелонна лехна куьйгаш цIерга а хьийзош, охьахиира.

Цу товхана юххехь нара тIерачу тишчу меттахь Iен сибрех ваханчу Хонмурдан зуда Бано йоккха стаг яра, эттIа масийтта бос болчу кучаца, юкъ-юкъара дегI а гуш. Цуьнан хебаршка ихинчу жимчу юьхьа тIера ши бIаьрг баьлла бара, цуьнан Iаьржачу доьхначу йовлакха юккъехулу гун кIайн сир дилдина месаш, чохь сайри тIехь лаьттачу жимчу лампо лучу кIезигчу серлонна, жимма бен ца къаьстара. Бано, бIаьрзен йисарал совнаха, шен цIийнда Хонмурд сибрех вахийтинчул

тIаьхьа жимма энӑша а лаьцна, гуттар кIелйиснера, нара тIехь Iар бен, кхин гуьнахь а доцуш, цуьнца Залубин догъэшна а латтош.

Залуба Банос кхечухьа йина йоI яра, шен чуьра доьзалш беллачул тIаьхьа, маре яханчохь шо кхаьчча, цIийнда а велла, шен хIусам йоьхча, кхин яха меттиг а ца хилла, ах шо хьалха дуьйна схьа кху шен нанна Банона тIееана.

Цуьнан кIайчу аматахь йолчу горгачу юьхьа тIера дакхий Iаьржа бIаьргаш, Iай беттасин буьйсанна ло санна, даима догуш дара, цуьнан тоьлла безамехь долу дегI а, цунна болчу сингаттамашна, чехка уьдучу деношца лелина доьдура, цуьнан лун бетан дуткъа ши балда дукха хенахь дуьйна схьа делха Iемина дара. Иштта елхар карадирзина йолу Залуба шел а елхарна тIерачу Баноца кест-кеста йоьлхура, вовшашна тIеттIа а таьIий, голаш тIе куьйгаш а детташ, гIийла тийжарца, бIаьргех оьху мела хин тIадамаш дIадаха а ца ларош.

Шаьш къамеле девлча, Банос, халла къурдаш а деш, дийцира шен хьешашна шайга цхьана буса шайна вовза а ца вевзаш волу цхьа ши обарг вар. Шаьш буьзна ма-бевлли, уьш, шаьш ца бовзуьйтуш, дIабахар, шайна некъана цхьа сискал а хьош. ТIаккха, садаьржачу заманчохь стражникаша, шайна гуо а бина, цкъа тIехула тоьпаш а тоьхна, обаргаш дIабехар. Цу меттехь Хонмурд араваьлча, и арахь саца а вина, чубаьхкина, цIийнах а хьаьвсина, цул тIаьхьа Хонмурд а эцна уьш дIабахар. ТIаккха, Хонмурд сибрех вахийтича, шаьш, шайга хьажа стаг а воцуш, гIийла дисар а.

Мирзас наггахь дерг оьрсийн маттахь Кулдевиче а дуьйцуш, Банос къамел деш, хьалхе дуьйна а шайн бинчу бартаца Кулдевич, Мирзий, шаьшшиъ ма-варра ца вовзуьйтуш, тIехьаьжча, халахетарца доьгIу а эр долуш, ладоьгIуш Iара, шайн кху гIийлачу зударех кIезиг дог а лозуш, БаногIар санна болу гIийла, декъаза зударш Нохчийчохь шайна хийла гина дела.

Бано къамел дина яьлча, Кулдевич цхьаъ-м ала вуьйлира, юха а цIеххьана, шен буьрсалла цхьана минотана а йохо йиш йоцуш санна, сецира.

— Вайн карахь гIуллакхаш дац уьш, — аьлла, Мирза а IадъIийра.

Цул тIаьхьа Банона хиира, шен хьешашна шайн кIезиг гIайгIа юйла, тIаккха, шен мела хин тIадамаш оьгучу, бIаьргех кучан деха пхьош а хьаькхна, куьйга корта а лаьцна,

шайн гIайгIа шена ялхо елира иза, шен юьхьа дуьхьал йовлакхан тIам а уьйзуш.

Оцу заманчохь, кхаьрга а хьоьжуш, сискал ечу Залубе, шайн ерриг гIайгIа карла а яьлла, цIеххьана елхар иккхира, цуьнга дIахьаьжначу Кулдевична, и серлонгахьа йирзина Iарна, ма-ярра цуьнан хаза юьхь гира, тIаккха, шена и дуьхьара ма-гиннехь цуьнга бахана безам алсам а баьлла, цуьнга хьаьжначохь висира хьаша.

ЦIеххьана дIахьаьжначу Залубас, и шега хьарам дагахь хьежарх лаьцна хIумма а дага ца догIуш, шен елхар экхарна, эхьхетта, цкъа тIехьайирзина, шен хих дуьзна бIаьргаш коьртарчу сийначу йовлакхан тIомаца цIан а дина, юхайирзина, чехкка сискал йина а яьккхина, цIерга йоьллира.

Цул тIаьхьа жимма хан яьлча, сискал схьа а яьккхина, хIоаш а кхерзина, и кхача чубиллина текх товхана хьалха а хилийна, Залуба йистхилира:

— ТIехилий, сискал кхаллийша, башха мерза яцахь а!

Мирзий, Кулдевиччий, меллаша шаьшшиннан хоийланаш а эцна, текха тIе хилира. ТIаккха Мирза, шен кисанара шайн талла лелош дисна къаьркъанан шиша схьа а даьккхина, тIус баьккхина, охьа а дуьллуш, Залубе вистхилира:

— Схьал, йоI, цхьа беса кад, хIара цхьа шелонан молха мер дара охашимма!

Цул тIаьхьа, Залубас кад а белла, хIара шиъ роггIана кад а уьйбуш, мала волавелира.

ХIара шиъ, къаьркъа мелла а ваьлла, дика вуза а вуьзна, кеп а хилла, вовшашка бIаьргаш а теIош, кIелдIахула Залубега а хьоьжуш, чIогIа къамеле ваьллачу хенахь, цIеххьана, шаьш шел-гIел чIогIа даларна, диц а делла, уьйтIахь дитина шайн жIаьлеш шелонна цIийза хезира. ТIаккха Кулдевича Мирзе Банога хаттийтира, шайн жIаьлеш чудохка меттиг хир яц-теша, аьлла.

— УьйтIахь цхьа ханнийн божала-м ду тхан, чохь цхьа гомаш, ши бугIа-кIорни а йолуш, цхьана маьIIе гIодамаш а доьттина лаьтташ, — аьлла, Мирзина жоп а делла, Бано Залубега йистхилира:

— Залуба! ДIаялохьа, лампа а эций, мохе ца яйийта тIе цхьа хIума а лаций, кхарах цхьаъ эций, гIой, божали чу дохкахьа кхеран жIаьлеш.

Шега и аьлча, Залуба хIумма а шек ца елира, и чIогIа резаяра шега далуш долу хьошалла хьешашна дан, Iадатехь ша и дан декхарийлахь йолу дела.

Мирзас, Кулдевиче бIаьрг а таIош, Банога юха а элира:

— Кху йоIаца тхойший а ца гIахь вер вац, уьш пхи-ялх жIаьла а ду, тIе, цхьадерш харцахьара а ду!

— Со-х яций шуна гIо далур долуш, шайна бакъахьа хеттарг де-кх, — аьлла, Банос ша хьийзочуьра сацийна суьлхьанаш хьийзо долийра. Залуба юха а хIуманнах а шек ца елира. Иза, шегахь и гIуллакх дан ницкъ хилар хаза а хеташ, лампа схьа а эцна, тIе кхаба а лаьцна, меллаша хьешашна хьалха а яьлла, араелира.

УьйтIахь шийла Iа дара. Цхьаннах а беш къинхетам боцчу луьрачу мохо, йилбазан мохо хьийзо чан санна, каде кIеда дайн ло а хьийзош, иштта йолчу кху буса хьеший, Залуба хьалха а яьккхина, жIаьлеш а эцна, божал чу бевлира. ТIаккха Мирза, Кулдевиче кIелдIахула бIаьрг а таIийна, меллаша ара а ваьлла, кху божалан неI тIе а теттина, ша арахьа сецира, неIарх букъ а тоьхна.

* * *

Йогучу товханан цIеран серло жимма тIекхочехь, товханан агIонца йолчу нара тIехь, пенах а таьIна, хьийзо суьлхьанаш юкъах а дуьсуш, набаран тар тесначу Банона гIена-кхелах дуьхьал сурт хIоьттира: хьоькхучу дарцехула Кулдевичий, Мирзассий Залубега: «Хьо жеро яьллачул тIаьхьа ца яханчу моллина ядо веанера тхойша-м», — бохуш, шина а агIор цхьацца пхьарс а лаьцна, лекхачу орца тIера чуядийна юьгуш, Залубас, яха ца туьгуш, мохь а хьоькхуш, кхуо мохь мел хьийкхи, МирзагIара бат а лоьцуш, шайн болар чехка а дохуш... И сурт шена дуьхьалтесча, кхераелла, цIеххьана самаиккхинчу Банос шена чохь а, арахь а орцанан мохь ца хезча: «Хьуна бу-кха хастам» — элира, корта ирх а кховдош. Цул тIаьхьа, жимма паргIат а хилла, ладоьгIуш Iеш, Банона цIеххьана аьрру лерга зов деара. ТIаккха кхунна хетара, цхьаъ шега луьйш санна.

«Бано! Хьо стенна паргIатъяьлла? ХIунда леIна ахь хьайн коьртера бала. ХьалагIатта! ЛадогIа хьайна хуьлуш долчуьнга!».

Цул тIаьхьа Бано кхераеллера, цуьнан кийра цIе леттера, Залуба хьешашца яхийтина дохко а яьлла, хIара, царна тIаьхьа яха дагахь, хьалаайаяла юьйлира, тIаккха, жимма ла а доьгIна, цо элира:

— Нагахь цу арахь цхьаъ хиллехь а, сан-х даций Залубина

дан гIо! Я и ган ши бIаьрг а! Сел декъазчу соьга кхин а вон ца деъча ца мега, сел гIийлачу сан коьрте кхин керла бала ца хьаьвзича ца мега, гуттар а вон сох меттамотт а бина Iан-х ца дезий! — Цу ойланца жимма паргIато ша-шена а яьк-кхина, Бано суьлхьанаш хьийзо йолаелира.

* * *

Божли чохь цхьана куьйгахь лампа а йолуш, вукху куьйгара кхаба гIодмаш тIе охьахIоттош йоллучу Залубина Мирзас тIететтина неI гира. ТIаккха, кхераелла, дIасахьаьжча, шена гена воцуш, маларх кеп а хилла, вела а къежаш лаьтташ Кулдевич а гина, араэккха дагахь, неIарехьа иккхира. Амма неI чIогIа а карийна, неIарх тевжжинчохь йиса-м йисира. Залубас, мохь а тухуш, дийхира арадIахула лаьттачу Мирзига:

— Ма хIоттаехьа со юьхьIаьржа! Яхь яц хьоьгахь? ДIавалахьа кху неIарера! Араялийтахьа со!

Цу дешнашна Мирзин ши лерг къора дара, Мирзин дагахь шен керара юьртан банк лаьттара.

Залуба мохь хьекха яьлча, кхуьнца чохь висинчу Кулдевича шен буьрса юьхь юса а йина, ас динарг хьан дохор дара, суна луург хIунда ца лаьа массарна а, дагахь, шен даккхий, чIогIа куьйгаш жимачу Залубина тIекховдийра.

Залубас, шен бIаьргашчу бода а хьаьвзина, шен дог кIадлуш, ша кхуссу, ца кхуссу а ца хууш, шен керара лампа шена гена доцуш гIодмаш чохь Iохкучу хьаьвди чу кхоьссира, Кулдевич жимчу Залубин дегIах хьаьрчира.

Цул тIаьхьа дукха хан ялале вела а воьлуш, ша-шега бIаьрг а теIош, божали чуьра араваьллачу Кулдевича, Мирзин пхьарс а Iовдуш, элира:

— Ну, живо, Мирза! Скорей забери наших собак и дуй по той дороге, откуда мы пришли, я заберу наши вещи и догоню тебя! (Же, тохалол, Мирза! Чехка, вайн жIаьлеш а эций, хьо вайша веанчу новкъа дIаволало, со, вайшиннан хIуманаш а эцца, тIаьхьаккхуьу хьуна!) — аьлла, шен хумпIара чуьра тапча а яьккхина, чехка хIусам чу а вахана, юха а набар-тар тесначу Банона коган тата ца хозуьйтуш, шайн тоьпаш, кетарш, схьа а эцна, меллаша аравелира Кулдевич. ТIаккха, сихонца Мирзина тIаьхьа а кхиъна, цу буьрсачу буса, орца тIера жима кIотар дIатосуш, шерачу ара ваьлча, боккхачу некъан лар а карийна, шаьшшиъ вехачу

юьрта дIавахара, хьоькхучу луьрачу мохаца чIогIа хало а хьоьгуш.

Божли чохь тохара шен дог кIадлуш Залубас хьаьвди чу кхоьссинчу лампех бухарчу гIодамех йоьлла цIе, самаяьлла, дIасаяржа йолаелира, чохь буькъа кIур а хIоттош. Оцу заманчохь, тIера коч ерриг эттIа, накха а гуш Iуьллу Залуба, жимма са меттадеъна, чехка хьала а иккхина, араяла дагахь, неIаре гIоьртича, неI чIагIйина а карийна йисира. И чIагIйинера Мирзас, арахьахула дуьхьал дечиг а гIортош, шаьш къайладовллалц Залубега орца ца даккхийта дагахь.

Яьлла цIе сийна кIур хьийзош йогучу божли чуьра ара ца ялаелча, Залуба, йоьхна, хIун леладо, ца хууш, ша санна, доьхна хьийзачу хьайбанийн коча тийсаяла юьйлира, цаьрга гIо доьхуш санна. Амма сийна цIе Залубин дегIах хьерча йолаелира,

— Тешам боцчу дуьненахь, орцахвала ваша воцчу дуьненахь, бинчу бохамна дуьхьал бекхам ца бечу дуьненахь ца яьхча а хIумма а дац-кха, — аьлла, Залуба цIарна тIетан юьйлира. Амма оцу меттехь цIеххьана шен нана дуьхьалтесира: йоккхачу юьртахь, маьждиган неIарехь, нахе куьг а кховдийна, сагIа доьхуш Iеш, цхьаболчара хIума а тосуш, цхьаберш, пIелгаш а хьежош, бийла а буьйлуш... «Кулдевичан стуннана ю и Iийриг», — бохуш, тIех а буьйлуш.

И шена дуьхьалтесча: «ХIан-хIа! Со яла йиш яц, со хьуна тIе ца тов, хIай сийна цIе!» — аьлла, хIара орца даккха юьйлира:

— Бану!.. ва Бан... — оллушехь, буькъачу сийначу кIуьрах бага а юьзна, йист а ца хилалуш йисира.

Цул тIаьхьа Залуба шен маргIал хаза дегI, цIарах лардан, хебо юьйлира, амма луьрачу, цхьаьнггехьа озабезам ца беш, шен Iедалца йолчу цIеро дегI хебадар Залубега ца кхочуьйтуш, чехка хабийна, чуьрчу хьайбанашца цхьаьна шена юккъе охьа-м диллира.

Оцу заманчохь, гIийла йогучу цIеран серло бен, кхин серло йоцчу гIийлачу хIусам чохь, нара тIехь Iеш йолчу Банос, ЗалубагIар чубахка хьебелча, мохь туьйхира:

— Залуба!.. Ва Залуба!... — цхьа а вист ца хилира, тIаккха, кхераелла: — цхьаъ доцуш ма дац хьо, — аьлла, шен гIовлина юххехь лаьтта Iаса, куьг кховдийна, схьа а эцна, нар тIера охьа а йоьссина, меллаша неI схьа а йиллина, арахьа мохь туьйхира: «Залуба!..» Банона, жоьпан меттана, чIогIачу

мохо юьхьа дуьхьал мела дарц туьйхира. Кхуьнан кийра цIе елира.

Кху бIаьрзечу Банона шайн керта доьссина вон ца гора. Гуобаьккхина догучу ханнийн божал тIера цIе луьрачу мохо, генна хьалайохуш, ловзош ца гора. Кхунна хаалора, ша неIарехь латта ца юьтуш, буьрса хьийзо мела дарц.

ХIара, цIеххьана шена тIе довха дарц тоьхча, хьалха Iаса а Iуьттуш, маьхьарца, йовхо схьаеттачу агIор йолаелира, шайна цхьа бохам хилла хеташ. ТIаккха цIеран мохо шен хебаршка ихина жима юьхь ягийча, билггал шайн керта цхьа вон доьссинийла хиъначу кхуо мохь туьйхира:

— Ва везан дела! ХIун гIуда ду ахь тхох хьарчийнарг? Оха хIун динера-теша хьуна, тхаьшка нийсачу нахана хьестадалар бен? Мел доккха хIума ду тхо гIийлачу зударшка хIоьттина бала!

Божлех летта цIе мохо божалний, хIусамний юккъехь лаьттачу гIодамийн кхаа таккхорах латийра. И цIе чехка юьйлира екъачу хIусамах. Цул тIаьхьа гIийла хIусам а, гуобаькхина цIе летта, божалца къуьйсуш санна, яга йолаелира.

ЦIеххьана, кху цIийнан докъазаллина хьербаьлча санна, луьрчу чехкачу мохо, кхераелла, шен долу кIезиг гIора дIа а даьлла, догучу божало човхийна, юхайирзина Бано цIаро дашийначу лай тIе бертал туьйхира. ТIаккха Бано халла ирахIоьттича, йогучу хIусам тIера хьаькхначу чIогIачу цIеран мохо хIара, ядийна, догуш лаьттачу божал юккъе кхоьссира.

Цул тIаьхьа дукха хан ялале йогучу цIаро, цхьана заманчохь цхьаъ а хилла, цул тIаьхьа декъаделла лелла ши цIий, чим бина, цхьаьнаэдира кху вовшийн гергарчу гIийлачу ненан, йоьIан.

Иштачу луьрачу кху буса цхьаннах а беш къинхетам боцчу мохо йогучу гIишлош тIера цIе, ловзош, стигала хьала а йохуш, тIаккха массо а маьIIе идаеш, лекха арц серла а бохуш, гIийла гIишлош Iаьнан ехачу буса яьгна евлира.

ШолгIачу дийнахь юххерчу кIотаршкара орца кхечира, бакъду, тIаьхьа-м дара. Деанчу орцанна гIийла гIишлош лаьттинчохь цу гIишлойх, дерриг а Iарж а делла, маьI-маьIнехь Iохку цхьадолу дакъанашший, кертахула угIуш лела БаногIеран къорза ши жIаьлий бен кхин хIумма а ца карийра.

Цул тIаьхьа цу арцана гонах йолчу кIотаршкара баккхий нах, и цIе яларан бахьанех ца кхуьуш, бехха лийлира, кхечу кIотаршкий, ярташкий тхьамданашка а, молланашка а кехаташ а кхоьхьуьйтуш. Амма цхьа лар-м ца карайора.

И цIе яьллачул тIаьхьа ши бутт баьллачу заманчохь, цхьана дийнахь, садаьржачу хенахь, цу арца гонахарчу наха, кIотаршкара кIотаршка маьхьарий детташ, вовшашка хаам бира, тхьамданашций, молланашций баккхийчу нахе цу цIе яьллачу арца тIе гулло, аьлла.

Садаьржина а чехка делира, амма малх-м схьакхетаза бара. Диллина Iуьллуш доккха ло а дара. Арца тIера яьгначу гIишлох дисина цхьадолу дакъанаш лайно дIахьулдинера. Иштта кху арца тIехь къаьсташ гуш кхин хIумма а дацара, диллина Iуьллу ло доцург.

Кху арца тIера дIахьаьжча, шерачу арахь кIайчу вертанах а хьаьрчина, цхьайолу ярташ а гора юткъа ирхъяханчу момсаршца, дикка хьаьжча, царах цхьайолчу ярташкара ирхбуьйлу кIур а гуш. Сийна стигланаш меттах ца йовлуш, цхьана эшарехь, дийнах дикка хан яллалц лаьттира. ТIаккха цIехьана малх а гучубелира. Цунна диллина Iуьллу ло а деладелира, сийначу стигалахь маьI-маьIнехь бамбин мархаш а неканца лела евлира.

Баккхий нах чехка гулбелира кху гIеххьа лекхачу арца тIе, кхекхийн кетарех а хьирчина, бес-бесар холхазан кхо чилик гергга лекха даккхий куйнаш а техкина.

Шаьш дерриге а схьагулделла девллачул тIаьхьа, молла, тIома кIелахь жайна а доллуш, шен гIеххьа яьллачу можа тIе куьг а хьоькхуш, уллохь, ехачу мажошца кхоъ тхьамда а волуш, шайна гобина лаьттачу наха юкъехь къамел дан волавелира, цу наха, шайн Iасанаш шайн-шайна хьалха лайла а Iуьттуш, чIогIа ла а доьгIуш.

Молла къамел дина ваьлча, хIара лаьтта баккхий нах массо а кар-кара оьцуш цхьа реза боцчу тIера цхьацца дийца буьйлабелира. ТIаккха молла, шена юххехь лаьттачу тхьамданашца, куьг туьйсуш, дехха къамел а дина, шен пхьаьрса кIелхьара жайна схьа а даржийна, цу тIера хьехам бан хIоьттира, халла велхаран къурдаш а деш. Бехха бира моллас хьехам. Гонах лаьттачу нехан кортош дикка охкаделира, церан бIаьргех даккхий хин тIадамаш оьгура, моллас бечу хьехамах сов хьере хилла.

Ша хьехам бина ваьлча, молла, цкъа жимма лаьтта бIаьра а хьаьжна, юха гонахарчу нахе дIаса а хьаьжна, вистхилира: «ХIа-хIан, нах!.. Шуна ма-хаъара вай кхуза гулделла, кху арца тIехь цIе яларан бахьана цхьана а агIор кара а ца дина, кху гIуллакхан тIаьххьара сацам бо вай. Делан пурбанца, жайнийн гIоьнца кху гIуллакхан сацам бийр бу вай.

Уггар хьалха вай теша дезачу жайно дуьненахь шайтIанаш, жинаш ду бахарх. Жайнех цатешар пайхамар бакъцавар ду, и бакъцавар дела вац бохург ду. Дала лардойла вай цу гIуллакхех цатешарх, хIинца цкъа доIа дер вай».

ДегIе зузъоьхуш лаьттачу наха шайн Iаьржа куьйгаш айира, моллас куьйгаш лаккха айира. Иштта дехха шаьш доIа дина довлуш, куьйгаш юьхьа тIе а хьаькхна, моллас шен къамел дIадолийра: «Яьллачу цу цIеран сацам хIокху тайпана бо вай: дела цхьаъ хилар санна, бакъ ду цу делан кху арца тIехь баьхначу Хонмурдгlарах гIуда доллуш хилар. Цу тайппана бакъду кху арца тIехь бусалбан, керстан жинийн тIом хилла хилар а, и тIом болуш, цу жинаша вовшашна кхиссинчу алох дала, и бахьна а лаьцна, кху цIийнах щIе а латийна, шен гIуда дIа а эцна, керста жинаш эшийнчу бусалба жинашна хIара арц белла хир бу. Цундела кху арцан цIе туьллур ю вай «ЦIеран арц». ТIаккха а дала адамашкара дIабаькхинчу кху арца тIе даха хаа дага ма догIийла цхьана а бусалба адамна. Цул совнаха, кху арца тIе яьлла дечиг-ма муххале а ма хьайойла, ура-атталла кху арца улло а ма вогIийла-кх цхьа а, хIара дуьне мел дозу. ТIаккха а везчу дала хIинца веша-вешан цIа даха кху арца тIера могаш-маьрша охьадуьссийтийла вай! Оццул кхерам болуш бу-кх хIара «ЦIеран арц», боьха нах кху тIехь бахар бахьана долуш...

ЛадоьгIуш лаьттачу кху массо а нехан беснаш овкъаран баса дирзина дара, царна, кхерам чIогIа тасарна, зуз а деъна, церан догIмаш дегадора, дегIахара чо а ирахIоьттинера, церан бIаьргаш шуьйра къаьрзинера. ХIорш, моллин къамел чекхдаллалц латта ца баьхьаш, сов хьере хилла, боха а боьхна, шаьш хIун леладо ца хууш, цу лекхачу арца тIера маьIмаьIнехула чухьаьвдира, шайн догIмаш кхерамах а дуьзна. Царна тIаьххье молла а ведира.

Кхо шо даьллачул тIаьхьа, тохара Хонмурд лацале, мац а велла, и волчу воьссинчу шина обарго, Хонмурд, шайна кхалла хIума ялар бахьана долуш, сибрех вахитиний а хиъна, Кулдевич боху пурстоп вен гIерташ, дикка къахьийгира. ТIаккха цхьана дийнахь цу гIуллакхан аьтто а баьлла, и Кулдевич вен а вийна, цунна тIера герз схьаоьцуш воллучу минотехь, мичара ели ца хууш, стража тIе а кхаьчна, хIара ши обарг чевнаш а еш, схьалецира. Дукха хан ялале, велла дIаваллалц яккха хан а тоьхна, сибрех а вахийтира.

Сибрехахь царна, когех болатан буржалш а дохкуш, ча тIехь могуш воцуш Iуьллуш Хонмурд а карийра, кху шиммо

цуьнга хаийтира и ваьхна гIишлош цуьнан дохнаца, цуьнан доьзалшца яьгнийла а, бусалбан, керстан жинаша цу арца тIехь тIом бечу заманчохь вовшашна кхиссинчу алох цIе а летта, цу арцана «ЦIеран арц» аьлла цIе тиллинийла а. Иштта и шега хаийтича, Хонмурде и ца ладелира цуьнан сагатлуш дуткъаделла дог иккхира, тIаккха цо гуттаренна а шен ши бIаьрг а хьаббира.

* * *

Хийла хан дIаелира, ЦIеран арца тIе юькъа хьун а хIоьттира. И хьун сенъелла лаьттара, иза бIаьстенан шийлачу мохо гIийла лестайора. Цу хьуьнан баьццара бахьаш тIе а хевшина, хазчу эшарахь декачу олхазарийн бен, цу хьуьнан генаш лара а, дуста а йиш яцара. Маьлхан нуьцкъала бIаьрг цу хьуьнан когаш тIе ца кхочура, цу когех хьакхадала а, уьш ган а акхачу экханан бен йиш яцара, цхьана Мирзех дIатилчхьана. Амма Мирза а цу арца тIе-м муххале а ца воьдура, ша цхьанхьа воьдучу заманчохь шен цу ЦIеран арцах бIаьрг кхетча, ша цу арца тIехь Кулдевич, Залубий божал чохь дитча, Залубас, луьра неI а етташ, шийлачу маьхьарца — «ма хIоттаехьа со юьхьIаьржа! Яхь яц хьан!» — аьлла, шега дехар дага а догIий, вела а къежий, — «хьох «ЦIеран арц» а хили, сох банк а хили», — олий, шен гIуллакхе дIавоьдура.

16 июль, 1928 шо.

БЕШТО

I

Яьлла лаьтташ бIаьсте а яра. Стигал дошан басахь тхов бина кхозура. Юькъачу хьаннех а дуьзна, лаьттачу дехачу баьццарчу аьрцнаш кIел кешнаш гора, гонахара керт нийсса ах охьа а кхетта. Цу кертара чарташ тIелата кечдинчу эскарх тера дара, цу чарташна нийсса хьалха, сехьахьа, кертана сов гена доцуш, ах дахка а делла, лаьтташ цхьа дечган лоха чурт гора. И чурт ширдаларна агIордаьллера. Цу чуртан ширачу борза тIе бертал воьжна цхьа стаг Iуьллура.

Иза вара ерриге эттIа ал гIовтал а юьйхина, тIехула гатанан доьхка а дихкина, лекха Iаьржа куй а болуш. И стаг Iуьллура белш а кхийсалуш. Цуьнан кхийсалучу белшех, иза воьлхуш Iуьллу, я иза иштта белш кхийсалуш висина ву, ала хала дара. Цо боху хезара, шен корта хьала а кхуьйсуш:

— Баба!.. Бешто хьерваьлла!.. ХIумма а дац, баба, Бешто хьерваьлла!.. Ваьлча хIун ду Бешто хьер?.. Баьхча хIун ду наха, Бешто хьерваьлла?.. Бештона шен дагна, шен дегIана хилларг шена хууш хилчахьана. Бахийта!.. Бахийта!.. ХIумма а зен ца хуьлу цхьанне а, Бешто хьервалархх. И талхархх, цунна тIаьхьавелха цхьа а вац... Амма, и хьерваьлча, хIара дуьне хIун ю ца хууш, и телхича, са дIа а даьлла и висича, цунна атта-м дара. ТIаккха... и паргIатвер вара...

Иза меллаша ирахIоьттира. Шен хих буьзна бIаьргаш а цIанбеш, цо элира:

— Баба! Кестта цхьаьнакхетар ду хьуна вай... Баба! Кестта цхьаьна хир ду хьуна вай, — аьлла, корта а оллийна, иза

меллаша волавелира. ТIаккха, цу кошана сехьа, вархI-бархI гIулч гено баьццарчу басарца кечдина лаьттачу ширачу чуьрта тIе а веана, цунах дай-й куьг а хьаькхна, цуьнан ах чу а бахана лаьттачу ширачу борза тIе бертал а воьжна, велха волавелира иза. Дукха хан ялале ша воьжна Iуьллучохь цо элира:

— Бусана!.. ХIумма а дац хьуна, Бусана, хIокху Iаьржачу лаьттан кийрахь хьо ялларх. ХIумма а дац хьуна, Бусана, кху лаьттан букъа тIехь, Бешто санна гIайгIанан хIорда юккъехь хьо йисина ца хилчахьана. Бен ма хетахьа, Бусана! Хилахьа паргIат, хьо паргIатонан кийрахь хилча. Вай-м кестта цхьаьна хир дай. Вай-м, цкъа мацца кхетта а, цхьаьна ца кхетча йиш яций...

Гора а хIуттуш, иза хьалаайавелча, цуьнан къаьрзина бIаьргаш гучудевлира, уьш, мелачу хих а дуьзна, кхохкаделла дара. Цуьнан къаьсташ, ца къаьсташ хебаршка ихинчу яьллачу беснеш тIехула охьахьада меттиг а ца хилла, цунна ихина хи, мера улдIашха тачанаш а хIиттош, охьаихинера. Цуьнан юькъа еха яьллачу Iаьржачу можах ала мегар дара, иза ханна кхузткъе итт шо кхаьчна ву. Амма цуьнан жимачу, къоначу сибато цуьнан, шовзткъа шо делахь, кхин доций-м хоуьйтура.

Иза, цу борза тIера баьццара буц дIаса а хьоькхуш, юха а вистхилира:

— Нагахь Бешто телхина вагIахь а, хьуна хууш ду-кх, иза хIунда телхина, хьуна хууш ду-кх, иза хIун Iадат бахьанехь телхина... Бештона хаьа-кх, Бусана! Хьуна санна, хаьа-кх Бештона а, хьо мича бахьанина хIаллакьхилла... Хаьа, ца хууш делара... ма хезна делара... — аьлла, велхаран мохь а болуш, иза юха а цу ширачу борза тIе юькъа, лекха яьллачу баьццарчу бецан мара вахара.

Бешто мила ву, ас дуьйцу хьуна, ахь ладогIа, дешархо!

II

И дара нийсса пхийтта шо хьалха.

Малх, шерачу арара жима юрт сарралц дешица а кхелина, хIинца сарахь цу юьртана гена йоцчу баьццарчу бархатан регIа тIехьа чубузуш лаьттара; цуьнан, цIен дари санна, гун гуо, богучу малхе даькккхина цIен ангали санна, лепара. Цо шен лепарца кху юьртан цхьа агIо цIийбинера.

Кху юьрта йистера жимочу тишачу бахаман да ткъе пхиъ шо кхаьчна Бешто, шен гIеххьа расха дин, уьйтIарчу гоьзанах тесна, цIан а бина, шайн кетIахула, хьеран апрехула санна, хьаьдда охьадогIу татол а малийна, и дин шайн ханнийн божал чу бигина дIа а Iалашбина, шайн лоха мокхачу цIенойх аьтту агIорчу цIа чу вахара. И цIа гIеххьа доккха дара. Цу чохь, мокхачу цIенкъарчу истанга тIе мотт а биллина, цомгаш Iуьллуш Бештон нана РакаIат яра. РакаIатана шена а ца евзаш цхьа тамашийна цамгар яра цунна ерг. Цуьнан юьхь иръеллера; цуьнан бIаьргаш вуьшта болчул а баккхий хиллера; цуьнан бос ширделлачу ахьарал мокха бара.

Бештос, ша чуваьлча:

— Баба, муха ю хьо? — хаьттира.

— Иштта дIа ю-кх, Бешто, — аьлла, РакаIата шен шуьйрачу бетан декъа ши балда цIубдира. Бешто, меллаша товхана юххехь лаьттачу кхийрачу боганаш тIе а веана, цхьа кхийра кад схьаэцна, цу чу шура а йоьттина, сискал схьаэцна, цунах жимма яьккхина, дуьйраш санна, отуш, шури чу а кагйина, РакаIатана юххе а вахана, чучча когаш бухкуш охьа а хиъна, вистхилира:

— Баба, хьан хIума кхоллу хан-м хилла хьуна, жимма кхоллий ахь?

ТIаккха РакаIата шена дуьхьало ца йича, цунна и яо волавелира.

Ша шура йиъна яьлча, РакаIат йистхилира:

— Бешто!

— ХIун бах ахь, баба?

— Бешто! Вайшиъ кхин доьзалхо, кхин да воцуш цхьа ши стаг ду, цул совнаха, со цамгаро лаьцна а ю. Хьо стаг вац а, хьоьга хьуна езза зуда йогIур яц а-м ца боху ас, делахь а, наха, хьо хIинца тIехьийзаш волу Бусана, ша хьалдолчу нехан хиларе терра, хьоьга йогIур а яц, цо хьо ле а во, бохуш, дуьйцу-кх соьга. Нагахь йогIур йолуш елахь, и ялаяй а, кхин ялаяй а, сан бIаьрг хьожуш боллушехь, цхьа зуда ялаехьа. Хьан да дIаиккхичахьана, кхин дика суна дайна а дацара. ХIинца со ялале, хьуо вайн цIен тIе воьрзуш гайтахьа суна,— РакаIатан бIаьргех хи хьаьдира.

Охьа а таьIна, ладоьгIуш Iен Бешто, шен жимачу юьхьа тIера таьIна-ал ши бIаьрг горгбеш, жимма ойла а йина, вистхилира:

— Баба, ахь суна бехк а ма билла, ахьа, хьайн со цхьаъ бен кхин доьзалхо цахиларе терра, хьайца эвхьазаваккхарна,

со хьоьца эвхьаза ву. Наха, соьга Бусана йогIур яц, цо со лево, бохуш, иза а дуьйцу хир ду. Сох нах а буьйлу хир бу, со лакха кхоссавелла, бохуш... Кхин цхьаъ-м ду хьуна, баба: Бусанина хIун пайда хуьлу, со леварх, со кхаа шарахь шена тIехьийзаварх? Баба, цо со шена веза а боху, и мелла делахь, бакъ а ду... Амма, хьуна а цунах хало хиларна, баба, тахана ас цу гIуллакхан цхьа йист-м йоккхур ю, — Бешто, жимма кхечу тIера лаьцна къамел деш, РакаIатан са а тедина, пенах доллучу къорзачу истанга тIехула кхозу шен Iаьржа кечйина гIама схьа а эцна, суьйранна Бусанина хийисте ваха аравелира.

III

Кху юьртан тогIи чухула догIучу хин шина басахь наггахь лаьттачу цIенойн туьнкалгашкахула ирхбуьйлуш кIур а ца гора. КIур бан-м бара ирхъоьхуш, амма иза керташкахь йогучу кхеллех я товханех-м буьйлу ала мегар дара, яьлла лаьтташ бIаьсте хиларна. Цу цIеношна хьалхарчу акхтаргаш тIехь а, дитташ тIехь а суьйранна декачу олхазарийн гIовгIанаш яра хезаш. Кху хина пурх шина а агIор тIебогIучу новкъахула кегийчу наха, хитIа а кхуьйлуш, шайн дой суьйранна чудерзо чехкка цIа кхуьйлура. Царех цхьаболу кегий нах, кегийчу берашка шайн дой цIа а кхуьйлуьйтуш, хийистехь а соьцура. Уьш боцурш кхин дуккха а кегий нах кху хитIа баьхкина бара, хIинцца хитIа оьхуш дуккха а мехкарий хиларна. Цу зудаберашца кегийчу наха, куьйгаш а туьйсуш, маьI-маьIIехь къамелаш дора. Церан дешнашна дуьхьало ца еш, церан массо а даша дуьхьал там беш, зудабераш, чIогIа царех са а къералуш, гIадъоьхуш доьлура. Цу зудаберийн чамеш кIудалех детталуш, цIестан гIовгIанаш а яра хезаш. Кху юьрта юккъехула чекх а буьйлуш, хина дехьий-сехьий оьхучу кегийчу наха, цу зудаберашна тIе кхаьчча, шайн дой тIетуьйсуш, еттачу шодмийн татанаша хин йист наг-наггахь екайора. Цу хьешийн дешнашна а зудабераша дуьхьало ца йора. Царех цхьаммо «йоI, йолахьа соьга маре» аьлча, йоIа, шена иза дуьххьара гуш воллушехь, «дера, йогIур ю-кх со-м», — олура. И зудабераш, шайн къамелаш ца хадош, мелларша хих кIудалш а юзий, юхадахка, чехкка цIа оьхура. Уьш цIа а ихина, шаьш бисича, кегийчу нахах наггахь волчо олура: «Дала хIун боху-м, ца хаьа, бакъду, и жима кIорни нахе

далийта безам бац сан». Цул тІаьхьа кхечо олура: «Вешан дагахь долу зудабераш вайна кхачо бен, вай цу дала кхоьллина а дац, шек ма довлалаш, кІентий». Иштта шайн жималлех сакъералуш болу и кегий нах, цу дешнех синкъерам болий, гІадъоьхуш, куьйгаш вовшах а детташ, буьйлура.

Зудабераша хи оьцучуьра хина тиллинчу жимачу тІайна гена доцуш хи тІе а дерзийна лаьтташ, кІайн кир а тоьхна, гобаькккхина йина чІогІа аннийн керт а йолуш, цхьа дика цІеноша дара, кертахь лаьттачу кІа оручу машинан ирхъяхана Іаьржа, еха топ а гуш.

ХитІара мехкарий а, кегий нах а шайн-шайн цІа бирзинчул тІаьхьа, цу бахаман диллина лаьттачу жимачу ринжехула, кІайн духар а дуьйхина, Бусана араелира. Цуьнан пхьаьрсах тесна цІестан кІудал яра, аьтту буйнахь цІестан чами а бара. Бусанас, ша ринжах ара ма-елли, шен горгачу юьхьа тІера Іаьржа ши бІаьрг дІасахьажийра. Цу бІаьргех вуно атта хуур дара, цо шен цхьа безам болу стаг лоьхийла. Бусанин цІеххьана бІаьргкхийтира, юкъ хецна Іаьржа гІовтал а юьйхина, карахь гІама а йолуш, вогІучу Бештох. Бешто шена гучуваьлчахьана, хІара цкъацкъа елалой, кхуьнан кегий цергаш гучуйовлура, иза шена дукхавезарна, тІаккха цІеххьана, шена хилла цатам дагабогІий делахь а, кхуьнан юьхь, цкъа а ца елаелча санна, елаяла хаъане а ца хууш санна, кхулура. Бусана, корта а оллийна, меллаша йогІура хитІа. Иза, экхан дилхахь а йолуш, дегІана лекхо стаг яра, ханна берхІитта шо хир долуш. Цуьнан сибатах а, иза эсала, догцІена стаг юйла хаарал совнаха, цунна цхьа цатам хиллий хуур дара. Цуьнан когарчу баьццарчу кІархаш тІехула юьйхина ши пошмакх цо, лергех кхозу дашо хьалкханаш гойтуш, тІехьа дихкинчу бекистан йовлакхца цІоьлла къуьйсуш санна яра. Цуьнан когара кІайн ши пазат цуьнан еха коч санна кІайн а яцара. Ойлаеш, еана, ша хийисте кхаьчча, Бусана, шен кІудал охьа а хІоттош, шена тІекхачча воллучу Бештога хьаьжира. Кхунна шена болу цатам цІеххьана бицбелира, хІинццалц а шена ма-хеттара, хІинца а Бешто вогІуш чІогІа хазахетарна. ХІара елакъажарна кхуьнан цІечу беснеш тІе кегий кІаьгнаш хІиттинера.

Бешто, тІехь чоий, гІовтал цхьаьна долуш ващахь а, куц долуш стаг вара, муьлххачу а йоІана везалучу кепара дегІ а долуш, массаьрца а велавелла а волуш, зудберашна дийцича тамхуьлу хабар шеца чІогІа а долуш. Къаьсттана хІара зудаберашна везаран бахьана хІара нахаца тІекере чІогІа

йолуш хиларрий, хIоранна там бан хууш хиларрий, лаца йогIучохь чIогIа яхь лоцуш хиларрий дара.

Бештос, ша Бусанина тIекхаьчча, вела а къежаш, цхьа куьг хаьн тIе а хIоттош, элира:

— Суьйре дика хуьлда хьан, Бусана!

— Далла воьзийла хьо а, — аьлла, Бусана, шен сибатца шена и везар хоуьйтуш, дIахIоьттира.

— Бусана! — аьлла Бешто юха а вистхилира.

— ХIун бах ахь? — аьлла, Бусана йолчу тIе а елаелира.

— Ас хьайга аьллачуьнан ойла йиний ахь?

— Стенна бах ахь, ва Бешто? — аьлла, Бусанас шен деха охьадеана Iаьржа гиччо лергал тIехьа тесча, Бешто: — дава-ла-кх хьо дуьненан! — олуш шен карахь ловзо гIама жагIана тIе а язъеш, оьгIаз а вахна, дIахIоьттира.

— Хьуна хIун хилла? Ахь хIун до? Хьо тахана ма оьгIазе ву? — аьлла, Бусана леррина Бештога хьаьжира.

— Суна бахий ахь? — олуш, Бештос, шен тIе чо а балаза Iаьржачу аматехь йолчу юьхьа тIе дайн куьг а хьаькхна, къамел дIадолийра:

— Ахь цадинарг суна хилла хIумма а дац... Бусана! Тахна сан хьо йолчу вар хIокху кхаа шарахь айса хьоьга лебинчу меттан муьлххачу а цхьана агIор йистъякхка дагахь ду-кх... Бусана! ДагадогIий хьуна, дуьххьара вайшиъ вовшийн гича, «со къен стаг а ву, вайшиннан гIуллакх вовшашца дика а догIур дац, наггахь соьга са а къерий, IадъIехьа» ас хьайга аьлча, «суна хьан даьхни хьашт дац, сайна дукхавезавелла хьо сайна хилчахьана», — айхьа соь аьлла? Ахь и аьллашехь, сайн ницкъ хууш, со юхаийзавелча а, «тIехьийзачуьра сеца ма сеца, со, мацца еана а, хьоьга йогIуш ю» ала, бохуш, тахханалц айхьа суна тIе зударш лехкар дицделлий хьуна? Ахь сайга, «едда йола ца олуш, сан дега ехийтахьа со» аьлча, ас, молланаш, хьаьжой вовшах а тоьхна, шена тIе уьш бахкийтича, хьан дас, со къен стаг хиларна, хьо соь цаялар хаьий хьуна, Бусана? — аьлла, Бешто вистхилча, хьалхе дуьйна а тайп-тайпана хийцалуш лаьттачу Бусанин бос дикка байра. Бештос шен къамел юха а дIадолийра:

— Бусана! Хьо чIогIа езарна, сайн къечу цIен тIехь дечу гIуллакхах а ваьлла, дийнахь деш а доцуш, буьйсанна наб а йоцуш, корта хьере а хилла, кегийчу нахаца йолчу уьйрах а хаьдда лела-кх со. Ахь айхьа хьуо дукха сайна хьашт хилийтарна, дийнахь сарралц тхешан бешарчу стоьмийн дитташ кIел а вуьжий, хилла кхозучу стоьмашка хIоранге а бохург санна

сайн кийра хьо езар бахьана долуш гулъелла гІайгІа ялхайо-кх ас... ТІаккха суьйранна, хІинца санна, хьо йолчу вогІий, хьуна а воьлхий, буьйсанан заманчохь стиглахь лепаш кхозучу седарчашка хІоранге бохург санна сайн хьоьгахь болу безам буьйцу-кх ас, хьоьга сайн гІайгІа ялхаяр цаьрга доьхуш. Бакъ ма ду, Бусана, куьг мел говза хиларх, къолам мел шера хиларх, суна хьо дукхаезар цхьаьнгге а язлург цахилар. Хьо езар алсамдуьйлуш, сан дагах хьерчаш лаьтта элпаш, йоккхачу юьртах дуьстинчу кехат тІе мел говзачу стага йозанца вовшахтийсарх, тарлур ма дацара. Яраббий, хІай сан жима Бусана, оццул чІогІа суна хьо езаш хилча, ма вехьа со хІаллак! ХІокху кхаа шарахь сан наха вийцар тоьар дара-кх!.. Со вайн юьрта юккъехула волавелча, маьІ-маьІнехь пхьоьханаш а йина лаьтта нах, «вайн кІант лаккхо-м кхоссавелла» бохуш, сох бийлар тоьар дара-кх! Бусана!.. Дехьа ас бохург, ерзаехьа айхьа сан дагна йина чов! Лоьраша шаьш а йина-х ца ерзайой дархочун чов? Цара-х, шайн хІумма а бехк боццушехь, бо дархочух къинхетам... Бусана! Хьо йоцург кхин яц-кх сан дагна чевнаш йинарг. Бусана, хьо йоцург, кхин лор вац-кх сан чевнаш ерзо. Шайн бехк болуш санна, бехкала боьлхий хьаьвзачу лоьрашка ла а догІий, бехьа сох къинхетам!.. ДогІахьа соьга жимма ла! — аьлла, цкъа соцунгІа хилла, дІасахьаьжна Бешто, гІелъелла корта а оллийна, чІогІа ладоьгІуш лаьтта Бусана а яйна, шена хилла ницкъ ца лайна делахь а, оьгІаз а вахана, юха а вистхилира:

— Хьо соь йогІур йолуш елахь, тховса-кхана соьга едда маре ян хан йилла еза ахь. И ахь ца дахь, кхидІа хьуна тІехьийза ца лаьа суна, хІунда, сайна хьо дукхаезарх вайшиннах цхьанна цхьа бохам бер бу сайна моттадаларна... Бусана! Тохара юьхьанца, ойла йиний ахь, аьлла, ас хьоьга хаьттинарг и хан йилларан гІуллакх дара. Ас хьуна ойла ян делла кхо де дІа а даьлла, хІинца ахь суна тІаьххьара жоп дала а деза-кх, — аьлла, Бешто сецира. Бусана, шен бІаьргех оьху хин тІадамаш шен коьртарчу цІечу йовлакхан тІомаца дІа а дохуш, йистхилира:

— Бешто, суна хьо мел веза, ас ца дийцича а, хьуна хьайна хаьа-кх. Бакъ ду-кх, хьох яьлча, суна кху дуьненах чам кхетарг цахилар; ма сихлохьа, Бешто, ма яккхахьа со хьайх, тахана тІаьххьара жоп а дехий! Дехьа жимма собар!—аьлла, Бусана, шен елхар Бештона ца хаийта гІерташ, халла къурдаш дан юьйлира. Бешто юха а вистхилира:

— Бусана, нах сайх белар со кхидІа лалур долуш вац...

со кхидIа нахе сайна тIе пIелгаш хьежадойтуш вац. Хьайна луъург дан хьан карахь ду-кх хIара, реза вацахь а, ахь диначунна реза ву со, хьайна луъург де-кх...

Жимачу кийрахь ша Iуьллучу Бусанина бIаьргех оьху хи чехка эга доладелира. Иза, сихдинна и хиш дIа а дохуш, дакхий къурдаш а деш, меллаша йистхилира:

— Бешто, хIокху дуьненахь уггар боккха бала боьссинчу коьртехь долу хьал сан коьрте догIийла, харцдерг ас хьоьга дуьйцур делахь... Сайна хьо чIогIа везарна цхьана дикане сатуьйсуш, хIинццалц хьоьга дIа ца хоуьйтуш, IадъIийнера со... Бешто, вайшинна юккъе чIогIа вон доьлла-кх, — аьллачу Бусанас корта оллийра.

— ХIун ду иза? ХIун ду вайшинна юкъадолаза дисина, суна ца а хууш?.. Дийцал, Бусана, и хIун ду.

— Со-м хьастаха ахь аьлча а, хIинца а и гIуллакх бахьанехь Iарий Iад, хьуна хан ца юьллуш. Со-м хьоьга ян ца луушший, хьо ца везашший ца Iарий.

— ХIун ду и? Схьадийцахьа.

— Ахьа суна и хьайх лачкъадарна бехк а ма билла, хIинца цхьа кIира хьалха аса тхешан нене, хьоьга яхийта со, аьлла, шайга алийтича, сан вежарша дуйнаш биъна-кх, яхча мегар а дац, йохуьйтур а яц шаьш, аьлла. — Бусана, ша и дийцича, цхьана хенналц елхаран къурдашка яхана, йист ца хилалуш Iийра. ТIаккха Бештос: — дIадийцахьа, сеца а ца деш, — аьлча, Бусанас шен къамел юха а дIадолийра:

— ХIинца со хьоьга маре еъча, тхан да а тIехь, уьш массо а, схьахетарехь, со ерал хьалха хIума дийр доцуш бу-кх. Хьо везарна, хьоьга ян а лаьара, тхешан нехан дош кхочушда а лаьара... Суна-м ца хаьа, Бешто, хIинца айса хIун дийр ду а, я айса хIун дан деза а.

— Дика ду... хIинца хьайн наха хьо соьга ца йоуьйтий, хууш ю-кх хьо... Цул совнаха, ахьа суна мосуьттазза, соьга йогIур ю, аьлла, дош а ду-кх делла. Тховса я кхана-сара соьга ян хан юьллий ахь?

— Иштта ма алахьа, — аьлла, Бусана, цкъа соцунгIа а хилла, юха а йистхилира: — Бешто, хIинцца ма алахьа, хьуна хьайна а гуш ду-кх хIара гIуллакх, ахь цхьажимма собар дахьара, цхьана бахьаница вайшинна цхьа аьтто бала мегара-кх, тохахьа жимма са, — аьлла, шен шуьйра накха чуозош доккха са а доккхуш, Бусанас шен къамел хадийча, що и долийчахьана а макхвелла лаьттачу Бештос, боккха къурд а беш, элира:

— Бусана! Хьан наха хьо соьга шайн бертахь ца яийта чIагIо йина. Бакъ ду-кх, Бусана, хьуна хIун ду а ца хууш, тховса-кхана бохург санна цара хьо, хьуна хетаре ца хьоьжуш, шайна хеттачу цхьанхьа маре лург хилар, хьайна со веза а везахь, хьашт а делахь, суна хан йиллахьа, Бусана.

— Ма алахьа!

— КхидIа дан а дац хьуна, юьллу ахь, ца юьллу ахь?

— Ма алахьа!.. Собар дехьа!..

— Делахь хIета... цхьаьна Iен гIертачу вайшиннан безамна юкъадоьлларг хьан наха чIагIо яран бахьана а хир ду хила-м, амма и чIагIо яран бахьана шун хьоле сан къен бахам цакхачаррий, сан Iаьржа куьйгаш механа говза цахиларрий а-м ду хьуна... ХIумма а дац, Бусана, сан-м хьуна билла бехк бац. Бакъду, суна хьо езарххий, хьуна со везарххий, суо кхидIа-м ца левойту ас, — аьлла, лаьтта хьаьжначу Бештос, шен когашна юххе Iуьллу чамхалг схьа а эцна, «тIаьххьара а цкъа хьажа со хьоьга» аьлча санна, Бусане а хьаьжна, «Ма! Ма! Бешто!..» цо боххушехь, шен карара чамхалг, хадош, юккъехула шиъ а еш:

— Кху тайпана хаьдда, кхин хоттадала йиш йоцуш, тахана дуьйна дIаделикх вайшиннан гIуллакх, — аьлла, шен карара ши дакъа хилла чамхалг охьа а тесна, Бешто, шен ненан докъа тIаьхьа хIоьттинчу кIантачуха корта а оллийна, дIаволавелира.

— Бешто! Ва Бешто! Ца даьлла хьуна вайшиннан гIуллакх дIа! Юхаверзахьа! Хезий хьуна, Бешто? — аьлла лен яьлла Бусана, нахана хазарна ца кхийринехьара, шийлачу маьхьарца тIаьхьа екар яра. Бусана, нехан аларх ца кхийринехь, Бештона тIаьхьа хьодур яра. Иза хьанна а хуур дара цуьнан кхоххкаяларх а, цуьнан эгочу дегIах а. Цунна Бешто везий, хуур дара, цуьнан дег тIе куьг а диллина, ладоьгIча, цу ладегIа хIоьттинчунна карор дара цуьнан жима дог, куьйрано лаьцча детталун олхазар санна, деттадаларца, цуьнан шуьйрачу некхах леташ. Цуьнан керлачу цIийна Бештон цIийх эн лаьий, хуур дара, дала меттиг боцуш, цуьнан дегIан пхенашкахула юткъа тулгIе етташ, хьийза цуьнан керла цIий гича.

Бусана ехха лаьттира Бештона тIаьхьа хьоьжуш. Цуьнан бIаьргех оьху даккхий, мела хин тIадамаш цуьнан горгачу беснеш тIехула керчарца охьаоьгура. Бешто, кхин юха хьаьжна кхуьнан дог дика ца деш, къайлавелира.

Бусана, шен хих буьзна бIаьргаш цкъа чIогIа хьаббина,

хи охьа а даькккхина, меллаша охьаккхевдина, хийистерчу жагIи тIехь ши дакъа хилла Iуьллу чамхалг схьаэцца, шен деллачу беран бедаре хьоьжу нана санна, цкъа леррина еха цуьнга а хьаьжна: «Иштта-м хирг хир дац. ХIан-ХIа, тхойшиъ иштта къаста-м йиш яц», — аьлла, меллаша и чамхалг охьа хецна, ца догIучу дагца, набарна санна, ойланашна хьегIаш, меллаша шен кIудал, хих юьзна, белша тIе а яькккхина, дайчу боларца цIа яхара.

IV

Бусанин да Хизар — наха къонаха ву а олуш, нахана юккъехь дош а лелаш, къаьсттана чIогIа уьйр совдегаршца а йолуш, ша а дика таро йолуш а волуш къена стаг вара, ханна 60 шо хир долуш. Иза лохачу дегIахь вара, газанан маж а йолуш. И жима кIайн маж цо наггахь бен ца лоргура, тIеяларна иза башха чехка йоцу дела. Хизарна вуно шера хаьара, наха шена къонаха ву олий. Иза даима шен цIе яккхар нахалахь даржар алсамдалар лууш а вара, цуьнан ойла чIогIа еш а вара. Наха шена «дика къонаха ву», «дика стаг ву» аьлча, Хизар хьанна а шен ницкъ кхочу гIуллакх деш а, дийр долуш а вара, кисанна зен доцуш иза хилчахьана. Хизарна наха къонаха ву алар хIара массо адамал майра волушший, къечу стагах кхуо къинхетам бешший, шена халахетийтича стаг кхуо вуьйшший, шен доьзалшна лууш дерг дешший, царна бан богIу там кхуо бешший, хIара бIаьрмециг воцушший дацара. И дара хIара шен дош кхочушдеш хиларний, нохчийн Iадат кхуо чIогIа леладарний, дин кхуо дика ладарний.

Хизарна хьал а дезара, наханачул дукха аьлла, делахь а кхуьнан кIорггера механ говзалла яцара, говзалла яцахь а, Хизаран кIа ору машина а яра, хIор шарахь даа а, дохка а кIа а доккхуш, цул совнаха, кхуьнан уй доху чарх а яра, шиъ хьер а яра. Хизар, кхунна шений дайна, хIумма а хала вехаш вацара. Иза, ша къена велахь а, вижина ца Iуьллура, шен кертахь дан хIума доцуш ша висча, шен хьера а воьдий, хьархочуьнца цхьацца нхьа Iитталуш воллура. Дан хIума доцуш ша висча, кхуьнан сагатлора. Мичча хена а арахь бан Iаьржа болх-м бара кхунна, делахь а кхуо и бан-м ца бора. Цу балхах кхуьнан тоххара догдаьллера. Кхуо арара болх ца бен хIинца итт шо кхаьчнера. Кхуо хIинца а арахь ялта ден-м

доьра — бархI уьрда тIе хьаьжкIаш а, итт урд кIа а, амма и ялта кхуо, белхий бой, я мехах чудерзадойтура. Итт шо хьалха Хизар арара болх гIеххьа беш вара, и болх бан шен гIирс кIезиггий, ледарий хиларна. Кхуьнан цхьа ирс хилира—хIинца а кху юьртахь наха ма-аллара, хIора йоI хаза кхуьуш хилар. Кхуо Бусане нийсса хаза хьалакхиъна шен ши йоI таронаш йолчу нахе маре яхийтира. Цу наха кхуьнан ши йоI, кхунна хьеста а луш, йига а йигира, и шиъ юьртахь гIараяьлла хаза хиларна. Ша уьш маре луш, Хизара цаьрга, шуна лаьий, ца лаьий, аьлла, хеттарш ца дира, уьш а, дас аьлларг ца дича девр даац шаьш, аьлла, Хизарна, чIогIа са а туьйсуш, лоьхуш карийнчу маре бахара, шаьш реза ца хиларна тийжарца белха а боьлхуш. И ши йоI маре яхна, Хизарна дукха ахчанца там беара. Цу томех кхуьнан бахам дикка айбабелира. ТIакха дуьйна Хизар, шайн захалшца чIогIа уьйр а тесна, меха велира, цул тIаьхьа дукха хан ялале кхуо кIа ору машина ийцира, цо дикка пайда шена тIебеъча, уй доху чарх йиллира, цу чархо а кхунна дикка тIе хIума еара, тIаккха дукха хан ялале кхуо хьер а йиллира. Мухха а, Хизаран бахам хIетахь дуьйна тIаьхь-тIаьхьарчу дийнахь айалуш, стамлуш, толуш схьабогIура.

ХIинца шен карахь йолчу Бусанех а чIогIа воккхавеш вара Хизар, иза а цхьана совдегаре дIанисйийр ю ша, бохуш. Цунна Бусана вукху шина йоIал а чIогIа хаза хетара. ХIара хIумма а шек ваца ра важа ши йоI бахьанехь шен гергарло тасаделлачу совдегарел Бусана юьгуерг шозза а таро йолуш хир вац аьлла. Хизарна, араволуш а, маьждиге воьдуш а, Бусанех шен бIаьрг ма-кхийтти, сурт хIуттура совдегарш болчу баккхийчу а, кегийчу а наха детин, дешин ахчанах дуьззина тIоьрмигаш шега кхийдош: «ХIан, хIара деши ду хьуна! ХIан, хIара дети ду хьуна! Рема езий?.. — Рема ю хьуна! Жа дезий? — Жа ду хьуна! Терзан тIе яккха хьайн Бусана, цо мауззу детий, деший, даьхний ду хьуна! Хьуна дезарг кху дуьненахь хьан ду-кх! Схьалохьа Бусана, дIаэцахьа дети! ДIаэцахьа деши! Хьо а, хьан керт а оха детица кхолур ю, Бусана оха дешица кхолур ю», — бохуш.

И сурт шена дуьхьалтесча, Хизар, шега ца ягIахь а, йовхарш а йой, хазахетарца дагах гилгаш а дуьйлуш, ша гуттар а ма-диллара, тIехьа ши куьг а дуьллий, шен гIуллакхе дIавоьдура.

Бусана хитIара чуйогIуш, Хизар шайн доккхачу сирлачу цIа чохь ламаз оьцуш воллура, наран йисте а хиъна, шен

дуткъийчу пхьаьрсийн гоьлел лакха доккхуш, Іаьржачу гІовталан ши пхьош хьала карчийна, пхьаьрсаш дилина а ваьлла, ангали санна, лепачу шен баьшначу коьртан хьаьж тІе хи хьокхуш воллучу Хизаран, цхьаьрсах кІудал а тесна, чуяьллачу Бусанех бІаьрг кхийтира. ТІаккха ккунна цІеххьана дуьхьалтесира кІайчу куьйгашца шега детин, дешин ахчанах дуьззина тІоьрмигаш кхийдош. И шена дуьхьалтесча, ккунна хьаьж тІе хи хьокхуш ша доьшуш дерг дицделира, хІокхо — оллохІум... шаІари... оллохІум шаІари... оллохІумма хьарим шаІре! — бохуш, юх-юха доьшуш, иза вуно хала дийшира. Хизарна Бусана бахьанехь шен хьал алсамдалар лаахь а, Бусанина башха вон маре нислойла а ца лаьара, аьлча а, цунна къена я чолакх стаг нислойла ца лаьара, цо кест-кеста олура: «Хьал долуш а волуш, Бусанина гІеххьа жима а волуш, цхьа стаг нислахьара, сан гІуллакх вон хир дацара... Амма бакъдерг аьлча, хьал алсам а долуш, динна дика а волуш стаг нислахь, и къена варий, чолакх варий аьлла ца Іаш, ас Бусана дІа-м лур ю... ХІунда? Дуьненахь Бусанина хьега дика а хир долу дела, къематан дийнахь и декъала а хир йолу дела».

Бусана, неІара юххехь могІара лаьттачу кІудалшна юххе шегара кІудал охьа а хІоттийна, тховх кхозу баьццара лампа а латийна, шайн ото чу яхара. Ото чохь Іаьржо яра, куьйгаш хьоькхуш, кора тІе а яхана, Бусанас кху чуьра лампа а латийра. Кху чохь цІеххьана серлаевлира, сен сурт тІехь а долуш пенах боллучу куза тІехула кхозу кхелина туррий, кхелина нохчийн тапчий, кхелина шаьлтий. Оцу заманчохь кхарна гена доцчу жамІатан маьждигехь маьркІажан молла кхайкхира: «ОллохІу акбар!.. ОллохІу акбар!.. ОллохІу акбар!..» — аьлла. Логера ветташ дІадохка ца ларош, Хизар шен къеначу боларца маьждиге хьаьдира. Арахь маьІ-маьІІехула чехкачу боларшца ламазе оьхуш гуш Хизар санна а, цул къена а, кхин баккхий а нах бара.

V

Бусанин ВахІид, Хьасан боху шала вина ши ваша шайн хьераш тІе вахана цІахь вацара. И шиъ цІахь волуш Бусанас цкъа а шен пондар ца озабора, цу шиннах бехк хеташ. Тахана и шиъ цІахь а воцуш, Хизар маьждиге а вахана, ша паргІато хетта Бусана, шайн ото чохь цкъа нара тІе бертал а йоьжна, Бештон, шен хиллачу къамелан ойла а йина, кора

тIехь лаьтта кехатан пондар схьа а эцна, и лакха йолаелира. Цо лоькхург гIийла йиш яра. Цо лоькху йиш Бештона лоькхура:

Хьо гIийла вацара суна гергахь,
Хьо везар алсам соьца ду,
Хьашт дацара суна сайн нехан кхел.
ХIун де аса, Бешто? Догдоьхна йиси.
Хьо бен ма вацара сан дог лаха,
Хьо бен ма вацара сан чарх Iехо,
Сайн наха бина барт хьашт дацара суна-м,
Елла яла со, хIун де ас, Бешто?
Хьо къен ву, бохуш, бIаьргаш хьуна къерзадо,
Совдегар вац, бохуш, хьо юьстах туьтту,
Сан гIийлачу дагана совдегар хьо вара,
Сан мерзачу синна дерриг деши хьо дара.
Хьох яьлла со йисахь, лаьттан кийра гIойла,
Хьох къаьстина со йисахь, марчош юкъа юьллийла.

Бусанас ехха лийкхира и йиш, цо, пондар охьа а биллина, шен хих дуьзна бIаьргаш а цIандина, нара тIе бертал а йоьжна, юха а ойла йира, тIаккха, охьа а хиъна, ша-шега элира:

«ХIун хуьлура-теша сан дена а, вежаршна а, со Бештога маре яхийтича? Бешто, къен хилар бен, стаг воцуш а ма вацара, къола деш а ма вацара, кехатех ловзуш а, молуш а ма вацара. ГIиллакх а цуьнца чIогIа ма дара, нахаца тIекере а цуьнан чIогIа ма яра. ТIе, нах а безаш, чIогIа догцIена стаг ма вара и... Ма суна хьашт дацара-кх цуьнан доцу даьхний, хьаллий, и ша сайна хилчахьана. Болх цуьнга балуш бу, соьга а иза балур бара, тхаьшшинна хаза болх а беш, деха долу тхойшиъ хIунда ца кхоьтуьйту-техьа кхара вовшах?». Бусанина шаьш итт шо хьалха хьегна хало ца йицъеллера. Кхунна вуно шера хаьара, шайн да хьалдолуш шен ши йиша бахьанехь хиллийла, кхунна кест-кеста дуьхьалтосура — кхо бутт юкъа ца булуьйтуш, шен ши йиша Хизара маре луш, и шиъ, ша жима йоллушехь, шена тIе а етталуш, тийжаш, елхар. И сурт шена дуьхьалтесча, Бусана кхералора кхуо наггахь шашега олура: «Со а, и шиъ санна, юхкур ю-кх сан дас». И дешнаш Бусанин даго хьоьхуш дара. ХIинца, ша Бештога маре лур яц аьлла, шен вежарша дуйнаш биъчахьана, Бусана гуттар а чIогIа тешна яра, и дуйнаш цара шен ден а бертахь баарна, шен дас ша а цхьана совдегарна йохка мега, аьлла. ХIара цу гIуллакхан ойла чIогIа еш яра, масийтта зудчух дагаяьллера, Бештога хIун дича яхалур яра-теша ша, шайн нах бертахь а болуш, аьлла. Дукхах болчу зударша кхунна

жоп делира: «Хьайн наха аьлларг ахьа ца дича, яла а, йола а меттиг хир бац хьан», — аьлла. Цхьаболчуша элира кхуьнга: «Маре — маре дац, шена везачу стапца дацахь. Хьуо ехь а, хьайна а везаш, хьо а езаш волчу стаге маре гIо хьо», — аьлла. И къамел Бусанина чIогIа товш а, дезаш а дара. Кхуо наггахь олура: «Со юьйр елахь а, гIур ма ю со Бештога». Амма, цIеххьана ВахIида шена шаьлта ойуш сурт а хIуттий, «нохчийн Iадат ду-кх стаг атта вуьйш, юьйр ю-кх со кхара, бежнахчул башха къа ца хеташ», — олий, Бусана, шина а куьйга корта а лоций, елха хуура.

VI

Арахь гIеххьа Iаьржа яра. Стиглахь наггахь гуш седарчий а дара. Байн хьоькхуш мох а бара, цо хазош юьрта йистехь а, эвла юккъехь а летачу жIаьлийн гIовгIанаш а яра, наггахь хезаш берийн маьхьарий а дара.

Ламазера арабевлла баккхий нах шайн молла а, Хизар а юкъахь маьждига хьалха лаьтташ бара, цхьацца къамелаш деш. Дикка лаьттира уьш цу тайпана. ТIаккха дIасабекъабала вовшашка шаьш куьйгаш луш, куьпан молла вистхилира:

— Хизар, хьо дIа ма гIолахь, хьоьца дан жимма къамел ду хьуна сан.

— ХIоккхуза соцу со-м, — аьлла, Хизар, жимма сехьо а ваьлла, сецира. ТIаккха шен къамел дан молла шена тIевеъча, Хизар юха а вистхилира:

— ТIеян йоллучух тера а ю вайна, тхан цигахь дан мегар дацара ахь хьайн къамел? — аьлла.

— Дика мегар ду, — моллас аьлча, Хизар, и молла а эцна, цIехьа волавелира.

ХIара шиъ чу кхаьчна, нара тIехь чучча когаш а бехкина Iен дукха хан ялале Бусанас, кхаьрга цкъа куьйгаш а дилийтина, кхарна хьалха къорза шаршу тесна, чIепалгаш деара, юха дехьа чу а яхана, зезаган сурташ тIехь долчу стаканаш чохь шекаран чай деара. ЧIепалгаш Хизаран даарашлахь упгаре хаьржина даарш дара, уьш мерза хеташ а, шен цергаш ящарна даа атта хеташ а.

ХIума йиъна ваьлча, кху шимма шаьшшиннан хьена куьйгаш маьхьсийх хьаькхира. ТIаккха моллас: «Элхьамду-лилляхIи-раббил-Iаламин!» — аьлла, куьйгаш айича, цунна

тIаьххье куьйгаш Хизара а айира. Шаьш доIа дина ваьлча, Хизара — «хIорш дIаяха!» — аьлла, мохь а тоьхна, схьаеанчу Бусанас кхарна хьалхара пхьегIаш дIаехира.

ХIара шиъ цхьацца къамелаш деш дикка Iийра, тIаккха моллас, шен даьIахкийн юьхьа тIера лергинчу кIайчу можах куьг а хьаькхна, элира:

— Хизар! Сайн хьоьца долу гIуллакх дийцича хIун дара-теша ас?

— Дийца, дийцича бакъахьа ду.

— Ас хьайга аьллачунна ахь цкъа а дуьхьало ца ярна делахь а, я цхьа пайда боцу гIуллакхаш ца лоьруш хьо вуьзина къонаха а, нохчо а хеташ делахь а, суна тIедиллина цхьа гIуллакх ду-кх, хьоьга хьахо со декхарийла вожош, масала, ахь суна и дийца пурба лахь.

— Хьуна пурба ца делча сан-м йиш яц, молла, пурба ду хьуна, дийца хьайн гIуллакх, — аьлла, Хизар велакъежира. «ХIо... ОххIо... хIо...», — аьлла, йовхарш а йина, цIен басар хьаькхначу цIенкъа гIеххьа туй а кхоьссина, моллас шен къамел дIадолийра:

— Хизар, и жа долу Маса ву-кх хьан йоIе безам болуш... цкъа шуьга а веана, хьан сискалах ша кхетарна, хьох чIогIа бехк хеташ вара иза. Вайна ма-хаъара, иза, хIара вайн ах юрт эццал жа а долуш, лелош мах а болуш, хIокху юьртахь массарел таро йолуш а, дика а стаг ву. Динца а иза молла-нашка нийсса чIогIа ву, тIе, ша нахана новкъа ца гIерташ, эсала стаг а ву. Цхьабакъда, шун йоIана дика хетар доцуш цхьаъ ду — цуьнан бухахь зуда хилар а, боккха доьзал хилар а, и къено хилар а. Иза а, суна хеташ, хIумма а новкъа дац-кх, хьан йоIана дуьненахь хьега дика долу дела, тIе, Маса шеца дин чIогIа долуш хиларна, хьан йоI эхартахь де-къала а хир йолу дела. Хизар, со юкъара ву хьуна, хьан йо-Iана цо шен доьзаллий, зудий новкъа хуьлуьйтург цахиларна. Баккъалла а бакъду хьуна Маса хьан йоI дуккхаезаш а, хьоьца долу гергарло дезаш и хилар а. И Iуллакх дара-кх со хьоьга ала воллург а, суна чIогIа тIедиллинарг а. ХIинца ахь цу тIехь сайн юьхькIаййийр ю а моьтту суна, баккъал аьлча, ас хьуна тIе деана гIуллакх-м хьуна зенехь а дац. Маса-м захало хила дезаш а, хила мегар долуш а бакъахьара стаг вай, — аьлла, моллас, жимма вела а къежна, шен кIайчу обанан тIам чухула агIорхьара мерах хьаькхира.

Моллас дуьйцучуьнга ла доьгIуш, ойланашка вахана Iачу Хизарна цкъа дуьхьалтосура 55 шерера волу Маса, шен баьл-

лачу бIаьрга тIе куй а туьттуш, шен ехачу Iаьржачу можа тIе куьг а хьоькхуш: «Хизар, хIинца дуьйна мах а, ккхин долу гIуллакхаш а цхьаьна лелор ду вайшимма, кху пхи эзар жах хьайна луъург дан хьуна бакъо ели ас», — бохуш. ТIаккха дуьхьалтосура ккхунна Бусана, бIаьргаш а цIийдина: «Иза-х, сан денда хила а мегар долуш, воккха стаг ву, цу бIаьрг баьллачу жIаьле ахь со хIунда ло? Аса айса сайна-м тухур ю хьуна», — бохуш, шийла мохь хьоькхуш.

«Хизар, хьо ма чIогIа гIелвели»,—аьлла молла юха а вистхилча, охьатаьIна Iен Хизар, набарха волу стаг санна, хьала а таьIаш, «со бах ахь?» — аьлла, шен коьртара лекха Iаьржа куй дIа а боккхуш, юха а вистхилира:

— Молла, и-м харцахьа гIуллакх дац. Делахь а, хIинца хIара гIуллакх дохьуш сайна дуьхьал веанарг хьо воцуш ккхин хилча, ас йоIе а хаттийтина бен дийр доцуш-м дара. Хьан юьхь ца йича тхо девр дац, тхуна тIехь декхар ду хьуна лиънарг ккхочушдар. Молла! Масина и йоI боху шайтIа реза дацахь а, хьан дуьхьа со и гIуллакх деш ву-кх.

— Делахь хьайн йоI Бусана Масе маре яла суна дош ло-кх ахьа, Хизар?

— Ло-кх аса хьуна, молла, и дош.

— Дела реза хуьлда хьуна, — аьлла, молла хазахетарца жимма велакъежира, цунна дуьхьалтесира Масас, хIара гIуллакх ккхочушхилахь, шена лур ду аьлла итт туьманан кехат. хIинца Масас, вела а воьлуш, шега схьакхийдош. Цул тIаьхьа моллас «хIо... оххIо... хIо...» — аьлла, йовхарш а йина, ккхин къамел долийра, тIаккха, дукха хан ялале пхьуьйран ламазна кхайкха деза шен, моллас а аьлла, хIара шиъ, ламазе воьду, аьлла, аравелира, пхи минот ялале молла кхойкху а хезира:

— ОллохIу-акбар!.. оллохIу-акбар!.. оллохIу-акбар!.. оллохIу-акбар!

И кхойкхуш воллу молла шена хуьлудолчу итт туьманан кехатах воккхавеш вара. Цо ол-олург а олуш лаьтта Хизар а хIара керла захало бахьанехь шена гуллун долчу хьолах воккхавеш вара, шена и захало бакъахьа хетар моллех лачкъа а дина.

Тховсалера пхьуьйран хан кху шинна воккхавер дохьуш хIоьттинехь а, цхьа адам халла дечу къурдашца гIийла тийжо мегаш-м яра. Масане стаг хир ву, шена дика болх хилчахьана, шен гергара цIий хеназа, маьIана доцуш дакъадаларх бен ца хеташ... Ишта адамаш дан а ду, уьш Нохчийчохь къаьсттана дукха а ду.

ШолгIачу дийнахь Бусанина шен ненехула хиира, ша Масега маре яла Хизара дош деллий. Бусана, шега и дийцича, мохь а хьаькхна, ото чу а яхана, ехха йилхира. Иза, цхьа цомгуш стаг санна, хьегIаш йисинера, цуьнан бос макхбеллера. Иза, цкъа а ца елаелча санна, елаялар хIун ду ца хууш санна, олла а елла йисинера. Цо кест-кеста олура: «Хизара дош-м делла, со гIура-м яц Масега. Аса айса-сайна тухур ю, со цуьнга лахь. Со кху дуьненахь ехар яц, суо цу къанделлачу гужамана йохкахь».

Бусанина дийнахь а, буса гIена кхоьлах а дуьхьал туьйсура къена Маса, «Бусана! Схьахилахьа, суна-м хьо, хIинца санна, гуттар а дукхаезар яй. ДIа ма гIертахьа, ма гIертахьа дIа. Кху дуьненахь хьуна дезарг хьан ду-кх... Оцу вайн пхи эзар жан да хьо ю-кх», — бохуш, къеначу Масас шен хебаршка ихина, тIера кховраш дийлла долу куьйгаш шена тIекхийдош. Оцу тайпана сурт Бусанина кест-кеста хIуттура, хIара, кхералой, мохь а хьокхий, Iадийча санна юьсура.

Бусанас шен ненехула Хизаре дIахайтира ша Масега гIуриг цахилар а, цуьнга яха шена цалаар а. Хизар цу дешнашна чIогIа оьгIазваханера, цунна дагадогIура: «ХIун, сан дош кхочушший! — дийр ду! Сан дош доха йиш яц! Сан наха юккъехь лела деза. Сан нахе сайна тIе пIелгаш хьежадайта йиш яц!»

ХIинца Бусана хитIа а ца йоьдура, шайн кел ара а ца йолура. Иза, лаьцна стаг санна, гIайгIано лаьцна, чохь йиснера, дийнахь а, буса а бохург санна елха а йоьлхуш.

Хизара Бусана Масе маре лур ю аьлла ши кIира даьллачу заманчохь, цхьана дийнахь, туьха а туьйсуш, кхекхий шайн кертахь малхе туьйсуш воллучу ВахIидний, Хьасанний, шаьшшиъ цецвоккхуш, шайн чуьра шийла мохь хезира: «Вай, везандела, ас хун дийр ду!» — бохуш.

ХIара шиъ, хьала а иккхина, шайн чу хьаьдира, шаьшшиннан хьаладина пхьуьйшаш охьа а керчош. И шиъ хIинцца меракIелош Iаржъелла йогIуш вара, ханна ткъатткъа шо сов хир долуш, кIайчу аматахь а волуш, тIехьаьжча, хьанна а Бусанин ши ваша вуйла а хуур долуш, Бусанин санна, Iаьржа бIаьрг-цкъоцкъам а долуш.

Шайн ото чу ваьлча, ВахIидний, Хьасанний, нара тIе бертал а йоьжна, шийла мохь хьоькхуш Бусана а гира, шен

кегийра бIаьргаш а цIийдина, цунна улло лаьтташ шайн къена нана а гира.

Бусанина хIинцца шен нанас Амантас дийцинера, тховса и Масина дIайига нах богIу, аьлла. Бусана цу дешнаша ягийнера, иза чIогIа холча а хIоьттинера. Бусанас, шен ден дош кхочушдийр дац ша, бохуш, ен дуьхьало а, и тховса юьгийла а хууш волу ВахIид, Бусанина тIекхетта, пхьарс а лаьцна, охьа а хаийна, тIечевхира:

— ХIун хилла хьуна, ва вир? Стенна цIийза хьо... Иммансиз!.. Ас хIокху делан сохьта партъаьлла и са доккхур ду хьан! Сацийта!.. Сацийта, бохий аса-м хьоьга, ва гIам!

— Дош дан а, къорIанар, дацара хьан корта, хьовзийна, схьа ца баькхкхича, — аьлла, Хьасан а тIечевхира.

Кхеран нана Аманта, шен кIенташка йистхила а ца яьхьаш, меллаша ара а яьлла, дехьачу а яхана, шен йоIана хуьлчу ницкъана елха хиира.

Бусана йоьлхучуьра тийра. Амма цуьнан бIаьргех оьху хиш совца-м ца туьгура, уьш тIаьхь-тIаьхьа луьста оьгура. Кхунна Бешто а, цо шега баьхнарг а дуьхьалтуьйсура, хIара чIогIа дохкояьллера, тоххара Бештога едда маре ца яхана. Бусанас шен дас Масега маре яла дош деллачул тIаьхьа а ехха ойла йира. Бештога едда маре яха, амма, вежарша ша ерна а кхераелла, Iадда-м Iийра.

Бусана чеха а йина, араваьллачу ВахIида Хьасане элира:

— Тховса хIара дIайига уьш схьабагIахь, кхуо цхьа юьхьIаьржо ярна кхерам бу, и кхеккхий дIаса а листина, йиттина а, човхийна а, хьаьстина а, уьш бахкале, Бусана качъян еза вай.

— Тховса билггал бахка мукъана а богIий уьш? — аьлла, Хьасан вистхилча, ВахIида юха а элира:

— Тховса бахка-м муххале а богIура уьш. Билггал бакъ ду хьуна, Хьасан, Бусана цаьрга яха а ца йоьдуш, цо вай тховса юьхьIаьржа хIиттадахь, ас и ерал хьалха хIума дийриг ца хилар... Айхьа ойла ехьа. Хизара делла дош цо дохийча, ен ца йийна, кхин хIун дийр дара цунна?

— Иза бакъду... кхуо дуьхьало яхь, наха вайна дуьйцу дерш гуш ду-кх вайна... — аьлла, ВахIидана тIехьа хIоьттина вогIуш волу Хьасан, цул хьалха а иккхина, шайн кхекхашна тIе вахара.

Шаьш кхекхий малхе тийсина девлча, ВахIида, зударшка олуьйтуш, шайн нене олуьйтуш, Бусана ехха хьистира. Амма иза тIеерза-м ца туьгура. Цо олура: «Со е! Со цуьнга ца йоьду!»

Бусана тIеерза ца туьгий хиинчу ВахIидий, Хьасаний, чу а иккхина, Бусанина ехха йиттира, цуьнан дегI дерриге а Iарждеш. Бусана чIогIа ша ерна кхоьрура, делахь а, Масега ца яха, яла а реза-м яра.

Дукха йилхина, легаш а гIаргIделла, юьхь а йистина, нара тIе йоьжна Iуьллу Бусана чIогIа ойланаш еш Iуьллура. Бусана дааза-малаза юьзна яра, кхунна Бешто дагара ца волура. Ойланаш еш Iуьллучу кхунна цIеххьана цхьа хIума дагадеара. И шена дагадеача, хIара берахь дуьйна шеца кхиина, хIокху сохьта жеро а йолуш йолчу шайн лулахо Эшарп йолчу яхара, шайн кертарчех лечкъина.

— Бусана чуяьлча, Эшарп цIечу тIаьрсаган кIархаш тоьгуш Iеш яра, коре а хиъна, чухьоьжучу малха дуьхьал киса а оьзна.

— Хьуна хIун хилла, ва Бусана? — аьлла, Эшарп, шен тегар а дитна, хьалаиккхира. Бусана, цунна хьалха а йоьжна, ехха йилхира, Эшарпа ма елха а бохуш, хилларг а хоьттуш.

ТIаьххьара а Бусанас, хьала а гIаьттина, шен коьртара Iаьржа кортали Эшарпан кара а тухуш, дехар дира:

— Хьайн делан а дуьхьа, элчанан а дуьхьа де суна аса боху гIуллакх!.. Эшарп, хIинца ахь суна накъосталла ца дахь, со хIаллакьхуьлу-кх, дехьа, Эшарп, суна накъосталла!.. Тховса со Масе дIало-кх, яккхахьа со балех хьалха!

— Вай дера дийра ду-кх, Бусана, сайга далург-м, хIун де ас, Бусана? Ахь бохург со деш ю-кх, — аьлла, Эшарп, хьеран тIулг санна, аьгна йолу шен юьхь жимма ела а къажийна, юха а йистхилира. — Ас хIун дича бакъахьа хета хьуна, схьадийцахьа, Бусана, хIун де ас?

— Эшарп! ХIуъу дай а, Бештох цхьа-ши дош дIатоха хьажахьа, хьуо тешачу цхьана стагехула делахь а, я айхьа делахь а.

— Ас и дича, хьан гIуллакх кхочушхуьлий?

— Хуьлу хьуна, Эшарп, тIаккха сан гIуллакх кхочушхуьлу хьуна.

— И-м хала гIуллакх дац, Бусана, схьадийца, хIун ду иза. И-м ас хIокху сохьта цунах дIатухур ду хьуна.

— Эшарп! — аьлла, Бусана, елхаран къурдаш а деш, юха а йистхилира. — Со, Масе а яхана, яха ца хаа, Бештога а яхана, суо ейта реза ю-кх. Тховса со Масина йига нах богIу, со тховса, уьш бахкале а, баьхкича а, сайн аьтто ма-белли, тхешан беша а еана, керта йистехь ша лаьттачу такхора юккъе йоьр ю, хьайна со еза а езахь, аса айса-сайна тухийла а ца лаахь, Бештога, ван а воле, тховса цу ас буьйцучу такхора юххехь со ларъе алахьа... Эшарп! Хьоьга баха гIуллакх доцу дела а, сайна, хIинццалц а вайшинна юккъехь мел тешам лаьттина, хуу дела а ас хьоьга хIара гIуллакх ма хьахаде а ца олу.

— Ас и дуьйцу, ца дуьйцу-м тIаьхьа бен хуур дац хьуна. Ас, суо яла ца леш йисахь, и гIуллакх Бештох дIатухур ду хьуна, цунна ахьа хIумма а са ма гатде, хIинца чехка цIа а гIо, цIеранаш вайшиннах шекбовлале, — Эшарпа аьлча, Бусана, къевллина иза мара а йоьллина: «Эшарп! Эшарп! Со хьох тешна ю-кх», — аьлла, шен корталица юьхь дIа а лачкъийна, чехкка цIа яхара. Цуьнан дог тахана Iуьйранначул дикка пагIатдаьллера.

IX

Эшарп, кIархаш, пазаташ тIедуьйхина а яьлла, шен можа кортали дIатуьллуш йоллуш, хIара йолчу чувелира кхуьнан шича а, Бештон доттагIа а волу жима стаг Бета: «Дика мел дерш кху чу... Хьо хьуо ма ю, Эшарп? Стенга бахана шун къонахий?» — аьлла.

— Уьш бахий ахь?.. Уьш балха бахана бу-кх, — аьлла, Эшарп, ела а къежна, юха а йистхилира. — Ма дика ду, Бета, хьо вогIуш... ХIинца хуур ду-кх, хьуна хьайн доттагIа Бешто мел веза...

— ХIунда бах ахьа? ХIун хилла хIинца? — аьлла, Бетас даиманна а цхьаъ вистхилча шен долчу гIиллакхца жимма корта а таIош, шен хьаьрса жима мекх схьалецира.

— Хьайн доттагIчунна накъостalла дан лаьий хьуна? — аьлла, Эшарп елакъежира.

— Лаьа, къорIанор, ахьа-м доттагIчунна боху, доттагIа воцчунна а-м суна накъостalла дан!..

Эшарпа, шенчул атта Бетин аьтто хир буйла хууш а, иза Бештон воцуш ца тору накъост вуйла хууш а, Бусанас шега аьлларг, башха дукха ца дестош, дIадийцира. И шега дийцича, Бусана бахьанехь Бешто хIинца а сагатдеш вуйла хууш волу Бета, шена хезинчух боккха кхаъ хилла, — хIара хаза кхаъ, тIерачу дала со вен ца вехь, аса Бештога дIабуьйцур бу, тIе, со цунна юххехь а хир ву, — аьлла, Бета чехкка араиккхира.

Готтачу урамехула, мох санна, хьаьдда вогIучу Бетина дуьхьалкхийтира Бештон маьхча Зикара.

— Бешто цIахь вуй? — аьлла, Бетас хаттар дича, башха боларна чехка а воцчу Зикарс, шен Iаьржачу доккхачу куьйгаца мара а цIанбина, — вац, хIун дора ахьа цунах?..—элира.

— Стенга вахана иза? Цхьа чехка гIуллакх дара-кх сан цуьнца!

— ХIокху кIиранах ша марзвеллачу кIотара вахана ву-кх иза хIинца а.

— Билггала ваханий иза, хаьий хьуна?

— Дера, вахана-кх, соьгара верта а эцна, Хедижатца ирахьIен воьду ша, аьлла, дIа-м. ТIе, цуьнан нана шен цамгарна жимма чIагIъелла хиларна, хIинца со и цIа вало ваха тхешан говр кечъян воьдуш а ма ву.

— Ой, цIехала хьо белхан делаI, ма дош дацара-кх хIара дан-м ткъа! — аьлла, Бетас, цкъа соцунгIа а хилла, юха а Зикаре ма-дарра Бештоца долу гIуллакх дIа а дийцина, элира:— Хьан говр цу орца кIотара йига сов тIийла ю, со хIокху сохьта тхешан говрахь цунна тIаьхьа гIур ву. Тхойшиъ цIа мича хена кхочур, ца хаьа суна, тхоьга ца хьоьжуш, хьайн ваша Хьамид а, сан ваша Решид а эций, маьркIажан бода къовлабеллачул тIаьхьа Бусанас ша хир ю аьллачу такхора юххехь и ларъелаш. Тхойшиъ а, кхиахь, тIевогIур ву шуна, — аьлла, Бета чехка дIаиккхира, Зикар а, шен кIезиг болар чехка а даьккхина, цIехьа вахара, шена тIедиллинчу гIуллакхана кечо ян.

Шайн керта кхаьчна Бета, воьддушехь божал чу а вахана, шен Iаьржа дин араозийна, цунна нуьйр а тиллина, чувахана шегара кхелина шаьлта охьайиллина, Iаьржа кечъеш ЖугIартахь йина шаьлта схьаэцна, чуьра схьаозош, цуьнан иралле а хьаьжна, верта а эцна, араиккхира. Бета чехконца, верта гIонжакъе а дихкина, «ХIун до ахьа, жIаьла, хIинца а цхьанахьа тIехь Iен доьду хир ду хьо!» — бохуш, шен дас корехула чуьра ара мохь бетташехь, «хIинцца схьавогIу со-м», — аьлла, чехконца говра тIе а хиъна, кех иккхира. Иза, цу тайпана чехка юьртах а иккхина, къайлавелира.

Орца кIотарахь, цхьана лохачу, жимачу цIа чохь Хедижатца ирахьIен Бешто дикка шен сакъерало а моттуьйтуш, йоIаца чIогIа хабар дуьйцуш вара, гоьл тIе ког а баькхина, цигаьрка а уьйзуш. ХIара шиъ наран шина маьIIе а хиъна Iара, кху шинна юккъе хиъна цхьа жима йоI яра, ханна итт шо хир долуш. Цу йоьIан кху шимма дуьйцучух са ца къералора, иза наггахь набарна охьайоьдура, амма юххе Iаьчу Хедижата, шен дилхе цIечу куьйгаца муьшка а йой, сама-м йоккхура.

Бешто, шен нанас, ша ялале зуда ялае, аьлла, шега дехар дарна, Бусана шега ца еъча, цхьана а зудчух шен чам ккхетар боццушехь, кху Хедижатана тIехьаьвзинера, хIара, ша санна, къен хиларна, атта шега йогIур ю, моьттуш. Амма Хедижата а кхунна жимма куралла йора, шен йиша а цхьана дукха бежнаш долчу стага йигча, ша а ишта цхьана таро йолчу стага юьгур ю, моьттуш. Ца хаьа, Хедижатана моьттург чекхдер ду, дац-м. Бакъду, Хедижат шен маре яхана йиша санна хаза-м яцара. Хаза цахиларх-м зуда юьгуш ду. Безамо хазалла ца лоьху — «хазалла сарралц, дикалла — валлалц» бохуш ду дан-м, делахь а Хедижатан салаьттачу наха, хьеран тIулг санна, аьгна йолу кхуьнан юьхь ца лоьхий-техьа аьлла шеко-м яра.

XI

— Ца хаьа суна-м, Хедижат, хIокху ялх-ворхI баттахь а ахь хьайн маре яхан дог дац баьхча, хьоьга хIун эр ду... — аьлла, Бештон къамел хадале, кху керта говран дур деара, корах ара хьажа аьлла Бешто дIавоьрзуш: «ХIей, нах! Бешто вуй кхузахь?»—аьлла, уьйтIахь мохь белира. Корах ара хьажжинчу Бештона Бета вевзира, хIара, чехкка кор а диллина, вистхилира:

— Ву со-м кхузахь, эцца гоьзанах хьайн говр дIа а тасий, схьа чу вола.

— Чу веана Iен йиш яц, же! же! чехка араваьл!

— Ой, хIун хилла? ЦIе-х ца яьллий?

— Бешто! Битахьа бегаш, чехка, чехка аравалахьа!

Бета сихвеллий, бос байний вайча: «Цхьаъ доцуш-м дац хIара», — аьлла, Бешто, араиккхина, Бетина чехкка тIе вахара.

— Же, Бешто! Хьайн говра тIе валал чехка!

— Ой, хьо хьерваьлла? Я эпIийна? ХIара хIун ду? Схьадийцахьа цкъа! — аьлла, Бештос куьйгаш тесча, Бетас, говра тIера чу кхевдина, ккуьнан лере а таьIна, шега Эшарпа Бусанин хьокъехь дийцина гIуллакх ма-дарра дIадийцира. Цул тIаьхьа Бешто, чехка чу веана, Хедижате ша ларамаза дIавахарна бехк ма билла а аьлла, дехьа чу вахана, йоккхачу стагей, цуьнан несей маршалла а делла, араиккхира.

— Говр мичахь ю хьан? — аьлла Бета юха а вистхилира.

— И, къорIанар, ю ас цхьана кIанте яжо йигийтина.

— Ой, ткъа хIинца вайшинна и мичахь карор ву?

— ХIокху басох чу ма-воьсси йолчу цанашка воьду ша, элира цо ала-м, — аьлла, Бешто кех арахьаьдира.

Схьавоьл, хIоккхуза суна тIехьа говра тIе хаал хьо, вайшиъ хьело-кхи, — аьлла, говрахь волу Бета шена улло таьIча:

— Ой, дIавала, кху кIотарара аравалалц бакъахьа дац,— аьлла, Бешто юхагIортарх, вита а ца витина, иза шена тIехьа а хаийна, Бетас шен Iаьржа говр дIаэккхийтира.

Аьрру агIор басех чубоьдуш болчу новкъахула воьдучу кху шиннан бер тIехь шайна дуьхьал йогIучу Бештон говрах бIаьрг кхийтира. И говр чехка а, тIерачу беран бертахь а йогIура.

Кхарна герга кхача доьлча, Бешто вевзинчу цу беро говр сацийра. ТIаккха шаьш цунна тIекхаьчча, Бешто: «Ой, борз, хьешан говр, яжон юьгу а олий, хоьхкуш хуьлу ткъа? — аьлла, велакъежча: «Со делах волийла, ас хIара хехка-м хихкинехь. ХIинцца, ас юха ийзошшехь, ша вадийра-кх хIокхо со»,— аьлла, и бер говра тIера охьадоьссира.

— Даьлла хьацар-м тера дац, марша Iойла хьо, жима бере, — олуш, чехка шен расхачу дина а ваьлла, Бешто дукха гена ца ваьллачу Бетина тIаьхьатилира.

XII

Малх делкъал дикка тIехъиккхинера, цо соьналла яйина, меттах а ца хьовш лаьттачу стиглара мокха мархаш, евдда, гуш яцара. Баьццара аренаш, малх Iаьткъина, тIехулара мажъеллера. Кху шерачу арахь лаьтта кIай, муккхий, буцций гIийла хьоькхучу мохо, дикка хьаьжча, къаьсташ, жимма лестайора. Царна тIехула наггахь гуш хьийзаш чуьркийн вай а дара. ХIара аре кхачалуччуьра аьрцнаш, гена хиларна, кегий-

ра а, Iаьржачу басахь а гора. ХIара аре шина декъе екъна Iуьллучу некъа тIехула, дикка хьаьжча, къаьсташ, геннахь, цхьа-ши гIаларт догIура.

Дукха хан ялале и ши гIаларт гучуделира, и шиъ — Бештой, Бетий вара. ХIара шиъ, хьалха ялареx къуьйсуш говраш хаьххича санна, чехка вогIура, кху шиннан говрашна хьацар чIогIа даьллера. Амма Бештон говрана хьацар къаьсттана чIогIа даьллера, тохара кIотарахь беро а и хехкарна. Цунна даьлла хьацар кIайчу чопане дирзина догIура.

ХIара шиъ, кест-кеста шайн гIончакъехь дохкучу вертанех куьйгаш а Iуьттуш, куйнаш охьа а теттина, вовшашна тIеттIа таьIIина вогIура, шайн говрийн кхесийн даххаш тIе чIенгаш йохккуш, бертал а вахана.

Бешто, шен говр чехка яхарх, ца Iабара, кхуо юкъ-юкъа голашца шен говран йора дегI Iуьйдура. Кхуьнан кийра цIе яьллера, шаьш новкъа ваьллачул тIаьхьа шега Бетас, шен нана цамгарна гIелъелла, аьлчахьана. ХIокхунна цкъа сурт хIуттура, шен нана яла а елла, чохь боьлхуш зударш Iеш, тIаккха сурт хIуттура, Масас шен къена ши куьг Бусанин кIайчу дегIа тIе кхийдош а, Бусанас: «Ва! Бешто! Ца хили-кх хьо тахана со кху балех хьалхаяккха цIахь!» — бохуш, Масин юьхьа тIе мIараш туьйсуш а. ТIаккха Масас: «Стенна туьйсу ахь, котамо санна, мIараш? Хьо хьаьнгахь ю, ца хаьа хьуна? Хьо-м Бешто бохучу цу кIиллогахь яций! Хьох томана дахьийта кхузткъа туьма цIена ахча-м Бештос ца кечдиний!» — аьлла, Бусана цIенкъа вон бертал тухуш а. И сурт шена дуьхьалхIоьттича, Бештос, кийрара дог тохалой, шен Iаьржачу хьаьж тIе шад а хIоттабой, говрана шед тухура.

— Ма еттахьа цу говрана шед, кIелвуьсур ву-кх вайшиъ,— элира шен лекха Iаьржа холхазан куй кагбеш чу а таIийна вогIучу Бетас.

— Тахана а ца тоьхна кхунна шед маца тухур ю? — аьлла, Бештос юха а шен говрана шед туьйхира.

— ХIун дийр ду хьуна хIета? — олуш, Бетас, шен говрана шина агIор шозза шед а тоьхна, шен говр хьалхаэккхийтира, амма дуккха хан ялале Бештон говр цунна тIаьхьа-м кхиира.

ХIара шиъ иштта оьхуш, малх дикка чубуза герга бахара. Шен ненан са далале тIекхача лаар кийрахь алсам долчу Бештон, хIинца гуш йолчу шайн юьртан момсарна герга мел таьIи, кийрара дог, кхоьруш, чехка детталора. Кхуьнан Бусанина чIогIа са ца гатдалар—хIинца а бода болаза хилар дара.

Дукха хан ялале кхарна шайн юрт дикка цIена ган елира,

наггахь ирахболу кIур а гуш. Бештона, шайн говраш яла йийш-шина ягIахь а, шаьш хIумма а чехка доьлхуш ца хетара, кхуо, ша туху, ца туху а ца хууш, кест-кеста шен говрана шед тухура. Кхеран говраша чехка, чIогIа еттачу бергийн татано бацалахь екачу цаьпцалгийн екар ца хозуьйтура. ХIаваэхула ловзуш лела чIегIардигаш, кхарна тIекхочуш цкъа лахлой, «некъ дика хуьлда шун» бохуш санна, цIехьана чехка дека а декий, юха тIемаш а тухий, генна лакха довлура.

ХIорш юьртан бежан ара кхочуш малх, къайлабала, дикка охьакерчинера. Цу арахула, наггахь беца тIе охьа а кхевдаш, цIехьа боьдучу бежан Iу, Бештой, Бетий кирхьа къевсина вогIу ши бере ву, моьттуш, саца а сецца, кхарна тIера бIаьрг дIа а баькхкина, кхарна генна тIаьхьа хьоьжуш лаьттара, хIинций-хIинций нускал далош богIу замой гучубевр бу, бохуш. ХIара бежан Iу, геннахь шена цхьа Iаьржа гIаларт гучудаьлча, юкъах йоллу нохчийн тапча схьа а яькхкина, и кечъян хIоьттира. Шен дагахь: «ХIинцца уьш схьакхочур бу, тIаккха, ас хIара тапча кхоьссича, цара суна гIаддайча а йовлакх я кисет тосур ю... дела да сан гIад!» — бохуш, вела а къежаш.

Шаьш юьртана дикка герга кхаьчча, гонах серийн керт а йолуш лаьттачу шайн бахаман кертахь дIасалелаш адамаш ца гича, Бештон дагна паргIато хилира, шен нана еллехьара, иштта хир дацара-кх, аьлла. Цу бахаман кетIахь, тIаьхьарчу когаш тIе а хиъна, БештогIеран месала къорза жIаьла Iара, роггIана цхьацца лерг а уьйбуш, Бешто цIа вогIу ларвеш санна, хIинца и вогIучу новкъа а хьоьжуш.

БештогIеран цIийнан уьйтIа долучу кора кIелхьарчу меттара Бештон нана РакаIат къилбехьа а ерзийна Iуьллура. Цуьнан юьхь дикка иръеллера, шен таыIина ал ши бIаьрг цо наггахь бен вовшах а ца тухура, иштта наггахь бен са а ца доIура.

Цуьнан гIевланга хиъна Iаш кхеран лулахо йоккха стаг яра, шен хебаршка ихинчу юьхьа тIера кегий бIаьргаш РакаIатана тIера дIа а ца дохуш, нанас йина йиша хилла, кест-кеста цуьнан коьрта тIе куьг а дуьллуш. РакаIатана дехьа агIор чучча когаш а бехкина Iаш молла а вара, цкъа еса дешна а даькхкина, къорIа вовшах а тоьхна, наггахь балда меттах а доккхуш, дагахь цхьаъ доьшуш Iаш.

И йоккха стаг, Бешто цIа вогIу ларвеш, наггахь корехула керта а хьоьжуш, Iаш яра. ЦIехьана дIахьаьжинчу кхунна гира, цхьаммо эккхийна валош санна, чехка керта эккхаш Бешто а, Бета а. Малх а чубуьзна баьллера, са а дикка дайнера.

Говрара охьаиккхина Бешто, «цхьана бере хIара говраш

дIасаозо лохьа!» — аьлла, чеккка чувахара, Бета, шайн говраш а эцца чехка кех а иккхина, лула керта хьаьдда, цхьа бер а даькккхина, цуьнга говраш дIасаийзо а елла, БештогIеран чу вахара.

Чуваьлла Бешто чуьрчу моллегий, йоккхачу стагей: «шу а дара кхузахь?» — аьлла, царах цIеххьана шен нанна улло гIорта бехк хеташ, цкъа неIарехь сецира, тIаккха йоккхачу стага: «Бешто, схьаволахьа хьайн бабина улло, хIара-м хьоьга чIогIа сатуьйсуш ярий», — аьлла, цунах бехказло хилла, Бешто, чеккка шен нанна улло а вахана: «Баба! Ахь хIун до?» — аьлла вистхилира.

Юххе Iачу йоккхачу стеган бIаьргех, кхунах къахетта, хи хьаыдира. Бешто, оцу заманчохь РакаIатан хьаьж тIе куьг а дуьллуш, улло охьахийра.

Бешто, уллохь Iачех эхь ца хетахьара, воьлхуш РакаIатна тIеветталур вара. Цуьнан бос байнера, бIаьргаш гIеххьа хих дуьзнера, нанна ша ца вевзича. Чуваьлла Бета, тIехьа ши куьг а диллина, неIарехь лаьттара, кест-кеста корехула ара а хьожуш, чехка тIехIуттуш лаьттачу маьркIажан хенан ойла а еш. ЦIеххьана дагаваьллачу Бетас, кора тIе вахана, кхеран жима лампа латийра, чохь гIеххьа серлаелира. Цул тIаьхьа, Бешто кхайкхина ара а ваьккхина, Бета, цуьнга «хьайн нанна юххехь хьо чохь саца» аьлла вукху накъосташна тIе а вахана. Бусанас йиллинчу метте гIур ву ша, аьлла, дIавахара.

XIII

МаьркIажал тIаьхьа дукха хан ялале сира ши говр а йоьжна йолчу цIеначу тачанки тIехь, Бусанина захало хьахийна молла а юкъахь, ХизаргIаьрга кхо стаг веара. Хизар, тховса уьш богIийла хууш, цIера ваьллера.

Зуда йига баьхкина хьеший ХизаргIеран сов цIа чохь бара. Уьш чубаьхкина дукха хан ялале царна хьалха шун хIоттийра: сискалгIин хьовлий, кхерзина жижигтий, дуткъа дина чIепалгашший, башха говза ца дина пулу а юкъахь. Учахь кхехкаш шиъ самовар яра. Чайнаш дуьттуш, дIасалелаш ВахIидан, Хьасанан накъостий а бара. Кертахула чехка дIасалелаш нах а, зударш а бара. УьйтIа юккъерчу гоьзанах кхозуш латийна панар а яра.

Ото чохь, цкъа южуш, тIаккха ирахIуттуш, йоьлху Бусана,

хIинца билгал ша Масина дIайига на ели, моьттуш, чIогIа йоьхна яра. И кечъян гIерташ цхьацца зударш а, ккуьнан ний-сархой-мехкарий а бохкура. Кест-кеста чубогIий, баккхийчу зударша Бусанина барт а тухура: «Лийра-х яций хьо, цуьнга яхча, цкъа хьайн наха бохург а дай, дIагIо, ца тахь, юхайо-гIур-кх», — олий.

Цу дешнашка Бусанас кIезиг ладугIура. Дукха елхарна иза йиш а хаьлла йиснера. Иза мохь хьоькхучуьра саццалц бохуш, совцийна лаьтташ и йига баьхкина нах а бара.

ТIаьххьара а, кIайчу дарин коч а юьйхина, бутт болу кIайн чилланан кортали а тиллина, Бусана кечйира, амма иза йоьлхучуьра тен-м ца туьгура.

Цхьа зама яьлча жимма йоьлхучуьра тийна Бусана, шена уллохь лаьттачу Эшарпана юххе а таьIана: «Цкъа араяла вайшиъ, кху чохь садукъделла-кх сан», — аьлла йистхилира.

— Яла дера-кх, — аьлла жоп делла, Эшарп хьалха а йолуш, хIара шиъ араелира. Чуьра зударш а, кху шинна цхьа гIуллакх ду, моьттуш, кхарах шек а боцуш, IадъIийра...

УьйтIа яьлла Бусана, Эшарпе, арахь жимма хьелой, чу гIо а аьлла, ша Бештона йиллинчу метте а яхана, такхорах юьйлира, шена дуьхьал гIодамийн цIов а лоцуш.

Дикка лаьттира Эшарп. ТIаккха цо, чу а еана, ша йоьхна кеп а хIоттийна, чехка са а доьIуш, элира:

— Бусана, бешахула ара а иккхина, хитIа боьдучу новкъа дIаеди, аса ша юха ийзошшехь. — Чуьранаш чIогIа боьхна хьаьвзира. Бусанин нана, хIинца билггал шен кIенташа я майрачо Бусана юьйр ю, аьлла хеташ, елха хиира. Шеца ши накъост а ваьккхина, ВахIид Бусана яхана бохучу агIор ведда тIаьхьа вахара. Хьасан, шайн борачу шина алашина нуьйраш а техкина, шеца цхьаъ ваьккхина, чехконца Бусанина тIаьхьа велира. Кху керта гулбелла кхеран бу боху нах маьI-маьIнехула Бусана лаха дIасахьаьвдира, иштта цхьаболу баккхий зударш а хьаьвдира.

Зуда йига баьхкинчу баккхийчу нахе кхара Бусана еддий ца хаийтира. И хьеший, шайн хIума а юуш, цхьацца къамелаш а деш, Iара шаьш долчу веанчу ХизарагIеран цIийнан хьалхарчу воккхачу шина стагаца. ХIара хьеший цIенкъа тийсинчу кузаш тIехь Iара, чучча когаш а боьхкина, боккха гуо а бина, шайн дагахь, хIинца шаьш юуш йолу хIума йиъна девлча, дIагIор шаьш, бохуш. Амма Бусана шайн бешарчу такхора юккъехь-м йоллура, наггахь, цIов дIатоттий, кертал арахьа готтачу урама-новкъа дIаса а хьожуш. Кхунна тIехдолуш а,

кхунна тIедогIуш а адам дацара, кхунна цхьа адам дистхуьлу а ца хезара. Бакъду, кхунна кху юьртахь а, маьI-маьIнехь шена гена доцуш а жIаьлеш лета-м хезара.

ЦIеххьана Бусанина хезира аьрру агIорхьа кху готтачу урамехулу кертаца тебаш шена тIедогIучу адамийн тIовгIа. Уьш виъ стаг вара. Уьш бара Бетий, Зикарий, Решиддий, Хьамиддий. Уьш, куйнаш бIаьргаш тIе а теттина, шаьлтанаш тIе куьйгаш а дехкина, тебаш, дуьххьал Бусана йоллучу таккхора тIе богIура. Царна, кхуза бахка арабевлча, эвла юккъехь хезнера, Бусана яда а едда, цуьнан нах и лоьхуш бу, бохуш. Цундела, хIорш шаьш гучубовларна кхоьруш, меллашйй, тебашший лелара. Тебаш, текхаш, шена цхьа адамаш тIе догIуш санна хетта, Бусана шекьелира, уьш, шайца Бешто волуш я воцуш, ша дIайига богIу цуьнан накъостий бу, аьлла. Сирло хиллехьара, Бусанина уьш бевзар бара. Амма стиглахь нагтахь бен гуш седа а боцуш, Iаьржо хиларна Бусанина, хIорш маса стаг ву а хууш, уьш ма-барра ца бевзира, тIе, БетагIар а, дика са ца гуш, коьллеххий, нехан кертеххий тийсалуш, меллаша а богIура. Бусана хIинца кхераеллера, шен нахах шайна тIе цхьа стаг а кхаьчна, ша бахьанехь цхьа зулам даларна.

ХIун гIуллакх ду Бусана кхера? ХIорш-м гучу ца бовла а мегий. ХIунда бовлура хIорш гучу жимчу Бусанин дог дохо а, Бештон дог лазо а! Ца бевлча ца мега хIорш гучу? Хилча ца мега сел дог Iовжийна, сел гIийла йисинчу Бусанин тховса аьтто?

ХIан-хIа! Бусана хIинца гучуяьлча товр дац. ХIинца, БетагIар шена тIебаьхкича, Бусанас эр ду:

«ХIунда хьеделира шу? Цхьана маьIаргона вай гучудовлуьйтура-кх аша!» ТIаккха Бетас: «ГIовгIа ма ехьа, Бусана, цхьанна хозуьйту ахьа!» — аьлла, цуьнан пхьарс лаьцча, хIорш берриге а, БетагIара тогIи чохь таьллаш кIел йитинчу хIургона тIе а бахана, шаьш кхуза бахкале барт ма-барра, цхьаьллиг-цхьаъ шек ца ваьн воллучу цхьанахьа генна орца кIотара баха чехкка юьртах лелхар бу. Бештона а и хуур ду, тховса шайн нанна дикка гIоле хилча, паргIатваьн волу Бешто а шен динахь кхарна тIаьхьа вер ву. Уьш гена бовлале, схьа а лаьцца, шен говр цхьана накъосте елла, хIургона тIе а хиъна, иза Бусанех хьерчар ву, кхуьнца болчу накъосташа цхьацца бегаш а беш. ХIорш берриш, а бела а буьйлуш, чIогIа къералучу синошца цу кIотара дIакхочур бу.

Цул тIаьхьа, кхо де далале а, даьлча а, Бештон нахий, Бетин нахий, шайн юьртахь бу боху тхьамданашший, дика нах-

хий вовшах а тоьхна, ХизаргІаьрца машар а бийр бу, тамтовр а дийр ду. ТІаккха замой а бахана, кІотарара Бусана юьрта, БештогІеран щІа ялийна, кирхьана тІехьа а хІоттийна, дийнахь-бусий ловзар дийр ду. Керта оьхучу кегийчу а, баккхийчу а наха, цамгар яйелла Іуьллу РакаІат йолчу чу а оьхуш, Бештона далийна нускал декъалдийр ду: «Дика сахьат дойла... АллахІ цІе йолчо хьан даго къобалъечу тайпана тІаьхье беркатен йолда», — бохуш.

Ловзар дІадаьлча, нах шайн-шайн щІа боьрзур бу, тІаккха Бусанассий, Бештоссий масийтта шарахь, чІагІбеш, шаьш вовшашца тесна безам шайн жимчу щІа чохь мерзза буур бу, вовшийн дагара а дуьйцуш, Бештос кест-кеста: «ДІадаханарш-м, вайшимма мел хало хьеггехь а, дІадевллера, Бусана! ХІинца вайшиъ цхьаьна ду-кх! ХІинца вайшиъ ваьшшиннан дегнаша дукха лехнарг кхочушхилла ду-кх!» — бохуш; цунна дуьхьал Бусанас эр ду: «Со тоха ца еллехьара, хІара ишта-м хир дацара хьуна, Бешто. ХІинца хаьий хьуна, суна хьо дукхавезаш хиллийла?» — «Хаьа, хаьа, сан жима Бусана! Хаьа, са хаза Бусана», — олуш, шена тІехула пхьарс баькккхича, Бусанас иза къевллина маравуллур ву. ТІаккха, Бештос цуьнан Іаьржа гиччош лергел тІехьа а тосуш, цуьнан йогу беснеш а лаьцца, чІогІа шена тІе а оьзна, шена а, Бусанина а бІагор боуьйтуш, мерза, чІогІа барт лур бу.

Иштта хир дара, хІинца Бусанина тІебогІучу БетагІара цхьаьнне гучу ца бовлуш, аьтто а баьлла, хІара дІайигча.

Бусана йоллучу такхорана тебаш схьабогІу БетагІар, шайна дуьхьал йогІу адамийн гІовгІа а хезна, чехконца нехан керта а лилхина, лаьтта бертал бийшира, цара ца бевлла бен са ца доІура.

Бусана а, кхечу агІор тІебогІучу нехан гІовгІанаш шена хезча, меттах ца хьовш, нагахь дайн са а доІуш, дІатийра.

СхьавогІучу шина стагах цхьаъ: «ГІирмасолта! Гуттар а ца догІу КІоцІе нускал, бохуш ца хезна хьуна?» — аьлла, велавелира.

— Цунна-м и хир я ца хир, къанвеллачу Масина-х дера ца хуьлу иза, тховса Бусана а яхана-м, — цуьнан накъост а велавелира.

— Масина иза а дера ца хуьлу, Хизарна моьттург чекх а дера ца дели.

— Хизарна хІун моьттура, Іаьлбиг?

— И-м ас дуьйцур хьуна, схьайтал и цІе, — аьлла, Іаьлбига, шен чІогІачу томканан щигаьрка а латийна, юха а эли-

ра: — ЦIа вахана вайшиъ хIумма а дан а ца воллу, хIара цигаьркана оззалц кху керта юххе охьалахло вайша?

— Лахло, — ГIирмасолтас а аьлла, хIара шиъ Бусана йолучу такхорана гена воцуш керта юххе охьалахвелира. ТIаккха Iаьлбига шен къамел дIадолийра.

— Селхана-стомара маьждигехь тхо, делкъан ламазера а девлла, гулделла Iеш, Хизара къамел дира-кхи, жа доло безам бу шен, бохуш... И хилла хьуна, шен йоI жа долчу Масе а ела, цунах вакха воллуш... ХIинца хаьа-кх суна, иза цо цунна аьллийла.

— И захало-м, къайлах дуьйцуш, дан гIерташ хилла Хизар, — аьлла, ГIирмасолта шен вон йогу цигаьрка тоян вуьйлира.

— Хизар-м, нахана хIун ду а ца хууш, доккха цхьогал дай.

— Цуьнан цхьогалалла-м тховса Бештос, Бусанас дохий, моьтту суна, дедда къайла а даьлла.

— Цу шимма Хизаран цхьогалалла а, къорIанор, дохий, и шиъ къайла а дер даьлла. Ца даьллехьара, хIинцале ВахIидагIарна Бусана каро хан яра... — аьлла, Iаьлбига, шен цигаьркан боккха кIур баьккхина, чу туьйхира.

XIV

РакаIатана, гIеххьа йист а хуьлуш, пагIато хилча, кхунна улло Iен молла вистхилира тIехь лаьттачу Бештога:

— ХIинца РакаIатана дикка пIоле а хилла, со дIавахча хIун дара-техьа?

— ХIара хIинца-м, цхьадика, пагIат ю, хьан гIуллакх хир ду, дIавахча мегар ду хьо-м, — аьлла Бештон къамел хедаш, кхеран керта говран дур а деара, оцу минотехь кхеран уьйтIахь: «Бешто!» — аьлла мохь а белира.

Бешто, шен дагахь: «Сан накъостий бу-кх, уьш», — аьлла, чехкка араиккхира.

— Бешто! Хьо вуй хIара? — аьлла, тIе а чевхаш, шен накъостаца цхьаьна кхеран керта иккхина Хьасан вистхилира.

«Ва! Со ву хIара-м, охьадисса», — аьлла, Бешто шайна тIеволавелча: «Ахьа хIун дей?.. ХIокху делан сохьта тхан зуда схьалол, хьайна хьайн са дезахь», — аьлла, Хьасан, говрара охьа а иккхина, шаьлтана тIе куыг а диллина, кхеран чу волавелира.

— Ой, дIадовла, шу хьерадевлла? Я эгIийна?..

— Хабар-м дуьйцур а дацара, — аьлла, Хьасанан накъост а, говрара охьа а иккхина, Хьасанна тIаьххье чухьаьдира.

— Соьгахь шун зуда а яц, эцца чохь Iуьллуш цомгаш тхан нана ю, и кхерор ю аша, деладуьша, довла духа, — аьлла, Бештос, пхьаьрсаш а даржийна, Хьасан, цуьнан накъост чу воьдучуьра юха теттира.

— Ой, хьан да валла хьакхица! Хьуна хIун моьтту? ДIавала! ДIавала тхуна хьалхара! — аьлла, Хьасан, шаьлта а яькхина, чугIоьртира.

— Ма дийца хьашт доцург, дIадовла сан кертара, соьгахь шун зуда а яц, кхунах цхьа зулам дан гIерта шу.

— ЭхIей! КIилло яI, и зуьдан хабар гой хьуна цо дуьйцу? — аьлла, шен шичо Бештона шаьлта айичи, Хьасана: «Ахьа ядор яра сан йиша? Ахь хIиттор дара тхо юьхьIаьржа? — олуш, Бештона коьртах шаьлта туьйхира. Бешто, сов чIогIа бIагор беана, хьаьвзаш, гуо а боккхуш, шайн уча аркъал охьавуьйжира, шен лаьттара ши ког, садаьллачу стага санна, дIа-схьа а хоьцуш.

Кхеран гIовгIанаш а хезаш, аравала кхера а кхоьруш, Iен молла тIаьххьара а, араиккхина, уча велира Бешто меттаваза Iуьллуш вара. ХьасангIар, Бешто шайн керах вели, моьттуш, чехкка шайн говрашка а хевшина, кех лилхира. Молла, бIаьргаш а къаьрзина, цецваьлла лаьттара, цкъа шена гуш кех лилхинчу ХьасангIарна тIаьхьа хьожуш, тIаккха нагахь са а доIуш Iуьллучу Бештога хьожуш.

Шайн кертахь яьлла гIовгIанаш а хезна, билггал и хIун ду ца хуу, кхераелла Iен РакаIат а, иштта кхераелла цунна уллохь Iен йоккха стаг а, хорша еъча санна, эгайора.

Дикка саметта деана Бешто, хьала а гIаьттина, моллас лаца а лаьцна, чувигира. РакаIат йолчу чу волуш Бешто, корта белша тIе а биллина, цхьа агIо а оллийна вара. Бештона шаьлта коьртан агIо а лоцуш кхеттера; цуьнан юьхь мелчу цIийх юьзна, дика къаьсташ яцара.

Верриге цIийша а вуьзна, лаца а лаьцна, чувалош волу шен кIант вевзина, РакаIат шен доцчу гIоранца кIегархиира. Цуьнан юьхь къаьрзинера. Цуьнан бIаьргаш оцу бIаьрган негIар тухучу ханна хих дуьзира, иза йистхилира меллаша:

— Бешто! — аьлла. Шозлагlа а иза цхьаъ ала юьйлира, амма, кхин йист ца хилалуш, дог лоцуш шаьлта шена Iоьттича санна, охьа-м яхара, вуьшта а цамгаро чIогIа ницкъ бина кIелйисина йолу РакаIат, шен кIантана, цIеххьана кхайкхина ара а ваьккхина, чевнаш яр ла а ца делла, садаьлла йисира.

Бештоний, цуьнга юьхь юьлуьйтуш воллучу моллиний, Бештона коьртах ехка хIума лоьхуш йоллучу йоккхачу стаганий РакаIатан садаьллийла ца хаьара.

Моллас, йилина, тоьъарг юьхь цIан а йина, йоккхачу стага чов гатанца дIа а йихкина, Бешто РакаIатана тIеволавелира, хIара тIевогIуш РакаIата хIун до-теша, аьлча санна, цуьнга хьаьжинчу моллиний, йоккхачу стаганий РакаIат садаьлла Iуьллий хиира. Йоккхачу стеган шийла мохь белира. Бешто, воьхна, цкъа юха хьаьжира, тIаккха йоккха стаг шел хьалха а эккхаш, РакаIатана тIехьаьдча, дIахьаьжинчу цунна шен нана еллий хиира; «Баба!.. баба!.. — аьлла, Бешто, шен корта а лоцуш, РакаIатана улло вуьйжира. ТIаккха хьала а айавелла, шен ненан юьхьа тIе куьг а хьоькхуш, кхуо юха а элира:

— Баба!.. баба! Ахь хIун дин?.. баба! Ахь хIун дин? — Кхуьнан бIаьргех мела хи хьаьдира, ненан са даларо кхунна шена коьртах хилла чов йицйинера, хIара, цунна улло а воьжна, воьлхуш Iуьллура.

XV

Бусана йоллучу такхорана гена воцуш охьалахвелла Iен ГIирмасолтий, Iаьлбигтий, шаьшшиннан цигаьрканаш оьзна а ваьлла, хьала а гIаьттина, дIаволавелира. ГIирмасолтел хан-на жимма къено волу Iаьлбиг, вела а велла, шена тIаьхьа хIоьттина дайчу боларехь вогIучу ГIирмасолте вистхилира:

— Кхин ца хаьа суна, ГIирмасолта, Бештон кара нускал а кхаьчна, хIинца дуьйна цуьнан хIумма а екъачохь Iайла а яц-кх.

— Ойт! Давала цу меан делаI-кх! Тховсалерчу цхьана буьйсанна делахь а, хьуна я суна йоцу!.. ХIа?.. Iаьлбиг! Реза хир варий хьо? — аьлла, шена хьалха воьдучу Iаьлбигна бел-шах куьг а тоьхна, ГIирмасолтас юха а элира: — Делан а дуь-хьа, Iаьлбиг, ма нисъеллий, кочий яра-кх Бусана, ян-м ткъа!.. Гинерий хьуна, Iаьлбиг, иза ловзаргахь, шен шуьйра накха тIе а боккхий, бад санна, техка а техкаш, хелхайолуш?

— ДIавалахьа, ГIирмасолта, вайшиннан тховсалера наб яйа гIерта-кх хьо! — аьлла, Iаьлбиг велавелира.

— Ян-м мухха́ле а йовр яра тховса наб... даваларг, Бусана вайгахь а йолуш йовш елхьара бакъахьа дара-кх.

Кхоьруш, кийрара дог детталуш делахь а, кхара дуьйцург хазделла, Бусана ша йоллучохь ела а къежаш лаьттара.

Нехан кертахь бертал Іохку БетагІар а, вовшашна муьшканаш а теІош, цергашца балдаш а лаьцна, буьйлуш Іоххура.

И ши стаг дІавахча, БетагІар, меллаша кертал сехьа а лилхина, Бусанина тІебаьххкира, и йолчу серийн кертал сехьа иккхинчу Бетас гІо а деш, Бусана кертал дехьа яьккхира, тІаккха ша дехьа а ваьлла, Бусанин пхьарс а лаьцна, чехкка дІаволавелира. Кхеран цхьа накъост кхарна хьалха велира, Зикарий, Хьамиддий тІаьхьахІоьттира.

ХІорш кху готтачу урам-новкъахь дукха тена бовлале, кхарна говрашкахь шайна дуьхьал цхьа нах богІуш санна хийтира. Говрашкахь вогІург Хьасанний, цьунан накъосттий вара, Бусанех дог а диллина, баккхийчех дагавала шайн цІа вогІу.

БетагІар, шайна уьш хаа ма-белли, шаьш тІекхаьчначу кертал дехьа лелха буьйлира, амма цІеххьана ХьасангІар тІе а кхаьчна биса-м бисира.

Бусана а юкъахь БетагІар шайна бевзича, Хьасанний, цьунан накъосттий, говрашкара охьа а лилхина, кхарна тІе хьаьдира, кхарна дена а бохуш, шаьлтанаш а яьхна. Бусана, йоьхна, Бетех хьаьрчира. Бета, иза а эцна, кІегарволавелира, кхуьнан накъостий, шаьлтанаш а яьхна, ХьасангІарна дуьхьало ян буьйлира. Хьасаний, цуьнан накъостий кхарна тоха мосуьттазза а шаьлтанаш ластийра, амма, хІорш, юх-дІас хьодий, церан шаьлтанаш кІел шайн шаьлтанаш а тосий, ца кхеташ биса-м буьсура. Бетин накъосташка ХьасангІарна вуно атта шаьлтанаш етталур яра, делахь а хІорш ІаддаІара, тІейогІучу заманна шайн хинболу захалш уьш хеташ, царна шаьш тухур ю а муттуьйтуш, тоха а ца тухуш.

Иштта хьерчаш хІорш кІегар богІуш, Бетина дагадеара, уьш хьерчачохь а битина, Бусана кІелхьараяккха. ТІаккха Бета, къевллина Бусанин пхьарс а лаьцна, ведда вогІуш, дукха гена валале, урам-новкъа схьа ца ван нехан керта эккха сецча, кхунна гира шайна дуьхьал вогІуш Бусанин ваша ВахІид. ВахІид, тогІи чохь цхьа шеко шеца йолуш таьллаш кІел лаьтташ хІургон ю, аьлла, мотт хилла, вогІуш вара. Амма БетагІарна дикка герга кхаьчча, уьш ма-барра бовза а бевзина, цергаш а хьакхийна, шаьлта баттара а ийзош, кхарна чухьаьдира.

Бусана, чІогІа йоьхна, мохь а ца хьакхалуш, йист а ца хилалуш йиснера.

Шена тІехьаьдда вогІу ВахІид вовза а вевзина, Бетас, Бу-

сана шена тIехьа а лаьцна, юха кIегар а волалуш, шаьлта а яьккхина, ВахIид кхеро дагахь, мохь туьйхира:

— ТIе ма воьллахь! ТIе ма воьллахь! Везачу делор, ву ас хьо кху шаьлтанца ворур! — аьлла.

— Ахьа-м ворур я ца ворур, кIилло, ас хьо-х вай билггал ворур! — аьлла, Бетина тIекхоччушехь, ВахIида цунна шаьлта ластийра, амма кIегар воьду Бета аркъал охьа а воьжна, и шаьлта Бусанин коьртах кхийтира.

— Вай дели!.. Вай! ВахIид! Йий-кх ахь со! — олуш, Бусана, Iаьржа бIагор хьаьвзина, яхлуш аркъал охьаюьйжира.

Шен йишина шен карах шаьлта кхетча, воьхна, юхаиккхина ВахIид, Iадийча санна, лаьттара, аьтту буйнахь кхозуш ерриге а цIеша юьзна шаьлта а йолуш.

Хьалаиккхина Бета, хIара ирча сурт гина:

— ЭхIей, цIе йожа-кх хьо белхан! — аьлла, Бусанина тIекхийтира. Бусана, берриге а хье биллина, са а даьлла Iуьллуш шена гича, Бетас, нехан керта а иккхина, хьаьдда вахана, хьерчаш бохкучу шен накъосташна уллохьа а таьIна, мохь туьйхира:

— Зикар! Во Зикар! ДIабахийта уьш! Бусана, ВахIидан карах чевнаш а хилла, кIелйисна! — Бетас оццу меттехь Бусана ялар царех лачкъийра, дов дахдаларна кхоьруш а, кхин а цхьа зулам даларна кхоьруш а...

ХьасангIарна мохь тоьхна Бета вовза а ца вевзира. Уьш, ЗикаргIара шаьш паргIат битча, Бетина етта дагахь, кху готтачу урам-новкъахула схьахьаьвдира, амма, уллохь ВахIид а лаьтташ, елла Iуьллучу Бусанина тIе-м кхечира.

Ша тIекхаьчча, Хьасана: «ЮьхьIаьржа хIиттий-кх вай кху шайтIано а», — олуш, ша Бусанина айина мийра, и елла Iуьллийла а хиъна, юхабаьккхира. Цу дешнаша меттавалийначу ВахIидана сурт хIоьттира, цхьаболчу баккхийчу а, кегийчу а наха шай, шен ваший, Хизаррий эвла юккъехь мосаза гин, шайна тIе пIелгаш а хьежош: «Хизар, цуьнан бераш къонахий бу, моьттура. Шаьш къонахий хиллехьара, нахана делла дош кхочушдан шаьш бохучунна шайн йоI тIеерзор яра... хьай эхь!.. стаг хуьлу, шен доьзалхо шен лааме а ца верзавелча?» — бохуш санна.

ЗикарагIар, Бета лаьттачу керта а лилхина, бевдда, нехан керташкахула тогIи чу лилхира. ТIаккха Бета, Бусана ВахIидан карах еллийла а хоуьйтуш, шен накъостий цIа а хьовсийна, ведда Бешто волчу вахара.

Шен нанна юххьехь гIийла Iеш волчу Бештона щIеххьана Бусана яло бахана шен накъостий дагабаьхкира, тIаккха кхунна хийтира: «Нагахь уьш гучубовлахь я Бусана а эцца дIабоьлхуш царна орца тIаьхьа кхиахь, со бахьанехь ма бохам хир бу-кх царна! Со царна тIаьхьа ваха веза. Баба, ас дан накъосталла доцуш, елла дIаяьлла», — аьлла.

Моллега чохь Iе а аьлла, йоккхачу стаге, шайн лулахошкий, гергарчаьргий РакаIат дIаяьллий хаийта цхьаъ вахийта, ша хIинцца схьавогIу, аьлла, Бешто меллаша аравелира. ТIаккха шен куй тIе а озийна, учахь Iуьллу нуьйр схьа а эцна, шен дазделлачу дегIаца меллаша божалин неIаре вахара.

Нуьйр арахь а йитина, божал чу а вахана, сирник латийнчу Бештона гира, биъ ког, Iад санна, булуш дIа а хецна, божла юккъехь елла Iуьллуш шен говр. И говр, тахана Бешто кIотара вахана волуш, цигахь, яжо юьгу а аьлла, чIогIа хехкарна а, цул тIаьхьа, Бештос цу орца кIотарара дуьйна кху шайн цIа кхаччалц хаьхкина ялаярна а, ницкъ чIогIа а хилла, еллера. Бештона Iаьржа бIагор беара, и сурт гича. Иза, кху елла Iуьллучу шен говрана тIе бертал а воьжна, ша цхьаъ бен кхин са долу дегI доцчу божал чохь, цхьаннах ийза а ца луш, велха волавелира, чохь елла Iуьллучу шен нанна а, белла Iуьллучу кху шен динна а.

ХIара дин Бештона шен са санна безаш бара, и эцна сахьт а далале, ловзарга ваханчохь, нах цецбовллуш и дин а хьовзийна, охьахиъча, Бусанега ша дуьххьара сакъийрина дела. Кхеран чохь чубаьхкинчу зударийн белхар доладелира. Бешто цхьанна а мичахь ву ца хаьара. И ван-м божал чохь вара, дог Iаба ца туьгуш, воьлхуш Iаш.

Юха а цIеххьана шен накъостий дага а баьхкина, Бешто, меллаша хьалаайавелла, божал чуьра аравелира, тIаккха, вехна стаг санна, леста а лесташ, кех вала дIаволавелира.

Бешто, кетIа а кхаьчна, шайн утарма схьа а лаьцна, дIахьаьвзаш воллуш, хIара волчу хьаьдда вогIу Бета кхунна тIе Iоттавелира.

Вехьа а вехьаш вогIучу Бетас, Бештона хилла лаьтта бохамаш а ца хууш, ша кхунна тIе кхоччушехь, элира:

— Бешто! ХIара ирча болх бу! Бешто, хIара ирча болх бу!

— ХIун хилла?.. хIун хилла?.. — олуш Бешто утармица дIахIоьттира.

— Бусана ели-кх ВахIидан карах. — И дешнаш шена хеззашехь, Бештос, буьйдачу дошо дагийча санна, шен даг тIе куьг диллира; цуьнан бага, цхьаъ ала воллуш санна, гIаьттинчохь йисира; иза, шершшина утармица охьавахара.

— Бешто! Бешто! Ахь хIун до? Бешто, хьуна хIун хили?— бохуш, Бета цунна гонах хьаьвзира. Оцу заманчохь Бетина БештогIеран чуьра зударийн белхар а хезира. И хIун ду хьажа а, Бештона хи дан а Бета чухьаьдира.

Сени чу ваьллачу Бетина елла Iуьллу РакаIат гира. ХIара, меллаша юха а ваьлла, сенин неIарехь лаьтта чуьйнан гIумагIа а эцна, Бештона тIе хьаьдира. Ша тIекхоччушехь, Бетас наггахь са а доIуш аркъал воьжна Iуьллучу Бештон юьхьа тIе хи туьйхира, тIаккха, корта хьала а ойуш, бага а хи доьттира.

Дукха хан ялале Бешто жимма меттавеара, тIаккха жимма хи мелча, цунна дикка са чу деара.

Бетас ша кIегар хаийча, Бешто, утармех букъ а тоьхна, Бете а хьаьжна, меллаша вистхилира:

— Бета!..

— ХIун бах ахь, Бешто?

— Бета! Хьох эхь хета суна, Бусана йийна, аьлча, и ла а ца делла, садаьлча санна, со охьавожарна. Бусанин ялар ахь суна хазийча, сан дегIе цхьа лазар иккхира, хIуъу хаьддехь а, сан кийрара цхьа хIума хедира. Суна цкъа а дIа ца даьндолу ан хIоьттина, со цо талхор а ву. Со телхина ваьлла стаг ву. Атта-м ца хIоьттина хьуна суна и ан. ЛадогIахьа, Бета!.. Чохь елла Iуьллуш со вина сан нана ю; сайн ваша санна, суна дукха безна сан дин а божли чохь белла Iуьллу, сайн сил а дукхаезна Бусана а шен вешин карах елла Iуьллуш ю, — аьллачу Бештон бIаьргех мела, даккхий, горга хин тIадамаш луьста эга доладелира. Кхуьнга ладоьгIуш, кхунна тIехь лаьттачу Бетина-м, кхунах къахетта, хIара охьавоьжчахьана а оьхуш дара даккхийчу бIаьргех луьста мела хин тIадамаш.

XVII

ШолгIачу дийнахь цу хиллачу девна юкъа кху юьртахь бу боху баккхий нах а, тхьамданаш а буьйлира. Цара и довпхи-ялх де далале дIа а дерзийра.

Бешто меттахь шина кIиранах Iиллича, цунна коьртах хилла шаьлтанан чов йирзира, амма, цунах хьалхаваьлла, хьалаайавелча а, Бештона хIоьттина ан дIа-м ца делира.

Бештона шена хиллачу бохамаша а, хIоьттинчу эно а чIогIа ницкъ бора. Цо беш цхьа а тайпа болх бацара. Иза, маж а йитина, дIаволавелира, цо хIума а кIезиг йоура, и ша юуш ерг а, шен гергарчу нахе воьдий, я бевзачу нахе воьдий, йоура. Цу тайпана Бештос 12 шо дIадаьхьира. ХIара нахаца уьйр кIезиг йолуш вара, вистта-м хIара ца ваьлла бен ца хуьлура. Юьртахь наха долийра, хIара телхина, бохуш, тIакхха дукха хан ялале хьерваьлла бохуш а делира.

Цхьана дийнахь кхуьнга Бетас элира:

— Бешто, наха хьо хьерваьлла бохуш а дуьйцу, со волчу схьа а волий, хьайн маж дIа а якхий, соьца чу-ара а волуш, Iехьа. Бакъ ду, Бешто, со да волуш долу хIума ас хьуна кхооригцахилар, — аьлла.

И шега аьлча, Бетина тIе а кхетта, Бешто вехха вилхира. Бештос ца дира Бетас шега аьлларг, иза массо а хIуманах догдаьллий, дуьненах чам байний вара.

Бештос, шега Бетас наха хьерваьлла боху, аьлла дийцичахьана, кест-кеста ша-шега олура:

«Вала а ваьлла-кх со хьер: нах а суна ца беза, дуьне а суна ца деза, ваха а суна ца лаьа. Ас цхьаммо а ца лелориг леладо. Нагахь со хьер ца ваьллехь а, воллуш-м воллу».

Бешто, шен ненах а, Бусанех а, динах а ваьлчахьана, деш хIума а доцуш, вакъа а велла, кест-кеста шен наний, Бусаний йолчу кешнашка а воьдий, велха а воьлхуш, лелаш вара. Дерриг гIуллакх Бештон кешнашка вахар дара. Цуьнан синкъерам а и бара.

XVIII

Шена и бохам баьлла тахана 15 шо кхочуш а Бешто ша хIинца воьлхуш Iуьллучу кху кешнашка велха веанера, ша хIинццалц ма-ва́рра.

Бешто ша бертал Iуьллучу Бусанин кошан борза тIера хьалаайавала вуьйлира, амма иза, нийсса ира ца хIотталуш, Бусанин шира баьццара чурт а лаьцна, кхозавелира. И чурт, чаьрпазийн сурташ а дохкуш, пошмакхийн, тукаран сурташ а дохкуш, кечдина дара. Ша дакъазаваькхкхина и доккха де дуьхьалтуьйсура Бештона. ХIара хIинца ша лаьттачохь, цхьа

куьг даг тIе а диллина, лаьттара. Кхунна, цхьана агIор, шена чов хиллачул тIаьхьа елла шен нана дуьхьалтуьйсура, вукху агIор, Бусанин ер дуьхьалхIуьттура. ТIаккха кхунна дуьхьалтесира шен елла говр а, цунна тIе а кхетта шен велхар а, Бусанин ер шена хезча ша охьавожар а, цул тIаьхьа ша талхар а.

Цхьана куьйга чурт а лаьцна лаьттачу Бештос, цIеххьана шен бага цхьа якъалуш санна хетта, шен даг тIе диллина куьг шен ехачу Iаьржачу можа тIехула бете даьхьира. Амма хIара оцу заманчохь, цIеххьана Iаьржа бIагор а хьаьвзина, дегIера ницкъ дIа а болуш, Бусанин баьццарчу борза тIе аркъал охьа-м вуьйжира.

Оцу заманчохь кху кешнашна гена йоцуш басахь йолчу кIотararчу жимачу маьждигехь делкъан ламазана молла кхайкхира: «ОллохIу-акбар!.. ОллохIу-акбар!.. ОллохIу-акбар!.. ОллохIу-акбар», — аьлла.

Дин чIагIдеш, нохчийн Iадат чIагIдеш кхойкху и молла, Бусанин коша тIехь Iуьллучу Бештона ца хезира. Бешто садаьлла Iуьллуш вара, ши ког, ши куьг дIа-схьа а тесна.

* * *

Дешархо! Ца хаьа, ахь хIун боху-м, бакъ ду, суна хетарехь, хьал дукха а дезна, шен йоIах йохка-эцар еш, Хизара Бусана жа долчу Масе яла дош ца деллехьара а, Хизар а, цуьнан кIентий а и дош кхочушдан ца гIиртинехьара а, кхераярлархх елла РакаIат а лийр яцара, хехкархх ницкъ а хилла Бештон говр а лийр яцара, шен вешин карах Бусана а лийр яцара, церан баларш ца ладелла, ан а иккхина, цу сингатамо талхийна, Бешто а лийр вацара.

Дешархо, догIахьа кху ирчачу балхе ла! Таллахьа, дешархо, хIара гIуллакх, даггара ойла а еш!

ПХИ ТУЬМА

I

Июль беттан довха де дара. Дато пхьеро шаьлтанна цIарца хи дуьллучу заманчохь цу шаьлтанна лойсица етта цIе санна, маьлхо, дикка лакха а баьлла, кхеххарца шен йовха зIаьнарш можа, баьццара ши бос лепачу аренах лиэтайора. Арахь мангалца цоьстуш охьадуьллуш, Iаьржачу куьйгашца, дато сом йовлакхан тIома санна, эсала, хаза хьерчош, наха литтанаш дина лаьтташший, юкъ-юкъа хьакхазий, гуш кIа а дара. И хьакхаза ирахь лаьтта кIа, наггахь гIийла хьоькхучу мохо гIийла ловзабаьллачу хIордах тардора. Цу кIе юккъехь Iуьйранний, суьйранний санна лекъаш дека ца хезара, я шайн бертахь уьш цхьанхьара кхечухьа лелхаш ловзуш а ца гора. Бакъду, тахана, хIара кIаш хьоккхуш болу нах шайна гергахьа кхача боьлча, суьйрене сатуьйсуш Iен и таьIна-мокха лекъаш, шайн мотт дIа а тосий, шайн лаамаза генна хьалха а довдий, цIеххьана гучуьра дIа-м довра.

ХIара мархин бутт бара. Болх беш варий, могуш воцуш варий аьлла адаман къорIанахь, жайнахь марха дохо бакъо а йоцуш. Нахана молланшкара иза а хезнера, болх беш кхобу марха шайн догIмашна халий, зенеххьий дуйла а хаьара, амма «эхарте» сатуьйсуш, са-м деттара. КIаш хьоккхуш бохкучу нехан а марханаш дара. Делахь а цара ийарца пелбохуш, хьекхарца шайна тIе ийзош, юха а цIеххьана лакха а бохуш, охьаийзош гучу мангалша, малх хьаьжинчу дийнахь, тарраш а даьхна, чучча хьаьддачу шина эскаро лестош лепа тарраш дага-м дохкуьйтура. Цу арахь бохкучу наха, вовшашна шайн мацдалар ца хаийта гIерташ, шайна ницкъаш бора.

Иштта кIа хьокхуш долчу дукхачу адама юккъехь къаьсттана гIийла гора 45 шарчуьра къежвелла Дика. Дикин кIа а, и санна, гIийла дара, цунах хаа дезара кхуьнан, мичча тайпана ца хиллехь а, цу кIа тIехь къахьега йиш ца хиллийла. Боьзан букъ а бешна, охьатаьIана воллучу Дикин карахь мангал бацара, цуьнан карааххьий, цунна улло йоллучу цуьнан зудчун карааххьий, цунна уллохь, шен оза букъ а таIийна йоллучу цуьнан 14 шо кхаьчначу йоьIан карааххьий кIира кхаьчна бутт санна, хьаьвзина маьрсаш дара, кху кхаамма а и маьрсаш цхьана эшшара хьокхура, хIорш кхоъ а кест-кеста хьала таьIий, шайн баккъаш а лоьцуш, садаIа хIуьттура. Кхеран а, цхьа йоI йоцчу, массеран а марханаш дара.

ДикагIар хIара шайн гIийла кIа хьокхуш болу таханлера шозлагIа де дара. ХIорш башха сихбелла бохкуш а бацара, хIара лимонан баса дирзина шайн кIа хьокхуш. Нагахь хIорш сихбелча а, кхеран догIмашкахь сиха болх бан ницкъ а бацара. Делахь а хIорш хIинца шайн урд хьаькхна бовлуш-м бохкура.

Дикас, ламаз дийр дара ша, аьлча, хебаршка эха зил тоьхна юьхь а йолуш йолу дикин зуда, шайн кха юххе а еъна, ворданан IиндагIехь цIечу истанга тIехь наб кхетта Iуьллучу шен хIинцца кога ваха тохавеллачу кIантана тIе а хIоьттина, шен ченаша дуьзинчу куьйгашца цунна тIера мозий дIалелхийна, цуьнан юьхьа тIе цхьа модаша юьзина бехчалг а тесна, ша еса схьаеана сурийла кIудал чуьрчу хих а юьзна, юха яхара. Дика, доккха са доккхуш охьахиъна, ши ког дIа а хецна, шен артбеллачу маьрсах куьйгаш детташ Iара. Шен зудчо шега сурийла кховдийча, иза, шен карара марс охьа а тесна, чехкка малх бузу ламаз иэца вуьйлира.

Ала деза, Дика шайн эвларчу Шедид-шайхаца тоба а дина, цуьнан мурд вара, цу шайхан ша дан гIуллакх а долуш, шен бахама тIехь цхьана а хIуманах куыг ца тухуш, шега дан цуьнан гIуллакх кхачар доккха хаза а хеташ. Цу тайпана Дикас дехачу Iаьно а, ехачу бIаьста а шен устазана гIуллакх дора. ХIара цхьана а агIор шен бахаман сингаттам болуш вацара, хIара, шений дайна, къематан дийнахь шена сийлахь хеташ волчу шен устазана гергахь хила а, кечлуш вара. Кхуо къа ца хьегаре терра, тахана кхуьнан кIа а гIийла дара. И гIийла хиларх хIара хIумма а вогуш вацара, кхунна тоам хуьлура шений, шен доьзалний ца даллал яа сискал хилчахьана.

II

КІа хьаькхна а бевлла, иза охьадожийчохь а дитина, Дикагlар, шайн расха говр варданна дІа а йоьжна, цІехьа бирзира, кхана юха а даьхкина, цІов а беш, кІа ирахІоттор шаьш аьлла.

Йоккхачу юьртахь, маьІ-маьІнехь жамІатан маьждигашкахь, суьйранна юьртах чу доьллачу жа юккъера Іахарий санна, Іоьхуш молланаш а бара маьркІажан ламазана:

— ОллохІу-акбар! ОллохІу-акбар! ОллохІу-акбар!

Оцу заманчохь шаьш шайн тишачу, гІийлачу бахаман керта кхаьчча, Дика, говр шен йоІе паргІатъяккха а аьлла, чехкка чу вахана, ламаз а эцца, шен Іаьржачу когаш тІехула ши кІарх а туьйдина, шайна дукха гена доцчу доккхачу цІенчу жамІатан маьждиге хьаьдира.

Кху маьждиге оьхуш къена а, къона а нах а бара. Молла кхайкхина воллуш, Шедид-шайх а, хІинццалц санна, хІинца а ламазе веара. Иза, маьждиган сени чу а ваьлла, шен когара лакронан екъа калош дІаяха, шен когийн ши кІажа вовшах тийса воьлча, цуьнан когашна гонах даккхий, Іаьржа, мокхачу шеддашца хебаршка ихний, эхазий шийтта куьг хьаьвзира. Цу шийтта куьйго и буткъа ши ког, жовхІарна тІе кхевдича санна, суьлхьа доккхучу юкъанна къевсира. Цу шийтта куьйган шийтта бІаьрг, хьаргІа санна, лепачу калош тІей, цу тІехула хецначу Іаьржачу атласан хечин когаш тІей, экханна Іалашо лаьцча санна, хьоьжура. Амма гуттар а Шедидан гІуллакхана кІел хийша Іемина долу Дикин бІаьргаш, гуттар а ларо Іемина долу Дикин куьйгаш хІинца а ларийра: уьш кхечу куьйгел туьйлира, иза Дикина хІумма а ирча а ца хетара. Цу гІуллакхо кхуьнан тахана шен кІа хьокхуш ша гІелвалар дайира. Кху жимчу маьждига чохь, куьпан молла хьалха а ваьлла, Шедид-шайх Дикагlар болчу магlара а хІуттуш, хІорш ламазаш дан буьйлабелира.

III

Дукха хан ялале, ламаз дина а бевлла, шайх Шедид хьалха а волуш, Дикагlар маьждига чуьра арабевлира. ТІехьа ши куьг а диллина, лаьтта бІаьра а хьоьжуш, цІехьа волавелла Шедид, шен дан дезаш гІуллакх дуйла хьажа санна, шена

улло иккхинчу Дикега гIийлачу эшарехь вистхилира:

— Хьо кхана гIуллакх долуш-м вац?

Цо шега и аьлла хазахетарна, Дикас, ша муха олу а ца хууш: «Вац, хIунда бахара ахьа?» — элира.

Шен хьирчина йолу кIайчу можах шен хебаршка ихина кIайн куьг а хьоккхуш, Шедида жоп делира:

— Ас-м, кхана охьавахана, мархина жимма хIума иэцийта бахара.

ХIинццалц санна, хIинца а Шедид-шайхан гIуллакх шега даделчахьана бен ца хеташ волу Дика, шен дехказа арахь Iуьллу кIа дагадеанехь а, и бен а ца хеташ, Шедида бохучунна резахилира. «ГIур ву со-м охьа, сан-м дац хIумма а гIуллакх», — элира цо.

— Делахь, Дика, вайна, хьуна ма-хаъара, лама марха а досту. Цу дийнахь «вайга» дукха нах оьхур бу... Ткъа, кечам аса цхьана а тайпана бина бац, цундела ахьа кхана, Iуьйрре гIаьттина, Соьлжа-гIала а вахана, 15 пунт кхаллар а, цхьа ши пунт дуга а, кишмаш а ян езара-кх, — аьлла, шайх Шедида шен боьмаша шолан гIовталан хьалхарчу кисанара дуткъа бохча схьа а даьккхина, дуккха а кехатан туьманаш юккъера цIен-цIена пхи туьма Дике кховдийра. Дикас, дагахь бисмалла а доккхуш, схьаэцца, и пхи туьма шен тишчу, иэттIачу мокхачу гIовталан кисана а дуьллуш: «Дала мукълахь, кхана и гIуллакх кхочушдийр ду-кх аса», — аьлла, шен устазан куьг а лаьцна, букъ а берзийна дIавоьдучу цунна леррина тIаьхьа хьаьжира, шен дагахь: «Дикка ирс долуш ву-кх со, хьо устаз-х вай сан», — а олуш.

Охьа а таьIна дIавоьду Шедид, цIеххьана саца а сецна, юха а вирзина, вистхилира:

— Дика!

Кхана де муха хир ду-техьа, бохуш санна, наггахь гуш долчу седарчашкий, таьIна-сийно гучу мархашкий а хьоьжуш, цIехьа вогIу Дика, шен щIе йоккху хезча, Шедидана тIе хьаьдира.

— Схьа ма вола. Ас-м кхана делкъал тIаьхьа юьйш бежана яра, цига хьажа хьайн йоI я зуда яийта ала бахара.

— Дика ду. Дала мукълахь, йоуьйтур ю аса, — олуш, Дика юха а, воккхаверца шен устазана тIаьхьа а хьаьжна, цIехьа волавелира, тховса марха дастаза хиларна якъаелла шен бага туйнаца яша а еш.

Ша чу кхаьчча, Дикас шен лохачу зудче шен кхана гIала

ваха дезар а, шен йоI Хедижат я хIара шен зуда Келипат кхана устазан цхьацца гIуллакх дан яха езар а хаийтира. Цул совнаха, Дикас Келипате элира:

— Вешан кIа дехкаран гIуллакх вай лама, марха достучу дийнахь, делкъан хан хилале дийр ду.

ХIинццалц санна, хIинца а Келипат шен майрачунна реза-хилира. Иза а, шаьш хIаллакьхуьлуш латтахь а, шен майра санна, шайн устазана, шайх Шедидана гIуллакх дан тIера яра.

Дикас, чехка сискалций, берамций марха а даьстина, ара-ваьлла, шен оза говр, шортта докъар хьалха дуьллуш, дика дIа а Iалашйина, терхье вахана терхь а дина, юха цIа веана, кхана Iуьйрре охьаваха деза шен, аьлла, Хедижате нара тIе мотт а биллийтина, шен оза деха дегI метта дижийра.

Иза вехха Iиллира, наб ца кхеташ, шена Шедид-шайхо тIедиллинчу гIуллакхан ойлаеш, цуьнан чот еш, иза ша кхочушдича къематан дийнахь шена хир бу моьттучу мелан ойлаеш.

IV

ШолгIачу Iуьйранна, дика садаьржина а далале, тIаьхьа-висча санна, хьалаиккхина, ламаз а дина, чехкка тIе хIума а юьйхина, уьйтIа велира Дика. Арахь кхоьлина яра, стиглахь гуш Iаьржан, ченан басаххьий мархаш а яра. Дикина, ирх ма-хьаьжжинехь, догIа догIучух тера юйла хиира. Дика шен ворда кечъеш лелаш, цунна наггахь шен мера тIе я мера улло бесни тIе догIанан тIадам бужуш хаалора.

Вордан чу йол а йиллина, шен еха говр дIа а йоьжна, тиша черт тIе тухуш йина бун вордан тIе а хIоттийна, чу вахана, шен шаьлтий, доьхкий дIадихкина, ламаройн машин чоа а дуьйхина, нахе верта доьхуш лелча хьелур ву ша, аьлла хеташ, бисмалла а доккхуш, вордан тIе а ваьлла, шайн кех велира иза.

Дика юьртах валале догIа дикка дан доладелира, хIара, юьртах а ваьлла, генна шайн бежан ара ваьлча, догIа чехка туьйхира.

Серий санна, детта догIа а, йоккхачу тоьпан гIовгIанца угIу стигла а, говрана ворда жимма язъеш баьлла хатт а, буьна кIелахь воллушехь шен вашавар а Дикина бен а ца хетара, кхуо щуьнан башха ойла а ца йора, шен устазан гIуллакх кхочушда ша гIала а кхаьччахьана, цигара цIа а кхаьч-

чахьана. ХIара, наггахь устазан цIе а йоккхуш, зикар а бохуш, вогIура, шен дагахь, устазан, шайхан Шедидан гIуллакхана ша араваьлла хилча, шена цхьа некъан хьовзам хир Зац а, хила ца богIу а моьттуш. Амма, тIаьхь-тIаьхьа чуьрадуьйлуш догIучу догIано, цаца санна, чорда йолчу чертах чекх а дуьйлуш, ша дикка вашийча, кхуьнан зикар а сецира, хIара шелонна хеба а волавеллера.

Хи чу Iоьттича санна, догIано вашийначу Дикин хебаршка ихинчу жимчу юьхьа тIехула, лийчина ваьллачу стеган юьхьа тIехула санна, хиш Iийдалора. Иза, догIано мустйина бахтаран архаш керахь совца ца туьгуш, наггахь шен говран ирачу букъа тIехула сара а тухуш, кест-кеста, тIеда делахь а, шен юьхьа тIехула шен дашийна пхьош а хьокхуш, вогIура.

ЦIеххьана догIа а, цкъа а ца деъча санна, сецира; Iаьржа, ченан басара мархаш маьI-маьIнехьа дIа-схьа хьаьвдира, цул тIаьхьа дукха хан ялале къепина малх а гучубелира, хIор суьлхьа доккхучу юкъана а бох а луш. Схьакхетта малх Дикина ша арадаьккхинчу гIуллакхан дуьхьа кхетча санна хетара. ХIара, цу малхехьа шен дегI а теIош, шен иэгавар духадерзо гIерташ, вогIура.

ВогIуш ша цхьана хин йисте кхаьчча, шена тIера бедар, малхе а тесна, жимма Iовдайолуьйтур ша, аьлла, Дика, хин йисттехула шен ворда хьала а ерзийна, нахана ша ца гун волучу а ваьлла, сецира. Цо говр, ворданах тосуш, яжа а хецна, шена тIера, хеча йоцург, кхин йолу бедар схьаяькхина, Iовда а Iаьвдина, малхе тесира. Цу хечин когаш сов хотташа дуьзина хиларна, хин йисте а вахана, киснара, йовлакха юккъера, пхи туьма шена юххе, хин йисте тIулга тIе охьа а дилина, и хеча йитта волавелира.

Шен гIуллакх дина а ваьлла, хьалаайавелла, юха воьрзуш воллучу кхуьнан коган кIажа, пхи туьма юккъехь долу йовлакх тIехь Iуьллучу тIулгах а хьакхабелла, хина цхьа ше хиллал гена Iуьллуш долу иза, шершина хи чу дуьйжира, минот ялале къайла а делира.

Дикина и ца гира, кхунна иза гена делира. Шен бедарш малхе а тесна, баьццарчу бархатан баса а хиъна Iен хIара тIаьхь-тIаьхьа чуьрабийларца кхехкаш лаьттачу малхехь чIогIа дегIана там хуьлуш Iара, ша цо сов вохварна. Кхунна шен долу марха дага а ца догIура, шен кIайн корта куьйга лоцуш, дIатевжина Iачу кхунна, шена а ца хууш, наб озийра.

Набарна чувахана Iиллинчу Дикина шен бедарш якъаелча санна хетаделира, ши бIаьрг а биллина, ша хьалаайавелча.

Амма, мецачу мархо гIелдина дегI, шийлачу догIано шелдина щуьнан дегI кхехкачу малхо юха а шен йовхонна кIел а озийна, иза юха а баца тIе вуьйжира.

Цунна, шен бедар тIе а юьйхина, гIали чу кхача воллуш ша вогIу сурт-м хIоьттира. Цунна го, регIахула лаьхьа санна, сетташ йогIу цIерпошт. Цунна хеза Суьйр-Коьртахь а, Соьлжа-гIалахь а еш угIу. Цунна гучуели гIалин йисташкара заводийн лекха ирхъихина тоьпаш.

Ша гIали чу кхаьчча, Дикас, воьддушехь гIажарийн туькана шна хьалха а вахана, шен ворда сацийра, иза чехка цхьана туькана чу иккхира.

Дика ша а цецвелира, багахь цергаш а йоцуш, гIин дилина цIен маж а йолуш волчу ша чуваьллачу туьканан дас лохачу гIажаричо, шен куьг а лаьцна: «ХIун хьал ду хьаьжа шайх Шедидехь? Хьаьжа коп[1] дика адам... Хьаьжа лап якши бир адам»[2], — аьлча.

— Дика воллу... дика воллу хьаьжа-м, даламукълахь, дика воллу иза-м,—олуш, Дикас ша деъна гIуллакх дийцира.

— АллахI хьаккъум, — олуш, и гIажари Дикина дуга оза вуьйлира.

ГIажаричо ша узу дуга а ши-кхо герка деза оьзча, кишмаш а иштта совйохуш оьзча, цул совнаха, шайх хьаьжа Шедидана хьуо, аьлла, кхуо кIира кхаьчначу беттан бесара, лимонех юьззина жимо цхьа яьшка а шега кховдийча, Дика чIогIа воккхавевелира. Геннахь волчу гIажаричо а шен устазан сий дича, кхунна, цу гIажаричул ша шайх Шедидна уллохь хиларна, шега цуьнан дан дезаш долу дукха гIуллакхаш а кхачарна, ша сийлахь а хийтира, къематан дийнахь а ша кху гIажаричул дикка лекхачу даржехь хир ву а мотаделира.

ГIажаричо Дикин кишмашший, лимонийн яьшкий, иза ца Iашшехь, «суна лаьара» бохуш, ша вордан тIе ехкира. Цо Дика, юх-юха куьг лоьцуш, шайх хьаьжега маршалла ло, бохуш, тIаьхьа кхойкхуш, иза сов лерана новкъа ваьккхира.

ЧIогIа церг елаелла схьавогIучу Дикина шен кхаллар эца дезаш хилар дагадеара, цо, пекарни хьалхахь шен ворда а сацийна, чу вахана, 15 пунт кхаллар оза шена, элира.

---

[1] Коп — дукха (тюркски дош).

[2] Лап якши бир — цхьаъ, дика (тюркски дешнаш).

Дикиний дайна, ма тамашийна хIума ду иза. Кху чохь а Дика шайх Шедидан мурд вуйла хии, кху пекарни да вуткъа лекха, даккхий хьаьрса мекхаш а долуш турко хили. Цо а, Шедидна совгIатана хьуо, аьлла, доккха шиъ гIажарийн бепиг а кховдийна, маршаллица хIара новкъа ваьккхи.

V

Дика ша а тамаша бина ца волуш, иза сов чехка цIа кхечира. Иза воьддушехь ворданца шен устазан цIечу кех чух вахара.

Ша еъна хIумнаш лахарчу цхьана цIа чуьрчу Шедидан хьалха ялийначу зудче дIа а елла, лимонийн яьшка а, гIажарийн ши бепиг а эцца, гIайракхийн лами тIехула хьала а ваьлла, Шедид волчу чу вахара. Оцу заманчохь Шедид, хIинцца ламазера чу а кхаьчна, марха достуш воллура, шена уггар дукха безаш болу кхача — деман галнашший, кхерзина котаммий хьалха а йолуш.

Дика, суьйре дика а еш, чуваьлча, хIинццалц цкъа а хьала айалуш воцу Шедид, жимма хьала а айавелла, вела а къежаш, Дикега шена улло а кхайкхина, цуьнца цхьаьна марха даста волавелира. Дика цу гIуллакхах тамаша бина а ца волура, хIара цкъа а шен устазаца цхьаьна хIума йиъна-м муххале а вацара, шен устаз волчохь охьалахлуш а вацара.

Дикас гIалитIахь шена дайнарггий, ша динарггий, шега баьхнарггий ма-дарра шен устазе дIадийцира. ХIинццалц цкъа а Дике а хьаьжна ца велавелла Шедид. Дикас шена дина гIуллакх, чIогIа хазахеташ санна, Дикин белш тIе куьг а тоьхна, цо элира:

— Дика гIуллакх дин ахьа, Дика... Со сайн мурдех массарначулла хьуна реза ву хьуна. Иза хьуна а хаьа, цхьаболчу нахана а хаьа... Дика, хьуна къинхьегам хиллехь а, суна ахьа динчух доккха гIуллакх хили хьуна... иншааллахI, кханалерчу къематан дийнахь уггар хьалха суна улло хууверг хьо ву-кх...

Дика, ша мел хала, мел чIогIа гIуллакх дарх, шена шен устазо цкъа а баркалла аьлла цахиларна а, иза ша дина муьлхха а гIуллакх шена ца гуш санна, хIинццалц гуттар IадъIийна хиларна а, ша динчу гIуллакхах цуьнан инзарвий-

ларан ойлаеш Іара: «Деллахь, мел дика ду-кх кхуо суна и гІуллакх тІедиллина хилла а, соьга иза кхочушдаделла а»,— бохуш.

Шаьш шиъ марха даьстина ваьлча, Шедида, ша яьшки чуьра харжа а хаьржина, Дикина кхо лимон а елира. Шен хІинцца ялийна шо кхаьчначу зудче чу а кхайкхина, тахана шайна йийначу бежанан цхьа тІа а, ши кхаллар а Дикега шен доьзалшна дахьийта кечде, аьлла, кисана куьг Іоьттина Дикега кхаа соьман кехат кховдийра:

— Кхана марха достучу дийнахь хьайн гІуллакх дан а, хьайн кІантана а, йоІана а кучамаш ян а хІара ахча а ду хьуна, — аьлла.

Шен хазахетаррий, шен воккхаверрий, шена шен устазо дина дика а дахьаш, Дика шен доьзалш болчу цІа веъча, царна а, кхунна санна, хазахийтира, уьш а, хІара санна, бакхийбеш хилира.

ТІаьххьара а кхуо шен кхаа соьман кехат доллу боккха Іаьржа буй «кху буйнара хІун ю, хаълаг!» — аьлча санна, шен зудчунна хьалха кхосса дІаластийна и буй, кхунна улло а еана, ежаш йоллучу кхуьнан говран бетах кхийтира, говр, кхуьнан буй юха а кхуссуш, дІахилира. ХІара шен буй зудчо юха кхоьссина, моьттуш: «Ой, кху юккъехь-м устаза делла кхо сом дай, — олуш, кхуо, куьг делла а диллина, юха а зудчунна хьалха кхоьссира, амма и куьг, ирачу боІа тІе нисделла, лаза а дина, Дика тохавелла хьалаиккхича, кхунна верзина цІена малхехь Іуьллуш ша а, шена уллохь ежаш йоллуш шен говр а карийра. Дикас, хьалха шена гинарг самах а долуш, хІинца шена гург гІан ду, моьттуш, дехха шен бІаьргаш хьекхийра. Бакъду, тІаьххьара а кхунна шена хьалха гинарг гІан, хІинца гург самах дуьйла-м хиира. ХІара: «Остопируллах!, хьо доккха хІума!» — олуш, хьала а иккхина, дикка Іовдаелла шен бедар тІеюха хІоьттира.

Чоа тІедухуш воллучу кхунна цІеххьана шега устазо делла пхи туьма дагадеара. ХІара и ша охьадиллинчу хин йисте хьаьдира, амма кхунна ша диллинчохь пхи туьма-м ца карийра, и ша тІе диллина тІулг боцург. Дикин кийра цІе летира, кхуьнан бІаьргашна бІагор хьаьвзира, хІара мосуьйттаза шен массо а кисана хьаьжира, хІара, гор а хІоьттина, кху басахь вехха тийкхира, шен дайна пхи туьма лоьхуш. Кхунна и ца карийра, хІара, цунах дог а диллина, велха хиира, куьйга корта а лаьцна, шен ворданан Іаьрчаш тІе. Кхунна ца хаьара, ша шен устазана хьалха муха хІуттур ву а, ша цунна и ахча

хIун дина дIатоккхур ду а. Дикина дагадеара цхьана дийнахь шен устазо ламарочух шен хьаьрчина пхи сом, шен цхьана мурдехула, цу ламарочо хьалабахьа эцца мохь а боьхкина, схьадаккхар. И дагадеанчу Дикина хетара: «Соьца и ахча бахьанехь гергарло дохор ду-теша цо... и ца дохо, ас берриге а сайн бахам бухкур бу-кх...».

ХIинца Дика, бIаьргаш а тIунбина, беха мара а ийзош, Iаш ву, цуьнан дог доьлху; цуьнан бос хоршин баса бирзина богу. Дика ша тахана са а чохь, дуьненахь хилар халахетачу хьол тIехь ву.

«Аса-м хьоьца бегаш борий, хIан, хIара ду хьуна хьан пхи туьма», — шега цхьаммо олуш санна хетаделла, Дика цкъа а, шозза а ша Iаччохь тохавелира. Шен пхеа туьманан бIарлагIа баьццарчу баца тIехь хетаелла, хIара цкъа а, шозза а, хьалаайавелла, волавелира.

ХIара, ца догIучу дагца шен говр дIа а йоьжна, цIехьа вирзира. Вордана хьалхха, чучча когаш а боьхкина, Iачу кхуо чIогIа ойланаш йора. ХIара таханлерчу хьовзамо чIогIа холчахIоттийнера. Кхунна цкъа а, шозза а шен говр, новкъара дIа а яьлла, хьаьжкIаш юккъе а яхана, ежаш йоллуш карийра.

ХIунда хIоьттина-теша Дика сел чIогIа холча? Шайх Шедида-м кхунна цу пхеа туьманна-м гечдан а мегий. Цо кхунна хIунда ца гечдора, хIара цуьнан мурд волу 12 шо а хилча, хIара и бахьанехь шен бахам тобан ца гIерташ, миска, къен стаг хилла а хилча?

Шедидана кхуо дайина пхи туьма доккха хIума хетар ду? ХIан-хIа, хетар дац! Шедидан шозза тIекIел дина цIеношш а ду, бераш мехаш лелош а ду. Дуккха а жа а, кIезиг доцуш хьелий а ду.

Цу хьола тIерачу Шедида шена гечдича, Дикина мел хазахетар ду! Цул тIаьхьа Дика, дог паргIатдаьлла, велалур ву, цунна, сел чIогIа хазахетта, бIаьргех, воьлхуш санна, хи хьодур ду.

Дикас Шедидана хIор баттахь деш долу гIуллакх пхеа туьманна хилла-х ца Iай. Цо кху 12 шарачохь Шедидана маьхза кхехьна кIезигчу ялтех ялтий, хьуьнахара кхехьна дечиггий, шен хьелийн даьттий, кIалддий, масийтта пхи туьма хилла-х ца Iай. Гечдийр ду дера-кх кхунна-м, шайх Шедида кхунна хIунда ца гечдора, хIара-х цуьнан уггар гергара, уггар гIийла, миска мурд ву?

Къепина хьаьжна малх, керчина беана, дIабуза догхилла, таханлерчу денна шен тIаьххьара йовхо юьрта кхийдош, кхозура. Юьртахь де шелдаларна маьркIажан хене сатуьйсу марханаш долу нах а, марханаш долуш шайн суьйранна гIуллакхаш дан арабевлла кегий а, баккхий а нах гора. Наггахь хитIа йоьдуш йоккха стаг а гора.

Малх а дикка охьакерчира. Кегий мехкарий хитIа эха бевлира, кегий нах а, куйнаш агIор а техкина, кхелина шаьлтанаш а йихкина, хийисте хIитта буьйлабелира.

Дикин зуда Келипат, шайн учарчу товхи чу цIе а латийна, ша кхе хIоттийначу кхаа кога (очакх) тIе хи чохь боккха чуьйнан яй а биллина, кхана марха достуш хиларна, шена тIера коч а, шен кIентан Iусманан коч а йитта дагахь, и хи дохдаларе а хьоьжуш, ши ког дIа а хецца, учахь хиъна Iара, шен ши шо кхаьчна кIант—Iусман кара а хаийна. Кхеран йоI Хедижат, Шедидана гIуллакхаш дан яхана, цIахь яцара. ЦIеххьана дагаяьлла Келипат, цхьа кIудал хи дахьаш йола ша, аьлла, Iусман охьа а виллина, чуяхана, кIудал а эцна, хитIа яхара. Товханна гена воцуш Iаш волу Iусман, текхна, цу товхана юххехь даькккхина Iуьллучу дечигана тIе а вахана, чIийш ловзо волавелира, наггахь дерг цIерга а кхуссуш.

Хи КелипатагIарна гена дацара. Иза, чехкка хи а эцна, ша висинчу кIантана са а гатлуш, коггаш Iуьйра, чехкачу боралахь цIа йогIуш яра. Шайн урам хадо хIара йоллуш, дIахьаьжинчу кхунна лакхара охьавогIуш шайх Шедид гира, тIехь сийна оба а йолуш, корта а таIийна вогIу. И шена гича, Келипат, цунна некъ а буьтуш, сецира, иза шена тIекхача дикка гена велахь а, и мел генахь хилча а, шайх а волуш волчу Шедидана хIунда ца буьтура Келипата некъ, воккхачу стагана а, кегийчу нахана а некъ буьтуш нохчийн Iадат хилча. Амма шайх Шедидана наха, Iадат ца хилча а, буьтур бара некъ. И хIунда ца буьтура цара, шайна шайх Шедид, делан къайле а хууш, дала сий де аьлла, шайна юкъаваькккхина стаг хеташ хилча...

Готтачу урамехула охьавогIу Шедид меллаша вогIура, цхьана а агIор дIа а ца хьожуш, хьалха а ца хьожуш.

Иштта вогIучу цунна некъ битина лаьттачу Келипатана—шен кIант дагавеара, кхуьнан даго хьоьхура, «ша висинчу

Iусманна цхьа зен хилла хьуна» бохуш, ккуьнан кийра бага болабелира, хIара дикка холчахIоьттира.

Келипатан, цунна ша ган а ца го, аьлла, цкъа дIайолаяла догхилира, тIаккха а, деллахь, шайх а волуш волчу цунна хуур ду-кх хIинца сан цуьнан некъ хадо хилла ойла, аьлла, хIара, шена и некъ хадо дагадар хала а хетта, и шен дагара дIадаккха юьйлира, и бахьанехь шена деле гечдар а доьхуш. Амма ккунна цхьана а агIор дагара «Iусманна цхьа зен хилла хьуна» бохург дIадала-м ца туьгура.

Дукха хан ялале боккхачу новкъа а хIоьттина вогIу Шедид шен дайчу боларца ккунна тIехвелира, шена гушшехь, вист ца хуьлуш, ккуьнга схьа а ца хьожуш, дIавахара.

КелипатагIеран кевнний, цIеношний юккъехь йолу юкъ дикка еха яра. Шайн кевне тесначу лахарчу гIора тIехула а яьлла, чехкка схьайогIучу Келипатана цIеххьана цхьа хIума охьайоьжча йолу гIовгIа хезира, цунна тIаьххье Iусмана чIогIа мохь хьокхуш а хезира. Даг тIе кхерам тасарна дегIан пхенаш дуткъделла, Iусманна зен хили, аьлла хеташ, басна мажъелла, керара кIудал охьа а тосуш, схьахьаьддачу ккунна, шайн лохачу ученна юххе кхаьчча, хаьрцина Iуьллу товхи чуьра довха хи чохь долу яй а гира, цунна уллохь, тIера юькъа Iа а гIуьттуш, мохь хьоькхуш Iуьллу шен кIант Iусман а гира. Келипат, йоьхна, цкъа, бIаьрган негIар тухучу заманна, юха иккхира, тIаккха, шийла мохь а аьлла, катоьхна Iусман схьаийцира нанас.

Кхеран маьхьаршна лулахойн зударий кхеран керта лелха буьйлабелира, цара тIекхаьч-кхаьчначо хоттура:

— Ваттай, Келипат, ккунна хIун дин ахь?

Келипата, царах бехк хеташ, шен елха догIу дог сецадора, цо царна дуьхьал ма-дарра хилларг дуьйцуш жоп ца лора. Амма Келипата, шен Iусманна хилларг мича бахьаница хили, хууш, даккхий къурдаш-м дора.

VII

МаьркkIажехь ша схьакхаьчча, Дика, ШедидагIеран цIеношш хьалха шен ворда а сацийна, ца догIучу дагца, тийсалучу боларца, тахана хиллачу хьовзамо таIийначу дегIаца, ламех хьала а ваьлла, Шедид волчу чу а вахана, корта а оллийна, неIаре дIахIоьттира.

Марха достуш Iен Шедид, цхьаъ чуваьлча санна хетта,

схьахьаьжира, тІаккха шена гІийла лаьтташ Дика вайча, тахана, кхехкаш лаьтта хи тІе а Іаьнна, цул тІаьхьа дукха хан ялале шен веллачу кІантана Дика гІелвелла, моьттуш, цо меллаша элира: «ХІумма а даӏц хьуна, Дика, гІел ма лохьа, иза-м делан йоза дай, дала тоххара яздина хилла-кх и иштта хила...»

Шен кІант веллийла а, шега хІинца Шедида бинарг шен кІентан кадам буйла а ца хууш волу Дика, шен устазана шен пхи туьма дар хиъна, моьттуш, чІогІа цецвелира, хІара, цунах бехк хетта, кхин тІе а гІелвелира, хІара хІумма а шеквацара, шайх Шедидна шена тахана хилла хьовзам ца хаьа моьттуш. Бакъду, кхуьнан даго ма-баххара кхунна хІинццалц схьа шен устазера иштта хаам а, къайле а гучу-м ца яьллера, хІара ша 12 шарал хьалха яьккхина хан а Шедидца тоба дина ца яьккхина дохковаьллера, хІокхо: «Везин дела, хьуна бу-кх хастам, мел йоккха къайле елла-кх ахь хІокху тхан устазе», — элира.

Дикас ша даьхьна гІуллакх кхочушдар я цадар шега ца дийцича, шайх Шедида, тахана кІант а велла, дог эшна ву-кх Дика, аьлла, хьалха цуьнга и хатта бехк а хетта, элира:

— Дика, хьо гІелвелла а хир ву, дІа а гІой, пергІатвала, хьайна лаахь, кхана юха а вогІур хьо... тІаккха а хьайн сагатдеш меттиг а ма е, уьш-м вайн керахь гІуллакхаш даций... уьш-м дала тоххара вай кхуллушехь иштта хила яздина дай...

Дика, шен дагахь Шедидна чІогІа баркаллаш кхайкхадеш, шен дагахь иза хІинццалцлерачул а воккха шайх хетта, мадарра шена хилларг ша цуьнга дІадийца эхь а хетта, ша санна волу цхьа мурд воуьйтур ша Шедидана тІе шена хилларг далхо, аьлла, Шедидан Іодика а йина, букъ ца берзош, кІегара ара а ваьлла, шен цІа вахара.

VIII

Дикина, шайн керта кхаьчча, чохь белхар хезира. ХІара цкъа цецвелира, шена хилла бохам шен доьзалшна хиъна, аьлла хеташ, тІаккха шен зудчун тийжар хезча, кхунна шайн цІахь а цхьа бохам баьллийла хиира, ворда дІа а ца хоьцуш, чехкка шайн чу вахара. Чохь, цхьана маьІІе а хиъна, гІийла йоьлхуш Іаш Келипат яра, нара тІехь дахдинна Іуьллучу Іусманан докъана юххе а хиъна, дукха йилхина, кхин елха чохь са а доцуш, гІийла Іаш Хедижат а яра.

Дикина, нара тІе бІаьрг ма-кхийтти, хиира, Іусман велла Іуьллийла, хІара меллаша цунна улло вахара.

Келипата дийцира Дикега Іусмана кхехкаш лаьтта яй шена тІе Іанор а, цул тІаьхьа дукха хан ялале Іусманан садалар а.

Дика чІогІа холчахІоьттира, хІара, кху цІа чохь ша хилча, мохь тоьхна воьлхур волуш вара, амма кхуо, доьзалан тІе а дог эшарна кхоьруш, шен дагара-м ца хоуьйтура.

IX

Пхьуьйран ламаз а дина, чувеана Іаш волу шайх Шедид, назбар тІе а хиъна, цхьацца ойланаш еш Іаш вара, варени чу тесна чайнан стака хьалха а долуш.

Дукха хан ялале кху чу велира, цІен а волуш, лоха а волуш, цхьа къена стаг. ХІара а Шедидан мурд вара, Дикел цхьа шо тІаьхьа тоба а дина.

— Вахарий хьо Дика волчу? — элира Шедида, цкъа дІа а хьаьжна, шен чайнан стака бете а хьош.

— Вахара ваха-м, цо хІумма а-м ца дина...

— Муха хІумма а ца диний?

— Ахь делла пхи туьма новкъахь дан а дайна, юхавеана ша, боху-кх цо...

— Пхи туьма дайна?.. Ой, хІара хьерваьлла я иэгІийна?.. Баккъал дайна боху цо иза?

— Дера боху цо схьа-м, — аьлла, хІокху стага, Дикас шега ма-дийццара, Шедиде дерриге а дІадийцира. Шедид, оьгІазвахана, кхоххавелира, хІара цкъа, хьалагІаьттина, чухула волавелира, тІаккха, охьа а хиъна, мерах шок а тоьхна, вистхилира.

— ЮьхьІаьржа хІоттий-кх со цо... ЮьхьІаьржа хІоттий-кх со цо... Ой, аса кхана сайн марха къобалдан дехьа-сехьара оьху болу, элий санна болу, совдегарш, мехкадай яа хІун елла берзор бу дІа, я тховса мичара хІун оьцур ю аса, кхана яа хІуманаш кечъяйта?..—аьлла, цхьа ца вешачуха хІара юха а вистхилира: — Э... ХІе-хІе-е... хІе-хІе... ча тоьшийла шех-м... ча тоьшийла шех-м... Цуьнан ахча ца дайна, иза суна билггал хаьа. Эцца лаккахьарчу цхьана совдегарна-м цхьа ахча дала деза шен, бохуш вара иза. Билггал бакъду хьуна цо и ахча шена сацадар. Ас-айса цуьнца дов а деш, и ма-варра

гучу а ваькккхина, юьхьІаьржа хІоттавар суна нахана гергахь а дика хир дац... Ахь хІун дей, Бахьала?..

— ХІун де ас? — олуш, Бахьала шен кІадбеллачу кога тІера вукху кога тІе вазвелира.

Шедида шен къамел юха а дІадолийра:

— Тховса, иза хьовза а вина, и схьа ца даккхахь, кхана цо цу пхеа туьманах дозуш хІума дуьтур дац... Цундела ахьа, хІокху сохьта ваха а вахана, айхьа лелочух цуьнан доьзал ца кхиош, кетІа ваккхий а, миччахьа вигий а, чІогІа хьовза а вай, пхи туьма схьада... Нагахь цо данне а даре ца дахь, я тховса, я кхана Іуьйранна хьайн говр-варда йохкий а, кхана делкъахан хилале пхи туьма кечде, ала... аьлла, — «тахана кІант а велла, догиэшна-м вара Дика, делахь а сан а йиш яц-кх цуьнга эрна ахча дайийта», — аьлла дагатесна Шедид юха а вистхилира:

— Мухха а, кхин хан ялале, ваха а гІой, хІинца ас бохкург де-кх, — аьлла.

Шега шайх Шедида и къамел дича, Дикас и пхи туьма шена ца дитина аьлла, Бахьала хІумма а шек вацара, хІара ша-шега: «ВаллахІа, Іазим, хьуна нехан къайле хаа-м хаьа, хьуо шайх хиларе терра», — олуш, меллаша ара а ваьлла, ламех охьа а воьссина, кех велира.

X

Дика, ван а веана ша Бахьалас чІогІа хьовзийча, дикка холчахІоьттира. Иза, ша шен устаз Шедидан мурд ву, бохуш, 12 шарахь шега далун гІуллакхаш деш лелла дела, хІинца шега Бахьалас дийцинчух ца тешаш, шайх Шедидана тІе ваханна а лийлира. ТІаккха а шена, ма-дарра шех шен устаз цатешар а, пхи туьма ша шена дитина аьлла хеташ, иза чІогІа дегабаам беш хилар а хиъча, цул совнаха, иза, ша юьхьІаьржа хІоттийна, бохуш, пхеа туьманна хан ца луш вуйла хиъча а, Дикас, шен говр-вордий а доьхкина, ахча кечдира.

Дикина, ша Шедида декхарийна ма-хьовззий, хиира, тохара, новкъахь ахча а дайна, цІа веъча, ша воьддушехь Шедид волчу а вахана, гІелвелла дІахІоьттинчу заманчохь Шедида шега бинарг шен веллачу кІентан кадам буйла а, хІетахь, ша дІа а дийцале, ша новкъахь пхи туьма дайар цунна хиъна, моьттуш, цунах хІинццалцлерачул а шена чІогІа воккха шайх тарвалар харц дуйла а.

Цхьана агIор, шен цхьаъ бен воцу кIант хан йоцуш валарна, дагахь цунна воьлхуш, шозлагIа, ша декхарийна чIогIа хьовзаварна, Шедидана оьгIазвахана, холчахIоьттина лела Дика, юха ца боьрзуш бIагор хьаьвзича санна, цхьа тентак а ваьлла виснера. Цо Шедидан хьокъехь дукха ойла йира, иза Шедидах, и шайх воцийла хиъна, тешам байна ваьллера.

Дикас кест-кеста ша-шега олура: «Шедид шайх вац. Ша, делан къайле а хууш, нахана ма-моьтту, кхана хиндерг а хууш и хиллехьара, цунна сан ахча дайна, ца дайна а хуур дара, сан бехк болуш дайна, ца дайна а хуур дара... Цо-х аьлла Бахьале, аса и пхи туьма, дайина а бохуш, сайна дитина... кхин хIума ца хилча а, дуьххьал дIа и гIуллакх тоьар ду цо лелориг бакъ доцийла хаа а, кхидIа цунах ца теша а».

КхозлагIчу дийнахь, делкъал тIаьхьа, декхар дIадала воьдучу кхунна Шедид урам-новкъахь дуьхьалкхийтира. Дикас, пхи туьма дIалуш, цуьнга элира:

— ХIан, Шедид, хIара ду хьуна хьан пхи туьма а, тIе соьгахь долу муридалла а, дIаиэцалахь, ца оьшу хьуна суна иза... кху дуьненахь хьайн масех эзар туьмана юккъера лара-маза аса пхи туьма дайича, цунна со чIогIа холчахIоьттича, суна дан геч, сох бан къинхетам ца хилла хьан... Со сайн говр-вордий духкучу хьола тIе а ваьккхина, со а, сан доьзал а юучу сискалх хадар бен ца хеташ волчу ахь, къематан дийнахь суна хIун накъосталла дийр дара, хIун гIо дийр дара, мича дарже кхачор вара ахь со, я хьан и дан мичара хир дара?

Дикас и хабар долийчхьана а оьгIазвахана лаьтта Шедид чIогIа кхоххаверллера, цуьнан дегI иэгадора, иза, нахана юкъехь шен «шайх» боху цIе хиларна, Дикех ца леташ, мерах шок а етташ, ша лаьттачохь тохавелира.

— Дац дера, къематан дийнахь а, кху дуьненахь а суна дан а, цхьанне а дан а-м хьан накъосталла, — аьлла, Дика цIа веара. Иза угар боккха, беза мохь — «муридалла» шен гира доьжча, кхоьлинчу дийнахь тIедачу новкъа ца богIучу маьхьарца ирх а гIертийна, цул тIаьхьа паргIатъялла говр санна, паргIатвелира.

Дикас муридалла охьатасаран бахьана хиинчу дукхах-болчу нехан дегнаш хаъал шайх Шедидах юхадевлира. Дикех бан къинхетам цуьнан цахиларна. Амма цара шайн дагара Шедиде хьовх, шаьш вовшашка а-м ца хаийтира.

Шен муридалла охьа а тесна, ваха гIерташ, цхьацца тема деш лела Дика, шолгIачу шарахь, бахам жимма толуш, дикка паргIатвелира. КхоалгIачу шарахь иза гIеххьа бехачу ахархошка дIанисвелира.

Цу тIе, муридалла боху виран мохь гира а баьллера.

САМАЯЬЛЛА ЯЧЕЙКА

I

Ткъе шиъ шарера Мухьид шайн ячейкехь жигара белхало лоруш вара. Цо юкъара гIуллакх, кхечашка ца хьежош, кхечашна тIе а ца теIош, чIогIа дора. Иза шена куьлу хало гуш а вацара, цо, кест-кеста бохург санна, шен накъосташка шегшега а, цхьаьна гулделлачу заманчохь а олура: «Вай вешан белхаш тIехь мало ян мегар дац. Вай хьовса деза ячейкина тIехь долу декхар цхьани а адаман ала хIума доццуш чекхдаккха».

Комсомолашна, гIуллакх дика дарна а, массаьрца а уьйр чIогIа йолуш хиларна а, Мухьид дукха а везара, тIе, иза тешаме а хетара. Цул совнаха, Мухьид, комсомол велахь а, кулакашний, таронаш йолчу наханий а везара дукха. Иза эсала стаг а ву, шайца тIекере йолуш ву, бохуш. Царна Мухьида шен ницкъ кхочу муьлхха а гIуллакх шайна дийр ду а, моьттура, Мухьида шайца сов чIогIа гIиллакх ладарна.

Массо а нахана дукха веззал шегахь гIиллакх чIогIа долуш ван а вара Мухьид. Ша бахьанехь цхьана а стагана хала ца хетийта хIуъу дан реза вара иза. ГIиллакх цуьнца ша кога ирахIоьттичахьана дара, цхьа хIун ду а ца хуу чIогIа ницкъ хилла дегIах а доьлла. Комсомолийн некъаца нохчийн гIиллакх тарлуш дацахь а, Мухьид, и гIиллакх ша дитча нохчелла духу шен, бохуш, и гIиллакх а ца дуьтуш, шен комсомолан некъ дIабахьа гIерташ вара, цу некъаца и гIиллакх шега дIадахьалур дац аьлла шек а воцуш.

Мухьид буткъо мара а болуш, Iаьржачу аматехь а волуш, жимма лекхочу дегIахь вара, башха дилхалахь а воцуш. Цуьнан юьхь эсала гуш яра, цунна тIехьаьжча, хьанна а хуур дара иза дог цIена стаг хилар. Иза цу тайпана хилар жима волуш дуьйна дика хьегна хиларрий, халонаш ла́за хиларрий дацара, цунна шений дайна, и иштта дог цIена хиларан бахьана — хIара итт шо кхаьчна волуш, кхуьнан нана елча, дас кхин зуда а ялийна, цо кхуьнан да шегахьа а ваьккхина, хIара цунна жимма къахьвинера. Цул тIаьхьа кхуьнан дукхахйолу буьйсанаш нахехь яха дийзира.

Хийла шийлачу буса мискачу наха шена буьйса яккха йовха меттиг яларна, меца висинчу заманчохь, шен цIахь санна, паргIат ша хийла нехан чохь кхача баарна, хIара шен дестех дIатилчахьана, массо а адам дика хетаделла, дог цIена хетаделла, кхуо ша-шена дагца чIагIо йинера шен таро хиллачул тIаьхьа а, хилале хьалха а цхьана а стагаца дог вон хир ма вац ша, аьлла, ша нехан наха кхиаварна, Iалашварна. Кхунна шений дайна, догцIеналла цуьнца и бахьанехь хиллехь а, амма цуьнца долу гIиллакх ворхIе а дехь дуьйна схьадогIу нохчийн гIиллакх дара.

Ялта кечдаран кампани йолаелира. Юьртара а, гIалара а хьалаихна болу дукха гIуллакххой кху юьртахь и ялта кечдарца йолу кампани чекхъяккха буьйлабелира. Цу кампани юкъа уггар хьалхара бохург санна комсомолийн ячейка а озийра, цу ячейкехь уггар жигара белхало ларалуш волу Мухьид а, шен ницкъ кхочу гIуллакх кхочушданза кIел ца дита дагца чIагIо а йина, цу кампани юкъа хьаьвзира.

Мухьида, шеца шайн ячейкера комсомолаш а болуш, уггар хьалха ша волчу куьпарчу нахана ялта кечдан галеш дийкъира. Цу шайн куьпахь кхунна ур-атталла бегашийна а цхьаммо дуьхьало ца йира, я кхунна хаа царех цхьа а кхунна оьгIаз а ца карийра.

ШолгIачу дийнахь малх кхетале дуьйна а кхеран куьпара цхьаболу нах хьаьжкIаш кечъеш бара, цхьаберш, шайн хьаьжкIаш селхханехь кечйина а бевлла, ворданашкаххьий, хIургонашкаххьий кел арайохуш бара, пачхьалкхана йохка яхьа.

Цу тайпана цхьа а шена оьгIаз ца вахарна, цхьаммо дегабаам ца барна, цхьаьнца а шен гIиллакх ца дохарна, ячейкехьара шена тIедиллина гIуллакх чекхдалар Муьхид чIогIа хазахеташ, воккхавеш вара.

III

Тахана шолгIа де дара кху юьртахь ялта кечдаран кампани йолаелла. Тахана Мухьидана цу кампанин гIуллакх дан кху юьртара кхоалгIа куп а кхаьччера. Иза, селхана шайн куьпа санна, тахана цу кхоалгIачу куьпа а вахара, нахе хьаьжкIаш кечъяйта дагахь галеш а эцца.

— Мурдал!.. Ва Мурдал!.. — мохь туьйхира, пхьаьрса кIел галийн доккха тай а долуш, МурдалгIеран дикачу бахаман кетIахь сецначу Мухьида.

Ган а гуш, чохь доккхачу кора кIелхьарчу нара тIехь, бIаьргехь куьзганаш а доьхкина, чот етташ Iен Мурдал, кор а диллина, аракхевдира: «Ахь хIун дора?» — аьлла.

— Цхьаъ аравалийша, — олуш, Мухьида, шен пхьаьрсан кIело юьззина дохку галеш даз а делла, цIеначо цIечу кен еллаялаза агIо лоцуш охьа а дехкина, шен бIаьргаш тIе беана Iаьржа куй хьалатеттира.

Мурдална, Мухьидан пхьаьрса кIел дохкучу галийх бIаьрг ма-кхийтти, хиира, цо хIун леладо а, и стенна веана а. Мурдал, чехка шайн жимчу цIа чу вахана, хIинца базарара цIа кхаьчна, кIаденаш дIатодеш воллучу шен 23 шарачуьрчу кIанте вистхилира:

— Ахьмад! Мухьид ву кетIа веана хьийзаш, иза хьаьжкIашна веана аьлла хета суна, аравалий, иза чувалавай я цунна цхьа там бай, и вайн гира ваккха хьажал!

Ахьмада, чехкка араваьлла, Мухьидна дуьхьал а веана, маршалла а хаьттина: «Ахь хIун леладо? Схьавало чу», — элира.

— Ахьмад! Хьуна хьайна а хууш ду-кх, хIара гIуллакхаш пачхьалкхан хилар, — аьлла, Мухьид, жимма соцунгIа а хилла, юха а вистхилира: — Шух эхь хетташехь, веана со кхуза хIара галеш дахьаш, шуьга, хьаьжкIаш кечъе, ала... валлахI дера, бакъ ма ду, хьуо делах тешахь, тешалахь, сайн шуна кху гIуллакха тIехь гIо дан ницкъ а кхочуш ма ца веана хьуна со кхуза, — Мухьид, нIаьна-кIорни санна, цIий а велла, дIахIоьттира.

— ДIавалахьа, Мухьид! — олуш, Ахьмад, шен шуьйра мара а цIанбина, юха а вистхилира: — Комсомол волуш волчу хьан а кхунах гIуллакх дан йиш ца хилча, хьенан хир яра иза? Я ахьа ца дина накъосталла тхуна хьан дийр дара? И-м тIаьхьа дуьйцур ду вай, схьачувоьл хьо цкъа, — аьлла, Ахьмад

чуволавелча, вехха гIиртира Мухьид цуьнца чу ца ваха, вехха ийзавелира иза юха, цуьнца вахна ца соцуш, шен гIуллакхе дIаваха. Амма Ахьмадана шен чу ца вар халахета а доьлла, ша бер долуш дуьйна наггахь Ахьмадана улло волуш хилар дага а деана, хIинца кхо бутт хьалха Ахьмадаца цунна цхьана йоIаца ирахь Iен ша вахар дага а деана, цул совнаха наха шена олуш долу «гIиллакх долуш ву» боху дешнаш дага а даьхкина, Мухьид Ахьмадаца чу-м вахара.

IV

Ахьмадан кузашца кечдинчу жимчу цIа чохь, цхьаъ мелла а даьккхина, долийна къаьркъанан важа шиша стоьл тIехь а лаьтташ, Мухьид, Ахьмад вовшашца чIогIа сакъералуш Iара. И шиъ, чIогIа къамелаш а деш, Iен дикка хан яьллера. ТIаьххьара а шайн къамел зударшна тIе даьлча цхьана аьттонна кIелхиъна волчу Ахьмада элира:

— Хьоьга яийта йоI йолуш ву-кх со.

— Мила ю иза, ва Ахьмад? — аьлла хаттар а дина, Мухьид велакъежча, Ахьмада, ша-шега бIаьрг а таIийна, харц вела а къежна, жоп делира:

— Иза дера ю ша кIеззиг хаза а йоцуш, хьуна дукха а езар йолуш, тIе сан хьоьга яийта ницкъ а кхочур болуш цхьа... — «коча», — олуш, Ахьмад, юха а вела а велла, вистхилира: — Уьш-м хала гIуллакхаш дацара, Мухьид!

— ХIун бах ахьа? — аьлла, Мухьида шен дехна Iаьржа бIаьргаш Ахьмадана тIе дуьйгIира.

— Мухьид, — аьлла, Ахьмада шен къамел дIадолийра:— Ялтийн вайна ваийтина волчу уполномоченница хьан гергарло дара, хIуъу а цхьаъ дан хьажахьа оцу тхуна тоьхна бохучу ши бIе пунт хьаьжкIех... и гIуллакх деш хьуна ахчанца хилла зен аса дIа а лур ду хьуна.

Вехна, теIа а теIаш, сакъерадаларна а, гIиллакх шегахь чIогIа хиларна а, шега Ахьмада схьа аьл-аьллачу дашна дуьхьал вела къежаш Iен Мухьид вистхилира:

— Ахьмад! Сан накъостий а бу тIаьхьа хьехна, со кху чохь царна карийча, суна дика а хир дац. Тхо ялтийн гIуллакх кху шун куьпахь а чекхдаккха дезаш хиларна, кхин соьга мала ца олуш, хьо IадъIахьара, со аравер вара... айхьа бохучу хьаьжкIашна са а ма гатде. И тIетахь, уполномоченнига аьлла я кхин дина, гIуллакх, сайн ницкъ кхачахь, дIадаккха

хьожур ву со, — аьлла, Мухьид, цкъа Іуькъушка вахна корта а оллийна, юха, вела а къежаш, хьала а таьІна, тІаккха Ахьмадана пІелг а лаьцна, юха а вистхилира:

— Ахьмад! Со и гІуллакх дан гІертарх а, аса и дарх а, хьуна ма моьттийла, со вайн Советан пачхьалкхана хьарам хила дог долуш хІинцалца хилла а, хІинца ву а... и, хьуна моттахь а, бакъ дац хьуна. ХІара шун гІуллакх ас тІелацар хІун ду, аьлча... И ду шуьца долу гергало, гІиллакх суна дохо цалаар а, вайшиъ берахь дуьйна цхьаьна ккхиъна хилар а... теший хьо Ахьмад?

— Теша со-м, Мухьид, хьо... Мухьид! Нохчо — нохчо хила веза! Шегахь гІиллакх дацахь, нохчо — нохчо ваш! Комсомол хиларх, шен нохчолла дохка ца деза, — аьлла, Ахьмад, шаьшшинна хьалха лаьтта чайнан стаканаш, дузуш, чу къаьркъа а доьттина, шен стака схьаэцарца хьала а гІаьттина, вистхилира:

— Мухьид! Вайн вовшашца долу гергало, безам дала Іалашдойла! Хьо санна нохчолла шен дегІах йоллу кІант нохочунна дала ма эшавойла! Хьо санна нохчолла а, комсомолалла а лелалуш волу кІант вайна юккъера ма хедийла! Нохчий а бехийла! Нохчошна юккъера нохчийн гІиллакх а дехийла! ТІе, хьо, Мухьид... дуккха а вехийла! — олуш, Ахьмада, Мухьидан стаканах шениг а тохьна, кад бете баьхьира.

— Тешам боцчу кІантах лардойла вай! Нохчийн дог доцу кІант вайна юккъехь ма ккхуьийла! — олуш, ира а хІоьттина, Мухьида хьалаайинчу стаканара къаьркъа нийсса ах цуьнан логал чоьхьа даьллачу заманчохь, ассалом Іалайкум, аьлла, ячейкин секретарь Іабади чувелира.

— Ва Іалайкум салом, — олуш, Ахьмада, чехкка къаьркъанан кад а боьттина, Іабадега кховдийра. Мухьида, воьхна, къарза а къаьрзина, лаамаза шен карара кад охьабожийра, иза, цхьаъ ала а гІергаш, вист ца хилалуш, ша лаьттачохь телха а телхаш висинера.

Іабадис, шега Ахьмада кховдийна къаьркъанан кад схьа-м мухалле а ца ийцира, цо, да вийна кІант мостагІчуьнга санна, цкъа Ахьмаде а хьаьжна, юха кІелдІахула Мухьиде а хьаьжна, корта а ластийна, элира:

— Хьо ву жигара комсомол?.. Хьо ву тхуна хІоранна а бохург санна хьехар деш хилла тхан жигархо?.. Эхь дац хІара? Арахь вайн юкъара гІуллакхаш эцна лела гІуллакххой бицбеллера хьуна? Айхьа арадаьккхина гІуллакх дицделлера хьуна?.. хІан... алал? Хьо а ишттa лелча, оха хІун дан деза аьлла

хета ҳьуна? — ОьгIаз чIогIа вахарна кхохкавелла Iабади: — Галеш мукъана а мича даьхьина ахь? — олуш, жимма Мухьидана тIеволавелира.

— Га... галеш... — Маларо шен деIан долара ваькхина Мухьид, гIента охьа хаа а воьлла, цIенкъа охьавуьйжира.

V

Шолгlачу дийнахь шайн йоккхачу юьртан комсомолийн ячейко Мухьидана, цуьнгара дуьххьара гIалат даларна, иза дIа ца воккхуш, цунна чIогIа выговор дира.

Цу выговоро Мухьид чIогIа вагийра, иза цо дикка гIелвинера. Мухьидана ша хьаьжкIийн хьокъехь Ахьмадана делла дош-м мухалле а дицделлера, иза, Ахьмад гича а, цуьнан бахамах бIаьрг кхетча а, шен дегIана дикка цатам болучу хьола тIе хIоьттира.

Цул тIаьхьа дукха хан ялале Мухьидах доллу «гIиллакх», эхь хетар, озабезам дIа-м муххалле а делира, цунна, уггара хьалха кулака Мурдала а олуш, и санна болчуша: «ЖIаьлехь дуй гIиллакх?.. Кхин гIиллакх дац Мухьидехь», — олура.

Мухьидан жигаралла саяьллера, цо, шегара даьлла гIалат дага а лоьцуш, болх тIаьхь-тIаьхьа чуьравуьйлуш дика бора.

Ячейкин секретарь Iабади деша вахара. Цуьнан метта секретарь Мухьид хаьржира.

Мухьид секретарь хаьржичахьана, ячейка стамъелла йогIура.

VI

Сел Iуьйрре гучубала эхь хеташ санна, хьалаболуш лаьттачу малхо шен гуо хиллачу шапталан басе берзийнера. Малхана гонахарчу мархаша а, алкханчан хIоьан бос эцнера.

Шерачу арахь, куьйган кера юккъе диллина жима бIар санна, горгъелла Iуьллуш юрт яра. И юрт жима яра, амма, и жима елахь а, цунна гуобаькхина аьлла лаьттачу акхтаргаший, таьллаший, кху юьртарчу хIора кертахь аьлла гучу баьццарчу дитташий кху юьртана къаьсттана цхьа исбаьхьалла-м лора.

Юьртах баьлла боьдуш бажа бара, кху юьртахь наггахь летачу жIаьлийн гIовгIанаш а хезара.

Баьццарчу бархатан дитташ тIера хезаш олхазарийн декар а дара.

Балха боьлху хан а елахь а, юьртах волу гуш цхьа а ваца-ра, тахана пIераска долу дела, рузбанна цIа кхиа, са а дар-жале нах шайн-шайн балха бахарна.

Кху юьртан кибарчигийн доккхачу маьждиган майданахь гуш цхьа адамаш-м дара, сихдина лаьттах гарсаш детташ. Уьш хаспа ден нах бара, таханлерачу рузбанан дийнахь хас-паш дан Iуьйрре меттигаш леца баьхкина.

Цу маьждигана тIе дерзийначу кIайчу цIенош чохь йолчу Совета хьалха ша кхаьчча, говрахь вогIуш волу Ризван, шен сира говр цу Совета хьалха боллучу гоьзанах дIа а тесна, чу-вахара. Чохь секретарана улло а хиъна, куьйган эшара шен цхьа гIуллакх яздойтуш воллучу къеначу председателе Ризва-на хаттар дира.

— Комсомолех цхьа а вуй-теша кхузахь?

Председатель, цкъа кхуьнга схьа а хьаьжна, чехкка юха а шен гIуллакх дан дагахь охьатаьIаш воллура, хIара округан ячейкера комсомол шена ца вевзанехьара. Председатель, Риз-ване хьаьжна: «Ахь хIун элира, марша хIуьлда, могуш куьл-да», — аьлла, жимма хьалаайавелира.

Ша-м, комсомолех стаг вуй-теша кхузахь, бахара, Ризвана шега юха а аьлча:

— ХIокху неIарх ара ма-велли, доьхьал чохь вуйла хьажа-хьа, цу чохь туллуш хуьлу-кх уьш, цу чохь ца каравахь, лохур ву вай. — Председатель, юха а кхунна хьала а айвелла, шен гIуллакх дан волавелира.

Дехьачу ваьллачу Ризванна гира: цIен шаршу тIе а тесна юккъехь лаьттачу стоьла тIе бертал а вижна, къолам хьоь-кхуш воллуш цхьа жима стаг. Цу жимчу стага къолам шаршу тIе хьоькхура, шен багахь йоллучу цигаьрканан кIуьрана бIаьргаш хьабдарца, сеттош, корта агIор а бохуш. Цунна чу-ваьлла Ризван ца гора — цо кест-кеста, къолам чехка а бок-кхуш, «хьайн даватIа хьан», олура.

— Хьо комсомол-м ваш? — Ризвана шега хаттар дича, иза, шена кхуо новкъарло йинчу тайпана чехкка схьа а хьажна, юха а хьоьжуш, вистхилира:

— ХIунда бах ахьа?

— Кхузара комсомолан ячейкин секретарь везара суна.

Хаттар динчу Ризванна жоп ца дала дагахь делахь а, я ша луш долу жоп оьгIазе дала дагахь делахь а, и жима стаг юха а шен йоза дIадоло воллура, кхуьнан пхьаьрса кIел йоллучу портфелах шен бIарг ца кхеттехьара. БIаьрг цу портфела

тIехь а болуш, бекош мара а цIанбеш, цу жимчу стага юха а хаттар дира:

— Стенна веза хьуна секретарь?

— Цуьнца цхьа гIуллакх дара сан, хьо комсомол вуй? — Ризвана юха а хаттар дича, жимчу стага, шен баккхий бIаьргаш кхьуьнан когашкара коьрте а баьхьна, жоп делира:

— Дера ву-кх, дала мукъалахь-м, со комсомол.

— Шун ячейкин секретарь мичхьа ву?

— Ца хаьа, къорIанор, суна-м, иза мичхьа ву.

— И ца карийча йиш-м яц.

— Лохур ву вай, охьахаа хьо, — аьлла, шена уллохь лаьтта гIант цунна жимма схьа а хилийна: — Хьо мичхьара ву? — олуш, шен юкъахдисина йоза дан волавелира иза.

Іа а ца велла, цо деш долчу йозане хьаьжначу Ризванна гира: шай санна, горга корта а биллина, гIезан санна, еха ворта а йиллина, беа сонара дегI диллина, цунна нийсса ши сиз охьа а хьаькхна, цу юьххье когаш беш раз хьекхна къоламаш...

Ризван лаамаза велакъежира, йоьIан сурт дилла и жима стаг гIертийла а хиъна ХIинца Ризванна и жима стаг, цо ша комсомол ву бахахь а, иза комсомолан билет карахь велахь а, комсомол хеташ вацара. Кхунна и жима стаг а, и санна кху эвлара кхиберш а бакъонца комсомолаш хилла дIахIуьтту хан йоцийла-м хаара, кху эвлара комсомолан ячейка дукха хан йоцуш йиллина хиларна. Делахь а, хIара кху жимчу стага хьокху къоламаш гича, цуьнан вистхилар шена хезча, цхьа кху эварчу ячейкех гIеххьа шекваьллера. Амма, кхуо ша а ойла ма-ярра, и жима стаг комсомоле эцна дукха хан цахиларх доллура. Бакъ вацара Ризван, кху жимчу стаге а хьаьжна, ерриг ячейка бакъ некъ дIахьош яц, аьлча, бакъ-м вацара хIара кху жимчу стеган юкъарчу гIуллакхца йоцу ойла кху эварчу кхечу комсомолийн ойланах йозуш ю, баьхча а, кху эвлара, хIара жима стаг а тIехь, берриге а комсомолаш ледара бу, баьхча а. Массо а ярташкара ячейканаш цхьабосса-х ца хуьлий, ячейкера комсомолаш тоьлуш, оьшуш-х ца хуьлий, диллича хIун ду цу жимачу стага йоьIан сурт? ГIарабаьлла дика дин а ца хуьлу цкъа галболуш? ХIан-хIа, Ризванан дагна кху эвлара ячейка цу суртахь ца го. Кхуьнан даго боху: «ЦIеяьлча санна, сихъян езаш ю массо тайпа кампанеш, цу гIуллакхах кхето беза къинхьегамхой, ловзуш воллу хIара — сурташ дахкарца кхуо гойтуш долу шена тIехь деш куьйгалла цахилар...»

Ризванан хьаьжа юккъе шад хIоьттира. Иза дикка оьгIазваханера. Кхунна дагадеара, массо юьртахь бохург санна, комсомолаш хIора кампани чекхйоккхучу гIуллакха тIехь жигара дакъалаьцна хьийзар.

Са ца тохаделира Ризване, цо жимчу стаге элира:

— КIант, баккъалла а комсомол вуй хьо?

— Дера ву-кх хIинццалц схьа-м.

— Делахь хIета, чехкка и къоламан йоьхьиг охьа а тасий, ячейкин секретарь схьавалавел.

— Валор вай, — элира жимчу стага, юха а ца хьожуш.

— Дитал и хьайн «валор ву», хьалагIаттал чехкка!

Жима стаг, агIор Ризване а хьоьжуш, меллаша хьала а гIоттуш, вистхилира:

— Сан-м бац хьуна, иза схьавало, дуьххьала тIеваха меттиг, ша лаха ца лахахь.

— КIант, хабар деха а ца дуьйцуш, схьавалавехьа секретарь Мухьид.

— Тхан секретарь-м вац Мухьид.

— Мила ву ткъа шун секретарь?

— Мохьмад ву-кх.

— Мухьид стенга вахана?

— Иза цомгуш волу дуккха а хан ю.

— Делахь Мохьмад схьалаха-кх.

— Лаха ца лахахь, тIеваха меттиг-м бац.

— Каппашка вахна вац иза? Вайн кампанин хьокъехь?

— ХIун? Вац дера-кх. Цкъа-шозза дахара тхо каппашка. Нах кхетарг а ца хилла, хIинца IадъIеш ду.

— Муха — IадIаш?

— Тхешан собранеш а еш.

— Ткъа собранешкахь цу гIуллакхана дан дезарг къастош меттиг йой аш?

— Дера ца йо, хIета. Дийцина, дийцина, хьех-марах чекх а даьлла, дитина-кх.

— Ой! Ткъа хIун дуьйцу аш собранехь?

— А-а... Тхешан цкъа а схьа ца Iена йолу членски взносаш юьйцу, кхин цхьацца хIуманаш далхадо.

— ХIахI! Взносаш? — аьлла Ризван, макх а луш, вистхилира, цуьнан куьйган пхенаш дусаделлера. ХIинца воьхначу цуьнан суьрто, — куьйгалла деш стаг ца хилла, куьйгалла дендерг секретарь ца хаьржина, хIара гIуллакх иштта дIадахийта мегар дац, — бохура.

Ризванна вуно шера хаьара, кху жимчу стагаца дийцарх, ша гIуллакхах ма-дарра кхуьур воцийла а, гIуллакх метта-хIотталур доцийла а. Ризван, шений дайна, комсомолера ледарло яьлча ца лалушший, цунах цхьа йист яккхалц метта ца вогIушший вара, адаме мегарг вист а ца хуьлуш. Шен дегIана цхьана а тайпана там ца лоьхуш. ТIеттIа оьгIазъоьхуш Iен Ризван юха а вистхилира:

— КIант, ара а валий, лахал и секретарь, тIаккха хьуна ца каравахь, церан цIа гIор вайшиъ.

Жимачу стага шен дагахь «делан дуьхьа, ма воккха хьаькам хета хьуна хьуо, и тIаьрсиган бохча пхьаьрса кIел а доьллина» бохура. Меллаша схьаэцна, жIаккеш Ризванна хьалха а тоттуш, хIан, хIара чашканаш ю хьуна, со схьаваллалц хьайн са ца гатдалийта, хIорш ловзор ахь, — аьлла, шена хьалха, дацдеш, цергаш юккъехула туй кхуссуш, аравелира иза. Ризван, жимчу стагана тIаьхьа а хьоьжуш, лаамаза велакъежира.

Ризван округан ячейкехь жигара комсомол вара, тIаьхьо кху юьртара комсомолан ячейка газета тIехь вочу цIарах юьйцуш хиларний, кху ячейкера дикчу а, я вочу а агIор ша беш болчу белхан хьокъехь округе беш цхьана а тайпана хаам цахиларний, округан ячейко кхеран гIуллакх талла вайтина. Ризван шайн юьртарчу таро йолчу наханий, церан берашний ца везаш вара, кхуьнгахь гIиллакх, ламаст дац, бохуш а, кхуо ша деш долчу гIуллакха тIехь тайпана варий, лулахо варий, юьртахо варий, «бусулба» варий аьлла озабезам цабарна а, къаьсттана кхуо дин, нохчийн гIиллакх емалдарна а.

Цхьабакъду, къинхьегамхошна Ризван чIогIа дукхавезара, царна шайний дайна, кхуо «боьрша» къамел дарна а, иштта гIуллакх дарна а, хIара къаьсттана шайца дика хиларна а.

Жима стаг араваьлча, Ризван, чухула жимма вола а велла, некъехьарачу кора тIе а вахана, цхьа агIо схьа а йиллина, шен гIента тIе веана, охьа а хиъна, коьртара лаба йолу сийна куй дIа а баьккхина, шен хьаьрса кIужал хьала а хьаькхна, портфела чу хьаьжира. ТIаккха цу чуьра цхьа кехаташ схьа а эцна, царна тIе хьежа волавелира.

Корехула, де, суьйренгахьа лесташ, шелдаларна, бай мох хьоькхура, цу мохо кху гонах цхьанхьа-м декачу бIаьстенан олхазаран декар кхоьхьура кху чу, Ризване, оьгIаз ма эха, секретарь хIинцца схьавогIур ву, ала гIерташ санна, амма

Ризванна и олхазаран декар-м муххале а ца хезара, кхуьнга ша тIехьоьжуш Iечу кехаташ тIера гIуллакх а ца къасталора, сов оьгIазвахарна.

VII

РизвангIара лоьху секретарь Мохьмад, шеца шен доттагI а волуш, кху эвлара къаьркъа духку Юнус волчохь вара.

Мохьмад а, цуьнан накъост а Юнусан цхьана жимачу цIа чохь вара, жимочу стоьла гонах Iеш. Цу стоьл тIехьа деса цхьаъ а, юккъедаьлла кхин цхьаъ — ши къаьркъанан шиша а дара, къаркъанан ши кад а бара; стаканан бошхепахь кIалд а яра, Iаьржачу кхалларан юьхкаш а яра. Баккхий хохаш а болуш.

ХIара шиъ гIеххьа кеп хилла вара. Вовшашка даггара къамелаш а деш, чIогIа са а къералуш Iеш.

— Юнус! — аьлла, мохь туьйхира Мохьмада, пенах боллучу шина цIийна юккъерачу бIаьрга тIе бат а ерзийна.

— Вой!? ХIокху сохьта, хIокху сохьта, — аьлла, дехьа чуьра Юнус вистхилча, и дечиг а яхьаш, цкъа схьавоьл, олуш. Мохьмада цигаьрка латийра, кхуьнца волу накъост, шина дийнахь хIума ца йиъча санна, хIума юуш вара, бага гIулгийн он йоьллича санна, чIишталгаш юса а йина.

Дукха хан ялале, лохачу неIарх чу а ваьлла, Юнус вистхилира:

— Iайт, гор кIентий яI-кх! Ма вон ца Iа шу, Iан-м ткъа! Дош дан а дац-кх хIинца шун хенахь, кад кедах а бетташ, вовшийн безамаш ца биъча... бакъ боху-кх... бакъ боху, кIентий, ма яхийта аша шайн жималла эрна, баа аш безам, оза аш кад (и дешнаш кхуо ша волчу муьлххаеъча а олура, цуьнца шашена къаьркъанан мах хилар садаккха дагахь), делор, аша хIинца ца диънарг дан ма дац шуна, и хуур ду шуна, шаьш сан хене дирзича, — аьлла, Юнуса шен къежъеллачу Iаьржачу можа тIе дайн куьйг хьаькхира.

— Элчанор, кад а мер ма бу, безам а ма буур бу, нохчолла а ма духкур дац, — аьлла, Мохьмада, шен беха корта цхьана агIор а кхуссуш, Юнусе кад кховдийра. Чу веъ-веанчуьнгара схьаэца Iемина долчу Юнусан куьйго и кад чехкка бете баьхьира.

— Юнус, и селханлера узам бехьа вайна а, — олуш, Мохьмадан накъосто шен кад дIабаькхира.

— ХIун, сан узаммий? Бича бакъахьа ду сан узам... бича бакъахьа ду нохчочун узам, — аьлла, Мохьмада шен кад дIа а баькккхина, кIолдан бIелиг кхаьллира. Юнуса, лохчу гIанта а хиъна, пхенах пIелг а туьйсуш, куьйгаца лергаш а хьийзош, пондар а тобина, хьалхара дешнаш дахдеш, юккъера дешнаш дацдеш, тIаьхьарчу дешнийн тIаьхье ехха дIа а хьош, дуткъачу озаца илли а аьлла, кху дешнашца дерзийра:

Ма лолда вай, кIентий, безамаш бааза,
Дехийла вай, кIентий, вовшашна ва дукха,
Ма волда ва нанас яхь йоцу ва кIанат,
Ма кхуьийла нанна нохчолла доцу кIант.
Нохчолла хир деца, вешшехь цуьнца и хиллехь,
И веца, вежарий, бусулбан дин долуш,
Хир ву и дала ялсаманехь валлош...
Хир ву и лаьттан букъа тIехь наха шен сийдеш,
Ма эшадойла вайна вайн хаза нускал,
Ма эшаболда вайна вайн цIена дика дин,
Нохчолла вайх мел йоллу, вайна уьш оьшур дац.

— Ойт, гор кIант яI-кх, дела ма дала вай кеста, — аьлла, Мохьмада стоьл тIе буй туьйхира.

— Ма дала-те вай-м кеста, — олуш, цуьнан накъосто корта тесира...

Мохьмад хьалха совдегар хиллачу ден кIант вара, дай-наний а доцуш, шен воккхахволчу вешица Iеш. ХIара тIехь цIена лелашший, юкъ къевлина йоьхкушший вара, шел оьзда шен хенара цхьа а ца хеташ. ГIеххьа дешна — оьрсийн а, Iарба а йозанах кхеташ вара хIара, тIе, шений дайна, гIиллакх доцург шегара долуьйтуш вацара, массаьрца а велавелла, эсала вара. Наха «лелалуш» вуй, «тIахъаьлла» вуй, аьлла цIе йоккхуш а вара. Иштта массаьрца а уьйр йолуш, дог цIена хиларний, къамеле кайолуш хиларний, кегийрачу комсомолаша, шайн секретарь Мухьид цомгуш вожарна, цуьнан метта хаьржина вара. Бакъду, хIара къаьсттана хьалха таронаш йолуш хиллачуй, хIинца йолуш болчуй нахана дукхавезаш вара, цо шен ницкъ кхочуш шайна цхьана а тайпана бохам ца баккхарна. Кхуо ала а олура: «Сайн ницкъ кхочуш оьздачу нахана бохам болуьйтур бац ас». Кхуьнца верг Жунид бохуш вара, хьалха совдегар хиллачу Мусин кIант. ХIинца ша Мохьмадан чIогIа доттагIа а волуш. Кху шиммо аларехь, «валар а цхьаьна хир долуш».

Дикка маларан кеп хилла Iеш волчу кху шиннах Мохьмада элира:

— Жунид!
— ХIун бах ахь?
— Ловзарга ваха тIаьхьавуьсий-теша вайшиъ?
— Дера, Мохьмад, хIинца а ца водахь, тIаьхьавуьсур ма ву вайшиъ, — элира Жунида, лата кечъелла газа санна, кIелдIахула корах ара а хьожуш.
— ЖиргIий, пондар-м хьерадаьлла хезаш ду цигара, — элира вехна Iечу Юнуса а.
— Делахь, вайшимма ваьшиннан элдаран догIмаш цу ловзара юккъе дIахIитто деза-кх, — олуш, Мохьмад, хьалагIатта а воьлла, шен лаамаза юха а охьахиира.
— КIант, хьан дегI а дехна, моьтту суна, хьа... хьа... хьа... велавелира Жунид.
— Даха-м ца дехна, жимма кIадделла-кх, — олуш, Мохьмад хьалагIаьттира.

Жунида шаьш кхозлагIа даийтина юккъедаьлла долу шиша кисана а дуллуш, хIара шиъ, Юнусе маршалла а делла, аравелира.

ХIара шиъ, вовшашка, мелла вуйла хоуьйтур дац вайшимма, бохуш, берана а вехна вуйла хуур долуш, дIа схьа лесташ, ловзарга вахара, юкъ-юкъа куьг туьйсуш, шаьш меллаша до а моьттуш, чIогIа къамелаш а деш.

VIII

Черманан хIоз санна, горга лаьттачу ловзаран цхьана маьIIехь стол яра. Цу тIехь можа шийла самовар а яра, цхьана хедара чохь шийла жижиг а дара, кхаллар а дара. Долозий, долийний шишанаш а дара. Стоьла гонаха Iеш цхьаъ вара даккхий хьаьрса мекхаш а долуш, инарла ву, бохуш, белш тIехь погонаш а йолуш, некха тIехь соьман «мидал» кхозуш. Цунна дехьий, сехьий Iаш цуьнан ши накъост вара. ХIорш, шаьш цу стоьла гонах Iадатех цхьана суьртахь хевшинехь а, шаьшка кхаьччарг хIумма а кIезиг гIуллакх хеташ бацара.

ХIорс!.. ХIорс, бохуш, къуьйсуш, хелхабуьйлуш кегий нах а бара, раз сетташ, кучан яххаш хьала а уьйзуш, роггIана хелхадуьйлуш зудабераш а дара (зудабераш, жерой).

Инарлас, жимма телха а телхаш, богIучу МохьмадагIарах шен бIаьрг кхетча, мохь туьйхира:

— ТIе валаве и шиъ! Лаций, валаве! Вехкий, валаве! Кху эвлахь болу хьаьжкIан буьртиг лахьийна волуш воллу и шиъ!

Юнусан заводера къаьркъа нахе кхача ца дуьту цу шимма! ТIевалаве! ХIокху делан сохьта! Лаций валаве! — олуш, стоьл тIе буй тоьхна, самовар а, шишанаш а декийра.

Цо и мохь тоьхча, невцан шина накъосто, хьаьдда кху шинна тIе а веана, хIара шиъ дIа а лоцуш, элира:

— Инарлас бертахь я бертаза шуьшиъ тIевалаве боху-кх!

— Тхойшиъ цу кулакашна тIе вогIур вац. Кулакаш тхайна тIе оьхуьйтуш ду тхо, — аьлла, Мохьмад, ша схьадаьккхина сом делла, уьш дIа а хьовсийна, нахана тIе а вахана, дIахIоьттира: — Ассалом Iа...Iалейкум, ва беднякаш.

— Ва Iалайкум салом! — олуш, хьалагIевттинчу кегийчу наха хIорш а шайца дIатарбира.

Ул-улло хиъна Iен Мохьмад, Жунид, вехна, вовшашна тIе а теIаш, Iара, цу шиннан а хIор минот мел ели бохург санна корта хьийзар алсамдолуш лаьттара.

Кху ловзаргара дукхахдолу адамаш маланза дара, кху ловзаргахь мел волу стаг аьлла сакъералуш а вара. Зударшца долучу самукъанений, безачу нахаца вовшахкхетарний.

— Жунид, Хелипат юй кхузахь? — хаттар дира, теIаш, зудаберашка хьоьжуш Iечу Мохьмада.

— Ой! Я дера-кх, хьуьлла лакха коьртера шиъ йитина, кхоалгIаниг ца го хьуна? КIайн хIума а тиллина, кIайн гIабли а йолуш? — аьлла, Жунид велакъежира.

— Ой! Ян а, къорIанор, ю, — олуш, Мохьмада бIаьца йира схьахьоьжуш Iечу Хелипате... Бакъду, кхунна Хелипат, маярра ца гуш, хьийзачу бIагорна и шина-кхаа суртахь гора, амма хIара, иза шега даима а схьахьоьжуш ю, моьттуш, чуьраваьлла бIаьцаш еш Iара, делахь а Хелипат-м, хIара шена дукхавезахь а, даиманна кхунна тIе бIаьрг хIоттийна ца Iара, кху ловзаргахь шена цхьацца бехке нах болу дела.

Мохьмада, Хелипат шега хьоьжу моьттуш, бIаьцаш еш гина цхьа жима кIант, ша санна долу бераш шена тIе а гулдина, цаьрца цхьаьна кхунах воьлуш Iара.

— Жунид! Цхьаьнга тIе а кхайкхий, со Хелипатца хелхаваккха, алахьа, — олуш, Мохьмада шена муьшка йича, Жунида Мохьмад, Хелипат хелхадаккхийтира.

Шен горгачу юьхьа тIера Iаьржа цIоцкъамаш а сеттош, хелхаюьйлуш лела Хелипат, цкъа-шозза а Мохьмад галвахча, чехкка дIаелира.

Хелхабуьйлучушка а хьоьжуш, баьллаш кIел лаьтташ болчу баккхийчу нахах цхьаъ шеца болчушка вистхилира, хелха а ваьлла, дIаволуш лаьттачу Мохьмаде а хьаьжна:

— ХIара Мохьмад ву чIогIа эсала стаг... ца хилча вайн йиш а йоцуш.

— Дера ву шеца бусулбан дин, гIиллакх, ламаст долуш-м, — аьлла, кхечо цо аьлларг тадира.

— Дала дикка гIодина вайн-м, хIара цхьа эсала нах а нисбина... Кхечу ярташкарчу комсомолаша къаьхьа де ма хIоттийна шайн ярташкарчу кулакаш, молланаш бу бохучу нахе... Вайн чIогIа аьтто хилла-кхи цу гIуллакха тIехь. Бакъду, вайн комсомолех цхьаъа-м ву вон стаг, шел боьханиг кхин хила йиш а йоцуш. Цхьадика, цомгуш-м вара иза, дала дIаэцарг, — аьлла, гIеххьа къено хьаьжо вистхилира.

— Амин! Амин! Сатун кIант Мухьид ахьа вийцахь, — элира юххе лаьттачех цхьамма.

IX

..Кху наха комсомолех лаьцна дехха къамелаш дира, кест-кеста Мохьмаде а хьовсуш.

Сатун кIант Мухьид биъ бутт хьалха дуьйна цомгуш Iуьллуш вара, деге лазар догIуш а, хорша хьегIаш а. Мухьидан да Iайгаш деш хилла вара. Цундела Мухьидана жима волуш дуьйна бераша «чада» цIе тиллинера.

Бакъду, де мел дели, бераш кхуьнан и яккха ца даьхьаш, яйеллера. Ша къайлах ца яккхахь, хIинца ца йоккхуш яра и цIе. Мухьид таро йолчу нахана, дешначу нахана везаш а вацара, иштта цуьнан да а ца везара, и комсомол цо язвалийтарна.

Мухьид шайн ячейка йилличахьана дуьйна схьа шен цIен тIехь долчу гIулакхан кIезиг тергам беш, шена тIехь долу комсомолан декхар кхочушдешший, кхочушдан гIерташший схьавогIуш вара.

Цхьа гIайгIа яра кхунна — ша санна бакъонца болу комсомолаш ячейкехь цахиларна. ХIинцца дукха хан йоцуш-м бара сацам боллуш а, комсомолан декхар кхочушдеш бала кийча болуш а комсомолаш. Бакъду, уьш, деша бахана, цIахь бацара.

Мохьмад лаха араваьлла комсомол готтачу ураман новкъахь, керта юххе еана лаьтташ ша тIехьийза Кулсам а карийна, вехха цуьнца лаьттира, куьг туьйсуш къамел а деш. ТIаккха цIеххьана, ша арадаьккхина гIуллакх дага а деана, Кулсамна «Iуьйранна бежнаш лахка яхана ши зуда эвлан йистехь,

шаьш муха лаьтта а ца хууш, юха бажа цIа богIу хан хиллалц къамел деш а лаьттина, — латта мел луу лаьттича-м ехха лаьттар яра вайшшиъ, аьлла, цIа еанера» боху кица а далийна, Мохьмад лаха дIавахара. Де суьйренгахьа мел лести, ловзар доккхахуьлуш лаьттара, адамаш гулдаларна. Дерриге а ловзар аьлла доьлуш дара юккъехьийзачу шина жухаргах. И шиъ, юьхь дIахьулъеш, коьртах бIегIаган куйнаш а доьххина вара, харцахьаяьхна кетарш а юьйхина. ХIинца цу шиннан сурт цхьана кхечу хIуманах тера дара, аьлла, къастош дийца хала дара, и шиъ сов буьрса гора. Лаьттах кIаг а боккхий, чурт ду, олий, чIешилг а югIий, кху ловзара юккъерачу цхьана стеган цIе а йоккхий, и дIавуллу шаьшшимма, олий, цу жимчу коша гонах хьаьвзара, маьхьарца воьлхуш, гIийла тийжаш. Иштта масийтта тайпа бегаш лелочу шиннах нехан сов чIогIа сакъералора.

Жунид жухаргех сакъералуш вара. Амма Мохьмадна-м уьш ган а ца гора, шен Хелипат йоцург.

Мохьмад лоьхуш волу комсомол, кхечухьа и кара а ца вина, кху ловзарга веара. Иза, меллаша вахана ЖунидагIарна тIехьа дIа а хIоьттина, цкъа ловзаргахь болчу зударех, нахах бIаьрг а тоьхна: «Мохьмад!» — аьлла, вистхилира.

— ХIей! — олуш, Мохьмад юхахьаьжира.

— Хьо схьавалаве, бохуш, цхьа хьаькам ву-кх веана, — аьллачу кхунна Мохьмад вехна вуйла хиира.

— ХIун хьаькам? — Мохьмада хаттар дира.

— Ца хаьа суна, и хIун хьаькам ву-м, портфель а йолуш ву-кх иза, комсомолан секретаршца гIуллакх ду шен, бохуш.

— Округера цхьаъ хир ву иза, хIун боху кхуо баха?

— Цхьа кампане-м хьехайо цо.

ТIаьхь-тIаьхьа вехаш Iен Мохьмад, ша хIун юьйцу а ца хууш, лен велира.

— ДIавала-дIа, хьайна со кара ца во, ала.

— Ой, муха эр ду, нехан юьртара вай иза-м.

— Хьайна луъург де-кх, сан гIуллакх дац цуьнан кампанешца, — Хелипате а хьаьжна, — хьалагIаттахьа цигара, цIа гIо вайшиъ? — аьлла бIаьца йира.

— Цкъа цо хIун боху а хьаьжна, юхавогIур ву хьо.

— КIант! — олуш, корта агIор кхуссуш, юха а хьаьжна, Мохьмад вистхилира:

— Цуьнан кампанешца сан гIуллакх дац. Со ца вогIу. Суна хIара а ю кампани. — Кхул йоккха кампани яйний

хьуна? ХІара кампани сан цІахь хІотто а деза-кх вайн... вало, сайн кампани чекхъяьлчахьана, со дІавогІур ву, ала ахь. Хезий хьуна? Муса, иштта дІааьллахь!

Сихвелла цхьана йоІе догдаха а гІерташ цо даха а ца дохуш, Іеш волу Жунид, МохьмадагІеран кІамел а хезна, юхахьаьжира. ТІаккха шена Муса гича: «Ахьа хІун леладо, Муса, хьовх, ва бедняк?», — аьлла вистхилира.

Мусас ша деана гІуллакх дийцича, Жунида, шен кисанара ах шиша къаьркъа схьа а доккхуш: «ДІаяла, кІилло, хьуна-м Шемал лаьцний а ца хаьа... хІан... суна тІехьа а лахлой, хІара дІаяккхал» — элира.

Муса вехха гІиртира къаьрка ца мала, амма Мохьмадий, Жунидий ша ца вуьтийла хиъча, малар дІа а даьккхина, кеп хилла, шен накъосташна хьалхха охьахиира, «нанна марчо эца ваханарг, вац со?» аьлла.

Малар-м кхунна шен шина накъостаначул дукхадезара, цунах дІакхетташехь, ваха а вехара хІара.

Кеп хилла Муса, ша ваккхаре ца хьоьжуш, ловзара юкъа а ваьлла, йоІаца хелхавала вуьйлира. ТІаккха, пондарчо лоькхучу эшарца шен хелхар дика хир дац, аьлла хеташ, цунна тІе а вахана: «Цхьа говр хьавзочу эшарах тера йиш яра-кх, и лакхахьа», — аьлла, йоІ тІаьхьа а хІоттийна, хелхавелира, богІучохь а, цабогІучохь а бухь а бугІуш, «хІай-хІай», бохуш, мохь а хьоькхуш.

Мусана тІаьхьа Жунид ваькхира хелха Хелипатаца. Раз хелхаюьйлучу Хелипате Мохьмад чІогІа сакъералуш хьоьжура. Ехха хелхаелира Хелипат. Цо, ша тІаьххьара туобоккхуш, шен шуьйра накха тІе а баькхина, сетташ, Мохьмадана аьлча санна, кеп хІоттийна, и шех хьагийра. И кеп шена гича, Мохьмаде шен жималла саца ца елира, цо шен хаьнтІера ворхІазза йолу тапча схьа а яькхина, «войт, гор-гор дика бал яІ-кх!» аьлла, шена хьалхха шозза тапча а тоьхна, чехкка иза шен можачу хумпІара йоьллира.

Герз даьлча, дерриг ловзар аьлла Мохьмаде хьаьжира, тІаккха уьш шайн-шайн ойлан тІе бирзира, герз долу шайна дуьххьара а ца хазарний, ловзаргахь и дуьххьара кхуссуш ца гарний.

Хелипат хелхаяьлла яьлча, невцан накъосто, сераца и саца а йина, мохь туьйхира: «ЙоІ хьаннаг? ЙоІ хьаннаг?» Оцу заманчохь и санна волу невцан накъост, цунна улло а иккхина, вистхилира:

— Юккъера схьа а лаьцна, хIара хIунда кхайкхайо ахьа, кхунна коьртера ший а йитина?

— Бен дацара и-м. ХIинца кхайкхор бу-кх уьш а, — аьлла, цо юха а туьйхира: «ЙоI хьаннаг?» — мохь.

Хьалха цо мохь тухучу заманчохь «схьавола, ва схьавала!» — мохь хьоькхуш Iен Жунид, Мохьмад юха а мохь бетта волавелира. Кхара санна, «схьавола, ва дIахеца!» бохуш, маьхьарий ловзаран кхин маьI-маьIнехь а хьоькхура.

— Жунид! Муса! шуьшиъ IадъIелаш! — олуш, цIеххьана дагаваьлла Мохьмад шен кисанах лета велира....

Цо дийриг а, хьалха невцан накъосто тоьхна мохь а, дерриг ловзарна санна, хIетта кетIа кхаьчна, ловзаре а хьоьжуш, ша араваькхина комсомол а гуш, лаьттачу Ризванна а хезира. Иза кху ловзарга вар, Мохьмад лаха араваькхина комсомол схьавогIург а ца хилла, уьш лаха араваьлча, пондар-вотий а хезна, кхузахьа а вац-теша царах цхьа а, аьлла дара.

Шена вай и лакхахь дийцина сурт гича, хIара цецвелира, дагана цатам хуьлуш, воьхначу кхуьнан коьртан чоьш, куй меттах а хьабеш, ирахIиттира, кхуьнан портфель гIеххьа охьа а яхара. Ризван, оцу минотехь мадвелла, овкъаран басахь шен бIаьргаш шуьйра а къарзийна, юха а ваьлла, лаьттара, цига дIавоьгIча санна. Шена цкъа а дуьйцу а ца хезна сурт гарна.

Хелипат дIахийцира. Цул тIаьхьа хелхаяьлла йоI саца а йина: «ЙоI хьаннаг?» — аьлла мохь туьйхира, Мохьмадий, Жунидий багалейина, оьгIазвахана Муса дIаваха волавелира. ЖунидагIар, шайтара даьлларг ледара гIуллакх ца хеташ, охьа а хевшина, хьалха санна, сакъера буьйлабелира...

— ТIехула мухха велахь а, дагца тхайн накъост хьо хилар ахьа гучадаккхарна, совгIатана оха хIара кад баийтина ала, — аьлла, стоьлан гонах Iечуша невцан накъосте Мохьмадана къаьркъанан кад баийтира.

Мохьмада и мала а мелира...

КетIахь акъ а ваьлла лаьттачу Ризване кху ловзарга оьхучу кегийчу наха, иза юьрта тIевеана хьаша вуйла а хууш, «марша вогIийла хьо, хьаша, схьавола, цхьаьна охьаховшур ду вай» олура. Амма гуро лаьцча санна лаьтта Ризван, ша муха кховдадо ца хууш, цхьа дай куьг а кховдош, «хIан-хIа» алар бен, кхин вист ца хиларна, цунна шайн бистхиларх бохам болуш хеталой, и кегий нах ловзара юккъе оьхура.

Маларан кепах гIеххьа леста а лесташ, оьгIазвахана, охьа а таьIна, чехкка вогIу Муса Ризванна тIеIоттавелира. ТIаккха хьалахьаьжначу шена Ризван вевзича, хIара, цхьана хIумано

човхийча санна, юха а иккхина, «а...а...» аьлла, дIахIоьттира, кхуьнан теIарх хIара вехна вуйла хууш лаьтта Ризван вистхилира:

— ХIара хIун ду? Хьо стенна араваьлла?.. ХIара хIун ду?

— ХIахI?.. ХIумма а дац... Со ву ... ХIара-м... Мохьмаде кхайкха... — олуш, Муса дIа-схьа лестира.

— Мила ву — и комсомолалла доьхнарг? — аьлла, Ризван тIеволавелира.

— Иза-м... И-за-м...

— Комсомол варий иза?

— ХIахI?.. вара-те... вацара-те...

— Ткъа мила ву иза?

— Иза тхан си...си...

— Секретарь вуй иза?

— Ва...

— А-а! — хIета, — олуш, Ризван, лаамаза вела а къежна,—чехкка иза а, секертарь а валош, схьавоьл, — аьлла ураме дIаволавелира. Муса, цкъа цунна тIаьхьа хьожуш, тIаккха Мохьмадагlаьргахьа воьрзуш, воьхна лаьттара. Цуьнан маларх хилла кеп нийсса ах яханера,

СадаIа делахь а, мацбелла дарехь а, юьстах а бевлла, жухургаш юха баьхкира. Царна тоххара хиънера Мохьмада динарг.

Цу шина жухургах лоханиг воггIушехь инарла Iечу стоьл тIе вахара...

— Мохьмад! Ва Мохьмад!.. Я, со а висна, хьо велла велара, я, хьо а велла, со висна велара. Вай, нана яла хьан, Мохьмад, вай, нана яла хьан, Мохьмад, ма хьалхе, ма хьалхе ваха,—олуш, хIара ахIин декъе вахча, важа лекха жухург, кхунна тIе а веана, пхьарс а лаьцна, хIара шиъ гIийла волавелира, цкъа цхьаьна воьлхуш, тIаккха роггIана мохь хьокхуш...

ТIаьххьара а лекханиг, каш ца даькккхича дер дац, аьлла, цхьана маьIIе ор даккха хIоьттира. Гуобаькккхина Iен нах, зударш кху шимма лелочуьнга сов лерина хьуьйсуш, чIогIа боьлуш бара. Ша вехна велахь а, Мохьмад, шега схьахьожуш Хелипат ца карийча, жухургашка а хьожий, велакъажара. Ловзаргара я синкъерамера цIавахча, «хаддаза» дог дехира ша, ала луу Жунид, цхьа цIен лоха йоI карийна, цуьнга бIаьцаш еш Iаш вара, нехан беларш, ловзаргахь лелораш башха ган а ца гуш.

Цхьацца доIанаш деш, кхин деш, чIогIа нах а бийлина, йина яьлла цициган кIорни чуйиллал ша даькккхина лаьттачу ор

чу латта таса велира лекханиг, тIаккха лохчу жухурго велхарца мохь туьйхира:

— Ва Мохьмад, хьо а велла, хьан гIуллакх дисна делира, ва Мохьмад, я хьан гIуллакх а дисна, хьо велла велира, ахьа-м кIезиг ца йиний белхан кIайдаргаш!

Боьлуш Iен нах кхин а чIогIа гIадбахара. Шина жухурго коша тIе хи доттаран меттана шаьшшиннан марош лекхира. Оцу заманчохь пондар, вотий доладелира, ши жухург хелхарна ловзара юкъа тасавелира.

Хьалха дуьйна а кху ловзаре хьоьжу Хелипатан да, шен къоьжачу можа тIе куьг а хьоькхуш, жухургаша лелочух чIогIа самукъадаьлла, лаьттара. Иза Мохьмад шен йоIана тIехьийзаш вуйла хууш вара...

Мохьмадана тIе а вахана, Мусас Ризванан, шен хилла къамел а, цунна ловзаргахь хилла сурт а дийцича, Мохьмада, кхеравелла делахь а, озавелла делахь а, ша дIавогIу а аьлла, Муса дIавахийтира. Цул тIаьхьа ах сахьат далале ловзар дIадоьхча, Мохьмад а шен накъосташца кех велира.

Готтачу ураман новкъахь дIаоьхучу нахана дикка хьалха воьду Мохьмад, Жунид шаьшшиннан йиш халарна а, догIмаш даздаларна а, цхьацца кад къаьркъа малар а тодина, юха а ЮнусагIаьрга вахара. ХIара шиъ дIакхаьчча, Юнус а кхушимма юха а арадаькхина гIуллакх бакъхьа ца хеташ ца хилира, цо: «Хьаькамана тIе воьдуш хилча, говза вистхила а, бIаьрг серлабалийта а Мохьмада-м мухале а цхьаъ дIабаккха беза» — аьлла, ши кад кховдийра.

Малх, юьртана цIоьлла тоьхна, суьйранна дIабуза кечбеллера. Лата тIегIоьртина эскар санна, бажа а маьхьарца юьртах чубоьллера. Сихйинна хитIа кхуьйлуш говраш а яра. Хин йистехь хьала-охьа лаьтташ кегий нах бара, куьйгаш туьйсуш, мехкаршка къамелаш а деш, тIаккха куьйгаш вовшахдетташ, гIадбоьлхий бийла а луш. Зудабераш, цIестан кIудалш белшаш тIе евлча, цIа а оьхуш, юха баьхкича, цергашца коьртара хIуманийн тIемаш а къуьйлуш, беларций, хазчу къамелашций кегийчу нехан самукъа а дохуш, хиш кхоьхуш бара. Амма, хIупъаьлча керан юккъера йовн чан санна, цу хийистера и кегий нах, зударш бан-м байра. Цул тIаьхьа дукха хан ялале кху юьртан массо а маьIIехь молла кхойкху а хезира:

Олло...хIу акбар!..
Олло...хIу акбар!..
ОллохIу-акбар!
ОллохIу-акбар!

X

Сарахь ловзаргара цIа еанчу Мухьидан жимчу йишас шен нене дийцира ловзаргахь шена гинарш а, хезнарш а, шен къамел чекхдолуш цо элира:

— Баба, ши жухург а вара хьуна цигахь ловзуш.

— ХIун леладора цара? — аьлла, лампа латош йоллучу шен нанас хаттар дича, йоIа дийцира шена дагадогIуш цу жухургаша лелийнарш. «Долчул хаза дара хьуна, баба, цу жухургаша Мохьмад дIавуллуш», — олуш, кху йоIа, шен пазаташ схьа а яьхна, чохь ченан кIур гIаттош, егийна, нара кIел тийсира.

— Муха — дIавуллуш? — аьлла, нана кхуьнга схьахьажира.

— Баккъал дIа-м ца воьллира, эцца цхьа кIаг а баьккхина, и дIавуллу, бохуш, боьлхуш, мохь хьоькхуш, лелара-кх.

— Мохьмада хIун динера царна? И санна, кхин а бацара цигахь нах? — элира юха а нанас.

— Бара дера нах-м. Ловзарна кхайкхо Хелипат дIахоьцург комсомола Мохьмада ахча далар мехала даьккхинера. Цу тIехула-м цхьана маьIаргона девнаш а хуьлура.

Нана юха йистхилале дехьа чохь мохь белира: «Маржан! Маржан!»

Маржан чехка дехьа чу яхара. Цу чохь нара тIерачу меттахь Iуьллуш Мухьид вара. Хоршин басахь, даьIахкан дегIаца. Маржан чуеъча, цо, меллаша къегар а хууш: «ХIун дина, бахара ахь, Мохьмада?» — хаьттира.

Мухьидан хаттарх а, цуьнга хьаьжча а хуур дара шен нене йоIа мел дийцинарг кхунна ма-дарра хазар а, цуьнан бала а кхаьчна, цомгашчо ладегIна хилар а. Кхуо хIинца Маржане ша волчу кхайкхар — Мохьмада лелийна боху гIуллакх, ма-дарра, хаа гIертар дара.

Маржана дийцира кхунна шена цу хьокъехь мел гинарг а, мел хезнарг а. Хелипатий, цуьнан накъостий динчу къамелан биста кхаччалц.

Хьалххе дуьйна а холчахIоьттина Iен Мухьид, тIеттIа оьгIазъоьхуш, чIогIа халонга даьлла вара Мохьмада динарг, кхуо юх-юха Маржане хоттура: «Баккъалла а делира цо и Хелипат дIахоьцург?»

Маржана юх-юха бакъдора иза, амма кхунна, ша жима хиларе терра, ма-дарра цу гIуллакхан маьIна ца хаьара, бакъ-

ду, шен вешина и хиъча а, цунна и холчахоьттича а, йоI цхьа эхь хетча санна-м хуьлура.

Меттан юккъехь чухуларчу бедарца Iен Мухьид, схьа а лехна, шен хIуманаш тIеюха хIоьттира, вехна стаг санна, дIасхьа а лесташ. ТIаккха-м муххале а Маржан дохкоелира ша дийцинчунна: чуеанчу дестечо, шен хебаршка ихина юьхь а чIечкъош, хаьттира:

— Ахь хIун до, Мухьид? Хьо хьалаиккхина ма хьийза?

Дагна чIогIа цатам хилча сибат доьрзучу суьртахь Мухьид шена гича, цуьнан жоьпе ца хьоьжуш, дестечо юха а хаттар дира:

— Хьуна хIун хилла? Ахьа цхьаъа-м леладо?

— Хумма а ца хилла суна-м. Со-м цкъа аравала воллура, — элира Мухьида цхьа доьхна.

— Ой, ткъа хьо-х могуш вац. ХIокху цхьана-шина баттахь ца ваьлларг, тховса хIунда гIерта хьо аравала?

Мухьида кхин жоп ца делира. Иза, юххехула хадийча охьабожа кечбелла поп санна, лесташ, меллаша аравелира, новкъахь ловза неIаран гIуй а оьцуш буйна.

Ала деза, Мухьид цхьа мухха а гIуллакх Iоттадаларх хьалагIоттучохь цахилар, амма цуьнан даго цуьнга бахарехь, иза, хIинца шех хIуъу хир делахь а, хьалагIоттур вара, цунна кIезиг ледарло ца хетара Мохьмадера даьлларг, кхуо хIинца новкъа воьддучохь ша-шега олура: «Муха могуьйтур ду иштаниг?»

Наггахь, кертах таьIий, са а доIуш, дIавоьдучу Мухьида, жамIатан маьждигана юххерачу лохчу цIенойн кетIа ша кхаьчча, саца а сецна, шен кIезгачу гIоранца мохь туьйхира: «Муса!» — аьлла.

Кертара схьа жIаьлеш хьаьлхира. Цул тIаьхьа дукха хан ялале—кхуо тоьхна мохь хезна делахь а, я жIаьлеша яьккхинчу гIовгIанна делахь а — чуьра араиккхина, цхьа зуда кетIа еара. «Муса вуй чохь?» — олуш, Мухьида доккха садаьккхира.

— Чохь ма вац иза.

— Стенга вахана иза?

— Билггал и стенга вахана-м ца хаьа суна, вуьшта, бераша, цхьа хьаькам а веана, маьхькаманехь гулбелла бу-м, бахара-кх, уьш.

— А-а, хIета... — аьлла, Мухьид дIаволавелира.

— Хьо чу хIунда ца вогIу? — аьлла зуда йистхилча, кийра богуш, Мухьида жоп ца делира. Иза зудчунна башха та а ца

тайра, тІаккха шен беха мара, бекош, цІан а беш, цІагарчий а айина шена гонах хьийзачу жІаьлешка, хІоранга бохург санна, «дІадала, йовссар!» бахарца чуяхара.

XI

Правленин жимчу цІа чохь гулъелла собрани яра, стоьлана гондІа Іечарна юххехьо Іеш Мохьмад а вара, бІаьргаш а севсина.

Къамел деш вара Ризван. Юкъ-юкъара гІуьттуш, комсомолаша къамелаш дора.

Дукха хан ялале Мухьид схьакхечира собране. Ша охьахиъна дукха хан ялале гІуллакхах, ма-дарра, кхета а кхетта, хІара къамелана гІаьттира. Мухьидан къамел чекхдолуш, Ризвана элира:

— Накъостий, вайн ячейка набкхетта ю, хІара самаяккха еза, аьлча а, вай самадовла деза, вай бІаьргаш шуьйра делла деза, вайн чкъурах боцурш вайн могІарера чехконца лахка беза, хІара Іен Мохьмад а тІехь, тІаккха вайн ячейка самаер ю, сема хир ю.

КІира далале ячейка «самаелира», цара шайна юкъара Мохьмад а, и санна берш а дІабехира.

POMAH

ПЕТIАМАТ

(Хьалхара дакъа)

Доккхачу цIа чохь некъехьарчу жимчу кора кIел лаьттачу ехачу нар тIехь 45 шо кхаьчна Дуда Iара, шен цIенкъарчу баккхийчу когийн буьхьигаш, нагахь хьала ойий, юха охьа а детташ, юкъ-юкъа шен куьйгех йохкучу болатан гIоьмашка а хьожуш, юха цу тIера айабеллачу Iаьржачу бIаьргашца лоррий неIарехьа тоьпашца лаьттачу веа стражнике а хьожуш, шена уьш цабезаран ойла а еш.

ХIара стражникаш, шайн хьаьрсачу яххьаш тIе нагахь гIийлла туху хьацар, шайн кIайчу кучамийн пхьуьйшаш хьокхий, дIа а дохуш, юха кху цIа чохь, тIехьа ши куьг а диллина, белш тIехь погонаш а йохкуш дIа-схьа лелаш волу пурстоьпан помощник Хьабиб шайга хьожучу заманчохь шайн даккхий, гIалгIазакхийн догIмаш нисдой то а деш, шайна гена воцуш цхьалха, Iаьржачу гIовталца Iечу цу Дуде а хьоьжуш, лаьтташ бара, цо шен мокхо-горгачу юьхьа тIера даккхийчу Iаьржачу мекхаш тIе, шен куьйгех йохку чIагарийн гIоьмаш а екош, дайн куьг хьаькхча, лоррий цунна тIе шайн сийна бIаьргаш а дугIуш.

Чухула дIа-схьа лелаш волу Хьабиб, Дудина хьалхха саца а сецна, ма хьевели и молла, тхо даьххина-м дикка хан ели, аьлла, шен ехачу юьхьа тIера хьаьрса мекхаш хьийзо волавелира.

— Иза-м хIокху сохьта схьакхочур вара, хьайн тарлахь, жимма собардехьа. Ас Нохчийчохь доккхург таханлера тIаьххьара де а хилча. — Дудин корта жимма оллабелира.

— Делахь кхин а пхи минот хан ю хьуна, цул тІаьхьа вай кхин Іаш дац хьуна, — аьлла, Хьабиб, шен даточу гІутакхара цигаьрка а латийна, нара тІе а хиъна, шен дешица кхелина тур ловзо волавелира, чохь боккха цигаьрканан кІур а гІаттош.

ХІун стаг ву-техьа Дуда? Стенна йоьхкина-техьа цуьнан куьйгех болатан гІоьмаш?

Иза ондалла а, майралла а кху юьртахь гІараваьлла вара. Цунна паччахьан Іедал ца дезара. Цуьнга юьртахь маьІ-маьІнехь ахархошна бен ницкъаш ца лалора. Амма, шен ницкъ кІезиг хиларна, Іадда-м Іара, шен аьтто баьл-баьлла вон Іедалан дайшна а деш.

Цхьа шо хьалха кху юьртахь хиллачу пурстоыпо, юрт гулъеллачохь лаьтта тІехула къовсам а баьлла, ахархошна страже шодмаш еттийтинчул тІаьхьа кІира далале и пурстоп, гІала воьду лар а вина, Дудас докъаза вайинера. Хьелаш долу нах а кхуо, шена ца безарна, гІоза-декъала баха ца буьтура, шен аьтто баьлла къола а деш. Цу тайпана шен какхаьччарг мискачу нахаца, нийсса дакъош деш, екъа а йоькъуш.

Иштта Дудас лелош долу гІуллакхаш Іедална хиънехьара, хІара тоххара лаьцна, тІепаза вайина хир вара. Іедална и ца хаьара, мискачу наха хІара, чІогІа лар а веш, Іалашварна.

Амма тахана, кху Дудин дукха хан йоцуш веллачу лулахочо, нохчашна обаргаш лелабо, аьлла, тоьхначу гІуданах гІуда а ца делла, цуьнан кепийра бераш а, цу берийн щомгаш нана а елхош, церан тІаьххьара етт шина стражнико кех боккхуш ла а ца делла, царна орцах хьаьдда воьдучу кху Дудина цу берех 12 шо кхаьчна бер аьттан юьхь а лаьцна воьдучу стражникана маьхьарца пхьаьрсах хьаьрчаш а гира, цу стражникан аьттан чуха схьалаьцна долчу куьйгах цу кІанта цергаш йоьхкина, стражнико, шен баккхий сийна бІаьргаш а къарзош, цуьнан коьртах тоьпан бух тоьхча, и кІант, мохь-орца доцуш, бехха мотт а баькхкина, хьаьвзина, лаьтта вужуш а гира. Цу кІанта стражникана цергаш, и етт дІабигча, ша яа шура йоцуш вуьсур ву-кх, аьлла, дагадеана ца йоьхкира, цо и цергаш йоьхкира, и етт ша хІор денна бажо оьхуш леларна, шена и дукхабезабелла дела, цунах къаста ца лууш. И кІант тахана шен аттаца цІахь Іер цуьнан ирс цахилар дара. И цІахь Іийнера, и етт тахана бехкича цхьаммо а хІунда бехкина эр доцчу хьолехь хиларна. Иштта и сурт шена гича, шен хьадар алсам а даьккхина, Дудас, ша цу стражникашна тІекхаьччча, кхин вист-

хилар доцуш, шен йоккхачу шаьлтанца и ши гIалгIазакхи верина охьавиллира, кертарчу баьццара бай тIехь цIен тIамарш а хIиттош. ЦIехьана кху куьпахь гIовгIа гIаьттира. Кху гонахара бераш, зударий боьлхуш бара, «Iедалах» кхоьруш, кхуза кегий а, баккхий а нах гулбелира оцу минотехь, баккхийчу наха Дудега, дIавала, аьлла, дехар а дира.

— Со кIелхьара а ваьлла, Iедалан дайшка бехк-гуьнахь доцу шу миска нах хьийзадайта водур вац со!—аьлла, Дуда, шен керта а вахана, сецира. Орца чехка деана схьахIоьттира, шайна Iоххуш декъий гича, уьш, тIекхаьч-кхаьчначунна шодмаш етташ, тоьпийн баххаш детташ, луьра хьаьвзира. Царна хьалхаваьлла волу пурстоьпан помощник Хьабиб, тапча а яьккхина, хIокху сохьта аш бехке верг схьа ца лахь, ас хьалха хIара сайн тапча а етташ, оха тIом бийр бу шуна, сийна цIе шун кху куьпах а юьллуш, аьлла, цхьана маьIIе гIийла гулбелла лаьттачу баккхийчу нахана тIечеха ваьлча, и къамел а хезаш, кхарна тIевогIуш лаьттачу Дудас, чехкка кхунна хьалха а иккхина: «Со ву хьуна уьш байинарг!.. Со вара хьуна, хьан а, вукхеран а, сайн ницкъ хилча, кортош лоьIу дерг!» — аьлла, Хьабибана тIе вон ши бIаьрг а хIоттийна, цергашца лахара балда лецира.

— А!.. хьо ву и Дуда? ХIинца-м ма-варра гучувелира хьо. ХIинца-м хIара нана Гихчоь хьайн кIесаран кIаг гуш гур яцара хьуна!..

— Ван а ву! Хир а ву! Сих а лур вац! Виц а лур вац!

Иштта, Дуда ша гучу а ваьлла, хIинца кху чохь Iечу ХьабибгIара, лаьцна, дIавига кеч а вина, Iара-кх хIара, Дудас, къар а ца велла, ша тIе хIума юххалц хIорш чу а балийна.

Дудас хIинца ша Iаьччохь ойланаш йора. Амма, цуьнан нур даза долчу бIаьргашка хьаьжча, хаа-м дезара, цо шен дегIана зен хиларна кхоьруш ойла ца йойла. Цо ойла йора, хIинца ша лаьцча, шен 15 шо кхаьчна ПетIамат ша́ йисаран, цунах къахеташ, цуьнга хьажа шен а, цуьнан гергара стаг цахиларан. Тайпана нах-м бара Дудин, цIийнан хьалхара нах а тIехь, делахь а кхунна лаьара царалахь къаьсттана тешаме цхьаъ харжа, кхунна хетара, хIинцца кхо бутт хьалха елла шен зуда мукъана а схьаелара, аьлла. Иштта ша еш йолу ойла Дудас шаьш кху цIа чу ма-девлли а йира. ПетIамат дага а еана, ТIаккха, и шен йоI кховдо кхин стаг дага а ца веана, динан да волуш волчу, гергара вацахь а, тайпана ву бохуш волчу кху юьртан моллега кховдор ша, аьлла, Хьабибера пурба а даьк-

кхина, моллега кхайкха стаг а вахийтина, Iаьш бара хIорш хIинца, и молла схьаваре хьоьжуш.

Кхеран малхо лепош лаьттачу корехула наггахь тIехйолуш бугIанийн, стерчийн еса ворданаш а гора, баккхий, кегий нах хьалха а хевшина. Кху цIенна гена боцуш уьйтIахь лаьтташ баккхий а, кегий а нах бара, яккъаш а йихкина, цхьалха гIовталшца, лекха ирхдаханчу бес-бесарчу куйнашца, церан сибаташа кху Дудина дан накъосталла доцуш шаьш чIогIа холчохь хилар гойтура. Цара кест-кеста шайн кортош ластадора, шайн холхазан куйнаш бIаьргаш тIе а туьттуш. ЦIеххьана царна юкъара кегий нах, юьстах а бевлла, шайн тоба а еш, дIахIиттира, чIогIа куьйгаш туьйсуш, цхьацца къамелаш а деш. Цара къамел меллаша дора, цу къамела юкъахь наггахь хезаш «и-м цара вуьйр вай, вай тахана дика ца хьовзахь» боху дешнаш дара.

Амма, баккхий нах, цара лелочух кхетта, тIе а бахана, хьехарца уьш човха а бина, тохарлерчу шайн метте юха-м балийра. Кху кертахь маьI-маьIIехь дитташ тIехь тайп-тайпана эшаршца олхазарш дека а хезара. Кертахь котаман буьна юхехь доккха къорза жIаьла а Iуьллура, хьалхарчу шина кога тIе шен боккха корта а биллина, тIехьара ши ког, цхьана агIор нисбеш, дIа а бахийтина, мозашна наггахь ка а тухуш. КIайчу стигалхула неканца лелаш овкъаран басахь маьI-маьIIехь мархаш а гора, цхьаерш юкъ-юкъа лепаш лаьттачу малхана дуьхьал а юьйлуш, цуьнан серло цкъа шерачу арахь Iуьллучу кху йоккхачу юьртана юьтий, аьрцанашка IиндагI хIиттош, тIаккха, и серло аьрцанашкахь а юьтий, кху юьртана IиндагI хIоттош, наггахь цхьайолчу мархаша хьалха йоьлхурш схьалоций, цхьаьна а етталуш.

Кху йоккхачу юьрта йисттехь баьццарачу акхтаргаш юкъехула охьадогIучу гIеххьа жимчу хи тIехь истангаш дуьттуш йоллучу Дудин ПетIаматана шайн цIахь дерг ца хаьара, Дудас и санна долу гIуллакхаш динийла а, дийр дуйла а-м хаьара, Дудас шега дийцарна. Амма хIара, Дудас цу тайпана гIуллакхаш дарх, цкъа а шек йолуш яцара, юьрто а Дуда майралина вийцарна, цунна цкъа а хIума хир дац, моьттуш. Цундела ПетIаматана Дудас динчух кIезиг сингаттам хуьлура.

ПетIамат, шен кIайчу кучан ши пхьош гоьллец хьала а дина, коьртарчу цIечу йовлакха кIелхьара охьаоьху шен Iаьржа месаш дешица кхелинчу лергаш тIехьа а туьйсуш, лаьттара, гоьлел лакха лелхаш кIайн настарш а гуш, хи чуьра шен истангаш хьуьйш.

ПетIамата, цIеххьана шена IиндагI латточу акхтарга тIехь олхазарш дека хезча, шен Iаьржа ши бIаьрг хьала хьажийра, тIаккха, оцу заманчохь хе охьадахьаш долу гIаш а тIехь цхьа жима диттан га шен настарех хьакхаделча, хIара кхераелла, шен дуткъа дегI а саттош, «а» аьлла, юьстах а иккхина, цу хи чу хьежа хIоьттира. Шех хьакхаделларг диттан га дуйла хиъча, хIара, шен кегий куьйгаш тата доккхуш вовшах а тоьхна, уьш шен голаш юккъе а доьхкина, шен кегийра кIайн цергаш гучу а йохуш, гIадъяхана елаелира, леррина цу гаьн тIе бIаьргаш а доьгIна.

Иштта хIара лаьтта минот а ялале: «ПетIамат!.. ва ПетIамат!.. со яла хьан!.. со яла хьан!» — бохуш, шена тIе цхьа адам догIуш хетта, дIахьаьжинчу кхунна, шена тIе кхачча йоллуш, едда йогIуш ши зуда гира, коьртара корталеш белаш тIе а дахана, къоьжа кортош а гуш, елха а йоьлхуш. Цу тайпана и зударий гича, ПетIаматан дегIаца хьала-охьа шийлачу хIон тулгIе туьйхира, хIара шен ши лерган юх а лаьцна, кхерам даг тIе тасарца чIогIа цец а яьлла, дIахIоьттира. Оцу заманчохь кхуьнан хи чуьра сийна истангаш гучудевлира, уьш хе, юкъ-юкъа сеца а деш, охьатекхо долийра.

— ПетIамат! Ва ПетIамат!.. хьан да дIавуьгу хьуна! Хьан Дуда лаьцца вуьгу хьуна! Ядалахь, ядалахь, ПетIамат, ядалахь! — аьлла, ши зуда кхуьнан дегIах хьаьрчира.

— М-мила?.. мила бах аш?.. Дудий?.. Сан да Дудий?.. — аьлла, ПетIамата луьра мохь хьаькхира. Цу зударша дуьххьар мохь тоьхча а къаьрзина долу цуьнан бIаьргаш, чохь мелчу хин тIадамаш а хIуьттуш, цIеххьана шуьйра дIа-схьа даьржира. Амма, кхуьнан дог кIадлуш, хьаьвзинчу бIагорна хIара, шен пхьаьрсаш шуьйра а даржош, баьццарчу бай тIе аркъал охьайоьжначул тIаьхьа, бIаьргаш чехконца ваьшта-м дахара. Кхуьнца болу зударш, шайн хебаршка ихинчу канаш чохь хи а кхоьхьуш, цуьнан юьхьа тIей, жимчу некха тIей хи детта буьйлабелира. ПетIамата наггахь бен са ца доIура, цуьнан бос дикка хийцабеллера.

ХIорш иштта бохкучу заманчохь кхарна гена боцчу новкъахула, расха ши говр а йоьжна, сийначу хьаьжкIех йоьттинчу хIургонахь цхьа жима стаг вогIура. Цо, цIеххьана шена кху зударийн гIовгIанаш хезча, хIургон саца а йина: «ХIей зударий!.. соьгара гIо оьшуш меттиг юй цигахь?..» — аьлла мохь туьйхира.

— — Же!.. же!.. жима къонаха, ю хьуна хьо оьшуш меттиг! Ду хьуна ахьа дан накъосталла. Дуда, лаьцна, дIа-

вуьгуш ву, и аравакккхалий хIара ПетIамат цунна тIекхио хьовсур дара вай, — аьлла, шена цхьа зуда тIехьаьдчахь:

— Ой, стенна вуьгу иза лаьцца, кхин керла хIумма а-х ца диний цо? — олуш, жима стаг хIургон тIера чехконца охьаик-кхира.

— Дина!.. дина!.. Iийр варий и цхьаъ ца деш? Ши гIалгIаз-кхи вийна цо.

— Муха? хIунда? ХIинца а нахана етта-х ца йиттинерий цу копарша?..

— И-м, цIа кхаьчча, хуур ду хьуна, же, кхуза юххе схьа-яийтахьа хIургон! — аьлла, йоккха стаг чехкка ПетIаматана тIе хьаьдира. Жимчу стага, сийна хьаьжкIаш хIургонан цIа чохь цхьажимма бен ца юьтуш, важаерш чехконца некъан йис-те охьа а тийсина, хIургон ПетIаматагIарна тIе йигира. Иза, говрийн архаш а лаьцна, дIахIоьттира, йоI бехке хиларна, цу шина зудчуьнца ПетIаматах куьг тоьхна, и хIургон тIе яккха йиш йоцуш. Шина зудчо вуно хала йиллира шайн къеналлица ПетIамат хIургон тIе. Амма цул тIаьхьа хIорш чехконца-м боьлхура шерачу новкъахула ПетIамат цIа кхио.

ХIорш кхо минот а ялале буьйлира йоккхачу юьртах чу. ПетIамат, шина зудчо дIа а лаьцна, гIийла маьхьарца йоьлху-ра. И мохь хез-хезна зударий, шайн-шайн чуьра аралелхий, кхарна тIаьхьа хьежа хIуьттура, кхунна хилла бохам хууш, гIийла кортош а лестош, «хьай къа яI-кх, жима ПетIамат, хьан» бохуш.

Виъ стражник Дудина гонах а ваьлла, Хьабиб хьалха а волуш, кех бовлуш бохкучу ДудагIарна цIа ялош йолу ПетIа-мат дуьхьалкхийтира. ПетIамат чехконца иккхира хIургон тIе-ра охьа, цуьнан шийла мохь белира, Дудех шен бIаьрг кхет-ча, цуьнан бIаьргаш, хьераяла гергаяхача санна, къаьрзира, цуьнан жима дегI, цкъа йовхо, тIаккха шело етталуш, чехкон-ца дего доладелира, цуьнан тайп-тайпана хийцалуш лаьтта бос тIаьххьара а овкъаран басе бирзира, хIара луьрчу цIогIан-ца: «Дада!.. Дада!.. Дада!..» — аьлла, кех бевлла дIабирзинчу ДудагIарна тIехьаьдира. ТIаккха Дудас, меллаша юха а вир-зина, шен гIоьмаш йохку ши куьг шайн утармех а товжийна, корта а оллийна, ехачу можа тIе наггахь куьг а хьош лаьттачу Бешир-моллина тIе а хьожуш: «ПетIамат!.. И лаьтта Бешир-молла ву хьуна тахана дуьйна дIа хьан да, що бохург дар, цуьнга ладогIар тIехь ду хьуна»,—аьлла, Дудин къамел чекх-долуш, Дудина тIекхача дагахь стражникашна юкъаэккхаш йоллу ПетIамат, цхьана стражнико Iоьттинчу тоьпан бухо юха-

кхоьссина, охьайоьжча, доккхачу хьаьжа юккъе сийна шад хIоьттинчу Дудас: «Эй! Чорт! Чорт! Я тебе дам!» — аьлла, шена юххерачу стражникан вортан тIе болатан гIоьмаш йохку шен ший а буй туьйхира. Оцу меттехь хьалха воьду Хьабиб а юхахьаьжира. ТIаьхьарчу шина стражнико, тоьпан баххаш тоьхна, Дуда генна, хьалха бертал вахийтира.

Тоьпан бухо човхийначу ПетIаматана деге лазар деара. Цо, гIийлачу эшарехь: «Ва Дада!.. Дада!.. ХIара хIун ду? ХIара хIун ду?» — олуш, шен хаза дегI ирчу бIаьллаш тIе охьадиллира, шен торга юьхь горгачу малхе а ерзош.

Дикка лазийна Дуда халла гIаьттира хьала. ТIаккха, гIийла корта ластийна, гонахарчу нахах эхьхетта, укkал а таIийна, дIаволавелира.

ДудагIарна тIаьхьабевлла лаьтта зударш шийлачу маьхьарца ПетIаматна тIехьаьвдира. Лаьтташ болу божарий, цкъа Iуьллучу ПетIамате хьовсуш, тIаккха Дудина тIаьхьа хьовсуш, лаьттара, шайн декъа балдаш лакхарчу цергашца а къуьйлуш, шаьлтанаш тIе каш а дехкина, наггахь вовшашка а хьовсуш, хала садетташ.

ДудагIар чехка кхечира кху юьртан юккъерчу майданарчу правлене. Уьш, Хьабиб хьалха а волуш, цунна тIаьхьа Дуда а хIоттийна, чубахара.

Малх дикка хьалабаьлла лаьттара, стиглахь неканца лела овкъаран басахь мархаш чевнен бамбин басарчу мархашца хийцаеллера. Аьрцнаш тIехьа генна йийшина Iохкуш бодане мархаш а гора. Майданахула наггахь лезанан ворданаш а юьйлура тIех. ДIа-схьа лелаш тIехь беркъа а, цIена а кегий, баккхий нах а бара. Наггахь тIехйолуш зуда а гора, шен корталин тIам бете а уьйзуш.

Чувигина Дуда сахьт далале ваьккхира цу правленин майдана хьалха йолчу уча. Цунна уллохь тоьпашца ши стражник вара эрмалойн мажошца.

Дуда, шена цу чохь еттарна коьртах оьху цIий лерга уллохула охьахьодуш хаадаларна делахь а, шен куьйгех йохкучу гIоьмех а тосуш, когех болатан буржал тохарна делахь а, хьалхалерчул дикка гIелвеллера. Кхуо шен декъа балда, цергашца лаьццачуьра дIа ца хоьцура. Кхуьнан шена хьалхарчу майдана юккъехь доллучу лекхачу дитта тIехь декаш Iаьчу хьозарчех бIаьргкхийтира. Уьш, цIеххьана хьала а лилхина, шайна луъ-луучу агIор дIа-схьа довдуш а гира Дудина. ХIара, лерина цкъа щаьрга а хьаьжна, юха шен куьйгех, когех йохкучу болатан чIагаршка а хьаьжна: «Да вала хьан, дуьне, делаI-

кх», — аьлла, ойла ян хIоьттира. Ощу меттехь, кхуьнца волчу шина стражнико шайна хьалха чIогIа шодмийн татанаш а дохуш, говрашкахь ялх стражник дIахIоьттича, Дуда царна юккъе дIа а хIоттош, цаьрга цIен мухIар тIехь а долуш доккха кIайн кехат дIаделира. ТIаккха хIара говрашкахь болу стражникаш, гIаш волчу Дудина гонах а бевлла, юьйлинчу тоьпашца кху юьртан боккхачу урамехула дIабуьйлабелира, гIала баха. Дудин ондачу дегIахара болатан чIагарш, дехха аьзнаш а кхуьйсуш, ека йолаелира.

ХIорш иштта дIабоьлхучу урамехь шайн-шайн корех аракхийдаш, кортош а лестош, зударий бара. ХIор кетIахь лаьтташ миска нах а бара, Дудех къа, а кхоам а хеташ, наггахь кортош а ластош, Дудина дан гIо а доцуш, цо шайна хийла дина гIуллакхаш дага а оьхуш. Иштта, нехан дог а эшош, дIабоьлху ДудагIар дикка хьаьжча а ца къаьсташ, йоккхачу юьртан боккхачу урамехула къайлабевлира.

Цул тIаьхьа кхо де даьлча, юьртахь дийцар делира, валлалц яккха хан а тоьхна, Дуда сибрех дIавахийти, бохуш.

* * *

ПетIамат Бешир-моллица Iаьн кхоъ дIа а даьлла, доьалгIа шо доладеллера. ХIара ша йолчул шозза хаз а еллера. ПетIамат, шена хIун ду а ца хууш, хIор татанах а, хIор декачу олхазарх а, мохо гIийлла лесточу диттех а, кхийсалуш догIучу хин гIовгIанах а, беттаса долчу буьйсанах а тIехь чIогIа сакъералуш яра. ХIара цхьа гуш боцчу ницкъо цхьанхьа генна дIаийзайора, амма кхунна хаа-м ца хаьара, ша стенна ийзайо, стенга ийзайо. Кхунна хаалора, шен дегIах бан а болуш, хилла чекх а ца болуш болу цхьа там.

Бешир-моллин кузащий, истангащий кхелина ши цIа ПетIамата, чIогIа сакъералуш, хаза леладора, ша йоцург дечу гIуллакха тIехь шега хьажа стаг вац-кх аьлла хIума дага а ца догIуш.

Дукха хан йоцуш-м вара кхунна дечу гIуллакха тIехь гIо деш стаг, хIара дукха а езаш. И яра Бешир-моллин зуда, цо, могуш йоцуш ю, аьлла, хIинцца кхо бутт хьалха йитина йолу.

ПетIамат, суьйранна хи кхехьна а яьлла, шен жимчу цIа чохь кора юххерачу наран йисте а хиъна, корера кIайн киса аьтту агIор а оьзна, шайн готтачу урам-новкъа хьоьжуш Iара.

Цунна гора, кхелина шаьлтанаш а йихкина, аллий, Iаьржанний куйнаш сеттош агIор а техкина, суьйранна хитIа баьх-

кинчуьра цIа оьху кегий нах. ПетIаматана цIеххьана шена тIехьийзаш волу Мусост дагавеара. Мусост жима стаг вара, 25 шо хир долуш, уггар хьалха кху ПетIаматана тIе а хьаьвзина, кхунна дукха а везаш.

Амма, ПетIаматана и дагавеанехь а, иза хIинца гено-м вара. Иза, обаргашца уьйр йолуш, царна гIуллакх тIехь шен хуьлу аьтто боккхуш хилар гучу а даьлла, кху юьртахь чу а воьллина, кхана сибрех вохуьйту аьлча тховса чувоьллинчуьра веддера. И дара хIинцца цхьа шо хьалха. ХIетахь дуьйна Мусост, цIа ца воьрзуш, обарг ваьлла, ламанах воьллера. Амма Мусост, ша обарг ву аьлла ийза ца луш, хIор кхо бутт мосазза бели, ПетIаматгIеран лулахошка вогIий, цуьнца ирахь а Iай, дIа-м воьдура. Иза сийсара, ирахь а Iийна, ПетIаматера кара чIуг а эцца, дIаваханера паргIатчу лаьмнашка.

Ша, обарг ваьлла, маьрша воццушехь, Мусост а, и ишта маьрша вахар доцуш вуйла хуъушехь, ПетIамат а, шайна хIун ду а ца хууш, шаьш вовшахкхета мегар а ду, ца кхетча йиш а яц, моьттуш дара. И Мусост вара-кх хIинца корехь Iечу ПетIаматана, кегийчу нахах бIаьрг кхетча, дагавеънарг. Кхунна цIеххьана сурт хIоьттира: Мусоста, шен юткъачу гIодаюкъан хаьн тIе аьрру куьг а хIоттийна, аьтту куьйга шен кхелина шаьлта схьа а лаьцна, «шек дIа ма яьллахь, ПетIамат! Айхьа ладоьгIча, ца хаьа хьуна, вайша вовшах ца кхетча йиш йоцийла» аьлла, цо шен аьрру куьйга кегий Iаьржа мекхаш хьовзош. И дешнаш Мусоста, ша ирахь Iен мосазза веа, олуш дара. Цул тIаьхьа хIара дукхавезаш йолчу ПетIаматан са пагтIатдолура. Ишта и сурт шена юха керла хIоьттича, ПетIаматана, шена хIун ду а ца хууш, шена хьалхха кора тIе, догIанан тIадамаш санна, боккха ши тIадам бужуш гира. Уьш ийгира цуьнан оцу минотехь хих дуьзначу бIаьргех.

Кхуьнан корах чукхеттачу чубузуш лаьттачу маьлхан цIоьлла а яра цIеран алун басахь, арарчу сийначу дитташ тIехь дека хезаш олхазарш а дара.

ПетIамат, шен боккхачу некха тIе куьг а диллина, коран цхьана агIох горга корта а товжийна, юха а ойланаш ян елира, юкъ-юкъа шен когара цIечу пошмакхаш чохь бохку баьцца кIархаш схьабохий, цаьрга а хьожуш.

ХIара юьрто а хазалла юьйцуш яра, сарахь хIара хитIа яхача, кегийчу наха маьI-маьIIера кхуьйсучу дешнашна кхуьнан йогучу беснеш тIе хIуьтту кегий кIаьгнаш юха ца доьрзура, набарна хIара дIайижжалц. ХIара чIогIа сакъераделла яра шен хазчу жималлех.

Иштта хIара сакъерадала декхарийлахь а яра. Бешир-моллас шен да Дуда вицвеш, жима бер санна, ша чIогIа хьоьстуш лелаярна, цунна оьшуш йолу дешин а, детин а, дарин а, чилланан а хIуманаш оьцуш.

Бакъду, сибрех вахийтинчу шен дена Дудина цхьана заманчохь чIогIа са-м гатлора кхуьнан. Амма, цхьана дийнахь Бешир-моллас, еза цIераш тIе а йохкуьйтуш, ша кечдайтина дато хIайкал ша ПетIаматана коча а уллуш, «ПетIамат, хIара хIайкал ахьа мел леладо, дуьненахь хьуна цкъа а сингаттам хила йиш яц хьуна. Кху хьайкал чохь ас яздина уггар деза доIа ду хьуна, хьан дегIана сийлалла йоьхуш, хьан дегI кIезиг болчу сингаттамах а тIехь лардар доьхуш. ТIаккха а хIинцца дукха ца хьелуш цIа вогIу волчу хьайн дена Дудина са ца гатдар а доьху ас хьоьга, билггал сайна и цIа вогIур вуйла хаарна, хIунда аьлча, ас цунна айса ког мел боккху доIанаш а до дела, гIенан кхелах дикачу наха паччахьан лаарца Дуда, дукха ца хьелуш, цIа вогIур ву а сайга аларна» аьлла, Бешир-моллас шен коча дато хIайкал оьлличахьана, ПетIамат шен дена Дудина башха сагатлуш а яцара, хIетахь дуьйна шен кочара дато хIайкал дIадоккхуш а яцара. Амма, ПетIаматана кхин цхьа сингаттам бара Бешир-моллехьара, цо шен терго чIогIа ярна, ша чуйолуш а, арайолуш а и шега когашкара дуьйна, коьрте кхаччалц, кIелдIахула бIаьргаш а къерзош, чIогIа хьежарна. Бешир-молла ПетIамате цу тайпана хIор шен аьтто мосазза бели хьожура, тIаккха ПетIамат, ша хIинца Iечу цIа чу а йогIий, пенах доллучу доккхачу куьзгана хьежа хIуттура. Цкъа хьожура хIара, хIинца а шен коьртахь долу баьццара тапта а тодеш, шен Iаьржа кIозарш гуш юйла, тIаккха, шен шуьйрачу некха тIе куьг дуьллий, шен кIайн лаг гуш дуйла, шена иза а гуш ца карийча, хIара лоррий шен когашка хьожура, кIайн коч йоца юй-техьа, олий, иза а меттахь карайора кхунна, тIаккха хIара молла, шега кIелдIахула хьежарх ца кхуьуш, белш а саттайой, ша-шена, шен дуткъа балда а доккхий, «цхьаъ хир ду-кх» олий, шен гIуллакх дан хIуттура.

Иштта долчу цу гIуллакхан ойла а йора хIинца корехь Iеш йолчу ПетIамата, амма и ойла хIинца дуьххьара еш-м яцара кхуо. Кхунна хетара: «ХIунда хьоьжу-техьа Бешир-молла сел лерина бIаьргаш къерзош соьга? Ца еза-техьа я новкъа ю-техьа цунна со шен тхов кIел?.. ХIан-хIа, бакъ дац, шена со, шен доьзалхо санна, ца езахьара, хIор ша цIа мосазза вогIу, стоьмийн биста кхаччалц ша суна кхоьхьу совгIаташ кхоьхьур дацара цо. Цунна со еза-м еза, делахь а цхьана хIуманна оьгIаз-

вахана хир ву-кх и суна. ХІинцца цІа ма веъанехь, хоттур ас цуьнга иза», — аьлла, жимма сапаргІатдаьллачу ПетІаматана говрана тоьхначу шедан тата хезира, тІаккха дІахьаьжча, шена дикачу динахь воьдуш бере гича, дикка кора тІе лах а елла, хІара цунна тІаьхьа хьежа елира.

Кху юьртан йисттехь хеташ Іоххучу баьццарчу аьрцнаш тІехьахь, хехь санна, лаьтта лекха ламанаш кІайчу вертанех хьирччинчохь лаьттара. Нохчийчохь муьлххачу меттехь ган а гуш. Сийна стигланаш тІаьхь-тІаьхьа кхоьлина йоьлхура. Суьйре шен Іаьржа, чорда маша боза кечлуш йоллура. Аьрцнаш тІехьа чубуьзначу маьлхан цІоьлла тІаьхь-тІаьхьа гІелъелла йоьдура. Кху юьртарчу дитташ тІехь дека олхазарш а декарна дикка лахделлера.

КІайчу жамІатан маьждигехь, малхбузу ламаз баккхийчу нахаца дина, уьш цІа а бахийтина, Бешир-молла цу маьждигана хьалхарчу дехачу гІанта тІехь хиъна Іара, наггахь шен нилхачу цергаш юккъехула кІайн туй дахдеш сийначу бай тІе а кхуьссуш, еха Іаса шина кога юккъе хІоттош, шен белша тІе а йижийна, наггахь шен гатлуш-яхъеллачу кІайчу можа тІе хебаршка ихина кІайн куьг а хьоккхуш, чІогІа ойланаш еш.

Кхуо, ша мутаІелам волчу заманчохь, ялх зуда ялоза Іийр вац ша, аьлла, дуй биънера, хІинцале а кхуо пхи зуда яла а йинера, уьш, шой, ши шой юкъадулуьйтуш, бита а буьтуш. Цу зударех хІинцца тІаьхьа кхуо йитинарг йоцчуьнан кхунах доьзалхо а ца хиллера цхьаннан а, и доьзалхо кІира кхачале веллера. ХІара, ша и зударш дукха кхийларх, ша воккха вара-кх аьлла, хІумма а зударех догдаьлла а вацара, кхуьнан мелхо а хІор денна зударшца йолу ойла чІагІлуш лаьттара. Бешир-моллас хІинца ша ен ойла динах лаьцна ца йора. Цунна хІокху сохьта ялсамане а, жоьжахате а дагахь яцара, ша маьждига хьалха Іаш велахь а. Цуьнан ойла цІахь яра, цунна хьалха ПетІаматан сурт лаьттара. ПетІамат жима ю-кх, цуьнга хьажа цуьнан, ша воцург, кхин стаг вац-кх, аьлла, цо ойла йо моьттург гІалат хир вара. Цо хІинца ша Іеччохь наггахь горгдечу цхьогалан бІаьргех а хуур дара, цуьнан и ойла йоцийла. Цо хІинца ша Іеччохь юкъ-юкъа шен лахара сийна балла цергаца лоцу гича а хуур дара, кхуо цкъа а цу тайпана ойла ца йинийла.

ХІунда йора-техьа Бешир-моллас кхечу хІуманан ойла, шапталан гаьн тІехь гІийлачу мохо лесто хилла шаптал санна, хІор минотехь шена хьалха, шен жималлех йоккхаерца лес-

таш лела жима ПетIамат шена гуш хилча? ХIунда ца йора Бешир-моллас ПетIаматах лаьцна ойла, шена иза кхин еза йиш йоццуш къайлах, нахана ца хоуьйтуш, и маре яххалц езарг ян сел чIогIа и дукхаезаш хилча? Цкъа, цуьнан хазаллина, шозлагIа — цуьнан жималлина?

Ехха йира Бешир-моллас ойла. Кхунна дагаоьхура шена наха сагIина мел деллачу ахчанах дукхахдолу ахча, ПетIаматана хаза хIуманаш оьцуш, ийеш, ша дайар. Кхунна дагаоьхура, стаг велла а, цомгуш хилла а, мах бан вола аьлла а, шега кхайкха пах баьхкича, хийла ша, цига а ца воьдуш, леррина ПетIаматах бIаьрг бетта цIахь Iер а, иштта ша цIахь а Iийна, шена тIебогIу пайда эрна бар а.

— ХIан-хIа, тоьур ду, хIинццалц сатоьхча, — элира кхуо, шен хебаршка ихинчу юьхьа тIера сийна мара хьала а озош. Юха цIеххьана кхунна дагадеара, ша зуда йитинчул тIаьхьа, кхевссина догIа догIучу цхьана дийнахь, могуш ваш ша, аьлла, ПетIамате нара тIе кIайн мотт а биллийтина, ша могуш воллушехь, цхьалха а ваьлла, охьа а вижна, ПетIамате шен пхьаьрсех а, настарех а куьйгаш хьекхийтар, що уьш хьоьккучу заманчохь ша къайллах цуьнга хазахетарца, дегIана там хуьлуш, хьежар, оцу меттехь наран йистехь лаьтта ПетIамат ца хууш ког дIа а иккхина, шен боккха накха шен даьIаххен некха тIе а таIош, мара йоьжча, шен дегI малдеш, чIогIа шена хилла там а. И шена дагадеъча, Бешир-моллас, хьалха санна, шен лахарчу балдех йоьллина церг ехха къийлира. ТIаккха, белш хьаеш, жимма вела а къежна, корта а ластийна, юха цIеххьана оьгIазвахча, «хIан-хIа, хIан-хIа, Iийр ваш!.. Iен мегар дац! Шен заманчохь схьа ца даьккхинчу зезаг тIе дакъаделча кхочу!..» аьлла, шен кIайчу гIовталан пхьаьрса кIеларчу киснара сахьт вон схьа а даьккхина, шен къоьжа дехий цIоцкъамаш хьаьж тIе хьала а кхуьйсуш, мел хан яьлла а хьаьжна, юха гонах дIа-схьа хьаьжира. ТIаккха,—«охI-хIо-охI... охI-хIо-охI..» аьлла, йовхарш тухуш, легаш шар а дина, кху маьждиган кертал чоьхьахьа ламий лаьттачу дитта тIе а ваьлла: «ОллохIу-акбар!.. оллохIу-акбар-р!..» — аьлла маьркIажан ламазе кхайкха волавелира.

Суьйре, шен Iаьржа, чорда маша боьзна яьлла, буьйсанца хийцалуш лаьттара, буьйса, шен Iаржа маша луьста тосуш, дIахIоьттира. Кху урам-новкъарчу кегийчу цIенойн кегийчу корех аракъедаш лампанийн серлонаш яра. Сихделла летачу жIаьлийн гIовгIанаш а яра геннара хезаш. ТаьIана-сийначу стигалахь луьста лепаш седарчий а хIиттира, вовшашца лепар

тIехь къовсам хилла, орца деха уьдуш санна, наггахь йоьзан тас хилла кхозучу батта тIе а уьдуш.

Молла кхайкха волавалале а ламазе эха буьйлабелла бакхий нах, тоххара жамIатан маьждига чу а бахана, шайн ламазаш дина а бевлла, Бешир-молла воцург, шайн-шайн цIа баханера. ХIара молла, хьалха санна, гIанта тIехь ойла а йина, хIинца шен цIа воьдуш лаьттара, дайчу боларца, буйнахь дохку суьлхьанаш хьовзо дага а ца догIуш.

ХIинца ша чукхаьчча, кхуо ПетIаматана тIехула пхьарс боккхур бу: «Суна-м хьо дукхаезий», — аьлла. ПетIаматана-м хазахета а мегий, кхуьнан ойла—шех, къайлах лелош, езарг ян юйла хиъча, хIунда, цул тIаьхьа ша хIинцалерчул дикка дика хьоьгур долу дела... Бакъду, ПетIаматана шен гIаргIдела дегI, дуьххьал кхуьнан хебаршка ихинчу дегIах ца тухуш, жимочу дегIах тоха-м луур дара. Делахь иза а хIумма а дацкх, ПетIамат шен езар хилча, Бешир-моллин дог дикка пургIатдериг хилчахьана.

ПетIамат, тоххара чохь лампа а латийна, шайн учарчу товхан чохь йоьхь кхорзуш йоллура. Цуьнан шерачу юьхьа тIе, берцан буьртигаш санна, луьста тоьхна хьацар дара, и юьхь цIечу шекъанан баса йирзинера, товханарчу цIерга хьийзаярна. Товхан чуьрчу очакх тIерачу зайли чохь, ПетIамата кесткеста кега а деш, даьттанца кхорзуш лаьттачу йоьхьо, жагIи тIехула хаьхкинчу говран когаша ен гIовгIа дагайоуьйтура. Кхетта лаьттачу беттан серлонна лампин серло ца оьшуш, ПетIамат, чехка йоьхь кхерзина а яьлла, иза а дохьуш, чуеара.

Бешир-молла, йовхонна йиллина лаьтта неI чехкка тIе а чIогIуш, ПетIамат йолчу чувелира. ТIаккха, леррина цкъа ПетIамате а хьаьжина, неIар тIехьа шен Iаса дIа а хIоттийна, наран йисте охьахиира, доккха са а доккхуш.

— Яа хIума охьайиллий ас? —аьлла, ПетIамат, шен гIехьа лекха дегI нисдеш, дIахIоьттича, Бешир-моллас, жимма ойла а йина: «Йилла!..» — элира.

ПетIамата чехконца йиллира яа хIума Бешир-моллина хьалха, тIаккха ша-шега: «Тховса гIийла ву хIара, хIумма а ца хоттур ас кхуьнга», — аьлла, ПетIамат шен жимчу цIа чу яхара.

Бешир-моллас ша юург хIинццалц санна дукха ца йиира, иза ечу ойланаша вузийнера. ХIокхо, юучунна тIера юха а хилла, хьена куьйгаш шен йоций бертигаш йолчу маьхьсех а хьаькхна, мохь туьйхира: «ПетIамат!.. хIорш дIа а яхий, суна чехкка мотт а билла, эцца кетIа ялий, вайн хьуьжаре цхьа бер

а дахийта, со могуш воцуш ву, цигарчу цхьана мутаIеламе, пхьуьйран ламазана маьждиге гIуо, алий».

ПетIамата шега аьлларг чехка кхочушдира. Цул тIаьхьа иза, шен жимчу цIа чу а яхана, ша стенна йо а, муха йо а ца хууш, кIоргера ойланаш еш, яа хIума а йиъна, Бешир-молла волчуьра, хIинццалц ша ма-хьовзаярра, тховх кхозу лампа чу а хьовзийна, юха шен цIа чу яхана, охьайижира.

Нар тIерачу кIайчу меттахь цхьалха кIайчу кучара Бешир-молла вехха Iиллира, бIаьргаш а къерзош, ойланаш еш. Кхуьнан къена дегI дайн дегадора, кхуьнан кIоргерачу ойлано «эшам я толам» бохура. ХIара, меттахь са а ца тохаделла, меллаша нар тIера охьавоьссира, иштта меллаша ПетIаматан неIаре а вахара. НеIарехь дикка лаьттира хIара, неI елла ца хIуттуш. ТIаккха, доккха са а даьккхина, меллаша неI хер а йина, чухьаьжча, кхунна гира кIайчу меттахь Iуьллуш ПетIамат. Цуьнан Iаьржа, еха месаш, некха тIехула чIуг етташ, охьахецаелла, йийшина Iохкура, уьш яьржаш йийшарна цуьнан кIайчу некхан гуо бен туш бацара. Бешир-молла, цул совнаха, аркъал йижина Iуьллучу ПетIаматан кIайчу кучан йоцалла, цуьнан кIайн, юьзина настарш шена гича, неI цкъа дIа а теттина, доккха са а даьккхина, юха меллаша чу а ваьлла, ПетIаматан когашка охьа а хиъна, леррина цуьнга хьежа волавелира.

Дикка Iийра молла, цунна тIе куьг кховдо ца ваьхьаш. ТIаккха, са тоха а ца делла, хIара шен харц куьг цуьнан набарна дижинчу дегIах хьекха волавелира.

ПетIаматана хаьара ша йолчу чохь цхьаъ вуйла, делахь а, ца чIогIа кхераяларна, бIаьргаш схьаделла, ца яьхьаш, ла а доьгIуш, IадъIара.

ПетIаматан берзинчу некха тIе моллас шен онда куьг дехьча, ПетIаматан чIураман дегI, дикка хаалуш, кхоссаделира, ша тешаме хиларе терра, цуьнан белш тохаелира, цуьнан богу бос дикка хийцабелира. ПетIамате шен тешаме дегIах хьарам хьоькху куьг ла ца делира, цуьнан ойла «со ехь а!..» аьлла хилира. Цо шен ши бIаьрг чехка схьабиллира. Шена юххехь, шен цхьа ност а лаьцна, хиъна Iеш шена Бешир-молла гича, гIенан кхоьлах ду, моьттуш, йоIа шен бIаьргех кегий куьйгаш хьаькхира, тIаккха шена Бешир-молла гича: «Ай!..» — аьлла мохь туьйхира.

— Ма хьакхалахь мохь!.. ма хьекха мохь!.. — аьлла, Бешир-моллас, цкъа тIе а чевхина, юха а: — ПетIамат!.. — аьлла, хьаста а велла, цуьнан куьг схьалецира.

Йоьхна, къурдаш а ца далуш, Iадийча санна, Iеш йолу ПетIамат: «Ахь... ахь хIун до?..ахь хIун до?..» — бохуш, шен куьг озийна схьа а даькккхина, шен гIайби тIехула юха-кIегар гIоьртира, тIаккха ша пена соне кхаьчча, шен йоца коч настарш тIе а ийзош, елха а лууш, елха а ца луш, хьере хилла стаг санна, цхьа цец кху Бешир-молле хьежа елира. Цуьнан бIаьргаш шуьйра къаьрзинера, царна чохь кIайн седарчий гора. Цуьнан цкъа йогуш хилла ши бесни, цIа чу тоьхначул тIаьхьа модаш буьзинчу киран басе йирзинера, цуьнан ойла, тоьпашна воьгIначу стеган санна, йоьхна яра. Кхунна шен да Дуда дагавеара, кхунна дуьхьалтесира Дудас, ша лаьцна дIавуьгуш, Бешир-молле а хьаьжна: «ПетIамат! И лаьтта Бешир-молла ву хьуна тахана дуьйна хьан да», — шега алар. Кхунна Дудегара гIо оьшура, амма кхуо мел чIогIа орцадаькккхича а, кхуьнан мохь сибрехахь волчу Дудина хезар а бацара, цунна хезча а, кхуьнан къина Дудин дегIахара гIоьмаш, буржал дIа а даькккхина, и кхунна гIоьнна ваийта цигахь а, цхьаннахьа а стаг вацара...

— ПетIамат!... хьо стенна йоьхна? Со хьо кхеро-х ца веаний кху чу! Со хьо ен дагахь-х ца веаний кху чу!.. — аьлла, Бешир-молла, юха а цуьнан куьг схьа а лаьцна, вистхилира.

— ПетIамат!.. Суна хьо дукхаеза-кх!.. Сан кхин дIа тоха са дац-кх!.. ПетIамат... цхьажимма хилий а, сан хилахьа. ПетIамат!.. ма вехьа со!.. — аьлла, Бешир-моллас шен керара цуьнан жима куьг а Iовдуш, и шена тIе озийра.

Амма ПетIамат, юха а гIоьртина, цуьнан куьг цхьана агIор дIа а кхоьссина:

— Хьо хьераваьлла?.. хьо эгIийна?.. дIавала! ДIавала!.. дIавала суна гучуьра!.. Йита со!.. йита со!.. — аьлла шийла мохь хьекха йолаелира.

Бешир-моллега цуьнан мохь ца лабелира, иза, чехка сехьа чу а иккхина, шен йоккха шаьлта баттара а яькккхина, кху цIийнан лохачу неIарал чоьхьа а ваьлла:

— Ма хьекха мохь!.. — олуш, вуса а велла, дIахIоьттира,

Сона чу а хебба, йоьлхуш Iечу ПетIамата, лепачу шаьлтанах шен бIаьрг кхетча, юха а, «гIенах ду-техьа хIара?», аьлла, шен бIаьргех куьг хьаькхира. Амма цунна хIара самах-м карийра. Цуьнан са малделира, кийра шийлачу шан гIорзанах буьзира, цуьнан бIаьргех луьста хи хьаьдира, иза, мохь хьакха ца яьхьаш, дуткъачу озаца меллаша йистхилира:

— Дада, ахь хIун до?.. Ахь хIун до, дада?.. хьуна хIун

хилла?.. Дада, ас хIун дина хьуна?.. дIавалахьа, дада!.. дIаяккхахьа и шаьлта!..

— Ма ле схьа!.. ккхин чIикъ дIа ма баккхалахь!.. ас пархъаьлла и корта дIабоккхур бу хьан...

Цу тайпана Бешир-молла вистхиллалц, ПетIамат цо лелочух дика теша а ца тешара. ТIаккха, и билггал ша ен воллу-кх, аьлла, дагадеана, хIара дIасхьахьаьжинчу заманчохь, корах чубаийтинчу гIорах боллучу зайлах шен бIаьрг ккхетча, ПетIамат, меллаша пенах хьаьрчаш, нара тIера охьа а йоьссина, цу некъехьа долчу корах букъ а тухуш, дIахIоьттира елхар дикка лах а дина.

— Ма елха, ца боху ас хьоьга?.. шайтIа!..

— ХIун.... хIун дийр ду ас ткъа?..

— ХIун дийр дара ахь? Я ас бохург де, я яла кечло! Хезий хьуна? ШайтIан!.. иблис!.. копур керистан! ХIун до ахь, яла алий! Ас бохург до ахь я яла лаьа хьуна?

— Дада! — ХIун?.. хIун?.. муха мегар ду и!.. Хьо сан да вац? Дудас хьох тешна ца йитина со?.. — аьлла, ПетIамат, са мал а делла, кораца охьайоьдуш лаьтташ, цIеххьана, Бешир-моллас шаьлта шен бехк боцчу дегIах цIий къасто яькхина хилар юха дага а деана, хьала а нисъелла, жимма харц къажа а къежна, ПетIамат йистхилира:

— Жимма садаIийтахьа соьга!.. ТIаккха ас жоп лур дара хьуна.

Бешир-моллин цергаш елаелира, ПетIамата ша бохучунна тIеерза юьхь йолийча:

— ДаIа хьайна! — аьлла, шен шаьлта дегIаца охьа а яхийтина, хIара, цIенкъа а хьоьжуш, ойла ян хIоьттира.

Оцу заманчохь, елхаран къурдаш а деш, тIехьа куьйгаш а дахийтина, цхьаъ деш лаьттачу ПетIаматан, Iа а ца елла, елхаран мохь белира.

Бешир-моллин вуьшта а къаьрзина долу бIаьргаш шуьйра къаьрзира. Цуьнан юьхь макхъелира, шаьлтанан мукъ чIогIа буйна а къуьйлуш, меллаша ПетIаматана тIе а волалуш:

— Ца лаьийца хьуна сан езар хила?.. Ца дойца ахь ас бохург?. Делахь сан карах ле хIинца! ас доккхур хьан са! — аьлла, шаьлта айира.

Оцу меттехь, арадIахула гIоран зайл чубаийтинчу хир чу, ша схьабаьккхина жима зайл Iуьттуш, гIуй дикка дIа а хилийна, Iаьш йолу ПетIамат, цIеххьана тIехьа а йирзина, шен ницкъ ма-ббу чIогIа, ший а буй тоьхна, бIаьргаш дохош, кор дIа а диллина, Iункар урамновкъа иккхира, цхьалха кучаца,

ирхдихкинчу можачу йовлакхца. Амма и кор-м, ПетIамат сел чIогIа ца хьаьвзича а, чоьхьара зайлаш дIа а даьхна, жимма меттахъхьадича, атта дIаделлалуш дара.

— Iийтт, наччIаз яI-кх! — аьлла, Бешир-моллас ластийна шаьлта, коран лакхарчу терхех кхеттачохь йогIа а елла, йисира. ТIаккха кхуо, ара а кхевдина: «Ма ядалахь дIа!» — аьлла мохь туьйхира. Амма ПетIамат, кхуьнан мохь хаза а ца хезаш, ша-шена орцадаккха мохь а ца хьакхалуш, чIогIа юьхь къаьрзина, дIаедда йоьдура.

Бешир-моллас, и ца социйла шена хиъча, чехка яькхира корах йоллу шаьлта схьа. Иштта чехка, чуьрчу жимчу стоьл тIехь лаьттачу лампина хIуп а аьлла, корах араиккхина, ПетIаматана тIаьхьахьаьдира, беттасехь йоьлу шен керара шаьлта тIаьхь-тIаьхьа чIогIа буйна а къуьйлуш.

Кху готтачу урамна дехьий, сехьий могIара лаьттачу лохачу цIенойн кегийчу корашкахула наггахь бен лампин серлонаш а ца гора, и гурш а дикка кIезгачу ницкъаца а яра. Сийначу стиглахь кхозуш хIоьан буьйран басахь догуш кегий седарчий а дара, кхозучу баттаца серло тохар къуьйсуш санна, лепа а лепаш. Наггахь цхьацца нхьа кертарчу дитташ тIехь котамаша деттачу тIемийн гIовгIанаш а хезара. Кху урам-некъана гена доцуш охьадогIучу хин гIовгIа а яра хезаш, астагIчу стага юкъ-юкъа астагIъэккхий когаца доккху тата санна, наггахь гIовгIа алсам а йоккхуш.

Корехь гIийла йогу лампа а гуш лаьттачу мокхачу хьуьжаран лохачу неIарехь:

— Ва... ва, орца!.. орца!.. — аьлла, шийлачу маьхьарца ПетIамат охьаюьйжира.

И охьайоьжна минот а ялале тIекхиинчу Бешир-моллас кхунна тоха шаьлта айира. ПетIамата даьккхина орца хезна, цIеххьана кху неIарехула араэккхаш воллучу ондачу мутаIелламо: «ХIей, хIун до ахь?» — аьлла, Бешир-моллин куьг схьалецира, айинчуьра охьадале. И сурт гинчу ПетIамата, цкъа, Iадийча санна, цец а яьлла, юха а шен бIаьргаш меллаша дIахьабдира, шен садоккхуш шена ца гайта санна. Бешир-молла, шен куьг юха а даьккхина, воьхна, ойла ян хIоьттира, мерах шок а етташ, цул тIаьхьа ПетIаматана хIорш ца гора, цуьнан бIаьргаш, набарна дийшича санна, чIогIа дийшина дара, цуьнан, кхераелла, дог кIаддаларна.

Бешир-молла вевзина, мутаIелам юха а вистхилира:

— Ахь хIун до, молла? ХIара хIун ду?

Оцу заманчохь, ша ПетIаматана лелийнарг гучудаьлча,

наха юккъехь валлалц шен довн долчу сийн а, цунна дуьхьал шена мацца бина а, бен болчу бекхаман а кIоргера ойла еш, лаьттачу Бешир-моллин юьхь цIеххьана харц елаелира, аьтту бIаьрг жимма горг а луш. Цул тIаьхьа Бешир-молла вистхилира:

— Чохь дуьйцур ду вай, тIаккха хуур ду хьуна, хIара хIун юьхьIаьржо ю-м... ДIалацал, чуйига вайшимма хIара, — аьлла, тIаккха шен керара шаьлта охьа а тесна, Бешир-моллас ПетIаматан ши ког ша а лоцуш, мутаIеламе белшаш а лацийтина, шиммо чу а йигина, гуобаьккхина бийшина Iохкучу мутаIеламашна юккъе даржийна Iуьллучу истанга тIе, дакъа санна, яхъеш охьаийллира.

Чохь моггIара бийшина Iохку мутаIеламаш, кхеран гIовгIанаш хезна, чехка хьала а лилхина, шайн-шайн шаьлтанаш-на тIе беттабелира. ТIаккха, кху чохь шайна шайн молла а гича, уьш кхин луьра хьийзаш а ца гича, шаьлтанаш охьа а тийсина, могIар кхозу шайн бес-бесара гIовталш тIеийзо буьйлабелира: «ХIара хIун ду?.. хIара хIун ду?» — бохуш. Царех цхьана мутаIеламо, чехка кора тIе а хьаьдда, йогуш лаьтта базаран лампа хьалауьйзира. ПетIаматан Iаьржа деха ши цIоцкъам лепа а доладелира.

— ХIара гIам девзий шуна? — элира, Iуьллучу ПетIамате а хьоьжуш, лаьттачу Бешир-моллас, шен къоьжа, даьлла ши цIоцкъам доцачу хьаж тIе хьала а кхуьссуш.

— Евза дера-кх!.. Вайн ПетIамат яц хIара? — аьлла юкъюкъара мутаIеламаш бистхилча:

— Яц, дера, хIара-м вайн! Вайна мотта-м моьттуьра ю, и бакъ ца хилла. ХIара гIам! адаман йилбаз!.. Нехан хилла, нехан!.. ХIара шен дегIан дола дан стаг ца хилла!.. Вайн юьхь ларъян адам ца хилла!.. Хезий шуна, хIара шайтIан хилла!

Иштта Бешир-моллас ден къамел, жимма чу са деана, Iуьллучу ПетIаматана, дуьйцург ца а къаьсташ, хезира. Амма хIара цунах бIаьргаш схьаделла-м ца яьхьара. Цуьнан дегI дегадора. Иза хьацаран кIур а хилла Iуьллура, шен боккха накха ирх а кхуьссуш, Iачу, гIенан кхоьлах санна, Мусост дуьхьалтуьйсуш, кхунна къаьсттана сирла дуьхьалтесира цхьана дийнахь Мусоста шега аьлларг. И дара хIинцца цхьа шо хьалха, Мусост лаццале.

Суьйранна чубузуш лаьтташ малх а бара, ша чубузу гуо берриг а цIий а бина; эвла йистерчу акхтаргаш юккъехула охьадогIучу хи йистехь суьйранна гулбелла лаьтташ кегий нах а, зудабераш а дара, чIогIа сакъералуш, вовшашца къамелаш

а деш. Царна дукха гена доцуш лаьтташ хIара ПетIамат, Мусост а дара, чIогIа къамеле даьлла. ПетIамата, шен керара чами цхьана куьйга ловзабеш, иза, ца хууш, наггахь шаьшшинна юккъехь лаьттачу кIудалх тухий, гIовгIа а йоккхуш, кхеран къамел кIорге даьллачу хенахь Мусоста, цхьана хIуманна-м цIеххьана юха а иккхина: «Делаца дуй боу ас, хьо соьга яллац хьуна бохам баьллачу меттехь хьайн нанас винчу вашас хьуна ден долу гIо дан», — аьлла, шен Iаьржачу мекхаш тIе ка яьхьира. Иштта и дешнаш дара-кх хIинца Бешир-моллагIарна юккъехь Iуьллучу ПетIаматана дуьхьалтеснарш.

— ХIун ду хIара, дан мукъане?—аьлла мутаIеламаш юха а бистхилира.

— ХIун хир дара хIара? ЮьхьIаьржо бен яла йиш ярий зуламечу бIогIаман Дудин йоIера. ЮьхьIаьржо ю-кх, юьхьIаьржо!.. Суна моьттура, хIара хIокху бIаьста чIогIа сакъерадела хилча, кхуьнан шен жималлех, шен хазаллех къерало и са. И бакъ ца хилла. Кхуьнан хIара бIаьста яьлчахьана а, цул хьалхе дуьйна а чукхуьйлуш безаргаш хилла, кхуо цаьрца шен самукъа а доккхуш, вайна юьхьIаьржо кхоьллина, — аьллачу Бешир-моллин хIилла чохь гун бIаьргаш и лийна валлалц горгдина дара.

И къамел шена хезча, ПетIамат, цIеххьана шен дуткъа цIоцкъамаш генна хьала а кхиссина, кIегар а хиъна: «М-мила бах ахь?.. Хьенан бу безаргаш?.. Ахь хIун дуьйцу... ва молла!.. ХIун кхуллуш воллу хьо?.. Ахь ца хаийтира соьга дот?.. Ахь ца диттира сан тешамечу дегIах куьг?.. Молла!.. ХIунда дуьйцу ахь харцдерг? ХIунда кхуллу ахь бакъдоцург?» — олуш, ПетIамат цкъа пенаца хьалашершина, юха цIеххьана, шен кIажин пхенаш цистича санна, лесташ охьа а хиъна, йист ца хилалуш, чехка къурдаш а деш, Бешир-молле хьежа елира.

МутаIеламаш, цкъа ПетIамате хьовсуш, тIаккха, белшаш а сеттош, вовшашка хьовсуш, цец а бевлла, лаьттара, хIинццалц юьрто а хазалла куц долуш, гIиллакх долуш юьйцуш йолчу ПетIамата эхь дина, бохуш, шайга дийцарна.

— Хезарий шуна цо дуьйцург? Гой шуна зударийн хIилла? Церан харцо? ХIинца дош дарий, цуьнан дегIах, Iоьттина, шаьлта чекх ца яьккхича?.. Тиларчу яхана ю аьлла ца Iеш,— аьлла, тохавелира Бешир-молла.

— Молла, хьо сих ма лохьа!.. И Iен ПетIамат ша нахаца лелар гучудаларна тиларчу яхана Iаш хилар гуш ду-кх вайна, — элира лергина Iаьржа мекхаш долчу кху мутаIеламийн тхьамдано.

— И иштта-м дара, делахь а ца лало-кх харц!.. Муха ловр ду харцдерг, тиллачу стага дийцарх?..

— Со, хьан зуда ца хилча, тиллийца? Со, хьан езарг ца хилча, хьераяла гергаяхнийца? — аьлла, ПетIамат хьалаэккха юьйлира.

— ХIинца гуттар шайтIанийн лааме йоьдуш лаьтта иза, дIалаца и, дIалаца! — аьлла моллас мохь хьаькхира.

— ХIунда дуьйцу ахь харцдерг? Хьо-х динан да ву бохуш ву!.. Со-х хьох тешна йитина ю!..

— ХIун деш лаьтта шу? ДIалаца ца боху ас шуьга и? — аьлла Бешир-молла юха а вистхилира.

— БисмиллахI, везан дела, хьо воккха ву-кх!.. — аьлла, шина мутаIеламо, тIекхетта, ПетIамат дIалецира. ПетIамат, Бешир-моллин дешнаша йинчу чевнашна дог гIелделла, йоьжнера. Цуьнан бIаьргийн кIелоша сийна бос эццера, цуьнан беснеш тIехь мокха тачанаш дара.

— Вайна кхуьнца лелла стаг мила ву хаа деза, цуьнан а бу, кхуьнан санна, бехк. Со веха тIаьхьа идира цунна, схьа ца лацавели соьга иза, я мила ву а ца хии, жима стаг хилар доцург. Иза вайн балхах карор вац, кхуо ца вийцича. Цундела хIинца шайтIанийн тIома кIел чIагIлуш йоллу хIара ПетIамат, жайно ма-бохху, етташ, цу шайтIанийн лаамера схьа а яькхина, вай хIокху сохьта бехкен волу стаг кхуьнга схьавийцийта веза, — аьллачу Бешир-моллас цкъа ша-шега элира: «ХIинца гIелъеллачу меттехь йиттича, лийр яц-теша хIара?»— тIаккха, — охI-хIо-охI, — аьлла, йовхарш а тухуш, шен еха маж а шаръеш: — вайна сахила гергадахна, хIокху сохьта дан деза и гIуллакх, — аьлла. Бешир-молла, шена дуьххьал лаьттачу кора тIера жайнеш цхьана агIор а теттина, охьалахвелира. Цуьнан сапаргIатделира, цуьнан дог, ша кIелхьарадала гергадахарх доккхадеш, доьлуш дара. ПетIамат дIалаьцна Iен ши мутаIелам, шаьшшиннан доьххарш чехка схьа а эцна, юха а ПетIаматана улло охьа а хиъна, цхьацца аяташ а дешна:

— ПетIамат!.. Схьабеллал хьайн ши бIаьрг, хезий хьуна, ПетIамат?.. Самаяьл!.. — бохуш, и хьеста волавелира.

— Цу тайпана шу леларх гIуллакх хир дац, жайно бохучу тайпана бакъонца гIуллакх дел аш, — аьлла Бешир-молла вистхилча:

— Схьабийца уьш! Схьабийца уьш! — аьлла ши мутаIелам, ПетIамат дIа-схьа а тухуш, тIечевхира.

— Стенна ийзало шуьшиъ?..—аьлла, Бешир-молла ша Iеччохь тохавелира.

— АстогIфируллахI ала!.. астогIфируллахI ала!.. схьабийца уьш! Схьабийца уьш!.. — бохуш, ши мутаIелам ПетIаматан дегIах доьхкарш детта волавелира, цуьнан гIийла мохь а оьхуьйтуш.

Ехха йиттира шина мутаIеламо ПетIаматана, настарех а, некха тIе а, агIох а, шайн каяьллачу массо метте сийна томмагIаш а хIиттош. Цуьнан сибато сийна бос эцнера. ПетIамата нагпахь бен са ца доIура, иза а доIу, ца доIу а хуур дацара, аркъал йоьжна Iуьллучу цуьнан накха наггахь гIийла кхийсалуш ца гича.

Хьацаран кIур а хилла, етташ воллу ши мутаIелам чIогIа кIадваларна саца а сецна, чехка са а доьIуш, ПетIамате хьежа велира.

— Цкъа ладугIур вай!.. — аьлла Бешир-моллера омар хилча, ши мутаIелам, шаьшшинна тоьхна хьацар гIовталан тIемашца дIа а дохуш, юьстахвелира. Цул тIаьхьа хIорш бехха Iийра, тIама юккъера яькхича санна, буьрса, ирча Iуьллучу ПетIамате наггахь дIа а хьовсуш.

Оцу заманчохь арара сийна стигланаш, седарчий дIалоьIуш, макхъяла юьйлира, маьI-маьIнехь нIаьнеш а екара, наггахь хезаш летачу жIаьлийн гIовгIанаш а яра геннахь хезаш.

Тховса шаьш еттарх ПетIамат елча, тIаьхье дика ца хила мега шен, аьлла, дагадеанчу Бешир-моллас юха а ПетIаматана доьхкарш детташ воллучу шина мутаIеламе элира: «ХIара Iуьллу ПетIамат делан лаамца яхна шайтIанийн кера, цундела вайн кхунах гIуллакх а ца хуьлу, цкъа йита еза хIара, делан пурбанца ша йогIур хIара метта. ХIинца кхунах дан дезаш кхин ду. Вайна садаьржаш доллу. Со, Iуьйран ламазе а вахна тIе хIума а юьйхина, воггIушехь, шух шимма, ара а ваьлла, тхан цIийнан тхьамданаш гулба беза, кху гIуллакхан кхиэл ян ховша, хезий шуна?

— Хеза тхуна-м.

— Делахь, чехко е-кх, — аьлла, Бешир-молла, кIелдIахула ПетIамате а хьоьжуш, аравелира.

Малх дикка лакхабаьлча, кху хьуьжара хьалха Бешир моллин омрица ПетIаматан тайпанан тхьамданаш гуллуш лаьттара, тIехь чоьэш, гIовталш а йолуш, лекхалла аркъал охьакирчинчу куйнашца.

Нах чехка бевлира гулбелла. Iаьржачу чоьица Бешир-молла а веана тIехIоьттира:

— Ассалам-Iалайкум, Iуьйре дика хуьлда шун!

— Ва Іалайкум салам,— аьлла, баккхийчу наха рогГІана цуьнан куьг лецира.

— Чу гІо вай, — аьлла, Бешир-молла хьалха а ваьлла, хІорш хьуьжар чу бахара. Шаьш чу бевлча, Бешир-молла баьрче а воккхуш, хІара баккхий нах, шайн кІайн, хьаьрсан, Іаьржан мажош тІе куьйгаш а хьоькхуш, кху чохь шуьйра гуо беш, миндарш тІе охьахевшира.

ПетІамат, жимма чу са деана, керла далийна нускал санна, аьрру агІор сона чохь лаьттара, дегІехь ницкъ кІезиг бисарна, белш а кхийсалуш, когаш тІе охьа а оьхуш, шен ах гун кІайн накха дІа а хьулбеш ши куьг юьхьа тІе а диллина. Цуьнан настарш таьІина-сийначу басахь гора, царна тІехь дохкуш детта цІийш дара. Цуьнан тІодаюкъал дикка охьалелхаш гун Іаьржа месаш хьакхаелла яра. Цуьнан йоцачу кІайчу куча тІехь маьІ-маьІнехь цІечу зезаган суртахь хьоькхнаш йохкура. ПетІамат догдиллина яьллера шен дегІах, кхунна ша бохург бакъ хетар доцийла хиънера, хІара Бешир-моллин бехк ца бийца дагахь сецнера, хьераяьлла ю, аьлла, тохара санна, юха а шена еттарна кхоьруш.

Баьрччехь Іаш волу Бешир-молла, цкъа йовхарш а тоьхна, шен беха мара а озийна, гІеххьа са а даькхина, ПетІамате а хьаьжна, вистхилира:

— ДІаялол, сени чу гІол хьо!..

ПетІамат, шен, дукха йилхина, дистина бІаьргаш бен кхин юьхь ца гойтуш, жимма уккал а таІийна, берзанчу когашца сени чу елира.

— И дІадахана гІам девзий шуна? — олуш, Бешир-моллас шен ворта яхйира.

— Дудин ПетІамат яц и? — аьлла, моллина улло Іен совдегар а волуш волчу хьаьжочо шен хийрачу цергаш юккъехула туйн дарц туьйхира.

— Яра цкъа-м, хІинца-м яц, — аьлла, Бешир-моллас шен буйнара ал суьльхьанаш чоьин чета доьхкира.

ПетІамат, бІаьргех даккхий хин тІадамаш а оьгуш, сени чуьрчу жимчу корехула Бешир-моллагІар а гуш, лаьттара, шен Дудегий, Мусостей дагахь орца а доьхуш. Амма цаьрга сатийсар эрна-м дара, уьш кхунна сов генахь хиларна а, уьш маьрша цахиларна а.

Кху сенин неІарехь ши мутаІелам а вара, наггахь ПетІаматте а хьожуш, багахь цхьацца аяташ а доьшуш, лаьтташ.

— ХІа-хІан, нах, соьга еанарг йоккха юьхьІаьржо ю, и вайн ПетІамат Іалашъян тІелацар бахьана долуш. Иза шен

ма-хуьллу сан а, вайн массеран а сий дойуш лелаш хилла хIинццалц, вайна хаа а ца хууш!.. Йилбаз!.. шайтIан!.. — аьлла мохь а тоьхна, охьа а хьаьжна, юха а элира: — Дуьйцуш оьзда дацахь а, хIара гIуллакх, ма-дарра, шуьга дIа ца хаийтича дер дац.

— Дийцал ахь!.. Дийцал ахь! — аьлла баккхий нах а бистхилира.

— Шуна ма-хаъара, ас кхобуш яра-кх и Дудин ПетIамат. Сайн аш ца динарг доццушехь, сох тешна йитина ю-кх иза, цуьнан къа вайн юьртах ца латор ас, бохуш, аша сайна денна дечу диканех ах дика цунна а дойуш. Бакъду, со цуьнан куьцо Iехийра, суна чIогIа цунах цхьа адам тарделлера. Амма и бакъ-м ца хиллера. ХIара боьха жIаьла хилла! — аьлла, соцунгIа а хилла, Бешир-моллас шен къамел юха а дIадолийра: — ХIара бIаьсте яьлчахьана, бус-буса хан яьллачу хенахь ПетIамата ша йолчуьра кор доьллуш татанаш хезара суна. Суна тарлора, що и кор йовхонна доьллу, цхьа а шеко сайна цахиларна, тIаккха сийсара-буса дикка хан яьллачу хенахь, хIара йолчу цIа чохь татанаш деш санна а хетта, кхуьнан неIаре а вахана, ладоыгIча, цхьа адамаш луьйш санна хийтира суна. Оцу меттехь неI жимма хер а йина, чу хьаьжча, корах араэккхаш воллучу цхьана жимчу стеган букъ тира суна. Ерзана цIена меттара гIаьттина, шен коч тIеийзош йоллуш ПетIамат а гира; чохь йогуш лампа а яцара, чукхетта лаьтташ беттаса а дара. Цул тIаьхьа ког байбинна меллаш кетIа а ваьлла, дIа-схьа хьаьжна со: хьуьлла, генна дедда доьдуш тохарлера адам дара. Вехха идира со цунна тIаьхьа. Амма дош-м ца хилира. Хир дара, соьгахь цхьадолу герз хиллехьара. Цул тIаьхьа ПетIамат йолчу чу а иккхина, юкъ-юкъа цуьнан кIажарш а ийзош, етташ со воллуш, цIеххьана карара хецаелла, корах ара а иккхина, кху хьуьжаран неIаре иккхира и сени чохь лаьтта адаман йилбаз...

— Бакъ дац!.. Бакъ дац!.. Ва нах! Ма тешалаш, бакъ дац шуна и!.. — аьлла, ПетIамат баккхий нах болчу чухьаьдча, шина мутаIеламо сацийра. И ши мутаIелам а ПетIаматан тайпана вара, моллас ПетIаматах гайтинчу ледарлонна чIогIа шаьшшинна эхь тIедеъна аьлла хеташ а вара.

— И ца аьлла, кхин хIун эр дара цо? — аьлла, Бешир-молла велакъежира.

— Тиларчу яхана ю-кх иза, — аьлла совдегар-хьажо вистхилира.

— Я дера-кх, сийсара дуьйна а-м и тиларчу яхана. Оха-м

боккха бала хьегна, цунна етташ, и метта а ялийна, цуьнга бехкен волу стаг схьавийцийта. Амма цунах тхан дош-м ца хилира, далла ца лиъна дела. Иза хIума а дац, и бехкен волу стаг дала ша каралур ву вайна, хIара уггар бехкен ерг вешан караярна далла хастам бан беза вай. Вайна доккхачу гIуллакхан къайле гучуели. Вайна вешан юьртан сема кхетта туьйриг гучуели, — аьллачу Бешир-моллин сибат харц гора, цо, шен чучча биллина ши ког хийцина а биллина, юха а шен къамел дIадолийра: — ХIара гIуллакх, гучу ца долуш, дIадаханехьара, хIара юрт кхерамехь яра, хастам бу хIара юрт лаьттах ца яхийтинчу далла, хастам бу оцу далла, юьрта цо хIорд ца хецарна, лаьттах ца йохуьйтуш, кIур бина яга ца еш, хIара юрт хIинццалц латтийнчу, цу далла хастам хуьлда... Шуна ма-хаъара кху юьртахь цомгушхиллачу нахана а, шайтIанаша Iехийначу нахана а, бохамаш хиллачу нахана а аса даьхначу жайнеша гIоле йина меттиг яц. Бакъ дуй и, нах?..

— Ду, дера! Ду, дера! — аьлла массо стаг вистхилира.

— ТIаккха а, шуна ма-хаьара, хIокху шина шарахь ваьшта кху юьртахь йокъа хIоьттира вайна, массо а заманчохь со хьалха а вохуш, маьждигехь белхарца деле догIа а доьхуш, вайна цо и догIа шен заманчохь дала а ца луш. Бакъ дуй и, нах?

— Дера, ду!.. дера, ду!..

— Иштта долу и гIуллакхаш цахиларан бахьана ПетIамат шен боьхаллица кху юьртахь хилар ду! Дала а, дикчу наха а аьлла ду, ПетIамат санна йолу зуда юьртахь хилча, йокъа-м муххале а хир яра, юьртана беркат-м муххале а хир дацара, тIе, и юрт лаьтта буха яхарна кхерам бу, буха ца йодахь а, йоьхна, яьржина дIаяхарна кхерам бу. Иштта шех кхерам боллуш ду-кх и сени чуьра гIам!.. шайтIан!.. копур кристан!.. ХIинца вай жайнин бакъонца ПетIамат ен еза. И вай ца ехь, иза кхечу юьрта, я кIотара йигахь, хIокху шина-кхаа шарахь вайн юьртехь латтийна Iазап цигарчушкахь а латтор ду цо. И йолчу меттехь йокъа ца хилча йиш яц, и кхаьчначохь ялта хьекъа йиш яц, хIуманах беркат хир дац, дала шега динчу доIина жоп лур дац, цундела, жайнин дешнашна тIе а тевжина, вай цуьнан са даккха деза!.. Жайно боху: наха дог хаийтича елаелла зуда ерах, стагна тIе цIий-м муххале а ца догIура, мелхо а, цу стагана мел хир бу.

Бешир-моллас дуьйцург хаза а хезаш, йоьлхуш, ша-шех леташ лаьттачу ПетIамата, Iа а ца елла, берриге а шен дегIехь болу ницкъ а гулбина, мутаIеламаша сеццошшехь, чу а

иккхина, Бешар-моллех а хьаьрчаш, шийла мохь хьаькхира:

— Стенна йоь ахь со?.. Со тешаме ю аьлла йоь ахь со?.. ХІай, молла, хьоь луьй со-м!.. Со хІунда яьккхи ахь нахала? ХІунда хІоттий ахь со юьхьІаьржа? ХІунда ца хета хьуна эхь? Карчаехьа хьайн харцо! Дийцахьа кхарна бакъдерт! Дийца! Дийца! ХІай, молла, валахьа, кхарна бакъдерг дийций! Валахьа чехкка дийций! — аьлла, ПетІамата шен легаш лаьцча, Бешир-молла, кхоьссина цуьнан куьйгаш дІа а дахийтина: «ЛаилахІа иллаллахІ!.. Хьо доккха хІума!.. Хьо тамашийна хІума, мел чІогІа елла-кх ахь и шайтІанийн кара», — аьлла, тховх хьалахьаьжира.

— Зударш шайтІаназа боьршачу нахал атта тилор бу, аьлла ма ду делан дош, — аьлла, совдегар-хьаьжо вистхилча: «Бакъ ду-кх иза, бакъ ду-кх иза, — аьлла, баккхийчу наха а кортош таІийра.

МутаІеламаша арайоккхуш лаьттачу ПетІамата, хецаелла, юха чу а иккхина, мохь хьаькхира: «Тхьамданаш, ма хетийша со харц! Ма хетийша со тилла! Ца яьлла шуна со хьер, ца яьлла шуна!.. Ца яьлла шуна со хьер!..» — бохуш, баккхийчу нахах тийсалуччохь ПетІамат, легаш а дакъделла, йист а ца хилалуш, охьайоьжна йисира. Оцу заманчохь хІара сецош воллучу шина мутаІеламо, тІекхетта, ПетІамат, айина, сени чу яьккхира.

— Цо лелориг-м шен тиларчу яхар дара, хьайн къамел чекхдаккхал ахь, Бешир-молла, — аьлла, хьаьжо вистхилира.

— Кхин дІа дац сан къамел-м, хІинца вай хІокху сохьта кху гІуллакхан цхьа сацам бан беза-кх, мичча тайпана даькхина а, цуьнан са даккха, — аьлла, Бешир-моллас шен можа тІе ка хьаькхира. ТІаккха, шен сийначу меран буьхьиг тІе хиъна моза дІа а эккхийна, юха а вистхилира: «ХІун хета хьуна, АлчагІар?

— Ен еза!.. кхечу къаьмнашна хьалха а вай юьхьІаьржа хІиттий цо!..

— Ахь хІун олу, Оьлбаздукъа?

— Са даккха деза, оьрсашна хьалха а вайна юьхьІаьржо йин цо!..

— Хьуна хІун хета, Хьаьжа?

— Са даккхаран чехко ян еза! Тоьур ду, хІара юрт кхуо хІинццалц Іазапехь латтийча! Тоьур ду, кхуо хІинццалц йокъа а латтош, вайн юрт мацъяр, кхин минот яккхийта ца еза цу делах даьллачу шайтІане. ХІара юрт, ахь ма-баххара, оцу дала

дика а йитина хIинццалц тоьпан молха дина эккха ца оьккхуьйтуш... Бакъ ду-кх со хIинца а боьха жIаьла чохь долчу кху хьуьжар чохь чIогIа кхоьруш Iар а, сайн ма-хуьллу еза цIераш йохуш Iар а.

Бешир-моллас, вукху агIор а вирзина, элира:

— Шуна хIун хета?

— Тхо а аш боххучунна реза ду-кх, — элира, ладоьгIуш Iечу баккхийчу нахах еха Iаьржа маж а йолуш волчу цхьа онда воккха стаг воцчо. И стаг, корта а оллийна, ойла еш Iара.

Иштта ден къамел а хезаш, легаш а дакъаделла, елха а ца луш, йист а ца хилалуш, сени чохь лаьттачу ПетIаматана, цIеххьана дегIан массо а пха цхьана ираллица хадий, мотталуш, кхерамца ийна лазаран тулгIе туьйхира.

ПетIамат, ша лаьттачохь хьийзаш ю, мотталуш, бIагор а беана, охьаюьйжира.

— ХIета шу массо а реза ву-кх? — аьлла Бешир-молла вистхилира.

— Ду, дера, ду, дера, ду, дера, — элира юха а, Iаьржа маж ерг воцчара.

— Делахь хIета, шу реза делахь, и ен цхьа кеп хаьара суна!

— Дийцал ахь хьайна хетарг, молла, хьуна дикахо а хуур ду и еран кеп, — элира совдегар-хьаьжочо.

— Сайна цунах ян еза аьлла хета кеп шуьга дIайийцале, шух цхьаболчушна ма-дарра хууш цахиларна, цкъа цхьа гIуллакх дуьйцур ду ас, — аьлла, Бешир-моллас, маж а кIамйина, шен къамел дIадолийра: — Стохка хIоккху хенахь, пхьуьйран ламазера, суьлхьанаш а хьийзош, вайн готтачу урамехула цIа воьдуш лаьтташ, цIеххьана, «баба, хIунда кхуссу ахь и цIерга? Баба!.. Ма кхосса, и-м къорIа дай!.. Ма кхоссахьа, баба!..» — бохуш, цхьана гIийла лампа а йогуш лохчу цIа чохь мохь хьоькху а хезна, цIийна юххе а вахана, къайллах чу а хьожуш, ладогIа со хIоьттича, суна хезнарг, суна гинарг — вайн веччанна ма хозийла, ган а ма гойла: «Ма хьекха и мохь! Нажжаз!.. Ма хьекха ца боху ас хьоьга? — аьлла, цхьа дукха дилхина даккхий бIаьргаш а долуш, екъна лекха а йолуш нана боху гIам шена тIечевхича, Iад кхуссург хилла волчу цу ненан кIанта юха а мохь хьаькхира: «Баба!.. баба!.. ас кхана молле хIун эр ду? КъорIа стенга дахана, аьлча, ас молле хIун эр ду?» — аьлла, и бер, цIенкъа а доьжна, дилхича, кху нанас, катоьхна и схьа а лаьцна, цкъа тоха а тоьхна: «Ас дагийра, аьллахь, ас!.. хезий хьуна? Ас дагийра, аьллахь!.. Бай кхобуш

Iачу жеройн цIийнадайн тIаьхьадисна даьхний моллас я цхьана верасо, хIинца моллас вайн йиъна ши бугIа-кIорни санна, диъча, хIинца вайшиъ санна, мацалла даларх, цу моллех ца леташ, цуьнца дов ца лелош, къематан дийне хьежа бахарна ас дагийна, аьллахь, хезий хьуна? Аса дагийна, аьллахь! Аса!» — аьлла, и зуда, шен къежъелла месаш а ийзош, шийлачу маьхьарца ерзанчу цIенкъа, йоьлхуш, охьаюьйжира. ШолгIачу дийнахь ас ма-дарра и гIуллакх, кху чуьрчу хьаьже а тIехь, цхьаболчушка дIа а хаийтина, цул тIаьхьа цуьнан веше а, цу зудчо къорIа дагадарх хIара юрт дикка кхераме юйла хаийтарал совнаха, къорIа дагийна шен йиша ерах, цунна тIе цIий ца догIийла а хаийтина, цо шен и йиша, хьаьжкIаш юккъе а йигина, ен а йийна, цигахь ор а даьккхина, дIайоьллира; хIетахь дуьйна и урд — долчу дас ца охуш а ду. аха мегар доцуш а ду, дийна ялта денлур доцу дела, цу уьрдан кийрахь жоьжахатен бIогIам балларна. И юьйчу заманчохь суна дага а ца деара цуьнан веше ала иштта йийна зуда дIайоьллина меттиг стагана кхерамехь хилар. Цундела, — аьлла, Бешир-моллас, шен баьшна корта гучу а боккхуш, шен Iаьржа лекха куй кара а биллина, юха а шен къамел дIадолийра, — цу тайпана хIара ПетIамат а нахана оьшуш долчу лаьтта тIехь ца юьйш, цхьанахьа хьуьнан кIорге а йигина, ен еза, садаьллачу меттехь цхьа кIаг а баьккхина, дIа а юллуш. ТIе хIара йийна довллалц юьртана хаийта а ца деза. Хьанна хаьа, цхьа шен бала боцу боьха стаг гIоттий а. Иштта и ду-кх суна бакъахьа хетарг, делахь а шуна луъург-м дийр ду вай.

Сени чохь, юьхьа тIе, берцан буьртигаш санна, хьацар а тоьхна, Iуьллучу ПетIаматана кхеран къамел ца хезира, иза Iуьллура шена еттарна Iаржбеллачу некха юккъехь Iуьллу, Бешир-моллас, сийлалла хир ю, аьлла, еза цIераш тIеехкина хIайкал садаIарца наггахь ирах а кхуссуш, бIаьргаш а хьаббина, йист а ца хуьлуш.

ЦIеххьана тохара хьалха вист ца хуьлуш Iийна Iаьржа маж йолу тоьлла воккха стаг, хьала а иккхина, вистхилира:

— ХIан-хIа, нах! Со реза вац и ерна. Цуьнан бехк бац-м ца бах ас, делахь а тIаьхьа шел совнаха кхин са доцуш, гIийла стаг ю иза, хIокху сохьта-м муххале а. ТIе, хIумма а тамаша а бац вай и ерах а, стохка йийна йоккха стаг ейтарх а. Вай гIийлачушца сов майра ду. Вай гIийлачушна сов тIера ду. Шуна виц ма лойла стаг вийначунна вай беш болу бекхам. Шуна виц ма лойла вайн ваша бахьана долуш сибрех а ва-

хана Iаш волу ПетIаматан да, Дуда. Цо юьтур ю аьлла хетий шуна ПетIамат вайна? Юьтур яц. Цо бекхам бийр бу. Цо муьлххачу а стагачул майрий, аттий бийр бу бекхам. И-м цигахь дог даьттIа а лийр ву, аьлла хир ю шун ойла. Цунна валлалц цу сибрехахь Iен хан тоьхна, бохуш хир ю шун ойла! Иза хIинца а билггал хууш дац, хIунда, кхана хиндерг цхьанне а хууш доцу дела. Масала, и цигахь лахь, тIаккха а ПетIаматана дуьхьал бекхам бан стаг карор ву! Вайн Iадатехь кхузткъа шо даьлча а бекхамна стаг гIоттуш дуйла шуна а хууш ду. Шу совцо сан ницкъ бац, аш шайна луъург де, амма со кху бола юкъахь вац шуна, — аьлла, вокхка стаг, неI а тухуш, аравелира. Чуьра нах дикка вовшашка хьийсинчу заманчохь, Бешир-молла вистхилира:

— Стешха хилча а пайда бац... И нохчо воцийла хаа деза и дIавахарх. Вайна хIума дац! Вай цкъа кху ПетIаматан дай ду, кху юьртарчу вешан тайпанан дай а ду, тхьамданаш а ду. Вай динарг дохо мила хир вара кху юьртахь? Цул тIаьхьа, далла кIел Iен ца дезара цуьнан? Нах!.. Шу доха а ма доха, шу кхера а ма ло, вайна бекхам бан стаг вац. Масала, бекхамна гIаьттина стаг везачу дала шен ницкъаца сацор а ву, и сацориг хиларна ас тоьшалла до шуна. Масала, ша цIа ван а, ца ван а мегачу ПетIаматан дех Дудех вай кхерахь, иза эрна ду, хIунда аьлча, цIена нохчо, ПетIамата динарг санна дерг шен йоIа дича, пархъаьлла цуьнан корта баккха декхарийлахь волу дела. И дийр долуш Дуда а вара, ша цIахь велахьара, цу боьхачу ПетIамата шен сий дайарна.

— Бакъ боху! Бакъ боху! Бешир-молла, хьо нийса лоь, вай дIадолийна гIуллакх чекхдаккха деза, ца даьккхича, кхунах тIаьхьенна цамгар яларна кхерам бу. Бакъ дуй и, нах?—аьлла, совдегар-хьаьжо вистхилча:

— И бакъ-м муххале а дара, кхин дахда ца деза хIара гIуллакх, — аьлла баккхий нах а бистхилира.

— Делахь, тховса кху гIуллакхан йист йоккхур вай. ХIинца делкъан ламазаш дер вай, маьждиге а дахана, — аьлла, Бешир-молла хьалха а волуш, хIорш арабевлира, шен кIархаш тIеозош, тIаьхьависинчу совдегар-хьаьжочо, ша араволуш, сени чохь, дакъа санна, яхъелла Iуьллучу ПетIаматан берзанчу когех шен еха баьццара оба хьакхаелча, мутаIеламе хи а дехна, цунах хьакхабелла шен обанан тIам биттира, ламазана цIена хир бац шена, аьлла.

Дукха хан ялале жамIатан жимчу маьждигехь Бешир-молла ламазана кхайкхира:

— ОллохIу-акбар! ОллохIу-акбар! ОллохIу-акбар!.. ОллохIу-акбар!..

Оцу заманчохь ПетIамат жимчу хьуьжаран сени чохь шашех леташ яра:

— Хьо ма да адаме, суна хилларг хIун ду? Хьо ма да бусалбане! Суна динарг хIун ду? ХIинца сох мила тешар ву?

ПЬЕСАШ

ДАЙН ІЕДАЛ

(Кхаа декъехь пьеса)

ДАКЪАЛОЦУШ БЕРШ:

Хьамза, хІусамда, ахархо, 22 шо.
Хьаша, 26 шо.
Хебила, зудаберийн тхьамда, 22 шо.
Ниса, жима стаг, 23 шо.
Кебират, Хьамзин нана, 70 шо.
Мохьмад, Хьамзин ваша, 30 шо.
Ахьмад, Хьамзин ваша, 21 шо.
Халид, жима стаг, ахархо, 25 шо.
Кулсум, Халидан зуда, керахь бер а долуш, 22 шо.
Бука, Халидан нана, 65 шо.
Зуда, Стаг } ХалидагІеран лулахой
Іиса, Мохьмадан шича, 30 шо.
Пондарчий, жиргІанчий, кегий нах, мехкарий.

Хьалхара дакъа

1-ра сурт

Доккха цІа. Цхьа кор, цхьа неІ. Пенах доллуш къорза истанг. ТІедерзийна лаьттачу гІенташ тІехь зудабераш. Шина агІор лаьттачу гІенташ тІехь гІеххьа кегий нах. Аьтту агІор неІарехь лаьтта кегий нах. Аьтту агІор ул-уллохь Іаш пондарчий, жиргІанчий. Зудаберашна баьрчехь Іаш церан тхьамда Хебила. Божаршна баьрчехь Халид, цунна юххехь, цигаьрка а уьйзуш, Іаш хьаша.

П о н д а р ч а *(кирхьа хьала озале узам бо).*

Да велла йиса хьо, паччахьан хьо зама,
Майрачу кIенташна, бакъонан дегнашна—
Ца дуьту ахьа тхуна ден дакъа ва маьрша...
Ца дуьту ахьа тхо доьзалах безам иэца...

М а ь х ь а р и й *(маьI-маьIнера).* IайтI, гора йиш-яI! ... IайтI, гора дика узам!.. IайтI, гора кIант-яI-кх!..

П о н д а р ч а *(ца сацош пондар).* Ахь лоьхку тхо кIентий шийлачу цу сибрех...

К и р х ь а х ь а л а у з у.

Буьйсанна гIовттабой, мерза наб йохайой...
Мерзачу езарна лун барт хадабой,
Йовхачу тIамарш юкъара хан йоцуш гIийттабой...
Да велла йиса хьо, тхо бертахь кIенташна...
Хьо луьра, хьо Iаьржа паччахьан хьо зама...

Х а л и д. Вай гора кIант яI-кх, хьо ма вала кеста! *(Тапча а кхуссуш).* ДIаалахьа!.. ДIаалахьа! Ма сацадехьа, чекхдаккхахьа...

П о н д а р ч а *(пондар охьа а буьллуш).* Халид, ца алало соьга, йишхаьлла вай со-м чIогIа.

Х ь а ш а. ХIай баркаллахI!.. Дера бара безамехь узам.

Х а л и д. Делахь, жимма садоIур вай, хIета.

Н и с а *(кегийчу нахана юккъехь Iеччохь Халиде а хьожуш, зудаберашна тIе корта а кхуссуш).* ДоIур ду-те... са а... Са а доIуш тов.

Х а л и д. Зударшний дайна, дела ма ваха хьо веха! Хьо а вара кху чохь?

Н и с а. Ой! Со воцуш цхьа а синкъерам дIабала йиш йоцийла ца хаьа хьуна?

Х ь а м з а *(неIарехь лаьттачохь чу а кхевдий).* Хьаша! Сакъералой хьан?

Х ь а ш а. Хьамза, дика сакъералуш ву со-м, шарахь латта хIара болх!

Х ь а м з а. Кхунах хьан сакъералахь, хIара латто-м хала дацара. Мехкарий, само елаш!

Мехкарша, наггахь вовшийн лере а боьлхий, цхьацца дуьйцу.

Х а л и д *(Хьамзега).* ХIусамда!

Х ь а м з а. Хезаш ву, хIун оьшу вайна?

Х а л и д. Хьо воцуш ма дуьсийла тхо куьйранаш! ГIенан набарца хIуттура, хIара санна, дика синкъерам, бабех

дуй а бууш, йижарша хетташ а тодеш лелачу кIенташна кхул тоьлуш синкъерам а ца байна... Хьаша, ларавийр вуй хьо мехкарийн гIуллакхана? *(Велакъежа).*

Х ь а ш а. Бакъду, со-м бIаьран нур дарна кхоьруш Iеш ву, кхаьрга хьажа ца ваьхьаш...

Х ь а м з а. Халид!.. Хьайн забарш а йитий, хьешан гIуллакхана орцахвалахьа.

Х а л и д. Хьамза!.. Хьешан гIуллакхана са ма гатде ахь... и-м вайна хьеха ца дезара. *(Мехкаршна тIе а воьрзий).* Хебила, говран коча гIомат санна, тхьамдалла вайшиннен коча деана, хьайн нийсархошка само яйталахь хьешан гIуллакхана... цул тIаьхьа тхо вайгахь а ду-кх, ге йотIийла, ген дуьхьа бахахь-м, галеш юккъехь пIаьлдиг тов, баьхна-кх дехко а...

Чуьрнаш гIеххьа бийлало.

Х е б и л а. Халид, тхуна тIехь-м хIумма а духур дац.

Х а л и д. Баркалла хьуна, хьох бIобулуш лоьру-кх со а. Хебила!.. Мохо ловзо куьйса эрз санна, хIокху кIентийн дегнаш ловзадайтахьа цу хьайн хьомсарчу эскаре. Ца хезна хьуна, лаца ма лаца ден маж, лаьцча, ма хеца, бохуш? Цуьнга терра, тIелаьцна даьлла тхьамдалла, нохчочо герз санна, лелор вайшимма, нанас бер санна, ахь хьаша а хьоьстуш.

Х ь а ш а. ГIийла буо хилла шуна юккъехь Iара со. Мехкан эла ву, моттийти аш суна суо, ойла мехкаршкахьа ерзарх, бехк буьллу даций вайн.

Х ь а м з а. Халид!.. Къола эца вахана гIалгIа санна, багаца мозий а лоьцуш Iеш волчу Мухтаре пондар а локхуьйтуш, ког шаршийтича хIун дара-теша?

Х ь а ш а. Дагна тIемаш далийта, бохург дац иза, ва Халид?

Х а л и д. Мухтар! Жан Iуьно текх санна, хьалхаберзабел хьайн пондар. МасIуд, ахь хьайн жиргIанах у делахь. *(Хьала а гIоттуш.)* Дош хир дац кхунах; Хебила, хьалагIаттал хьо. Коьртера бен хи ца долало, бохуш ду, тхьамданийн боларш гойтур вайша. «Иэхьал кхакха тоьлла, боху, кхакханах пхи шай ло». ХIорс... хIорстоъ... тох вай!.. ХIорс! хIорс!..

Хелхадолу и шиъ. Хьалха хьаша а воккхуш, ши-кхо бал боккхий, пондар сацабо.

Х ь а ш а. ХIай баркаллахI!.. Хи тIехь бад санна, зезаг тIехь полла санна, товш ю-кх Хебила.

Н и с а. Яра-те товш! Товш яра!

Х а л и д. Хебила! Басар, ло хилла, дашарна шаьш ца кхерахь, догдахийша. Декхарина ламанан стаг санна ,чIогIа ю, моьтту суна, хьо цу балхана.

Хебила а тIехь, чуьрнаш буьйлу.

Х ь а ш а. Хебила!.. КIорда ца дина хьуна хьайн бабица Iен?

Х е б и л а. Ца хаьа суна-м.

Х ь а ш а. Суна-м, кIордийна, моьтту.

Х е б и л а. ХIунда бах ахь?

Х ь а ш а. Куьзганчу ца хьаьжна хьо?

Хебила, иэхьхетий, охьатаьIа. Чуьрнаш буьйлу.

Н и с а *(кегийчу нахана юккъехь Iеччохь, жимма хьаьла а айалуш, вистхуьлу)*. Хьаша!.. Сакъералой хьан?

Х ь а ш а. Баркалла, дика воллу со-м.

Н и с а. Бал баькккхича хIун дара-теша вай?

Хь а ш а. Баькккхича бакъхьа хир ду, хьалха хIусамда а воккхуш.

Х а л и д. Бакъ боху! Бакъ боху! Воккхуш бакъхьа ду хIусамда а. Ниса! Ниса! Докъан полла бай юкъаваккхал иза.

Н и с а *(дIахьодий, Хьамза, цхьа пхьарс лоций, юкъавоккху)*. Гайтал, хIусамда, ахь а хьайн болар. Хебила! Хебила, хьалагIаттал, ялал масса хьалагIаттий!

Хьамзий, Хебилий хелхадолу.

Х а л и д *(уьш хелхарна юккъе бевллачу заманчохь, хаьн тIехь йоллу тапча схьа а йоккхуш)*. Вайт! Гор дика бал яI-кх. *(ЦIенкъа а ерзайой, тапча шозза йожайо. Тапча ца йолу.)* Хьайн да ватIа хьан! *(Тапча ирх а ерзийна, вал а кер-чош, хьееш воллучу заманчохь цIеххьана, ца хууш, яла а йолий, кху Халидехьа букъ а берзийна бухь боьгIуш лаьттачу Хьамзина букъах кхета.)*

Х ь а м з а *(цхьана куьйга букъ а лоций)*. АллахI!.. *(Хьаьвзий, гуо а боккхуш, аркъал охьавужу.)*

З у д а р ш. Iалелов!.. Ва-дадай!.. Вай!.. Нана бусалбанаш! Орца дала!.. Орца!.. *(Кораххий, неIарххий тийса а луш, аралелха.)*

Цхьаболу кегий нах чехкка арабовлу. Цхьаберш, боьхна, чохь дIа-схьа хьийза.

Х ь а м з а *(Iуьллучохь)*. АллахI!.. ЯъаллахI!..

М а ь х ь а р и й: ХIун хилла? ХIара хIун ду? Хьанна кхийти? Мила ву тоьхнарг?!

Х ь а ш а. ДIа-схьа хила! ДIа-схьа хила! Кхунна мох кхетийта!

Халид, тапча охьа а кхоьссина Хьамзина тIе а хIоьттина, шина а куьйга корта а лаьцна, къаьрззина лаьтта.

М а ь х ь а р и й: Хьенан карах хили хIара?.. Хьан туьйхи кхунна?

Х а л и д *(воьхна)*. Сан!.. Сан карах!.. Сан карах вели хIара. Сан Хьамза!.. Ас вийн хьо, ас!.. Сан карах!.. Ас... ас!.. Хьамза, сайн куьйгаш дии ас. *(ТIекхетий, воьлху.)*

ТIехь лаьттачу наха Халид Хьамзина тIера хьалагIаттаво. Халида шен шаьлта, схьа а йоккхий, нахе дIакхийдайо.

ХIан!.. Вейша со! Вейша со!.. Ас-м айса сайн куьйгаш диъний, вейша со!.. Вейша со!.. Вейша со!..

Воьлху Халид аравоккху.

Х ь а ш а *(Хьамзина юххе лах а луш)*. ДIа-схьа хилал, юкъ малйийр яра ас кхуьнан. ТIаккха цхьаммо гIайба а ба.

Чехкка дIахьоду цхьа жимха.

Н и с а. Хи да ас кхунна мало?

Х ь а ш а. Ма... ма... ма далахь, хи мало мичара мегар дара кхунна!

Н и с а *(голаш тIе а хуий, Хьамзина дег тIе куьг а дуьллий)*. Велла-кх хIара!..

ГIайба а бахьаш, чехкка чуволу жимха.

Х ь а ш а. Велла...

Ж и м х а. Кхуьнан нана йогIу шуна.

Х ь а ш а *(гIайба гIов буьллий, хьала а гIоттуш)*. ДIасахилалаш!

Массара некъ буьту, чу йолу Кебират, букар а йоьлла, Iаса а луьйзуш.

К е б и р а т. ХIун ду хIара?.. *(Хьамзех бIаьрг кхетча, инзарйолу.)* Хьамза вац хIара?.. Кхунна хьан тоьхна?.. ХIара хьан вийна?..

Н и с а. Халидан карах велла-кх, ца хууш...

К е б и р а т. Мила Халид? *(Йоьхна, иэгайо.)*

Н и с а. Лаккахьарчу Iисин Халидан...

К е б и р а т *(йоьлхуш)*. Ца хууш?.. Ца хуушший?.. Велла вац! Ца хууш ца велла... ХIунда ле сан шозлагIа а кIант ца хууш, нехан карах?.. Неханаш хIунда ца ле?.. Сан хIунда ле? Декъазчу сан!.. ХIара ца хууш ца велла, и бакъ дац!.. Бакъ дац!.. *(Хьамзина улло охьалахло.)*

Х ь а ш а. ВаллахI, бакъ ма ду хIара ца хууш валар. ХIара нах тешаш а болуш. *(Нахана тIе куьг тосу.)*

К е б и р а т. Ма дийца.. Ма дийца... бакъ доцург! Со кхаж баьлла-х яций, нахе, бежнаш санна, кIентий а бойуьйтуш, кIайчу марчеш юккъе хьерчо!.. Сан жима Хьамза. *(Барт боккху.)* Хьамза!.. ПаргIат Iиллахьа! Хьамза! ПаргIат вижалахь!.. Хьамза!.. Дагахьбаллам ма хилалахь! Хьан чIир, хьан вежарша ца лахахь, ас лохур ю хьуна... Хезий хьуна?.. ас лохур ю хьуна!.. Ас!.. Ас!..

Чуоькку Мохьмад.

М о х ь м а д *(чехкка са а доьIуш)*. ХIун ду хIара?.. хIун ду хIара?.. *(Хьамзех бIаьрг кхетча.)* Хьамза вац хIара?.. Хьан вийн?.. Схьадийцийша, хIун ду хIара?

К е б и р а т *(Iаса а гIортийна, меллаша хьала а гIоттуш, елхаран къурдаш а деш)*. ХIун ду?.. ХIун хир дара хIара?.. Шу кIиллош хилар ду!.. Шу нах цахилар ду! Шун хIу кхачош лаьтта, наха, бежнаш санна, дойуш! Хезий шуна? Шун хIу кхачош лаьтта, ца хууш кхетта а бохуш!.. ца хууш!.. Ца хууш воь стаг?.. Цхьаъ валийти ца хууш, шиъ валийта-х ца везий!.. Ца хууш! Ца хууш! *(ИрахIутту.)*

М о х ь м а д *(Хьамзина юххе а лахлуш)*. Хьан вийн хIара? Схьадийцийша!..

Н и с а. ХIара-м Халидан карах велла, ца хууш!

М о х ь м а д. Халидан карах?.. Iисин Халидан караххий?..

Н и с а. Хили-те, цуьнан карах.

К е б и р а т. Бакъ дац! Бакъ дац! Ца хууш воь стаг? ДIадахийти-кх аш и жIаьла, тоьхна ваша а вейтина!.. Вай нана яла хьан, сан Хьамза! Вуьтур вац-кх ас хьо чIир йоцуш, со бен кхин стаг ца хилахь а. Букар, Iасанца тIаьхьаер ю-кх со, хьо ца вуьтуш... Мохьмад! Мохьмад! Хезий хьуна, шайн хIу кхачадалийталаш, хIара ца вуьтуш! Хьайбанаш санна, наха дойуш лаьтта шу... Вай! Вай! Сан букъ! Вай, сан букъ!

М о х ь м а д. Баба!.. Хьо сих ма лохьа. *(Белш а лоций.)* Баба! ЛадугIуш хилахьа. Стаг вен-м хала дац. ЧIир нисъян-м хала дац! Велларг дIаIалашве вай... Маржа Хьамза, ма бала бин ахь тхуна!

К е б и р а т. Нана яла хьан, Хьамза, ма байлахь йити ахь со, хьайн кегийчу доьзалшца! Хьо воцуш айса хIара дуьне дуур ду моьттуш яцара-кх со, нана яла хьан, Хьамза... хьан яла со, ва Хьамза, ас хIун дийр ду? Хьан доьзалша хIун дийр ду? Вай! Вай!.. *(ДогкIадлой, охьаюжу)*.

М о х ь м а д *(Хьамзина юххе а лахлуш)*. Хьамза!.. Хьо вац-кх, ахь хIун аьр-м ца хаьа. Хьан хене со вижжалц, хьан чIир лоьхур ю-кх ас. *(Барт ло. БIаьргаш тIе куй а тоттий, араволу)*.

К и р х ь а

ШолгIа дакъа

1-ра сурт

ГIеххьа цIа. Дуьхь-дуьхьал ерзийна ши неI. Нахана тIе дерзийна кор. Кора кIел нар, аьтту агIорчу неIарна аьрру агIор маьIIехь йогуш товха, цунна хьалхха лохчу гIента тIехь, керахь бер а долуш, даккхий синош а дохуш, Iаш Кулсум. Аьтту агIор сехьа маьIIехь лаьтташ стол, цу тIехь гIийла йогуш лампа. Арахь цIийзачу механ гIовгIа ю сцени тIехьа, кирхьа деллалале гIийла йиш лакха йолало.

Кирхьа деллало, лоькхуш гIийла йиш а ю. Iаш Кулсум а ю.

К у л с у м *(жимма Iийна, шен карарчу бере, елхаран къурдашца)*. Ваха!.. Ваха!.. Вижахьа!.. Вижахьа!.. Хьайна гIайгIа, бала хIун ю хаазчу хьайн буьйдачу дагца вижахьа, Ваха! Вижахьа! Вижахьа парггIат! Ваха!.. Хи мийларх, хьогалла ца йовш, даар даарх, мацалла ца йовш, мотт кIеда хиларх, наб ца кхеташ, шен карах, ца хууш, нехан стаг а велла, кийра ша биллина, нахана тIехула лелачу хьайн ден гIайгIа хьайна хIун ю хаале вижахьа, Ваха!.. Вижахьа парггIат! Ца хеза хьуна арахь, экха санна, цIийза мох?

Ваха! Иштта цIийза хьуна, ардангах хаьдда борз санна, вайшиннех хаьддачу хьан ден дог вайшинна. Ваха! ца хеза хьуна, цу къинхетам боцчу мохо гIийлачу, бехк боцчу нехан чуеттачу кертийн гIовгIа? Ваха! иштта къинхетам боцуш ду хьуна хийла нехан дегнаш. *(Кулсум хьалагIотту. Бер мара а къуьйлуш, йоьлху.)*

Лоькху йиш соцу, аьрру агIорчу неIарехула могуш йоцуш йолу Бука гIийлла чуйолу, наггахь йовхарш а тухуш.

Б у к а *(Кулсумна тIейоьду)*. Ваха! Иштта собар доцуш ду хьуна хийла адамаш... Кулсум!.. ХIинца а йоьлхуш ю-кх хьо!.. Ма елхахьа, Кулсум!.. *(Бер схьа а оьцуш.)* Бус-буса, дехьий-сехьий чу а хиъна, вовшех лечкъаш, вайшиъ угIарх, хIума нислур дац-кх. Дала тоххара яздина хилла-кх, вайн цIа бале лоцийла, аьлла. *(Нар тIе охьа а хууш.)* ХIун дийр ду ткъа? Кийрана лан хала делахь а, лаза девр дац-кх вай хIара... ца хаьа суна-м, Кулсум, вайшиннан дегнаш, тховсалерчу Iаьржа-

чу, буьрсачу буса арахь цIийза мох санна, са ца доIуш, цIийзарх, Халид марша а ваьлла, вайна яла паргIато яц-кх. Тховса Халид цIа вагIахь, цуьнга а аьлла, юха а нах вовшах а тоьхна, КебиратгIаьрга дехаре ца бахийтахь, суна-м ца хаьа, вай хIун дийр ду, вай муха дехар ду, цомгуш со а хилча, могуш йоцуш хьо а хилча... *(Кулсум, шен бIаьргех хIума а хьоькхуш, лаьтта.)*

К у л с у м *(цIе а тоеш, шен метта охьа а хууш, доккха са а доккхуш)*. Ца хаьа суна-м...

Б у к а *(шен керара бер жимма хьала а лоцуш)*. Ваха! Хьуна-м ца хаьий вайна хилларг?.. Ваха! Хьуна-м ца хаьий вайга доьссина вон?.. ХIан-хIа, хIоккхунна-м и ца хаьий. Ма дика ду, Ваха, хьуна и ца хууш, ма дика ду, Ваха, хьо цунах ца кхеташ! Хьо а хир вара-кх, цхьанхьа тата моссаза дели, тоьпах ка а етташ, шархкхехь дIа а лелхаш, еш наб а йоцуш, кийра сискалх а ца бузуш, нахана тIехула лелаш, цул тIаьхьа хьуна а гатда дезара-кх тхойшиннан са, цул тIаьхьа хьуна а елха дезара-кх тхойшиннан, тховса санна, бус-буса...

ЦIеххьана корах хIума туху. Кулсума, кхералой, цIеххьана юха а йоьрзий, ладугIу, иштта Букас а дугIу. Юха а корах хIума туху.

Б у к а *(меллаша)*. Халидан тата дац и?

К у л с у м *(хьала а гIоттуш)*. Тера-м ду... Мила ву кор деттарг?

А р а х ь а р а в и с т х и л а р. Со ву!

Б у к а *(кора юххе а таьIий)*. Халид, хьо вуй хIара?

А р а х ь а р а в и с т х и л а р. Ву.

Б у к а *(Кулсуме)*. Ас лампа чуузу хьуна, дIаделлахьа и кор!

Букáра лампа чуузу. Кулсума кор дIадоьллу. Халид, арахь лаьттачохь дIай-схьай а хьожий, хьалха топ чу а кховдош, чехкка чу волу. Кулсума кор тIекъовлу, Букас лампа хьалаузу.

Х а л и д *(дIай-схьай а хьожий)*. Бука, дийшаза дара шу?

Б у к а. Дара-те тхо-м, дийшаза. Делхьа, Халид, ас хьастагIа а баьхна хьоьга, ма эхахьа сел дукха цIа!

Х а л и д. Со-м, Бука, хьуна са а гатделла, веара, кхин кеста вогIур вац со. ХIинца а, дукха ца Iаш, дIагIур ву со. *(Топ нара тIе а юьллуш.)* Бука, муха ю хьан цамгийла?.. ГIоле яц хьуна хIинца а?

Б у к а *(нара тIе а хууш)*. Дера, кIант, яц... Де моссазза дели, чIагIъялар бен, суна йолуш гIоле ма яц. ХIара вайн сингаттам бацахьара, суо толур яра, моьттуш яра со... ХIара гIайгIа ю-кх дIаяла ца туьгуш...

Халид *(товхана хьалха а хууш)*. Вайн керахь гІуллакхаш даций хІорш-м... Цкъа ериг хир ю-кх кху гІуллакхан йист а.

Бука. Дера ца хаьа... Вайн ледарлонна хІара гІуллакх дахделлий-техьа, моьттуш, чІогІа сагатло-кх сан.

Халид *(ира а хІуттуш)*. Вайн ледарлонна муха дахделла хІара?.. Суна-м ца го кхин дан хІума... хІинцца ши бутт хьалха, наха дойтучу тайпана, халкъ вовшах а тоьхна, Кебиратгіаьрга дехар дайтина вай... Баккъалла а аьлча, со ца вуьтуш йолчу Кебиратан а бехк бац, наж санна волу къонаха сан керах а велла, Іеш йолчу...

Бука. Халид! Адам гуттар а цхьана эшарехь лаьтташ ца хуьлура-кх. Нах, вовшах а тоьхна, цаьрга дехаре бахийтарх, дала зен дацара. Халид, хІинца а хьовса вай иштта дехар дайта?

Халид *(Букин белш тІе куьг а дуьллуш)*. Бука!.. ХІокху цхьана-шина шарахь Кебират йолчу кхин нах дехаре бахийта реза вац-кх со. Ахьа айхьа йийцина-кх суна и Кебират, жима йолуш дуьйна атта адамах дог ца лозуш, дагана чІогІа стаг яра, бохуш. Айхьа ойла ехьа, ца хууш сан керах цуьнан кІант Хьамза веллачул тІаьхьа шо кхочуш, кху Нохчийчохь бу боху дика нах, хьаьжой, молланаш, вовшах а кхетта, кхехкарна малх хьерабаьллачу заманчохь, дийнахь сарралц дууш, молуш хІума доцуш, шайна хьалха гор а хІиттина, нана еллачу бераша санна, шийлачу маьхьарца оццул долчу цу халкъо сан дегІ шега дехча, цу дийнахь Кебирата цу халкъе, ша цкъа а суна къинтІера ер йоцийла хаийтина хилча, муха дойтур ду цуьнга кхин а дехар, хІун аьлла тухур бу и нах вовшах?!

Бука. Ца хаьа, Халид, ас-м, цуьнан кІентех дегайовхо йолуш, бахара. Вайна ма-хаьара, уьш, Кебирата ца буьтуш, леларна.

Халид *(са а доккхуш)*. Иза а ду бакъ-м... Бука! Цара-м со вуьтура, со дуьхьал хІоттийначу дийнахь, Кебират жимма а малъеллехьара.

Бука *(хьалагІотту)*. Хьо реза вацахь а, кхана, кхайкхина вайн нах схьа а балийна, кхин цкъа а нах вовшахтоха хьожур ю со.

Халид. Ца хаьа суна-м, хьайна луъург де-кх. Со-м хІумма а хир моьттуш вац... ХІокху некъехь къаьсттана чІогІа со лоьхуш бу уьш, селхана а йинера цара-м суна кІело.

Б у к а. Дала дийр ду-кх бакъахьарниг, цуьнан карахь ду-кх вай. *(Бер нара тIе а дуьллуш.)* Со дика Iе а ца ло. *(Йовхарш йо.)* Вайна дикка хан яьлла, моьтту суна. Кулсум, кхунна кхалла хIума лолахь. *(Дехьа чу йоьду.)*

К у л с у м *(Халидана тIе кхетий барт а лой, марахь йоллучохь)*. Хьо хIунда хьевелира цIа ван, суна мел хала ду, ца хаьа хьуна, хьох а къаьстина Iен?

Х а л и д. Хаа-м хаьара, дан хIума дац-кх... Кулсум, аса, араваьлла, хIор дIа мел боккху ког сел чIогIа сайна кхераме боллушехь, кIотаршкара дуьйна кест-кеста цIа вогIу со, хьо ялийчхьана хьоьца айса чомахь хан ца яккхарна, хьо ганза ца Iелуш а, бабеххьий, вайшиннан жимчу Вахеххьий хIун хьал ду, ца хууш а... *(Барт ло.)* Кулсум, цхьа хан яра вайшиннан, цхьа а сингаттам боцуш. И дара хьо соьга еана хьалхара кхо кIира. Цу деношкахь, куьзга санна, кхеттачу батте а хьоьжуш, цунна гонахара седарчий массо охьаоьгу, мотталуш, вайшимма мерза, берташ дехира. Цу деношкахь, урчакх тIе луьсту чилла санна, ваьшшиннан дегнаш тIе вовшийн безам листира вайшимма, Iаьржачу лаьттах дуй а бууш, сийначу стигланашка а кхийдаш... И зама ехха, хаза дIахьур ю, моьттура, цхьа а сингаттам боцуш, цхьа а гIайгIа, бала а хир боцуш. Делахь а, хьо ялийна кхо кIира кхочуш, сан карах стаг а велла, дерриг доха-м дуьйхира.

Кулсум майрчун марахь йоьлху.

ХIумма а дац, Кулсум, иштта хила язделла хилла-кх хIара. Цхьа сингаттам боцуш-м цхьа а ваций, шеначул боккха сингаттам кхечунна бац а моьттуш... ХIара-м иштта дIагIург хир даций. Цкъа паргIатвериг хир вай со-м. ТIаккха... тIаккха вайшимма, хьалха санна, паргIат, мерза зама дIахьур ю. *(Барт ло.)*

К у л с у м. Маца хир ю-техьа и зама?.. Маца хир ю-техьа иза?

Х а л и д. Кестта хир ю, кестта! Ца хилча, вайшиннан къа дацара?.. *(Лоррий юьхьа тIе а хьожий, барт ло.)* Ваха ганза а ю суна-м дикка хан. *(Вахина тIевоьду.)*

Кулсума шен бIаьргех хIума хьокху.

Ваха!.. Ваха! *(Хьосту.)* Хьай, харданг, харданг. Сох-м цхьаъ хир дара, хьуна паргIато хилахьара.

К у л с у м *(корта а теIош)*. Дала дийр ду-кх бакъхьарниг. *(ЦIе тоян хоу.)*

Х а л и д *(Кулсумна тIе а воьрзий)*. Кулсум, дIаялохьа, арахь цхьа а вуйла хьажахьа, дIагIур вара со.

К у л с у м *(хьала а гIоттуш)*. Ой, кхин хIума а кхаллазий?

Х а л и д *(топ схьа а оьцуш)*. ХIума юуш Iен йиш яц сан, хьуьлла нехан бошмашкахь говраш лаьцна лаьтташ накъост ву сан.

К у л с у м *(Халидана тIе а кхеташ)*. Халид, ахь хьуо кеста цIа вогIур вац, ца бахара? Сел сиха ма гIохьа дIа!

Х а л и д. Иза-м ас Букига сайна са ца гатдайта бахарий, вогIур ву хьуна со-м цIа. Сан-м йиш яций кест-кестта хьо йолчу ца веъча. *(Барт ло.)* ДIаялохьа, хьажахьа, цхьа а вуйла.

Кулсум арайолу, Халида Ваха хьосту. Чуйолу Кулсум.

К у л с у м. Схьагуш-м цхьа а вац!

Х а л и д. Делахь со дIавоьду. Кулсум, хьо гIийла хилча, Букин гуттар догъоьшур ду хьуна, и могуш яц, цуьнан самукъа а доккхуш, са а ца гатдеш, Iелахь. ХIара-м диканца дIадерза мегий...

К у л с у м. Iийр ю со-м. Делахь а цунна хаа-м хаьа, шега нийса сан хьуна сагатлойла... Вахе а ца хьожуш, воьду хьо дIа?

Х а л и д. Со-м хьаьжира цуьнга.

К у л с у м *(Ваха схьа а оьцуш)*. Сан керахь волуш-м ца хьаьжна хьо кхуьнга.

Х а л и д *(вела а къежий)*. Хьожур ву-кх хIинца хьан керахь волуш а. Ваха! *(Вахина барт ло.)* Ваха! Iодика йойла хьан, Iодика... Делахь шу дIаIийр ду-кх.

Шен тоьпан гIода чохь патарма буйла а хьожий, дIаволало. Кулсум, бер нара тIе а дуьллий, тIаьхьайолу. Халида неIарх ара цхьа ког боккхушехь, уьйтIахь шозза топ йолу. Ший а кхунна кхета: цхьаъ некхах, важа белшах.

Х а л и д *(неIарал чоьхьа гал а воьдуш)*. Аллах! АллахI!

Кулсум, юха а эккхий, шийла мохь хьокхий, Iадийча санна, бIаьргаш къаьрзина, куьйгаш лергаш улло а лаьцна, лаьтта.

Х а л и д *(чехкка хьала а эккхий)*. ХIинца-м кхийти. *(Араваьлча, мохь туху.)* Мохьмад!..

ДIабевддачушна тIаьхьа топ а кхуссий, вехна стаг санна, лесташ, топ а луьйзуш, некха тIе куьг а дуьллий, юха чуволу.

К у л с у м *маьхьарца)*. ХIара хIун ду?.. ХIара хIун ду, нана бусалбанаш!

Х а л и д. Кулсум!.. Кулсум!.. Бука!.. АллахI!.. *(Цхьана агIор топ а кхуссуш, хьаьвзий, аркъал охьавужу.)*

Кулсум, куьйгийн пIелгаш бага а доьхкина, юха а дIа-схьа хьоьжуш лаьтта. Чуйолу Бука.

Б у к а. Вай!.. Вай!.. Везин дела!.. Вай, хIара хIун ду?.. Ва Кулсум, хIара хIун ду?.. *(Халидах шен бIаьрг кхетча, тIехьоду. Коьртара хIума охьаюжу, кхуо шен месаш ийзайо.* Вай! Нана яла хьан, Халид! Ахь хIун дин? Вай, со яла хьан, Халид, ахь хIун дин? *(Халидана тIе кхета.)*

Кулсум, йоьлхуш, нара тIе бертал южу.

Х а л и д. Бу...ка! АллахI!.. *(Цхьана агIор корта а кхуссуш, ле.)*

Б у к а. Халид!.. Ва Халид! Хьан яла хьайн нана! *(Маьхьарца.)* Халид! *(Елхарна тоь, цIеххьана кIегар а хуий, цецйолий, дIа-схьа а хьожий, юха а йистхуьлу.* Халид! Хьо вели?.. Халид хьо вижи?.. *(Хьала а экккхий, юьстахйолу.)* ДIавала, дIавала. Хьо вижна! *(Цхьана маьIIе а хIуттий, кIозарш а охкийна, лаьтта.)* Вижна!.. велла! Вижна!.. велла! *(Елало.)* Вижна-кх, шен цIа долу дела. *(Халид Iуьллучу агIор цхьа куьг а туьйсуш.)* ДIавала!.. ДIавала суна гучуьра... *(Кулсум, хьала а экккхий, цецъяьлла, кхунах ца кхуьуш, лаьтта.)* ДIавала суна гучуьра!..*(ТIехьодий, Халидана юххе а хоий.)* А-а!.. Со-м жимъеллий. *(Халидан некха тIера куьйгаца цIий а оьций.)* Басар хьакха деза, басар хьакха йоллу со-м. *(Куьг юьхьах хьокху, йоьлу.)* Дов! Дов аьлла, топ а кхоьссина, маре гIур ю со. *(Йоьлу.)*

Йоьлхуш, Букига хьоьжуш лаьттачу Кулсума, Бука хьеръяьллийла а хуий, мохь хьокху.

К у л с у м. Ва нана бусулбанаш, орцадала, орца-да-ла!..

Яьллачу тоьпашна а, КулсумгIеран гIовгIанашна а орцахбевлла кхеран лулахой, когаш-Iуьйра, логера ветташ дохказа, герзашца чулелха.

З у д а. ХIун ду хIара?
С т а г. Халид вац хIара?
З у д а. ТIом бин кхуннa?
С т а г *(юххе охьа а лахлой)*. ХIара-м велла!..

II-гIа сурт

КебиратгIеран хьалхалерчу чохь нар, цу тIехь хъалабоьттина мотт. Чохь ши-кхо гIант. Нара тIехь суьлхьанаш хьийзош Iаш Кебират.

К е б и р а т *(суьлхьанаш хьийзийна йолу, доIа а деш)*. Хьуна хастам бу-кх, хIай тхан дела. *(Шена юххера Iаса схьа а оьций, неIар тIе йоьдий, неI а херйой.)* Гуш цхьа а вац, хе-

заш, цIийзачу механ йоцург, кхин гIовгIа а яц. Йоьссина Iаьржа буьйса а ю... Везин дела, хIун доуьйту-теша ахьа суна тховсалерчу кху буьрсачу буса? *(Юхайоьрзий, нара тIе а хууш.)* МохьмадгIар арабевлла-м тховсалера кхозлагIа буьйса а ю, дина аьлла а, хилла аьлла а хезна хIумма а дац... Схьахетарехь, Мохьмад а, Ахьмад а, церан шичой а Халид вен гIерташ ца лела. Цара, сох кхоьруш, суна бехказло лелайо... *(Ладугlу.)* Цхьа адам-м догIу. Хьо мила ву, хIей вогIург?...

А р а х ь а р а м о х ь. Со ву хIара-м!

К е б и р а т. Ахьмад, хьо вуй и?

А р а х ь а р а м о х ь. Ва-те.

Воьхна чуэккха Ахьмад.

А х ь м а д. Баба!..

К е б и р а т. Хьо хьуо-о хIунда ву?

А х ь м а д. Баба! Мохьмадана топ кхийти, цунна мотт биллийта схьахьаьддера со-м!

К е б и р а т. Хьенан карах? Муха?

А х ь м а д *(чехкка.)* Халид цIа веана, аьлла хезна, коре цхьаъ а хIоьттина, и ларвеш, церан бешахь тхо Iаш, дукха хан ялале Халид, неI а йиллина, араволуш воллуш а гина, аса а, Мохьмада а шозза топ кхоьссира цунна. Схьахетарехь, уьш ший а цунна кхета а кхийтира. Цул тIаьхьа, тхо цIа дахка кертах лелхаш дохкуш, Халида схьакхоьссина топ Мохьмадана а кхийтира...

К е б и р а т. Топ кхетта?! Топ кхетта?!

А х ь м а д. Кхетта дера-кх, ма кхийти елира и!

К е б и р а т. Цу жIаьлех хIун хили, ца хии шуна?

А х ь м а д *(мотт а буьллуш)*. Билггал ца хаьа, тхо генна девлича а хезаш, чIогIа маьхьарий-м дара церан чохь.

Чуволу Iиса, лаьцна чов хилла, цхьа пхьарс а оллийна волу Мохьмад а валош.

М о х ь м а д. АллахI!.. АллахI!..

Ахьмада, тIевоьдий, Iисина гIодо.

I и с а. Меллаша!.. Меллаша хилалаш!

Нара тIерачу метта охьавуьллу.

М о х ь м а д. ЭхI! эхI!.. эхI!.. аллахI!

К е б и р а т. Хьай, маржа яI-кх, хIинца а кхийти-кх вайна топ!

I и с а *(Мохьмадан юкъ а йостуш)*. Иштта хила яздина хилла-кх хIара, Кебират!

Ахьмад, чевнна оьшу гIирс кечбеш, арий-чуй дIа-схьа лела.

К е б и р а т. Дала тоха хьо балхана, ккунах хIун хила гIерта? *(Букъах ка а етташ.)* АллахI! АллахI! Дер хир дац ишта-м, хIинца а сайниг вуьйш! Нана яла хьан, Мохьмад, хьо ма гIелвелла, хьо воцуш а йиса йоллу-теша со? Мохьмад! Мохьмад! Хьо вуьтур-м вац! Вуьтур-м вац!..

I и с а. Баба, йоха ма йоха, чов чIогIа хиларна, хьашавелла хIара.

К е б и р а т. Со ца юхуш-м лам бухур бу. Собар лолда суна, нахала ца яла.

М о х ь м а д. ЭхI!.. эхI!.. ал...лахI!

К е б и р а т. Мохьмад! Нана яла хьан, ма гIелвели хьо...

Ахьмад араэккха.

I и с а. Ма ирча гIуллакх ду хIара, и жIаьла дала а ца леш дисахь!

К е б и р а т *(оьгIазаллица)*. Ирча гIуллакх?.. Ирча гIуллакх-м хIара тоххара дуьйна а ду. ХIинца шена хиллачу чевнех и мелIун ца лахь, чим бина, багийна, дIабаккха беза церан бен! Шуьга и ца далахь, со орцах ер ю, шуна айса баийна накха хьарам а беш.

Чуволу Ахьмад.

I и с а. Мила вара и, Ахьмад?

А х ь м а д *(хазахетий)*. Иза-м хьалхара Зайнди вара. хIоккхуза РахьиматагIаьрга Халид дIаваьллийла хаийта веана. *(Мохьмадана улло воьду).*

К е б и р а т *(хаза а хеташ)*. Веллий, бакъалла а? Алахьа, веллий?

А х ь м а д. Дера эли цо, суна а хезаш, РахьиматагIаьрга-м!

К е б и р а т *(ирх а кхевдаш)*. Хьуна бу-кх хастам, тхан дела!

I и с а. И валар-м лалур дара вайга. Кебират, хIара тIаьхь-тIаьхьа гIеллуш лаьтта-кх!

К е б и р а т. ХIан?.. ГIеллуш лаьтта?.. Мохьмад! Ва Мохьмад!.. Хезий хьуна? Мохьмад, вистхилахьа!

I и с а. Ца хилало-кх хIара вист, Кебират... ХIара ккхерамехь ву. ДIавалохьа, Ахьмад, молла валавехьа.

Ахьмад чехкка араволу.

К е б и р а т. Ван а ву хIара ккхерамехь. *(Нахана тIе а йолалуш.)* ХIара лахь, чIир нисъяллац дуьтур-м дац! Дуьтур-м дац! — со дийна а йолуш!

К и р х ь а

1-ра сурт

Хьалхалерра Кулсумгlеран цIа. Нара тIехь коьрта-Iуьйра, месаш а охкийна, Iаш ю Бука. Цуьнан куьйгаш дIадихкина ду, цу куьйгех тесна муш тховх бозуш бу. ЦIенкъа юккъехь, нахана тIе а дерзийна лаьттачу агана юххехь гIийла Iаш Кулсум ю.

Кирхьа делладалале гIийла йиш йолайо.

К у л с у м *(агана тIе а таьIна, корта оллийна, Iаш йолчуьра, доккха са а доккхуш, корта хьала а нисбой)*. Ваха! Хьуна-м, тахко ца оьшуш, хьайна ма-лиъянехь набкхетара; хьо-м хьайн ненан дагахь хIун бала бу, ца хууш, парггIат Iуьлура, хьайн ден ши бIаьрг суна тIе а боьгIна. Ваха! Мел дукха хан ю аса мерза наб янза, мел дукха хан ю сан кийра дуучу хIуманах бузаза. *(Хьосту.)* Ваха! Аса дуьйцучух ца кхета хьо?. Ваха, кхетий хьо? ХIан-хIа, кхунна уьш хIун ду а ца хаьа... ХIара-м хIинца а жима вай! Кхунна-м ца гирий шен да, детта цIий а багахь, шена хьалха леш... Кхунна-м ца хезарий цо, шена чов кхетча санна, шен ненан а цIе йохуш. Мел дика ду хьо кхеташ а волуш хьуна и ца гина! Мел дика ду, хьо хаззал а волуш, хьуна хьайн дас тIаьххьара садоккхуш ца хезна! Мел дика ду, Ваха, хьуна, и Iен хьайн ден нана хIунда телхина, ца хууш. *(Барт ло.)* ДIадовлийша, хIара-м кестта воккхахир вай! ХIокхо-м тIаккха дийнахь а, буса а шен ненан дог хьостур дай, хIара-м шен ден метта шен цIен тIехь дIахIуттур вай!

Лоькху йиш соцу.

Б у к а *(цIеххьана чехкка)*. Схьакхайкхахьа цаьрга! Схьакхайкхахьа цаьрга!..

К у л с у м *(юха а хьожий, эсала)*. Хьаьнга, бах ахь, нана?..

Б у к а. Хьуьлла боьлху! Хьуьлла боьлху!..

К у л с у м. Везан дела, хьуна хIун дийр ду-теша? Чуьйрийн-эвлахь телхина нах тобеш лор ву а бохура. Ма хьо цига йига ницкъ а бац.

Бука, зикар олуш санна, леста. Чуйолу лулахо. БIаьргех йовлакхан тIам а хьоькхуш, Кулсуме а хьожий, корта ластабо цо.

К у л с у м *(цхьаъ чуваьлча санна хетий, юхахьожу. Лулахо гича, хьалаиэккха)*. Ахь хIун до?

Л у л а х о *(доккха са а доккхий, нара тIе а хууш)*. Кулсум!..

К у л с у м (*тIейолалуш*). ХIан! ХIун хилла?.. Дийцахьа!

Л у л а х о. М... Мохьмад д... дIаваьлла, боху-кх! (*Елха озайо.*)

К у л с у м (*цIехьана юха а эккхий*). Мохьмад?.. Ма алахьа, дIаваьлла!? Ма алахьа! Ма алахьа ! (*Маьхьарца тIе а кхеташ.*) Ва нана бусалбанаш! Ас хIун дийр ду?.. Аса хIун дийр ду сайн Вахина? Аса хIун дийр ду?..

Л у л а х о. Нанас йинарг яла хьан, Кулсум, ма декъаза стаг хилла хьо! Нанас йинарг яла хьан, Кулсум, мел бIаьрза хьовзийна хьо кхоьллинчу дала!

К у л с у м. Дуьненан бала Iийша кхоьллина хилла-кх со! Дуьненан гIайгIанна кхоьллина хилла-кх со!.. Ва везан дела, мел доккха де ду соьга деънарг? Везан дела, тIе хIара бала ца беъча а, мел дукха лайнера ас!.. Тоьур яцара суна, сайн цIийнда, сайна хьалххахь, детта цIий а багахь, вист ца хуьлуш, вела буьйса?.. Тоьур яцара суна, шена хьалххахь шен кIант вийча, телхина сайн марнана, дуьненахь цкъа а самукъа ца дала? Тоьур дацара сайн цIийндех ялар? ХIинца сайн Вахех яла йоллу-кх со! Ва везан делла, ас хIун дан деза? (*Йоьлху.*)

Л у л а х о. Кулсум, ма елхахьа! Ма елхахьа, Кулсум! Вахина-м хIумма а хир даций!..

К у л с у м (*хьалаиэккхий, Вахина юххе а лахлуш*). Муха хир дац? Муха хир дац кхунна хIума, кхуьнан дас шозлагIа стаг а вийна хилча? Мила ву царна шайн чIир нисъян, сан жима Ваха воцург? Ваха? Хьан яла хьайн нана! Ваха, хьан яла со!.. (*Барт а луш, йоьлху.*)

Л у л а х о (*Кулсумна тIе а йогIий.*) Кулсум, ма елхахьа! Ма бехьа айхьа хьайна ницкъ!

Сцени тIехьа гIийла йиш лоькху хеза.

К у л с у м (*ша Iеччохь Вахина тIехула нахе а хьоьжуш, къинхетаме*). ДIадели... дIадели... дийнахь а, буса а сан Вахех йоккхаер; дIадели, дийнахь а, буса а, Ваха кхиавеш, ас сахьташка, чехкка ида, бахар дIадели... дIадели... ХIинца сан сахьте дийнал дахдалар деха деза! ХIинца сан миноте сахьтал яхъялар деха деза. (*Вахе а хьоьжуш.*) Ваха, хIинца дуьйна ас хьуна бао болу накха — нахана шайн дог Iабо мела цIий кечдан баабо-кх!

Л у л а х о. Кулсум, сатохахьа, собардехьа, ма бехьа хьайна ницкъ, хьанна хаьа тIаьхьа хиндерг? Кулсум, кхуьнан тIаьхье-м дика хила а мегий, собардехьа!

К у л с у м. Муха дийр ду ас собар, хIинца дуьйна, хIара кхиорца ас лесто долу ага, юьртарчу нахе кхуьнан Iаьржа бар-

ма техкабайта лесторг хилча?.. Ваха! Мел хала хир ду суна тховса дуьйна хьан бIаьра хьежа! Билггал хьо наха вуьйр вуйла а хууш, муха доьгIур ду хьоьга ла?.. Буьйсанна наб йоцуш, дийнахь садаIар доцуш, хьо халла кхиийча, хьайн мостагIаша, болатан шаьлтанца верина, я буьйдачу дошаца вагийна, цхьанхьа, мела цIий Iанош, охьавуьллур ву-кх хьо шийла дакъа дина, цхьана маьIIе а тебина, тийжарца йоьлхуш со Iашшехь. *(Йоьлху.)*

Л у л а х о *(ла а дугIуш)*. Ма елхахьа, Кулсум, нах а богIу кху чу!

II-гIа сурт.

Доккха, сирла хаза кечдина цIа, пенах диттина Ленинан, Сталинан, Ворошиловн сурташ. ЦIийна юккъехь лаьтташ йоккха стол, цу тIехь йогуш лампа, цу стоьлан цхьана маьIIехь гIанта тIехь Iеш, карахь ша тоьгуш йолу хIума саца а йина, тIехь цIена а йолуш. Кулсум. Сехьа стоьла тIехь книжкаш, тетрадаш, кехаташ даржийна, цхьана куьйга корта а лаьцна, Кулсуме ладоьгIуш Iеш 18 шо кхаьчна Ваха.

К у л с у м. Иштта хьуна йоьлхуш, телхинчу хьан ден нанна йоьлхуш, еш наб а йоцуш, хIуманах кийра ца бузуш, дикка хан дIаехьира аса. ТIаккха, хьеръялале а цамгийла кхетта йолу хьан ден нана елча, вайша ваьшшиъ дисира, вешан гIийлачу цIа чохь. Мацалла хьо воьлхуш, дийнахь а, буса а хьо айса нахана вен кхиаво, моьттуш, хьуна со йоьлхуш вайшимма дикка зама дIаехьира... Хьан ворхI шо а кхечира, берашна юкъа ловза эха а волавелира, тIаккха со гуттар холчахIоьттира. Сайн ницкъ кхочуш, ас хьо ара ца волуьйтура, нагахь хьо, валаза а ца Iийна, ара ловза ваьлча, со, цхьана маьIIе а хоий, сарралц хьо тергалвеш Iара...

В а х а. Баба, дIадийцахьа! Баба, дуьйцуш хаза дацахь а, хаа дика дара-кх хьалхалера Iовдала, бодане Iадаташ!

К у л с у м *(жимма Iийна)*. Цул тIаьхьа, хьуна хьайна а ма-хаъара, хьо, хьайн нах болчу орца кIотара вигина, лечкъош, хьан пхийтта шо кхаччалц цигахь Iавира, хIоккхуза эвла со а хиъна, хIинций-хIинций шийла дакъа дина, сайна хьалха хьо вохьу-кх, бохуш, гIийла ла а доьгIуш. Хьан итт шо кхочуш деара вайна Советан Iедал. Хийла наха, Советан Iедало лурбоьлла нах паргIатбохур бу, бохуш, сайга дийцарна, ахь кIотарахь даьккхина и пхи шо-м ас жимма паргIат а даьккхира...

В а х а. ТIаккха?.. ТIаккха, баба?..

К у л с у м. ТIаккха дуьйна сан даго суна хьеха а хьоьхура, хьан тIаьхье дика хир ю, бохуш. *(Ела а къежий.)* Ваха! ТIаккха цIеххьана вайн Нохчийчохь герз эца долийра, цу гIуллакхах со чIогIа кхераеллачу заманчохь вайн юьртахь Советан Iедал кхайкхийра: «Лурбоьлла нах буьтийла, ца битин — сибреха а бохуьйтур бу, чIогIа таIзарш а дийр ду», — бохуш... ТIаккха тайра-кх, Ваха, вайца КебиратгIар, хьуна къинтIера а бовлуш. Цул тIаьхьа вайша паргIатделира, хьо деша а вахара, хIинца доьшуш воллучу Ростох.

В а х а *(ира а хIуттуш)*. Баба! Ахь хийла ирча де лайна. Ахь хийла бала хьегна. Баба, хьо йоцург, кхин масане зуда хилла хир ю, хьо санна, холчохь. Баба, хьо йоцург, кхин масане хилла хир ю йиша вешина, зуда майрачунна, нана воIана, хIара паргIато тIекхаччалц, бIаьрза хьийзина... ХIинца *(куьг ирх а кховдош.)* шуьйра паргIато яьржина боданечу лаьмнашка а тIехь! ХIинца и бодане болат хилла лаьттина Iадаташ коммунистийн партис лалош лаьтта! ХIинццалц вайн Нохчийчохь, деза кир хилла, Iиллина буькьа бода ЦIечу байракхан чехкачу мохо, ойуш, генабоккхуш лаьтта.

Арахь автомобилийн гIовгIа а, «Интернационал» йиш олуш а хеза, Кулсума хазахетарца ладугIу. Вахас араРчарна тIаьххье «Интернационал» олу.

К у л с у м. Уьш муьлш бу-теша, Ваха?

В а х а *(Кулсуме)*. Уьш кханалерчу дезчу денна хьалабогIу охьара белхалой-комсомолаш бу, аьлла хета суна, цкъа уьш дIанисбечу хьажа со а. *(Аравала дIаволало.)*

К у л с у м. Ваха, вайн керта цхьаъ а-м вогIу, и мила ву а хьажалахь!

В а х а. Дика ду.

Ваха неIаре кхоччушехь, арахьара мохь.

А р а х ь а р а м о х ь. ХIей, цIахь дуй шу?

В а х а. Да, дера, тхо-м цIахь..

Букар таьIна Кебират, Iаса а луьйзуш, чуйолу.

К е б и р а т. Дика мел дерш!

В а х а. Ой, Кебират яц хьо?.. *(Мараиэккха.)*

К у л с у м *(хьала а гIоттуш)*. Диканца дукха ехийла хьо а! Ватта, Кебират, хьо яц хIара?!

К е б и р а т. Дера ю дукха со-м хIара...

В а х а *(гIант а луш)*. Же, охьахаал, Кебират.

Кебират охьахоу.

К у л с у м. Хьо ма буьйсанца араяьлла?

К е б и р а т. ХIинцца баьхкинчу цу нахаца хьалавеанчу цхьана стага хIара цхьа кехатан цуьрг еллера соьга, Ахьмадера ду, аьлла. ХIинца цунна сагатделла, Вахега хIара дешийта ас, аьлла, схьаеара-кх со. *(Кехат Вахега кховдадо.)*

В а х а *(кехат схьаоьцуш, хазахетарца)*. Ахьмадера ду хIара? *(Кебиратана аьрру агIор а хIуттуш, кехат схьадосту.)*

К е б и р а т. Охьахаахьа, Кулсум!

К у л с у м. КIордийна суна-м, Кебират, хиъна Iен а. *(Кебиратана аьтту агIор хIутту.)*

В а х а *(кехат доьшу)*. «Сан езаш хинйолу сан нана, со хIокху сохьта могуш а, паргIат а ву, шуна боцург, кхин сингаттам а бац. Селхана шуна ахча даийта воьллера со, тIаккха а, кхана-лама со, кхаа денна отпуск яьккхина, цIа вогIу дела, IадъIийра. Сан нана, Кебират, деша ваханчуьра Ваха цIа веана, бохуш, хезна суна, цуьнга со цIа валлац дIа ма гIо а ала, кхуьнца цуьнан цIарца аса доуьйту кехат цуьнга дIа а кхачаде. Маршалла ду Кулсуме а тIехь, массаьрга а! Диканца Iойла. Хьан кIант — Ахьмад. Йоккхачу Мехка-ДаьттантIара».

К у л с у м. Маршалла хуьйла цунна а...

Кулсума, Кебиратан лере а йоьдий, цхьаъ олу, ший а йоьлу.

В а х а *(нахана тIе а воьрзуш)*. Сайга даийтинарг а деша ас! *(Доьшу.)*

«Дарастий, мой барат Ваха!

Искора моя пиредем домой, тоя не поехал Ростох. (Воьлу.) Мая крепка женится нада. Баба истарий астал, мая маладой. Это хIутар девфка карсивий ест, ево нада мая ташшит.

Твой барат Ахьмад».

Арахь назма хеза.

В а х а *(нахана тIе а воьрзий)*. Хьовсал шу! ЛадогIал аша! Ойлаел аша! Дайн Iадаташ долуьйтуш, социализм толош, Ленинан назма ю шуна цара бохург! Уьш муьлш бу? Уьш нохчий бу, мехкдаьттанан белхалой бу. Социализман хIайттархой! Колхозийн куьйгалхой бу!

К и р х ь а

ПЕТIАМАТ

(Ворхl суртехь драма)

ДАКЪАЛОЦУШ БЕРШ:

П е т I а м а т
Д у д а — цуьнан да.
П р и с т а в
С т р а ж н и к
М о л л а
Т и м а р — хьалдолу стаг
А м а н т а — ПетIаматан лулахо
К а л а — захалонча
Л а г а
В о к к х а с т а г
I а ь р ж а м а ж е р г
Йоккха стаг
1-р а а х а р х о
2-г I а а х а р х о
3-г I а а х а р х о
Хьабиб — приставан помощник
М у с о с т — ПетIаматна тIехьийза кIант, обарг
Мохьмад
Б а у д д и
I е л а
Хьаьжо
1-р а о б а р г
О б а р г а ш, с т р а ж н и к а ш.

I-ра сурт

Буьйса. Участкан правленехь. ГIеххьа кечйина кабинет, пенах тоьхна паччахьан сурт, чохь телефон, пенаца хIоьттина лаьтташ, ойла а еш пристав. Иза цкъа волало. Коре хIуттуу. Юха а волало.

П р и с т а в. ОьгIазе нохчо ву,
Ву тебаш бердаца,

И ву иръеш шен шаьлта,
Лермонтовс аьлла ма-дарра аьлча...
Амма еха-м ирйийр яц цо
Шен мекха йоьлла дIаьвшен шаьлта...
Веха-м лелар вац иза лечкъаш,
Ламанаш, пепнаш дуьхьал лоьцуш.

Чуволу стражник.

Стражник. Уьш схьабаьхки-кх
Пристав. Чудуьйла, ала.
Стражник. ХIокху сохьта олу. *(ДIавоьду.)*
Пристав. ХIара карaIамоза акхарой
Аса Iамор ю, аса совцор ю.

Чуволу молла а, Тимар а.

Молла. Буьйса дика хуьлда хьан.
Пристав. Шу марша догIийла,
Шу охьаховша.
Молла. Маршалла лолда цу везачу дала.
Тимар. Маршалла хуьлда.

Куьйгаш а лоьций, охьаховшу.

Пристав. ХIинца дер вай вешан къамел.
Молла. Бакъахь хир ду.
Тимар. Дика хир ду-кх.
Пристав. Бутт хьалха вийна кхузара пристав,
Цуьнан метта ваийтина со ву кхуза.
И вийна обаргаша — МусостагIара,
Лецаза йиш яц уьш, хье ца болуьйтуш.
Уьш леца беза, шуьгара гIо оьшу,
Уьш хIаллакбан беза вай цхьаьнакхетта.
Молла. Кийча ду-кх тхо, тхан сийлахь пурстоп.
Тимар. Массо а агIор гIо со дан реза ву.
Реза ву и зуламхой багон, чахчон.
Амма ца кхета хIара нах, ца кхета
Кху куьйган пхи пIелг а цхьабосса цахиларх—
Ца хаьа цу ахархошна, мискачушна.
Ца хаьа, цуьнга терра цхьаъ хьал долуш,
Важа къен, цхьаъ чин долуш, важа бо хила
везийла, хилан вогIийла.
Ца хаьа царна, зулам туьйсу цара.
Дог Iарждина, дагца мекха лаьцна,
Паччахьана дуьхьалбуьйлу, тIе ца тов.
Пристав. ТIе ца тахь, вай цаьрца
Хир дац къинхетаме.

Молла. Иэмалк ца Іамало, пурстоп,
Эсала хьоьстуш, шед тІехьа лечкъийча.
ХІара нах а Іемар бац, кІоршаме
Шайца ца хилахь, хьоьстуш хилахь.
Пристав. Ца Іемича йиш йоцийла хоуьйтур ду,
Шемална а хаийтина, Зеламханна а,
Іаьлбиг-Хьаьжина а хаийтина,
Кхарна вай атта хоуьйтур ду.
Молла. ХІинца хІун де вай, пурстоп?
Пристав. Аьлла ду: паччахь, хьал,
Дин — уьш кхоъ кхо ваша ду,
Церан вовшех довла йиш яц,
Уьш, вовшех девлча, хІаллак а хир ду.
Тимар. Деллахь, ма нийса аьлла иза.
Молла. Сов нийса аьлла...
Пристав. Ма-дарра аьлча, хІинца ашшимма
Цу обаргаца къайлах уьйр таса,
Уьш маслаІатца тІебало хьовса,
ТІе ца багІахь, лецийта беза.
Тимар. Соьца церан маслаІат хир дац,
Уьш сох тешар бац, цхьана а тайпана,
Уьш со а, кхиболу хьоладай а безаш бац,
Суна хетарехь, цу юкъа хІара молла
Хьовза веза, кхуо цаьрца уьйр таса еза,
Уьш теша, дин доцург, кхин хІума дац.
Пристав. Иза а бакъ ду. Молла, хьуна тІехь
Дуьсу-кха хІара гІуллакх.
Молла. Дика ду-кх,
Хьожур ву-кх со и кхочушда.
Пристав. И гІуллакх кханнехь дІадоло деза.
Молла. Бакъахь хир ду-кх.
Пристав. Иштта и дара-кх сан шуьга ала.
Тимар. Цхьа стаг ву вайн вийцаза висина.
Пристав. Мила ву иза?
Тимар. Иза зуламийн бух бу,
И стаг ву эвлара Дуда,
Иза ву тхойшиннан тайпана,
Иза ву къайлах обаргашца тайна.
Молла. Суьдахо вен гІортарна,
ХІинцца, пхи шо а даьккхина веана,
Паччахьан Іедална дуьхьал чІогІа ву.
Хьаькам, хьал долу стаг шена гича,

БIаьрга цIий хьаьвзий, бIагор богIуш ву,
Къайлах Iедалний, ахархошний юкъа
Питанаш тийсина а, туьйсуш а ву.
Пристав. Бахам хIун болуш ву иза?
Тимар. Къен стаг ву, амма онда, майра ву,
ХIилла, цхьогалехь санна, долуш ву,
И юьртахь мел ву, беркат хир дац,
И стаг лаца веза, вайа веза.
ХIара вай дийцинарг, адамна
Ца хууш, къайлах хила деза.
Пристав.. Иштта ву иза?
Молла. Дера ву, валлахI ву,
Жоьжахатин бIогIам хилла,
Абадаллац лаьттар волуш-м.
Пристав. Мегар ду, мегар ду. *(Къолам, кехат а оьций.)*
Ден цIе хIун ю кхуьнан?
Тимар. Шен цIе ю цуьнан
Дуда. Ден цIе — Тайма.
Пристав. Дуда Таймаев. *(Яздо.)*
Молла. *(паччахьан суьрте куьг а хьажадой).*
Цу сийдолчу, воккхачу паччахьан
ЦIе цаезарг, цунна дуьхьал верг
Суна ца веза, пурстоп, лоцийла лаьа.
Пристав. Кхочушхир ду-кх иза кхана.
Тимар. Делахь тхо хIинца гIо?
Пристав. ГIо, баркалла шуна.

Куьйгаш ло.

Молла. Марша Iойла.
Пристав. Маршалла хуьлда.
Тимар. Марша Iолда.
Пристав. Маршалла хуьлда. *(Важа шиъ дIавахча.)*
Гезго шен
Маши юкъа беъна моза
ДIа ца бохуьйту, цIий ца молуш,
Кху акхаройх керавеанарг
Ас ваш вохуьйтур, ца вуьйш.
(Чуваьллачу Хьабибе.)
Дика ду, хьо схьавеана.
Хьабиб. Кхин керла хIума-х даций?
Пристав. Ду, кхана лаца веза Дуда.
Хьабиб. Дика ду, кхочушхир ду иза.

Залехь. Iуьйренан малх кхета зама. Дека олхазар. Дудин керт ю гуш. ГIехь цIеношш, гонах ян йолийна керт. ДоьгIна хьокхий, Iоххуш серий. Аьтту агIор дIатоьхна лаьтташ кхо-биъ хьокха. Гихь кIудал а йолуш, аьтту агIорхьара чуйогIу ПетIамат. Цунна дуьхьалкхета Аманта, иза йоьдуш ю.

Аманта. Гуттар а олхазаршца гIотту-кх,
ПетIамат, хьо.
ПетIамат. Бакъ ду хьуна иза-м.
Со-м гIатта Iемина яьлла.
Тхан коре хуу цхьа олхазар,
И ду гуттар а Iуьйренца декаш.
Ехха Iуьллу со, цуьнга ладоьгIуш,
Сов хаза ю цуьнан еха эшарш,
Цо самайоккхий, со хьалагIотту,
Кор доьллий, аса маршалла хотту.
Аманта. Со-м, диц а делла, Iарий, ПетIамат,
Суна сийсара цхьа гIан гина.
ПетIамат. Аманта, дийцахьа.
Аманта. Мусост гира-кх суна.
ПетIамат. Аманта, дийцахьа.
Аманта. Цхьана хазчу бай тIехь, IиндагIехь,
Вайн эвла йистехь хаза ловзар дара,
Вовшашка хьоьжуш, сакъералуш,
Шуьша цхьаьна хелхадуьйлуш дара.
ПетIамат. Самах хелхадийла ду хьуна.
Аманта. Дала мукъалахь. ХIара, ПетIамат!
ПетIамат. ХIун бах ахьа?
Аманта. Сагатдой ахьа Мусостана?
Гиний хьуна иза кесталгIа?
Маца вера ву-теша кхирстина?
Паччахьан иза хили мостагI.
ПетIамат. Дерриге а сан дагна дера даI —
Иза обарг хиларо дина.
Паччахьо сов буьрса ира баI —
Тхойшинна юккъе чIогIа боьллина.
Суна ганза дикка хан ю жима Мусост,
ВогIийла-м лаара жимма со хьаста.
Аманта. Цкъа лестар ву, хьо кхерча хаийна,
Шуьша вовшахкхетар ду дагара дийца,
Хьуьлла олхазар а доьду хьуна,
Мусост волчохь хазчу эшаршца дека.

Хьан цхьа йиш а дагаеа суна.
Вайшимма меллаш иза лакха?

ПетIамат (*хьалхара а олуш, локху*).

ХIей боьду сийна кхокха,
Хьо хьуьнах ца боьду-теша?
Хьо хьуьнах бодахь, цигахь Мусост
гахь,
Ахьа цуьнга кховдаделахь мерза маршалла,
Ахьа цуьнга кховдаделахь хаза маршалла,
ХIей боьду сийна кхокха,
Хьуна иза цигахь ца гур-теша?
Цу сийначу хьуьнахахь хьайна Мусост
гIийла гахь,
Ахьа цуьнан лере меллаш хазаделахь:
Малхо ца юьйцу шен къайле,
Батто ца юьйцу шен къайле,
(*Шозза*) Ахьа а ма йийца хьайн къайле,
Цавезачунна хуур ю вайн къайле.

Ший а, вовшашна ела, а къежаш, дIасакъаьста. ЧувогIу молла, цкъа ПетIаматана тIаьхьа хьоьжу.

Молла. Тахана хезна суна, Мусост
Кху ПетIаматана дуккхавеза, бохуш,
Амма, хила йиш яц цунна хетарг,
Хилаза йиш яц ПетIамат сан.

Чуволу Кала.

Молла. Хьо ву, хьо лелла
Цхьажимма мутаIелам,
Хьан да вара, Кала,
Дика молла.
ХIинца вац иза,
Хьо диканца вехийла,
Ткъа шо ду и воцу,
Тхойшиннан дара доттагIалла,
И гергарло ду хьоьца а,
Цундела ю хьоьца эвхьазалла,
Кала,
Цкъачунна сан цIе ма яккха,
ПетIаматана тIе тахана хьо кхача.
Цуьнан хье мекар ахьа хьовзабахь,
Моллица яха ахьа цунна марздахь,
ХIилланца иза хьоьга яккхалахь,
Со, марзвеш, цунна ахьа товахь, —

Дерриге а дуьне суна сайн хета,
Дала ялсамане хьоьга кховдор ю.
Аса дуьйцучух хьо дика кхета,
Хьоьга иза атта тIеерзалур ю.

Кала. Цунна кхолла хIилла сан ду хьуна, молла,
Хьовзо мекаралла — тIехь ю цуьнан дукхалла.

Молла. ТIаккха?

Кала. ТIаккха, аса кхуллург хилча хIилла,
Геч хирий-теша суна делера?

Молла. ХIилла, пуьташ, харц чIогIа кхолла,
Хир ду геч, бу цуьнан некъ жайнахь.
Вай хIун иза ен дохку къиза,
Я яхарх ца хоттаялийта?
Вай соьца иза яхо ца дохку?
Вонах, къоьллех иза ларъялийта.

Кала. Иза а бакъ ду, хьо сийлахь молла,
Амма цхьа къинош ду летийна,
ХIун дича гечдийр дара дала,
Хаавахьара со кхетийна.

Молла. Жайни тIе со хьожур ву,
Къинойн берг ойбур а ю.
Кху захалонна охьахь хьайн лерг,
ГIайгIа-балеха воккхур а ву,
Дуьненан дикане кхачор ву.
(ДIа-схьа хьожу.)
Цхьаъ тIе кхачале со дIаволу,
Ахьа гIуллакхан мало ма е.
Тховса буса со волчу вола,
Кхечуьнца долу цуьнан гIуллакх дай.
(ДIавоьду.)

Кала. Дика, ду, молла.
(ша-шега.) Iаламат дика ду.
Сан кхо гIуллакх нисло, ма-лехха ра.
Цхьаъ сан захалонна дуьхьало
ПетIамата ярна — дуьхьал бекхам,
Иза цу къанделлачу гужаман
Дегочу куьйга а йоьллина.
Важа — захалонаш дукха дийцина,
Бакъ воцчунна хазаниг ялийна.
Хьакъ йоцчунна хьалдерг лехна,
Захалонна юккъехь стаг вейтина.
Нехан чу хуьйшуш, там бер-берш дуьйцуш,

Къера дуйнаш дукха баарна,
Хийла сайн дегIах латийна къа
Моллас шен яьIани тIе лацар.
КхозлагIа — Мусостана бекхам,
ПетIаматана гергахь ша сийсазварна,
ТIара тухуш, сан бесни ягорна,
Аса иза ПетIаматах ваккхар.
Сан нуьйжа—сан бага ю,
Сан жIов, морзах—сан мотт бу.
Бекхам бан, атта ваха,
Нахана веза, кура лела.
Стогалла, герз ца оьшу,
Цунна оьшу хаза а, харц а мотт,
Цунна оьшу массо а агIор керча мотт.

Араволучу Дудин йовхарш хезий, юхахьожу, иза гой, кертаца тебаш, дIавоьду.

Дуда *(юха чу вистхуьлу)*. ЙоI, йоьл дахьаш диг.
И серий хьоккхех аса дIадуцур дара.
ПетIамат. ХIокху сохьта.
Дуда. Де дикка даьлла, къиг а
Шен гIуллакх дина йолу хан ю,

ПетIамат, кхуьнга кхаби чохь хий, диг а лой, чуйоьду. Кхуо хьокха дIатуху. ЧувогIу Лага.

Дуда. Ой Лага, Лага,
Хьо ва марша,
Вара, ца ван мега,
Аьлла со хеташ.
Лага. Маршалла хуьлда
Хьуна, Дуда.
Дуда. Схьавала чу, Лага,
Хьо хир ву мацвелла,
ХIума кхоллур цхьаьна,
Хьо го суна гIелвелла.
Лага. Баркалла, Дуда, баркалла,
ХIинца со ца вогIу.
Дуда. Муха хьо кхечи?
Вели хьо хан яькккхина?
Лага. Ваьлла со, Дуда, вели,
Вели со хан яькккхина.
Дуда. Хьан куьйгана хIун дина?
Чолакх ца хилла иза?

Л а г а. Набахтехь со воллуш
Балха тIе тхо хIиттийра,
Цхьа чхар ца айалуш
Со воллуш, тIехIоьттира
Цхьа жандарм,
БIаьргаш къарзийна,
Шед тухуш, бIагор
Суна баийтина,
Чхоро сан хIара диллина.
Ткъа, хIара аьрру сан куьг-м
Хьуна а хууш ду,
Тхан девашас шаьлта тоьхна,
Чолакх хилла хилар.
И тохар бахьана а хьуна хууш ду:
Динна со лийна, аьлла.
Моллас цуьнга тохийтар.
Паччахьна дуьхьал хилла,
Гимназера дIаваькккхина,
Дела вац, ас аьлла,
Со телхина лерина,
Шина баттахь сов
Вихкина со Iиллийна,
ТIаьххьара а со
Набахте воллийтина...
Лелаш вуй молла?
Iеш буй нах?
Iаьббий хIинца сох?
Д у д а. Паччахь цавезарна,
Хьо дукхавеза суна,
Динах цатешарна —
Безам сан хьох бов.
Хила хьо, Лага,
Цу далла хьасталуш,
Ма етта хьайн бага,
Ву хьо цунна цомгуш.
Л а г а. ХIумма а дац, Дуда,
Хилийта со цомгуш,
Дийцахьа, Дуда,
ХIун хьал ду шуьгахь?
Д у д а. Иштта дIагIерташ
Воллу-кх, Лага, амма, латта дац,
Ма-хетта болх бан — оьшу гIирс бац.

ХIун дийр ду, ца хаьа, Iазап
ЧIогIа далладо паччахьа вайгахь.

Л а г а. Ницкъ хир бу паччахьехь,
Халкъо иза ваккхалц.

Д у д а. Наха хIуъу а алахь а,
Наггахь-м бакълоь хьо.
Вига ас, ва Лага,
Чуьйрийн-эвла?
Цигахь тован хьо мега.

Л а г а. Ма ала, Дуда, ма ала,
Ахьа мукъана а ма ала, со
Хьераваьлла. Бакъво со,
Паччахьна со лийча,
Телхина со хета, —
Динна со лийча.
Бакъду хьуна, со, Дуда,
Ваьлла вац хьера,
Лийча со динна,
Лору ваьлла со хьера.
Кхин цкъа а аса кьоьга
Хьахор дац дин,
Гуттарен со хьера
Со воккхуш со воллу.
(Куьг а лой, дIа а волалой, ша-шега.)
Дарба лаха,
Дарба — цхьа стаг сох кхетар дара,
Дин бакъ цахилар —
Суна санна, нахана
Хаар — иза дарба дара...
Иза дарба дара.
(ДIавоьду.)

В о к к х а с т а г. Дуда, хьо вогIий тхоьца?

Д у д а. ВогIу дер-кх, схьавоьл хьо керта.
(Юха а воьрзий.)
ЙоI, йоьл яхьаш суна тIеюха хIума.

В о к к х а с т а г. Ирс долуш хуьлда, хьо-м дика
Керт еш воллу, Дуда.

Д у д а. Цхьа бахьана деш воллу-кх.

В о к к х а с т а г. Ян еза керт, верза веза Iаьнна чу.

Д у д а. Ша, со чу ца верзавахь, чудерзо хIума-м дац.
Шаьлта-доьхка а доьхку, чоа тIедуху;

ший а дIавоьду, тIехволу стражник, чувогIу Кала, чуьра арайолу ПетIамат.

К а л а. Де дика хуьлда хьан, хаза ПетIамат.
Ма хуьлда хьуна лан гIайгIа, ПетIамат.
П е т I а м а т. Хьо далла воьзийла, хьо жима Кала,
Хьо дукха вехийла, хьо хаза стаг ву.
К а л а. Хазалла-м соьца товр а яцара,
Дог цIена ву со, ПетIамат,
Нахаца ойла сан цIена ю,
Къахеташ ву со хьох, ПетIамат.
П е т I а м а т. ХIунда бах ахьа?
ХIун ца лайна сан дала?
К а л а. Кхоам хета хьан хазчу хазаллех,
Дог лозу хьан куьцах, хьан оьздангаллех.
П е т I а м а т. Цхьа тамашена хIума-м хилла?
Схьадийцахьа.
К а л а. Дуьйцур ду аса хьоьга,
Дийцинарг ахьа къайладаккхахь.
П е т I а м а т. Цу лаьттах санна, тешам бу-кх сох.
К а л а. Кхана жоьжахатара ма вала со,
Дийцахь харцдерг, хьо ю хIаллакьхила герга,
Хеза массанхьа а хьо юьйцуш —
ХIаллакьхир ю, бохуш, кхана.
Ца юьгу хьо цхьана а юьртахочо,
Хууш ду кху юьртахь хIоранна а
Юллург хилар кестта хьо лаьттах.
П е т I а м а т. Ой, ахьа хIун дуьйцу,
Со хIунда ле кхана?
Аса маца, хIун дина нахана?
Хьо къамел хууш ву, Кала,
Ахьа дуьйцург бакъ ца хета дагна.
К а л а. Цу Макка, Меданор, цу хьаьжин цIийнора,
Цу сийлахь делор, Мохьаммад-пайхамарор,
Бакъ ма ду хьо хIаллакьхилар кхана,
Бакъ ма ду ахьа ойла ян езар тахана.
П е т I а м а т. ХIун ду иза, Кала,
Дийций мукъан вала.
К а л а. Дехар ду сан цIе цаяккхар ахьа,
ХIара къайлах ду, соьца некъ лаха.
Хаьа хьан дас хьоьга цадийцар,
Сингаттам хьуна ца хилийта.

Къайлах-м цуьнан дог Iийжина,
Хьо декъаза хилла халахетта.
ПетIамат. Сан кийра цIе летта, хIун ду, ца хууш,
Сан дог деттало, дуьйцучух кхоьруш,
Кала. Кхера, кхера хьо, ПетIамат, кхера,
Богу хьуна кхана хьан кийра.
ПетIамат. Ма алахьа, Кала, ма алахьа,
Цу делан сох хIун къа летта?
Кала. Летта, цу делан къа летта хьох,
Ца хетта цу далла, шен ца хетта хьо.
Суна лаьа дуьненахь хьуна ирс,
Тахана хьоьга дийцаза йиш яц сан,
Со вац и ца дийццал пис.
ПетIамат. Дийцахьа, дийцахьа, цхьаъ тIекхачале.
Кала. Цхьа хаза гу хилла, боху,
Баьццара дарех лепаш,
Цу гу тIе хIоьттина, боху,
Цхьа хаза зезаг, заза далош, датIош,
И зезаг хилла, боху,
Чилланан тIамаршца кхиъна, боху;
Шен цIе ПетIамат йолуш,
ЦIен, Iаьржан гуш, лепаш,
Цхьа ира баI кхиъна, боху,
Цунна уллохь нислуш,
Цу боIо га хецна, боху,
Цунна IиндагI ша хIоттош,
Цуьнан иралло чов йина, боху,
ПетIаматан дегI огуш,
Маьлхан серло ца хилла, боху,
И зезаг дилхина боху,
И IиндагI новкъа хилла,
Цуьнан мутт мелла, боху,
Цу боIо, хьогах хилла,
ТIаьххьар доьжна, боху
И зезаг, дакъалуш,
Цу зезагах хилла, боху,
Хаза ПетIамат олуш.
ПетIамат. Хьай миска, миска яI-кх, хаза зезаг.
Кала. Хьо а ю иштта миска, ПетIамат,
Хьо а ю иштта кхераме, ПетIамат.
ПетIамат. Ю-техьа со а иштта миска?

Кала. Ю, ю, ПетIамат, ю иштта декъаза хьо.
Гой хьуна, цул тIаьхьа дала аьлла, боху,
ПетIамат цIе йолу муьлхха а йоI —
Хьаьжочуьнгахь, моллехь из марехь
яцахь —
Дукха ехар яц, аьлла, боху, тIе,
Иштта аьлла къорIанахь ду, боху.
ПетIамат, ПетIамат, хьох со кхоьру,
Хьан хазалла зен ярна кхоьру.
ДагайогIий хьуна сан вешин зуда?
Цуьнан цIе яра ПетIамат, мел ехира иза?
Иза ца ехира марехь шина шарахь бен.
Гой хьуна хьаьжин зуда ПетIамат,
Шовзткъа шарахь иза еха марехь.
ГIахь моллега маре, хьо а, ПетIамат,
Ехар ю ирс долуш дуьненахь.
Кха тIе асар дан ца деза хьан моллехь,
Поппарш, гота лело ца деза цуьнгахь.
Гуьржийн кузаш юккъехь Iойла хир ду
моллехь.
ДегIа духург атлас, дари хир ду цуьнгахь.
Дуьненан тIаьхьало яц иштта яхар?
Ялсамане ю моллегахь яхар.

ПетIамат *(йоьхна)*. Ца хаьа, ца хаьа суна-м.
Хилла-теша со
Иштта декъаза?

Кала. Хаа деза хьуна,
Ахьа кIорггера ойла ян еза.
(ДIа а хьожий.)
ТIекхаьчна вогIу хьан да Дуда,
Аса йоккхур ю моллин цIе кхана.

Чехкка дIавоьду.

ПетIамат *(Калина тIаьхьа)*. Кала *(шега.)* хир ю-теша.
Со хIаллак кхана?..

Чуйоьду, чуволу Дуда.

Дуда. ПетIамат, собардел *(Шаьлтий-доьхкий, чоий схьа а доккхий.)*
Чухьол хIорш.

ПетIамат тIейогIу, сцени тIехьа мохь болу йоккхачу стеган. Дудас шен шаьлта схьаоьцу. Чуэккха хьалха йоккха стаг, цунна тIаьхьа стражник.

Йоккха стаг. Дуда, сан пхьарс бой хьуна, Дуда.
(Охьаюжу.)
Стражник. Къанделла жIаьла... *(Тоьпан бух ойу тоха.)*
Дуда тIехьоду шаьлтанца.
Йоккха стаг. Вай-и-и-и! Ма тохалахь шаьлта ...
Стражник вужу, важа стражник воду
Чуволу кхо ахархо къинхьегамхо.
1-ра ахархо. ХIун ду хIара, Дуда?
2-гIа ахархо. Хьан тоьхна кху йоккхачу стагана?
(Охьахаайо.)
Йоккха стаг. Цу стражнико тоьхна.
3-гIа ахархо. Хьан вийна хIара?
Дуда. Аса вийна.
1-ра ахархо. Же-же, Дуда, хьо кIелхьаравала!
2-гIа ахархо. Хьайн десар, Дуда,
Хьо вадий вала!
Дуда. Стенга гIур вара ведда?
3-гIа ахархо. Хьо ваха веза лачкъа.
1-ра ахархо. Сов чехка веза
Лома вала, хьаннашца лечкъа,
Хьо лела веза...
Орца кхуза кхачале,
КIелхьаравала веза.
Лоллург хилар сибарех —
Хьуна хаа деза.
Дуда. Хирий-теша нийса
Сан ламанца лелар,
Цул тIаьхьа баьрий-теша
Шуна сох бохам?
1-ра ахархо. Хила язделларг
Хилаза йиш яц,
Чехкка гIатта, Дуда,
Хьо ца вада йиш яц.
ПетIамат. Дуда, Дуда, орца догIу,
Сан дуьхьа хьо вадий вала.
Дуда. Делахь водур со... *(ДIахьодий.)*
1-ра ахархо. Вада.
Дуда *(юха а воьрзий)*. ХIан-хIа, со вада ца веза;
Хууш ду, со ведча,
Лоцург хилар хIара йоккха стаг,
Хууш ду, со ведча,
Iедало Iовдург хилар шун лаг.

1-ра ахархо. Дуда, ахьа хIун дуьйцу?
ПетIамат. Дада ма лацийта!..
2-гIа ахархо. Дуда!
3-гIа ахархо. Дуда!
ПетIамат *(аглор а хьожий)*. Вай, хастам
хила, суна хIун го?

ТIедогIу орца.. .МаI-маьIIехула кхунна тIе стражникаш болало, шаьлта а йоккхий, Дуда чухьоду. ТIехьахула кхечара схьалоцу, герз дIадоккху, Хьабиб тIевогIу.

ПетIамат. Вай, орца дала... *(ДIахьоду.)*
Дуда. Цу ИлахIи-делор.
Со кхерор-х ма вацара аша.
Хьабиб. ХIун ду хIара? *(Велла Iуьллучуьнга а хьожий.)*
Мила ву бехке
ХIара сан стражник вожорна.
Дуда. Бехке хьо ву, паччахьна тхо духкуш лела,
И стражник верна—со ву, сан цIе ю Дуда.
Хьабиб. Бехке кхин-м хила йиш а яцара, Дуда.
(Ахархошка.) Юхадовла шу...

Цигаьрка узу. Дудина стражникаша буржал туху.

ПетIамат. Хьабиб, Хьабиб, ма лацахьа сан Дада,
Бусалба-х варий хьо,
Вайн нохчо-х варий хьо. *(Хьалха гор а хIуттуш.)*
Аса доьху *хьоьга (йовлакх а доккхий.)*
Витахьа сан Дада,
Аса хIун дийра ду,
Лаьцна вигча сан Дуда.
Дуда. ДIаяла, дIаяла цунна хьалхара.

ПетIамат хьалагIотту.

Стенна хIуьтту гор кху адам доцчу адамашна?
Дац кхеран юьхьан чкъор, эхь кхеран дайна.
Адамах кхеран дог лазале —
Берзан гIийлачу жах дог лозур ду.
Вайца кхеран эхь хилале —
Текхарган адамца эхь хира ду.
Хьо йоха ма йоха, сан ПетIамат,
Ца йоьлхуш сатоха, хIуъу а лан Iама.

ЧувогIу молла а, хьаьжо а, ший а ладоьгIуш лаьтта.

Петlамат. Дада, дада... *(Йоьлху.)*

Йоккхачу стага, кlегар а хуьлий, лазаярна, корта оллабо.

Хьабиб. Хьо веца, Дуда, паччахьна дуьхьал ваьлла.
Хьо веца, Дуда, обарг Мусостаца тайна.
Ахьа вийнийца сан стражник,
Хьайн куьйга воруш.
Хьо веца каторжник, когах буржал ловзош.

Дуда. Бай кхобуш lа и йоккха стаг
Бехк боцуш хьан стражник ен воьлча,
Аса воруш виллина хьуна хьан стражник,
Со кхоьруш вац хьуна хиларх сайх каторжник.

Хьабиб. Хьуна хlун хаьара, цуьнан бехк бу-бац?

Дуда. Хьуна хlунда ца хаьа? Цул гlийла хlума-х дац,
Хьажал цу якъаеллачу даьlахкашка,
Хьажал цу хеназа кхачаделлачу бlаьргашка,
Хьажал цу пекъаре, декъазчу мискане...
Муха, хlун далур дара цуьнга шуна?
Хlара болат-буржалш-м дайша а ловзийна,
Паргlато езаш-м уьш а дукха хьийзийна,
Хlара дац гуш суна тахана дуьхьара,
Гой со воьхна хьуна, сан де ду тlаьххьара.

Хьабиб. Хьо билггал бакъ лоь, хьо обарг Дуда,
Ца lебаш хьо вен, хьо ямарт Дуда,
Валлалц хьуна хан юшийлачу каторжнехь,
Хьо цигахь вуьллур ву марчо доцуш лаьтта.

Петlамат. Дада, дада... Хьабиб, со байлахь юьсу-кх.
Аса хlун дан деза, дада, со цхьа юьсу-кх.

Хьабиб. Хьо байлахь йисар lедало лоруш дац,
Хьо цхьа йисар lедална зен дац.

Дуда. Иза-м хууш ду, Хьабиб, хууш ду.
Хlинца сан цу моллица цхьа гlуллакх дара-кх.

Хьабиб. Схьавоьл, молла.

Молла. Дуда, хьо велха далла.

Дуда. Вилхина, тийжина—хlумма а ца хилла.

Молла. Хьо чехка ву, хьо Дуда,
Сов дера ву lедалца хьо, Дуда,
Цу делан пурбанца хlара паччахь вара,
Цуьнан комаьршаллица вай дехаш дара.
Цу деле деха ахьа чехкка деза,
Цу далла хьаставала тlелаца деза.

Чуваьлла Лага цхьана маьIе хIутту.

Дуда. Цунна со муьтIахь ву, хьо сийлахь молла,
Паччахьана дуьхьал ву, и соьгахь дита,
Цхьа гIуллакх хилла, ас хьоьга кхайкхина,
Хьуна тIедилла гIуллакх сан иккхина.
Жима йоI ю сан пхийтта шо долуш,

ПетIамата ладугIу.

Ши ваша велла, со цхьа висина,
Сан йоьIан ненан ваша
Сибрех вахийтина,
Сан тайпана хьо вара,
Хьол тешаме сан вац,
И кхаба вац сан, хьо воцург, дола деш,
Хьуна тIе аса дуьллу ПетIамат кхабар,
Цунна тIе аса дуьллу сан метта хьо хетар.

Молла. Цу делан пурбанца Iалашйийр ю,
Эвлаяийн гIоьнца дола аса дийр ду...

Дуда дIавоьду.

ПетIамат, йоьлхуш, тIаьхьа хьожу. ТIаьххьар а, моллий, ПетIаматтий, йоккха стаггий, хьаьжой воцург, вуьйш дIабоьлху.

Молла. Хьо йоха ма йоха, жима ПетIамат,
ВогIур ву Дуда кестта цIа.
ЛадугIуш хила,
Сатухуш хила.
Хетар ю суна сайн доьзалхо санна,
Сий дийр ду аса, маликан санна.

ПетIамат. Молла! *(Йоьлху.)* Молла!..
(*Моллина когашка южу.*)

3-гIа сурт

Моллин цIахь, суьйре. Дика кечдина цIа, чохь кузаш, нар, пенах дитти-на истангаш. Пенах куьзга, хьовсархошна тIе а дерзийна. КIудал, стол, гIанташ, юккъе кхозуш лампа. ТIедерзийна кор, цу кIел, нар тIехь, гIай-беш. Аьрру а, аьтту а агIор чуйогIуш ши неI, коре хиъна Iеш ПетIамат. Иза сов тоелла ю.

ПетIамат. Цхьа зезаг хилла, боху,
Сов хаза лепаш,
Цу зезаган хи мелла
Цхьана боIо, хьогах хилла,

И зезаг доьжна, боху,
Чов хилла, дакъалуш,
Цу зезагах хилла, боху,
Хаза ПетIамат олуш.

ЧувогIу молла, карахь хIайкал ду.

Молла. Со вахнера, ПетIамат,
И пхьар волчу,
Схьада хIара дато хIайкал.
Лела де ахьа хIара сийлахь хIайкал,
Ду хIара яздеш хьуна кечдайтина,
ГIайгIане ца лацийта хьо, ПетIамат,
Бале ца йожийта хьо, ПетIамат,
Вонна хьо кхин ца елхийта.

ПетIамат. ХIара ма хаза ду!

Молла. Доьшур аса хьуна
Айса кху тIехь доьхург.
(ТIе ца хьожуш, доьшу.)
«Якъадиран Iала кулли шайъин...
Массо а хIуман ницкъ кхочу...
Аллази лаилахIа илла хIума!
Хьо цаI бен воцу иллаллахI!
Нажжи аматакал-мискината
ПетIаматан мин куллил-аскъам,
Валбалая, вал-ав, хIам, нажжихIа,
Минкулли ма таIатажухIа иллал-бука.
Хьайн цхьа гIийла лай жима ПетIамат,
Ахьа ларъе хIара массо а
Цамгарх, ахьа ларъе гIайгIа-
Баланех, ма елхийта хIара сингаттамна.
Асалука аллохIумма, ан тужиба
ДаIватий, ва ан такъийхIа
Минкуллил-хIумуми кал меликати.
Со хьоьга кхойкху, ахьа хьайн доIа
Кхочушдийриг хиларх со ву шеко
Йоцуш, ма йисийтахьа хIара дала
Орца доцуш, ларъе ахьа хIара,
Малик санна».
Иштта дехарш кху тIехь дукха ду,
И деза доIанаш кху тIехь дукха ду.

ПетIамат. Цкъа а йоьлхур яц со?

Молла. Яц, цхьа а сингаттам хир бац.

ХIай сийлахь ПетIамат, хьо бен накъост вац,
Бакъ ма ду, хьоь кхочуш сан хIума дац.
Бехке дац, оллархх аса хIара хIайкал,
(Шá ПетIаматна коча уллу.)

ПетIамат. Ма дика ду хIара суна дайтина,
Сайх кхоьруш яра, декъаза хиларна.

Молла. ХIинца дуьйна хилалахь ма-луъу паргIат.
Хира бац сингаттам дуьненахь цкъа а.
ХIинца ахьа да суна и шийла хи,
ДоIур ду аса жимма са.
(Безам хиларца тIаьхьа хьожу, коре хуу.)

ПетIамат. ХIокху сохьта. *(Арайолу.)*

Молла. Цу хIайкал тIе аса,
ПетIамат вонах ларъяр доьхуш, доIанаш
Сов дукха яздина.
Цул сов, аса
Яздина, ПетIаматана со
Везийта, и деза доIанаш.
(ПетIамата хи делча, молу.)

ПетIамат *(Ша-шега)*. Ма ойланашка вахана
Ву хIара тховса... *(Арайолу.)*

Молла. БархI бутт кхаьчна сан зуда елла,
Ялх зуда ялийна, доьзалхо ца хилла.
ХIинца ПетIамата со хьеста веза,
Цуьнан хазалло со леца веза,
Шен хеннахь ца яькккхина хилла шаптал,
НIаьнаша юий, южу хоттала.
Дуда вахийтина шо дузчу кхаьчна,
Цо дехна гIуллакх цуьнга кхаьчна,
НеIарал арахь дерг дагна вон дац,
Ву и лоруш верг а, иза сонталла яц?
ХIинца ПетIамате сайн гIуллакх алале,
Аса веза Кала лацийта вилла.
ПетIамат тIетахь, ца тахь а, иза новкъа ву.
Муха, хIун дийр дара иза Хьабибе лацийта?
(Ойла йо.)
ХIай, хIай, дагадеа, Хьабиб ву кхуза ван везаш,
Иза схьакхоччушехь, Кале кхайкха веза,
Тешнабехк кхоьллина, каравала веза.
ТIаккха къайлах хIара хир ду,
Новкъа верг лалла веза. *(Аравалу.)*

ПетIамат чуйогIу, лампа латайо, кор тIетотту, куьзгана хьалха воьду, шега лоре хьожу.

ПетIамат. ХIун ду-теша суна тIехь
Моллина ца товш?
Ма чIогIа хьожу и суна тIаьхьа,
БIаьрг лаьррина бугIуш!
Хьалхара кIозарш го-теша,
Коч йоца сан ю-теша?
Лаг гуш сан ду-теша,
Басар хьокху моьтту-теша?
Ма тамашийна хIара ду,
Схьагуш ледарло а яц.
Ма хоттуьйтур аса ду,
Цунна цатоврг дийр а дац.

Чуволу молла.

Молла. Кху чохь гIуллакх сан ду,
Хьо вайн лулахошка гIо.
Тховса доIа дан дезаш ду,
Суна мукъ, ло.

ПетIамат. Дика ду, ло аса
Мукъ, делахь, со
Лулахошка гIо?

Молла. ГIо. *(И дIаяхча.)*
Воьду стаг талла,
Iинах ваха кхерам а,
Экхано ваар кхерам а
Шена хьалха хIуттуш.
Со а ву тахана
Иштта араволуш,
Амма дукха лехна
ГIуллакх ду хуьлуш.

Чуволу Хьабиб.

Хьабиб. Суьйре дика хуьлда хьан.
Молла. Дала сий долда хьан... *(Куьйгаш лоцу.)*
Хьабиб. Хаьий ПетIаматана со кхуза вар?
ГIуллакх хIун ду, молла?
Молла. ПетIаматана
Диканиг цу дала долда.
Хьабиб. Ахьа динчу гIуллакхна
ХIара тIоьрмиг бу хьуна,

Кху чохь ду, молла, бIе деши.
ХIинца МусостагIар
Ахьа кестта лецийтахь,
Хьуна магадо оха
Кхин ши бIе деши.

Молла. Обарг Бийболат лацийтарна,
ХIара бIе деши суна делла,
МуссстгIарна тIера
Ши бIе деши диллина.
ХIара гIуллакх ишта хилча,
Со ву кийча хьалхавала,
Ваха Органал дехьа,
Ва Терка йисте,
Лацийта шуьга массо а обарг. *(Воьлу.)*

Хьабиб. Цига а вай кхочур ду.

Молла. Ой, сан-м хьоьца кхин гIуллакх а дай.

Хьабиб. ХIун гIуллакх?

Молла. Со вара хьоьжуш Iеш
Сарахь ара кху корах,
Гира суна, деш
Цхьа хIума, кхеравелира делах.

Хьабиб. ХIун ду иза, молла?

Молла. Тхуна хьалхарчу нехан цIийнах
ЧIегIардиго бина бен бара,
Цуьнан пагIатчу цу бенна
Тебаш цициг суна гира.
Шен кIорнеш ша кхобуш,
Деха и чIегIардиг санна,
Вай сов дика кхобуш,
Веха паччахь вайна.
Дагавеара суна,
Гича сайна и сурт,
Паччахьна вонна
Кхин новкъа гIертарг.

Хьабиб. ХIун ду иза?
Иза милу ву?

Молла. Кху эвлара ву.
Иза хIинца вогIу хьуна.
Ахьа ладогIалахь,
Дехьа чу валий, леррина.

Хьабиб дехьа чу лечкъа. Кала чувогIу.

Кала. Дика мел дерш кху чу,
Буьйса дика хуьлда хьан.
Молла. Диканца дукха бехачех
Кала, хьо хуьлда, гІуллакх ду сан.

(ТІевоьдий, Хьабибна а ца хозуьйтуш, Калега.)

Оцу дехьа чохь обарг
Мусост ву.
Кала *(вухий)*. ХІахІ?
Молла. Цц-цц... собар...
Хьан дар-кха даьлла дов
Мацах цуьнца, обарг валале.
Кала. Дара, тІаккха?
Молла. ХІинца карладаьккхіна цо и дов,
Іийра вац ша, боху, хьо вийний бен.
Кала. Ахьа баккъал бах?
Молла. Бах, хьо сайна везарна,
ХІара гІуллакх дІадерзо
Кхайкхина хьоьга, цунна моттаргІана
Иза товш доцург хазо,
ТІе, хьайггара кхин тодеш,
Ас аьл-аьлларг бакъ деш,
Соьца къаьмеле вала веза,
Сан хаттарна жоп дала деза. *(Нара тІе хоу.)*
Кала. Баркалла хьуна, молла,
Хаара сун иштта хьо вуйла.
Молла. ХІара, Кала, бакъдерг аьллахь,
Мусост везий хьуна, дийцахь?
Кала. Дера, веза, ваа санна-м.
Молла. Цо аьлла хьаькам
Варий ахьа вуьйр?
Кала. Вуьйр вара,
Сахьт далале-м.
Молла. Пурстоьпан помощник Хьабиб
Варий ахьа вуьйр?
Кала. Ца хаьа суна вер-м,
Ша барзо ка сатина,
Ийзош ворур вар-кх,
ТІе, Іебар а вацар-кх.
Молла.. Вайн паччахь везий хьуна?
Кала. Цуьнан цІе яьккхича а,

БIагор хьаьвза-кх суна.
Молла. Мусост паччахьна дуьхьал
Сов чIогIа хилар хаьа-кх хьуна?
Кала. Сов дика-м хаьа.
Молла. Мусоста сайга дийцича а,
Хьо и везаш, цо аьлларг дийра долуш
Хиларх со ца тешарна,
Хьо иштта хилча хазахетарна
Кхайкхийтир-кх аса хьоьга.
Делахь дIавало, Кала,
Дукха вехийла хьо дуьненахь,
Юха а вола кхана,
Ду вайшиннан къамел къайлах.
Кала. Дика ду, вогIур ву со.
Iодика йолда, делахь дIавоьду со-м.
Молла. Меллаша дIавало,
Са а ма гатде.

Кала араволу. Хьабиба, чу а вогIий, гIутакх нар тIе дуьллу.

Молла. Иштта ву-кх вайн Кала.
Хьабиб. И ве хIаллак дала.
Молла. ХIинца хIун олу ахьа?
Хьабиб. Ду сан ала,
Цуьнан дегI дахьо,
Левар, хаттар, суд йоцуш.
Кала тховссехь дIавигийтар,
Цигара иза каторжне лаллар.
Молла. Шайна дика хуур ду-кх шуна,
ЦIенца болу дахка
Цхьа де а хьалха шелбича—
Бахам беркатца техка.
Хьабиб. И куьйган сан цIий мала
Кийча долу Калин дегI,
И лаца доцу хала
ДегI, шена кхана делха.
Молла. Дала аьтто бойла
Сий долу паччахь —
Вайна диканца ларва.
Хьабиб. ХIара, Мусост тховса
Билггал вогIий-теша?
Молла. ХIинцале ялх-ворхIаз
Со волчу иза веъна,

Тховса цо кхуза
Шийтта даьлча ван тIелаьцна,
Цо со кестта вуьгу
Обаргашца къамел дан.
ТIаьххьара а ас уьш лур бу
Шун кера, луург дан.
Тховса ца еза цуннна
Аша ян кIело,
Тховса йийр ю суна
Цо дийнан билгало.

Хьабиб. Делахь бакъахь ду, дика ду.
ХIинца со дIагIо?

Молла. ДIавало хIета.
Со а вогIу хьо новкъа ваккха,
Жимма волавала.

Ший а араволу. ПетIамат чуйогIу.

ПетIамат. Вай, хастам хила, суна
Хезнарг хIун дара!
ХIунда дуьйгIира-теша
Аса корехь ла?
Я, бакъ доьгIна.
И хIун дара, Кала
Хьехош, деши хьехош, Мусост
Везий лаца, бохуш?
Я суна тарделира-теша?
Билггал тарделла...
Моллас мичара лелор дара
Иштта гIуллакхаш?
ХIай дела, и дагадарна
Ахьа суна бехк ма билла.

ЧувогIу Мусост.

Мусост. Хьо хIуо ю? Хьо цхьа муха йисина?
ПетIамат. Мусост, хьо вац хIара?
Мусост. Ву, ПетIамат...
ПетIамат. ХIунда веана тховса?
Мусост. ЦIе ма яхалахь, меллаш...
Со веъна, гIуллакх ду, аьлла моллас.
(Верта охьакхуссу.)
Вуй кху тхов кIел кхин цхьа а?
ПетIамат. Вац, со бен.
Молла-м ву хIинцца чувогIур волуш.

Мусост. ХIара иштта нисдалар сан ирс ду.
Вайшиммо дийцинарг хаза кхин,
Вайшиъ доцург, цахиларна, аса
Хьоьга эр ду кийрахь Iеткъарг:
ХIорда бухахь хьо соьга ю аьлча,
Хьуна тIекхаьчча, со лийриг хилча,
Хьо ган со вогIур вара цу буха,
Берахь суна езаш, евзина,
ХIетахь дуьйна аса сатийсина,
Сан жима, сан хаза ПетIамат,--
ХIун де-теша со обарг хиларна?
ХIун де-теша хьо дукхаезарна?
Буьйсанах булу бутт санна, хьо
Сан безам сох сов чIогIа боьлла,
Дагца юьйшу хаза эшарш санна,
Хьан куц, хьан цIе, хьан сурт дагах доьлла,
Со витина, хьо яхарна кхера со велла.

ПетIамат. Яраббий, Мусост, хьо веза суна,
Хьох яла ойла дагахь кхаьбна яц со
ЦIа вале Дуда, ца ваьр-техь хьо паргIат?
ЦIа веъча иза,
Ца Iер-теша вай паргIат?

Мусост. Сан даг тIехь Iуьллу цхьа беза чхар,
Цо, Iуьйдуш, дуткъдо и дилхан чкъор,
Сох яла яцахь хьайн хьийзаш ойла,
Яраббий, дехар до хьоьга, ПетIамат,
Куьг лацийтар доьху, хьо хаза сан малх.

ПетIамат. Мусост, и ма алахьа соьга.

Мусост. ПетIамат... *(ТIеволало.)*...

ПетIамат. Мусост, и ма алахьа соьга.

Мусост. ПетIамат!..
Хьайна со везахь, хьайн хуьлийла лаахь,
ПетIамат, хира ма яц хьо суна дуьхьал.

ПетIамат. Муха мегар ду: цхьаъ тIекхочур ву!
(Куьг лоцу.)

Оцу заманчохь куьзгана хьалха Iуьллу Хьабибан гIутакх, ПетIамат хьакхалой, охьадужу. ПетIаматана иза го.

Мусост. И хIун ю?

ПетIамат. Вай, Iий со йицъелла.

Мусост. ХIун ду хилларг?

ПетIамат. Мусост, моллас...

Мусост. ХIун дина моллас, схьадийца.
ПетIамат. Хьабиб, моллий...
Мусост. ХIун ду кхилларг?
Дийций яла!
ПетIамат. Мусост, хьо хьехош...
Мусост. Дийца.
ПетIамат. Хьо а хьехош, обаргаш а
Хьехош, Хьабибца къамел
Деш вара молла.
Ца хаьа, хIун къамел,
ЦIераш яхар бен...
Мусост. Хьабиб кхуза вар
Бакъ дуй, ПетIамат?
ПетIамат. Ду, Мусост, со кхераелла,
Хьо вадий вала!
Мусост. Цуьнан Хьабибца елахь уьйр —
Иза ву духкуш лелаш тхо.
Хилла-кх хIета кхуьнан а тхоьца чIир.
Вуьйр ву, хадош деган пха.
Со ца волу хьуна кху чуьра ара,
Цуьнан са даькхиний бен! *(Охьахоу.)*
ПетIамат. Хьо чехка вала кIелхьара,
Сан бен ахьа ма бохабе.
Мусост. Водуш вац Мусост
Шен деган мостагIчух,
Хьо соьга кхин ма ле.
ПетIамат. Молла чувогIур ву кеста,
Доьху вадар бошмашкахула.
Мусост. Водур вац. *(Охьахоу.)*
ПетIамат. Мусост, и мегар дац.
Доьху, ма яккха со дакъаза!
Мусост. ПетIамат, ца вийча йиш яц,
Хьо яда еза, соьца кхерста.
ПетIамат. Мусост, муха лелар ю хьоьца?
Собар дехьа Дуда цIа валлац,
Ца хилахь хIинца реза соьца,
Йоккху ахьа дакъаза со даиманна.
Мусост, цу делах волда хьо,
Со ПетIих волда хьо,
Ца лахь ахьа суна дехар.
(Кортали а доккхий, доьху.)
Мусост. Iийтта, маржа ПетIа,

Хьо жима ПетIа...
Ло аса дехар тховса,
ВогIур ву юха кестта,
Ойла ян еза — соьца кхерста.
Вуьйр ву хIара молла кестта...
Яло, хьажа кетIа.

ПетIамат. Со хIинцца хьожу хьуна. *(Йоьду.)*

Мусост. Муха хир ву молла
Тешнабехк боллуш,
Дуй-техьа хIара бакъ, дела?
Вацар со кхунах шек волуш.

ЧуйогIу ПетIамат.

ПетIамат. Цхьа а вац.

Мусост. Хьо марша Iойла,
ВогIур ву со кхо де даьлча.
(Воьду.)

ПетIамат. Дика ду, хьан некъ дика хуьлда.
Иштта гIуллакх моллас дийр дара?
ГIан дуй-теша хIара... я самах ду?..
Суна хIун хуьлуш доллу-теша?
Сан корта хьаьвзина.
Со Мусостца хIунда ца едира-теша?
Со сонта хилла.
Со цуьнан зуда хили,
ХIинца со, и зезаг санна,
ХIаллакьхир ю?
И зезаг санна, со, якъаелла,
Южур ю?

Арахь топ йолу. Чуволу молла

Молла. Ахьа хIун до?

ПетIамат *(йоьхна)*. ХIан? — ...ХIан-хIа... ХIан...

Молла. Хьо ма йоьхна?

ПетIамат. Сой?..

Молла. Хьуна хIун хилла?

ПетIамат. Со-м, и герз...

Молла. И герз харцахьа кхетта.

ПетIамат. ХIун ду иза? Хьанна кхийти?

Молла. Сан безамах кхийти-кх.

ПетIамат. Мила ву иза? Вели иза? Вели иза?

Молла. Дика са дар-кх, дика са...

ПетIамат. Мила ву иза? Мила ву?

Молла. Кала ву.
Чов еш, леци иза; воьххуш, вилли иза.
ПетIамат. Калий?
Молла. Кала дIавели вайх.
Делан кхиэл, ПетIамат, хилаза ца йолу.
ПетIамат. Со ма кхераелла!
Молла. Стенна кхоьру? XIума хир дац.
XIара, Мусост хIинца а
Веана вац?
ПетIамат. Ца веана.
Молла *(сахьте хьожу)*. Цо йиллина хан
TIехъяьлла,
Тховса иза ца веана ваьлла.
ПетIамат. Ца хаьа суна-м.
Молла. Хьо охьайижа мегар ду.
Хьан Iодика йолда.

Дехьа чу воьду.

ПетIамат. Муха яц суна и мерза наб.
XIунда ца едира со Мусостца дIа?
Iийра яц со тховса, ядаза!
Кхуо лелорг ду цхьа тамашийна хIума,
Со еза кхунах чехка кIелхьараяла.
Со йижинчул тIаьхьа и Iаш вац чу хьажаза,
Лампа а яйина, со еза агIоръяла,
Суна наб кхетта, цунна моьттинчул тIаьхьа.
Со еза тховса кху юьртах яла,
(Лампа чу а узий, тIера хIума а ца йоккхуш, охьаюьжу.)
XIунда бIарздела сан са тховса,
XIара сийлахь хIайкал соьгахь доллушехь?
Я айса тIеуьйзу-теша аса йоцу гIайгIа?
Со хIунда йоду дIа, суна кхуо хIун дийр дара?
Мусостана тIе яхана, со цуьнгахь йисахь,
Якъаелла, со южу, и зезаг санна.
XIун де-теша аса, хIай дела?
Ахьа гIо де, хIай сийлахь хIайкал!

Жимма Iийна чуволу меллаша молла. Иза юкъ яьстина ву. TIехIутту, юхаволу. TIехIутту, юххе хоу. Коьрта тIе куьг дуьллу. Куьг лоцу. Куьйгана барт ло. Юххе вижа вулу. ПетIамата молла, мохь а хьокхий, дIакхуссу.

Молла. Со вай хIара-м, ПетIамат.
ПетIамат. Ахьа хIун до?

Молла. ПетIамат, суна хьо дукхаеза... тоха са дац.
ПетIамат *(и дIа а кхуссуш)*. ДIавала, дIавала кху чуьра!

Молла. ПетIамат, сих ма лохьа,
ПетIамат, хилахьа сан,
Вайша ду гIур
ГIалгIайчу даха.
Соцур бац вайшин тIехь
БIаьрг нохчийн нехан.
Хира ду вайшин сий,
Даиман хир ду
Вайша дехаш,
Даиман долуш ирс...

ПетIамат. Оьзда доцург хьоьра
Муха даьр?

Молла *(пхьарс лоций)*. Кхин гIовгIа ахьа яхь —
Хьан са схьадаьр,
Хьо бертахь сан ца хуьлийца?
(ДIакхуссий, гор йохуьйту)

ПетIамат. Ца хуьлу, молла,
ДIавала гучуьра,
Бертахь а, бертаза а,
Хьуна моьттург соьца дац!

Молла. Ца хилахь хьо сан тховса,
Хьан са хьуна чохь хир дац!
(Шаьлта озайо.)

ПетIамат. Вай-й... нана бусалбанаш!

Молла дIа а тоттий, ПетIамат араэккха, неI тIе а узий, зайл тосу. ХьалагIоттий, молла тIаьхьа хьоду, неI озайо. Ца еллало:

Молла. Зайл теси, зайл,
Карара ели, карара.
ХIинца хIара, даьржаш,
Нахала далахь,
Сан коьртах цIе йолу.
Дуьне диина со волу,
Сий довш,
Ойла ян аса еза кIелхьаравала.
Масала, аса харцо сайна аьттонна,
(Ойла йо.)
Шад беш, кху юьртахь къовлахь,
И шайтIанан къайленан шад

Юха баста хуур дац цхьанна а.
Ала деза хIуъу а — кIелхьарвала!
Кхолла деза хIуъу а — сайна корта ларба!
Со чехка ваха веза цунна тIаьхьа.
(ДIа-схьа а хьожий.)
Корах эккха веза цунах бан лаьхьа.
(Корах эккхий, воьду.)

4-гIа сурт.

Хьуьжар. Буьйса. ГIеххьа цIа чохь кхозуш йогуш лампа, цIенкьа тийсина истангаш, миндарш, чохь берталлий, агIоррий Iоххуш мутаIеламаш — уьш кхоъ ву: Iела, Баудди, Мохьмад. Уьш накхош кIел миндарш, гIайбеш дехкина, жайнеш а даржийна, царна тIе хьуьйсуш бу. Пенах хьала кхозу кхеран чоьэш, гIовталш, шаьлтанаш, доьххарш, пенаца хьала доьттина дуккха а жайнеш.

Мохьмад *(Бауддега)*. Важап ду, къонах,
И шайтIа дер.
Ма къийса, къонах,
Харц ду хьан лер.
Баудди. И, ма къарлур вац хьо,
Суннат дай и-м, сан ваша,
Нахаца лела зуда ер,
Хууш ду, сан ваша,
Важап доцуш и хилар.
Iела. И ер-м важап ду,
Шу нийса накъостий,
ЙоI езар хIун,
Хьовсийша, жайна харций.
Дукхаезарг ялор
Важап дац-теша?
Везачуьнга яхийтар
Муха ду-теша?
Мохьмад. Дукхаезарг ялор
Важап дац хьуна,
Везачуьнга яхийтар
Суннат ду хьуна.
Iела. Мерзачу сих валар
Мел хала дуьйцу,
Иштта хала хилар
Безам аса дуьйцу.
Далур дацара-теша
И яийтар важап?
Баудди. Воллу хьо хира вара

ПетIамат яло!
И-м ца хуьлу дара,
Яц иза кхало.

Арахь мохь болу ПетIаматан. МутаIеламаш цецбовлу. ПетIамат чуэккха.

ПетIамат (*йоьхна*).
Элчан дуьша, яккха со
Цу берзан багара,
ГIовттийша хьовза,
Сан вежарий хилий!
Тешнабехк бовза,
Нанас дина хилий!
(*Йоьлхуш, охьаюжу.*)

IелаI. ХIун хилла хьуна,
ХIай сийлахь ПетIамат?

БаудIи. Хаза бос байна,
Стен ягийна хьийза хьо?

МохьмадI. Хьан ницкъ бина хьуна,
Дийцахьа, ПетIамат?

ПетIамат. Бехк боцуш ницкъ хилла
Сан жимчу дагна.

IелаI. Дийцахьа, хIун хилла,
Халонна хьан аьгна?

ПетIамат. Моллас... молла... (*Йоьлхуш, южу.*)

Чуэккха молла.

МоллаI. Моллас? Молла?

МутаIеламаш юхабовлу. ПетIамат IуьллучохьI молле хьожу, кхерало, чехка хьалагIотту, дIаяда юлу.

ПетIамат. Сацавейша,
Сацавейша иза!

МоллаI. Иммансиз, хIун дуьйцу ахьа, моьлIун?
Йилбаз, гIам,
ХIун дуьйцу ахьа, пирIун?!
ДIалаца иза,
ХIунда лаьтта шу?
ХIара тилла стаг ю,
ДIаехка иза!

МутаIеламаша дIалоцу.

IелаI. ХIун ду хIара, молла?
Дийцахьа тхоьга.

Мохьмад. Цхьа тамаше болх-м
Бу хIара, алахьа тхоьга,
Баудди. Дийцахьа, молла.
ПетIамат. Ма алахьа, тилла... *(Южу.)*
Молла. Цу зуламечу Дудин
Кху боьхачу жIаьло
ЮьхьIаьржахIиттий дай а!
ХIай, шайтIа, къарло!
ПетIамат. Ма хьийзаейша со!
Молла. ХIара маьлхан дуьне
Кхуо суна Iаржди,
ХIара хаза дуьне
Кхуо суна къахьди,
Шу, Iела, гIо
Тхьамданаш гулба,
Сов чехка гIо!
Вайн тайпанан баккхий нах,
Юьрте бехк ца биллийта, гулба беза,
Муха кхиэл ян еза, хатта деза.

Iела воьду.

ПетIамат *(Iуьллучохь хьала а айалой).*
Ма кхолла ахьа харц,
ХIай къена молла,
Ахьа дуьйцург бакъ дац,
Хьо хьераваьлла,
Ма лебе хьайн мотт,
Ма лебе шалха,
ХIара Iаьржа вайн латта
Герга ду лелха.
Молла. Лелхар ду Iаьржа латта,
Хьо дийна йисахь,
Южур ю стигал, яьттIа,
Хьо лаьтта ца йиллахь,
Цу дала хьох ларвойла,
Дукха хууш хьо ю,
Цу дала Iалашвойла...
ГIам, йилбаз хьо ду.
(Куьг а тосий.)
ХIун ала гIерта хьо,
ХIай боьха экха?
ХIун тарда гIерта хьо,
ХIай дIаьвше мекха?

Хьекъалах хьо телхина,
Хьуо гучуяларна,
Я хIилла кхоьллина
Хьайна кхел ярна.

ПетIамат йоьлху.

Баудди. Хьо сих ма лохьа,
ХIай воккха молла.
Мохьмад. Хьо сих ма лохьа,
ХIай воккха молла.
Баудди. Хууш ду телхинийла
ХIара жима ПетIамат
Мохьмад. Хууш ду, харц луьйла
ХIара жима ПетIамат.
Молла. Шуьша сиха хьовза,
Баудди, Мохьмад,
ГIуллакх довза,
Дайа кхуьнан гIад.
Ехка муш лаха,
Аравалий.
Шед чIогIа тоха,
Ехкий йиллий.

Мохьмад, Баудди араволу.

ПетIамат *(цу шинна тIаьхьа)*. Ма гIойша,
Ма гIойша,
Кхуо со... ма гIойша,
Кхуо садоккхур ду...
(Хьалаайаеллачуьра охьаюжу.)
Молла *(тебаш тIе а вогIуш)*.
Хьай нажжаз, нажжаз,
Де доцу хьайба!
Хира ду хьан каш чIаж,
Садолуш, боцуш гIайба.
Со ваккха йоллура хьо,
Вуьйцуш, нахала?
Со эшо йоллура хьо,
Дицделла хилар молла?
(Воьлу.)
ПетIамат. IадъIехьа, молла,
Йитахьа, йитахьа, йитахьа...
(Йоьлху.)
Молла. Ма ледукха, лаьхьа.
ТIаьхьар дош ду хьуна!

НIаьвлан бен гиний хьуна?
Хи чу кхозаделлачу га тIехь
Дистинчу хин юьхь сов тIех
Цунна кхераме юйла хаьий хьуна?
Иштта кхераме ду хьан дегI!
(Чера кехат а доккхий.)
Суна луург, аса бохург ца дахь,
Са даларца дера ду хьан чIогIа,
Суна хьо тIетовш ца гахь.
Алий яла, хIун до ахьа?

ПетIамат. ХIун де аса, молла?

Молла. Даккха кIелхьара хьайн дегI!
Мехкдаьттанца лийчош,
Латийна сирник Iуьттуш,
Меженаш ягош, чим беш,
ХIаллак хьо йийр ю,
ТIетай, кIелхьара хьо яла.

ПетIамат *(тIетовчу тайпана гIийло)*.
ХIун де ас, молла?

Молла. Къахета хьайн жимчу жималлех,
Дог лаза хьайн хазчу хазаллех,
Ехаш хила дикчу сийлаллехь,
Хир ду хьан сий... озаллехь а.
ХIунда кхуссу гуш лаьтташехь
Хьайн дашо, жовхIарийн дегI
Бух боцчу хIорда чу?
ХIунда кхуссу гуш лаьтташехь
Хьайн эхь, има, юьхь,
КIур бина йойуш, Iинах чу?
ХIунда ца оьцу ахьа
Хьайга дIакхийдо ирс, сий,
Шина а дуьненара ялсамане?
ХIунда ца оьцу ахьа
Хьайн кера лун кхерч-деши?

ПетIамат. Цкъа собардехьа, молла.

Молла *(ша-шега)*.
ХIара кIинца кераян йоллу.
(Воьдий неI къовлий, юха а вогIий.)
Куьпчичо пхьегIанна тIам
Шена луъучу буллу,
Сайна луъучу буллур бу
Кху гIуллакхан тIам а...

НеI туху.

Схьаккхечи. *(ПетIамате.)*
Йист ма хилалахь, со вистхиллалц.

НеI йоьллу. Баудди, Мохьмад, муш а, шед а яхьаш, чувогIу.

Баудди. ХIун лаьа хьуна, молла?
Мохьмад. ХIун де оха, молла?
Молла. Цкъа собардер вай!
ПетIамат *(гIоттуш)*. Моллина лаьа шуна,
Со шен зуда хуьлийла,
Кхунна моьттина шуна,
Со шена тIета йоллу.

МутаIеламаш цецбовлу.

Молла. ХIара кхоччуш хьераяла
Сов чехка йоллу шуна,
Ехкан, еттан, дехьачу йиган,
Динаца чIогIа тIехь ду шуна.

ПетIаматана Мохьмад, Баудди тIевоьду, дIалоцу.

ХIун эхь дара, хIай бехке цIов,
ХIуъу а дийцича а хьан сибатана?
Дера дац хьан лергара шийла зов,
Хьо кхоьллина хилла гIийбатана,
(Вон ПетIамате а хьожий, ламазана хIутту).
ОллахIу-акбар...

Мохьмадий, Бауддис ПетIамат дехьа чу йига дIалоций, кхуьйа а долало.

ПетIамат. Хьанна хьалха хIоьттина хьо,
Эхь, има доцу хIума?
Мила тешо хIоьтти хьо,
ДIаьвше лаам-гIам?
Аса кхайкхор хIинца хьо,
Ма-варра вуьйцуш.
Аса гойтур халкъана хьо,
Куьзган чохь варжош.

Мохьмада букъах шед туху ПетIаматана.

ПетIамат. Ай-й... хIай, маржа, маржа,
Хьо маьлхан дуьне!
ДIовш хилий, хьо даржа,
Хьуна бакъ гиний?

Арайоккху, дехьа чуьра мохь хеза.

Молла (*ламаз дина а волий, ша-шега*).
Шен са паргIатдаккха,
Шен дог паргIатдаккха,

Харц, эхь, бехк стагана тIетатта,
Ша кIелхьарвала,
Бердах тIулг чуккхосса санна,
Атта ду.
Амма, стагана тIера и даккха,
Стиглара седа баккха санна,
Хала ду.
ДIадаккха цунна тIера эхь. —
Хьенан бу ницкъ и цунна тIера даккха?
Цхьаннан а бац, цхьамма а доккхур дац,
Со воцчо, юха а со воцчо,
Аса иза цкъа а доккхур дац.

ЧубогIу, хьалха хьаьжо а волуш, баккхий нах.

Хьаьжо. Оссолом Iалайкум,
Буьйса дика хуьлда хьан!

Массара а куьйгаш лоьцу.

Молла. Iалайкум я салам
Шуна аьхна хуьлда.
Цу делера цхьа кхерам
Вайна ма хуьлда.
Шу охьахийша,
Шу нийса вежарий,
ЮьхьIаьржо тховса
Вайна-м еаний.

Хьаьжо. Дийцахьа, молла.
ХIун ду хилларг?

Воккха стаг. Алахьа, молла,
ХIун ду дан дезарг?

Молла. Ма-дарра дуьйцур ду,
Аша дика ладогIа.
Бакъдериг эра ду,
Шу паргIатдовла.

Хьаьжо. Хьо веца тхан сийлахь,
Хьо воккха молла.
Ахьа къамел делахь,
Ца сецош, молла.

Iелас. Бауддис, Мохьмадий, неIаре а хIуьттий, ладоьгIу.

Молла. Аша дина дика кхачадора
Цу жимчу ПетIамате.
Сайн йолуш санна, Iалашйора
И Дудин йоI ПетIамат.

Цхьа адам суна тарделлера
Цу Дудин ПетIаматах.
Амма иза гIам хиллера,
Ца кхоьруш къематах.
ХIор буса хезара суна
Кор доьллуш цуьнан чохь.
Ца моьттура суна,
Везарг хир вара цуьнан чохь,
Тховсалера хIара буьйса
Шина декъе яхча,
Ког буьхьар левзина,
Со неIаре вахча,
НеIар тIе лерг диллира,
ГIовгIа сайна хезна,
Сайн дег тIе куьг диллира,
Кхера со валарна.

Баккхий нах меттахъхье.

Хьаьжо. Остопирулла,
Хьо ирча болх!
Воккхастаг. Остопирулла,
Хьо боккха болх!
Молла. НеI а йиллина, чухьаьжира
ПетIамат йолчу,
Цу чуьрниг дIахьаьдира,
Со вогIу вайча.
Хьаьжо. Остопирулла!
Ца юьйш йити-кх ахьа иза?
Воккха стаг. Остопирулла,
Ца тухуш йитира ахь иза?
Молла. Иза коре хьаьдира,
Со тIеволавелча,
Корах аратилира,
Со тIекхачале.
Кху хьуьжаре а кхечира,
Сан шаьлта тIекхачале.

ДIа-схьа хьуьйсу.

Хьаьжо. Iийтта, маржа яI-кх,
Муха ца кхочур со тIе!
Воккха стаг. ЭхIейт, цIе йожа цуьнан,
Муха ца нислур со цунна тIе!
Молла. ВаллахI, вара вуьйр,
Сайн аьтто баьллехь.

ВаллахI, хир вара иза вийнарг
Делан ялсаманехь.

Баккхий нах *(цхьаъ воцчара)*.

Ца лацавели бехкениг,
Ца хии, мила ву бехкениг?

Молла. Со чIогIа гIоьртира
Бехке верг лаца.
Дóлу герз а дацара,
Виси сан иза лацаза,
Юьхь-бIаьрг а ца гин,
Иза тIахъаьлла хиларна,
Мила ву а ца хии,
Буьйса Iаьржа хиларна.
Иштта боьха гIуллакх дина,
Делан деза къорIанаш
Лаьттачу чохь. Иштта сийсаз дин цо
Сийлахь Макка Меданара деана жайнеш.

Хьажо. Цу дала ловрий-теша
ХIара боьха гIуллакх?

Баккхий нах *((цхьаъ воцчо)*.

Дала ловрий-теша
ХIара маьттаз гIуллакх?
Ловрий-теша?

Молла. КъорIан тIехь дала аьлла ду:
Валли закари,
Мисла хьавзал
Унсаяйни. Иза — дуьненахь а,
Къематдийнахь а массо а
Диканах божаршна ши дакъа,
Зударшна цхьа дакъа
Дийр ду ша, бохург ду.
Цунах, зударий боьха хиларна, дала
ГIехь шех уьш хербар
МаьIна доллу.

Хьаьжо. Нийса аьлла, дика аьлла...

ПетIамат *(неIарах чу а кхевдий)*.

Соьга дагара хаийтинарг
И молла ву шуна.

МутаIеламаша дIаозайо.

Хьаьжо (*ПетIамате*). Сацийта, тоьур ду, сацийта!
ЦIе йоцуш кIур ца куьлу,
ДIаьвше кIур хьох баьлла.

Марха йоцуш догIа ца хуьлу,
Iаьржа тало хьох даьлла.
Кхин хIумма а ца хилча а,
Кху молле йистхиларна,
Кхуо хIумма а ца аьлча а,
ТIетовр ду хьо ерна.

Молла. Иза кераярна,
Вай даккхийде деза.
ХIинццалц дала ларна —
Вай доIа дан деза.

Моллас хьалха а ойуш, массара а куьйгаш ойбу, доIа до.

ПетIамат. Молла, дуй-теша,
Хьан кийрахь дог?
Доьху, ма Iийша,
Дийна йоллушехь, сан дог!

Вуьш доIа дой бовлу.

Хьаьжо. Элхьам дуьлиллахI,
ХIара гучудаларна.
Цу далла хастам бу,

Воккха стаг. ЛаилахIа иллаллахI,
ХIара ахьа ларна
Хьуна, дела, хастам бу,

Молла. Къайленца хIара гIуллакх
КхидIа дахнехьара,
Ма-дарра хIара гIуллакх
Гуча ца даьллехьара,
ВаллахI, яра хIара юрт
ЦIарах йогур,
Делора, бара кху юьрта
Саьрмак кьодура.
Аса жайнеш дохура
Цамгар кхеттачунна,
Аса хиш яздора
Вала воьжначунна,
Цунах гIуллакх ца хуьлура
ГIийлачу лазархошна,
Царна гIоле а ца хуьлура,
ПетIамат юьртахь хиларна.
Вайна меца хан еара,
И яра цуьнан боьхалла.
Вайн юрт хе йохийра,
Иза а — цуьнан гIомалла.

ПетIамат дийна мел ю,
Юьрта беркат догIур дац.
И бIаьрг хьажош мел ю,
Вайна догIа догIур дац.
Иштта шайтIа ду
Дехьачуьра ПетIамат,
И Дудин ПетIамат.
Иштта боьха ю
И Дудин ПетIамат.

Хьаьжо. Садаккхаран
Чехко ян еза.
Тоьар ду хIара юрт
Iазапехь латтор.

Воккха стаг. Кхин минот яккха
Хан яла ца еза,
Тоьур ду хIара юрт
Цо меца латтор.

Баккхий нах *(цхьаъ воцчо)*.
Аша бохучунна тхо реза ду
ПетIамат ен еза.
Цу делаца тхо муьтIахь ду,
Деле геч деха деза.

Молла. Аша бохург дан,
Шуьга со кхайкхина,
Шуьца дин хилла,
Суна хазахета.
ХIинца вай ламазаца
Далла хьастадала деза.
ГIо вай ламазана.

Хьаьжо. Вай маьждиге даха деза.

Молла. Циггахь ер вай
Сецца кхиэл. *(ГIотту.)*

Хьаьжо. Ягийна яккха *(дехьачу корта а ластабой.)*
И кхелли.

Массо а хьалагIовтту.

Iаьржа маж ерг. ХIан-хIа, нах, со реза вац
Аша кху чохь дийцинчунна,
Цуьнан бехк-м, ца бах, бац,
Шуна хьалха а хIоьттина.
Нанас вина ваша воцуш,
Цхьа гIийла бо ду
Цу дехьачохь Iуьллург.

Орцахвала стаг воцуш,
Вай доцург кхин воцуш,
Жима бер ду
Цу дехьачохь Іуьллург.

Массо а вовшашка хьовсу.

Цу гІийла мискачуьнца,
Цу заьІапчуьнца
Вай сов майра ду.
Тоха герз доцчуьнца,
Ласто тур доцчуьнца
Вай сов тІера ду.
Шуна дац ма лойла,
Шуна дагадогІийла:
Вийнарг вайн вуьтуш дац.
Шу хууш хуьлда,
Шу дагдогІуш хуьлда:
Дийна а волуш цуьнан да
вац?
Шун ойла хир ю,
Дуда сибрех валлийта.
Шуна лууш хир ду,
Иза цигахь висийта.
Цу делор, дац хууш,
Цуьнан муха йист йолу.
Вайн делор, дац хууш,
Хьалха иза волу, ца волу,
Кху гІуллакхана бекхамна
ГІоттур ву цхьа стаг,
ТІаккха из бекхамна
Лоцуш хир ву лаг,
Шу совцо сан ницкъ бац,
Аша шайна луъург де.
Со кху бола юккъехь вац.
Аша шайн гІуллакх де.

Араволу. Цецбевлла, тІаьхьа хьовсу, вовшашка хьовсу.

Молла. Стешха хилча а
Пайда бац.
Хьаьжо. Иза нохчо вац.
Молла *(нахе)*. Кху юьртан дай
вай дац-техьа?
Наха. Ду, вай ду.
Хьаьжо. Да, вай ду,

Хьан дохор дара вай динарг?
Молла. ЦIеначу динан дай
Вай дац-техьа?
Наха. Ду, молла, вай ду,
Ду, молла, вай ду.
Молла. Хьан дохор дара
Далла лиънарг?
Хьаьжо. Цо дуьйцург сонта ду,
Шен Iовдаллица.
ПетIамат ен езаш ю,
Делан пурбанца.
Молла. Дала аьтто бойла
Халкъ вонах ларда.
Дала аьтто бойла
Дин керстанах ларда.

Хьалха хьаьжо а, цунна тIаьхьа молла а волуш, берриге а арабовла болало.

Наха. «Амин, амин»,
«Амин, амин».

ЦIеххьана царна дуьхьал чувогIу Лага

Лага. Собардел, цкъа совцал,
ЛадогIал соьга.
Со вара хIоьттина кора кIел
ЛадоьгIуш шуьга.
ХIун кхиэл ю аша сацийнарг?
ХIунда Iуьйду цу пекъаран лаг?
Молла. ДIавала, Лага,
ХIара хьан гIуллакх дац.
Хьаьжо. ДIаяла, хIай Iовдал хIума!
Лага. Сох йина цу моллас Iовдал хIума.
ХIинца йин ПетIаматах харц хIума.
Суна-м хаара, хIара Дудас
Хьоьца юьттушехь, ахь
Дакъазайоккхур юйла.
Суна хаьа, ахьа хьайн ген хьалхе
Яккха хIуъу а дийр дуйла.
Молла. Хьашт доцург дуьйцу ахьа, Лага.
Хьаьжо. Кхин хIун дуьйцур дара
Хьераваьллачу стага?
Лага. Со хьераваьлла,
Моллин харцо йийцича.
Со хьераваьлла лела,
Дин бакъ дац, баьхча.

Пет1амат. Х1ай дела, ма тамаше ду
Х1ара дуьне!
Лага. Х1ара дуьне ду х1илла долчун.
Х1ара ду даима харц эхь, бехк
Ца лоручун, х1ара ду даима
Велакъажа, юхавала, хьаставала.
Хуучун. Х1ара ду, даима
Къинхетам, иман доцуш,
Тешнабехк шен дег1аца болчун,
Х1ара ду нехан и хьацар, б1аьрахи
Дезачу моллин. Иштта волчу Тимаран а,
Паччахьан а, цуьнан хьадалчийн а.
Хир ду и, паччахь дийна мел ву.
Молла. Харц хьоьца хьо санна
Болчушца бен хила йиш яц.
И цуьнан мел ду, дуьне
Шун хила йиш яц.
Хьаьжо. Кхуьнга вистхилар дурс дац,
Дала иза ловш дац.
Д1авалахьа, к1ант, ара.
Лага. Харц хьоьца ду, молла,
Юьхьна хьоьца, т1аккха хьоьца,
Гуттар а хьоьца!
Молла. Х1ун ду хьан суна ала?!
Лага. Дала хьо ца кхоьллина, молла,
Хьо санна болчуша кхоьллина и дела.
Кхоьллина дин, кхоьллина жайна,
Парг1ат баха шайна.
Хьуна х1унда мега х1уъу а дан?
Суна лаьа, нах, шуьга цхьа х1ума дийца,
Сан коьртан г1евлангахь 1уьллуш к1оргге
Д1адиллина цхьа г1утакх ду,
Цу чохь дерг сов доккха 1аламат ду.
Цу чохь ду,
Бехк, гуьнахь доцуш харц, д1аьвше
Куьйгашца дайинчу адамийн
Б1аьргех эгна хиш.
Цу чохь ду дуьненахь бакъо
Яйа т1еяьллачу
Харцоно дакъийна адамийн
Хьанал дегнаш. Схьаделла со воллу.

Ахьа ладогIа, молла,
И гIутакх диллина, аса гойту
Хьуна хьан моллалла, бIаьргаш
Хьаббина, чу куьг Iоьттина, хьох
Долу къиношш, со воллу
Хьажа, кера догIийла.
(Шен хьаж тIе куьг а дуьллий.)

Хьаьжо. И хIун ду цо дуьйцург?

Лага. Карий хIорш сов дукха ду, хIорш
Дийцина вер а вац, аса дуьцур кхарех:
Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ.
Цхьаъ, молла, — ахьа хьерахь хьийзийна зуда.
Шиъ, молла, — Элжакъех дисинчу байн
Ахьа йиъна ши бугIа.
Кхоъ, молла, — ахьа, хьайн езар ца хилча,
Телхина аьлла, ПетIамат дакъазаяккхар,
Диъ, молла, — дин бакъ
Дац, дин молланийн баккхал ю,
Аса аларна, со, хьераваьлла
Аьлла, ахьа дакъазаваккхар... —
И дац хьан динан полалла?
Кхин хIун дийца ас хьуна, молла?
Эхь хьуна хIунда ца хета?
Бехк суна хьан хета,
Хьан езар кхунах ца хилла,
Харц цIе ахьа кхунна тиллина.
Делахь, дика ду, молла,
Хуьлуьйтур вай ахьа бохучу
Тайпана хIара боьха.
Жайнахь хIара ен йогIу,
Ахьа кху чохь боху.
ТIаккха аса боху,
ВогIу вен нахаца лелла стаг а.
Ахьа, молла, хьийзийра хьерахь
Цхьа пхаръелла зуда,
Цул боьха хIун ду?
Иза а дац нахаца лелар?
Лелча, хIунда ца хилира юрт кхераме?
Хьо нахаца лелча, хIунда лайн дала?
Хьо нахаца лелча, хIунда магийти айхьа
хьайна?

Хьаьжо *(мохь хьокху)*. ДIавехка хIара!

Молла *(гIийло)*. Iийтта, маржа Лага яI-кх,
Цу дала тIера йоккхийла
Хьуна и цамгар,
Цу дала хьалхавоккхийла хьо
Кийра хьийзачу шайтIанех!..
Хьаьжо. Стенга даха шу, кегийрхой?
ДIавехка хIара! *(ДIавоьду.)*
Молла. Цхьаъ гIо кхайкха Хьабибе.

МутаIелам воьду.

Кхуо ша-шена цхьа зен дарна кхоьру со...
Делахь вай ламазе гIо?
Доккха гIуллакх ду вайна тIе
ХIоьттинарг.
Хьаьжо *(моллега)*. Хьуна новкъа ма далахь
Лагас дийцинарг.
Молла. Хьераваьллачу стага дуьйцург
Бен ма хета, аьлла ду жайнахь а.

ТIехьа ши куьг дихкина йолу ПетIамат, олла а елла, сехьа чу а йолий, пенаца дIахIутту. Вихкина Iуьллуш Лага а ву.

ПетIамат. Сох теша мила виси?
Соь хьажа мила виси?
Мел гIийла йиси со,
ХIай, везан дела!
Суна велха мила виси?
Сох къахета мила виси?
Тховса юьйш ю со,
ХIай воккха дела.
ХIара хIайкал соьгахь дара,
ХIай воккха дела.
ХIара сийлахь дийцина дара,
ХIай, везан дела.
(Барт ло.)
ХIунда деана эхь, хIара кочахь доллушехь?
ХIунда йиси со йоьлхуш, хIара соьгахь
доллушехь? *(Йоьлху.)*
Лага. ПетIамат! ПетIамат!
ПетIамат. ХIун бах ахьа, Лага?
Лага. Аса кIелхьарйоккху хьо,
Хьо чехка яда.
ПетIамат. ТIаккха хьо вуьйр ву кхара, Лага.
Лага. Схьайола, схьайола

Суна юххе, аса цергашца
Шеддаш дIадостур ду.

ТIейогIу ПетIамат.

ПетIамат. Лага. Лага... хьо ваха дукха,
Со гIур яра едда,
Мусост лаха, аса
Эр дара цуьнга, хьо
КIелхьарваккха.
ЛадогIа, ва Лага,
Хьан когаш соьга а
Бастабала мега,
Хьо а соьца чехка вада.
(Баста юлу).

Лага. ПетIамат, ПетIамат!
ЗаьIап-чолакх со ву,
Цул сов, цомгуш со ву,
ДегIан
Дола далур дац,
Тховса хьоьца
Вадалур вац.
Хьо чехка гIо,
Корах экхий,
Хьо хьуьнах гIо,
Юьртах ялий.

ПетIамат. Лага!..
Лага. ДIаяда, ПетIамат, дIаяда.
ПетIамат. Вай кеста голда.

Корах эккхий, ПетIамат йоьду.

Лага. Хьо, со лечуьра
КIелхьардаккхар
Хета суна
Сайн декхар.

Чуволу стражник, Хьабиб.

Хьабиб. Айхьа набахтехь даькккхина
Кхо шо дицделлера хьуна?!
ХьалагIатта, кхин хьо
Кху юьрта ца леста.
Хьалха ваккха иза.

ДIавуьгу.

5-гІа сурт

Хьуьнахахь Іуьйре. Айаелла меттигаш, гуш лам. ТІулган бердах тера а йолуш, лекха, айаелла меттиг ю, дехьарчу Іинах чукхозаелла. Сехьа гуш кІайн, цІен кегий зезагаш. Вертанца, башлакхца, туьраца, гІепашца Мусост ву гух таьІна.

Мусост *(малхе а хьожий)*. Мел къегина хьоьжу хьо,
Нур догу дашо малх!
Бац оха лоьхург хьо,
Лоьху паргІатонан малх...

Жимма Іийна, хьалагІотту. Чоьин чера жима сурт охьадужу, схьаоьцу.

Мел сакъералуш хьоьжу со
Хьо хазачу суьрте!
Ву гуш хьуна чохь со даима
Іаьржа ши бІаьрг ПетІаматан,
Болато маха санна,
ПетІаматан васт ахьа эцна.
КІожамах цІе санна,
Сан дагах и езар летта.
ХІей доьду олхазар, хьо стенга доьду?
Безаме кхачар, ца моьтту, ахьа лоьху.
Ахьа дийца, олхазар, хазачу ПетІега.
Ахьа ала, олхазар, жимачу ПетІамате,
(Иллица.)
Гу лекха вуьйлуш,
Сема ладоьгІуш,
Іинан кІорге вуьйлуш,
Буьйсанна вуьжуш,
Дог майра лелаш ву
Обариг Мусост,
Дагца дина шеддаш ду
Обарган Мусостан...

ЧувогІу хьалхара обарг.

1-ра обарг. Ассалам Іалайкум!
Мусост. ВаІалайкум салам.

Куьйгаш лоцу.

1-ра обарг. ХІун хьал ду, Мусост?
Мусост. Могаш дІалела со-м.
Ца йирзина хьан чов хІинца а?
ХІума ца хетара-кх, иза йирзичхьана.

1-р а о б а р г. ХIара ца ерзарх-м хIума дацара,
Полковник лаьтте вирзичхьана.
М у с о с т. Уьш-м кхин шийтта вен а хала дацара.
Хьан чов йирзичхьана.
Цхьажимма охьахуур вайша,
Узучо цигаьрка а узур,
Кхоллучо цу а кхоллур.
КIадвелларг а хир вайх.

Шен таьлсаш юккъе дохку. Охьаховшу, Цу кхоллу. ЧувогIу воккха стаг.

В о к к х а с т а г. Ассалам Iалайкум!
М а с с а р а. ВаIалайкум салам.
Куьйгаш лоьцу.
В о к к х а с т а г. Мусост, жимма хье-м вели со.
Ца карош Iийра хIара патармаш,
(ДIало.)
М у с о с т. Хьевалархх-м хIума дацара,
Вуьшта ахьа къахьийги-кх.
В о к к х а с т а г. Э-э... Мусост, цхьанна къинхьегам,
Лазам, зе-бурчам боцуш а,
Цхьанна халонца бен а,
Цхьа дика болх бац хуьлуш.
Со велла а, паччахь дIаваккхахьара.
ТIаккха-м хала дацара гор ида а.
М у с о с т *(вокхачу стаге)*. И зама а ян мегий вайна-м.
ХIара, хIун дара керла хIума?
Дац бен-берса хIума юьртахь?
В о к к х а с т а г. Ду керла хIума а,
Ирча а долуш, ца ловш куьпахь.
1-р а о б а р г. Хаза-м хIинца хIун хир дара?
М у с о с т. Дийцахьа схьа, ма-дарра.
В о к к х а с т а г. Ватталахьана. *(Юьхьа тIе куьг хьокху.)*
Шуна дала дика дийцарг.
Диканна шу тIетийсарш,
Дуда вевзара-кх шуна, сибрех
вахана?
М у с о с т. Дуда дика борз яра,
Дийцал ахьа, ца сецош.
В о к к х а с т а г. Цуьнан йоьIан ПетIаматан
Чукхуьйлуш безаргаш хилла,
Моллина и шайтIа
Буьйсанна гучудаьла.
1-р а о б а р г. Ахьа баккъал бах?

Мусост. Бакъ дуй-теша иза?
Воккха стаг. Бакъ ду-кх иза.
Со-суо а вара цунна кхиэл еш,
Амма со, даго ца витна,
Аравелира, реза воцуш.
Мусост *(гІайгІане тоьпа тІе корта а буьллий).*
ДІадийцал ахьа.
1-ра обарг. Мила ву, хаьий, бехкениг?
Воккха стаг. Бехкениг гучу ца ваьлла,
Амма ПетІамат ен-м сацийра.
1-ра обарг. Ткъа...
Воккха стаг. Мухха а, цу буссехь ПетІамат едда.
Ца карош кхо де а ду, боху.
1-ра обарг. Дан а ду иза ирча гІуллакх.
Мусост *(доккха са а доккхий, воккхачу стаге).*
ДІавало, хьо дІагІо.

Воккха стаг дІавоьду.

Хьай даьдала, хьай даьдала, хьо зама!
Хьай даьдала, хьай даьдала,
хьо гІуллакх!

Верта гу тІе а кхуссуш, дІатаьІа, корта лоцу.

1-ра обарг. ХІара гІуллакх ирча ду, Мусост.
Бекхамна гІатта веза.
Куьг кхетта хьан яцара иза, Мусост?
Ахьа иза ен еза.
Мусост. ТІе ца оьцу сан даго, ца моьтту бакъ ду.
1-ра обарг. Бакъ ду хьуна иза, Мусост.
Айхьа хьайна бехказло ма леха,
Дина хьуна цо эхьан сет,
Хьайн куьйга иза, йоруш, е.
Мусост. Ца теша, теша ца туьгу кийрара дог.
1-ра обарг. Хьайн зуда еш,
Цунах хьалха куьйгаш ахьа тоьхний?
Мусост. Тоьхна. *(Меллаша.)* Тоьхна.
1-ра обарг. Хьан ю ша, цо хьоьга аьллий?
Мусост. Иштта дара-кх иза...
1-ра обарг. Тешнабехк бац
Цо хьуна бинарг?
Эхьан берд бац
Цо хьуна тІетоьхнарг?
ВаллахІ, хетара вац

Суна хьо стаг,
Бехкениг вуьйцуьйтуш, и ца йийча.
ВаллахI, яц хьан
Наха юкъа вала юьхь,
Бехкениг а, ПетIамат а ца йийча...
Со тIаьхьавуьсу, дIа ца вахча,
Ахьа ойла е, хьайн сий дайича.

ДIавоьду. Буьйса юлу.

Мусост *(ойла йой)*. Собар, собар...
Детин гIутакх... ПетIамат, гIутакх
Шена гича, кхераелира,
Юьйхира. Чохь хIоьттина
Цигаьрканан кIур бара, иза
Егош дIахIоьттира.
Цо, пурстоьпан помощник Хьабиб
Вара веана, аьлла, хIилла кхоьллира.
Цунна шен везарг дагавеара,
Цо со, лоллуш, араваькхира.
Бакъдан а ду цо
Эхь дина хилар.
(Ойла йой, киснара сурт схьа а доккхий).
Хьох тохара гина сий долу
ПетIамат суна ца го.
ХIинццалц аса сийдина
Деган зезаг суна ца го.
Суна го Iаржделла дилх,
Хьараман, мекхан, дIаьвшан чарх,
Суна го кховдийна ямарт кирхьа,
Тесна тIе эхьийн тарх,
ХIай дела, *(кагдой, дIакхуссу.)*
Аса самах
Дуьхьалтаса баьхна ПетIамат,
ХIай дела, суна набарх
Ма таса ахьа дуьхьал.
Ма таса ахьа дуьхьал...
Ма таса ахьа! *(Бертал вуьжу.)*

Аьтту агIорхьара, тийсалуш, меллаша чуйогIу ПетIамат. Халла охьахоу.

ПетIамат *(ша-шега)*.
Жима Мусост лоьхуш,
Со хьуьнах кхечи.
Цу деле доьхуш,

И карор ас леци,
Цхьа и бен вац висна
Со ПетIех теша.
Цхьа и бен вац висна
Сох дог лаза, Iийжа.
ХIай диттан генаш,
Шу лекха пепнаш!
ХIай диттан генаш,
Шу сийна гIаш!
Ца гина шуна
Сан жима Мусост?
Алийша, гина
Сан хаза Мусост
(Шен кочахь хIайкал го)
Суна яздина, суна дайтина
Дато хIайкал, хьо сийлахь хIайкал,
Яккхахьа со кIелхьар, яккхахьа
балеха.
Хьо дара даздина сийлахьчу дала,
Хьо-х дара доьзна эвлаяийн цIарах,
ХIайкал, делан деза хIайкал...
(Барт ло.)
ХIе-й-й... Суна дагтуьйсурш хIун ду?
ХIай дела, орцахвала, ахьа хьайха
Даькккхина йилбаз сан коьрте хьийза.
ХIара хIайкал дара, боху,
Даькккхина — со бале ца лацийта,
Дуьненахь цкъа а со ца елхийта.
ХIара дара, боху, ахьа даздина,
Ахьа доссийна, моллега кховдийна.
Кхочуш ца хилла, боху, кхуо чулаьцнарг.
Хьо дела хилча, хьан омрица и хилча,
ХIунда ца хилла, боху, кхуо бохург бакъ,
ХIунда хилла, боху,
ХIара оьлличхьана, со хIаллак?
ХIай дела, хьо орцахвала...
Аса хIун дуьйцу?
ХIай шайтIа, сох гена хьо дала.
Сан коьрте ма хьийза.
ХIай дела, кху хIайкалх цатешарх,
Ахьа суна бехк ма билла.
ХIара оьлличхьана дакъаза со ялар

Суна гуш ду, цунна со ца теша...
Аса хIун дуьйцу? ШайтIа, сан кийра
(Мохь хьокху.)
Хьо хIунда хьийза? ХIай-й-й...

Мохь хезий, Мусост схьавоьрзу, го, цецволу, мила ю, ца хаьа, тоьпах катуху.

Мусост. ХIей, мила ву?

ПетIамат кхерало. ТIевоьду.

Хьо мила ю, бахий ас-м?
ПетIамат *(йоьхна)*. Сой... со... со-м...

Вовшашка хьожу, дехха хьоьжу. Шинне а девза.

Мусост. ПетIамат!..
ПетIамат. Мусост! Мусост!..
(Когех хьаьрча.)
Мусост. Ма кхьерчалахь схьа,
ХIай боьха лаьхьа!
Безара хьан деган пха
Билла хьера ахьа!
(ДIакхуссу.)
ХIун дин ахьа, хIун деа ахьа!
ХIун элира, хIун дийцира ахьа?
Хьо жима хиларна,
Хьо чIогIа Iехийна.
Хьо цхьа хиларна,
Кхетамах тилийна.
Схьавийца бехкениг,
Соьгара геч ду кхьуна,
Ца вуьйций бехкениг —
Хьан са доккхуш ду хьуна!
ПетIамат. Дукхавезна Мусост,
Сох хьо а ца теша воллу?
Дукха лехна Мусост,
Соьга хьо а ла ца догIа воллу?
Мусост. Зезагах оьцу
Мерза мутт саннна,
Хьан дегIаха мерза мутт
Хьан эцна, дийца.
Цу бацах оьцу
ЦIена тхи саннна,
Хьан мерзачу хин аьхна мутт
Эцнарг ахьа схьавийца.

Цу хьараман куьйгаца,
Цу боьхачу ойланца
Хьох кхеттарг мила ву?
Харцонца веларца,
Къайлах хьежарца
Куьг тоьхнарг мила ву?
Хьан дегIах цо куьг
Хьан бертахь ца тоьхнехь,
Ахьа и хьараман куьг
Бертахь ца хьистинехь,
Схьа чехка вуьйцур ву
Вайшиннан безаман дуьхьа.
ТIаккха со реза хир ву...
Чехка дийца, делан дуьхьа!

ПетIамат. Цу моллас ен сацийна, со юьйш яра.
Лагас кIелхьаръяьккхина, хьо волчу
кхаьчнера,
Хьо Мусост воцург, сох куьг кхетта
вацара.
Хаахьа суна тIехь харц кхоьллина хилар.

Мусост. Хьай гаур, моьлIан,
Хьо Iаьржа шайтIа!
Муха хир сел чIогIа
Эхь-има доцуш?!
Хьай боьха гIам,
Хьо боьха жоьра-нана.
Муха хир сел онда,
Дагца бакъ доцуш!
Аса тоьхний хьох куьг—
Сайн зуда еш, тоьхна,
Тухучул со хьох куьг,
Велла велара, ваьгна!
Дош дарий, дIаьвше мотт
Хьан, хадийна, ца баькхича?!
Дош дарий, хьан лог тIе ког биллина,
Хьан мотт озош ца баькхича?!
Ма лелахь, боьха хIума,
Кхин харц соьга схьа!
ХIун хилла хьох, хIай хIума!

ПетIамат. Мусост, хIинца хьо а
Ца теша сох?
Мусост, хIинца хьо а

Воллу со ен?
(Когех хьаьрча.)

Мусост. Ма хьерча сан когех,
ХIай мекха йоьлла дилхан чарх!
Хьерча хьан логах
Лаьхьа, тосуш хьан дегIах зирх,
Йо дела, хьо ву-кх гуш,
Сан куьг кхетта,
Сан зуда яра хIара.
ХIай дела, хьо ву-кх хууш,
Аса дукха лехна,
Сан езар яра хIара,
ХIара лелла нахаца,
ХIара воллу со хьажо
Хьуна тIе.
Кхуо эхь дина хIилланца,
ХIара воллу со хьажо
УппагIе.
Цу дIаьвше лаьхьано
Хье баарг,
Цу дуткъачу лаьхьаша
Дог даарг,
Акха маккхалша бIаьргаш даарг,
Аса топ туху хьуна,
Схьавийца иза!
Кхехкаш даш кхета хьуна,
Вийца бехке верг!
БIаьстенан юьхь санна,
Хьайн хаза жималла
Стенах йоьхки ахьа, хьанна?
Ю хьо доллуш гIомалла?
Гуьлмаьнда делира хьуна,
Дарин коч елира хьуна.
Хьалкханаш оьхкира хьуна,
ЦIен кIархаш буьйхира хьуна—
Кховдий ахьа соьга шийла кхаъ.

ПетIамат. Ма дийца соьга
И бакъ доцург,
Теша, хьажа соьга,
Сох дог лозуш!

Мусост. Iийт, дуй-теша
Хьол боьха хIума?

Буй-теша
Хьол боккха саьрмик?
Ирхъоьллина, хьо ерах,
Сан дог Iебар дацара.
Кху тоьпо хьо шелъярах,
Са паргIатдер дацара.
(Топ охьаккхуссу.)
Ас юьйр хьо шаьлтанца,
Меженаш йоруш, *(шаьлта йоккху.)*
Нисъеш дакъошца,
МагIара йохкуш.
ТIаьххьар дош ду хьуна,
Хьо алий яла.
Соьгара геч ду хьуна,
И вийций яла.

ПетIамат. Вай дела, хьуна хастам бу!
Мусост, вуьйцу... ас.. вуьй..
(Дог а кIадлой, южу.)

Мусост. Вийца схьа, вийца, ПетIамат!

ПетIамат. Вуьйцу. *(ДIахаьрца.)*
(Аьрру агIор герз долу.)

Мусост. Гена доцуш герз дели,
Цигахь сан накъост хила мега.
Со схьаваллац, хьо меттахъели—
Хьан дегI сан карах деги!
(Чехкка дIахьоду.)

6-гIа сурт

Хьун. Буьйса. Хьоькху мох. Iуьллуш ПетIамат, аьтту агIор чувогIу Дуда, вертанца, герзашца. ПетIамат ца гуш, цунна юххе охьахоу. ЦIехьана юххе Iуьллуш цхьа адам го. Жимма тохало.

Дуда. Мила ву, хIай?

ПетIамат *(кхерало.)* Со... со ю-кх.

Дуда *(жимма юха а волий)*. Хьо мила ю?
Мичара ю хьо? ХIун стаг ю хьо?

ПетIамат. ГIийла стаг ю хьуна,
ГIийла стаг...

Дуда. Мичхьара, хьенан?

ПетIамат. Гихчуьра... Дудин ю-кх.

Дуда. ХIун бахара ахьа?
Хьенан ю?

ПетIамат. Дудин ю-кх, Дудин.

Дуда. ХIун ю хьан цIе?

ПетIамат. ПетIамат.
Дуда. ПетIамат?.. Со Дудин ПетIаматтий?
ПетIамат. Дада... дада...
Муха вели хьо дала?..
(Мара кхета.)
Дуда. Йо дела, хьо боккха болх!
ПетIамат! ПетIамат!
Хьан йина хьох ижо
Хьуьнан дерачу акхарошна?
ХIай латтанаш, шу шалха лелха!
Ца йитинера ас хьо къийзо
Адамашна, ган иштта сайна.
ХIун адам хилла хьо дакъазаяккха?
ХIун дина хилла хьо араяккха?
ПетIамат. Берриге а ницкъ
Суна бина, дада,
Дуьненара сан рицкъ
Дайна хьуна, дада.
Дуда. Мила вара Дуда кхеро
Нохчийчохь вина цхьа а?
Мила вара сан доьзалхо хьовзо,
Цуьнан боцу аьтто шена дика лаха?
Ахьа дийца ма-дарра,
Хилларг соьга ахьа.
Вац хьуна со хийра,
Нисдийр ду аса иза дIа.
ПетIамат. Цу моллас тешнабехк
Суна бина, дада.
Массо а сох къехка,
ГIийла хаийна, дада.
Ма-дарра дийца
Суна бехк хета.
Ма хуьлда цунна луьйца
Моллин бехках теша.
Дуда. Цу гавур моллица
Аса дуьйцур майрра!
Хьо кхузахь синтемца
Саца, верззалц со юьртара.
(Чехка воьду.)
ПетIамат *(Дуда къайлаваьлча).*
Ма гIохьа, ма гIохьа,
Юхаверзахьа, собар дехьа, дада...

(Ша-шега.) ХIинца моллас иза
Шена тIеверзор ву.
ТIаккха дадас со къиза
Кхузахь, юьйш, юьллур ю.
Юхавеанчу Мусоста а со юьйр ю.
ХIун дахьаш еа,
ХIун гайта еа,
Тишъелла буьйса?
ХIун ду-теша ганза,
ХIун ду-теша кхолланза
Хьан марахь, буьйса?
И цIена дети,
И цIена деши,
Iомала эгош,
Хоттала керчадарх,
Цу цIенчу детин,
Цу цIенчу дешин
Сийлалла ца йовш,
Леладо карахь.
Яц гуш
Дуненчохь цкъа а бакъо,
Ю лелаш
Дуьненчохь ма-луъу харцо.
Аса дукха бахарх,
Ца теша Мусост.
Сох Мусост ца тешначу
Кху доккхачу дуьненчохь,
Кхин нийсо йоцчу
Кху стигала кIелахь
Со Iелур яц. *(Чуэккха кечло.)*
ХIара къуьйлуш кийрахь,
Сан яланза йиш яц,
Чуиккхина кху Iинах.
(Iинах чуэккха дIахIутту.)
Марша Iойла,
Сан хаза Мусост!
Бехк боцуш яйн
Сан мерза жималла.

Чуволу Мусост.

Кхуьнга ладоьгIуш лаьтта. ПетIаматна тIехьоду.

Мусост. ПетIамат! ПетIамат...
(ТIекхаьчча, схьа а лоций.) Собар, ПетIамат!

ПетIамат. Мусост...
Мусост. ХIай маржа, маржа,
Хьо ма даха, дуьне,
ХIай къорза, къорза,
ХIай моллин дуьне!
Тешнабехк гIолда-кха
Тешнабехк бечех!
И лаьхьий чекхдуьйлда,
Церан шуьйрачу белшех,
Яраббий, ПетIамат,
КъинтIера яла суна!
Хезира суна, ПетIамат,
Дуьнене маршалла луш.
Лагас дийци соь ма-дарра гIуллакх.
Иза хиллера чувоьллина,
Иза ваьлла, ведда.
ХIинца иза ву садоIуш Iуьллуш,
Тешнабехк хьуна бар
ХIинца суна хии.
ЧIогIа ницкъ хилар
ХIинца суна хии.
ХIинца со хьох теша,
Сан жима ПетIамат.
ХIара санна, бала Iийша
Цу моллас, ПетIамат!
ПетIамат. Мусост, хIунда ца тешара
Хьо сох, Мусост? *(Йоьлху.)*
Мусост. Дика лайна хьан кийро
ХIара боккха ницкъ.
Йина хилла цо гIело,
Дац цуьнан кхин рицкъ.
ПетIамат. Хьажахьа, Мусост,
Сан жима дегI
Iарждина, Мусост,
Кховр доккхуш, дегI,
Цомгаш ду сан дегI,
Цу моллас еттийтина...
Мусост. И дIаьвшен гезгаш,
Эзарнашца тIехьаьлхина,
Шайн дIаьвшен меттанашца
Цуьнан дегIах леташ,
Iаржлолда цуьнан дегI,—

И Iаржлур мел ду!
Дестийла цуьнан дегI,—
И дестар мел ду!

ПетIамат. Мусост, хIара дуьне
Мел хаза ду!
Мусост, со хьоьца йолуш
Мел дика ду!

Мусост. Хаза ду, дика ду
Хьо кIелхьаръялар!
Лагина декхарийлахь ву
Хьо кIелхьараяккхарна.

ПетIамат. Схьавалавехьа Лага.

Мусост. Ваттал хьана, со воьду хьуна,
Лаьара суна цуьнга хьажа.
Схьавало Лага.
Хазахета, и ган.

Мусост воьду.

ПетIамат *(жимма Iийна)*. Вай-й-й!..
Аса хIунда ца элира
Дуда цIа вар?
Сибрехара и вар?

Охьаюжу берда тIе.
ЧувогIу Дуда, иза дера ву.

Дуда. Iийтта, нажжаз яI-кх!
Стенна кхетта хьуна
Сел хаза мерза наб?
Iийтта, шайтIа яI-кх,
Муха кхетар-техьа
Сел боьхачу адамна наб?
Наб кхеттачохь хьо ер
Дика суна ца хета.
Амма, хьо эхь сайн юьхь тIера
Дожо со ву сов тIера.
Самаяла, марчо хьерчарг!

Сама а йолий, кхералой, ийзалуш Iа ПетIамат.

Самаяла, лаьтто къийларг!

ПетIамат. Ахьа хIун до, дада?..
Хьо а воллу сан са даккха?
(Хьаьрча.)

Дуда. Воллу, ахьа лехна гIуллакх
Хьоьга даржош кховдо.

Ца хилла хьоьгахь гIиллакх,
Хьо гезго сан дог къовзий!

ПетIамат. Хьо сайн дех чам
Ахьа соьга баккхийта.
Боцуш лаца тIам
Ахьа со ма ялийта.

Дуда. Хилале хьуна соьгара там
ДагIахьара цIен ло.
ДоьгIна хьан хье тIе дIам,
Дош дарий ца латийча ало?
Кхин дIа хьо сан бер дац,
Кхин дIа хьо сан цIийх яц.
Хьо сан хилча эхь дацара!
Сан цIе Дуда яцара?
(Топ тIелоцу.)

Чехкка чухьоду Мусост.
Чуваьлла Лага басонца вужу.

Мусост. ХIей, хIей! Ма тохалахь!
Ма тохалахь, мегар дац хьуна,
(Дуда схьа а лоций.)
Хьо хIун дан гIерта?
Хьо мила ву? Хьуна
ХIун деза цу мисканера?
(Топ лоцу.)

Дуда. Хьуна хIун деза соьгара?
(Топ лоцу.)

Мусост. Дуда...

Дуда. Мусост!.. *(Ший а мар-мара воьду.)*

ПетIамат. Мусост!.. Дада!..

Мусост *(Дуда юьстах а воккхий).*
И Iуьллу миска
Ахьа йиталахь, Дуда.
Цунах буьйцу бехкаш
Нийса бац, Дуда.
Ма-дарра кIара гIуллакх
Аса дуьйцур ду хьуна.
Цу моллас кхоьллинарг
Харц дуйла хиъна суна.

Дуда. ТIейогIуш зама ю,
Хи санна шорта.
Бакъ ду, аса боккхур бу,
Бакъ хилахь, кхуьнан корта.

Мусост. Цунна юкъара со ву хьуна,
Цунах синтем хиллалахь.
МIаста цаI вар хезира суна,
Хьо вуй иза? Дийцалахь.
Дуда. Со ву иза, Мусост,
Сибрехара ведда веана.

Юха а' мар-мара воьду.

Мусост. Дика ду хьо цIа веана!
Дуда. И узарш хьан до?
Мусост. Иза ву Лага.
ПетIамат. Лага, хьо ва марша! (*ТIехьоду.*)
Лага (*гIийло*). ПетIамат! Мусост!..
(*Айалой, вужу.*) Вай, Дуда!..
ПетIамат. Хьуна хIун кхилла?
Мусост. Ахьа хIун до?
Лага. Жимма цамгар ю сох...
Хьо ва марша, Дуда!
ХIинца ас гIуллакхаш
Дуьйцур хьуна.
Хоуьйтур хьуна, ца ваьллийла
Со хьера.
Ца тешара сох, Дуда,
Со моллина лийчахь.
Ца хетара со бакъ,
Дин бакъ дац, баьхчахь.
Шен коьрте хьаьвзинарг бен,
Шен даго оьзнарг бен
Стагана атта бакъ ца хета,
Шена атта бакъ ца хета.
Шена тIе хIоьттичахь,
Стаг атта кхета,
И молла, Тимар,
И Хьабиб —
Уьш кхоь а ву вайна кхаа тайпана.
Амма вай ду
Декъалуш шина тайпане.
Дуда. ХIара гIуллакх ирча ду.

Лага кхин а гIеллой таьIа.

Лага. И молла хилла Хьабибца тайна,
Обаргаш кера бало шена тIелаьцна.
Мусост. Паччахьна дуьхьал верг —

Вохка и кийча ву.
Доккхуш цуьнан са, лаг
Iовдийтар со доьхуш ву.

Дуда. Кханалера буьйса
Ас хьуна ели.
Тховсалерчу буса
СадаIа деза.
Со суо а вогIур ву,
И саьрмик бен.
Сайн куьйга цоьстур ду
Цуьнан дегIан пхенаш.

Мусост. Тховса иза соь вейта!

ПетIамат. Со а яийта шайца!

Мусост. Кху гIуллакхан ойла ян еза.

Дуда. Воруш, иза тховса вилла веза.

Лага. Цунах дакъа соьга а кхачийта деза.

ИНТЕРМЕДИ

Чувогlу молла.

Молла. Хи, эхарх, кхачалуш дац,
ТIулг хьош а, буьтуш а, иза доьду.
Зама, эхарх, кхачалуш яц.
Лахьте вуьллуш а, вуьтуш а, иза йоьду.
Метта маттахь висинчо
Шен ген хьалха хьалхе йоккху.
Тховса Дуда вуьйр ву,
Цуьнца цхьаьна ПетIамат а...
Цул тIаьхьа кестта лоцур ву
Цаьрца тайна Мусост а.
Хьевели хIара, схьа ца вогIуш...
(ЛадугIу, цхьа тата хеза.)
ХIинца ву вогIу гуш.

Чуволу Хьабиб.

Хьабиб. Буьйса дика хуьлда.

Молла. Хьо далла воьзийла.

Хьабиб *(охьахоу)*. ГIуллакх хIун ду, молла?

Молла. ГIуллакх тамаше ду.

Хьабиб. Муха?

Молла. Дуда цIа веана ву.

Хьабиб. ЦIа веана?..
И муха вогIур вара?

Молла. Ведда веана, ведда, Хьабиб.
Иза вахана хIинцца со волчуьра.
Хьабиб. Хьо волчу веанера иза?
Молла. Веанера.
Хьабиб. Соьга хIунда ца хаийтира?
Молла. Иза велира со волччу цIеххьана,
Хьоьжуш Iаш со жайнаш тIе.
Цунна хилла карийна
ПетIамат хьуьна юккъехь.
ПетIамата дийцина хилла,
Шен бехк-гуьнахь дац, бохуш,
Ша нахаца лелла
Хилла хилар дойуш.
Цундела веанера Дуда
ГIуллакх ма-дарра дийцийта,
Аса элира цуьнга:
ПетIаматах дуьне дисийта.
Иза ю лелла нахаца,
Безаргаш цуьнан хилла,
Ахьа иза хIинца ца йийча,
Ялсамане хьох яьлла.
ХIинца вахна иза.
ПетIамат ен.
Ду ден дезаш къиза,
И дай, йоI цхьаьний.
Хьабиб. Муха карор ву хIинца?
Хьун йоккха ю, шуьйра ю.
Молла. Со вогIу хьоьца тховса,
И волу меттиг со хууш ву.
Дудас соьга йийцира
ПетIамат Iуьллу меттиг.
Йийцарх, шуна карор яцара,
Цундела со вогIу хьоьца цига.
ХIинца хьо дIаваха веза,
Сахуьллуш цига гIур ду.
Буто некъа тIехь хьоьжур ву,
Цига хьо стражица ван веза.
Хьабиб. Мегар ду, молла,
Хьуна хир ю тхоьгара ял...
Молла. Хьо марша гIолда,
Хира бу делера мел а...

Куьйгаш ло, дIа-схьавоьду.

Тохарлерра хьун. ПетIамат, Лагий, кхин обаргаш бийшина бу. Дудий, Мусост хиъна Iаш ву.

Д у д а. Кхин дан дисина хIума дац,
Кера воьл-воьлларг вер бен,
Хьабиб, пурстоп веза йиш яц,
Молла а веза цаьрца вен.

М у с о с т. Иштта вай лелар ду,
Кхин зама тIеяллац.

Д у д а *(ла а дугIий)*. Суна хезаш цхьа тата-м ду.

М у с о с т. Ватталхьан! Со хьожу цига. *(Воьду.)*

Д у д а *(ша-шега)*. Моллега ас йийцина
ХIара тхаьш Iен меттиг.
Цо Хьабибе мотт тоьхна
Билггал хила мега.

ЧувогIу Мусост.

М у с о с т. Тоба, текхаш дукха адам
Вайна тIе догIу, Дуда.

Д у д а. Же, хьалагIовтта... доха ма доха,
Вай деза хьеха дола...

Вуьш, хьалагIовттий, кечло.

М у с о с т. ХIара меттиг суна дика евза,
Бехк ма билла, де аса бохург,
Дуда, шу чехка деза
Хьуьлларчу бердаца ловчкъа.
Со хIуттур ву кху чхарца,
ХIара шиъ веза хьуьлла лачкъа.
Вайна тIе герз тIаккха
Кхача амал дац.
Кху юккъе ваьлларг
Вай лацаза йиш яц...

Д у д а. Же хIета, довла дIа-схьа,
Гинчун даккха са схьа... *(Лечкъа.)*

ЧувогIу кхо стражник, Хьабиб, моллий.

М о л л а. ХIара ю, Хьабиб,
Дудас йийцина
ПетIамат Iуьллу меттиг.
Собар... меллаш... вайна тIе
Цхьаъ вогIу. Мила ву хьуьлла лаьттарг?

Х ь а б и б *(дIа а хьожий)*. Адам ца го суна, молла.

М о л л а. Суна теснарг гIаларт хилла.

Хьабиб *(стражнике)*. Иттех стаг шух
иштта чухула хьала гIо.
Стражник. Дика ду. *(Воьду.)*
Хьабиб *(стражнике)*. Шух ткъех
кху меттигана готосуш дуьйла.
Стражник. Дика ду. *(Воьду.)*
Молла. ХIинца аша
Шайн гIуллакх де.
ГIуллакхан мало ма е,
Дуда лаций вилла.
Со дIаваха веза.
Хьабиб *(куьг а лоций)*.
Хьуна баркал хуьлда.
Молла. Везачу вайн дала
Шун аьтто болда.
Хьабиб аьтту агIор воьду.
Хьабиб *(стражнике)*. Вало, хьалхавала,
Юха валахь, лато хьуна ало.
Молла. ХIинца кхара лоцур ву Дуда,
Цуьнца цхьаьна лоцур ду шайтIа,
Хир ду гIуллакх дика сан.
ПетIамат айса, йоруш, юьйр ю,
Дуда сибарех лоллур ву.
Ницкъ сан керахь шорта бу,
Дин соьгахь мел ду.
Халкъ гуттар а сан керахь ду,
Жайна соьгахь мел ду.
Сий сан оьшур дац,
Хьацар, цIий, бIаьран хий эго
Миска нах, къенаш шорта бац?
Мусост *(тIе топ лоцу моллина)*. Сацал.
Молла (воьхна). А-ан... хIара... мила ву хьо?
Мусост. Мусост ву, вевзий хьуна?
Молла. Вай, Мусост хьо ву хIара?
Хьо лела марша-могуш...
Къайле йийца сан йиш яцара,
Хьуна юьйцур ю дукхавезаш.
Тховса буса гIена-кхелах
Вайн дала соьга хаам бира:
Молла, чехка хьуьнах кхачалахь,
Нах цига гуллуш ойлаеш бу.
Иштта веана со кхуза кхаьчна,

Ойланашна тIевоьдуш ву.
Дика ду хьан бIаьрго со лаьцна,
Хьо воьхуш деле, доIа дийр ду.

Мусост. Хьай шайтIа, шайтIа,
Хьо боьха моьлIа!
Кхин ког ма баккха,
Ма-варра, хьо вевзи!
Хьо веана тхо дохка,
ДIаьвше ког ловзийна.

ЧувогIу юха кIегар Хьабиб, стражник Царна тIе тоьпаш лаьцна, богIу Дудий, кхин обаргашший. Вукху агIор, хьалха тоьпаш лаьцна, богIу кхин а обаргаш. Хьабибан, моллин, стражникан, куьйгаш тIехьа доьхку.

Дуда *(Хьабибе)*.
Хьайн коьртан маршо
Хьайна езахь,
Дуьненахь маьрша
Хьайна лела лаахь,
Ахьа чехка омра де,
Стражникаш, юхадовла, алий,
Уьш бахийта бIон некъа тIе,
Обаргаш цигахь бу, алий.

Хьабиб .И дийр дац аса.

Мусост. Ца дахь, вуьйр ву аса. *(Топ лоцу.)*

Дуда. Ала, мохь тоххе.
(Обаргаш вен чIхьаьлхича).
Совца, собар де аша.

Хьабиб. Иван!.. СоIдул!..

Сцени тIехьара мохь: «ХIун бах?»

Хьабиб. Чехкка юха довлий,
БIон некъа тIе шу гIо,
Алексей!..
Обаргаш цигахь бу.
Тхо а шуна тIаьхьа дIадогIу.

Сцени тIехьара мохь: «Дика ду».

Мусост. Тоха мохь вукхаьрга а.

Хьабиб *(вукху агIор мохь туху)*. Ва-а Iабдул!..
Алексей!..

Сцени тIехьара мохь: «ХIун бах ахьа?»

Хьабиб. Чехка юхадовлий,
БIон некъа тIе шу гIо.

Обаргаш цигахь бу,
Тхо а шуна тІаьхьа догІу.

Спени тІехьара мохь «Дика ду».

Молла. Дуда, делах кхера.
Мусост. Собар — ахьа!
Хьабиб. ХІинца аша соь хІун бах?..
Дуда. Хьо кхидІа ца веха. *(Топ тухий, Хьабиб воь.)* *(Стражнике)*. Схьавоьл хьо.
Охьадилла хьайгара герз,
Хьо вуьту оха маьрша,
Хир ю хьан зуда,
Хир бу хьан доьзал.
Паччахьан погонаш ахьа, хьайн цІа а гІой...
(Куьйгаш а достий, цІа вохуьйту.)
Молла. ХІай дела, аса доьху,
Къинхетам тхох бехьа.

Обаргаш моллина чугІоьрту.

Дуда. Собар!
Молла. ХІинца шу со а вен гІерта?
Мусост. Хьо везара цеста,
Кхин хьо хьайн цІа ца леста.
Хьуна валар тІехь дац, молла,
Хьо динан да вац?
Топ а хьуна кхетар яц,
Жайна хьоьгахь дац?
Молла. И деза жайна
Ду соьгахь, дала делла.
Мусост. Уйт, аннаьссиз яІ-кх,
Молла, молла!
Тхо духкуш лелла.
ХІун эхь дара хьан сибатана
Сел боьха ца хилча?
Ахьа халкъан цІий тетти,—
Иза хьайха тешча,
Ерриге а хьан ойла,
Берриге а хьан некъ
Хилла хьайн дегІан тамана
Ахьа арабаьккхина.
И хьуьлла йогІург евзий хьуна?

Чудогlу ПетІамат, Лагий.

Молла. ПетІамат?

ПетIамат. Ю, ПетIамат ю со.
Мусост. Дийца айхьа цунна тIехь кхоьллинарг.
Молла. ХIун дуьйцур ду аса?
Лага. Дийца, вала!
Мусост. Схьадийца!
Молла. Аса ПетIаматана тIехь
Кхоьллинарг харц ду.
Нахала суо ца вала,
Кхоьллина дара.
ПетIамат цIена ю.
Кхунах сайн зуда ян
Суна лиънера.
Мусост. ХIун дира ахьа Лагина?
Молла. Со аьшнашвеш хIара лелча,
Хьераваьла, аьлла, цIе
Аса тиллира, халкъана
Иза бакъ а моьттира.
Мусост. ХIун дина ахьа Калина?
Молла. ПетIамат суна езийла
Калина хаара.
Иза суна новкъа вара,
Хьабибан кера ас и велира.
Мусост. Хьан балийра хIорш кхуза?
Молла. Аса балийра.
Мусост. Хьайна деши а эцна,
Тхо дохка гIерташ
Хьо варий?
Молла. Вара.
Мусост. Iайтта, хьан са даккха!
ПетIамат. Хьайн харц зурма ахьа кхин ца
лоькху.
Кхин ахьа гIийла бай, миска нах
Ца буу, кхин ца хьийзабо,
Халкъана даI хьо ду,
Халкъана дIовш хьо ду,
Хьо а, молла, вуьш санна,
Вуьш а охIланаш, хьо санна.
Берриге а дера лазам,
Лаьхьалла хьо моллица хиллера,
Ерриге а мекхалла, гомалла
Хьоьца хиллера.
ХIара ду хьуна ахь, суна дуьненахь

Цкъа а гIайгIа-бала ца хилийта,
Суна хьо везийта
Даькккхина хьан детин сийлахь
хIайкал.
ХIара ду хьуна, со дакъаза яькккхина.
Нохчийн, гIалгIайн халкъ декъаза
лелийна
Хьан сийлахь, дезийра хIайкал.
*(ХIайкал хьалха а кхуссий, топ
туху.)*

Л а г а. Іуьллург молла вара
Жайна каралаьцна,
Дуьне вайна къахьдина,
Шена иза хаздина.
ХIара а вара, вайн тайпана ву а олуш.
И Іуьллу Хьабиб вара
Мехкан ден кIант,
Сир диллинчу погонех
Паччахьна вай доьхкина,
Иза вара вайн тайпана ву олуш.
Совдегар Тимар ву
Мисканаш бацош,
Иза а ву вайн тайпана ву олуш...
Моллас лацийтина,
Йолчун юуш, йоцчун Іодика еш,
Лелла Кала. Иза а вара,
Вайн тайпана ву, олуш...
Хьо Дуда, и Мусост,
Со Лага, хIара Іохкурш—
Вай дерриге а
Цхьана тайпана дара.
Амма хилла вай
Декъалуш шина тайпане.
Къечу нахана пергIато луш,
Хьанал даха лууш,
Вай—цхьа тайпа.
Вайн цIий муьйлуш хIорш—
Кхин тайпа.

Д у д а. Бакълоь хьо, Лага.

Л а г а. Ерриге а мекхалла, дIаьвшалла,
Харцалла, лаьхьалла, тайпа аьлла цIе
тиллина,

Ерриге а
Шайн куьйга айъина вайна тIе
Тоьхна, хIинццалц вай
Хьийзий кхара.
Дин вайна хьалха
Детташ,
Вайна хьалха девлла, цхьа
Вежарий, цхьа тайпа, тукхам
Вай ду, бохуш, вай дуьгура кхара
Стенга?.. Аса хотту шуьга!
Вай дуьгура кхара — ПетIамат Iинах
Кхосса, хьо сибрех вехка,
Со, шуна ма-гарра, чолакх, заьIап ван.
ТIулгашца сан Мусост вахо.
ГIийланиг, къениг вацош,
Шайна хьал гулда.
Вайн дайх дисина мехкаш
Шайн керадерзо.
Паччахьна вай духкуш,
Погонаш, мидалш охка.
Иштта цу новкъа дуьгура вай кхара.
Дуьгуш а лаьтта, дуьгур а ду,
Нохчийн, гIалгIайн халкъ кхетталц,
ХIора тайпанна, шен тайпа-тукхам,
Тахана вайн тайпа-тукхам санна,
Шина декъе декъалой хаъалц.

Дуда. Хьо бакълоь, Лага.
Ахь дуьйцучун
КIорггера ойла ян еза хIораммо а.
Схьадовла суна тIаьхьа.

ДIабоьлху

ГУТТАР А ЦА ХУЬЛУ МОЛЛИНА МОВЛАД

(Шина декъехь пьеса)

ДАКЪАЛОЦУШ БЕРШ:

Ю ь р т а н к ъ е д а, дешна ваьлла Іелам стаг, 50 шо.
Б а н у, цуьнан зуда, 35 шо.
Г е л а г а, хьацархо, 50 шо.
З а л у б а, гІеххьа вехачу стеган зуда, 30 шо.
І а й ш а т. Залубин маьрйиша, 18 шо.

ДОВЗИЙТАР

Юьртан къеда а волуш волу воккха стаг, шен зудчунна бахама тІехь ницкъ хиларх бехказло а йина, цунна тІе зуда яло гІерташ ву.

Иза зуда яло гІерташ лелачу заманчохь кху юьртара воккха стаг Гелага ша, шен цомгуш зуда а эцна, БуритІа баккхий лоьраш болчу вахарна, шен хоржана оьшу ахча дІадаьккхича, бухадуьсуш долу ткъа туьма ахча, ша цІа валлац, дІадилла дала тешаме кхин стаг а ца карийна, хІара къеда волчу а вогІий, кхуьнга и шен ткъа туьма дІадилла ло.

Гелага БуритІара цІа веача, шена яло зуда лоьхуш лелачу къедано, шега Гелагас ахча дІадехча, дуьхьало йо, ахча дала а ца делла шега, Гелага вовза а ца вевза шена, олий. Шена йина дуьхьало Гелаге ца лало, иза шена къедано йина дуьхьало шен нахе хаийта ца ваьхьа, дов а хилла, цхьа зулам даларна кхоьруш. Цул совнаха, Гелагана къеда суьде вала а ца лаьа, суьдо, молла харц луьйр вац, эр дуйла хууш. Цундела, Гелага шайн эвлара гІеххьа вехаш волу Тимаркъа волчу воьду, цунах дагавала.

Тимаркъа цІахь а ца каравой, Гелага Тимаркъин зудчух Залубех дагаволу. Тимаркъин зуда Залуба сов эсала, дог цІена, хьекъал долуш, чІогІа кхеташ стаг ю. Цунна Гелагах къахета, цо, Гелаган ткъа туьма къеданера схьадаккха цхьа говза хІума дага а догІий, Гелага шайн дехьа чу а лачкъавой, юьртан къедане схьакхойкхуьйту, шен чІогІа гІуллакх ду, олий.

Веана къеда схьакхаьчча. Залубас къеда лево: «Сан цІийнда, Бакох ваханчохь, хьан вийна а ца хууш, вийна. Иза цхьанне а хууш дац. Со жима

йолуш дуьйна чIогIа хьоьга безам болуш яра, хIинца, хьо а зуда лоьхуш ву, бохуш а хезна, сайн хьаьнгга яхана а, маре яха деза дела, хьо Iелам стаг а хиларна, со хьоьгахь бакъахь хеташ, кхайкхийтира-кх аса хьоьга схьа», — олий.

Залубас, ша Гелагаца бинчу бартана, оцу минотехь ца йогIу йовхарш туху. Гелагас, чу а вогIий, къедане шен ткъа туьма схьадоьху, качвелла волчу къедано, Залубина хьалха вазвала, Гелаган ткъа туьма дIало. Оцу заманчохь Залубас, шозлагIа, ца йогIу йовхарш туху — чу эккхий, Залубин маьрйишас, Iайшата, Залубас шеца бинчу бартана: «Тимаркъа цIа вогIу! «Тимаркъа цIа вогIу!» — олий, кхаъ боккху.

Молла Iадаво. Гелагий, Залубий хелхадолу, Iайшата пондар а локхуш.

Хьалхара дакъа

Юьртан къеданан цIа. Нахана дуьхьал ерзийна цхьа неI, цхьа кор а. Кора кIел нар, тIетесна куз а болуш. Цу тIехь юьртан къеда Iуьллу, некха кIел гIайба а болуш, бIаьргех куьзганаш а доьхкина, шена хьалха даржийна Iуьллучу жайни тIе а хьоьжуш, бертал воьжна. ЦIенкъа тесначу истанги тIехь куьйга тегар деш Iа Бану, нахехьа агIо а берзийна.

Б а н у. Суна-м ца хаьа, хIокху тайпана хьоьца муха ехар ю, арахь болх а ас бан безаш хилча, бежнаш а ас Iалашда дезаш хилча. Цу тIе, чуьра гIуллакх а ас дан дезаш хилча... *(Сецца.)* Уьш дан-м хала ца хетара суна, тIеюха бедар а ахь иэцахьара, наггахь жимма самалхадаккха сайн нана йолчу а, лулахошка а яха сайн йиш хилахьара.

Ю ь р т а н к ъ е д а *(Бануга а хьожий)*. Бану!.. Хьуна и алан бен ца хаьа, хьуна моьтту, суна ахьа хьоьгу къа ца хаьа. И бакъ дац хьуна! Гой хьуна, ахь хьоьгу къа хаа а хиъна, хьо цу балех хьалха муха йоккхур яра-техьа, бохуш, чIогIа ойланаш еш вара со, хIинцца дукха хан йоцуш цхьа хIума дагадеана ву со, и хоьга дIахаийта а ца хIуттуш, хьох къахеташ, хIокху хене валлац схьавеана со; хIанца и суна дагадеана гIуллакх дан ахь суна пурба лахь, хIокху сохьта ас хьоьга дуьйцур а ду, ас и дича, хьан гира ах мохь охьа а боьжна, хьо айхьа бохург дан паргIат а хир ю.

Б а н у *(тегар а дуьтий, шен майрачуьнга а хьожий)*. Со-м ахь бохург ца дича ер яц, хьан зуда ю бохуш яц со? Ас-м пурба дели хьуна, дийца ахь хьайна дагадеана гIуллакх схьа.

Ю ь р т а н к ъ е д а. Хьажал хьо, Бану, хьан хьайн а вайн ловза даханчу берах санна, сан хьох а лозу дог; хIокху вайн цIийнан дукъ ахь айххьа леладарна. Цу тайпана сайн

хьох чIогIа дог лозу дела, хьуна тIе зуда яло дагадеана ву со, цундела хIинца хьуна коч а, кхин йолу тIеюха хIума а ца оьцуш, сайн карадеана ахча тIе-кIел а дуьллуш, и гулда гIертара со; цунах ахча гулдалар а ца хуьлу-кх, ялоза ца йолу зуда ялош дайа.

Б а н у *(нахана тIе а йоьрзий)*. Эй, вайн тIорказ чохь Iуьллург-м дахка хилла хьовзахьара, хьан хIиллий, аьшпаш-м ца бевзаш яцара со...

Ю ь р т а н к ъ е д а. ТIаккха а кхин цхьаъ ду хьуна: ши зуда атта вовшашца тарлуш ца хуьлу дела, тIеялийнчу зудчух хьуна бала ца хилийта, цхьа хIума а ду суна дагадеана, хIун ду и аьлча, жеро а ца ялош, йоIстаг ялаяр, со къена велахь а. ХIунда? Жеро дукха хууш хуьлу дела, шен марехь а Iийна, массо тайпа гIуллакх довза а девзина.

Б а н у *(шен цIийндега а хьожий, халахетарца)*. Ма алахьа тIе зуда ялор ю, ма яккхахьа со, и дай, паргIат! И дан пурба ас-м ца ло хьуна, суна-м, хьо хьуо сайна накъосталла дан воллу, моьттура. *(Сецца.)* ХIоккхул холчохь йолу со, хIинца, и а дай, дог ма иэшадехьа сан, хIинццалц санна, ас айса дер хьуна вайн цIийнан гIуллакх. Ахь айхьа ма-бахьара, сох къахетахь и ца деш, кхин хьайна луъург дехьа!

Ю ь р т а н к ъ е д а. Бану! *(Бануга а хьожий.)* Хьо иштта холча а ма хIотта, и ца дича дер доцуш ду. Сан йиш яц, вайн белхаш тIехь хьуна ницкъ а беш, хьан къа сайх лато, хьуна накъосталла дан а сан йиш яц; хьуна ма-хаъара, сох юьртан къеда вичхьана, хIор денна бохург санна, юьртан гIуллакхаш деш лела со, ткъа буьйсанан заманчохь далла гIуллакх до ас. Иштта мукъа воцуш волчу ас — хьуна накъосталла а муха дийр ду? ГIуллакх иштта хилча, кхин зуда ца ялош а муха Iийр ву? Хьуна моьтту хир ду, хьайна тIе ас зуда ялош хилча, ас и езаш ялайо, и-м бакъ дац хьуна. ВаллахI дера, бакъ ма ду, сан хIокху вайн юьртахь, хьой, кхин цхьаъ йоцург, безам а болуш кхин зуда ма ца хилла.

Б а н у *(корта охьа а бохуьйтий, къинхетаме)*. ХIун дийр ду хьуна, и даза ца Iан воллу-кх хьо, со йоцург а, хьан безам болуш кхин зуда хилча-м муххале а.

Ю ь р т а н к ъ е д а. Важа-м хIинца нахехь марехь ю. Бакъду, тохар а, хIинца а, и, марехь йоллушехь, суна кIезиг а езаш-м яц, хIунда аьлча, и хьекъал а долуш, дикка дика стаг йолу дела.

Б а н у. Хьаьнгахь ю и марехь?

Юьртан къеда. Лакххьарчу Тимаркъехь ю-кх...

Бану. ЦIе хIун ю цуьнан?

Юьртан къеда. Цуьнан цIе дера ю Залуба.

Гелага, чу а волий, наьIарехь соцу.

Гелага. ХIей, цIахь дуй шу?

Бану, хьала а гIоттий, неIарехьа йолало.

Юьртан къеда. Да, къурIанора, тхо-м цIахь. *(ХьалагIотту.)*

Гелага *(тIе а волалуш)*. Ассалом Iалайкум!

Юьртан къеда *(куьг а кховдош)*. Ва Iалайкум салом, марша вогIийла хьо.

Бану. Марша а вогIийла хьо!

Гелага. Маршалла хуьйла шуна а.

Ший а охьахоу, Бану ирахь лаьтта.

Юьртан къеда *(бIаьргех дохку куьзганаш дIа а дохуш)*. Ахь хIун леладо, хьо лаа лелий?

Гелага. Дер со-м хьоьца цхьажимма гIуллакх долуш ма веара. *(Банука а хьожий, юхахьожу, шена и новкъа хиларан сурт хIоттош.)*

Юьртан къеда. Бакъахьа веана хьо-м. *(Банука а хьожий.)* Ялол Бану, арахьажал, татанаш ма хеза суна.

Бану. Со-м бежнашка хьажа дезаш а яра. *(Арайолу.)*

Юьртан къеда. Схьадийцал хьайна, Гелага, айхьа деана гIуллакх.

Гелага. ГIуллакх муха ду аьлча, хьуна хьайна а махаъара, тхан зуда ю-кх, кхо-диъ шо хьалха дуьйна, цамгаро лаьцна, вайн наха лоьралла леладарх, цхьа а тайпа паргIато а ца хуьлуш. Цу зудчух а, цуьнга ладоьгIуш Iечу тхешан берех а къа а хетта, и БуритIа, баккхийчу лоьрашна тIе йига дагахь, цхьа шо хьалха дуьйна схьа айса а, тхайн доьзалца а бинчу балхах ахча а оьцуш, цуьнга терра сов йолу бежна а юхкуш, иштта и тIекIел а дуьллуш, гулдина ахча ду сан. ХIинца оцу ахчанах лоьрашна дала дезарг а, некъан харж еш дайа дезарг а дIадаьккхича, буха ткъа туьма дуьсу сан, и бухадуьсу ткъа туьма, со цигахь хьелур волу дела, цига дахьа а ца лууш, цIахь сайн кегийчу доьзалшкахь дита а ца ваьхьаш, сайна, цIа веъча, цхьа дика вордий, алаший оьцур яра-кх ас, аьлла, и ткъа туьма, со цигара цIа валлац, Iалашда тешаме стаг лийхира ас; хIокху вайн эвлахь цхьа а, со тешаш стаг кара а ца

вина, кхана сайн цига дIаваха деза дела, цIеххьана хьо дага а веана, юьртан къеда а волуш, ша дешна а ваьлла, Iеламстаг а ву-кх иза, аьлла, массарел тешаме хьо а хетта, хьоьга лур ас и ахча Iалашда, аьлла, иштта и гIуллакх дахьаш веара-кх со хьо волчу.

Юьртан къеда. Гелага! Дика гIуллакх ду хьуна дагадеънарг. Иштта къахеташ хилча дика ду шен зудчух, дала хьалха йоккхийла и цу цамгарх, тIаккха а дика хета суна, со ахь нахалахь тешаме харжар а. ХIинца, ахь боху гIуллакх дан-м хIумма а хала дац, ван а ву хьуна, Гелага, со, хьуна а, нахана а ма-хеттара, тешаме, сийна стигал а, Iаьржа латта а санна. Дита мегар ду хьуна ахь хьайн ахча соьгахь, хьо цигара цIа кхаьчча, дIаиэца бен ца дезаш, кийчча соьгахь а карор ду хьуна иза.

Гелага. Хьо иштта тешаме а, дика стаг а хеташ, веана со-м *(киснара ахча схьа а доккхий)* хьоьгахь хIара ахча дита. *(Ахча дIакховдадо.)* ХIокху кехата юккъехь ткъа туьма ду хьуна, хIара сов долу кхо сом, сайн зудчунна тIера, хьуна сагIина ло ас, тIаккха, доIа дар тIе а дуьллу ас хьуна.

Юьртан къеда. ХIокху дуьненахь массо а хIуманна ницкъ кхочуш а волчу, сийлахь а волчу, вайн АллахI цIе йолчу дала хьуний, хьан доьзалшний тIера сагIа дойла ахь суна делла кхо сом ахча, цул совнаха, оцу везачу вайн дала некъ а нисбойла шун БуритIа дIадаха а, цIадахка а, сан даго ма-бохху.

Гелага. Дела резахуьлда хьуна а. *(Хьала а гIоттуш.)* Делахь, со-м дIавоьду...

Юьртан къеда *(хьала а гIоттуш)*. Делахь гIо хIета, доIина са а ма гатде, и-м ас, дела-денна бохург санна, дийр ду.

Шиммо а куьйгаш ло.

Гелага. Марша Iойла хьо.

Юьртан къеда. Маршалла лойла дала. (Гелага дIавоьду.)

Юьртан къеда *(хьалхалеррачу метта охьа а хууш, бIаьргех куьзганаш дIадухкуш)*. ХIинца-м оцу Накъин алах хилла чим хир бара сан хьешан ахчанах, оцу веза хилла волчу сийлахь цу дала дийна цIа ма воуьйтийла и цу БуритIара! АллахI цIе йолчу дала хIаллаквойла и кху дуьненара! *(Сецца.)* Ирс долуш ца хилча а пайда бац, хIинца-м хала, къорIанор, дацара, цхьаъ хьовха, шиъ зуда яло а!.. *(Сецца.)* Делахь,

хIинца хIун дича бакъахь дара-техьа ас: и цIа варе а ца хьоьжуш, чехкка сайна зуда ялийча хIун дара-теша я, и цIа варе а хьожуш, сайна жимма мега йолу зуда а лохуш, ладоьгIча хIун дара-теша? *(Сецца.)* Ахчанах-м ирх-охьа а ваьллера иза, делах шайтIа санна. Къанъелла тодакх.

Кура йовхарш а тухий, можах куьг хьокху.

К и р х ь а

ШолгIа дакъа

Залубин цIахь, цхьа неI. Аьтту агIор лаьтташ стол, тIехь самовар а, кIезиг пхьегIаш а йолуш. ЦIенкъа тесна куз, чухула цхьацца дезарш деш хьийза Iайшат, стоьл тIехь пондар. Чуйолу Залуба.

З а л у б а *(еларца)*. ЙоI, дукха-м ца хьеели со?

I а й ш а т *(еларца)*. Дикка хье-м елира хьуна хьо, мичахь яра хьо ян мукъана а, Залуба?

З а л у б а *(стоьла тIе а йоьдуш)*. Со-м тоххар цIа кхаьчна хир ярий, эцца схьайогIуш новкъахь цхьа зударий а кхетта, цара цхьацца дуьйцуш, лаьттира-кх. *(Охьахоу.)*

I а й ш а т *(нуй схьа а оьцуш)*. ХIун дуьйцура цара?

З а л у б а. Вайн Николай паччахьан кIант вара вуьйцург.

I а й ш а т. И-м суна хезнера, кхин хIун дийци аша?

З а л у б а. Кхин вайн юьртан къеда вуьйцура-кх, чIогIа зуда яло гIерташ ву, бохуш.

Стоьла тIера схьаоьций, тегар до.

I а й ш а т *(нуй а хьокхуш)*. Цу къанделлачу гужуме мила гIур яра, кхуо хIун леладо? Къанделла бирдолаг, шегахь йолу зуда а кхобуш, Iадда шен цIахь ца Iаш...

З а л у б а. Зуда-м ялоза дер ца Iара нах, къена хилча а.

I а й ш а т *(саца а соций)*. Ва Залуба! Хьо кхуза маре яле, хьуна тIе хьийзаш а вацара и?

З а л у б а. Вара дера-кх, чIогIа со йига дагахь-м. Ас и тIехьийзавар-м цуьнан дог ца иэшо дара, делахь а цунна-м, со шега йогIур ю, моьттура.

I а й ш а т. Цо-м кхепа даахьара! Вайн ваханчуьнан хабар ца хези хьуна?

З а л у б а *(тегар а дуьтий)*. Дер ца хезн-кх, йоI, ша хьасттагIлера доцург-м.

І а й ш а т. Ва Залуба! Ламалера де дуй цо, цІа кхочу ша, аьлла, хабар даийтинарг?

З а л у б а. Ламалера де-м дер дара и. ЙоІ, хьастагІа а ойла еш Іийра со, ма доккха хІума ду и, сан майра ву и, хьан ваша ву и, хІетте а цхьабосса цунна сагатдо-кх вайшимма, иштта цхьабосса хьашт а ду вайшинне иза. (*Елало.*)

І а й ш а т. Дера ду хІета. (*Елало.*)

З а л у б а (*цец а йолий*). Собардел, вайн уьйтІахь цхьа татнаш-м до, ялохьа, йоІ, хІун ду хьажахьа и.

І а й ш а т. И мила хир вара? (*Ара йолу, нуй охьа а буьллий.*)

З а л у б а. Вац-техьа иза сан цІийнда. Ма суна ша санна, со шена езахьара, цхьа а де-буьйса ца лоруш, чехка цІа во-гІур вара и.

І а й ш а т (*чу а йолий, неІарехь а соцуш.*) Иза-м Гелага ву, Тимаркъа цІа веаний, бохуш.

З а л у б а. Схьачувола, алахьа, хІун гІуллакх ду-техьа цуьнан дан мукъана а?

І а й ш а т. Суна-м ца хаьа, вуьшта ас Тимаркъа цІа ца веанийла-м хайтира цуьнга.

З а л у б а. Делахь а, схьачувола, алахьа.

І а й ш а т. Олу ас. (*Ара йолу.*)

З а л у б а. Деллахь, юьртан къеданна зуда а карийна, и еха баха вовшахкхеташ баций-техьа хІорш?

ЧувогІу Гелага, тІаьхьа Іайшат а йолуш.

Г е л а г а. Дика мел дерш!

З а л у б а (*тегар стоьла тІе дуьллий, дуьхьал йолалуш*). Диканца дукха вехийла хьо а, марша а вогІийла хьо. ДІанехьа а валий, охьахаахьа.

Г е л а г а (*гІанта тІе а воьдий, охьа а хууш*). Чувеанчьра, жимма охьалахло со.

З а л у б а. Дер лахло хІета.

Іайшат а, Залуба а ирахьлаьтта.

Г е л а г а. Со-м дера, Тимаркъа цІа веана хир ву, моьттуш, цунах жимма цхьана хІуманна дагаваьр, аьлла, ма веанера; хІинца а и цІа ваза ву, аьлла, кху йоІа а элира соьга. Деллахь, ма цІахь хила везара и, ма доккха гІуллакх дара сан цуьнца дан-м ткъа!

З а л у б а. Деллахь, и хІинца а цІа ваза а ма ву, вуьшта ас дича мегар долуш гІуллакх и делахь, со а хьожур ма яра хьуна цу гІуллакхе-м.

Г е л а г а. Дер, зударшка а хIума хатта, бохуш ма ду вайн баккхийчу наха олуш, и ца хилча а, хатта мегар дара хьоьга-м, хIунда аьлча, жима йолуш дуьйна хьуна наха, кхеташ а йолуш, дика стаг ю, олу дела. Делахь хьоьга дийцича а мегар ду ас и, зен-х дер даций хьох. *(Новкъа юйла хоуьйтуш, Iайшате хьожу).*

З а л у б а. Ялохьа, йоI, хьо цкъа араялахьа.

Iайшат арайолу.

Г е л а г а. Ирахь а ца лаьтташ, охьахаал хьо, ас дуьйцу хьуна сайн гIуллакх-м.

З а л у б а, гIанта тIе а йоьдий, охьахоу.

Г е л а г а. Хьажал хьо, Залуба, хьуна ма-гарра, воккха стаг ву со, суна эхь ду харцдерг дийцича. Ас бакъдерг дуьйцур ду хьоьга, гой хьуна, со сайн зуда эцна БуритIа воьдучу заманчохь, цига дIай-схьай некъаний, лоьрашний дала дезарг доцург, бухадуьсу ткъа туьма ахча дара сан, ас а, сан доьзалша а, хьацарна пIелг а хьоькхуш, халла гулдинчу ахчанах. И ахча, цIахь сайн доьзалшкахь дита а ца ваьхьна, цара эрна дайарна кхоьруш, со цигара цIа валлац цхьаллиг-цхьаъ и ткъа туьма Iалашдан тешаме кхин стаг а ца карийна, вайн юьртан къеда а ву-кх, цунах а ца тешна, хьанах тешар ву-кх, аьлла, и ахча цуьнга деллера ас. Со цIа веъчхьана сайна цхьа алаший, вордий оьцур ас, аьлла. ХIинца цо и ахча суна схьа ца ло, ас шега дала а ца делла, я со вовза а ца вевза шена, бохуш. ХIинца, цуьнга и схьадеха эха кIорда а дина. Сайн нахе хаийта а ца ваьхьа, цара, цуьнца тIом а бина, цхьа бохам барна кхоьруш... *(Сецца.)* Суьде велча... суьдо а и кIелхьаравоккхур ву, молла харц луьйр вац, аьлла, тIаккха сан ткъа туьма дов. Цундела, хьан цIийндех Тимаркъех дагаваьр со, аьлла, веара-кх со кхуза... ХIинца и цIахь воцу дела, хьох дагаволу-кх со, Залуба, со цо холчахIоттаварна, айса хIун дийр ду ца хууш.

З а л у б а. Даллане а ца делла шега, боху цо, и ахча? Я, жимма собарде, боху?

Г е л а г а. Мичар, мичар, «жимма собарде» бохура цо! Ас боху ца хеза хьуна? Дукха керста чIогIа дарна, со вовза а ца вевза шена, и ахча ас дала а ца делла шега, боху-кх.

З а л у б а. ХIета, иштта боху-кх цо иза, собарделахь. *(Охьа а таьIий, ойла а йой.)* А! Суна хаьа цунна дан дезарг, и ахча схьадолу агIо-м.

Г е л а г а (*хаза а хеташ*). Хьайн делан дуьхьа, боккъал а бохий ахь? ХIун ду и, дийцахьа.

З а л у б а. Мухха а, хьан ахча схьадолу агIо ю хьуна и-м, хIинца ахь хIун дей, Гелага?

Г е л а г а. ХIун де ас?

З а л у б а. Хьо, тхан дехьа цIа чу а валий, саца, ас хIокху сохьта цу къеде схьакхойкхуьйтур ву, и схьаверъчхьана, хьоьга а кхойкхуьйтур ву кху чу схьа, тIаккха ахь со а йолчохь хьайн гIуллакх хьахо деза, хьуо леррина цу къеданца гIуллакх долуш веана сурт а хIоттош.

Ший а, дела а къежаш, хьалагIотту.

Г е л а г а. И-м хала ма дацара хIета, делан дуьхьа, цхьа гIуллакх ца хир-теша кхунах?

З а л у б а. Цхьаъа-м ирх а охьа а хир ду хьуна кхунах.

Гелага араволу, Залуба, стоьла тIе а йоьдий, тIе куьг а дуьллий, дIахIутту.

Делан дуьхьа, ма къа ду-кх цу мисканан дан-м ткъа, хIуъу дина а схьадаккха хьожур ю со цуьнан ахча.

Чуйолу Iайшат.

I а й ш а т. Гелага, вайн дехьа чу а ваьлла, охьа ма хии? Цо хIун леладо?

З а л у б а (*еларца Iайшате а хьожий*). И-м тIаьхьа хуур ду хьуна, цо хIун леладо-м, йоI, хала делахь а, хьайца цхьа бер а даккхий, яха а гIой, вайн юьртан къедане ас схьавола боху алахьа; хIокху сохьта, хIокху дуьненахь кхин хила йиш йоцуш сан доккха гIуллакх ду цуьнца, алий, цунна шена пайдехь а долуш.

I а й ш а т. ХIун ду и, ва Залуба?

З а л у б а. И-м вайна зен долуш гIуллакх даций, яло-хьа.

I а й ш а т. Со-м йоьду хIета. (*Арайолу.*)

З а л у б а (*тегар до*). Делан дуьхьа, дешна а ваьлла, хьекъал а долуш, Iелам-стаг а ву иза, со дан гIертарг чекхдаьрий-теша цуьнца? (*Сецца.*) Масане хуьлу стаг хьекъал а долуш сонта, дала а мега сан иза чекх.

Жимма Iийна чуйолу Iайшат.

I а й ш а т. Залуба! (*Залуба цуьнга дIахьожу.*) И вайн кетIахула тIехволуш карийна, саца а вина, ахь сайга ма-аллара дIа-м эли ас.

З а л у б а. СхьачувогIий и ткъа?

І а й ш а т. И-м схьачувогІуш вара ас, чоь боьха ю, чу нуй хьаккхалц, собарде а аьлла, арахь ву-кх.

З а л у б а. Дика ду, ахь и иштта сацийна, ахь хІун дийр дай, йоІ? Ас цуьнга хІуъу дийцича а, ІадъІелахь, и ле а вина, цуьнгара Гелаган ахча схьадаккха хьовсур дара вай.

І а й ш а т. И муха лелур ву, и-х, дешна а ваьлла, воккха стаг ву?

З а л у б а. И-м гур ду хьуна, ахь хІун дийр дай? И чувеанчул тІаьхьа, хІокху вайн неІарера дІа а ца йолуш, ладьгІуш лаьттар ю хьо, хьалха ас йовхарш йича, вайн дехьа чуьра Гелага схьа чу воуьйтур ву ахь, шозлагІа ас йовхарш йича, вайн вахнарг цІа вогІу, аьлла, кхаъ боккхучу тайпана чуиэккхар ю хьо! Хезий хьуна, йоІ?

І а й ш а т. Хеза.

З а л у б а. ХІинца дІа а гІой схьачуваийта иза.

Іайшат арайолу. Жимма Іийна чуволу къеда. Залуба хьалагІотту.

Ю ь р т а н к ъ е д а *(хаза а хеташ.)* Дика мел дерш хІокху чу.

З а л у б а *(еларца)*. Диканца дукха вехийла хьо а! Ма дика ду хьо вогІуш, дела ва хьо марший, могушший!

Ю ь р т а н к ъ е д а. Маршалла лойла дала!

З а л у б а. Схьанехьа вала, охьахаа...

Ю ь р т а н к ъ е д а *(веларца, тІедерзийнчу гІанта тІе охьа а хууш)*. Ахь аьлларг дан-м со миччахьа а вогІур вара, Залуба!

З а л у б а *(синкъераме, ирахь лаьттачохь)*. Дер тохар со жима йолуш дуьйна схьа а ахь айса аьлларг дийр ду моьттуш-м со суо а ма ю хьуна!

Ю ь р т а н к ъ е д а. Суний, тІерачу даллий-х хаьий и! *(Кура йовхарш туху.)*

З а л у б а. Ас хьоьга хІунда кхайкхийтарий схьа? *(Соцу.)*

Ю ь р т а н к ъ е д а. Схьадийцал ахь, сеца а ца деш! *(Толо.)*

З а л у б а. Делан дуьхьа, эхь а ма хета суна-м хьох, дуьхьал а хІоьттина, и хьоьга дІадийца.

Ю ь р т а н к ъ е д а. Хьайн делан дуьхьа, Залуба, ас доьху хьоьга, эхь а ца хеташ, хьайн дагахь дерриг схьадийцар, охьа а хаий, хаза парггІат...

З а л у б а *(охьа а хоий)*. Делахь, хьох долу эхь-бехк дала лоьрийла! Со хьоьга тІаьххьар а алаза ца яьн ерг хІинца ала ас хІета?

Юьртан къеда. Алал ахь, эхь а ца хеташ...

Залуба. Цхьаьнгга а хIара гIуллакх ца дийца суна дош ло-кх ахь?

Юьртан къеда. Дош-м ца хаьа суна, хьайна лаахь, дуй а-м дер буур бу. Петарбухе кхаччалц!

Залуба. Иштта ахь аьлча-м, со хьох теша, дуй ца биъча а...

Юьртан къеда. Теша мегар а ду хьуна сох-м, сийна стигал, Iаьржа латтий санна, тешаме ву хьуна со-м!

Залуба. Хьажал хьо, сан цIийнан да, хьуна а ма-хаъара, Бакох вахана вара, суна башха везаш а вацара и, и цигахь, хьан вийна а ца хууш, вийна, цунна тIе кхаьчна Органал дехьара цхьа стаг; цуьнан коьртара куй а бахьаш, со йолчу и вийнийла хаийта веанера. ХIинца а и гIуллакх цхьана а кху эвларчу стагана хаа а ца хаьа, ас ца хаийтина дела; ла а доьгIна, хIума дер ас, аьлла.

Юьртан къеда *(та а луш)*. Хьан даша юккъе а экхий, ала ас: маца хилла и гIуллакх?

Залуба. И вийна-м тахана ши кIира кхаьчна...

Юьртан къеда. Дала гечдойла цунна. *(Сецца.)* Вай долчохь БердакIелхьара стаг а вац, вуьшта, бакъдерг аьлча, дика стаг вацара хьуна и хьан майра, Залуба, хIунда аьлча, цкъа а молланашна хIума ца лора цо, хьуна и хала а ма хета-кх...

Залуба. Суна, ахь цунна хIуъу аьлча а, хала ца хета хьуна, и сайна вон а хилла дела, тIе, сайн цуьнгахь безам а ца хилла дела.

Юьртан къеда *(толуш, курра йовхарш а тухий)*. ТIаккха? ДIадел ахь хьайн къамел!

Залуба. Гой хьуна, хьо а зуда яло гIерташ ву, бохуш а хезна, тохар, со цIахь йолуш, ахь сайга бинчу бегашех хIинца а хьан сайгахь, мелла хилла а, цхьа безам хила мегара-кх, аьлла хеташ, хIинца сайна маре яха паргIато йолуш лаьтта дела, *(къеда тало)* хьо наха дика цIе йоккхуш Iелам-стаг а хилларна, со хьоьгахь бакъахь хеташ, хьо сайна тохар хьалха дуьйна а везна дела, ахь сайх хьайн зуда йийр яцара-техьа, аьлла, ма кхайкхийтира ас-м хьоьга схьа. *(Йовхарш туху.)*

Чехкка чуволу Гелага.

Гелага. Ассалом Iалайкум!

Къеда а, Залуба а хьалагIотту.

Юьртан къеда. Ва Іалайкум салом, марша вогІийла хьо, Гелага.

Шиммо а куьйгаш ло.

Залуба. Марша а вогІийла хьо!

Гелага. Маршалла хуьлда шуна а!

Залуба. Охьаховшийша. *(Залуба ирахь лаьтта, важа шиъ охьахоу.)* ХІун хьал ду шуьгахь, Гелага, могуш дуй шу?

Гелага. Ду тхо-м могуш, шу а деца, Залуба, могуш?

Залуба. Дер ду-кх, хІокху сохьта-м тхо а могуш.

Гелага. И дика ду, боккъалла а, тІаккха, Тимаркъин дуй хабар?

Залуба. Дер, хІокху сохьта-м кхин башха хабар а ма дац цуьнан.

Юьртан къеда *(курра йовхарш а тухий, можах куьг а хьокхуш.)* Шун даша юккъехула ала ас, Гелага, хьо мукха кхечи кхуза? Ахь хІун леладо?

Гелага. Со-м дер шуьга воьдуш ма вара.

Юьртан къеда, вухий, бІаьргаш а къарзабой,
сихха юха велакъежа.

Цхьана стага хІокху ЗалубагІаьрга вогІуш гира шена а аьлла, хьоьца и ахчанан гІуллакх хІинца а хьахор ас, аьлла, ма веара со-м кхуза.

Юьртан къеда *(велакъежа)*. И ахь Іалашде аьлла, БуритІа воьдуш, соьга делла ткъа туьма дуй иза?

Гелага *(гІийла)*. Да-те и ткъа туьма...

Юьртан къеда *(велакъежа)*. ХьастагІа а ахь хьахийча а, ас сайгахь, керахь ахча доцу дела, цхьацца бегаш бира хьоьга, и ткъа туьма-м дІадала хала дац *(кисана куьг а Іуттуш.)*, ахча-м вайгахь шортта ду, тІе, вай даллалц оьшур а дац. *(Ахча, схьа а доккхий, дІакховдадо.)* Гелага, къинтІера ваьллахь суна ас хьайца бинчу бегашна.

Гелага *(ахча схьа а оьцуш)*. КъинтІера-м муххале а дер вер вара со хьуна. *(Ахча кисана дуьллу.)*

Юьртан къеда *(Гелаган белшах куьг а тухуш)*. ХІа-хІан, дукха вахарг, хІинца хьо, хьайн кхин гІуллакх дацахь, дІагІо хьайна, тхойшиннан жимма къамел дара дан дезаш.

Гелага. ХІинца-м дІавахча мегар ду со.

Ший а хьалагІотту.

Залуба. Къамел-м парггІат деш Іийр дара тхо, хьо дІа ма гІохьа, Гелага. *(Йовхарш йо.)*

Чехкка чуэккха Іайшат.

Іайшат (*йоккхаеш*). Залуба! Залуба! Тимаркъа цІа вогІуш лаьтта!

Юьртан къеда (*цец а волий*). ХІахІ? ХІун бахара ахьа?

Залуба (*хаза а хеташ*). Хьайн делан дуьхьа, баккъалла а бохий ахь?

Гелагас, бете куьг а лоций, шен велар сацадо.

Іайшат. Дер боху хІета, дукха баккъалла-м ас и.

Юьртан къеда, дог кІадделча санна, ша лаьттачу гІанта тІе охьа а хуий, аркъалвоьду.

Залуба (*хазахеташ*). Мичахь ву и, йоІ?

Іайшат (*арахьа пІелг а хьажабой*). ХІоккхуза вайна хьалха нахаца лаьтташ ву-кх...

Гелага, хьалха санна, воьлуш лаьтта.

Залуба (*Гелаге а хьожий*). ХІокху дуьненахь тахана санна сакъераделла дац-кх сан, Гелага. (*Іайшате а хьожий.*) Майра цІа вогІуш а ца яьлла, хелха маца ер яра со? Ялохьа, йоІ, со хелха яллац пондар лаккахьа.

Іайшат (*стоьла тІе а йоьдуш*). Тахана-м суо лийр елахь а дер (*пондар схьаоьцу.*) локхур бара ас хІара. (*Локху.*)

Залуба хелхайолу.

Гелага (*хазахеташ, ша лаьттачохь мохь а тухий*). Іай, гор дика бал яІ-кх! (*Сецца жимма Залубас хелхар динчу хенахь.*) Делла-м тхо цхьадерш а ца Іохку хьуна. (*Юкъата-салой, Залубица хелхаволу.*)

Юьртан къеда (*доккха са а доккхуш, шен голаш тІе куьйгаш а тухий*). Везан дела, хьуна бу-кх хастам.

Залубий, Гелагий хелхарна юккъе даьллачу хенахь юьртан къеда, цецволий, цаьрга а хьожий, чехкка хьалаэккхий, цхьана маьІе а волий, ша хелхаволу.

Залуба (*соций, куьг а ойий*). ХІа-хІан! Собардел цкъа массара!

Хелхарш а сацадо, пондар а сацабо.

Юьртан къеда. ХІинца хІун бах ахь? Айхьа данза хІун дисина аьлла хета хьуна?

Залуба (*юьртан къедане хьожий*). Ас дер бах, со-м сайн вайна боху цІийнда цІа вогІу дела, и хазахеташ, юьйлура хелха. ХІара Гелага-м шен цкъа а схьа ца даьндолу ткъа туьма ахча хьоьгара схьадаьлла, хазахеташ, вуьйлура хелха? Хьо хІунда вуьйлу хелха? Хьуна хІун хазделла?

Юьртан къеда *(хаьн тIе хIоттийна ши куьг а долуш)*. Со, къорIанора, вуьйлу хелха, шу делах девллачу адам-йилбазашна дукха хааро суо ца вуьйш, хIокху хьол тIехь дийна висарх воккхавеш.

Юьртан къеда воцург, берриш буьйлу, куьйгаш вовшах а детташ.

Кирхьа.

МАРХА ДОСТУ ДЕ

(Ялх суртехь пьеса)

ДАКЪАЛОЦУШ БЕРШ:

Хьаьдид, шайх, ехха кIайн маж а йолуш. 60 шо.
Дакки, Хьаьдидан мурд, цIен а волуш, даима «дец» а бохуш. 40 шо.
Жонсаркъа, Хьаьдидан мурд, корта агIор туьйсуш, хабар а дуьйцуш. 40 шо.
Бесират, Жонсаркъин зуда. 35 шо.
ВахIаб, Хьаьдидан мурд, букар а таьIна, толкха а волуш. 45 шо.
Султан. Хьаьдидан кIант, молуш а волуш. 28 шо.
Салаудди, Султанан доттагI, гIехь таро йолчу ден кIант. 26 шо.
МоIсум, совдегар. 50 шо.
Жунид, совдегар. 40 шо.
Йоккха стаг, сагIадоьхург. 60 шо.
Секретарь, (комсомолан ячейкин) 21 шо.
Мовлид, комсомол. 22 шо.
Дауд, комсомол. 21 шо.
Хьасан, комсомол. 22 шо.
Баудди, комсомол, молуш а волуш. 22 шо.

ГIо деш берш: ахархой, зударш, комсомолаш.

1-ра сурт.

Кирхьа хьаладахийтале сцени тIехьа салт дуьллу хеза. Ураман некъ, сагIа доьхуш Iен йоккха стаг, нахана тIе а йирзина... Аьтту агIор, пхьаьрсах тесна деса гали а долуш, чуваьлла ахархой, гехь мархин саьхьаш чохь ах гали а доллуш, аьрру агIорхула чуваьлла ахархой, сцени юккъехь дуьхь-дуьхьалкхета.

Хьалхарниг. Марха къобалдойла, Жаби, хьегна къа а мел яздойла!

Шозлагlниг. Хьан а дойла и, Хамбетар, марха къобал, яйна хало а дала мел язйойла!

Хьалхарниг. Массеран а дойла иза... Ахь хlун до? Хьо стенга воьду?

Шозлагlниг. Вайн моллина хlара мархин саьхьаш эцца воьдура-кх... Бераш цlахь а ца хилла... хьо а вогlу цхьанхьара-м?

Хьалхарниг. Со а дера... Мила вара иза? Цlе йицло суна цуьнан... и вайн седа-жайна хьожуш верг?

Шозлагlниг. Шихмирза бахий ахь?

Хьалхарниг. Бах-те, Шихмирза, цунна саьхьаш эцца вахана вогlура-кх, моллина-м саьхьаш lуьйрре зудчуьнга дlадахьийтинера ас.

Шозлагlниг. Бакъахь ду! Бакъахь ду... Шихмирзина а, моллина санна, дала догlу саьхьаш. Наха тlаьххьара а дика стаг хир ву-м олу цунна.

Хьалхарниг *(велакъежарца, эсала)*. Дера, иштта наха ала-м олу цунна иза.

Йоккха стаг. Лойша сагlина хlума, таханлерчу кху дезчу дийнахь.

Хьалхарниг (*кисана куьг lуттий, схьадоккхий, ахча дlа а кховдош)*. Хlара шай-м дара хьуна, йоккха стаг, кхин хlума яц-кх соьгахь...

Йоккха стаг. Къобал сагlа хуьлда хьан хlара! Къобал сагlа!

Шозлагlниг. Йоккха стаг, ахчанах хlума со йоцуш ву хьуна. Юха вогlуш, хьо сайца ягlахь, ас юзор-м яра хьо....

Йоккха стаг. Баркалла хьуна, сан ваша, баркалла хьуна.

Шозлагlниг *(хьалхарчуьнга)*. Хlан, дlавала, со цкъа цига гlой вола?

Хьалхарниг. Дlавало хlета.

Куьйгаш а лой, дlа-схьа къаьста. Аьтту агlорхьара аьрру агlор йоьду ши зуда, гехь галеш а дохкуш.

Хьалхарниг *(чуйоллушехь)*. Ватта, ахьа ца дина тахана хьовла?

Йоккха стаг. Лойша сагlина хlума.

Шозлагlниг. Дер ца дина хlета. Ахь-м тахана боху,

хIокху пхеа-ялх шарахь а-м ас хьовла... Дийр дара, хьан санна, сайн йиш хиллехь-м.

Ший а къайлайолу. Гехь гали а долуш аьтту агIорхьара чуваьлла ахархой, карахь деса гали а долуш аьрру агIорхьа чуваьлла ахархой дуьхь-дуьхьал кхета.

Хьалхарниг. Марха къобалдойла! Хьегна къа а мел яздойла!

ШозлагIниг. Хьан а дойла марха къобал, яйна хало а дала мел язйойла.

Хьалхарниг. Массеран а дойла иза, хIинца-м атта бийр бара вай вешан белхаш, Къайсар, хих а ца хьоьгуш.

ШозлагIниг. Хьуний дайна, хих а, сискалх а ца хьоьгуш, белхаш бийр ма бу вай хIинца дуьйна парггIат.

Хьалхарниг. Хьо стенгара вогIу?

ШозлагIниг. Бачина саьхьаш эцца ваханера со...

Хьалхарниг. Беллачу нахехь хIун хьал ду хуъчу Бачиний?

ШозлагIниг. Вахнера-те, цунна эцца. Цуьнан сайри чу и саьхьаш таса рагI ца кхочуш, хIинццалц хье а велла, вогIура-кхи со чехко... Ахь хIун до, хьо а воьду цхьанхьа-м?

Хьалхарниг. Дера, тахана Iиде воьдуш, гали а ца хилла виснера со вайн къеданна саьхьаш дахьаза, хIинца, цунна хIорш хьо ас, бохуш, воьдура-кх, цига хьажо зуда могуш а ца хилла. Моллина-м ас саьхьаш тхешан вешин кIанте Iуьйрре дIадахьийтинера.

Йоккха стаг. Лойша сагIина хIума!

ШозлагIниг *(киснара схьадоккхий ахча)*. Йоккха стаг, хIара цхьа кхо кепек-м яра хьуна.

Йоккха стаг. Тоьар ю, сан ваша, кхо кепек-м тоьар ю, сагIа хуьлда хьан хIара.

Хьалхарниг. Ахча-м дац соьгахь, Тазеха, сарахь цIа йоьдуш тхо долчу кхетахьа, хьуна аьлла ас дитина цхьа мархин сахь-м дара хьуна.

Йоккха стаг. Баркалла хьуна, баркалла хьуна, сан ваша, кхетар ю со хьо волчу, баркалла хьуна...

Ши ахархо дIа-схьа къаьста

Да ватIа, делаI-кх, кху дийне мел дукха сатийсинера ас, коч эццал хIума гулъяла ца йоллу-кх суна тахана...

Баудди, ваха а вехна, арара дуьйна йиш а лоькхуш, чуволу.

Баудди. Хедижат ю, и хаза ю,
И тайна ю, и коча ю.

Ала вай, дийца вай;
И хаза ю, и тайна ю.
Вай элий ду, нах суьйлий бу!
Кура кIентий ду, нах мекхалой бу...

Аьрру агIор чуваьлла Хьасан, Баудди шена гича, цец а волий, цуьнга хьоьжуш лаьтта.

Ала вай, дийца вай;
Нах суьйлий бу, вай элий ду,
Хедижат ю, деган зезаг ду,
И коча ю, и тайна ю.
Ала вай, еха вай,
Хедижат еха вай, вай ваьшна еха.

Х ь а с а н. Ай! Даьдала хьан, делаI-кх... я даьдала хьан делаI-кх, хьо комсомол хила а мегар ду хьуна. Хьо комсомол ван а ву хьуна...

Б а у д д и. ХIун? ХIун хилла? Сой? Со ву хьуна комсомол! Со хир а ву хьуна! Ахь бохург-м, вай сийсара, тахана марханаш къобал а ма дойла, саьхьаш а ма дохийла, са а ма къоьрийла, аьлла, вайн ячейко бина сацам бу-кхи. (*Куьг а тосий.*) Уьш-м хабарш дай, собранехь дерриге дийца а деза, массо а хIуманна резахила а деза. ЦIахь... Хьасан, вай вешан вархIа а дех дисина Iадат лело деза. Вай нохчий дуйла ца хаьа хьуна, вай-м кура кIентий дай, вешан вархIа а дех дуьйна схьаеанчу оьздангаллица!

Х ь а с а н *(оьгIазе)*. ДIаваьл, дIа! Кхин лен ма лелахь! Мичхьа ву нохчи? ХIун ю нохчий, нах санна болу нах бен? Дуррак! Тентак... вайн ячейко сийсара бинчу сацама тхо тахана колхозан хIу цIандеш ду; хьо, кхин болу нах санна, марха досту де даздеш ву! Баудди, хьо кхетарволуш а вац, хьуна хаа дезара, марха лацарций, марха дастарций долу вайн бодане Iадат вайн комсомолаш тохабаларций бен вайна юккъера дIадер доцийла... Хаалахь, Баудди, хьо ас сайн шича ву аьлла дIа ца вуьйцуш вуьтур вац хьуна? *(ДIавоьду.)*

Б а у д д и *(лесташ, тIаьхьа а хьожий)*. Ала! Аьлча хIун ду? Со санна волу комсомол-м хьаха мич-мичхьа а карош ма вац. ТIе, хьо комсомол а вац. Комсомол шена тIе хIоьттина гIуллакх лелалуш хила веза. *(ДIа а воьдуш.)*

Тхо элий ду, нах суьйлий бу,
Кура кIентий ду, элеха ду,
Ала вай, дийца вай,
Еха вай Хедижат, еха.
Вай ваьшна еха, и хаза, кочу.

Жимма Iийна, сцени тIехьара зукар хеза: «ЭлхьамдуьлиллахI, хьуна хастам бу, тхан дели! ЭлхьамдуьлиллахI, хьуна хастам бу, тхан дели! ЭлхьамдуьлиллахI, хьуна хастам бу, тхан дели! Ва воккха тхан дели, дахалахь тхо балех хьалха!..» Аьтту агIорхьара чуволу МоIсум, карахь суьлхьанаш а долуш.

М о I с у м *(зукарца)*. ЮьхьIаьржонах ларделахь хьайн гIийла тхо леш!..

Й о к к х а с т а г. Лойша сагIина хIума.

Аьрру агIор чуволу Жунид.

Ж у н и д. МоIсум, марха къобалдойла, хьегна къа а мел яздойла! *(Куьйгаш лоцу.)*

М о I с у м *(вела а къежаш.)* Хьан а дойла и къобал, везчу дала яйна хало а мел язйойла! ХIун до ахь, Жунид? ХIун до ахь? Хьо цхьанхьа-м хьаьдда воьду?

Ж у н и д. Кхечара вигна а хилла, вайн молла виснера сан чу валоза, и чувига ас, бохуш, воьдура со-м... Дика ду, МоIсум, суна хьо гина, хьо а воьллахь кхано дIа.

М о I с у м. Со-м вогIур ву. Вуьшта молла массарел хьалха чувига веза, молла ца хилча-м вай дан а даций, Жунид...

Ж у н и д. Дер иштта и хеташ ма ву хьуна со а... ХIинца ахь хIун до?

М о I с у м. Молла-м чувалийнера ас, сан а виснера вайн устаз, цхьанхьа-м вахана а хилла, чувалоза а, марха къобалдаза а, иштта цига гIо со бохуш воьдура-кх...

Ж у н и д *(веларца)*. Делан дуьхьа, ма тамашийна ду хIара. Хьан... вайн устаз висина чувалоза, сан молла висина. Дика аьтто хилла сан-м, и лулахь хиларна, хьалххе чувуьгийла а хилла.

Й о к к х а с т а г. Лойша сагIина хIума, бусалба вежарий.

Ж у н и д (кисана куьг а Iуьттуш). Къаьстина елахь, бахий ахь?

М о I с у м *(Жуьнидан кисана Iоьттина куьг схьа а лоций, меллаша.)* Ма... ма... ма лолахь. *(Ша дуьйцург йоккхачу стагана ца хазийта, Жунид сехьа воккху.)* Моллас олу ца хезна хьуна, цунна елла хIума сагIа-м муххале а хир яцара, цунна хIума елча, мелхо а къа хиларна кхерам бу, бохуш?

Ж у н и д. Ца хезна, къорIанор, суна-м, и хIун ду ткъа?

М о I с у м. Кхуо нагахь шена дагадеъча бен ламаз цадар а, марханаш цакхабар а ду-кх.

Ж у н и д. Ахь баккъал бах?

М о І с у м. Дер бах.

Ж у н и д. Делахь, дала хьарам дойла кхунна аса хІинца цхьа ши кІира хьалха делла шай...

М о І с у м. Цо-м кхепа даахьара; делан дуьхьа, Жунид, кхин хІумма а ца хезна хьуна? ХІара Советан Іедал хьовха, хІара Іаьржа тало дІадолий-теша вайна юкъара?

Ж у н и д. Дер хезна хІета, гІуллакх-м ледара дац хьуна, шек дІа ма валалахь.

М о І с у м *(хазахетарца)*. Ахь баккъал бахий?

Ж у н и д. Бах хІета.

М о І с у м. Муха, хІун ду иза? Дийцахьа.

Ж у н и д. Цхьаьнгге а баха гІуллакх дац...

М о І с у м. Ой, мичара!

Ж у н и д. Тахана вайн чохь тхо Іеш, тхо кхоъ, виъ бен ван а вацара, вайн устазо элира: кхушара кІа-маьрсан хенахь коммунисташ, нахана боьлху, ца боьлху ца хууш, буьйсанна дІабахана карор бу, аьлла.

М о І с у м. ЭхІей! Дала бакъ де иза... Дала бакъ де иза... *(Сецца.)* Ва Жунид, стохка а ца элира вайн устазо, диттан гІа дехкан лерггал хуьлчу хенахь коммунисташ панарашца лоьхуш хир бу, аьлла.

Ж у н и д *(шек а воцуш)*. Элира цо ала-м, делахь а, устазаний дайна, кху копаршка къинош кхин а алсам а летадайта, кхарна Іазапаш совдаха цу дала, хІара коммунисташ хьовха, хІара «копарш» кху хене бахар баккъа-м ду... ХІан?.. хІун хета хьуна, МоІсум? Дуй иштта, вайн устазо ма-бахара?

М о І с у м. Делан возаллора, иштта хир ма ду хьуна иза... Хир ду, хьовха, иштта ду-кх.

Жуьнидан белхаш цо куьг а тухий, ший а дІна-схьа воьду.

Й о к к х а с т а г. Лойша сагІина хІума, таханалерачу кху доккхачу дийнахь!

Аьтту агІор чуваьлла Даккий, аьрру агІор чуваьлла Жонсарькъий дуьхь-дуьхьал кхета.

Д а к к и. Ахьа хІун до? Хьо устаз волчу-х ца воьдий, дец?

Ж о н с а р к ъ а. Ца воьдура, къорІанор, со устаз волчу-м.

Д а к к и. В-ойн, в-ойн, дец!

Ж о н с а р к ъ а. Дер ца в-ойн, войнне а-м. Тоьур ду кху итт шарахь ихча.

Д а к к и. ОстопираллахІ, дец!..

Ж о н с а р к ъ а. Дика ду, бакъахь ду... ахь хІун до хІинца?

Д а к к и. Со-м хIинца а, дец, устазан хьоьгахь долчу декхарина вогIура, дец.

Ж о н с а р к ъ а. ЭхIей, шен да ватIа цу ахчанан, мел сиха хили иза?

Д а к к и. В-ойн, ахь хIун дуьйцу хаьий хьуна, дец? Теттина нехан ахча а дайина, «даватIа» бохург хIун ду? Нахана-м шайн ахча оьший, дец!

Ж о н с а р к ъ а. Дакки! Устаз аьлча а, Хьаьдида, мархина гIалитIара хIума я шена, аьлла, соьга делла пхи туьма, сына мича даха ца хууш, новкъахь дан а дайнера. ТIе, ас иза дIалур ду а аьллера. ХIокху сохьта, хьуна а ма-хаъара, сан и дIадала дан а дацара, витахьа со, ма хьийзавехьа, ма эхахьа соьга и дIадеха, ас, сайн ма-хиллинехь, дIалур ду шуна.

Д а к к и. Дер хIета, дец, устазан, хьан и ахча хиллалц, бохуш, ладегIа йиш ма яц хьуна. Тахана а цо шена ахча оьшу боху-кх, чIогIа а оьшуш...

Ж о н с а р к ъ а, Цунна эшар хIун пайда бу, хIокху сохьта сан и дIадала ца хилча.

Д а к к и. Дер хIета, дец, ахча-м тахана хила ма деза хьуна!

Ж о н с а р к ъ а. Тахана?.. Делан юкъалахьа, дIа ца эца. Ахьа-м, цунна дала пхи туьма, боху. Со-м, кIорIанора, висина, тахана сайна а, сайн доьзалшна а тIера сахьаш даха хьаьжкIа а йоцуш... ХIинца а, зудчо вита а ца витина, араваьлла а ма ву, хIуъу дай а, саьхьаш даха хIума лаха, аьлла. И доьзалш бацахьара, нал варша яханчул башха бен ца хеташ, и саьхьаш ца дохуш, IадъIийр волуш а ма вара.

Д а к к и. В-ойн, ткъа, кхушаралера хьан ялта стенга дахана, дец?

Ж о н с а р к ъ а. ХIинццалц доьддучу дахана-кх!

Д а к к и. И бохург хIун ду, дец?

Ж о н с а р к ъ а. И дера ду, хIинццалц санна, кхушара сан ялта деа цIен тIе декъадалар.

Д а к к и *(цец)*. Деа цIен тIе бохург хIун ду, дец?

Ж о н с а р к ъ а. И дер ду сан ялтех цхьа дакъа вайн устазан керта дерзар, шозлагIа дакъа юьртан къеданан керта дерзар, кхозлагIа дакъа куьпан моллин керта дерзар, доьалгIа дакъа оха тхаьш, ахьар а дина, даар. Кхетий хьо? Сан санна, хьайн беса лаьттачу дайх кхетарг!

Д а к к и. Хьан ялта хиларца, цахиларца, дец, устазан

бала бац... Устазан ахча кечда деза ахьа, Жонсаркъа, дец!

Ж о н с а р к ъ а. Устазана-м, къорIанора, цкъа а ма ца хуьлу шена пайдехь доцчу хIуманан бала.

Д а к к и. ОстопираллахI! ОстопираллахI, дец!

Ж о н с а р к ъ а. И, хьо ваха, ду тIе пайда ца бахьа «пиралла».

Д а к к и. ОстопираллахI! ОстопираллахI, дец!

К и р х ь а

2-гIа сурт

Шайх Хьаьдидан юккъера цIа, цхьа кор, ши неI. Дуьхьал ерзийначу неIарехула чуволу, телхаш, Султан а, Салаудди а. Ший а гIеххьа вехна ву. Царна тIаьххье аьлла чуэккха жимо зуда.

З у д а. Же... же... чехкка араваьллаш ший а, и да ву кху чу вогIуш, тIаккха, вон а веана шуьша, мала а мелла, кху керта таханлерчу кху доккхачу дийнахь.

С у л т а н *(некха тIе куьг а детташ, дIа-схьа а лесташ)*. Со веана!.. ас мелла!.. ТIе, хьан бала а бац. *(Куьг тосу.)* Яхийта! Яхийта! Яхийта!

З у д а. Хьо-м сонта вара дукха. Эхь дац и, вайн кертахь сийсаш лаьтта адам ца го хьуна? Хьо-м цаьрга, жимма доьгIна а, ладугIу варий!

С а л а у д д и *(телхаш)*. Зану! Хьайн десара, ма ваийталахь кху чу хьаьжа, тхойша хIинцца, корах а иккхина, дIавоьду хьуна!

С у л т а н. Яхийта! Яхийта!

З у д а. КIант, хIара-м кхетар волуш вац хьуна, хIара а эций, аравала хьажахьа! *(Арайолу.)*

С а л а у д д и. ДIаяло хьо, тхойша-м дIавоьду.

С у л т а н. Делан дуьхьа, Салаудди, вайшимма кху кертахь ца малахь а, вайшимма киснашкахь кху керта къаьркъа деанийла хуур ду-кх хьаьжина?

С а л а у д д и *(агIор корта а тесна)*. Цу делан вазалло-ра, хуур дац, вайшимма ваьшшиннан баганаш ваьшшингахь кхабахь-м!

С у л т а н *(телхаш)*. ХIун?.. сан да шайх вац, ала гIерта хьо? Цунна хIумма а ца хаьа, ала гIерта хьо? И бакъ дац! Дац-те, и бакъ дац!.. Хьаьжина ворхIа а стиглахь дерг а, ворхIа а лаьтта бухахь дерг а, хIорда чохь, хи чохь дерг а,

стеган кийрахь дерг а, стеган хилла ойла а, кхана хиндерг а, лама хиндерг а цунна вуно шера хаьа!

С а л а у д д и. Ас-м, хьан да шайх вац ца бохий, ва дукхавахарг. Суна-м хаьий, Султан, цунна делан къайле хаьийла. Ас-м, вайшимма ца дийцича, вайшиннан киснашкахь къаьркъанан шишанаш дохку, ца дохку, цунна муха хуур дара, ала бахара. *(Куьг а тосий.)* Шен да ватIарг, иза юхъхьадели-кх сан.

С у л т а н. ХIан, дитал иза, ваьшшиннан ловзарга дIагIо вайша, цхьанна гучувалале. *(ДIавоьду.)*

С а л а у д д и *(дIа-схьа а телхаш)*. Делан дуьхьа, ма тамашина хIума ду хьо! *(ХьуьнкIашка воьду.)* Тохара хьалха къола деш лелла кхуьнан да хIинца хIара юрт эццал даьхний а долуш, наха воккха шайх а лоруш, доккха сий а деш ву-кх. *(Ирх а хьожий)*. Везан дела, хьуна хастам бу-кх, мел боккха ницкъ бу хьоьгахь! Хьайна лиъча, *(пIелгаш дагар а деш.)* массо къуйх а, обаргех а, совдегарех а, мехкаш долчу нахах а, пал туьйсучу нахах а шайхаш бийр бара-кх ахь... *(ХьуьнкIашка воьду.)* Боккъала а ойла йича, цу тайпана болчу нахах бен шайхаш хила а ма ца хилла... иштта лелла тхан да а ву, ша хIинцца кху шайх Хьаьдидаца тоба дина а волуш, тIе, наха а, Хьаьдида ша а тIаьхьа дика стаг хир ву а олуш. *(ХьуьнкIашка воьду.)* ХIай везан дела, виэ ахь цунах шайх! *(ХьуьнкIашка воьду.)* Ас тIаккха-м догъиэтIор дара, комсомолийн аьлча а, цу кетаран кочмийн, хIинца Султана санна, хIор шарахь цхьацца пхиттара даьллий, ца даьллий боху моша а далош... Уйт, гур дац-теша суна цкъа мукъана а тхешан дех шайх хилла де? *(Телхаш, араволу.)*

Хьаьдид, чуволий, нара тIе охьахуъушехь, арахь гIеххьа деш зьукар хеза, тIаккха Хьаьдид меллаша кора тIе воьду.

Х ь а ь д и д *(корах ара а хьожуш)*. Хьанна моьттура, хIоккхул йолчу сан йоккхачу кертахь хIара гIаланаш хIуьттур ю, хьанна моьттура, кху сан кертахь тахана санна долчу марха достучу дийнахь наха, шаьш кхийла а кхуьйлуш, хIара бежнаш дойур ду, хIинца а деш лаьтта масийтта ечохь хьовлеш дийр ду, хьанна моьттура, хIинца кху сан кертахь, зьукарш до, бохуш, хIара нах ирхкхийсалур бу, ца моьттура сун-на, и лаьтта халкъ, хьацарш а дийлла, и дIа-схьа уьдуш лела баккхий а, кегий а зударш сан лаамехь хир бу, сан карахь хир бу, ма ца моьттура суна хIинцачул 15 шо хьалха... ЦIайда бац, корта ца хилча... Стеган корта хилахь, даа дуьне а ду, бацо хIара нах а бу... Цхьа со хилла-х ца Iай хIара халкъ

дацийна, диъна?.. Пал тосучо а, жайна доккхучо а, седа-жайна хьожучо а, беллачу нахехь хIун хьал ду хаьа шена бохучо а хьаха боу хIорш-м, хIинца ас хIорш баарх хIун ду?.. Масала, цхьа бахьана а хилла, со юхаваьлча а, хIорш буур болуш кхин дуккха а нах хилча. *(Нара тIе воьдий, охьа а хоий.)* ХIорш хIокху сохьта-м карахь бара, шен да ватIарг, цхьа хIума ду-кх новкъа. ХIара коммунисташ дIа маца йовлу, бохуш, наха хеттарш дар... ХIинццехь цу гIуллакхо со шайх цахилар нахана гучудоккхур ду-кх. *(Жимма ла а дугIий, вела а къежий.)* Кху коммунистех доцуш кхин хеттарш сайга дарх-м шек ца волура со. ХIунда аьлча, шайга динчу хаттарна дуьхьал ас сайна хьалха дагадеъана муьлхха а тайпа делла жоп, наха шаьш, цо и иштта элирий, ца элирий, цо аьллачуьнан маьIна кхин дарий, важа дарий, олий суна дагахь ца хилла цхьа татин гота а йой, цхьана къухалхула дIахьой, шаьш цхьа таро йоцчу а нисдой, Хьаьдид хIума хууш-м хилла, олий, ладегIа ховшу...

Чуволу Дакки.

Д а к к и. Хьан марха къобалдан богIу Теркан йистера нах схьакхаьчна-кх, дец!

Х ь а ь д и д. Дехьачу дIавогIу со... ХIара... ахь Жонсаркъе и декхар схьадийхирий?

Д а к к и. Аса схьа-м дийхира. Вуьшта цо, шен хилчахьана лур ду ша а аьлла, схьа-м ца дели.

Х ь а ь д и д. ХIахI?.. И-м ца хуьлу хьаха дара цунна... Хьажал, хIинца дехьа чохь Iаш элий санна болчу совдегаршна а, мехкан дайшна а хьалха йилла мегарг яа хIума а йоцуш, юьхьIаьржахIоттий-кх вай цо. ХIара юьхьIаьржо суна цкъа а йицлур яц... дер цкъа-м... тIе, цо хIуъу дийцича а, цу пхеа туьманах шен гIуллакх а ма дина хьуна цо... Ахь хIун дийр дай, цуьнга, шен цIенош дохкий а, вайн ахча схьало, эр ду ахь...

Д а к к и. Дика ду.

Х ь а ь д и д *(хьала а гIоттуш)*. И баьхкина нах дуккха а бу?

Д а к к и *(Хьаьдидана некъ а битина)*. ВорхI фургонахь бу-кх, дец.

Ший а араволу. ВахIаба, керахь галеш долуш чу а волий, юха а воьрзий, мохь туху.

В а х I а б. Д...д... Ддакки, хьо схьавогIий?

Д а к к и. ДIавогIу, *(чу а волуш.)* дец!

В а х I а б *(галеш то а деш)*. С-с-суна-м ца хаьа, и т...

т... Теркан йистерачу наха ялийна бежнаш мича юьгур ю, кху... кху... кертарчу дохнан керта уьш т... т... тарлур а дац.

Д а к к и. ГІалгІаша далийна кой долчу, РешедагІеран керта тарлур дацара-теша уьш?

В а х І а б. Ц... ц... ца хаьа, хьаьжча, хуур ду-кх.

Д а к к и. Цига-м со хьожур ву... ВахІаб, лахъхьарчу МунчІура вайн устазе сом луш гирий хьуна тахана?

В а х І а б. Ц... ц... ца гира суна-м. Делира кхуо?

Д а к к и. Делира дера, дец. Ша луш дерг ши-кхо туьма долуш санна, «хІара ахча айса хьан кара дала лаьара суна», аьлла, ша вайн устазан буйна а луш... вай санна, мурд а волуш волчу цо динарг эхь дара-кх, дец, и кІадбоцу хІума а кховдийна.

В а х І а б. И... и-м даиманна а ву хьуна, ша къен хилча, кІ... кІ... кІ... кІезиг хІума яла еза, моьттуш.

Д а к к и. Ша мел къен хилча а, дец, мурд ву ша бохучо шен устазана, иштта пайда боцу хІума ца кховдош, дец, шена тІера йоьхкина а, чуьра йоьхкина а, ондда хІума кховдо еза-кхи...

В а х І а б. Я... я... я... ялсаманийн догІа вайн устазехь хилча, му... му... муххале а, бахий ахь?..

Д а к к и. ВахІаб, гІалгІайчохь устазана мурдаша гулдина ялта схьада тахана баьхкинчу гІалгІашца-м ца воьду хьо?

В а х І а б. Ц... ц... ц... ца воьду-те. Устаза, хІара хатт болуш ворданашкахь схьадалур да... д... дац аьлла, шина-кха... кх... кхаа дийнахь, вагонаш а лаьцна, схьадоуьйтур, аьлла с... с... сеци-кх.

К и р х ь а.

3-гІа с у р т

Жонсаркъин цІа. Нар а, аьтту агІор лаьтташ гІант а, наран йисте хиъна Іаш Бесират, цхьацца мехий а дохуш.

Б е с и р а т. Саьхьаш-м хала а атта а дехира оха тахана, вуьшта кхеташ яц-кх со тхешан къонахчух, итт шарахь хьегна къа иштанехьа дайа гІерташ лелачу. *(Ла а дугІий.)* ВогІуш ву, аьлла хета суна.

Арахь йовхарш йо. Жонсаркъа, чу а волий, гІовталан тІам хьокхий мара а цІанбой, нара тІе паргІатволу. Бесират гІанта хоу.

Б е с и р а т. Ца йоьхки ахь говр?

Жонсаркъа *(мерах куьг а хьокхуш)*. Хьанна юххур яра ас иза... оьцуш стаг ца хилча?

Бесират. Ткъа хIинца хIун дан ойла ю хьан?

Жонсаркъа. Сан-м, вайн ахча хиллалц IадъIе ойла яра, со цара витча.

Бесират *(ша йист мосазза хуьлу, саца а деш, шен тоьгана до)*. ХIинца араваьлча а ца дийхира хьоьга цара и декхар дIа?

Жонсаркъа. Цара аьлча а, Хьаьдидан помощник Дакки ву-кх и дIадоьхуш сихвелла. настарш хедарг.

Бесират. Цо хIун боху?

Жонсаркъа. И ву-кх хIинца тохара соьгахь хилла дарж ккхаьчна... Ахча ца хилча йиш яц, ша хIинцца схьа а веана, говр йохка гIур ву вайша вайн лула юьрта, аьлла, со схьаваийтира-кх цо... да хьакхица валларо!

Бесират. Ватта, ма алахьа, из-х, хьо санна, Хьаьдидан мурд а волуш, дика стаг ву...

Жонсаркъа. Ахь хIун дей, зуда?.. Хьо елла дIаялялалц со Хьаьдидан мурд ву ма алалахь! Вац хьуна со цу къанделлачу гужуман мурд!

Бесират *(цецйолий)*. Ватта! Ватта! Ватта!

Жонсаркъа. Дер ца ватта, ваттане а-м. Сацийта ахь, суна хьуна цагург а го, хьуна цахуург а хиъна. *(Юкъ дIа а йостий, охьаюьллу.)*

Бесират *(нахана тIе а йоьрзий)*. Ваттай, хIинца, хьер а ваьлла, хIара сецавар дара соьга даза, кху къоьлли тIе! *(Майрачуьнга.)* Къонах, хьо дика могуш вац, аьлла хета суна, охьа хIунда ца вуьжу хьо?

Жонсаркъа. Зуда! И хьайн лоьраллий, къинхетаммий соьга хьеха ма белахь... хIинца хьуна моьтту-кхи, шайхана со лийча, со телхина вогIу. Телхина со хIокху итт шарахь лелла, шайх ву, бохуш, со санна волчу стагаца тоба а дина, цунна вецаш. Со хIинца телхина ца вогIу, со хIинца кхетта... кхетта дера, дика а кхеташ-м.

Бесират *(зала чу а йоьрзий)*. Ваьлла шуна хьер-м, билггал ваьлла шуна! *(Юхайоьрзу.)*

Жонсаркъа. Хьаьдид шайх вац. Ша шайх хиллехьара, сан сайн синкхетам а боцуш дайна ахча цо ас, сайна дитина, бохур дацара. Делан къайле хууш ша хилча, ша соьга делла шен ахча цунна, мича дахана, хаа дезара. Зуда! Уггар коьрта и ду хьуна, Хьаьдид шайх цахилар гучудоккхуш... Со вита ахь, зуда, вита ахь... ас-м цуьнан ехха ойла

йиний... суна-м хIинца и ма-варра вевзий. *(Наран йистехуьлу.)*

Бесират *(зала чу а йоьрзий)*. Вай, хастам хила хьуна, везан дела, мел доккха хIума ду хIара! Наха-м, хьервалале хьалха куйн буьтту, олура, хIара-м куйн а ца буьттуш, волуш воллу хьер. *(Майрачуьнга.)* Делан дуьхьа, къонах, цхьа кхерам даг тIе туьйсу суна, ма дийцахьа и Iеса хIумнаш.

Жонсаркъа. Зуда! Сацийта!.. Сацийта аьлча, сацийта!.. *(Куьг а тосий.)* Хьажал хIокху вайн чу!

Бесират. Хьаьжча хIун ду?

Жонсаркъа. ХIума, къорIанора, дац. ДIахьаьжча а, схьахьаьжча а — ура-атталла хIупъаьлча бIаьрга эккха а-м кху чохь хIума... Хир дара, маре яханчу зудчо санна, ас шайх хьовха, и къолаш деш лелачу Хьаьдид волчу моссазза воьду, хIор денна бохург санна, цуьнан керта ца кхехьнехьара. *(Ира а хIуттий, дIа-схьа а волало.)*

Бесират *(зала чу а йоьрзий)*. Ватта, ватта, хьо буссуш лаьтта бала!

Жонсаркъа. Хир дара дера дерриге а-м... Цуьнан кIенташа а, цо ша а, шо юккъе ца дулуьйтуш, зуда моссазза ялий, ца кхехьнехьара. *(Куьг а туьйсуш.)* Эцца лаьтташ ялхворхI цIеста кIудал хир ма яра, ши-кхо гIуммагIа хир ма яра. Кху чохь цIенкъахь а, пенах дохкуш а кузаш, истангаш хир ма дара. Вай кIел буьллу мотт а цIена хир ма бара. ТIедуха а хир ма дара, нехан санна, цIенош а хир ма дара вайн. Ахь, устазана, бохуш, дIакхехьна кIалд, даьттий, тIуой, хIоий, котам, москаллий, сан ден голашший — вай ваьш диънехьара, дегIехь ницкъ а болуш, дуьзина ваьш а хир ма дара.

Бесират *(ирх а хьожий)*. Везан дела, хьуна хьайна а хаьа-кх кху сан къонахчун кийра шайтIанаш доьллийла... Кхуо и Iовдал бага еттарх, оха, кху итт шарахь шайх Хьаьдидана хала къа а хьоьгуш, яькккхина ялсамани дIа ма яккхалахь тхоьгара...

Жонсаркъа. ХIун?.. Кхин дIа ца левайта-м хала хьаха дацара! *(Цавашарца.)* Уккал а таIайой, стеган юьхь дуьхьал хьожий вист а ца хуьлуш, «хьан» аьлча, «вайн» бахий ахьа а бохуш... ТIекIел гIаланаш а йина, кIенташка мехаш а леладойтуш. Нахе, шайн гайшний, догIмашний там ца лоьхуш, далла гIуллакх де, сакъерар хьарам ду а бохуш, ша а, шен бераш а цунах юха а ца ийзалуш, лела хIара,—шайх хуьлу кхунах... Зударшний дайна, Iаьржа талу хуьлда цунна вайгара

щега мел кхаьчначу рицкъех. Жуккар, жуккар, шайх хьовха, пал туьйсу жуккар!

Б е с и р а т *(зала чу а йоьрзий)*. Алла...хI, кхуьнан хьаьвзина хье, кхуьнан кийра доьлла шайтIанаш. *(Майрачуьнга.)* Къонаха! Цунна а, цуьнан кIенташна а хIуъу дича а къа хир доцийла ца хаьа хьуна? Ахь хIуъу дича а, вай цаьрга дIанислур дац, агIорвалий, жимма садаIахьа...

Чуволу Дакки.

Д а к к и. ЦIахь дуй шу, дец?

Б е с и р а т. Дера ду хIета, схьанехьа вала.

Ж о н с а р к ъ а *(шена Дакки гушшехь, шен оьгIазвахар тIехь къамел дIадо)*. Царна хIунда мега вайна цамегарг? Хьаьдид-м шайх ваций, дукхаяхарг.

Д а к к и *(цецволий)*. ОстопираллахI! Дец! ОстопираллахI.

Ж о н с а р к ъ а. Иза-м, вай санна долу цхьа адам бен, кхин хIума яций. *(Дакки цец лаьтта.)* Цуьнан хIунда мега ша вайна хьарам дийриг дан?.. Хьал гулда а шайхана мега! Ялсаманин догIанаш а цаьргахь ду, боху! Пхиттара яьлла йоI яло а царна мега. Козар, аьлла, тIуз тоха а цуьнан берашна мега, луьлла яго а цуьнан берашна мега!

Д а к к и. ОстопираллахI! Дец, остопираллахI!

Б е с и р а т. Кху чохь Iийна стаг-м делах валарна кхерам бу. *(Арайолу.)*

Ж о н с а р к ъ а. «Мая любишь», аьлла, мотушканна улло вала а цуьнан берашна мега, дика дин, хаза нускал ма эшадойла, аьлла, чагIаран кад оза а цуьнан берашна мега! Сонта лела а цуьнан берашна мега!.. Уьш хIун ю?.. Сан да хьакхица валлахьара, цуьнан Салман боху кIант сан велхьара, хьерваьлла, аьлла, тоххарехь наха шаьш дIавихкина хир вацарехь.

Д а к к и. Жонсаркъа! ОстопираллахI, алахьа, дец, остопираллахI!

Ж о н с а р к ъ а. Дер ца аьр аллане а-м, и «пираллаш» бохуш, хIаллакьхилин со-м, цу жуккарна вецаш. Тоьур ду... ХIинца тоьур ду, гIуллакх ретанга юххе кхаьчна. Къан а велла, къий а велла. ХIинца соьгахь долчу хьол тIе хIоттавойла иза, жуккар! Жуккар!.. Уьш дуьтур вай! Вайшиъ сан говр йохка воьдий?

Д а к к и. Дера, Жонсаркъа, дец, ахь мало ца яхь, цига вахана вогIур ма вара вайшиъ, дец...

Ж о н с а р к ъ а. Делахь, гIор вайшиъ хIета. *(Юх дIа-*

йоьхку.) Вуьшта кхин цхьаъ-м ду хьуна, сан говр, хьуна махаъара, вордана йожа Iемина а яц, тIе ворда а яц сан, хьайниг ца йожахь...

Д а к к и. Йоьжча мегар ду-кх, дец, сан ворда а.

Ж о н с а р к ъ а. Нагахь говр йохкар хилахь, хьан ворда, цхьана вордана тIаьхьа а тесна, цIа ялор вайшимма.

Д а к к и. И баккъахь хир ду, дец...

Ж о н с а р к ъ а. Схьавала хIета. *(Аравалу.)*

Д а к к и. Делахь, дец, хIинцца воьду-кх вайшиъ. *(Аравалу.)*

К и р х ь а

4-гIа с у р т

Кирхьа хьаладахийтале хезаш ворданан гIовгIа а ю, хезаш цу тIехьIеш волчу Жонсаркъас, Даккис вовшашка ден къамел а ду.

Д а к к и. Жонсаркъа! Ма дийцахьа, дец, хьаштдоцург, ма лехьа ойлаяна. Витахьа и, дец, дала къайле цIанъярг!

Ж о н с а р к ъ а. Ахьа хIун дей, Дакки, цуьнан къайле-м шена луъучо цIанъер, со вита ахь! Хьайна, со цунна луьйш, халахетахь, кху вордан тIера охьа а восса. Ас цунна лийна я дена а ца боху, я нанна а ца боху. Ас бах, и шайх вац! ТIе, ван а вац, хезий хьуна?.. Баккъал аьлча, хьуна цуьнан бала а бац, я хьо чинах вохарна кхерам а бац... ХIинца хьан санна, коьртан хье хьаьвзина, хIинццалц со а лелла-кхи.

Д а к к и. ОстопираллахI! Дец, остопираллахI!

Ж о н с а р к ъ а. И тIе пайда ца бахьа «пираллаш» кхайкхош, кхин мохь ма хьекхалахь, вайшиъ кху шух чу вуссуш а воллу, хIара говр къахкор ю ахьа. ТIе, ахь хIуъу дийцича а, сан Хьаьдидаца дерг дIа а даьлла хьуна.

Д а к к и. Ишта ма алахьа, Жонсаркъа, дец. Кхано къематан дийнахь вайн устаза, шайх Хьаьдида, дец, *(мохь тухкий.)* схьадовла, сан муридаш, суна герга! ХIинца кхачор ас шу аш дукха сатийсинчу! — бохучу дийнахь...

Говр дIаэккха, тата алсамдолу.

Ж о н с а р к ъ а *(чехкка)*. Войн, войн, кхин ма тохалахь и мохь. Тр-р... тр-р-р... хьан да ватIарг, тр-р-р...

Д а к к и. АллахI! АллахI! Юхаозахьа и, Жонсаркъа!

Ж о н с а р к ъ а. Ма беттахьа и мохь, ва Дакки. Тр-р-р... тр-р-р...

Д а к к и *(маьхьарца)*. Я устаз!..

Ж о н с а р к ъ а. Ма детталахь и цIога, вайшиъ хIалакван воллу хьо! Тр-р-р... тр-р-р... ва ваша валарг, тр-р-р...

Варданан гIовгIа тIаьхь-тIаьхьа алсамйолу.

Д а к к и. Я устаз! Я Хьаьдид, орцах валахьа тхуна! (*Чехкка.*) Жонсаркъа! Жонсаркъа! Устазан цIе яккха, устазан цIе яккха, дец!

Ж о н с а р к ъ а. Ма детта и цIогIа, хIара говр саца ца юьту ахь! Тр-р-р... тр-р-р... тр-р р... хьан да валарг, мел карзахъели-кх хьо а!

Д а к к и. Устаз! Я устаз!.. Устазан цIе яккха, Жонсаркъа, устазан цIе яккха! ХIара варда бердах яха гIерта вайшиннан, устазан цIе яккха!

Ж о н с а р к ъ а. Дер гIертар яцара, ахь и цIогIа ца дехахьара-м, сацийтахьа, Дакки, саца!.. Ахь, орцадоху, бохуш, и цIогIа мел дитти-м, хIара чуьраюьйлий. Тр-р-р... тр-р-р... тр... тр... тр... тр...

Д а к к и (*чехкка*). Устаз! Устаз!..

Ж о н с а р к ъ а (*чехкка*). Дай, наний нелца далларг, ма хьекхахьа и мохь! Тр... тр... тр...

Д а к к и. АллахI! ХIан! ХIан!

Ж о н с а р к ъ а. КъорIанора, ца хIан, хIа-хIа-кх!

Д а к к и. АллахI!

Ж о н с а р к ъ а. Боьрдах!

Ворда, хаьрцина, басах чу карчарна доккха тата долу. Жимма Iийна кирхьа хьаладохуьйту, гуш аре ю, юккъехь лаьтташ гIентан барамехь юьхк. Аьрру агIорхьа аркъал воьжна Iуьллуш Дакки ву, аьтту агIор сехьа маьIIехь Iуьллуш Жонсаркъа ву.

Д а к к и. АллахI!.. АллахI, хьо ирча болх, хьо ирча болх!

Ж о н с а р к ъ а (*дегI саттош, хьала а айалуш, бедар а егаеш*). Ирча болх хьаха-кх, дукха ирча болх-м хIара!

Д а к к и. АллахI!.. АллахI!.. АллахI! (*ХьалагIатта вулу, юха а охьавужу.*)

Ж о н с а р к ъ а. ХIун хилла хьуна хIинца?.. «АллахI», «аллахI»!..

Д а к к и. Кхин хIун хир дара, дец, хьо делах даьллачу жIаьлица араваьлча? Берриге а аьтту агIо кагбели-кх.

Ж о н с а р к ъ а. Да хьакхица воллийла, кагбинехь аьтту агIо-м, аьтту боцу агIо кагбина-кх, аьтту болу агIо-м хьаха бу шайх ХьаьдидагIаьргахь... тIе, и каглур ма бацара, ахь и цIогIа ца диттинехь.

Д а к к и (*ирахIуттий, юьхка тIе а хууш, юьхь чIечкъашка оьху, аьтту пхьаьрсах а, агIох а куьг хьокхуш*). ХIун цIо-

гIа, дец? ХIара-м ас цIогIа деттарна ца хилла хьуна, дец. Теттина устаз Хьаьдидана луьйш, ахь къинош а летийна, дала дина-кх, дец... ЭхIейт! Хьо лазам!

Ж о н с а р к ъ а. Хьайн докъазалла!.. Докъазалла!.. Цунах хилла, моьтту хьуна, хIара бохам, ва декъаза.. ха-ха... гой шуна, цу жуккарийн ирс, цу жуккарийн ирс... ХIай декъаза! Декъаза! *(Куьг а туьйсуш.)* ХIинца вайшиннан ворда хаьрцина цу басах чу яр а, цу Iуьллучу ворданах дамар-дарц хилар а, тIе хьайн аьтто боцу агIо бор а — со шайхана лер бахьанехь хилла ду, моьтту-кх хьуна?

Д а к к и. Моьтту дер, дукха мотта а моьттуш-м.

Ж о н с а р к ъ а. КъорIанора, дан-м ма дац! Цу моттар-гIашна хьаха бац Хьаьдидан берам, вайшинниг санна, чу-хьаьжча Хизра а гуш.

Д а к к и *(оьгIазе)*. Ткъа хIун ду иза, дец? *(Пхьаьрсах куьг а хьокхий.)* ЭхI!.. эхI!..

Ж о н с а р к ъ а. ХIун ду?.. *(Куьг а туьйсуш.)* Оцу басах вайшиъ чувуссуш воллуш, говр къахкор ю ахьа, ас бохху-шехь, «Хьаьдида къематан дийнахь шена герга кхойкхуш ишт-та хетар дац хьуна» аьлла, ахь мохь тоьхна, урх малйича а дIалелхаш йолу вайшиннен говр, кхераелла, дIаиккхира.

Даккис оьгIазе ладоьгIу.

ТIаккха, тохара тоба дойтуш Хьаьдида, гIо эшначу мет-техь, шега кхайкха аларх, ахьа, цуьнга орца доьху, бохуш, тIе цIогIа а диттина, вайшиннан шух чухьаьдда йоьдучу говрана тIе а бута юьйлира, иштта чухьаьдда йогIу вайшиннан говр оцу басах чу а хьаьвзина, ворда а, вайшиъ хIоккхуза а кхоьс-сина, хьуьлла а яьлла, лаьтташ а ю. *(Куьг а хьажош.)* Гой хьуна?.. Вуьшта, бакъахьа-м ахь мохь хьайн уьрда тIехь бит-тинехьара дара. Йоккха саяьлла хьуна устазах: хьан аьтто боцу агIо а кагбели, ворда а кагъели... Суна-м мацца а боккха пайда баьллера, теттина пхи туьма декхарийла а вахана. Ша шайх велахь, Хьаьдида хьоьга хIунда ца олура; ма гIо — ворда хаьрцар ю шун, аьлла?

Д а к к и. Ахь хIун дей? Кхин лен ма лелахь, дец. Оццул кериста хилла дIахIоьттина хьо-м дала са чохь а дика вити-ний, дец. Ахь хIуъу дийцича а, теттина ахь шайх Хьаьдидана луьйш, къинош ца летийнехьара, со отур а, къорIанор, ваца-ра, и Iуьллу ворда а, къорIанор, отур яцара, дец...

Ж о н с а р к ъ а. Даккн, хьо хье чу чуьрк яхана стаг ву. Хьуна ас бехк ца буьллу, и чуьрк хIинццалц сан коьрте а хьий-зина... собардехьа, масала, хIара ас латийначу къина дала ди-

нехь, агIо а хьан хIунда кагбелла? — Вайшинна-х хууш ду шайхана лийнарг со хилар... хьан-сан десара, Дакки, ахь дахьачу гIуллакхе терра ма ду хьуна хIара хьуна хилларг.

Д а к к и. Юьхьан чкъуьйриг стамъелла ваьлла стаг ву хьо, дIавала суна гергара а, копар!

Ж о н с а р к ъ а. Со-м копар хир я ца хир, бакъду, юхалург еъча санна, ахь и хьайн къамкъарг кхин лекхахь, хьо къамкъарг а йоцуш-м вуьсур ву!

Д а к к и *(оьгIазе)*. ДIавала! ДIавала! Жоьжахатин бIогIам! Хьуна-м устаза букъ берзийний!

Ж о н с а р к ъ а. Берзийна хьаха-кх, букъ а, кхин берг а-м суна цо. Къаналла кIелвиссалц ваций, ца хууш дан а дайна, сох, шен пхи туьма хьаьрчича, хIинца соьга сайн тIаьххьара говр юхкуьйтуш а воллу. Дала хIинца сан бахамах хьегаволда иза.

Д а к к и. Схьа ма ле, копар. ЭхI! ЭхI! *(АгIох куьг хьокху.)*

Ж о н с а р к ъ а. Ахь хIун дей! Хьуьлла йогIуш вордана наш ю хьуна... Со, базара вахана, говр йоьхкина ахча а дахьаш, сарахь, цIа вогIур ву. *(ДIа а хьожий.)* Хьуьлла говр а сов гена яла гIерта, схьа ца лацахь. *(ДIавоьдуш юха а хьожий.)* ТIаккха а, хьайна дарбанаш леладайта устаз волчу а гIолахь. Дела юкъалахь, паргIат ца вала! *(Къайлаволу.)*

Д а к к и *(Жонсаркъина тIаьхьа туй а кхуссуш)*. Тфуй!.. Хьай делах даьлла жIаьла яI-кх! Хьо лерах-м хьаха иза шен даржана лахлур ма вац.

К и р х ь а

5-гIа сурт

Урам-некъ. Карахь суьлхьанаш а долуш, охьахьожуш, дайчу болареха вогIуш Хьаьдид. Цунна тIаьхьа а хIоьттина, тIехьа ши куьг а дилина вогIуш ВахIаб.

В а х I а б. И-м, л... л...лламаро санна, декхарина вон вай.

Х ь а ь д и д. Хьан-х ца йоллурий цунах хIумма а?

В а х I а б. С-с-сан аьлча а, тхан кIантера цхьа л... л... локхарш эцца де... д... дейтта шай схьа ца далалуш, нийсса бутт баькккхира цо.

Х ь а ь д и д. Жонсаркъий? Жонсаркъа суна моьтту стаг

ца хилла, иза шега ялуш йолу хьарамло суна йийр йолуш хилла.

В а х I а б. Х... х... хилла къорIанор, цу... цу... цунна хIун эхь дара, хIу... хIу... хIуъу дича а.

М о х ь (*геннара хеза*). Ва Хьаьдид!

Хьаьдид, ВахIаб юхахьожу.

В а х I а б. Ж... Ж... Жонсаркъа вац иза? Кх... кх... ккхуо хIун леладо?

Х ь а ь д и д. Шех доллучу пхеа туьманна цхьа аьшпаш ботта вогIу хир ву-кх. (*ДIаволало.*)

М о х ь. Собардейша, со тIекхаччалц!

Ший а соцу.

В а х I а б. Де... де... дделлахь ма воккха хилла хьо. В... в... волалой валахьа чехкка.

Чехкка са а доьIуш, Жонсаркъа чуволу.

Х ь а ь д и д (*дIа а хьожуш*). ХIун бах ахьа?

Ж о н с а р к ъ а (*шен буйнара ахча дIа а кховдош*). ХIан, хIара ду хьуна хьан пхи туьма а.

Хьаьдида ахча дIаоьцу.

Делан дуьхьа, дIаэцалахь соьгара хьайн муридалла а, тоьур ду хIинца, говрах а ваьккхи ахь со, вахарх а вохий ахь со.

Хьаьдид, ВахIаб инзарваьлла лаьтта.

Хьоьгара суна хилла гIо хьайна хуьлда хьуна!

В а х I а б. А... а... а... ОстопираллахI!

Ж о н с а р к ъ а. Делан дуьхьа, дIаэцалахь соьгара и хьайн муридалла, ца оьшу хьуна суна иза. ХIокху дуьненахь хьо бахьанехь холчахIоьттина хилча а, хьайн таро йоллушехь, гIо ца динчу ахь, къематан дийнахь муха дийр дара ахь суна гIо, я хьан и дан мичара хир дара?

В а х I а б. А... а... ОстопираллахI! Остоп...р...р... пираллахI!

Мерах шох а етташ, ладоьгIуш лаьтта Хьаьдид, дIа а волалой, юхахьожу.

Х ь а ь д и д. Копар-керста!

Ж о н с а р к ъ а (*тIаьхьа а хьожий*). ХIоккхул со дакъазваьккхина, хIун дан воллура хьо?.. Ахь суна динарг хIун ду?.. Суна тIе шиъ хиъна, кхозлагIчо со текха а веш, сакъийрира ас, бохург санна дерг ду-кх суна хилларг, цу дала сох хьегаволда хьо!

Хьаьдид къайлаволу.

В а х І а б. А... остопираллахІ, ала, Ж... Ж... Жонсаркъа, остоп...п... пираллахІ! Цу валлахІилІазмор, воллу хьо де... де... делах волуш!

Ж о н с а р к ъ а. ВахІаб, иза хьан гІуллакх дац, ас дуьйцург сайна хуургтий, сайн гІуллаккхий ду!

В а х І а б *(дІа а волалуш)*. Везан дела, хьуна хастам бу-кх: кху... кху телхинчу нахах ца кхоьллиний ахь со!

Ж о н с а р к ъ а *(велакъежарца корта а теІош)*. Телхина хьаха-кх вайх цхьаберш-м, цкъа а юха а боьрзур боцуш.

В а х І а б *(юха а хьожуш)*. Д... д... д... ддала ларволда хьох.

Ж о н с а р к ъ а. Ларволда дер сох а, со шух а-м!

ВахІаб къайлаволу.

К и р х ь а

6-гІа сурт

Комсомолаш гуллу цІа. Аьтту агІор йистте тІе цІен киса а тесна, тІехь йозанан гІирс а болуш лаьттачу стоьла гонах хиъна ІІа секретарь, цунна дехьай, сехьай хиъна Іа ши жигархо. Цу шиннах цхьаммо протокол яздо. Царна тІе а вирзина, аьтту агІор Іеш иттех комсомол ву. Нахана тІе а ерзийна тоьхна плакат «Мархин саьхьаш — хІуьнан фонде!».

С е к р е т а р ь *(хьала а гІоттуш)*. Накъостий! Шуна махаъара, вай селхана буса вешан комсомолийн собранехь сацам бира, селханлерачу марха достучу дийнахь нохчийн Іадатехь ваьш даха декхарийлахь долу саьхьаш ца даха а, цу саьхьийн ялта хІинца тІейогІуш лаьттачу бІаьста ялта деран кампане, хІуьнан фонде дилла а. Цу тайпана сацам бира вай, селханлерачу марха достучу дийнахь шен нехан а, молланийн, шайхийн а — мухха а цхьана а стеган марха къобал ца деш, марха къобалдо бохуш эрна йорт ца етташ, вешан тІейогІучу ялта деран кампанина а, вешан юьртара берриге а бахамаш колхозе берзорна а беш болчу кечамна а юккъехь, муьлххачу тайпана бина а, цхьа болх бан... ТІаккха а, вай сацам бира цу тайпана вай ваьш-ваьшна тІедехкина декхарш чекх ца даьхнарг а, уьш чекхдохуш новкъарло йинарг а вешан комсомолера дІаваккха. Иштта болу и сацам кхочуш ца бина я кхочушбечу юккъехь новкъарло йина схьахаа вайх цхьа а вац...

Жонсаркъа, чу а волий, неІарехь охьахоу.

М о в л и д *(хьала а эккхий)*. Слова... Разреши.

Секретарь. Собарде, со дийцина, валлалц.

Мовлид. Сан ду ала вайн сацам кхочуш ца бинчу накъостан хьокъехь.

Секретарь. Собардехьа цкъа, тIаьхьа эр ду ахь... Накъостий! Цу тайппана, аьлча а, марха лацарций, марха дастарций, сахь даккхарций, марха къобалдарций вай латтийна къийсам вайн нохчийн массо Iадатаашца а латто беза, вайн хIор Iадат шеца цхьа зулам доцуш дац. *(Мовлиде а хьожий.)* Мовлид, хьо хIун ала воллура?..

Жонсаркъа, корта а теIош, леррина ладоьгIуш Iа.

Мовлид (*хьала а гIоттуш*). Накъостий!.. *(РоггIана массарна а тIевоьрзуш.)* Вайн секретаро ма-бохху, мархица а, марха достучу дийнаца а къийсам латто вай сацам бира... Ишттa, тIулгал чIагIбеш вай бина сацам вайх цхьана накъосто бохийна...

Маьхьарий. Мила ву иза? Мила ву иза?.. Мила ву иза?..

Мовлид. Суна хууш цхьаъ. *(Даудана тIе пIелг а хьажош.)* И Iен Кантин Дауд ву-кх!

Дауд (*хьала а эккхаш*). Со бах ахь?.. *(Вуху.)*

Мовлид. Бах дера хьо-м ас!..

Дауд (*оьгIазе*). ХIун дина ас?

Секретарь. Дауд, хьо юкъа ма лелха!

Мовлид. И Дауд, со селхана юьртан Совете воьдуш, шайх ву бохучу ХьаьдидагIеран кертахь нахана жижигаш дIасхьа кхоьхьуш вара, цхьаъ; шозлагIа, цо, урамехула дIавоьдуш лаьттачу шайн куьпан моллина тIе а вахана, марха къобалдира... иштта.

Дауд охьа а таьIна Iа.

Вай бина сацам бохийна и Дауд вайца тарлуш волуш вац. Накъостий, суна бакъахь хета вайн сацам бохийна волу и Дауд вай комсомолера дIаваккхар... (*Охьахоу.*)

Аьзнаш. Мовлид бакълоь! Иштта комсомол вайца тарлур вац, Дауд комсомолера дIаваккха веза!..

Дауд (*хьала а гIоттий*). Накъостий!.. Накъостий!..

Аьзнаш. Лен ма вита! Лен ма вита! Вайн кхидIа гIуллакх дац цуьнца!

Секретарь. Накъостий! Маьхьарий ма хьекха, голосовать дийр ду вай цунна дош даларан хьокъехь.

Аьзнаш. Де! Ма де! Де! Ма де!

Секретарь. Даудна дош дала лууш волчо куьг ирхдахийта.

Цхьаммо бен куьг ирх ца дохуьйту.

Дош дала ца лууш волчо куьг айа.

Куьйгаш ойу.

М о в л и д. Сан предложени ю Дауд, лен ца вуьтуш, комсомолера дIаваккха!

А ь з н а ш. ДIаваккха! ДIаваккха! Дауд вайн комсомолехь бакъахьа вац! ДIаваккха!

Х ь а с а н *(хьала а гIоттий)*. Накъостий! Дауда хIуъу баьхчи а, вайх цхьаболчарна хIуъу а хетчи а, вай селхана постановлени йира, ваьш бина сацам бохийна стаг, и кхочуш ца бина стаг вайн комсомолера дIаваккха, вай санна, и Iен Дауд а вара вай сацам беш кху чохь. Цундела суна бакъахьа хета, вешан сацам кхочуш а беш, Дауд вай комсомолера дIаваккхар.

С е к р е т а р ь. Накъостий! Дауд комсомолера дIаваккха луучо куьг айа.

Массара а куьйгаш ойу.

С е к р е т а р ь. *(Протокол яздеш Iечуьнга)*. ДIаязде.

Д а у д *(воьхна)*. Накъостий!..

С е к р е т а р ь. Охьахаа, охьахаа, Дауд, и дIадаьлла!

Х ь а с а н. Сан а дара-кх ала хIума.

С е к р е т а р ь. ХIун ду хьан?

Х ь а с а н. Тохара дуьйна вайн къамел дIа ца хедаш Iара со... Сан а ву, Даудана санна, шена хуъушехь, вайн сацам бохийна цхьа накъост вийца.

М а ьх ь а р и й. Схьавийца! Схьавийца!

Х ь а с а н. Накъостий! Иза тхан шича а хуьлуш волу Баудди ву. Цо а бохийна вайн сацам. Цо а дина эхь, Дауда санна... Накъостий! Комсомол а волуш волу Бауддис шена а тIера сахь а даккхийтина, иза моллина делла, шозлагIа, иза селхана, марха достучу дийнахь, мелла а вара, тхо вайн колхозан хIу цIандеш леллашехь... Иштта ша динчунна кхоьруш делахь а, и кхуза ван а ца веъна-кх.

М а ьх ь а р и й. ДIаваккха иза а! ДIаваккха Баудди а! ДIаваккха!

С е к р е т а р ь. Накъостий! Голосовать дийр ду вай... Баудди дIаваккха луучо куьг айа.

Массара а куьйгаш ойу.

М а ьх ь а р и й. ДIаваккха! ДIаваккха! ДIаваккха!

С е к р е т а р ь *(протокол яздечуьнга.)*. ДIаязде.

Жонсаркъа. Сан а дара-кх шуьца гIуллакх, ала мегар делахь.

Секретарь Колхозе язваларах-х даций хьан иза?

Жонсаркъа. Колхозе-м, ахь тахана Iуьйранна мааллара, ас Жабига а аьлла, цо исписки тIе дIаязвира со. Со хIинца шуьга дан воллу къамел-м тахана Iуьйранна хьоьга дан а вуьйлира со, тIаккха а, хьо чехка вуй-теша, аьлла хеташ, IадъIийра-кх.

Секретарь. ХIун къамел ду хьан иза? Схьадел хIета.

Жонсаркъа. Шух цхьаболчарна хаьа а хир ду иза. Со, кху эвларчу Хьаьдидаца тоба а дина, цунна воцу хIара итт шо дузуш доллура... Хьалха дуьйна а жимма шек-м вара со цунах, иза шайх ваций-теша, аьлла хеташ. Делахь а, нах цунах чIогIа тешаш хиларна, со а цаьрца цхьаьна цунна вецаш кху хене велира. ХIинцца, стомара дийнахь, шайх Хьаьдида, пхи туьма ахча а делла, Соьлжа-гIала вахийтинера со мархина цхьацца хIума эца. И ахча новкъахь дан а дайна, со новкъара юхавеара. Ас со иштта цIавар дийцича, суна Хьаьдид оьгIазвахара, ас марха достучу денна шун хIоттоза вуьту ша, аьлла. Цул совнаха, цо соьга элира, цхьана муридехула, и ахча сан дан а ца дайна, цунах ас сайн цхьа гIуллакх дина... ЧIогIа хьовзийра со цо цу ахчанна. Селханлерачу марха достучу дийнахь саьхьаш даха ялта эца а хIума доцуш волу со. Хьаьдида пхеа туьманна хьовзийра, хIуъу йохкий а, ахча охьадилла, аьлла. Чам байра сан цунах, дог делира сан цунах, цунах сан чIогIа тешам байра, суна иза шайх воцийла хиира, ша соьга делла пхи туьма цо, ас сайна дитина, бахарна а, цунна, и шен пхи туьма мича дахана, ца хаарна а. ТIаьххьара а ас, сайн цхьаъ бен йоцу а, сайн къаста йиш йоцу а говр а йоьхкина, цуьнан пхи туьма дIаделира, цуьнца цхьаьна муридалла а луш.

Чуьрнаш буьйлу.

Муха ца лора цунна цуьнан муридалла юха, кху дуьненахь шен гIуллакх бахьанехь сох шен хьаьрчина пхи туьма ахча цо, гел а хьовзийна, дIадаьккхича! Ас цуьнга шега а элира, кху дуьненахь хьайн долчу хьола тIера, сан карахула хьайн пхи туьма дайча, со хIоккхул чIогIа холчу а хIоттош, дакъазаваькхинчу ахьа суна кхано къематан дийнахь гIо муха дийр дара, я мичара дийр дара...

Чуьрнаш буьйлу.

Цу тайппана со, дакъазаваькккхина, кху иттех шарахь, хир дойуш, вацийна, хеназа къанвина, наха шайх ву олу Хьаьдид а, я и санна берш а со шайхаш хеташ вац, уьш, нах а бацош, шайна хьелаш гулдеш бу. Соьгий, со санна волчу мискачу стагей, дохнна тIаьхьа ца волуш, догIмашна там ца лоьхуш, далла гIуллакх де а бохуш. Дехан-доцан хIунда дуьйцу иза, со кхидIа суо санна волчу стагана вецаш вац. *(Куьг а тосий.)* Ахь хIун дей, секретарь, оцу исписки тIе со а дIаязвел ахь, хьайна лаахь, «калсалом» а, хьайна лаахь, «пиланер» а. Со, шуьца тоба а дина, шун мурид хила воллу, шун тобанца хила лаьа суна. Цу стагана ваьцна, когаш баабелла сан, куьйгаш дааделла сан.

Чуьрчара куьйгаш туху.

Шуна тIаьхьа а хIоьттина, вала реза ву со.

Чуьрчара куьйгаш туху.

Секретарь. Жонсаркъа, хьан гIуллакх вай лар тIе доккхур ду, хьо комсомоле эца воккха ву, пионер язвала—жимма хан тоьхна.

Жонсаркъа. Ша хан ца тоьхнехь, диканах хIума-м ца тоьхна хьуна ас.

Буьйлу.

Секретарь. Мухха а, Жонсаркъа, хьуна ваха лаьа, хьо ваха веза некъ буьйцур бу оха... *(Комсомолашна тIе а воьрзий.)* Накъостий! Сан предложени ю, хIара Жонсаркъа, шайхашций, молланашций долу гIуллакх дIакхоьссина, вайна тIеварна, таханлерчу дийнахь кхуьнан бахам тIехь я арахь болу болх беш, вай, кху чохь долчу накъосташа, воскресник ян.

Жонсаркъа воккхаве.

Маьхьарий *(тIараш а детташ)*. Бакъахь ду! Бакъахь ду!

Секретарь. ХьалагIовтта, хIокху сохьта дIагIор вай цига!

Массо, хьала а гIовттий, дIабуьйлало.

ЦIЕН ГIАП

(Пьесин хьалхара ши сурт)

ДАКЪАЛОЦУШ БЕРШ:

Г I и р м а, воккха стаг, къехо.
Б а у д д и. къехо, бIаьрзе стаг.
Р е ш и д, къехо, Горски школера дIаваькккхина студент, 23 шо.
Т и м а р с о л т а, воккхо стаг, мехкан да.
Ю с у п, эпсар, цуьнан кIант, 25 шо.
Т е н е в и ч, участкан пурстоп, гIалгIазкхи.
В е р и н, полковник.
Г е н р и, цуьнан кIант, 13 шо.
Б о й с у р, юьртда.
Т у р к х, хIора даша тIехь толкхаэккха, 35 шо.
М и с к а з у д а, 45 шо.
М и т р о ф а н, стражник.
А л е к с е й, стражник-гIалгIазкхи.
Д а у д, стражник.
Б е к с о л т а, каторжхо (сибрех вахийтина, нах паччахьана дуьхьал бохуш хиларна).
Ж о л м и р з а, лурвоьлла стаг.
М о л л а, воккха стаг.
Б е т а ш, мотбетташ.
Б е л и л а, цуьнан шичан йоI, цуьнца Iеш а ю, Дудуг везаш а ю.
Д у д у г, къехо, жима стаг, Iедална дуьхьал.
П е т р о в, муьжги, большевик.
В а с ь к а, муьжги, салти, — кIайчу эскарца.
Г I а л г I а, партизан.
Р о м а н о в, эпсар, гIалгIазкхи.
Т о в р г I а з, Бексолтин нана.
М а р ж а н, Бексолтин йоI, 18 шо.
З а й н а п, Бексолтин йоI, 10 шо.

ГIо деш берш: к ъ е х о й, ц е р а н з у д а р ш, к е г и й н а х, п о н д а р л о к к х у р г, ж у х у р г а ш, кIайчу э с к а р а н т I е м а л о й, ц I е н п а р т и з а н а ш.

1-ра дакъа

1-ра сурт

Ж о л м и р з а. ХIай!!! Мила... Мила ву со? Лурвоьлла стаг! И-х суний, Iаьржа латта, хьуний-х хаьий, со сайн бехкенна лур ца воьллийла?

Жолмирза, юха а татанаш а хезий, тIехьа хьожу...
ЛадоьгIу. ЦIеххьана куллан тата хеза.

Ж о л м и р з а (*топ а лоцуш*). ХIей, мила ву?... ТIе ма воьллахь!.. (*ЛадугIу.*) ХIей! Са ду хьо, цIий ду хьо? Ас топ туху хьуна!..

Б е к с о л т а (*гIийло*). Ма тохалахь... ма тохалахь топ...

Ж о л м и р з а. Мила ву хьо?

Б е к с о л т а. Со новкъа вогIу гIийла стаг ву!

Ж о л м и р з а. Хьо стенгара вогIу, стенга воьду хьо?

Б е к с о л т а (*гIийло*). Иштта схьавогIу-кх...

Ж о л м и р з а. Хьо мила ву, ван?

Б е к с о л т а. Со хьуна вевзар вац...

Ж о л м и р з а. Хьо мичхьара ву? (*Сирник а латайой, жимма Iийна, Бексолта вевзий, цIеххьана мохь туху.*) Бексолта!!! (*Маракхета.*)

Б е к с о л т а. Хьо мила ву?

Ж о л м и р з а. Бексолта, (*сирник а лоций.*) со ца вевза хьуна?...

Б е к с о л т а (*юьхьа тIе а хьожий*). Жолмирза вац хьо?

Ж о л м и р з а. Ву... Жолмирза ву со-м.

Ший а, мар-мара а кхетта, воьлху.

Ж о л м и р з а. Хьо муха кхечи, Бексолта, цIа? Хьо хьайн пхи шо кхаьччи а, цIа ца веъча, тхо-м, хьо хIаллакьхилла, бохуш, Iеш дара... (*ДIа а, схьа а хьожу, стагга а вогIийла.*)

Б е к с о л т а. Ас каторжнехь тIаьххьара кхо бутт боккхучу заманчохь, бархI шо хан а тоьхна, вахийтина ТIехьа-МартантIара Леча кхечира цига, хьуна а вевзаш волу.

Ж о л м и р з а. Леча суна дика вевзара.

Б е к с о л т а. Хьо марша, цигахь кхалхар хилира цуьнан, дика ерзаза чевнаш а тIехь хиллера иза.

Ж о л м и р з а. Ахь баккъал бах?.. Дала гечдойла цунна... Маржа Леча яI-кх...

Б е к с о л т а. Мухха а, цу Лечас дийцира суна пурстопа шега аьлларг.

Ж о л м и р з а. ХIун аьлла хиллера цо, Бексолта?

Б е к с о л т а. «Бексолта а, хьо Леча а паччахьана дуьхьал нах гIиттош—ший а цхьаъ ву, ас цу сибрехахь цхьаьне вахкор ву шуьшиъ», — аьллера-кх... Цо и аларна со, сайн хан яькккхина ваьлча а, цIа ван ца ваьхьаш, Севастополехь завтехь сецира сайца чохь ваьллинчу цхьана белхалочуьнца. Цигахь болх а беш, диъ шо даькккхира ас, буьйсанан заманчохь деша а доьшуш, мухха а, со иштта Iеш, ккхуза цIа ван гIуллакх а даьлла, шуна са а гатделла, схьа цIа вогIу-кх со, Жолмирза.

Ж о л м и р з а. ХIун гIуллакх дахьа ахь, Бексолта? Погонашкахьа а ваьлла, талха-х ца телхиний хьо? (*Сирник латайой, хьожу.*) Со-м шек ма ваьлла хьох...

Б е к с о л т а (*виэла а къежаш*). Э-э, Жолмирза, и гIуллакх дац хьуна ас дахьарг!

Ж о л м и р з а. Муха, хIун ду и, Бексолта?

Б е к с о л т а (*ойлайина*). Дагадогlий хьуна, мацах вайн эвларчу Решида, доьшучуьра ша аьхке яккха цIа веъча, вайга баьхна «харц», «бакъ» наха алар бен, дуьненчохь «харц» долуш, «бакъ» доцуш ду?

Ж о л м и р з а. Шун чохь цо иза баьхна дагадогIу суна.

Б е к с о л т а. Делахь хIета, Жолмирза, кху доккхачу дуьненахь цу бакъонан чкъург карчаза ю, хIинца и борзанан чкъург хIоттош ю, белхалойн класс тхьамда а йолуш, и чкъург керчар ю, хьалха кху ерриге а пачхьалкхехула массо а маьIе кхочуш. Цу чкуърган гIугI доккха хир ду, цуьнан цIогIа луьра хир ду, иза кхехкаш хир ду буьрса... и чкъург керчар ю, паччахьан чинехь болу массо нах а, мехкан дай а, хьалдолу нах а хIаллакбеш, массо а къоман мисканиг, гIийланиг, ялхо, белхалой паргIатбаха... Амма, Жолмирза, хьеран бера хьовзо хи оьшу, цIе оьшу — и санна, и бакъонан чкъург карчо а тIом оьшу, герз оьшу; цу тайпана карчийна чкъург, паргIатонан малх хилла, цIечу алонца, бIаьстенан заз санна, хазъелла, паччахьа Iазапехь, боданехь бахкийначу массо а къинхьегамхошна аьхна хилла, чIагIлуш, дIахIуттур ю... и чкъург хьовзо вай дакъалаца деза, цунна вай кечам бан беза. Иштта и керла гIуллакх ду-кх, Жолмирза, ас Нохчийчу дахьарг...

Ж о л м и р з а (*корта ластош*). Бексолта, иштта хилча-м дика дара иза, ша туьйрана тIехь бен хила тарлур доцуш гIуллакх ду-кх иза...

Б е к с о л т а. Жолмирза, я вай дала деза, я иза иштта кхочушхила деза!

Ж о л м и р з а. Со тешаш вац-кх цунах, Бексолта.

Бексолта. Иза, цхьа хIума юьхьаралаьцча, цунах даима тешна хила веза, цу тIехь чIогIа хила веза, Жолмирза.

Ла а дугIий, Бексолтас аьллачун ойлайо.

Жолмирза *(куьйга корта а лаьцна, иллига ладугIу.)*

Да вала хьан делаI, паччахьан хьо зама.
Ца дуьту ахь тхуна ден дакъа ва маьрша.
Майрачу кIенташна, бакъонан дегнашна
Мел мекха лаьтта хьо, паччахьан хьо зама!

Бексолта. Хьажал, Жолмирза, ерриге а Нохчийчоь паччахьан заманна йоьлхуш ю. Хилаза йиш ю аьлла хетий хьуна ас аьлларг кхочуш?

КIур хилла яга хьо, паччахьан хьо зама!
КIант дика мел вериг сибарех ахь лоьхку!
Мотт алсам беттачунна мохк алсам ахь ло,
ГIийланиг, мисканиг гIийла ахь хийшаво,
Ва дайдахь, яда-дай, ва дайдахь, яда-дай!
Ва дайдахь, ядадай, ва дайдахь, ядадай!

Бексолта. Мел дукха зама яра суна иллин мукъам хазанза... берриге а гIийла нах Iийна меттиг а, цIа а, кхерч а, доьзал а дагадоуьйту иллино... ХIара, Жолмирза, хIун хьал ду сан бабехь?

Жолмирза. Иза-м дика лелаш ю...

Бексолта. Нах бахалой?.. Ницкъаш бой нахана?

Жолмирза. Бахало, аьлча а, нах са чохь лела-кх, паччахьо сов чIогIа ницкъаш бо.

Бексолта. ЭхI, бийр бу ницкъ... Бакъду, беха-м ца бан мега... хIара, хьо хIун лелош ву, Жолмирза?

Жолмирза. Луралла эцна лелаш ву-кх...

Бексолта. ХIинца а лелош деца хьан иза?

Жолмирза. Да хьаха-кх хIара-м, вирана мохь санна, гехь дисина. *(Аьтту агIор дIа а хьожий.)* Цхьа адам догIу. *(Шимма а ладугIу.)*

ДIа ма лелха, заббарий заб-заб,
ХIара-м, со вай, заббарий заб-заб,
Хьожуш хила, заббарий заб-заб,
ЙогIуш хила, заббарий заб-заб!

Жолмирза *(Бексолте)*. Цхьа адам догIу кхузашха схьа...

Дудуг (*чуьраваларца*).

ДIа ма лелха, заббарий заб-заб,
ХIара-м со вай, заббарий заб-заб.

Ж о л м и р з а *(топ тIе а лоцуш)*. ХIей! Мила ву хьо?

Д у д у г (*воьхна)*. Заб-заб... хIара-м... со вай...

Ж о л м и р з а. Хьо мила ву?

Д у д у г. Со вай, заб-заб.

Ж о л м и р з а. Хьо мила ву?

Д у д у г. Нанин Дудуг а ву, цуьрриг хьох эхь а ца хета... Хьо мила ву?

Ж о л м и р з а. Со-м вевзар ву хьуна, схьа тIевоьл хьо.

Д у д у г. ЭхIе, дIаваьллахь! Со хьуна тIевогIуш мах ца бер вайшимма, иштта Iовдал вац, бабас ша ялале вина со.

Ж о л м и р з а. Битахьа бегаш, цкъа схьаволахьа.

Д у д у г. Бегаш бита а бохуш, вевзи а бохуш, теттина со шена тIевеъча, мацах нохчийн мотт хууш волчу гIалгIазкхийн стражнико нана-ЖугIуртахь йина и нисъелла шаьлта а, киса-нара хьолтIам санна долу и доккха сом а даькккхира сан... ХIинца сан кисанахь сом а дац... бакъду, хIара шаьлта-м ю, ша нехан а йолуш, хьо милла велахь а, хьуна дIа а лур йоцуш. *(ДIа а волалуш.)* ХIа... дIавала, къонаха... буса теснарг баш-ха гергарло дац, ахь дан гIуллакх сан дац, сан жима Белила а хир ю сагатдеш, дIагIор со... *(ДIаволало.)*

Ж о л м и р з а. Дудуг! Со ца вевза хьуна?.. Со-м Жол-мирза вай. Схьаволахьа цкъа...

Д у д у г. Жолмирза, хьо ву и?.. *(ТIевогIу, сирник а лата-йой, хьожу.)*

Ж о л м и р з а. Ва дера-кх.

Д у д у г. ХIара хIун салти ву хьуна юххе Iуьллург?

Ж о л м и р з а. ХIара-м ас вуьйцур ву хьуна, кхоана хIун ло ахь?..

Л у д у г. Сан даьхни, Жолмирза, хIинца а соьга яза йолу хаза Белилий, хIара дечиган пондаррий ду... жима Белила-м лур яц! ХIара пондар лур бу-кх...

Ж о л м и р за. Хьажал кхуьнга...

Д у д у г (*инзарволий)*. Ой, Бексолта вац хIара?..

Б е к с о л т а. Со ву хIара-м, Дудуг.

Д у д у г. Бексолта, хьо ва марша! *(Мараэккха.)*

Ж о л м и р з а *(дIа-схьа а хьожий)*. ХIинца а цхьа адам догIу вайна тIе...

Д у д у г. Решид хир ву хьуна, суна тIаьхьа кхуьур ву ша, аьлла вара и...

Б е к с о л т а. ХIара, Решид доьшуш-м вац хIинца?

Д у д у г. ХIун ю и — гирси ю, гроски ю — цу ишколехь

доьшуш вара иза, паччахьана дуьхьал ву, аьлла, цигара дIаваькккхина, хIинца цIахь Iаш- ву-кх...

Бексолта. Цигара-м иза со сибрех а вахале ваькккхира дIа.

Дудуг (*аьтту агIор дIа а хьожий*). Решид!

Решид (*сцени тIехьара*). Вай?!

Дудуг. Хьо вуй иза?..

Решид (*чу а волуш*). Ву.

Дудуг. Кхаъ бу хьох, Бексолта цIа веана!

Решид (*хазахетарца*). Ахь баккъал бах?!

Жолмирза. ХIара-м цIа кхаьчна вайна...

Решид. Бексолта, хьо ва марша! (*Маракхета.*)

Жолмирза. Маьрша хIара кхаьчна цIа, Решид, боккха кхаъ бахьа ша, бохуш, цхьа чалхаш хьейо кхуо.

Дудуг. ХIун кхаъ бу иза?..

Решид. Хьаьнгара бу и кхаъ?..

Бексолта. И кхаъ оьрсийн белхалошкара бу, и кхаъ — кху пачхьалкхерчу дерриге а лаьтта тIехь бакъонан чкъург карчош хилар бу.

Дудуг. Паччахьах леташ хир юй и чкъург?

Бексолта. Лиэташ-м ца хаьа суна, вордано пхьид санна, хIара паччахь ведвийр волуш-м ю.

Решид. Аш дийцарехь, вайн лаьмнашна тоьхна буржал хадош ю-кх и чкъург...

Дудуг. Делахь хIета, маьхьана кIелйисча, гора йижа гIерта бугIа санна, и чкъург карчош, тасалур долуш дара-кх сан дегI.

Бексолтагlар белакъежа.

Решид. Дара дера хийла дегI а-м!

Жолмирзас, вист а ца хуьлуш, ойлайо.

Решид (*ойла а йой*). «Бакъ... бакъонан чкъург, дуьненахь эла хилла схьайогIуш йолу харцо...» (*Ойлайо.*)

Дудуг. ХIа, дIадовла, суна цхьа хIума дагадеа!

Бексолта. ХIун ду иза, ва Дудуг?

Дудуг. Хьан ненан цхьа нисъелла береза нIаьна ю, хIинца, хьо цIа вогIу, аьлла, кхаъ баькккхина, и нIаьна, къаркъараш аьлла, е чу яхийтар ду-кх. (*ДIаэккха, Бексолта велало.*)

Решид. Бексолта, хьо сибрех вахийтале, вай цхьаьна а, хьо ваханчул тIаьхьа оха а — дукха ойла йина, эрна зама яхийтина, хIинца ахь беанарг санна, цхьа некъ схьабала стаг воцуш... шуна а гина хила мега цхьа сурт, вайн ламанашца

хьаннашкахь — цхьана агIор, верта санна, Iаьржачу алхашца мархаш хьуьна тIе хьолхуш, адамех беш къинхетам боцу буьрса мох хьуьна юккъе хьийзаш, цу мохо и даккхий пепнаш, бухдохуш, охьадетташ, кегийнаш кегдеш, ламанаш декош, тIаккха — цIеххьана стигал иэккхарца угIуш, и стигал иккхи, моттуьйтуш, стелахаьштиг тухий, цу хьуьнан юккъехь цIе кхарстош, бIаьрг белла ца вуьтуш, серий санна, тIедетта догIа, дестий, ламанан хиэ шуьйра бердаш текхош, латтанаш иэтIош, хьаннаш бухъюьйлуш, лаьхьий санна, маьI-маьIнехула тIеуьду Iовраш, хьуьнан акхарой, тIам Iаьржа леча, аьрзу шайн кIорнешна тIекхача, кхоьссина хIума санна, уьдуш, бер санна, хьийзаш, лаьттан зинтиг, бецан чхьаьвриг, шайн догIмашна дола ца далуш, бIаьрза хьийзаш, оцу заманчохь цу хьуьна юккъехь верг, поп тIекхетарна кхоьруш, цу кIел хIотта ца ваьхьаш, берд такхарна кхоьруш, цу кIел саца ца ваьхьаш, хиэ чуозорна кхоьруш, цунна йистехь саца ца ваьхьаш, баси тIехь саца Iоврех ца хIуттуш, вала меттиг боцуш, цу дуькъачу дахара юкъахь, цу буьрсачу кIуьра юкъахь воьхна, гIийла хьийзаш хуьлу; цу тайппана, Бексолта, (*соцунгIа а хуьлий.)* ша, цул ирча дацахь, — изза хьал ду-кх паччахьа вайгахь далло-риг; и Iаьржа де дIакарчош некъ — ахь вайна беанарг белахь, Бексолта, иза боккха кхаъ бу!

Б е к с о л т а. И некъ бу-кх иза, Решид... ПаргIатехь и гIуллакх вай, ма-дарра, дуьйцур ду. *(Решид, куьг а лоций, Бексолтина мараиэккха.)* Дийцал, хIинца айхьа йийцинчу цу хьаннашкахь айхьа бийцина луьра мох, охьадетта пепнаш, угIу стигланаш дIатийча муха хуьлу...

Р е ш и д. Муха хир дара?.. Муха хуьлу, бах ахь, Бексолта... бос шапталан болуш, хьажар зIаьнаршца долуш, багар нуьре долуш, алонан басахь лепаш, хаза малх тIехьоьжу, маьI-маьIнехь цу хьаннаш юккъехь хазчу эшаршца олхазарш дека, некъана паргIато юьтуш, дегIана там беш, дайн хIо стагах хьерча, соьналла сайолий, меженашкахь кIадлой, буц, гIа, зезаг, дагна ял луш, делалой дIахIутту. КIел хIотта поп маршаболу, кIел саца берд а маршаболу...

Б е к с о л т а. Вешан некъ вай чекхбаьккхича, тIехь даха шера аренаш, маьрша лела лекха ламанаш вайна паргIатдовлу. Решид, паргIатонан малх вайна боьлур бу.

Р е ш и д *(хазахетарца)*. Бексолта!

Бексолтас, вела а къежаш, куьг лоцу, Жолмирза а, и хазахеташ, шен бехк боцуш лурволар дагахь а долуш, лаьтта; килсехь горгали туху, маьждигехь молла кхойкху.

Аьрру агIор станицехь гуш килс, аьтту агIор юьртахь гуш маьждиг. Цу шинна юккъехь Соьлжа-хи, берд, бай, дитташ; Iуьйренан ламазан хан. Сцени тIехьа молла кхойкху, нIаьна кхойкху. Килс туху, нIаьна кхойкху. ГIирма ву гу тIехь Iуьйренан ламаз деш лаьтташ.

Г I и р м а *(ша ден къамел, цхьацца дош олуш, до)*. Латта! Ялта!.. Сибрех! Мичахь ден деза ялта?.. Муха ден деза ялта? ТIаьххьара ардаш а, дIадохуш, хьаькамашний, совдегаршний совгIатана луш лаьтта. Уьш ца далийта дуьхьал ваьлча, сибрех... дуьхьал ца ваьлча, — доцу латта, ялта! ЭхI, зама!.. зама! Мискачу нахана беркъа хьо зама... (*Зукар до.*) ИллаллахI, лаиллахIа иллаллахI!..

Аьтту агIор чехкка чуволу Решид.

Р е ш и д *(ГIирмина тIе а воьдуш, цавашарца)*. Хьажал, ГIирма, (*аьрру агIор куьг а кховдош.*) вайгара ардаш дIадаьхна, уьш Тимарсолтина совгIатана а делла, хIинца цу махке хьовса арабевлла вайн мехкан дай гой хьуна?

Г I и р м а. Го суна, сан кIант... го суна...

Р е ш и д. Ца го, ГIирма, бIаьргашца гар пайда бац, кийрара ган беза уьш... вай кIел сецарх хила хIума дац, цергашца Iийша беза уьш.

Г I и р м а. Ша уьш ца Iийшахь, вайна Iийша ялта-м ца хила доллийц!

Р е ш и д. Даа ялта а хир ду, ялта ден мохк а хир бу, Бексолтас бохучу новкъа вай дахчахьана... ХIа, и дIадели, Г I и р м а. Вайн юккъехь нах гуллуш бу цу ардийн хьокъехь, ваьшна и латта юха ца дерзадахь, вай, вешан ардаш цу махка юкъа ма дахийта, алий?..

Р е ш и д. Хьаьнга до ахь дехар, ва ГIирма?..

Г I и р м а. Тимарсолте а, вайн пурстоьпе а дан воллу-кх.

Р е ш и д. ГIирма, хьо лаца, хьайна дIовш тоха чухьаьддачу лаьхьанна хьалха дехар деш гор вужур вара хьо, я дуьхьало йийр яра ахь?..

Г I и р м а. Дуьхьало йийр яра-кх...

Р е ш и д. Делахь хIета, хьуна дIовш тоха чухьаьдда лаьхьа бу хьуна Тимарсолта а, пурстоп а, паччахь а...

Г I и р м а. Иза а бакъду-кх, Решид.

Белхолахара схьа дечиг-пондарца олуш хIара илли хеза.

А дайда ядадай, ва дайда ядадай, ва дайда ядадай-й-й. Ва дайда ядадай-й-й...

Цхьа чIара бу, боху, хи доцуш бисина,
Шена хи ва хилча, болалур ша, бохуш...
Цхьа сара бу, боху, гIа доцуш бисина,
Шена гIа ва хилчи, лестар ша, ва бохуш,
Вай кIентий ду шуна, зама йоцуш дисина,
Ваьшна зама ва хилча, дуьйлалур ваьш, бохуш.
А дайда ядадай, ва дайда ядадай, ва дайда ядадай...

Решида а, ГIирмас а, гIийла ла а доьгIуш, ойлайо;
илли сецча, цхьаммо доккха садоккху.

Р е ш и д *(аьтту агIор дIахьожуш)*. Ва Дудуг!

Сцени тIехьа Дудуган мохь: «Вай!»

Г I и р м а *(аьтту агIор дIаволалуш)*. ЖIаьла кIегархаъал бен доцу сан урд а даха-кх Тимарсолтина кхаьчначу махка юкъа...

Чуволу Дудуг.

Д у д у г. Хьайниг-м жIаьла кIегархаъал а дара, ГIирма, сайниг-х даций и дахка кIегархаъал а, иза а даха цу махка юккъе-м...

Р е ш и д *(Дудугна улло а воьдий)*. ХIара, Дудуг! Со Бексолтас ГIойтIа вохуьйтуш ву, вайца зIе йогIуш болчу цигарчу нахе вай деш дерг хаийта а, цара дан дезарг дIагайта а... хьо, хьуьлла лела ТеневичгIар стенга боьлху, хьожуш, кхузахь саца, царна тIаьхьара дIа а ма вала... Нагахь уьш дехьа бовлахь а аьлла, оха тIе-кIел пхи-ялх стаг а вахийтина, ледара ма хила, со а малх буза хан хилале схьаккхочур ву...

Д у д у г. Ледар-м хир вацара со... ХIара, хьо гIаш воьду, Решид?

Р е ш и д. Мичара хьуна — гIаш... Эцца дIалаьллина йолчу Мохьмадан говрахь воьду со-м...

Д у д у г. Делахь дIавало хIета...

Решид чехкка дIавоьду, гу тIехула дехьа чу а вуссий. Дудуг гу тIе охьахуу. Ойла йо. Коьртах мIараш хьокху.

Лата, хьаькам вен-м хала дацара, шен да ватIарг, цул тIаьхьа гIуллакх талуш делхьара. *(МIараш хьокху.)* Iалелай, ма йоккха чалх ю-кх Бексолтас лелориг, цу сибрехара цIа а веана, ян-м ткъа. *Тамаша беш шок туху.)* Iалелай, массо а юьрта и воьду, массанхьа йозуш зIе а цуьнан ю, ер йолуш паргIато ю а боху. *(Ойлайо.)* Шен да ватIарг, Белила соьга схьаеана ялале — ягIахьара и паргIато: тхьаьшшиннан пуржинан маьнга оьцур бара-кх ас, кемана тIехь санна, сетта... охIохIоъ, хьай, даьдала цу дийнан делаI-кх!

Аьтту агIор дIавоьдуш волу Юсуп чехкка чувогIуш волчу Туркхана тIе кхетий, ший а галвоьду, керахь йолу мор боьттина куз, гIайба, шаршу, гIант охьаоьгу, велало.

Ю с у п. Шу ма хьедели? Чехкка схьадаьхкича ца мега шуна?

Т у р к х *(даим тамашина велакъежна ву)*. Ас хIун дийр дара, Тимарсолтин махка тIера макIарч яй хIара-м, бохуш, Бойсур мелла ца ваьлча! *(ХIумнаш схьалахьайо.)*

Ю с у п. Ой, аса-х, тахана ма мала, аьллера цуьнга. *(ГIант схьаоьцу)*.

Т у р к х. Цо-м иза мала ца мелира...

Ю с у п. Алахьа, баккъал? *(ГIант дIахIоттадо.)*

Т у р к х *(къежарца схьа а хьожий)*. ГIамаро хи санна, ши шиша хуьйдира-кх...

Ю с у п. *(ша волччу лаьтта)*. Тфуй-й-й.. *(Аьтту агIор хьоьжу)*.

Т у р к х *(нахана тIе а воьрзий)*. Цхьаъ-м вайн кIанта а баькхкхира дIа... ша хи санна, и мийр долуш вара со, шен дава-тIарг, жимма алсам мелча, цу маларо зуда дагайоуьйту, ца бахахьара. Зуда ца яло айса биъна дуй къарбарна кхоьру-кх, вуьшта дош-м дацара, берриге а зударш байа а байина, и муьйлуш ца лелча...

Ю с у п *(аьрру агIор а хьоьжуш)*. Дуьйлалойша чехкка. *(Туркх дIахьожу.)*

Сцени тIехьахь: «ХIун? Дера догIу-кх, ша и кхоьссина хIума санна-м», — олу Бойсура. Чуволу Бойсур, генна гал а воьдуш. Иза вехна ву.

Б о й с у р. Сол... чехка ла ... ламанан сай а хир барий, Юсуп? *(Халла хьала а нислуш.)*

Ю с у п. Бойсур, аса тахана, ма мала, ца аьллера хьоь?

Чуволу ши стражник: Алексей, Дауд. Керахь шишша гIант, яахIума, кхоъ шиша, стаканаш, шимма а уьш дIанисйо.

Б о й с у р. Элира ахьа-м, *(некха тIе куьг а тухуш.)* кийра ца Iийра... Схьада, боху, лур долуш со а ву-кх... Ю... Юсуп, хIара дуь... дуьне-м, вай делча, котамаша, кIегар маIарш а хьоькхуш, лаьттар дай, малийтахьа соьга, шуна беллачу махка тIера мелла-кх аса тахана. *(ГIанта хоу.)*

Ю с у п. Ас-м, полковник Веринна хьалха бакъахьа ца хеташ, бахара, хьо юьртда волу дела. *(Аьрру агIор чехкка дIавоьду.)*

Б о й с у р. Юьртда а ву, ерриге а кху Нохчийчоьнан да а ву. ХIей, Туркх!..

Т у р к х. ХIун бах ахьа, Бойсур?..

Б о й с у р. Сан Туркх, сан лай ву хьо?

Т у р к х. Ва!

Б о й с у р. Схьавоьл цкъа!

Т у р к х. Мацах гIалитIа вахчахьана, веханчу хьаькамах кхоьруш ву со, иштта схьаалахьа!

Б о й с у р. ХIун дина гIалитIахь? И нохчийн хабар гой хьуна цо Iамийна!?

Т у р к х. Кхин хIумма а ца дира, базарара, сайна лампа а эцна, схьавогIуш волу со, — стражник вара, ураьдник вара, ца хаьа суна, — цхьана гIазаккхичо, ластийна суна буй а тоьхна, «якши [1], кунак!» — элира-кх соьга.

Б о й с у р. Ахьа хIун дира?..

Т у р к х. Якши, къорIанора, ахьа суна тоьхчи-м, аса хьуна тоьхча, яман а дера хир дара! — аьлла, схьавеара-кх.

Б о й с у р. ТIаккхахула тоьхчи, вист дIа ма хилалахь! Хьо хIунда хуьлура хьаькамана дуьхьал вист, хьо-м кху дуьненан а лай вай, ва Туркх! И хаьий хьуна?..

Т у р к х. Иза-м хаьа-кхи суна, Бойсур.

Б о й с у р. Хаахь, схьавоьл хIета, хIун деш лаьтта хьо, мунданна воьгIча санна?

Стражникаш яахIума а, гIанташ а дIанисдой бовлу. Аьрру агIор чубовлу ВерингIар, юххехь моллий, тIаьхьа хIоьттина Юсуп, Генрийн куьг лаьцна Тимарсолта а волуш, юккъехь Теневич а волуш. Маларх, даарх бIаьрг кхетча, Теневичан сакъерало, Веринан а къерало. Бойсур а, вухий, меттераметта лелхаш лела.

Т и м а р с о л т а (*Генрига*). Генри, говрашца сакъерало, бахара ахьа?

Стражникаш, догIмаш нисдой, дIахIуьтту.

Г е н р и. ЧIогIа сакъерало! Говра-м со хIор кIирандийнахь хоу.

Юсупа шина стражнике, юьстах валий, саца а олий, и шиъ къайлаволу.

М о л л а. Хьаха веза говра хао!

Т и м а р с о л т а (*Генрин белш тIе куьг а тухуш*). Говра-м тахана хаор ву хьо. (*Туркх, цу массарах бIаьрг кхетчахьана, велавелла ву.*)

Г е н р и (*аьрру агIорхьа ирх а хьожий, пIелг а хьажош.*) Папа, хьажахь! Хьажахь, папа, хьуьлла лета ши олхазар.

Массо а ирхъхьовсу.

---

[1] Якши, яман — дика, вуон (тюркски дешнаш).

В е р и н *(хьалха киснара куьзганаш схьадохий, ирх а хьоьжуш)*. Генри, и доккханиг хIун олхазар ду, хаьий хьуна?..

Г е н р и. ГIиргIа ду-кх, хьажахь, хьажахь, о... о... жиманиг, когаш юккъе а доьллина, дIахьойца, хьажахь!.. ОхIо!.. Юха а дIахийци...

Т и м а р с о л т а. Иштта хьоьжуш Iен везара цаьрга, мел хаза синкъерам бу хьо ба-м!.

М о л л а. Хаза ши олхазар ду и шиъ!

Т е н е в и ч. Ша дIа ловзабой цо-м и кхокха.

Т и м а р с о л т а. Хаза ловзабо иза-м, пурстоп.

В е р и н. Ца ловзабора хьаха цо и ловза-м... Кхокха-м, бала ца лууш, керара буьйлу.

Г е н р и. О... о... о-о-о.

Ю с у п *(буй бой, куьг охьакхуссуш)*. Iах! Схьалеци!

Г е н р и. Хьажахь, папа, юха а схьалеци! *(Куьйгаш вовшахдетта.)*

В е р и н. Го суна, Генри...

Г е н р и. Хьажахь, иза а эцна, дIадоьдийца. *(Куьйгаш вовшахтуху.)*

М о л л а. Чехка доьду...

Т е н е в и ч. ДIа а доьду, кхин иза цуьнан мIараш юкъара а бер бац.

Т и м а р с о л т а. Со а ву шек-м...

Массо а охьаховшу, Генри воцург. Иза тIаьхьа хьожу.

Г е н р и. Папа, ша цу жимчу олхазарал майра долу дела дехьи-кх цо иза дIа.

В е р и н. Дехьи дера-кх. Генри, ас ца баьхна хьоьга — дуьненахь дала массо а хIума шина декъе декъалуш кхоьллина: цхьаъ ницкъ болуш, важа ницкъ боцуш. Доккхачу олхазарна жима олхазар кхоьллина, доккхачу экханна жима экха кхоьллина.

М о л л а. Жайнашца ма-дду-м лоь.

Г е н р и. Адамашна хIун кхоьллина, ва папа?

В е р и н. Адамашна? Элана лай кхоьллина, стуна гIарбаш кхоьллина, эла а, лай а паччахьана кхоьллина-кх!

Г е н р и *(мотт а боккхуш)*. А-а-а! *(Корта теIабо.)*

Т и м а р с о л т а *(Теневиче.)* Дика корта болуш-м ву хьуна Верин.

М о л л а. О, хьекъаллий, чIогIа долуш ву хIара-м!

В е р и н *(даар хIоттийнач куьг а хьажадой)*. Сан дог лаьттачу дIахIоттийна хIара-м, мацах Iаьлбиг-Хьаьжа гIаьттича, и лаца вогIуш, со жима эпсар вара, хIинца санна къена

полковник воцуш... ХIетахь кху меттехь Iаьлбиг-Хьаьжа лацарна тIера кад мелла ас, хIара меттиг цкъа а ца йицло суна...

Т е н е в и ч (*Юсупе а хьожий, Верине.*) ГIуллакх-м, дIакъадошшехь, хууш ву Юсуп.

Юсупа, гIанташ нис а дой, Бойсуре къайлах йиш-маIаш йо, гал ма вийла, бохуш.

Ю с у п. Иштта охьахуур ву-кх шуьшиъ.

В е р и н (*охьахууш*). ТимарсолтагIар мичхьа ховшу?..

Ю с у п. Иза ший а? (*ТIехула хьийза, кад буттуш а, дIасхьа а*).

Т е н е в и ч (*охьа а хууш*). Кху декъехь Тимарсолтий, моллий ца хир, моьтту суна. (*Велало.*)

Оцу заманчохь Дудуг, гучуволий, леррина кхаьрга а хьожий, тебна юхаволу.

В е р и н. Эе-е... Со-м вицвеллерий; Тимарсолтий, моллий-м молуш ваций... ХIара, Тимарсолта, хьалхарз кад охашимма хьан махка тIера молу!

М о л л а. Баркалла шуна, дала сий ма дойийла шун...

Т и м а р с о л т а (*сехьаволу*). Баркалла шуна, аш шайн гIуллакх де... Сой, моллий Генри говра хао гIур ву...

В е р и н. Сов бакъахь хир ду.

Шиммо а хIума кхоллу.

Т и м а р с о л т а (*Бойсуре а хьожий*). Бойсур, схьавоьл цкъа...

Теневичий, Вериний кхин а молу.

Б о й с у р (*цIеххьана*). ХIан! (*Генна гал а воьдуш.*) ДIавогIу.

Молла, Бойсуре хьожий, корта а ластабой, сцени тIехьа волу.

Т и м а р с о л т а. Хьо дика могуш вац... (*Туркхе*). ХIара схьавоьл хьо.

Т у р к х (*тIе а вогIий*). ХIун бах ахь, Тимарсолта?

Т и м а р с о л т а. ХIара, тIехаа цхьана эха сохьтана дико говр яккхий воьл. Тхойшиъ хIоккхуза соцу хьуна.

Т у р к х (*дIа а волалуш*). Нуьйр тIехь, бахий ахь?..

Т и м а р с о л т а (*оьгIазвоьдий*). ХIан-хIа, цIога а тIехь, бах-кх.

Туркх а къайлаволу, хIара шиъ а къайлаволу.

Т е н е в и ч. Юсуп, дIабаккхал хьайн рогIана кад. (*Кховдабо.*)

Ю с у п *(Тимарсолтина тIаьхьа а хьожий)*. Каддйй! *(Схьа а оьций)*. Шу сайн хьешашна тIера молу ас хIара, шу санна хьеший суна дала ма иэшабойла. *(Хьаламолу.)*

В е р и н. ХIинца мер бу вай кад, шун керлачу махка тIера.

Юсупа бIаьца а йой, Бойсур сцени тIехьа волу.

Т е н е в и ч *(кад схьа а оьцуш)*. А! Бакъ боху...

Ю с у п. Шуна луъучунна тIера мер бу-кх вай хIара. *(Кад схьаоьцу.)*

В е р и н *(велакъежарца)*. Деба жа санна, дебийла шун мохк! *(Велало.)*

Т е н е в и ч. ХIор шарахь, бахий ахь?.. *(Воьлу.)*

Кхаамма а кад молу.

Ю с у п. ТIаккха-м нахехь ардаш дуьсур а дацара.

В е р и н. Ардаш-м Туркойн махкахь шортта ду. *(Воьлу.)*

Т е н е в и ч. ДIавахийтинчу ткъа эзар нохчочунна а, хIинца вохуьйту волчу ткъа эзарна а, бахий ахь?

Ю с у п. Кхин бохуьйтур буй-теша Туркойн махка нах?

Кедаш бутту.

В е р и н. Ца бахийтахь, вайн махкехьара дехийла-м яц...

Жим-жимма буьйлу.

Ю с у п. Жимма бахийтахьара бакъахь дара, хIинца тхуна кхаьчначу махка юккъе ардаш дахана нах дика реза боцуш бу, ма боху, тхуна.

Т е н е в и ч. Нах реза цахилар-м вайга лалур дара.

В е р и н. И нах резабацарна тIера! *(Кад ойу, массара а молу.)* ХIара, Таьштамар Элдарханов ву, ма бохура, пачхьан Думехь мискачу нехан лаьттан бала балхош?

Т е н е в и ч. Иза-м дика юьхьIаьржа дера хIоттийнера цигахь.

Дудуг, чу а хьожий, юхаволу.

Ю с у п. Кхара хIун леларо, хууш вац-кх со — хIара Таьштамаррий, Шуьйтара Асланбек Шериповвий. Чуйохка езара-кх уьш!

В е р и н. Мила ву Асланбек?

Т е н е в и ч. Таьштамар санна верг ву-кх Асланбек а! Цунах-м шен ма-хуьллу ламанан леча хила гIерта... Леча!

Ю с у п. Леча-м тоьпо дожадора!

Т е н е в и ч. Асланбек-м вай буржалца вожор ву, цу тIе даьлча.

В е р и н *(меллаша)*. И ши стаг чехкка сибрех лалла веза-кх.

Ю с у п. Ца веза, шайца кху эвлара Решид воцуш-м!

В е р и н. И хIун экха ду?..

Ю с у п. Иза а ву-кх и хьалхара шиъ санна волу вайн мостагIа.

Т е н е в и ч. Ва дера, и шиъ санна волу а, ас сибрех вахийтина Бексолта санна волу а-м...

В е р и н *(Теневиче)*. Хьо ледара Iа, аьлла хета суна.

Т е н е в и ч. Ишта ма аьллахь, гIалат хир ву хьо... *(Меллашо.)* КIира бен хан яц царна... Иза сецна ду!

Ю с у п. Э-э, Верин! ХIара ледара вац хьуна...

Сцени тIехьа пондаро локху хеза хелхаран йиш.

В е р и н. И мичахь лоькху?

Т е н е в и ч *(Iеччохь)*. ХIорс ва!

Ю с у п. Эцца гена боцуш поппарийн белхий бу.

Т е н е в и ч *(хьалаиэккхий, хелхаволу)*. ХIорс ва! ХIорс ва!

Вукху шимма а куьйгаш туху, буьйлу, сакъерало, оцу заманчохь вехначу Бойсура, гал а вуьйлуш, хелхаран сурт а хIоттош, схьавогIий, куьйгаш туху. Хелхаваьлла волчу Юсупий, Вериний куьйгаш детта, пондар соцу.

В е р и н. И пондар вайна схьабалур бацара-теша?

Т е н е в и ч. Зудбераш а тIехь, бахий ахь?

Ю с у п. Иза-м хала гIуллакх хьаха дацара. *(Бойсуре а хьожий.)* ДIавало, Бойсур хелхаяла цхьа ши йоI а ялош, и пондар локхург схьавалавел хIокху сохьта.

Чехкка дIавоьду Бойсур.

Ю с у п *(тIаьхьа мохь туху)*. Хаза Белила ялаелахь.

В е р и н. ХIара, Теневич! Асланбек нах тIаьхьа хIуьттур болуш вуй?

Т е н е в и ч. Асланбек майра а ву, хьекъал долуш а ву. *(Меллаша.)* Иза, миска нах шена тIе а оьзна, белхалошца барт а болуш, паччахьана дуьхьалва́ла кечлуш ву, бохуш мотт хилла соьга, и лаца тIаьхьа баьхна нах а бу сан. *(Вела а къежий.)* Барзо жий санна, ас иза лоцур а ву...

Ю с у п. Жимма сибрехара мох кхетийта беза кIантана! *(Кедаш дутту.)*

В е р и н. Важа аш вуьйцу Решид, Бексолтий, и шиъ хIун ши экха ду?

Т е н е в и ч. Бексолта, вайгахьара жимма бохам баьлча а, нах ирахIиттош, вайна дуьхьал бохуш, лелаш вара. Иза ас сибрех вахийтина; Решид, вайн Iедална дуьхьал ву, аьлла,

Горски ишколера дIаваькккхина, цIахь Iаш ву ван-м. Амма, *(Юсупе а хьожий.)* Бексолтина тIаьхьа сибрех-м гIур ву: къайлах нахе цхьацца дуьйцу, бохуш хезна суна, цо...

Ю с у п. Дала... мукъ.. лахь.

Кедаш молу.

В е р и н. Иза — дан деза... Теневич, вай ледарло ян мегар дац цу гIуллакхаш тIехь.

ЧувогIу Бойсур, гал а вуьйлуш, пондар локхург а, шиъ-кхоъ йоI а, шиъ-кхоъ жима стаг а валош. Зудбераш ирахьлаьтта. Пондар локхург охьахааво, зудберашца Белила а ю. Пондар локху. Бойсур хелхаволу. Юсупа а, Верина а гIалгIазакхийн хелхар до. Теневич а волу. Юсуп а волу, оцу заманчохь Тимарсолтий, моллий, Генрий чувогIу.

Т е н е в и ч. Валол, Генри... валол, Генри.

Генри хелхаволу, Тимарсолтас а куьйгаш туху. Генри хелхаваьлла, баккхийбеш, тIараш деттачу заманчохь, тIехь ерриге а тиша а йолуш цхьа йоккха стаг, аьрру агIор чу а йогIий. Теневична хьалха гор южу, кортали а доккхуш. Верина цунах кхетта куьг йовлакхца цIандо. Теневич тIаьхь-тIаьхьа огIазъоьху. Массо а цецбевлла.

М о л л а. ХIун гIуллакх ду хIинца шайн сакъоьруш бохкучу нахана чам байа?

Ю с у п *(стражникашка корта ластабой)*. ДIаяккха иза!

Т е н е в и ч (белш а сеттош). ХIун ду хIара?

Миска зуда гор лаьтта, стражникаш цунна тIебогIу.

Ю с у п. ДIаяла цигара, хIей, кетаран кач!

Т и м а р с о л т а. Кху Iовдало хIун леладо?

Моллий, Тимарсолтий юьхьIаьржахIоьттина лаьтта.

Т е н е в и ч. ДIадига и экха!

М и с к а з у д а *(Верине)*. Сардал, цхьа урд дара сан, сардал, схьадалийтахьа сан урд!

М о л л а. Иштачохь ца хьехадой урд-м... хьовсийша цуьнан сонталле!

Т е н е в и ч *(ира а хIуттий)*. И хIун ю цо юьйцург, урд Туркойн махкахь хир ду хьуна, вир, вон вир! *(Стражникашка.)* Тохий, тохий, дIаяккха иза тхуна хьалхара!

Генри Веринах хьаьрча.

М и с к а з у д а. Сардал, иза-м цхьа урд бен даций!

Т и м а р с о л т а. Зуда, хьаштдоцург леладо-кх ахь!..

Ю с у п. ДIатакхае иза!

Цул тIаьхьа гучуволу Решид а, Дудуг а. Решида Дудуг эвла вохуьйту.

Т е н е в и ч. ТIетоха цунна!

М о л л а. Сонта хилча а бац пайда. *(Мискачу зудчунна тIевоьду.)*

Д а у д *(шед а тухий)*. ХІан, боьха жІаьла! *(Хьалаойу.)*

М и с к а з у д а *(Теневична куьйгаш некхах туьйсуш, хьерча)*. Схьадалийтахьа сан урд!

Т е н е в и ч *(Даудан керара шед схьа а йоккхий, тІетухуш, шен некха тІера ши куьг а лоций, зуда дІакхуссу)*. Экха, экха!. .Ас Іамор шу...

Р е ш и д. Теневич! *(Шен ден йишиний, цунний юккъе экха, пурстоп, шед хьала айъинчохь лаьтта.)*

М и с к а з у д а. ХІунда туху суна.

Р е ш и д. Хьуна ца тоьхча, цу пурстоьпан бос цІен хир бац! *(Жимма тІевогІу.)* Хьуна ца тоьхча, цу Іечу полковникна малар хир дац, даар хир дац!.. *(Берриге а акъ а бевлла лаьтта.)* Хьуьлла лаьттачу Тимарсолтина мохк хир бац, моллина сахь а хир дац, цу лаьттачу Юсупна погонаш хир яц. *(Цавашарца, веларца ВерингІаьрга а хьожий, куьг тосий, куьйган кана юзарца.)* Шу, шайн вархІа а дехь дуьйна мискачу нехан цІий муьйлуш, текхаргаш хилла, логах хьерчаш, схьадогІуш долу шу... Шуна хІун эхь дара, цу лаьттачу пекъарна тоьхча?.. Кийрахь дог дац шун, пах бац шун? ХІун боху цо шуьга? Цо доьху шен цхьа урд латта, (пІелг а лоцуш.) цхьа урд латта, шена шаре яллал баа хьаьжкІан буьртиг болу дела!

М о л л а. ОстопираллахІ! *(Цецволу.)*

Ю с у п. Решид, цу хьайн ден йишица оха чувуллур ву хьо, дІавала юккъера!

Т е н е в и ч. Схьалаца иза!

Р е ш и д *(Юсупе)*. Схьа ма лел, кІилло!

Б о й с у р. ДІаваьл кху юккъера!

Ю с у п *(тапча а йоккхуш)*. КІилло?!

Т и м а р с о л т а *(Юсупе)*. КІант!..

Юсупа тапча чуюллу. Бойсур Решидана тІевоьду.

Р е ш и д *(шаьлта а йоккхуш)*. ТІе ма воьллахь!

Пурстоьпо а тапча схьайоккху, туху, иза Решидана пхьаьрсах кхета.

Б о й с у р. Хьуна хІун моьтту- *(Схьалоцу.)*

Р е ш и д *(тапча кхетта пхьарс охьа а бохуьйтуш)*. Суна моьтту, шун гІуллакхан йист кестта хир ю! Суна моьтту, хІара ницкъаш аш беха бийр бац!

Аьтту агІор чехка чуиэккха Митрофан, вехьа а вехьаш.

М и т р о ф а н. Теневич! Теневич! Шайн мохк юха ца лахь, вай дойур ду шаьш, бохуш, ерриге а юрт вовшахкхеташ ю!!!

Решидана хазахета.

В е р и н *(цец)*. ХIан?

Т е н е в и ч. Вай дойур ду-у?

Ю с у п. Юрт вовшахкхеташ ю?

Б о й с у р. Ас бер церан болх! *(ДIахьоду.)*

Т е н е в и ч. Стенга воьду хьо? *(Решиде а хьожий.)* ДIа ма вала цунна юххера!

Т и м а р с о л т а *(хьалха ша лаьттачохь вела а къежий, Теневичана улле а воьдий)*. ХIара моллий, хьаьжой бахийтича хIун дара-теша цу нахана тIе?

Т е н е в и ч. Схьавоьл, молла.

Молла тIевогIу.

ХIара, молла, юьртара нах гIевттина, хIинца уьш совцо хьо чехкка царна тIе ваха веза-кх.

М о л л а. ТIе а гIур ву, совцор а бу!

Т е н е в и ч *(куьг а лоцуш)*. Чехко е! *(Молла дIавоьду.)* Митрофан!

Митрофан тIевогIу.

Соьлжал дехьа валий, орца а алий, гIалитIа телефон тоха. хIара гIуллакх хоуьйтуш... Хезий хьуна?!

М и т р о ф а н. Хеза суна. *(ДIахьоду.)*

Теневичана тIевогIу Верин.

В е р и н. ХIара хIун ду?

Т е н е в и ч. ХIара цхьаннан цхьа бозбуанчалла ду!

Чехкка чу а волий, Беташ, Теневичах агIо а тухуш, дIахIутту.

Б е т а ш. ХIара гIуллакх лелориг Бексолта ву!

Т е н е в и ч. ХIахI?

Т и м а р с о л т а. Мила?

В е р и н. Мила?

Т и м а р с о л т а. Бексолта?

Б е т а ш. Бексолта...

Т е н е в и ч. Ой, Бексолта-х сибрехахь хIаллакьхилла!..

Б е т а ш. И бакъ дац... Бексолта цIахь ву.

Боьхна буьсу, вовшашка хьуьйсуш.

Т е н е в и ч. Иза, цIахь велахь, вайн керахь а ву, иза вай тховса лоцур а ву!..

К и р х ь а

БОЛЬШЕВИКАЛЛИЦА ЯЛТА ДЕРЕХЬА

(Кхаа декъехь пьеса)

ДАКЪАЛОЦУШ БЕРШ:

Ж а м а л д а, колхозера дIа а ваьлла, ша къехо а волуш волу гIеметтахIоьттина стаг.

Б е к и с а т, цуьнан зуда.

Р у к ъ и я т, церан йоI (13—14 шо кхаьчна).

Д а у д, ша юккъерхо а волуш волу Жамалдин лулахо.

Б а у д д и, ша къехо а волуш волу Жамалдин лулахо.

Х ь а ь л и м, комсомол-колхозхо, ша хIайттархойн бригадехь а волуш.

И д р и с, трактерхо.

А р с б и, кулак, колхоз йилларна а, ялта дерна а дуьхьалваьлла ву.

ГIо деш берш: а х а р х о й — к ъ е х о й а, ю к к ъ е р х о й, а; ц е р а н з у д а р и й а.

Хьалхара дакъа

КIен-маьрсан хан. Цхьана агIор гуш колхозан аре, вукху агIор гуш цхьалхахойн аре ю. Жамалдин метта-мотт — белхан цхьацца гIирс а, истанг а, хи чохь сурила а, ага техкош Iен Рукъият а.

Р у к ъ и я т. Олилой... болилой... нанин жима кIорни дижийта!.. *(Аьтту агIорхьа а йоьрзий, мохь туху.)* Ба... а... ба... в!!!

Б е к и с а т *(сцени тIехьара схьа)*. Ва, хIун хилла хьуна?

Р у к ъ и я т. ХIара, воьлхуш, ца соцу, вакхавехьа!

Ж а м а л д а *(сцени тIехьара схьа)*. Тахкаехьа и харданг, IадъIийр ю хьуна!

Р у к ъ и я т. ХIара-м мацвеллий!

Б е к и с а т. Еха ма яхарг, схьаваккхахьа, схьа!

Р у к ъ и я т. ТIеда вай хIара-м, схьайолахьа!

Б е к и с а т. ДIайогIу хьуна! Дийна ма леларг!

Р у к ъ и я т. Олилой... болилой.. дийна ма леларг дижийта! Олилой.. болилой... нанин кIорни дижийта!

ЧуйогIу Бекисат — когашIуьйра, иэттIа коч, йовлакх, керахь марс, хьаладина пхьаьрсаш.

Б е к и с а т *(агана тIе а йогIуш)*. Везан дела, ма яхар дац-кх хIара! Сарралц болх бан деза. ЦIахь а гIуллакхаш дан деза. ТIе, кху шайтIанаша а ца юьту... цхьа гIуда хир дукх хIара.

Р у к ъ и я т. Баба, со мацъелла.

Б е к и с а т. Мацъеллехь, эцца схьаэций, сискалан юьхк кхалла. Марчош юккъе къийларг... схьа а ваьккхина, кераэца ца меги-кх хьуна хIара?

Р у к ъ и я т *(сискал схьа а оьцуш)*. Аса хIун дийр дара, иза тIеда хилча? *(Яа хуу.)*

Б е к и с а т. ТIеда дера ду вай-м дерриге а...

Чуволу Жамалда — хецна коч, хьаладина пхьаьрсаш, белш тIехь мангал. Цхьана куьйга юьхьа тIера хьацар доху.

Ж а м а л д а. Зуда, хьо стенна юхъхьаяьлла, амал еана алаш санна? *(Охьа а хууш.)* ЭхI, хьо дегI!..

Б е к и с а т. Юхъхьаяла меттиг а ма бац сан! Бац дера... *(Гай тIе куьг а тухуш.)* Цхьаъ кийрахь доллу, шиъ — хIорш ду, делла хIорш Iахкарш...

Ж а м а л д а. Берашка хIун де бах ахь?.. Церан хIун бехк бу?

Б е к и с а т. Мила ву ткъа бехке?

Ж а м а л д а. Хьо ю-кх бехке... Iовдал хиларна... я дера...

Б е к и с а т. Хьо-м дукха кхеташ вара.

Ж а м а л д а. Вара дера со-м кхеташ, ахь витинехь, дера яц хьо-м кхеташ а, я кхетар йолуш а, ва пенах кхетарг! *(Сурилина тIевоьдий, хи а молий, охьахоу)*.

Б е к и с а т. Безам боцуш ву хьо... ва дера...

Ж а м а л д а. Зуда, и хьайн зурманан кад сацор бу ахь,— делор, ю аса хьан бат теш диъча санна йийр... *(Пханарш а лоций.)* ЭхI, хьо лозу дегI!

Б е к и с а т. Цул а, нах санна, ваха гIорта! Ва цавеха!

Ж а м а л д а *(аьлха схьа а оьций, хьожу)*. Дера гIертар вара, хьо шайтIанан иблисо витахьара-м. *(Мангале хьожу.)*

Б е к и с а т *(ца ешаш)*. Ваттай!.. ваттай!.. ХIинца аса ца вуьтийца хьо ваха?!

Ж а м а л д а. Ца вуьту дера ахьа-м со. *(Ха лоций, узар*

а дой.) ДадагогIий хьуна айхьа а, кулак волчу Арсбис а соьга баьхна: «ДIавала цу колхозера, нахах а, делах а вала воллу хьо»... ХIинца хьажал хьуьлла къегина *(дIа а воьрзий, куьг а тосий.)* лаьттачу колхозхойн аренашка!

Б е к и с а т *(дIа а хьожуш)*. ХIун хилла, хьаьжча?

Ж а м а л д а. ХIума, кIорIанор, ца хилла вайшинна-м... Хилла царна-м: ялта хьикъийна ду, хьакхар машинаца ду. Болх бан мел оьшу гIирс бу... ТIе, церан цIахь а ду...

Б е к и с а т. ХIун дай церан цIахь?

Ж а м а л д а. Мел оьшург а ду-кх... Хьан атте хьажа деза. Кад-Iайг лело деза. Арара а, чуьра а болх бан деза. Церан лелош вовшахтоьхна машин, хьелий ду... Масане ду уьш!.. Кха тIехь а юуш йовхха яахIума ю. Вайн арахь а, цIахь а — чу-хьаьжча Хизара а гуш болу берам, сискал ю. Цул сов, церан кегийра бераш яслехь ду, даккхийраниш доьшуш ду!

Р у к ъ и я т. Церан-м пионерийн отряд а ю...

Б е к и с а т. *(Рукъияте а хьожий)*. Ма лиэл хьо, езачо яарг!

Ж а м а л д а. Хьажал хьо, зуда, кхоалгIа де ду хьуна кху уьрда вай хьийза.

Б е к и с а т *(Жамалдас бохучунна тIеерзарца)*. Дан а-м дер ду, хIара бераш а хьийзош...

Ж а м а л д а. Iовдале ла а доьгIна, Iовдал хили-кх!..

Чуволу Дауд, керахь цхьажимма кенахь кIа а долуш.

Д а у д. Мила вуьйцу ахьа, ва Жамалда?

Бекисат дIанехьа йолу, Рукъият аганна улле йоьду.

Ж а м а л д а. Вай дерриге а дуьйцу-кх. *(Жимма хьала-айало.)*

Д а у д. ГIоза дуург хуьлда!

Ж а м а л д а. Хьан а хуьлда иза, охьалахлохьа, Дауд!

Д а у д *(Бекисате)*. Хьо гIелъеллий? *(Охьалахло.)*

Б е к и с а т. ГIелъелла аьлчи а, букъ лозу-кх.

Ж а м а л д а. Букъ а, дегI а дийна дисахь-м тамаша бу, хIара болх иштта бахь. Хьо стенгара вогIу, Дауд?

Д а у д *(хьала а гIоттуш)*. Колхозан кIе хьажа со, аьлла вахнера со. *(КIа а гойтуш.)* Хьажал, Жамалда, мел дика кенаш ду хIорш!

Ж а м а л д а *(схьа а оьций, хьожу)*. Остопираллах!

Д а у д. Муха хета хьуна?

Ж а м а л д а. КIа-м башха ду... юккъехь уьрдан доххал бен меттиг а яц, хIетте а колхозан кIа тоьла.

Д а у д. Биэлла ю хьуна кху юккъехь, Жамалда. Аса тамаша бо, латта цхьаъ доллушехь, хIара кIа кху тайпана хиларх.

Ж а м а л д а. Э... э... Дауд! Латта цхьаъ хиларх, охана кхечу тайпана ду... Цара парана охана дира, ахьий, асий ца дира... Сайн стерчийн мIаьчкашца соьга далур долуш гIуллакх дацара иза... Сан — кулак Арсбина хьаставала ваха дезаш хилира...

Д а у д. Ирх ца лилхирий хьуна Арсби?

Ж а м а л д а. Юкъахь охана дахь, говраш лур ю ша, элира цо. Шех кулак вар сан бехк болуш санна, иза а, цуьнан зуда а соьга лен доладелира. *(Куьг а тосий.)* Шух терра ду-кх шун къамел а, аьлла, со схьавеара.

Б е к и с а т. Кулак-м цуьнан зуда а дера ю, куралла ялла йоллуш!

Д а у д. Иза-м ван ца вогIуш дера ца винера кулак. Кхин хIумма а ца хилча, цуьнан цIенош чуьра гIирс тоьар бара и кулак ван. Цо лело мах-м бийца а хIунда буьйцура...

Ж а м а л д а. Эхь дац иза? Тахана, кху кIе а хьаьжна, кхо туьма лахь, машинаца хьокхур ду ша, элира-кх цо... Кхаа туьманан кIа кху тIера долий а ца хаьа!

Д а у д. Нилха ду хьан хIара кIа. Дика даьлча а, деа туьманан кIа бен дер дац кху тIера.

Ж а м а л д а. Иза-м, юхавогIур ву ша, аьлла, вахана дIа.

Б е к и с а т. Дера веъча а, хьокхуьйтур-м дац. Вайна хIун пайда хуьлура, кхунах схьадаьлларг цунна дIадала дезча!

Ж а м а л д а. Ма кхералахь, зуда, кху уьрдах цо чоьташ ярна.

Д а у д. Жамалда, тIаьхь-тIаьхьа цу кулакашна дуьхьал вуьйлуш лаьтта-кх хьо.

Ж а м а л д а. Вийр вацара, Дауд, цара шаьш ца бовзийтинехьара-м.

Д а у д. Амма, вай юьстах леллашехь, колхозхоша-м шайн белхаш бо... Цундела церан кIа а ду-кх, вуно дика а долуш.

Ж а м а л д а. Болх трактористца, машинашца бой цара-м.

Д а у д. Трактор-м йийца а хIунда юьйцура. Трактор — ницкъ болуш машин ю.

Ж а м а л д а. Хьажал хьо, Дауд!.. Колхозан могIара хIутосу машин ю, хIу цIандеш машинаш ю. Ялта муха лело деза, хаьа. Цундела церан ялта дика а хуьлу.

Чуволу Баудди, ши пхьарс хьаьла а бина,
хецна коч а йолуш, бегIаган куйнаца.

Б а у д д и. Схьаял, Жималда, сирник! Доккъан тIехь ет-тарг, хIара а ю-кх ца оьзча ца йолуш.

Ж а м а л д а (*сирник а луш*). КIур-м бан безаш бу.

Д а у д. Баудди, хьуна гиний хIара колхозан кIа?

Б а у д д и. ХIун?... ГIенан кхоьлах а дуьхьалара ца долу суна-м хIара. (*Схьа а оьцуш.*) Боккха болх бан а бу кхуьнан дикалла!

Ж а м а л д а (*мангална аьлха а хьокхуш*). КIа-м башха ду.

Д а у д. Жамалда, хIара сан лулахо Маремана тIехьийзаш вуйла хаьий хьуна?

Ж а м а л д а. Колхозан трактор лелочунний?

Д а у д. Ван а ву, йоI нисъелла а ю!

Б а у д д и. Хьаха, вац шуна со а дукха вон кIант-х! (*Буьйлу.*)

Д а у д. Вон кIант хилча-м и хоржур а яцара...

Б а у д д и (*вела а къежий.*) БIаьрг дика болуш ву со! (*Буьйлу.*)

Ж а м а л д а. ЙоI-м яло мегар долуш ю... ХIара сан зуда а ма яра суна иза хьехош... Делахь а со реза ца хилира-кх...

Б е к и с а т. Йоцуш висахьара мел ца хьахийна-м.

Б а у д д и. Йоха ма йоха хьо, Бекисат, со дийна ву хьуна!

Д а у д. Шайн трактор а хьийзош, дIаIийр дара-кх шу, Бекисат, иза ялаярх-м хIума дацара хьуна.

Б е к и с а т. Деллахь, кIант хьо а IадъIелахь, и яло хIинца а жима ву хIара! (*Буьйлу.*)

Ж а м а л д а. ХIе!.. ЭхIе, шен делан кхолламца... хIа, Дауд... хьуна-х хаьарий иза, хIа?.. (*Буьйлу.*)

Б а у д д и (*аьтту агIор а хьожий*). Хьаьлим вац хьуьлла воьдург?

Ва Хьаьлим! Хьаьлим!..

Сцени тIехьара мохь: «ХIей-й».

Б а у д д и. Схьанехьа таIахьа цкъа!

Д а у д. Комсомол ву аьлла хета суна и кIант.

Ж а м а л д а. Хьаьлим мегар волуш кIант ву.

Чуволу Хьаьлим.
Массо а дIахьовсу.

Хьаьлим. Болх балой шуьга?

Жамалда. Бало аьлча а, бан гIерта-кх.

Бауддди. Муха бу, Хьаьлим, шун болх? Довла дохкий шу?

Хьаьлим. Довла дохку тхо-м. Болх сов дика бу. Совхозера гIоьнна баьхкинчара 200 десятин кIа дIадерзийра тхан. ХIинца, дукха ца хьелуш, девр ду тхо.

Жамалда *(вела а къежаш)*. Мухха а шун гIуллакх ретинга юьххьехь дац-кх.

Хьаьлим. Бакъдерг аьлча, гIуллакх дика-м ду тхан. Йина хIайттархойн бригадаш а ю.

Бекисат. ХIун бирдаьнгаш?

Буьйлу.

Жамалда. Хьуна евзар яц и бирдаьнгаш.

Хьаьлим. Болх дика бар къуьйсуш, колхозхой вовшашца йохье буьйлу тхан...

Жамалда *(бегашина.)* Хьаьлим, хIара тхан кIа а хIунда ца хьокху аша?

Хьаьлим. ХIун? Иза а дера мегар ма ду.

Дауд *(цец)*. Ахьа баккъал ца бах?

Бауддди. Дера бах дукха баккъал-м цо иза. Вай а дац кхана-лама колхозе язлур долуш?

Хьаьлим. Луучарна чуяздала шуна колхозан неIарш йиллина ю. Къехошний, юккъерхошний гIодан тхо кийча а ду.

Дауд. ХIинца ахьа тхан кIа хьаькхча, Арсбина ма цамоьттург хуьлу!

Хьаьлим. Кулак Арсбиний?

Жамалда. Арсби стенна вуьйцу кхузахь, Арсби — кулак, Арсби ву... ХIорш — вовшахкхетта къехой, юккъерхой бу.

Хьаьлим *(аьтту агIор а воьрзий, куьйгаш бета тIе а лоций, мохь туху)*. Ва Марем!!!

Сцени тIехьа Идрисан мохь: «Ва-а, ва хIун бах ахьа?
Марем трактарца яхана ю!»

Хьаьлим. Ва, хьо схьавоьл цкъа!

Дауд. Нус гIодаза ца Iан йоллу-теша? *(Буьйлу)*.

Жамалда. Тера-м ду.

Хьаьлим *(Бауддига а хьожуш)*. ЙоI-м кхуьнга ца яхча Iийр йоцуш ю.

Буьйлу.

Бауддди. Вац шуна со а дукха тракторист хир воцуш-м! *(Куьйгаш хаьн тIе а хIоттош.)* Дикка дика товр вацара со трактархо хилча? ХIай?

Буьйлу.

Б е к и с а т. Вара, делор. *(Цхьацца гIуллакх до, къамеле ла а дугIуш.)*

Ж а м а л д а. Трактор лело-м Марема а Iамор ву хьо.

Чуволу Идрис.

И д р и с *(Хьаьлиме.)* ХIун бахара ахь?

Хь а ь л и м *(вела а къежаш)*. Бауддис, мангал хьакха кIордийна, куьйгаш хедда дохку шен, боху... Мухха а Маремега а, хьоьга а гIо доьху-кх кхуо шен кIа хьакха.

Буьйлу.

И д р и с *(вела а къежаш)*. Тхо-м реза ду, делахь дийр ду-кх гIо а...

Х ь а ь л и м. Же хIета, чехкка бригада вовшах а тохий, кечам бе, со а дIавогIу шуна.

И д р и с. ХIокху сохьта. *(ДIавоьду)*.

Ж а м а л д а *(Бекисате)*. ХIун хета хьуна, зуда?

Бекисат хазахеташ лаьтта.

Д а у д *(Идрисана тIаьхьа а хьожий)*. КIант иштта хила веза.

Б а у д д и. Иштта хилча, иштта хуьлу-кх.

Х ь а ь л им. Жамалда!

Ж а м а л д а. ХIун бах ахьа?

Х ь а ь л и м. Аша кху гонах болчу къехошка дIахаийта оха кIа хьокхуш гIо дойла, тхо хIинцца схьадогIу хьуна. *(Араволу.)*

Д а у д. Иза мегар ду.

Ж а м а л д а. Дика ду.

Ж а м а л д а *(аьрру агIор а воьрзий)*. Ва... а... а.. .Докариш!!! Ва, Жаби!!

Д а у д *(кхечу агIор а воьрзий)*. Ва Хьапуз! Ва Дурга!!!

Б а у д д и *(аьтту агIор а воьрзий)*. Ва Чхьоч!

Чуволу кулак волу Арсби. Дауданий, Жамалдиний Арсби ца го.

Б а у д д и *(цец)*. Остопуьриллах!

А р с б и *(хьаставаларца)*. ХIун Чхьоч ву и, ва Баудди? *(Бауддин, коч тойо)*. Иштта чIогIа ма бетта и мохь, легаш духур ду хьан.

Б а у д д и. Сан легаш-м Iемина ду мохь бетта...

А р с б и *(нахана тIе а воьрзий)*. Iемина ду, бохийц...

Б е к и с а т *(Арсбига)*. Хьо юхавогIу?

Ж а м а л д а *(мохь туху)*. Ва Докариш!

А р с б и *(Бекисате)*. ВогIу-те, юхавогIу со. Амма, дел-

лахьа, хIинца а кху арахь дохкуш ду-кх шу. Къахета суна шух *(Жамалдина тIеволало.)*

Д а у д. Ва Хьапуз, ва кхаъ бу шух! Ва схьадуьйла!

Жамалда, беттачу маьхьаре ладоьгIуш, лаьтта; Арсби, цкъа хазахеташ, тIаккха оьгIазвоьдуш, лаьтта.

Б а у д д и *(кхечахьа а воьрзий)*. Ва Дурга! Ва Хьапуз! Нана ден цIера йогIу, ва схьагулло!

Д а у д. Ва Дурга, кхаъ бу хьоь! *(Къайлаволу.)*

А р с б и *(хазахетарца)*. Жамалда, дIабоьлху-х ца бохий хIорш?

Ж а м а л д а *(вон вуха хьожу)*. ХIахI?

Б а у д д и *(Арсбина тIе пIелг а хьажош)*. Боху-те... хIорш дIабоьлху... Шайн машинашца тхан кху кхаш тIера.

Арсби цецволу. Бекисат, юьхьа тIе йовлакх а уьйзуш, йоьлу. Чуволу Хьаьлим, цуьнца кхин цхьа-шиъ а.

Х ь а ь л им. Тхо схьакхечи-кх.

А р с б и. Оссолом Iалейкум, Жамалда! Со-м, аша кIа хьокхуьйтий, аьлла веара.

Х ь а ь л и м. КIа оха хьокху.

Ж а м а л д а *(Арсбига)*. Хьан машин а, Арсби, сов еза

А р с б и *(хазахетарца)*. А-а! ДIадоккхийц шуьгара кIа?! хиллера. Арсби, тхоьгара кIа дIа ца доккху, хIара тхан кIа тхуна мах а, бол а боцуш хьокху.

А р с б и *(цец)*. Мах а боцушший?

Б а у д д и. Боцушший...й й...

Вуьш буьйлу. Чуволу Идрис.

И д р и с. Тхо схьакхечи, же, чехко ел. (Араволу.)

Р у к ъ и я т *(ага тахкадо)*. Олилой... нанин кIорни дижийта!

Б а у д д и *(кIен кенаш шен некха тIе а лоций)*. Олилой... болилой... машинца хьакхарца дижийта!

Рукъият, Бекисат, Бауддига а хьоьжуш, йоьлу.

Олилой... болилой... кулакан балех духадерзий!

Арсби цецвуьйлу. БIаьргаш а къарзийна, юха-кIегар воьду.

А р с б и *(ша-шега)*. Мунепикъаш. Жоьжахатан бIогIий!

ШолгIа дакъа

Жамалдин цIахь. Когаца ага а техкош, куьйга тоьгана деш Бекисат. Пенах тоьхна Ленинан сурт. Жамалдина дешар Iамош Рукъият. И ший а стоьла тIехь букварь тIе хьоьжуш ду.

Р у к ъ и я т. Аха... гота... лаха... бахам. Дешал.

Ж а м а л д а. Аха... аха... урд!

Р у к ъ и я т. Мичара хьуна — урд. Гота!

Ж а м а л д а. ХIан, гота! *(Вела, а луш.)* ЙоI, хьо сих ма лол хьо. ХIара-м дешар дай!

Р у к ъ и я т. Иза а ца дуьйцуш, дIадешал ахьа!

Б е к и с а т. Ма хала дара хьо къаръяла.

Ж а м а л д а. Аха... гота... л... л... собарделахь, хIара хIун дара? ла...

Р у к ъ и я т. Лаха...

Ж а м а л д а. Лаха... ба... бахам. *(Велало.)*

Б е к и с а т. И кIен хола бешийша!

Ж а м а л д а. Мичахь бара иза? Схьабаккхал, йоI.

Р у к ъ и я т *(кехат а хорций)*. ХIара бу-кх.

Ж а м а л д а. ДIабешал цкъа айхьа!

Р у к ъ и я т. Тхан колхозан кIа
Кулако дагийра.
Iдеало чехка
Кулак вагийра.

Чуволу Арсби. Рукъията доьшург а хезий, цуьнга вон хьожу. Бекисат хьалагIотту.

Ж а м а л д а. Боданах хьалхадовла гIерта тхо. *(Рукъият хьалагIотту.)* ГIерта-м...

А р с б и *(нахе а хьожуш)*. Кхета а ца воллу.

Ж а м а л д а *(ша-шега)*. Хьох дIа, бахий ахьа?.. ХIара... Ахь хIун леладо, Арсби, цхьа гIуллакх дахьаш-м веана хьо?

А р с б и. Шуьца гIуллакх долуш веара-кх, схьакхайкхийтахьа Дауде!

Ж а м а л д а *(Рукъияте)*. Ялол, йоI, схьакхайкхал Дауде.

Рукъият арайолу.

А р с б и *(Рукъиятана тIаьхьа мохь а тухий)*. Чехкка вола, аьллахь!

Ж а м а л д а. Охьахаа. *(Охьахоу ший а.)* Хьан тхоьца хIун гIуллакх ду а хуур-кх...

Чуйолу Рукъият.

А р с б и. Карийн хьуна?

Р у к ъ и я т. Карий.

Ж а м а л д а. СхьавогIий иза?

Р у к ъ и я т. ХIокху сохьта схьавогIу ша, боху. *(Деша хуу.)*

Б е к и с а т *(Арсбига)*. ХIун хьал ду шуьгахь, Арсби?

А р с б и. Дика хьал ду, дала мукъалахь.

Чуволу Дауд.

Д а у д. Солом Iалайкум! Мила ву со ган сагатделларг?

Ж а м а л д а *(хьала а айалуш)*. Ва Iалайкум солом!

А р с б и. Ва Iалайкум солом!

Д а у д. ХIинца гIуллакх хIун ду вайн?

А р с б и. Ца хаьа, бакъ ду-дац-м, шу колхозе яздала гIерта, бохуш хезна-кх суна.

Д а у д. Хьо а язвала-х ца воллий?

А р с б и. Ца воллура, къурIанор-кх, дала ларвойла... цу балех, цу жоьжахатех...

Ж а м а л д а. Ца валлахь, хIун бала кхаьчна хьоьга нехан гIуллакхашна юкъагIерта?

А р с б и. Бала кхачар дац — шуна вониг хуьлийла суна ца лаар?

Ж а м а л д а. Хаьа суна, хьан тхох къинхетам мел бу, ахьа, охана юкъахь дийриг говраш, лур ю аьлчхьана а, кхо туьма доцуш кIа хьокхур дац, аьлчхьана а.

Арсби цецвуьйлу.

Д а у д *(Арсбига)*. Колхозан хьокъехь хIун къинхетам бан воллура хьо тхох?

А р с б и *(шен маж а лоцуш)*. Цхьаъ эр ду ас шуьга: колхозехь куьйгаш а, когаш а дIадоьхкур ду-кх шун. Зуда а, йоI а колхозехь юкъара хир ю. ХIинца шу шайн тхевнаш кIелахь элий ду!

Ж а м а л д а. Иштта элий тхо делахь а, тхан бууш муьста берам-сискал-м ду. Оха и гIело хIунда хьоьгура, хьо санна болчуша хIунда ца хьоьгура, — иза тхуна хIинца хиъна, тхо цунах кхета.

Чуволу Баудди.

Б а у д д и. Кхетта дер, Арсби! Кхин дIа хьоьга тхешан хьацар доуьйтур доцуш-м тхо.

А р с б и *(Бауддига а хьожий)*. Каш гатлу хабар ма дийца!

Б а у д д и. И бохуш, ахь лоькху зурма кIордийна-кх тхуна, деллахь, Арсби, дитахьа тхо, хьайн тхох декхар ца даллахь!

А р с б и. Ой... о... о... й!

Ж а м а л д а. КIегаш тIе яьлла нIаьна санна, ирх ма кхийсало хьо, иза-м харц дац хьуна.

А р с б и. Ой... о... о... й!

Чуволу Хьаьлим, папка а йолуш.

Х ь а ь л и м. ХIей, цIахь дуй шу?.. *(Арсбига а хьожий.)* ХIинца кхуза а кхаьчна хьо? Кхузахь къехойн собрани ю... хьо ца оьшу кхузахь.

Б а у д д и. ДIавахча бакъахьа хета суна-м.

А р с б и *(ша-шега)*. Тфуй... жоьжахатин бIогIий!

Арсби араволу, бисанарш буьйлу.

Х ь а ь л и м. ХIинца а кулакашца гергарло леладо-кх аш?

Б а у д д и. Цунна шена-х хаьий, тхан шеца мел гергарло делахь а.

Ж а м а л д а *(веларца)*. Цунна сан неIар тIе богIу некъ бицлур бу хьуна.

Буьйлу.

Д а у д. Иза-м миччахьа а валлахьара.

Х ь а ь л и м. Кулакашна цхьана бертахь дуьхьал хиларца вешан гIуллакх дер вай. *(ДIа а, схьа а хьожий.)* ХIара, кхиберш схьа ца богIу-теша?

Р у к ъ и я т *(арахьа а хьожий)*. Нах-м богIуш бу.

Чубовлу къехой, юккъерхой; цхьаберш охьаховшу, цхьаберш ирахь лаьтта. Хьаьлима, стоьла тIе а хуьлий, папки чуьра кехаташ схьадоху.

Х ь а ь л и м. Вай кхузахь дуьйцур дерг — уггар хьалха бIаьста ялта деран хьокъехь ду. Накъостий, хIинца цхьаъ председатель а, секретарь а хоржур ву вай!

М а ь х ь а р и й. Председатель Жамалда, секретарь Баудди харжа веза. (*Баудди юкъатуьтту)*. ДIавало, юкъавала!

Х ь а ь л и м. Председатель Жамалда, секретарь Баудди харжа реза дуй шу?

М а ь х ь а р и й. Ду!.. Ду! Ва реза ду!..

Х ь а ь л и м. Схьавало председатель а, секретарь а!

Жамалдий, Бауддий стоьла тIе хуьлу. Чохь—гIовгIанаш. Чуволу ши-кхо ахархо.

Ж а м а л д а. Ма яхал гIовгIанаш... Охьаховшал! ХIинца Хьаьлимна доклад ян дош лур ду вай.

Х ь а ь л и м *(хьала а гIоттуш)*. Шу дукха ца хьеда аса доцца эр ду. Уггар хьалха, накъостий, вай бIаьста ялта ден кечам бан беза. Большевикийн яханчу бIаьстено гайтира вайн Советан агIо кулакаш ца хилча а вуно дика мегарг хилар.

М а ь х ь а р и й. Колхозан арахь ялта дика хьекъа...

Х ь а ь л и м *(шен къамел дIадо)*. Кулакаш, дуьхьалонаш а еш, вайн белхаш юкъахбита гIиртира. Амма хIетте а колхозан ялташ вуно дика хьийкъира. Масала, вай ялта чудерзорах

лаьцчан, кухзахь а колхозан къинхьегам тоьлуш карийра вайна.

М а ь х ь а р и й. Белхаш, вовшах а кхетта бича, дика хуьлу...

Х ь а ь л и м. Бакъду, накъостий, кху шеран гуьрайнна ялта дерна тIехь ледарло яьлла. И ледарло вай бIаьста ялта деран план тIех а еш кхочушъярца дIайоккхур ю. ТIаккха а, накъостий, вайна хаа дезаш ду, охана са́даккхарал совнаха, вайн декхар ялтийн хьекъар са́даккхар хилар а. Ялтийн хьекъар садер ду, аогрминимум лелийча.

Б е к и с а т. ХIун ю и громини?

Х ь а ь л и м. Агроминимум — юьйчу хIуманан Iилма ду И лелор ду — дукхахйолчу аренна тIе тайп-тайпана ялта дер, шозлагIа, кIа, мукх, борц, хьаьжкIаш, ели хьалха молха а тухуш, машинаца цIанъяр; дуьйчу заманчохь хIу, маьI-маьIне дIа ца кхуьйсуш, машинаца могIара дер а.

Л а д у г I у ч а р а. ХIан... хIан... Эээ. Эээ...

Б а у д д и *(Бекисате)*. Кхийтин хьо, Хьасипат?

Б е к и с а т. ХIинца-м кхийти.

Х ь а ь л и м. И декхарш кхочушдан...

М а ь х ь а р и й. Созе яздала деза...

Х ь а ь л и м. И некъ — нийса некъ бу.

Б е к и с а т. Мухха а, хIинца вай дан дезарг...

Х ь а ь л и м. Вай дан дезарг, ялта ден тIаьхьа ца диса, хIуьнан фондаш яр ду. ШозлагIа, ялта доьн хан тIекхачале чехконца хIу цIандан деза.

Д а у д. Мало ян ца еза, ялта дер меркIел ду.

Х ь а ь л и м. КхозлагIа, цхьа минот а хан-зама юкъа ца юлуьйтуш, белхан гIирсашна оьшу пхьола дан деза, нох делахь а, мекха белахь а, трактор елахь а; доьазлагIа, оханийн заманчохь кхачо хирриг докъар вовшахтоха деза. Изза ду-кх сан шоь ала.

Ж а м а л д а. Цхьаннан а хаттар дуй?

Б е к и с а т. Сан дара цхьа дош.

М а ь х ь а р и й. Iийр ма яцара Бекисат, цхьаъ ца аьлча.

Ж а м а л д а. Алал, зуда, ахьа вайшинна цхьа дикониг!

Б е к и с а т. Со ала йоллург — ялта деран хьокъехь-м дац, амма цуьнца дозуш-м ду. Со ала йоллу зударийн хьокъехь, цара хьоьгучу халонех лаьцна. Шуна массарна а хууш ду зударийн гIуллакх — товха, яй, галий, етт, гомаш, Iайг, ага, котам, гIаз, бад — хилар. Цхьана кога ага тахкадо, ву-

кху кога етт дIалоллу, цхьана куьйга етт узу, вукху куьйга бер дузадо; тIе, арара белхаш а бо... мухха а, зударий дан гIуллакх доцуш ца буьсу. *(Чуьрнаш буьйлу).* Цу гIуллакхна цхьаъ дан деза.

М а ь х ь а р и й. Дан дезарг айхьа дийцал ахь, Бекисат!..

Б е к и с а т. Дийца даькккхича, деха ду иза. Делахь а, хIинца бIаьстенна ялта доьн хан тIекхочуш ялларна, цкъачунна, кхечу колхозаша санна, ясли а ян еза, юкъара кхача а бан беза.

М а ь х ь а р и й. И гIуллакх чехконца дан деза...

Ж а м а л д а. Кхин хьенан хIун ду шун ала? Хьо хIун деш Iа, Дауд, можах ка а етташ?

Д а у д. ХIара... созаца шу а болуш ден мегар дацара и ялта?

Б а у д д и. Стенна кхоьру хьо, Дауд?.. ДIаязло хьо!..

Д а у д. Ой... Хьонке яхана Цеца хуьлда-кх, язлур вацахь! *(Бауддига.)* Язвел со цу исписки боьххье дIа.

Бауддис дIаязво. Чуьрнаш буьйлу.

Б а у д д и. Со а цхьалхахо вара. Амма кхин дIа-м хир вац. Даудана улле дIаязвийр ву-кх ас со а.

Буьйлу.

Ж а м а л д а. РагI тIехйолуш йоллу сан. *(Бекисате а хьожий, веларца.)* ХIун хета хьуна, зуда, язлой со колхозе?

Б е к и с а т. Язло дера дукха чехка-м. Даханчу шарахь санна, со лелар яц хьуна, бераш ги а доьххина, уьрдахь.

Буьйлу.

М а ь х ь а р и й. Баудди, со а язвел! Со а язвел! Со тоххара язлур вара, кулак волчу Арсбис колхозан юргIа 16 аьрша хир ду, ца баьхнехьара. Цо лоькхург харц зурма юйла хиъна суна. ДIаязвел со а!

Чуволу Арсби.

А р с б и. ХIара... аша бехк ма билла, со юхаварна... вай дерриге а цхьа бусалбанаш ду. Шуна ца хуург сайна хууш ца хилча, аса эр а дацара. Теша сох, бусалбанаш... де аса бохург, нагахь шаьш созе язлахь а, ден охана юкъахь ма де. Цунах шу дохкодевр ду; соз хьовха, и ирс доцу хIоз схьалацарх шу доьлхур ду.

Б а у д д и. Соз тхуна моз ду, амма хьуна иза къаьхьа хIоз бу.

Арсби воьхна лаьтта.

М а ь х ь а р и й. Букъ гайта! Юм е! Букъ гайта!..

А р с б и. Со аравала-м хала дац. Кхин цхьаъ эр ду аса шуьга, ден хIу, хьалххе гул а дина, охьадилла деза, бохуш, дийцира-кх аша кху чохь?

М а ь х ь а р и й. Дийцира, иза тхешан гIуллакх долу дела!..

Ж а м а л д а *(Арсбига.)* Дитахьа тхо тхешан гIуллакх дан!

М а ь х ь а р и й. Дита дер, хIай! Аравакхха, Аравала!..

А р с б и. Цкъа ладогIар тIехь ду шуна... хьовсал шу! Гул а дина, цхьана метте аша хIу охьадиллича, телхар ду иза. Шуна хууш ду, дехачу Iаьно вай и хIу, хIоа санна, Iалашдар, беданахь туьнкалгана гонах хьийзош, цIа чохь товхана уллохь кхазош, и хIу гIора ца дайта, и хIу дахка ца далийта, вай иза вуно хала Iаьнера доккху. ХIоаш лардан — аттан, хIу лардан — халан ду...

Массара а ладоьгIу Арсбига, резаболуш санна.

Иштта хала ларден хIу аш цхьана метта охьадиллича, иза дахкалур ду, иза телхар ду. Мухха а, шун хIу а хIаллакьхуьлу, шу колхозе язделча.

Ц х ь а б о л ч у ш а. Иза а бакъ ду. Арсби цу тIехь бакъ ву...

Ж а м а л д а. ХIара...

Х ь а ь л и м. *(Жамалдега).* Ас ала?

Ж а м а л д а *(куьг а тосуш).* Ма ала ас эр ду... Кху кулака — Арсбис дуьйцург, вай созе ца яздалийта, вайн ялта дер юкъахдита ду... накъостий, вай хIу хIинццалц схьа хала Iалашдина, иза ваьшна лело ца хаарна а, и Iалашда вешан гIирс ца хиларна а. ХIинца вай хIу гулдина цхьана метте охьадиллича, иза телхар дац. ХIунда аьлча, вай цу хIуьнна молха а тухур ду, цIан а дийр ду, Iилманца цу хIуьнна хила еза йовхо шело а Iалашйийр ю.

М а ь х ь а р и й: Бакъ боху, Жамалда! Хьо бакъ ву. Оха хIу цхьана метте охьадуьллур ду!

Х ь а ь л и м. Хууш ду — кулакаша, шайн аьлларг хилча, колхоз чIагIъяла юьтург цахилар а, вайн ялта деран компани юкъахъюьтург хилар а.

Арсби цец меллаша кIегарвоьду.

М а ь х ь а р и й. Вай кхин кулакашка ладоьгIур дац! Аравала, Арсби, Аравала! Аравакхха!..

А р с б и *(ша-шега).* Шун да́ шайн хIу! *(Араволу.)*

Х ь а ь л и м. Ялта ден хIу охьа а дуьллуш, вай кулакашна жоп лур ду.

М а с с а р а а. Вай кулакашна дуьхьал жоп лур ду большевикийн бIаьсте буьззина бинчу кечамца тIеэцарца а, охана даран, ялта дера̀н план, тIех а еш, кхочушъярца а!

КхоалгIа дакъа

Колхозхойн метта-мотт, четар. Цхьацца белхан гIирс. Боьшка, кIудал, куршка. Кирхьа хьаладахийтале сцени тIехьа назма хеза:

Трактор хьаьдда йогIу,
Бу̀в,
Бу̀в деш.
Диъ нох цуьнца догIу,
Латта
Лапдеш.
Машинийн могIа богIу,
ХIу
Туьйсуш.
ХIайттархой цхьаьна богIу,
Iайт,
Вайт деш.
Трактор хьалха йогIу,
Дур,
Дур деш.

Кирхьа хьаладохуьйту.

Социализман догIа
Доккха доккхуш.

Баудди, хьалха сцени тIехьа мохь а тухий: «Ва, ва йогIу шуна! ДIа ма яийталаш!»—баькхина куй керахь а болуш, ведда чу а экхий, охьакхета.

Б а у д д и *(хьала а гIоттуш)*. Хьайн да велла йиса хьо, лергъяхар а, паччахьана Зеламха лаца санна, хала хили-кх хьо тахана суна! ЦIийеш кхерзина яарг! *(Ност а лоцуш.)* ЭхI, хьо ност а!

Чуволу Жамалда, цуьнан керахь тоьгуш аса ю.

Ж а м а л д а. Хьоьга лецалур юй-техьа кху арахь мел йолу лергъяхарш? Йитахьа уьш!

Б а у д д и *(куьг а туьйсуш)*. Аса хIун дийр ду царна, хьалха а хIуьттий, цкъа цIога ойуш, тIаккха бIаьргаш къерзош, дог этIадой цара-м!

Ж а м а л д а. Цара бIаьргаш къерзорах, вайна новкъарло ца хуьлу, амма, хьой, сой царна тIаьхьаидча, вайна охана

тIехь хьем хуьлу... *(Аьтту агIор а хьожий.)* Хьажал! Хьуьлла хьийза вайн трактор, колхозан аре охуш. Хьуьлла мекханаш дохуш хьийза вайн колхозхой МохьмадгIар; хьуьлла говрашца охуш йоллу вайн колхозан бригада. Уьш берриге шайнма-хуьллу бохку. Вай тахана тохаделча, охана дар тIехь ккечу колхозашка дIанислур дара... дIавалохьа, Баудди, и пхьагалш а йитий, мекха а боккхуш, гонаш дахахьа.

Жамалда араволу.

Б а у д д и. Мекханийн гонаш а дохур ду, амма хелхаран го атта хуьлура баккха... Сийсара Маремаца къаж этира аса, хелхар деш; хьай даьдала цуьнан, мел хелха а йолу-кх иза, бад санна, техкаш, кема санна, сетташ! *(Корта а ластабой.)* Цкъа цхьа де доккхург хир ду-кх. *(ДIа а хьожий.)* Тр-р-р. *(Жамалда чуволу.)* Тр-р-р, хIей! Тр-р-р!

Ж а м а л д а *(Бауддига)*. ДIавололахь.

Баудди дIахьоду. ЧувогIучу Дауда иза сацаво.

Д а у д. Схьавоьл, цхьа гIуллакх ду сан.

Б а у д д и. Собарделахь, ас говраш совцае. *(ДIаэккхий, дIавоьду.)* Тр-р-р!

Ж а м а л д а. ДIавало чехкка. *(Корта а ойий)*. Тр-р-р... *(Дауде.)* И вайн колхозан расха говр сихо ю, амма дика хьайба-м ду хьуна иза, Дауд.

Д а у д *(корта а оллийна)*. Со, кху тайпана, болх беш вац-кх.

Ж а м а л д а. ХIун хилла хьуна?

Д а у д. ХIун хилла?.. Дерриге а хилла-кх.

Ж а м а л д а. Схьадийцахьа хилларг!

Д а у д *(пIелгаш а дагардеш)*. Хьапуз балха ца ваьлла тахана; Докариш балха ца ваьлла; Илха балха ца ваьлла. МIаьчиг балха ца ваьлла... Со царна хьалхара белхаш бийр болуш вац.

Ж а м а л д а. Цкъа иштта ма дийцахьа, Дауд. ГIуллакх цхьана лар тIе доккхур ду вай.

Д а у д. Уьш цIахь а Iаш, царна хьалхара кху охана тIехь вала хIотта веза-кх со!

Ж а м а л д а. Хьо сихвелла. Цхьа хало, атто ловш бен цхьа а гIуллакх далуш дац. ХIинца ахь дуьйцучунна а цхьа некъ карор бу вайна.

Д а у д. Суна карийна цу гIуллакхана некъ.

Чуволу Арсби.

А р с б и. Цу гIуллакхан некъ — колхозера дIавалар бу.

Ж а м а л д а. И бац цуьнан некъ. Цуьнан некъ колхоз чIагIъярца бозуш бу. Иза, Хьаьлим схьаеъча, дуьйцур ду вай. *(Арсбига.)* ТIе, хьан — тхан кху арахь гIуллакх а дац, ма гIретахьа тхуна юкъа.

Д а у д. Кхуьнан дерг ца хаьа суна, со-м ца гIерта хьуна кхидIа.

А р с б и. Суна-м тоххара дуьйна а хаьара кху колхозах гIуллакх хир доцийла!

Ж а м а л д а. Тхан колхозах тхуна гIуллакх хир ду, амма хьуна-м хир дац. Хьо хIунда кхечи кхуза?

А р с б и. Со-м сайн охана тIера вогIу... ахь и бахарх сан дог лозу шух, хIинца хаьий хьуна колхоз дош доцийла: цхьаберш цIахь Iа, вуьш кху арахь бохку.

Д а у д. КхидIа со-м ца Iа хьуна кху кха тIехь.

А р с б и. Ма Iе хьо!

Ж а м а л да *(Арсбига)*. Ахь тхуна диканиг ца лоьху, иза суна вуно шера хаьа.

А р с б и. Ой!.. Ой!..

Ж а м а л д а. Колхозхоша бертахь шайн белхаш бийр бу, шаьш бен болх, хьо кулакана ца беш, шайна бойла а хууш.

А р с б и *(Дауде)*. Хьайн дех дисина цхьа урд а охуш, IадъIе хьо. Далла а везар ву хьо, нехан безам а хир бу хьоьгахь.

Ж а м а л д а. Нехан аьлча а, хьан, хьо санна болчийн-м хир бу тIаккха безам.

Сцени тIехьа Баудди: «ДIайогIу шуна! ДIайогIу шуна», — олий, чуэккхий, тохара санна, баькккхина куй керахь а болуш, иза охьакхеттаза вуьсу.

А р с б и *(пхьагал эккхачухьа а воьрзий, куй а ойуш.)* ХIай! ХIай! ДIайоьду хьуна! ДIайоьду хьуна!

Б а у д д и. Йоьду дера иза шен новкъа а, хьо тхан кхаш тIера а-м дIа.

А р с б и. Ой... ой...

Д а у д *(Бауддига а хьожий)*. ХIара а ву лергъяхарш лелхийна хьийзаш.

Ж а м а л д а *(Бауддига)*. Ас тоххар аьллера-кх хьоь, йитахьа уьш.

Б а у д д и. Ас уьш ца йитахь а, цара со-м вуьту хьуна. *(Арсбига.)* Ахь хIун леладо?

А р с б и. Сох-м зен дер дац шуна, Баудди... Шун колхозан хIу схьада тхешан хIургон а, тхешан кIант а вахийтина

ас-м, шун кху колхозах гIуллакх хир дацахь а... Со-м чIогIа лууш вай шу нийсачу новкъа даха.

Б а у д д и. Тхо ахь аьлчи а, оха хьо-м, воккхур ву хьуна новкъа. Тхуна хьо а ца оьшу, я хьан гIо а ца оьшу. Хаьа суна, хьан гIо муха ду. Букъ гайта ахь!

Д а у д. Букъ-м аса а гойту шуна.

Ж а м а л да *(Дауде)*. Хьаштдоцург дуьйцу-кх ахь.

Б а у д д и *(инзар а волий)*. ХIокхунна хIун хилла? *(Дауде а хьожий)*. Хьо меттахь вуй?..

Чуволу Хьаьлим.

Х ь а ь л и м. Лакхахьара колхоз охана тIехь вайл хьалхайоллуш йоллу. Вай тохадала деза, накъостий!

Дауд, корта а оллийна, лаьтта.

Ж а м а л д а *(Дауде корта а тосуш)*. ХIара юхъхьаваьлла вайн.

Х ь а ь л и м. ХIун хилла кхунна?

Д а у д. Вайн кхечу колхозхоша шайн нийсса болх цабар хилла-кх. Дукхахберш цIахь Iаш бу, со царна хьалхара болх бан лууш вац.

Б а у д д и. А-а! И ду хьуна хилларг?

Х ь а ь л и м. Накъостий, хьасттагIа, цкъа юкъа а даькхина, ца дуьйцуш дитира вай, накъостий, вай Сталинан ялх гайтам чекхбаккхарца колхоз вовшахтохараллехь а, бахамаллехь а чIагIъян еза... вай вешан колхоз чIагIйича, — хIинца вайна юккъехь йолу ледарлонаш а, балха цабийларш а, дегазлонаш а хир яц. Ма-дарра и гIуллакхаш вай дуьйцур ду, вешан колхозхошна тIе а дахана...

Б а у д д и *(Хьаьлиме)*. Дела ма вала хьо кеста.

Д а у д *(вела а къежаш)*. Делахь вай и гIуллакх дан деза-кх.

Ж а м а л д а. Вай, вешан колхозхошна тIе а дахана, белхан кхеташо ян еза.

Х ь а ь л и м. Иза сов бакъахьа хир ду. *(ДIавоьду.)*

Б а у д д и. ГIуллакх-м ледара дац. *(ДIа а хьожий.)* Тр-р-р... тр-р-р... мича хьийза шу?

Ж а м а л да *(Бауддига.)* ДIавало, хьайн го а боккхуш, хьо тхуна тIе дIавола, тхо вайн колхозхошна тIе доьлху хьуна!

ДIабоьлху, Арсби воцург.

А р с б и. Сан ницкъ кхочуш, кхеран ялта дер а, колхоз чIагIъяр а чекх-м дер дац...

Сцени тIехьа Бауддин мохь: «Ва Жамалда! Ва Хьаьлим! Ва, ва схьадуьйла! Ва, вайн хIу хьаллакьхилла, ва схьадуьйла!» Дуьхьал мохь: «ХIун ду иза?»

А р с б и *(вела а къежий.)* Иштта хила веза кIант... Дас гIедиллинарг кхочушдеш хила веза.

Сцени тIехьа Бауддин мохь: «Ва, схьадуьйла!» Дуьхьал ЖамалдагIеран мохь: «Ва, хIун хилла цигахь?» Бауддин аз: «Ва, вайн хIу хIаллакьхилла, хIургон хи чу а хаьрцина».

А р с б и. ГIоза сан ши говр а лелийла, дукха хьан кIант а вехийла, кхеран хIу хIаллакдина... *(ДIа-схьа а хьожий.)* Кхарна гучуьра дIа ца валахь вер вац. Дукха хууш бу хIорш, шекбовла мега. *(Охьа а таьIий, чехкка араволу.)*

Чуволу, вукху агIор, Жамалдий, Хьаьлиммий, Дауддий, пхьаьрсаш хьала а дина.

Х ь а ь л и м. ХIургон хи чу хаьрцича, галийн бертигаш ястаяла-х ца езарий. *(Ойлайо.)*

Ж а м а л д а. Кхузахь цхьа бозбуанчалла-м ду-кхи. *(Ойлайо.)*

Д а у д. Цу Рукъмана вайна хIуьттаренна дийр дарий-теша иза?

Ж а м а л д а. Арсбин кIантий? Дийр дара! Дан а дина, суна хеташ, Арсбис хьеха а хьехна.

Х ь а ь л и м. ХIу-м Арсбис хIаллакдайтина.

Чуволу Баудди, Арсби а валош.

Б а у д д и *(вехьа а вехьаш)*. ХIара, ведда воьдуш, схьалеци аса. Кхуьнан кIанта Рукъмана хIургон кхунна тIе хьовзийра, хIара тIехао дагахь. ТIаккха со кхунна тIаьхьакхиа воллуш ведда вогIу а гина, хIургон хаьххкина, иза дIавахара.

А р с б и. Сайна лиъча, вада а, сайна лиъча, меллаша ваха а белла суна дала ши ког. Со ведда шуна зулам дина ца воьдура, со лергъяхарна тIаьхьахьаьдда воьдура.

Х ь а ь л и м *(Арсбига)*. ГIовгIа ма елахь кхин!

Б а у д д и *(Арсбига)*. Лергъяхар ца лаьццехь а, сельсовет-м лоцу хьуна ахь!

Х ь а ь л и м. ХIара чехконца сельсовете дIавала веза.

Арсби корта оллийна лаьтта.

Ж а м а л д а. Чехка вала веза.

А р с б и. Сой-й?.. ХIундий-й?

Х ь а ь л и м. Хьо хьайн ма-хуьллу ялта дерн план а, колхозаш чIагIъяр а юкъахдита гIертарна. И дагахь ахьа хьайн кIанте тхан хIу хIаллак а дайти. *(Арсбис корта оллабо.)* Ахь и хIу хIаллакдарх...

Ж а м а л д а. Тхан большвикйн ялта деран план юкъахъюьсур яц!

Жамалдас Бауддица Арсби дIалоцу.

Х ь а ь л и м. И план юкъах ца йита, шу кулакашна дуьхьал жоп луш...

Б а у д д и. Тхешан колхозан хIу меттахIоттош, аса пхи гирда хьаьжкIийн лур бу.

Ж а м а л д а. Аса сайн итт гирда хьаьжкIех 8 гирда хьажкIийн лур бу.

Х ь а ь л и м. Вайн колхозхоша бертахь и хIу меттахIоттор ду.

Д а у д. И меттахIотто сайн кхаа гали хьаьжкIех ши гали охьадуьллуш со а ву.

Х ь а ь л и м. Аса сайн шийтта гирда хьаьжкIех итт гирда охьабуьллу. Вай массо а колхозхоша кулакашна дуьхьал жоп лур ду...

Ма с с а р а а. Большевикийн бIаьстенан ялта деран план шен заманчохь а, юьззина а кхочушъярца!

Х ь а ь л и м. ТIаккха а вай жоп лур ду партина — Сталинан ялх гайтам кхочушбеш...

М а с с а р а а. Бахамаллехь а, вовшахтохараллехь а колхозаш чIагIъярца!

Й и с т.

ПОЛИТОТДЕЛ

(Кхаа декъехь пьеса)

ДАКЪАЛОЦУШ БЕРШ:

А р с н а к ъ, кулак.
Х ь а п у з а, къехо, цхьалхахо-подкулачник.
Д о к а р и ш, колхозхо-ударник.
Х ь а ь л и м, юьртан партсекретарь.
Ж е б а р, къехо, партала, мало йолуш.
О ь ц у к а е в, ялта гулдаран уполномоченни, кулакашкахьа узуш, хIума оьцуш.
I а ш а т. Арснакъин йоI, 17 шо.
Ж у ь х I и р т. Арснакъин зуда, 35 шо.
Б а к а, цуьнан кIант, 25 шо.
Т у ь п п и л г, цуьнан кIант, 15 шо.
Х ь а ж б е к а р, сельсоветан председатель.
Д е б и г, сельсоветан секретарь.

ГIо деш берш: п о н д а р ч и й, к ъ е х о й, к о л х о з х о й, д р у ж и н а, з у д а р ш.

ПРОЛОГ

Кирхьанна хьалхахула шина агIор шиъ чувогIу.

Д о к а р и ш. Ассалом Iалайкум, Хьапуза!

Х ь а п у з а. Ва Iалайкум солом!

Д о к а р и ш. Хьо ма лела, мерах йогIурш яьхкинчу говро санна, корта а оллийна?

Х ь а п у з а. Ши ойла хилла хьийза-кх.

Д о к а р и ш. Доьхнарг дан воллу, алий, мацах баьхначунний дайна, хьайн зуда а йитий, и ТIотIарин жеро ма ялаелахь, леррина цунна аьлла дойтуш ото ду хьуна сан...

Хьапуза. Хьан-м и дайта чот ю кхушара-м.

Докариш. Хьаха хир яцара, со вижина Iиллинехь-м.

Хьапуза. Вижна-м со а ма ца Iиллира.

Докариш. Вижина Iиллар — иза мотт а биллина, цу тIе, гуьйриг санна, воьжна ца Iиллича ца олу, моьтту хьуна? ХIумма а ца деш, хьо дIалелчахьана, вижина Iиллар хуьлий цунах-м.

Хьапуза. Сайна хIокху шарахь-м муххуле а наб чIогIа кхетта хилла, моьтту суна. Лерехь йоккха топ кхоьссича, муха вер вара сама, — цу тайпана набарх ваьккхина-кх со хьуна тозехь кхаьчначу йиъ бIе пунт хьаьжкIаша. Деллахь, ала бакъдерг, билггал кхаьчний хьуна оццул хьаьжкIаш?

Докариш. Вайша кхузахь латтар санна, бакъ ду-кх иза.

Хьапуза. ЭхIей, веллавала со делаI, хьо язлуш цу тозе ца язвелла.

Докариш. Цу чу язваларх а ца тоьу, цу чохь болх ца бича. Болх шена бойла а хууш, доггах бахь, гIуллакха тIехь малой, хьарамлой ца еш, само яхь, тозехь болх бан атта а ду, бинчу балхах тIейогIург алсам а йолу. Оха болх бира тозехь хIайтъаьлла, каде. Вовшашца балха тIехь йохье а дуьйлуш. Шен заманчохь балхана арадовлуш, ялта шен замманчохь дуьйш, дуьйн хIу, молханаш детташ а, кхин деш а, тодеш, цIандеш, хIу машинашца тосуш, агрономо ма-баххара, Iилманца оха ялта лелийра. Шен хеннахь асарш дира, хьаькхира, чудерзийра, дIадерзийра, цундели тхуна ялта а хилира, белхан денна ши пункт а кхочуш. Ткъа хьо, кулака Арснакъас бохучуьнга ла а доьгIуш, цунна тIаьхьаваьлла лийли.

Хьапуза. ШайтIа долийла цунна тIаьхьа, со дохко мел ваьллехь!

Докариш. ХIинца хIун дан ойла ю хьан?

Хьапуза. Аша дIаэцахь, цу тозе язвала безам бара-кх сан, сайн алашица.

Докариш. ХIинца тхо бIаьстенан ялта ден кечам беш ду, и кечам тхан юккъе баьлла, нахарш тодина оха, мекханаш тодина оха, фургонаш, ворданаш тойина, гIомат-аса кечйина, МТС-н масийтта трактор ю тхуна уггар хьалха охана дан ян кечйина, иштта масийтта тайпа а кечамаш бу, делахь а ахьа яздина, заявлени дала деза тозан правленига, хуур ду-кх, дIаэца а мега хьо...

Хьапуза. Ванах, ва Докариш, йоьхна ворда санна, йохха йоллуш йолу шун и тоз муха денъели?

Д о к а р и ш. Тоз тхан йохха йоллуш яра. Иза дукха хан яц. Чохь кулакаш бара. Тхан тоз, кулакашкахьа узу нах коьрте а хевшина, юуш яра, бинчу балхана денош ца яздора. Нах, дохкобуьйлуш, тозера юкъахбийла буьйлира. И гIуллакх партина гучуделира, цо тхо кхетийра, кулакийн куьйгалла кхоьссина дIадахийтира. Оцу заманчохь цхьа коммунист веара, политотделера ву ша, аьлла, цуьнгара баккъал чIогIа гIо хилира. Низамца, хьесапца, хIор колхозхочунна болх баре терра белхан де а яздеш. Тхан колхоз дика дIахIоьттира, цул сов, колхозхоша арахь бечу балхе хьовса баккхий нах хаьржира инспекторш, масане ду уьш, — мухха а, гIутакх санна, тойина, тхан тоз хила ма-еззара дIахIоттийра, тIаккха тхан а белхаш бан дог деара, белхан кайолура, белхан денна тхуна ши пунт хьаьжкIаш кхечира, МТС-ний, пачхьалкханий, хIуьнан фонданий, дохнан докъарний йогIурш дIаяьхча. Суна кхаьчнарш йиъ бIе пунт ю, кхечарна цул сов а кхаьчна, кIезиг кхаьчнарш а бу. ХIинца сан хIун ойла ю аьлча, сайн чоьнаш кечъя а, сайн доьзалш кечба а, сайна тIеохург эца а, леррина сайна тIе вижа пуржинийн маьнга эца ойла а ю-кх. Болх кхин а дика балур бара, аьлла хета суна, жимма пуржинийн маьнги тIехь садоIуш хилча.

Х ь а п у з а. Иза-м хьо хьастах дуьйна а бохуш ву.

Д о к а р и ш. Ткъа хьо тIаьхьа хIоьттина лелла и кулак Арснакъ сан а, хьан а и бахам хуьлийла лууш вац хьуна, хIунда аьлча, вайшиннан вахар то мел дели, цуьнан вахар гIеллу дела. И кулак Арснакъ тозан член парлени хIинццалц виснехьара, суна хеташ, нийсса ах мохк шена пайденна аьхна хир бара цо. Тхан присдатель а цуьнгахьа узуш вара.

Х ь а п у з а. Дукха ялта ма дара цуьнан дийна.

Д о к а р и ш. Хьо-м, цуьнан буьртиг а бац, бохуш ма вара.

Х ь а п у з а. Ма хилла велара со... ванах, кхин велла а, висна а аьлла, хабар дуй цуьнан?

Д о к а р и ш. Цунах хIун хилла, тIаьхьа дуьйцур вайшимма, цкъа юьххьера дуьйна доладей де вайшимма къамел Арснакъех лаций?.. Охьахаал хьо. *(Охьахоу.)*

Х ь а п у з а. Дош дан а дацара, стаг, тIе ма-хьаьжжи, вевзаш ца хилча. *(Охьахоу.)*

Д о к а р и ш. Иштта вовза-м хала ду. Делахь а, хьожуш, ладугIуш хилча, вевзар ву... Аса дIадолор хьуна къамел, ладогIалахь... *(Серло дIайов, ший а къайлаволу.)*

Эвлахь ураман некъ. Аьрру агIор чуволу Арснакъ, аьтту агIор чуволу Хьаьлим.

Х ь а ь л и м. ХIара, Арснакъа, хьо чохь а ца карийна, вогIу со, таханалераниг тIаьххьара де ду хьуна, и бIе пунт хьаьжкIаш охьаяхка еза ахьа.

А ь р с н а к ъ. Макка-Медана кхоьллинчу делор, бац сан цхьа буьртиг а бан-м... Мичара лур ю аса уьш, ца хилча?

Х ь а ь л и м. ХьаьжкIаш хьан йолуш ю. Иза тхуна вуно дика хаьа. Хабар кIезиг а дуьйцуш, хьаьжкIаш кечъяран чехко ян еза.

А р с н а к ъ. Цу гIуллакхах аса кхетор вара хьо. Схьаволахьа, чу а гIой, ламаз-хIума а еш, чай-май а молуш, хIума де вайшимма?

Х ь а ь л и м. И гергалонаш со дезаш вац. Чу а гIой, чехка хьайга бохург кхочушде ахьа. *(ДIаволало. Ша-шега олу.)* Чай-майна тIаьхьа шай-кай хуьлу-кхи.

А р с н а к ъ. Буьртиг а ца хилча ткъа?

Х ь а ь л и м. Айхьа ца ехкинчу а ца хьоьжуш, ехкинчу хьажа хьо, карор ю хьуна.

Дай боларца, верриг партал а волуш, чувогIу Жебар, туйнаш а кхуьссуш, мерах гIовталан тIам а хьоькхуш.

Ж е б а р. Цу уполномоче хьан хьаьжкIийн гIуллакх дийцира аса, Арснакъ. *(Туй кхуссу.)*.

А р с н а к ъ. Деллахь, Жебар, дала ял лур яра-кх шуна, со цу балех ваьккхича, ладогIахьа цу юккъе, цхьа буьртиг а болуш вац-кх со.

Ж е б а р. Цунна са ма гатде ахьа. *(Ша-шега.)* Тховса котам хIума юьйр яцара-теша кхуо? *(Арснакъе.)* Тховса вогIур ву со хьо волчу, тIаккха дуьйцур вайшимма.

А р с н а к ъ. Волахьа и уполномоч а валош.

Ж е б а р. ТIаккха-м кад а...

А р с н а к ъ. Кад а, черма а хир ду-кх. (*Вела къежа.)*

Ж е б а р. Делахь иштта бакъахьа а ду.

А р с н а к ъ. Варий, ваза ма Iелаш. *(Куьг ло.)*

Ж е б а р. Ма кхералахь. *(Куьг лой, туй кхуссу.)*

Аьтту агIор чуволу Докариш, Хьпауза. Аьрру агIор мохь туху: «Арснакъ!»

А р с н а к ъ *(дIа а хьожий)*. Вай!

М о х ь. Схьанехьа таIал цкъа.

А р с н а к ъ. ХIокху сохьта. *(ДIавоьду.)*

Ж е б а р. Схаьйтал. Докариш, цхьа цигаьрка. *(Туй а кхуссий, мара цIанбо.)*

Д о к а р и ш *(цигаьрка а луш)*. Гуттар йоьхуш ву-кх хьо.

Ж е б а р. ХIара, Хьапуза, тховса вуьжуш оза цхьа цигаьрка-м яц хьоьгахь?

Х ь а п у з а. Я... амма хьуна лур йолуш-м яц.

Жебар, туй а кхуссуш, белш а саттайой, даIвоьду.

Д о к а р и ш. Ца хаьа суна-м, Хьапуза, цу тхан тозан ялта декъаза Iуьллуш а ду, цкъа иза декъна делхьара, уггар хьалха сайна цхьа пуржимин маьнга оьцур болуш вара-кх со.

Х ь а п у з а. Цу тIехь хьо ца сеттар, аьлла хета суна.

Д о к а р и ш. ХIунда бах ахьа?

Х ь а п у з а. Арснакъас схьабахарехь, и ялта дерриге а пачхьалкхана дIаузур долу дела.

Д о к а р и ш. Иза бакъ дац. ХIунда?.. Селхана политотделан начальнико, ван а веана, тхоьца къамел дира. ХьаьжкIаш колхозхойн ю. Уьш, церан белхан деношка а нисйина, йоькъур ю, аьлла.

Х ь а п у з а. Ерриггий?

Д о к а р и ш. Пачхьалкханий, МТС-ний, докъарний, хIуннний йогIурш дIаяьхча, йисанарш йоькъур ю-кх.

Чуволу Арснакъ.

А р с н а к ъ. Дукха юьсий шуна хьаьжкIаш?

Д о к а р и ш. Белхан цхьана денна цхьа пунт а сов кхочур ю-м, боху.

А р с н а к ъ. ЭхI, сов дика ду иза-м.

Х ь а п у з а. Кхачахь-м дара.

А р с н а к ъ. Кхачахь, бах-кхи аса а.

Х ь а п у з а. Кхарна а хьаха толара шайн хьаьжкIаш шайн-шайн цIа яьхьнехьара.

А р с н а к ъ. И-м кхеран шайн гIуллакх дара. Шайна луъург дан бакъо яц кхеран?

Х ь а п у з а. И дин делира, аьлла хьаха хетар ду кхарна, ахьа боху меца хан еъча.

А р с н а к ъ. Ца хаьа, ягIахь, хьаштдоцург а дера ду иза... Ца ян а мегий иза-м.

Х ь а п у з а. Пачхьалкхана цхьа буьртиг а ца луш, ахьа бохург дан деза-кх.

А р с н а к ъ *(оьгIазе)*. Аса бохург?

Х ь а п у з а. Виц а велла, элира аса-м... мухха а хIораммо а шен-шена таро ян еза-кх, пачхьалкхо кхобур вац-кхи.

Д о к а р и ш. Ца хаьа, стохка со ялта доцуш висча, сына-м делира пачхьалкхо ялта.

Х ь а п у з а. Хьо а, Докариш, кхетачуьра ваьлла. Эхь ду шуна аша лелориг, цу колхозе а язделла.

Д о к а р и ш. Дера, эхь делахь а, и лаьтта Арснакъ цу чуьра нуьцкъала дIа-м ма ваьккхина. Хаттал цуьнга, хьуна хьалха лаьтташ ву-кх иза. Тахана а, ша дIаэцча, цу колхозе язлур варий иза? Вара.

А р с н а к ъ. Делан къурIаннар...

Д о к а р и ш. Делан къурIаннар, вара.

А р с н а к ъ. Соьца хIун гамо ю хьан?

Д о к а р и ш. Хьоьца сан гамо?.. Сан хьо кулаке безам бац-кх, бан а. *(ДIавоьду.)*

Х ь а п у з а. Делан хьоьгахь а, къурIаннар, бац.

А р с н а к ъ. Остопируллах I, и тамашийна стаг!

Аьрру агIор схьа мохь: «Ва Хьапуза!»

Х ь а п у з а *(дIа а хьожий)*. Вай!.. ДIавогIу. *(ДIавоьду.)*

А р с н а к ъ. Колхозехь сайн некъ чекхбоккхучуьра юкъахваьккхи со. ХIумма а дац. Сайн дог-ойла ца хоуьйтуш, и колхозхой шаьш тIелетор аса цу колхозана. ХIинца суна ваха хало ду. Шен да ватIарг, и задани яхьаш вогIург аса боху тайпа нислахьара, хингал-чIепIалг а дина, буьтилка-муьтилка а хIоттийна, йоцIаца-жерочуьнца ирахь а Iайтина, пондарца, вотанца ваьккхина, дагна тIемаш а доьхкина, сельсовете хьажор вара. Бакъду, иштаниг кIезиг нисло-кх.

Аьтту агIор чуэккха Бака.

Б а к а. Ахьа соьга дохка дохьуьйтуш долу ахьар дIадаькхи-кх соьгара!

А р с н а к ъ. ХIахI? Ахьар дIадаьккхи?

Б а к а. Даьккхи...

А р с н а к ъ. Хьо веллера ткъа?

Б а к а. Аса хIун дийр дара?

А р с н а к ъ. ХIун дийр дара... *(Корта а ластабой)*. ДIаели хьуна кхузткъа пунт.

Аьтту агIор чуйогIу Арснакъин зуда ЖуьхIират.

Ж у ь х I и р а т. Хезий хьуна, хьерашка ехкина вайн хьаьжкIаш дIаяьхьи, боху, комсомолаша.

А р с н а к ъ. ХIун хилла? ДIаяьхьий? Ой, шу деллера ткъа? ДIаели хьуна кхин бIе пунт а...

Аьрру агIор чувогIу Хьапуза

Х ь а п у з а. Арснакъ, ахьа тхан чу диллина итт гали кIа дIадаьхьи-кх, ударкаш ду шаьш, аьлла, сельсовете.

А р с н а к ъ. Вут-аьннаьссиз, аьннаьссиз дуьне яI-кх... кхин ккхузткъа пунт а дIаели!

Аьтту агIор чувогIу Туьппилг.

Т у ь п п и л г. Дада, дада, вайн такхорех мел йохку хьаьжкIаш а, беш а аьхкина, лаьттах мел йохку хьаьжкIаш а, кIа а дIадаьхьи.

А р с н а к ъ. ХIун хилла? ХIахI? Беш аьхкина? Iехь! Кхин ши бIе пунт а дIаели... Со да волу даьхни дIадаьккхи... Ас бер церан болх! Со хIуттур царна хьалха, туьрал ирвелла. Аса къуьйсур цаьрца...

Аьрру агIор чувогIу Жебар, бага а хьееш.

Ж е б а р. ЧIепилгаш дезачо НуригIазе дайта деза-кх... Бехчалгаш санна, кIеда, шекар санна, мерза... Схьайтал, Арснакъ, цхьа цигаьрка.

А р с н а к ъ. Цигаьрка яц соьгахь. *(Ойлайо.)*

Ж е б а р. ЭхI, деллахь, ма нисделла дара, моьттахьа, и чIепилгаш!

А р с н а к ъ. ХIара, Жебир, тховса тхоьга ванза ма Iелахь.

Ж е б а р. ВогIур вара, РоIас дешначу къурIаннор-кх. Схьайтал цхьа цигаьрка, хьовха, ахьа-м яц элирий.

К и р х ь а.

ШолгIа дакъа

Юьртахь, юьртан Советехь. Плакаташ, стол, гIенташ. Яздеш Iен юьртан Советан писарь Дебиг. Мот а бохуш, яздо.

Д е б и г *(ша яздийриг доьшу)*. Йокъа хIоьттинчу махкана догIа санна суна хьашт долу сан Байсари! *(Мотт боккху.)* Тохар шун эвлахь тхан тыка а йолуш, со цигахь Iечу заманчохь айхьа суна делла дош дагадогIий хьуна? Амал еана алаша санна, мел чIогIа къехка хьо сох! *(Мотт а боккхий.)* С-с-с, хIара дош яздича-м, къахка дог дацахь а, къаьхкар ю, дIа дойур ас хIара. *(ДIадойу.)*

Чуволу Жебар. Дебига кехат дIалачкъадо.

Ж е б а р. ХIара, Дебиг, и уполномоч-м ца веара ккхуза? *(Корта агIор а ккхуьссуш, стоьл тIе хьоьжу.)*

Д е б и г. Ван а веана, хIинцца аравелира-кх. *(Юха а гучудоккху кехат.)*

Ж е б а р. Схьайтал цигаьрка. *(Дебига ло, узу.)* ХIара, шун сискал яьллий-техьа схьа? Кху юккъерчу цхьаьнне а схьа ца яьлла-кх и сискал, дечиг тIуьна ду, аьлла хета суна, кху куьпан.

Д е б и г. Ялтин чот еш воллу со, оцу корехула тхан нене мохь тохий, хьажахьа. *(Яздо.)*

Ж е б а р *(мохь туху)*. Ва Сатеха! Сатеха!

С а т е х а *(арара схьа)*. ХIун бах ахьа?

Ж е б а р. Схьайтал, цигаьрка, хьовха, сискал схьаяьллий хьан?

М о х ь. Дера яьлла. Мохь а тоьхна, моз санна, мерза сискал ма ю хьуна. Схьавола хьо.

Ж е б а р. Мохь а тоьхна, тов. АхI, хьажахьа, мохь а тоьхна йинийца... *(Дебиге.)* Схьайтал, мохь тоьхна ваьлча оза цхьаъ ло, хьовха, йиъна ваьлча... (Араволуш.) Хьовха, вуьзина ваьлча.

Д е б и г *(чуьраваьлла доьшу)*. Байсаре? Дагна ял луш, дегIана там беш йолу. Бай.. Са... Ре! Суна ца го-кх, хьан мера тIера морзгал-моынаш, суна ца го-кх хьан бIаьргара кIай, суна ца го-кх хьан астагIа хилар, хьан дас гIали чохь эцна цIенош... *(Ша-шега.)* И цIеношн Байсарин цIарах ду а боху, вайн хир долуш а ду-кх уьш.

Чуволу Арснакъ, Дебига кехат юкъахдуьту.

А р с н а к ъ. ХIинца, Дебиг, ахьа, со кулакийн исписки тIехь вац, аьлла, кехат ца лахь, со да волу даьхни хIаллакьхуьлу-кх сан.

Д е б и г *(хьала а гIоттуш)*. Дерриг ялта дIадаьккхи ца боху хьоьгара?

А р с н а к ъ. Дукха даьккхи... Дерриг дIадаьккхи... Же, дукха вахарг!

Д е б и г. Хьай, дала хIаллакбе хIорш...

А р с н а к ъ. Хьуна ма-дезза ахча хир ду хьуна, же, хьайн десара...

Д е б и г *(охьа а хоий, кехат кечдо)*. Ахча-м...

А р с н а к ъ. Ахча долуш ду. Же, же, чехко е!

Д е б и г *(язйой а волий)*. ХIинцца пирсидатель чувогIур ву, тIаккха аса, пичат а таIийна, дIадахьар ду хьуна хIара.

А р с н а к ъ *(кхаа туьманан кехат шиъ ло)*. ХIара ахчанах хIума а ю хьуна.

Д е б и г. ХIара-м...

А р с н а к ъ. ДIаэца ахьа.

Д е б и г. Делор, Арснакъ, аса хьоьгара хIара схьа-м оьцур дацара хьуна, декхарина дала дезаш меттиг бацахьара.

А р с н а к ъ *(ара а волуш)*. Чехко ян хьажалахь, Дебиг.

НеIарехь дуьхь-дуьхьалкхета Жебир, Арснакъий.

Ж е б а р. Схьайтал, Арснакъ, цхьа цигаьрка.

Арснакъ, цигаьрка а лой, дIавоьду.

Д е б и г *(ша-шега)*. Кхарех кулакаш ца бинехь йиш яцара.

Ж е б а р. Схьа ца веана и Оьцукаев хIинца а? *(Цигаьрка дIа а лачкъайой.)* КIур бе вайшимма, схьайтал цигаьрка.

Вукхо цигаьрка ло, кхуо шегарниг, йойий, куйнан йисте юллу.

Д е б и г. Схьаванза-м ву...

Жебир араволу, дуьхьалкхета Хьажбекар.

Ж е б а р. Тонкунах хIума юй хьоьгахь?

Х ь а ж б е к а р. Кхин ца аьллехь, ткъозза аьлла-кх ахьа соьга, цигаьрка юй. Витахьа со, ша санна, шера хаьа-кх хьуна соьгахь цигаьрка йоцийла а, аса и ца узийла а.

Ж е б а р. Со-м виц...

Х ь а ж б е к а р *(охьа а хууш)*. Активист ву бохуш а ву хьо. Амма хи чу кхоьссинчу тIулгал башха карош вац-кх хьо. Мича эрзаш юккъехула лела хьовха хьо?

Ж е б а р. ВаллахIилIазмор, ву вайн заготовка чекхъякхка гIерташ, хехкалуш, хьийзаш.

Х ь а ж б е к а р. Хьо хехкало уьн тIе! Хьо хехкалу некъ гуш вац-кх со...

Ж е б а р. Со-м ледара ца лела хьуна. *(Араволу.)*

Х ь а ж б е к а р. ДIавало, хьаьжкIийн гIуллакхана лахъхьа яханчу бригадана тIаьхьа гIо...

Ж е б а р. Воьду со. *(Къайлаволу.)*

Х ь а ж б е к а р *(тIаьхьа а хьожий)*. УьнтIа-пхьид а хьол чехка ю-кх, я дера. *(Дебигна тIе а воьрзий.)* Язйирий ахьа и ялта гулдаран исводка.

Д е б и г. Цхьаъ яз а йина, шозлагIниг язъеш ву-кх.

Х ь а ж б е к а р *(хьала а гIоттуш)*. Со, и варданаш дIа а хьовсийна, схьавогIу хьуна, чехкка язъяй ваьллахь.

Д е б и г. ХIокху кехат тIе мухIар таIадел. *(Арснакъин справка кховдайо.)* Тхешан нана гIалитIе лоьраш тIе яхийта воллура со...

Х ь а ж б е к а р. Юхавеъча, таIор вай. *(Чехкка араволу.)*

Д е б и г. Ахьа кху тIе мухIар таIор а ду. *(Важа кехат схьа а оьций.)* Сан жима Байсаре, со вала хьан уьнна.

Чуволу Оьцукаев портфельца.

О ь ц у к а е в. Охьаяхарий варданаш?

Д е б и г. Дика хаа-м ца хаьа суна.

О ь ц у к а е в. Цаехка котам а хьол пайда боцуш гина вац-кх со! Хьуна хууш хIун ду-техьа?

Д е б и г. Сан-м йиш ца хуьлий, хIара исводкаш язъеш...

Чуволу Жебар.

Ж е б а р. Оьцукаев, хьо лоьхуш аса даькккхинарг жима болх бац-кх. ХIара, схьайтал цигаьрка. *(Вукхо ло.)*

О ь ц у к а е в. ХIинца хIун хилла?

Ж е б а р. ХIара, обком парти юй?..

О ь ц у к а е в *(хьалаэккхий, Жебар юьстах а воккхуш)*. Дийцал, дийцал, цхьаъ ва-х ца веъний? Кхин уполномочих ца ваийтиний?

Чуволу салларийн гIуллакхана араваьлла инструктор.

И н с т р у к т о р. ХIей, белхаш балой шоь, накъостий?

О ь ц у к а е в *(веларца, куьг а лоцуш)*. Марша-могуш, охьахаал... *(Писарь, кхералой, чеккаволу.)*

И н с т р у к т о р. Маршалла хуьлда. *(Охьахоу.)* *ХIара,* муха йогIу шун ялта гулдаран кампани?

О ь ц у к а е в *(вела а къежаш)*. Дика йогIу, Iаламат дика... ХIара, хьо обкомпартира ву-кх, со гIалат ца лехь.

И н с т р у к т о р. ХIан-хIа, со-м салларш дахка веана ву.

О ь ц у к а е в *(оьгIазе)*. Салларш?.. Хьан хIун гIуллакх ду тхоьца? Хьан хIун гIуллакх ду кампаница? Яхийта! Хьала-гIатта! Хьайн зударш болчу гIо!

И н с т р у к т о р. Собар, собар цкъа. *(ХьалагIоттий, дIа-волало.)*

О ь ц у к а е в. Собар хьашт дац, яхийта! *(Ког туху.)*

Ж е б а р *(инструкторе)*. ХIара, цигаьрка, хьовхаъ, яхийта!

Инструктор къайлаволу.

Д е б и г. Чохь мел долу са даькккхи-кх сан цу хIумано.

О ь ц у к а е в. ХIара пис, ян а еаний кху чу! *(Жебар юьстахвоккху.)* Схьавоьл. *(Цигаьрка йоккху гIутакхара.)*

Ж е б а р *(цуьнан гIутакхара цигаьрка а оьцуш.)* ХIун бах ахьа?

О ь ц у к а е в. Иза-х вацарий ахьа обкомпартера веана бохург?

Ж е б а р. Аса-м ца бахара цхьа веана а.

О ь ц у к а е в. Ткъа, обкомпарти бохуш, ахьа хIун бахара?

Ж е б а р. Со-м обкомпартига орца аьлла а, цу Арснакъин гIуллакх дIадерздо дезара, ала воллура...

О ь ц у к а е в. Тфуй... Хьайн дагахь дерг бакъахьара схьаала ца хаьа-кх хьуна...

Ж е б а р. Тховса вайшинга Арснакъа чукхойкху, кад-мад а, синкъерам-минкъерам а хила мега вайшинна.

О ь ц у к а е в *(вела а луш)*. Алахьа баккъал, цунна ялта юха а доьрзур ду хьуна...

Ж е б а р. *(багахь йолу цигаьрка, йойий, куйнан йисте а юьллий)*. Иза-м бакъ ду хьуна, схьайтал цигаьрка.

Чуволу Хьажбекар.

Х ь а ж б е к а р *(Дебиге)*. Кечйирий ахьа сводкаш?

Д е б и г. Кечйина волуш воллу, схьайтал мухIар. *(Хьаьжбекара ло, вукхо Арснакъин справки тIе таIадо мухIар.)*

О ь ц у к а е в. Охьаяхан и фургонаш?

Х ь а ж б е к а р. Цхьа ккхузткъа фургон бен ца яха, вай тIаьхьадуьсуш лаьтта, Оьцукаев. Тахана а, тховса а, охьа ца ховшуш, ца дуьйшуш, вовшахтоха еза вай цхьа ши бIе фургон.

Чуволу Хьаьлим.

Х ь а ь л и м. Ца еза ши бIе-м, ккхо бIе фургон тоха еза-кх, хIара-м эхь ду...

О ь ц у к а е в. Кху эвлахь ян-м ма яц ккхо бIе фургон.

Х ь а ь л и м. Уьш-м карор ю вайна.

Ж е б а р *(Хьаьлиме)*. Цигаьрка-м яц хьоьгахь, Хьаьлим?

Х ь а ь л и м *(тIе а чевхаш)*. Яц! *(Важа, вега а вой, дIаворзу.)* *(Дебиге.)* ХIара, хIинца маса процент хуьлу-теша вай гулйина хьаьжкIаш? *(Стоьл тIе хьожу, Жебар аравелу.)*

Х ь а ж б е к а р. Эхь ду-кх вай лелориг! ХIинца а планан ах чекх ца яькхина-кх вай, суна хеташ. *(Воьхна лаьттачу Дебиган буйнара кехат схьа а озош.)* Хьажал хьо кху тIе, Хьаьлим, хIара-м ситтина вер а вацара.

Х ь а ь л и м (справка, тIе а хьожий, йоьшу). Сравка, ела Арснакъина. *(Цецволу.)*

Дебиг араэккха гIерта. Хьажбекара иза схьалоцу.

Х ь а ж б е к а р *(Хьаьлиме)*. Арснакъина, бахара ахьа?

О ь ц у к а е в. Арснакъина? ХIун аьлла язйина иза? *(ТIехьожу.)*

Х ь а ь л и м. Арснакъ кулакийн списки тIехь вац, аьлла язйина-кх.

Х ь а ж б е к а р. ХIахI!

О ь ц у к а е в. ХIун бахара ахьа?

Х ь а ж б е к а р *(Дебиге)*. Хьай, вир, вон вир! Цунна доьхура ахьа соьга мухIар?

О ь ц у к а е в. Чехкка чудолла деза хIара жIаьла. ХIара хIумнаш яй вайн цхьа а кампани шен заманчохь чекх ца йолуьйтурш-м.

Х ь а ь л и м *(Хьажбекаре)*. Ахьа хIунда таIадо, деша а доьший бен, кехата тIе мухIар?

Х ь а ж б е к а р. Аса муха доьшур ду, сайна йоза ца хиъча. *(Дебиге а хьожий.)* ХIинца со хIаллакван воллурийца хьо, ва лаьхьа! Боьха хIума! *(Ласта во.)*

О ь ц у к а е в. Дукха хан ма яра со кху вирах шекволу. Чехкка, лаьцна, районе вигийта веза хIара.

Х ь а ь л и м *(Хьажбекаре)*. Хьажбекар, хIокху сохьта хIара, лаьцна, районе дIавуьгуьйтур ву ахьа... Цул сов, йоза а Iамор ду ахьа, ца Iамадой ахьа — гIуллакх кхечу тайпана дуьйцур ду вай... Деша кху эвлахь школа ю хьуна, ликпункт ю хьуна, шортта хьехархой а бу хьуна...

Х ь а ж б е к а р. Со Iан-м йиш ца хуьлуш Iийна хьуна, Хьаьлим.

Х ь а ь л и м. Йиш ю! Зама а ю! Деша а деша, хьайн болх, чIагIбахь бен, мал а ма бе.

Х ь а ж б е к а р. *(Дебиге)*. КIант, (схьа а лоций и.) кхин-м бийр бац хьуна ахьа суна тешнабехк!

Чуволу Жебар.

Ж е б а р *(вела а къежаш)*. Схьайтал, Дебиг, цигаьрка, хьо писар вацахьара-м тхан йиш яцарий.

Дебиг олла а велла лаьтта. Жебар цец массаьрга а хьоьжу.

КхоалгIа дакъа

Кулакан Арснакъин дика кечдина цIа.

Ж у ь х I и р т *(нуй хьокхуш леллашехь)*. Дукха бехнра дийна ма леларе, и ялта а дохкий, гIалитIехь цIенош эца. Ца хии. *(Нуй хьокху.)* ХIилла хиларх а пайда бац, кхеташ ца хилча.

Чуйолу Iашат, сатта а сеттий.

I а ш а т. Мама, сан дегI ма вон ду.

Ж у ь х I и р т. ДIаялахьа хьо а.

І а ш а т. Мама, ахьа суна цІен шипон ма ца оьцу?

Ж у ь х І и р т. Шипон а, гипор а оьцучохь дера ду хьуна хІара, да дера. Дуьненахь цІе а яьлла лаьтташ. *(Нуй хьокху.)*

І а ш а т *(елхарца)*. Суна сайн цІечу мачашца тилла цІен шипон эца ахьа. *(ТІекхета цунна.)* Оьцур-м дера ю, ян а, цІен шипон.

Чуволу Арснакъ.

А р с н а к ъ. ХІара хІун ду? Кой санна, вовшех ма хьерча шу?

Іашат дІаэккха.

Ж у ь х І и р т. ХІара ю-кх, цІен шипон эца шена, бохуш, тІера цІока яккха санна, тийсалуш.

А р с н а к ъ. ХІун шипон? Хьай, йилбаз!.. Араяла!.. *(Іашат араэккха, ЖуьхІиртана тІе а волалуш, куй хьала а тотий, ойлаярца.)* И ца хилча а яц йиш... *(ЖуьхІирте.)* ХІара, хезий хьуна? Же-же, гуттар чехка яахІума ел! *(Цкъа охьахоу, тІаккха хьалаэккха.)*

Ж у ь х І и р т. Къонах, хьо ма сихвелла? Сиха дахана хи хІордах ца кхетта, бохуш ца хезна хьуна?

А р с н а к ъ *(оьгІаз а воьдий)*. ХІордах хьовха бердах дера кхета со, хІинца сих ца лахь. *(ЖуьхІиртана улло а воьдий.)* Зуда, тховса вайга хьаькамаш богІу. Вайн йоІа, и хьаькам шен ма-хуьллу ваккха веза... Цо цуьнан сакъера деза... И цо ца дахь, вай, Іинах яхана варда санна, хІаллакьхуьлуш ду.

Ж у ь х І и р т *(ела къежа)*. И дан хуур а ма дац цунна, дац-те, вон Іамийна и нанас. Хьаькамна шен ненан цІе рак ю моттуьйтур долуш-м ю хьуна вайн йоІ.

А р с н а к ъ. Рак а, текх а — шена луъург моттийта, луъург а де, делах шайтІа санна, цу коммунисталлех ваккха за-кх иза. *(Ара а хьожий.)* Бака!

Ж у ь х І и р т. Цунна-м шек ма ваьллахь.

ЧувогІу Бака.

Б а к а. ХІун элира ахьа, Арснакъ?

А р с н а к ъ. ХІокху делан сохьта къаьркъа дахьаш воьл.

Б а к а. ХьастагІа айхьа дийцина дехкий дойу молха кечдан-х ца воллий хьо?

А р с н а к ъ *(оьгІазе)*. Воллу, дехкий летта сох! Дехкий дайа воллу со! Чехко е! *(Бака араволу, ЖуьхІирте.)* ХІун деш лаьтта хьо? Меташка санна, сетташ... Кечъе яахІума!

Ж у ь х І и р т. ХІокху сохьта. *(Арайолу.)*

А р с н а к ъ *(Арара схьа)*. Туьппилг! Ва Туьппилг!

Чуэккха, охьа а кхеташ, Туьппилг.

А р с н а к ъ. Мазин алаш санна, гор тенна еттало хьо?

Т у ь п п и л г. Аса хIун дийр ду, ког тасбелча?

А р с н а к ъ. Ког, куръIанара, тасбелла вайн хIинца кхоччуш!

Т у ь п п и л г. Ахьа соьга хIун бахара, дада?

ЖуьхIирта дезарш до.

А р с н а к ъ. Дечиг даккха. Наьрс хIума лаха. Пондар лакха зуда я стаг валаве. Хезий хьуна?

Т у ь п п и л г. Хеза суна. *(ДIаэккха.)*

А р с н а к ъ *(ша-шега)*. ХIинца, ваккхахь, со кIелхьара сайн йоIа воккхур ву. *(Араволу.)*

Арснакъина дуьхьалкхета Бака.

Б а к а. Хьаькамаш схьабаьхкина-кх.

А р с н а к ъ. Цкъа, эцца жимчу цIа чу бигина, мало деза, тало царна цунах хиларг. ТIаккха сехьа чу балор-кх. *(Араволу.)*

Б а к а. Тало ца хилахь а, ало-м хир ю хьуна царна цунах.

ЧуйогIу Iашат кечъелла.

I а ш а т. Вай, хIара ваа ша везачо! Оьцукаев хьовха, Чаьмзакаев ву-кх.

ЧуйогIу ЖуьхIирт.

Ж у ь х I и р т. Варий, варий, йоI, ледара ма хилалахь... Эшначу меттехь хийла-хондурца йиш а лекхна, миска стаг старах а, уьрдах а ваькхкина хьуна аса.

I а ш а т *(коча.)* Мама... Аса вайн лулахочуьнга шен етт, шинарий ца дохкийтира, цкъа а сеттина? *(Елало.)*

Ж у ь х I и р т *(хьоьсту)*. Бера, деман чорпел качлолахь, малхал елалохь, цIулла сара санна сетташ хилалахь—оьла санна, Iана гIур ву хьуна вайн хьаькам.

I а ш а т. Аса, цкъа бIаьрг тIе а хIоттийна, и чоко меттахъели-м моттуьйтур ду хьуна цунна. *(Йоьлу.)*

Ж у ь х I и р т. Ахьа хIундей, бера! Хьуо маракхета йоллу, моттийтал ахьа. ТIаккха, гIовталан хатт санна, чуьраваьлла кхозур ву хьуна... Хьан дас чIогIа баьхна, варий, ледарло ма елахь. *(Арайолу.)*

I а ш а т. Ма кхералахь. *(Ша-шега.)* Кара хаа йоллу-м моттуьйтур ду.

Ж е б а р *(чукхевда, вела а къежий)*. Схьайтал цхьа цигаьрка, хьовхаъ, дика мел дерш кху чу. *(Чуволу, цунна тIаьххье Оьцукаев а чуволу, ший а дикка мелла ву.)*

I а ш а т *(сетташ, кочо)*. Диканца дукха дехийла шу а. Марша а догIийла шу.

Ж е б а р *(охьа а хууш)*. Маршалла хуьлда.

О ь ц у к а е в *(охьа а хууш)*. Маршалла лолда дала.

Ж е б а р. Тхо-м шен кIорнина сагатделла олхазар санна, хьо ган са а гатделла, схьа ма даьхкира.

I а ш а т *(сатта а сеттий)*. Со, бах аша... КIорни-м хилалур дара сох, йоккха ца хилало-кх. *(Елало.)*

Оьцукаев велало. Жебарна муьшка а таIайой.

Ж е б а р. Дависа хьан, дуьне! *(Оьцукаевга.)* Схьайтал цигаьрка.

О ь ц у к а е в. КIорни тIома кIелахь кхобур долуш варакх со...

ГIутакх схьа а доккхий, Оьцукаевс цигаьрка бага юллу, тIе а йогIий, Iашата сирник латайо.

I а ш а т *(сеттий)*. Ас-м хьо вон лелор вацарий.

Ж е б а р. Iашат, хIара Оьцукаев дика лело мегар а ду хьуна... Микалай-паччахь а кхул воккха вац. Хьуна ма-хаьара, хIара округ кхуьнан керахь ю.

О ь ц у к а е в. ХIун? Райкомана имам Шемал а сол воккха ца хета.

I а ш а т. Иштта воккха хьаькам хIара хилар дика хета суна. Вуьшта, суна кхуьнан везар-м—кхуьнан оьзда хиларрий, хIара хаза хиларрий ду-кхи.

О ь ц у к а е в. Чов кхеттачу стагана хи санна, хьо дукха а еза, хьо ягIахь, со ялор йолуш а ву. Советан домехь Iар хир ду хьан. Хьалхара яцо кухарка ю хьуна. Нанас бер санна, хьо хьеста со кIант а ву-кх хьуна, ахьа цунах тоам бахь.

I а ш а т. Со йогIуш ю-кх хьоь, тховса а.

Ж е б а р. Дала сой, сан зудий санна, вовшахтухийла шуьшиъ. Шиннан а дика мах хуьлу шуьшиннан. *(Шингге а хьожий.)* Шуьша ма хаза ду! Схьайтал цигаьрка.

О ь ц у к а е в *(тапча яккха гIерта)*. Войт, гор дуьне яI-кх!

Ж е б а р. Ма, ма кхоссалахь!

О ь ц у к а е в. ХIун дийр ду аса, чохь мел йолу чо-ко, схьаийзайо-кх сан цо.

I а ш а т *(ша-шега)*. Иза-м аса аьлла дара. ХIинцца аса къортIехь ву моттуьйтур хьуна.

Ж е б а р *(Оьцукаевга)*. И Арснакъера дIаяьхна хьаьжкIаш кхуьнан ца хилла, цхьана къечу нехан хилла, алий, кехат яздехьа. *(Iашате.)* Бакъ ца боху аса... схьайтал цигаьрка... ХIа, хьо-м узуш а яций.

Оьцукаевс кехат яздо.

І а ш а т. ХьаьжкІаш-м ца хилчи а хІума дацара, и Оьцукаев суна хилчахьана.

О ь ц у к а е в *(кехат Жебаре а луш)*. ХІан, схьаяийта кхеран хьаьжкІаш. *(Жебар, дІа а оьций, араволу.)* Чехко ян еза цу гІуллакхан.

Іашат, маракхета йоллу а моттуьйтий, дІаэккха, оцу заманчохь чубовлу пондар, локхург, кхин цхьа ши йоІ а. Хьалха Оьцукаев а воккхуш, хелхабовлу. Жебар а воккху Жебарний, Оьцукаевний кхин цхьацца кад а малабо. И шиъ набарна теІа волало, жимма Іийча. Оцу заманчохь цхьаъ хелхаволу. ХІара шиъ набарна чІагІло, Оьцукаев,
Жебар воцург, кхиберш арабовлу. Іашат уггар тІаьхьа йолу ара.

І а ш а т *(сатта а сеттий, Оьцукаевга а хьожий)*. Вай, деллаДала хьо даьхни, кховдийча — Оьцукаев, ваькккхича—волукаев.

Ела а лой, арайолу, Жебар хур деш Іуьллу, чувогІу Арснакъ.

А р с н а к ъ *(лоррий шингге а хьожий)*. ХІинца-м лаьхьанна пхьид санна, керавеара шуьшиъ... ХІара дезар-м аса гуттар а латтор ду шуна, аша со кІелхьара мел воху.

Чуволу Бака, вехьа а вехьаш.

Б а к а. Арснакъ! Арснакъ! Тхо тхо, уьш а яхьаш, схьадогІуш, Хьаьлима дуьхьал а ваьлла, гІалитІа дІаяхьийти-кх.

А р с н а к ъ. ХІахІ? ХІун хилла? ДІавала, дІавала суна гучуьра!

Бака араэккха.

В-вуут, аннаьссизлар яІ-кх! *(ЧІогІа воьхна, оьгІазвахана хьаьвза.)* ХІей, хезий хьуна? ХІей, хезий хьуна? ХІей, хезий хьуна?

Чуэккха ЖуьхІирт.

Ж у ь х І и р т. ХІун бах ахьа?
А р с н а к ъ. Схьаэцал сан гІайби чуьра тапча.
Ж у ь х І и р т. ХІун до ахьа? *(Тапча дІало.)*
А р с н а к ъ. Ас бер кхеран болх!
Ж у ь х І и р т. Сих ма лохьа, къонах!
А р с н а к ъ. Дарделла экха санна, хьуьнах воьр ву со! Жа тІе борз санна, кхарна тІелетар ву со!..
Ж у ь х І и р т. Обарг кхара лоцу, и ма дехьа, къонах...
А р с н а к ъ. Иза а бакъ ду. Обарг хилчи а кхара лоцур ву. Ванах, кхарна хІун дийр ду?

Чуволу Хьаьлим а, Хьажбекар а яькккхинчу тапчица.

Х ь а ь л и м. Арснакъ, лаьцна ву хьо!
А р с н а к ъ. Хьаьлим, велла ву хьо! *(Тапча хьажайо.)*

Чехка чуволу кхо дружинник. Бухарачарна тоьпаш тІелоцу.

К х а а м м о а: Хьо ву велла!

Хьаьлима Арснакъера тапча схьаоьцу. Арснакъас корта оллабо.

А р с н а к ъ. ХІун дийр ду шуна!

Х ь а ь л и м. Къийсамехь лоьмал зингат тоьлар дуй?.. Цул башха тоьлар вац-кх хьо, Арснакъ!

Ж е б а р *(вехинчу кепехь, жимма хьалаайалой, дІасхьа а хьожий, Арснакъе)*. Арснакъ, цигаьрка узий ахьа?

Цигаьрка кховдайо, куйна йистера а йоккхий, юха а охьавуьжу.

Х ь а ь л и м. Накъостий! ХІара санна кулак вайна юккъехь цхьаъ хилла ца Іа. И Іуьллу Оьцукаев санна верг а вайна юккъехь оьшур вац, и Іуьллу партала Жебар а вайна юккъехь кхин а ву. ХІорш кхоъ — вайн классан мостагІа ву! ХІорш а, кхарех тера берш а вайн кампанеш чекхйовла ца юьтуш бу. Тозийн чІагІъялар а, церан кхиам а кхара сецабо, хІор санна болчуша а сецабо. ХІорш вай ваьшна юккъера, дийнахь панарашца лоьхуш, лахка беза, вешан керлачу бахаман белхаш вай чІагІбан беза!

Ч е к х й о л у.

БИЛГАЛДАХАРШ

Нохчийн советски исбаьхьаллин литературан бухбиллархочун Бадуев СаIидан гулйиначу сочиненешна зорба дуьххьара туху.

ХIинццалца дуккхаачу дешархошна ма-ярра кхоччуш ца евзара оцу воккхачу яздархочун исбаьхьаллин тIаьхье.

1960-чу шарахь Джамалханов Зайндис хIоттийний, 1964-чу шарахь Сулаев Махьмуда хIоттийний (цул тIаьхьа 1972-чу шарахь оьрсийн маттахь арахийцира Бадуевн цхьаццайолу повесташ а, дийцарш а), Грозный гIалахь зорбатуьйхира С. Бадуевн хаьржинчу произведенешна. Оцу хIотторхоша бина болх бахьана долуш, Бадуев СаIид хIинцалерачу чкъурана вовза а вевзира, веза а велира.

ХIокху гулйинчу сочиненеша кIаргбийр бу дешархочун Бадуевн кхолларалле болу кхетам. ХIинццалца зорбайиттина йолу цуьнан тексташ, цхьацца бахьанаш долуш, хийцаеллера. Уьш, яздархочо кхоьллина ма-хиллара, юха меттахIиттина.

Бадуев СаIидан гулйина сочиненеш арахоьцу шина томехь. Царна юкъаяхийтина произведенеш идейно-хронологически кепе ерзийна ю — иза дан аьтто болчахь.

ХIокху хьалхарчу тома юкъа яхна Бадуевн исбаьхьаллин проза а (повесташ: «ЦIеран арц», «Бешто», «Мацалла», «Пхи туьма», «Самаяьлла ячейка», роман «ПетIамат»), пьесаш а («Дайн Iедал», «Марха досту де», «Гуттар а ца хуьлу молли-на мовлад», «ЦIен гIап», «Большевикаллица ялта дерехьа», «Политотдел»). Оцу произведенех дукхахъерш книгаешархо-

чунна евзаш яра. «Самаяьлла ячейка» повесть а, «Политотдел» пьеса а, автор дийна волуш зорбатоьхчхьана, кхин зорбатоха-за яра. Цундела кхеташ ду уьш хIинцалерачу книгаешархочун-на дуьххьара евзаш хилар. Ткъа церан идейно-исбаьхьаллин агIоне ца хьаьжча, кхочушхир дацара Бадуевн-реали-стан сурт.

Бадуевн прозо а, драматургино а хоуьйту цуьнан кхолла-ралла жанрийн тайп-тайпанчу агIор кхиъна хилар, церан чула-цамехь къеггина гучуйолу яздархо халкъан дахар социально-политически агIорхьа талла гIерташ хилла хилар.

ПОВЕСТАШ, РОМАН

«МАЦАЛЛА»

Язйина 1927-чу шарахь (хьажа: С. Бадуев, Хаьржинарш. Соьлжа-ГIала, 1933, 1 агIо).

Дуьххьара зорбатоьхна 1928-чу шарахь, шолгIа — 1930-чу шарахь (29 агIо) Соьлжа-ГIалахь.

1933-чу шарахь «ЦIеран арц — ЦIен гIап» цIе а йолуш арахецначу «Хаьржинаршна» юкъа яхна (153—170 агIонаш).

1964-чу шарахь арахецначу Бадуевн повестийн, дийцарийн, пьесийн сборникна юкъа яхна (32—49 агIонаш).

ХIинца зорбатуху 1930-чу шеран текста тIера.

1964-чу шарахь зорбатухуш текст дуккха а меттигашкахь хийцинера. Текста юкъара яккхий кийсакаш дIаяьхнера. Уьш ю масала:

57 агIо, 31 могIа: «...шайн чу волуш» дешнашна тIаьхьа йо-гIура хIара предложени — «арахь дикка садаза хиларна, чохь цхьана маьIIе а хиъна...»

58 агIо, 35-чу могIанна тIаьхьа йогIура — «Мухтар-молли-на шен зудчо йинчу оьгIазлоно башха хало а ца йора».

65 агIо. ТIелиба олучу иллин 24 могIа бен ца балийна. Ткъа, илли хIинца текстехь ма-дарра хила дезара.

67 агIо, 25 могIа чекхбаьлча хила езаш йолу хIара абзац ца ялош йитинера:

«ХIинца ТIелиб Мухтар-молла волчу вахча, кхуо иза ла-зор-техьа, я ша лазавойтур-техьа, я ХIижан лазор-теша?.. ХIун хир ду-теша, хIара цига вахча?.. Кхарах цхьанна зен далахь, мел хьашт доцург ду... ХIунда гIерта-теша хIара цига ваха, Мухтар-моллех дегабаам а бина?.. ХIара бIаьргаш доцуш

ву, наганхь цхьа хIума хилча а, кхуьнга-х даций хIумма а далур. ХIара къен а хилча, меца а хилча, шийла а хилча, зудчух дегабаам бар, я шен зуда бахьанехь нахах дегабаам бар кхунах дIа хIунда ца долу-теша, кхуьнгара дIадаьлла бIаьргийн нур санна? ХIара-х, дуьненан пекъаршлахь а уггар чIогIа пекъар вуй-теша аьлла, гIийла ву. Хилча хIун ду хIара цу тайпана? Ша цхьа агIо бакъабелла хиларх а, юххец пхьаьрсаш а, куьйгаш дIадевлла, бIаьргашна са ца гуш, дийнахь а, буса а ца соцуш цхьа лазар а долуш хиларх а, хIинца ТIелиба бен дегабаам муьлххачу а стага а беш а хилча, бийриг а хилча?»

72 агIо, 15 могIа: «Хезий хьуна?..!» дешнашна тIаьхьа йогIура хIара предложени — «ХьалагIаттахьа, вайшиъ цIа гIо, хьалла гена цIа?»

«ЦIЕРАН АРЦ»

Повесть, яздархочо ша билгал ма-даккхара, язйина 1928-чу шеран 16-чу июлехь.

Дуьххьара зорбатоьхна арахецна 1929-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь (32 агIо).

ШозлагIа зорбатоьхна 1932-чу шарахь Яндаров Халида хIоттийначу «Нохчийн мотт» школьни учебника тIехь (205—221 агIонаш).

1933-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь Бадуевс ша арахецначу шен «Хаьржинаршна» юкъа яхийтина (3-17 агIонаш).

1960-чу шарахь Грознехь арахецначу Бадуевн «Хаьржинаршна» юкъа яхна (87—103 агIонаш).

Оьрсийн маттахь зорбатоьхна (Саид Бадуев. Огненная гора. Избранное. Грозный, 1972, 36—74 агIонаш. Гочийнарг—Б. Кауров).

ХIинца зорбатуху 1929-чу шеран текста тIера.

1960-чу шарахь зорбатоьхначу текста тIехь, яздархочо мааллара ца дуьтуш, дуккха а дешнаш, яккхий кийсакаш хийцинера, зорба ца тухуш йитинера. Уьш повестехь ца хилча, турпалхочун психологически кIорге мелла а лахлора.

Текстологически болх бар бахьана долуш, «ЦIеран арц», кхийолу массо а Бадуевн произведенеш санна, яздархочо маязъярра, юха меттахIоттийна.

Текстехь дина нисдарш:

74 агIо, 34 могIа: «...даккхий сийна бIаьргаш тIе а хIиттийна...» меттана — «... даккхий сийна бIаьргаш Кулдевична тIе а хIиттийна...»

75 агIо, 25 могIа: «Кулдевича цIеххьана стоьла тIехь...» меттана — «...Кулдевича цIеххьана, шена хьалхарчу стоьла тIехь...»

77 агIо, 40 могIа: «...Мирза...» меттана — «Цундела Мирза...»

78 агIо, 32 могIа: «мох... хьоькхура...» меттана—«мох... чIогIа хьоькхура».

80 агIо, 6 могIа: «...ах шо хьалха кху...» меттанна—«...ах шо хьалха дуьйна схьа кху...»

80 агIо, 20 могIа: «...ца вевзаш волу цхьа-ши стаг вар» меттана — «ца вевзаш волу цхьа ши обарг вар».

80 агIо, 26 могIа: «...сибрех вахийтина шаьш хьажа...» меттана— «...сибрех вахийтича, шаьш шайга хьажа...»

84 агIо, 8 могIа: «...неIаре гIоьртича, неI чIагIйина а карийна йисира» дешнашна тIаьхьа йогIуш йолу кийсик («И неI, арахьахула дечиг а гIортош, Мирзас къевлинера, шаьш къайладовллалц Залубега орца ца даккхийта») кху тайпана хила езара — «И чIагIйинера Мирзас, арадIахула дуьхьал дечиг а гIортош, шаьш къайладовллалц Залубега орца ца даккхийта дагахь».

84 агIо, 23 могIа: «...пIелгаш а хьежош, бийла а буьйлуш...», дешнаша тIаьхьа догIура — «...Кулдевичан стуннана ю и Iийриг, — бохуш, тIех а буьйлуш».

84 агIо, 31, могIа: «озабезам боцчу цIаро» меттана — «...озабезам ца беш, шен Iедалца йолчу цIеро».

86 агIо 13 могIа: «...оьху кIарраш а гуш» меттана — «...ирхбуьйлу кIур а гуш».

86 агIо, 33 могIа: «Моллин хьехам бахбелира» меттана — «Бехха бира моллас хьехам».

86 агIо, 38 могIа: «...бIаьрг а тоьхна...» меттана—«...дIаса а хьаьжна...»

87 агIо, 30 могIа: «чухьаьлхира» меттана — «чухьаьвдира».

«БЕШТО»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь (С. С. Бадуев. «Iадаташ», 2—3-гIий дакъош, 5—61 агIонаш).

1933-чу шарахь «ЦIеран арц — ЦIен гIап» «Хаьржинаршна» юкъа яхна (96—131 агIонаш).

1960-чу шарахь Бадуевн «Хаьржинаршна» юкъа яхна (47—86 агIонаш).

ХIинца зорбатуху 1930-чу шеран текста тIера.

Оьрсийн маттахь арахецна 1972-чу шарахь (С. Бадуев. Огненная гора. Избранное, 36—74 агIонаш. Гочйинарг — Б. Кауров).

Повестан сюжетан буха тIехь М. Солцаевс язйина пьеса «Бешто». Иза Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан драматически театран сцени тIехь гойтуш ю.

Повестехь, цунна 1960-чу шарахь зорбатухуш хийцина дукхха а дешнаш ца дийцича а, юкъа яхаза йисина текстан кийсакаш:

97 агIо, 17 могIа: «Ма! Ма! Бешто!..» цо боххушшехь...» дешнашна тIаьхьа догIура — «...шен керара чамхалг...»

98 агIо, 21 могIа: «...къинхетам бешший...» дешнашна тIаьхьа хила езара хIара кийсак — «...шена халахетийтича стаг кхуо вуьйшший, шен доьзалшна лууш дерг дешший, царна бан богIу там кхуо бешший...»

104 агIо, 41 могIа: «...доцуш дакъадаларх бен ца хеташ...» дешнашна тIаьхьа йогIура хIара предложени — «Иштта адамаш дан а ду, уьш Нохчийчохь къаьсттана дукха а ду».

107 агIо, 30 могIа: «...Эшарп...» дашна тIаьхьа — «...хьеран тIулг санна, аьгна йолу...»

113 агIо, 12 могIа: «...саца а сецца...» дешнашна тIаьхьа — «...кхарна тIера бIаьрг дIа а баькхина...»

126 агIо, 24 могIа: «...РакаIат а лийр яцара...» дешнашна тIаьхьа — «...хехкарх ницкъ хилла Бештон говр а лийр яцара...»

«ПХИ ТУЬМА»

Дуьххьара арахецна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь (30 агIо).

1933-чу шарахь «ЦIеран арц — ЦIен гIап» «Хаьржинаршна» юкъа яхна (44—60 агIонаш).

1964-чу шарахь Бадуевн повестийн, дийцарийн, пьесийн сборника юкъа яхна (15—31 агIонаш).

ХIинца зорбатуху 1930-чу шеран текста тIера.

1964-чу шарахь зорбатухуш Бадуевн текст дикка хийцаеллера. Далор вай къаьсттана даккхий масалш.

Повестан хьалхара предложени чекх ма-еллинехь зорба ца тухуш йиснера хIара кийсак:

«Дато пхьеро шаьлтанна цIарца хи дуьллучу заманчохь цу шаьлтанна лойсица етта цIе санна, малхо, дикка лакха а баьлла, кхехкарца шен йовха зIаьнарш можа, баьццара ши бос лепачу аренах лиэтайора. Арахь мангалца цоьстуш охьадуьллуш, Iаьржачу куьйгашца, дато сом йовлакхан тIома санна, эсала, хаза хьерчош, наха...»

131 агIо, 20 могIа: «...кхоьлина яра...» дешнашна тIаьхьа йогIу предложени — «...стиглахь гуш Iаьржан, ченан басахьий мархаш а яра».

133 агIонан хьалхарчу могIанашкахь зорба ца тухуш йитинера хIара кийсик:

«Амма, мецачу мархо гIелдина дегI, шийлачу догIано шелдина цуьнан дегI кхехкачу малхо юха а шен йовхонна кIел а озийна, иза юха а беца тIе вуьйжира».

140 агIо, 32 могIа: «...хIуманаш кечъяйта?..» дешнашна тIаьхьа догIу — «...аьлла, цхьа ца вешачуха хIара юха а вистхилира: — Э...»

141 агIо, 17 могIа чекхбаьлча хила езаш йолу кийсик:

«Шега шайх Шедида и къамел дича, Дикас и пхи туьма шена ца дитина аьлла, Бахьала хIумма а шек вацара, хIара ша-шега: «ВаллахIа, Iазим, хьуна нехан къайле хаа-м хаьа, хьуо шайх хиларе терра», — олуш, меллаша ара а ваьлла, ламех охьа а воьссина, кех велира».

142 агIо, 27 могIа: предложени чекх ца йоккхуш йитина («Мича дарже кхачор вара ахь со?»); иза кхидIа яхъян езаш яра — «...я хьан и дан мичара хир дара?»

142 агIо, 36 могIа: «...гира доьжча...» дешнашна тIаьхьа догIура хIара дешнаш — «...кхоьлинчу дийнахь тIедачу новкъа ца богIучу маьхьарца...»

142 агIо, 41 могIа: «цахиларна» дашна тIаьхьа хIара предложени йогIура — «Амма цара шайн дагара Шедиде хьовх, шаьш вовшашка а-м ца хаийтира».

«САМАЯЬЛЛА ЯЧЕЙКА»

Дуьххьара зорбатоьхна арахецна 1931-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь (30 агIо).

ХIетахь дуьйна кхин зорбатохаза яра и повесть.
ХIинца зорбатуху оцу текста тIера.

«ПЕТIАМАТ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь (151 агIо).

1933-чу шарахь Бадуевс ша Соьлжа-ГIалахь арахецначу «ЦIеран арц — ЦIен гIап» «Хаьржинаршна» юкъа яхийтина (18—43 агIонаш).

1960-чу шарахь зорбатоьхна Бадуевн «Хаьржинаршна» тIехь (15—44 агIонаш).

ХIинца юха зорбатуху 1930-чу шеран текста тIера.

«ПетIамат» — нохчийн литературан исторехь романан жанрехь яьккхина хьалхара гIулч ю. Романан сюжетан бух хIоттийнарг халкъан барта кхолларалла ю («Ямарт моллин, Бектимиран, Зайнапан илли»). Амма иллин социальни маьIна яздархочо хийцина, аьлча а шордина, кIаргдина. Романехь халкъо кхоьллина васташ кхитайпа идейш йохьуш ду шайца: цара шайн паргIатонехьа классови а, политически а къийсам латтабо. Нагахь илли тIехь нохчийн къинхьегамхошна юкъа революционни идейш яржаран некъех лаьцна цхьа дош ца хиллехь, романа тIехь (къаьсттана оццу сюжетах язйинчу «ПетIамат» пьесица) — гойту яхдархочо и некъаш. Кхин дуккха а ю романан дакъа иллех къастош йолу билгалонаш: мотт, халкъан классови мостагIий бовзийтар дуьйцуш долу гIуллакхаш хуьлу хан билгалъяккхар, турпалхой алсамбовлар, церан дахарехь йоккха Iалашо гучуялар — реакционни динах мукъабовлар, революцина, кхетам а болуш, тIекхача гIертар. Оцу масалша тоьшалла до: мел пайдехь ю яздархочунна халкъан барта кхолларалла, нагахь санна цо, барта кхолараллехь ша пайда оьцуш, кхечу литературашна зеделларг тидаме эцахь! Оцу шина а исбаьхьаллин хьолах пайда а оьцуш, язйинера Бадуевс «ПетIамат» роман.

1960-чу шарахь зорбатухуш романан текстан дуккха а дешнаш хийцаделлера я юкъара дIадевллера.

ХIинца текст, 1930-чу шарахь ма-хиллара, юха меттахIоттийна.

181 агIо, 12 могIа: «...хIинцалерчул дикка дика хьоыгур до-

лу дела...» дешнашна тIаьхьа йогIура хIара кийсак — «Бакъду, ПетIаматана шен гIаргIделла дегI, дуьххьал кхуьнан хебаршка ихинчу дегIах ца тухуш, жимочу дегIах тоха-м луур дара. Делахь иза а хIумма а дац-кх, ПетIамат шен езар хилча, Бешар-моллин дог дикка паргIатдерг хилчахьана».

187 агIо, 3 могIа: «чами» дашна тIаьхьа — «...цхьана куьйга ловзабеш, иза, ца хууш...»

188 агIо, 14 могIа: «...Бешир-моллин дешнаша...» тIаьхьа — «...йинчу чевнашна...»

188 агIо, 23 могIа: «...хIокху сохьта бехкен...» дешнашна тIаьхьа — «...волу стаг кхуьнга...»

188 агIо, 36 могIа: «жайно» дашна тIаьхьа—«...бохучу тайпана...»

192 агIо, 25 могIа: «ПетIамат» дашна тIаьхьа—«...шен боьхаллица...»

192 агIо, 35 могIа: «...ялта хьекъа...» дешнашна тIаьхьа — «...йиш яц, хIуманах беркат хир дац...»

192 агIо, 39 могIа: «мелхо а...» дешнашна тIаьхьа — «...цу стагана...»

193 агIо, 13 могIа: «Зударш...» тIаьхьа — «...боьршачу нахал...»

194 агIо, 42 могIа: «Бай» дашна тIаьхьа — «...кхобуш Iачу жеройн цIийнадайн тIаьхьа дисна...»

195 агIо, 5 могIа: «...ас дагийна, аьллахь...» дешнашна тIаьхьа — «...хезий хьуна? Аса дагийна, аьллахь!»

196 агIо, 6 могIа: «...билггал хууш дац...» дешнашна тIаьхьа — «...хIунда, кхана хиндерг цхьанне а хууш доцу дела».

196 агIо, 20 могIа: «...везачу дала....» дешнашна тIаьхьа — «...шен ницкъаца сацор а ву, и сацориг хиларна...»

196 агIо, 34 могIа: «...делкъан ламазана маьждиге гIор вай...» меттана — «...делкъаш ламазаш дер вай, маьждиге а дахана...»

197 агIо, 6 могIа: «Суна кхоьллинарг!» меттана — «Суна динарг хIун ду?»

ПЬЕСАШ

«ДАЙН IЕДАЛ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1929-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь (32 агIо). И пьеса Бадуев СаIида Эльдарханов Iисица цхьаьна язйина.

1933-чу шарахь Бадуевс Соьлжа-ГІалахь арахецначу «ЦІеран арц — ЦІен гІап» «Хаьржинаршна» юкъа яхна.

1964-чу шарахь Бадуевн повестийн, дийцарийн, пьесийн сборника юкъа яхна (110—129 агІонаш).

ХІинца зорбатуху 1929-чу шеран текста тІера.

1964-чу шарахь зорбатухуш хийцаелла, хІинца юха меттахІиттийна кийсакаш»:

202 агІо, 12 могІа. Зорбатоьхна: «...Мерзачу езарх тхо сиха къастадой...» Хила деза: «...Мерзачу езарна лун барт хадабой...»

206 агІо, 15 могІа: «Шун хІу кхачош лаьтта...» дешнашна тІаьхьа — «...наха, бежнаш санна, дойуш! Хезий шуна? Шун хІу кхачош лаьтта...»

207 агІо, 3 могІа: «...хьан чІир лоьхур ю-кх ас. *(Барт ло.)*» дешнашна тІаьхьа — «БІаьргаш тІе куй а тоттий, араволу»

207 агІо, 32 могІа: «Бука *(Кулсумна тІейоьду)*» дешнашна тІаьхьа — «Ваха! Иштта собар доцуш ду хьуна хийла адамаш...»

208 агІо, 6 могІа: «...могуш йоцуш хьо а хилча...» дешнашна тІаьхьа — *(Кулсум, шен бІаьргех хІума а хьоькхуш, лаьтта.)*»

208 агІо, 20 могІа: «Кулсума, кхералой, цІехьана...» дешнашна тІаьхьа — «...юха а йоьрзий, ладугІу, иштта Букас а дугІу».

210 агІо, 36 могІа: *«(Вахина тІевоьду.)»* предложенина тІаьхьа — «Кулсума шен бІаьргех хІума хьокху».

211 агІо, 32 могІа: «...бІаьргаш къаьрзина...» дешнашна тІаьхьа — «...куьйгаш лергаш улло а лаьцна...»

212 агІо, 14 могІа: «...кІозарш а охкийна, лаьтта» дешнашна тІаьхьа — «Вижна!.. велла! Вижна!.. велла. *(Елало.)* Вижна-кх...».

212 агІо, 15 могІа: «...шен цІа долу дела» дешнашна тІаьхьа — *«(Халид Іуьллучу агІор цхьа куьг а туьйсуш.)»* ДІавала!.. ДІавала суна гучуьра!.. *(Кулсум, хьала а экхий, цецъяьлла, кхунах ца кхуьуш, лаьтта.)* ДІавала суна гучуьра!..»

212 агІо, 21 могІа: *(«Куьг юьхьах хьокху, йоьлу)»* дешнашна тІаьхьа — «Дов! Дов аьлла, топ а кхоьссина, маре гІур ю со. *(Йоьлу.)»*

215 агІо, 17 могІа: «...шена хьалха леш...» дешнашна тІаьхьа — «Кхунна-м ца хезарий цо, шена чов кхетча санна, шен ненан а цІе йохуш».

215 агIо, 32 могIа: «...хIун дийр ду-теша?» дешнашна тIаьхьа — «Чуьйрийн-Эвлахь телхина нах тобеш лор ву а бохура. Ма хьо цига йига ницкъ а бац».

215 агIо, 35 могIа: «Чуйолу лулахо» предлоежнина тIаьхьа — «БIаьргех йовлакхан тIам а хьоькхуш, Кулсуме а хьожий, корта ластабо цо».

218 агIо, 4 могIа: «Ваха!» дашна тIаьхьа — «ТIаккха цIеххьана вайн Нохчийчохь герз эца долийра. Цу гIуллакхах со чIогIа кхераеллачу заманчохь...»

218 агIо, 26 могIа: «...белхалой, комсомолаш бу...» Дешнашна тIаьхьа — «...хета суна, цкъа уьш дIанисбечу...»

«ПЕТIАМАТ»

Язйина 30-чу шерийн шолгIачу эхенгахь. Цу хенахь зорбатоьхна ца хилла. Нагахь пьеса хьалхо чеккхъяьккхина хилехь, цунна, яздархочо хьалха кхоьллинчу произведенешна санна, зорбатоьхна хир яра. Пьесин сюжет а, романан сюжет а цхьана йогIуш ю, амма пьесин сюжет жимма къаьсташ ю романан сюжетах. Оццу сюжетна язйина Бадуевс «ПетIамат» поэма а (1934).

Пьесина дуьххьара зорбатоьхна 1960-чу шарахь араяьллачу яздархочун «Хаьржинаршна» тIехь цуьнан автографа (рукописа) тIера.

Оьрсийн матте гочйина (Б. Кауров), зорбатоьхна 1972-чу шарахь араяьллачу С. Бадуевн «Огненная гора» сборника тIехь (100—146 агIонаш).

«ГУТТАР А ЦА ХУЬЛУ МОЛЛИНА МОВЛАД»

Дуьххьара зорбатоьхна 1930-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь (19 агIо).

1933-чу шарахь Бадуевс Соьлжа-ГIалахь арахецначу цуьнан «Хаьржинаршна» юкъа яхна (270—285 агIонаш).

1964-чу шарахь Грознехь зорбатоьхначу Бадуевн дийцарийн, повестийн, пьесийн сборника юкъа яхна (155—168 агIонаш).

ХIинца зорбатуху 1930-чу шеран текста тIера.

1964-чу шарахь зорбатухуш хийцаелла, хIинца юха метта-хIиттийна кийсакаш:

291 агIо, 11 могIа: «Молла Iадаво» дешнашна тIаьхьа— «Гелагий, Залубий хелхадолу, Iайшата пондар а локхуш».

295 агIо, 19 могIа: «ХIун дуьйцура цара?» дешнашна таьIхьа — «Залуба. Вайн Николай паччахьан кIант вара вуьйцург. I а й ш а т. И-м суна хезнера, кхин хIун дийци аша?»

301 агIо, 30 могIа: «(Ахча... дIакховдадо)» дешнашна тIаьхьа — «Гелага, къинтIера ваьллахь суна ас хьайца бинчу бегашна».

«МАРХА ДОСТУ ДЕ»

Дуьххьара зорбатоьхна Соьлжа-ГIалахь 1930-чу шарахь (46 агIо).

1964-чу шарахь Грознехь араяьллачу Бадуевн повестийн, дийцарийн, пьесийн сборника юкъаяхна (130—154 агIонаш).

ХIинца зорбатуху 1930-чу шеран текста тIера.

1964-чу шарахь зорбатухуш юкъара дIаевлла, хIинца юха меттахIийттийна кийсакаш:

307 агIо, 17 могIа: «Ахь бохург-м...» дешнашна тIаьхьа — «..вай сийсара, тахана...»

315 агIо, 3 могIа: «...оьцуш стаг ца хилча?» дешнашна тIаьхьа — «Б е с и р а т. Ткъа хIинца хIун дан ойла ю хьан? Ж о н с а р к ъ а. Сан-м вайн ахча хиллалц IадъIе ойла яра, со цара витча».

316 агIо, 40 могIа: «...хьарам ду бохуш...» дешнашна тIаьхьа — «...ша а, шен бераш а цунах юха а ца ийзалуш...»

319 агIо, 33 могIа: «ХIун хилла хьуна...» дешнашна тIаьхьа — «..хIинца? «АллахI»,, «аллахI!»

320 агIо, 31 могIа: «...варда а кагъели...» дешнашна тIаьхьа — «Суна-м мацца а боккха пайда баьллера, теттина пхи туьма дехкарийла а вахана».

322 агIо, 5 могIа: М о х ь (*геннара хеза*). Ва Хьаьдид! Хьаьдид, ВахIаб юхахьожу».

324 агIо, 8 могIа: «Iадат» дашна тIаьхьа — «...шеца цхьа зулам доцуш дац».

327 агIо, 14 могIа: «Чуьрчара куьйгаш туху» предложенина тIаьхьа — «Шуна тIаьхьа а хIоьттина, вала реза ву со».

«ЦIЕН ГIАП»

Пьесин хьалхарчу декъан хьалхарчу суртана дуьххьара зорбатоьхна 1932-чу шарахь (Яндаров Халид. «Нохчийн мотт». Соьлжа-ГIала, 1932, 204 агIо).

1933-чу шарахь пьесин II-чу суртана зорбатоьхна Бадуевн «ЦIеран арц — ЦIен гIап» «Хаьржинаршна» тIехь (311—323 агIонаш).

1964-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь араяьллачу Бадуевн дийцарийн, повестийн, поэмийн сборника юкъа дахана пьесин хьалхара ши сурт (169—186 агIона).

Дийна пьеса хIинца а кароза ю, хетарехь, Бадуевс и чекх ца яьккхинчух тера ду.

1964-чу шарахь зорбатухуш юкъара дIаевлла, хIинца юхаметтахIиттийна кийсакаш:

329 агIо, 3 могIа: «Лурвоьлла стаг!» дешнашна тIаьхьа — «И-х суний, Iаьржа латта, хьуний-х хаьий...»

331 агIо, 3 могIа: «...чIогIа хила веза, Жолмирза» дешнашна тIаьхьа — «Ла а дугIий, Бексолтас аьллачун ойлайо».

331 агIо, 17 могIа: «...дайдахь, яда-дай!» дешнашна тIаьхьа — «Ва дайдахь, ядадай, ва дайдахь, ядадай!»

332 агIо, 9 могIа: «ЭхIе, дIаваьллахь!» дешнашна тIаьхьа — «Со хьуна тIевогIуш мах ца бер вайшимма, ишта Iовдал а вац бабас ша ялале вина со».

332 агIо, оццу дешнашна тIаьхьа: Ж о л м и р з а. Битахьа бегаш, цкъа схьаволахьа.

Д у д у г. Бегаш бита а бохуш, вевзи а бохуш, теттина со шена тIеveъча, мацах нохчийн мотт хууш волчу гIалгIазкхийн странжико, нана-ЖугIуртахь йина и нисъелла шаьла а, киснара хьолтIам санна долу и доккха сом а даьккхира сан... ХIинца сан кисанахь сом а дац... бакъду, хIара шаьлта-м ю, ша нехан а йолуш, хьо милла а велахь а, хьуна дIа а лур йоцуш. *(ДIа а волалуш.)* ХIа... дIавала, къонаха... буса теснарг башха гергарло дац, ахьа дан гIуллакх сан дац, сан жима Белила а хир ю сагатдеш, дIагIор со... *(ДIаволало.)»*

333 агIо, 28 могIа: «...дара-кх сан дегI» дешнашна тIаьхьа — «БексолтагIар белакъежа».

333 агIо, 30 могIа: «...хийла дегI а-м» дешнашна тIаьхьа «Жолмирзас, вист а ца хуьлуш, ойлайо».

Р е ш и д *(ойла а йой.)* «Бакъ... бакъонан чкъург, дуьненахь эла хилла схьайогIуш йолу харцо...» *(Ойлайо.)*

337 агIо, 23 могIа: «...и муьйлуш ца лелча...» дешнашна тIаьхьа—«Ю с у п *(аьрру агIор а хьожуш).* Дуьйлалойша чеккка. *(Туркх дIахьожу.)*

Сцени тIехьахь. «ХIун? Дера догIу-кх, ша и кхоьссина хIума санна-м». — олу Бойсура. Чуволу Бойсур, генна гал а воьдуш. Иза вехна ву.

Б о й с у р. Сол... чехка ла...ламанан сай а хир барий, Юсуп? *(Халла хьала а нислуш.)*

Ю с у п. Бойсур, аса тахана, ма мала, ца аьллера хьоь?

Чуволу ши стражник: Алексей, Дауд. Керахь шишша гIант, яахIума, кхоъ шиша, стаканаш, шимма а уьш дIанисйо.

Б о й с у р. Элира ахьа-м, *(некха тIе куьг а тухуш.)* кийра ца Iийра... Схьада, боху, лур долуш со а ву-кх... Ю... Юсуп, хIара дуь...дуьне-м, вай делча, котамаша кIегар маIарш а хьоькхуш, лаьттар дай, малийтахьа соьга, шуна беллачу махка тIера мелла-кх аса тахана. *(ГIанта хоу.)*

Ю с у п. Ас-м, полковнік Веринна хьалха бакъахьа ца хеташ, бахара, хьо юьртда волу дела. *(Аьрру агIор чехка дIавоьду.)*

Б о й с у р. Юьртда а ву, ерриге а кху Нохчийчоьнан да а ву. ХIей, Туркх!

Т у р к х. ХIун бах ахьа, Бойсур?..

Б о й с у р. Сан Туркх, сан лай ву хьо?

Т у р к х. Ва!

Б о й с у р. Схьавоьл цкъа!

Т у р к х. Мацах гIалитIа вахчахьана веханчу хьаькамах кхоьруш ву со, иштта схьаалахьа!

Б о й с у р. ХIун дина хьуна гIалитIахь? И нохчийн хабар гой хьуна цо Iамийна!?

Т у р к х. Кхин хIумма а ца дира, базарара, сайна лампа а эцна, схьавогIуш волу со, — стражник вара, ураьдник вара, ца хаьа суна, — цхьана гIазакхчо, ластийна суна буй а тоьхна, «якши, кунак!» — элира-кх соьга.

Б о й с у р. Ахьа хIун дира?..

Т у р к х. Якши, къурIанора, ахьа суна тоьхчи-м, аса хьуна тоьхча, яман а дера хир дара! — аьлла, схьавеара-кх.

Б о й с у р. ТIаккхахула тоьхчи, вист дIа ма хилалахь! Хьо хIунда хуьлура хьаькамана дуьхьал вист, хьо-м кху дуьненан а лай вай, ва Туркх! И хаьий хьуна?..

Т у р к х. Иза-м хаьа-кхи суна, Бойсур.

Б о й с у р. Хаахь, схьавоьл хIета, хIун деш лаьтта хьо, мунданна воьгIча санна?»

«БОЛЬШЕВИКАЛЛИЦА ЯЛТА ДЕРЕХЬА»

Дуьххьара зорбатоьхна арахецна 1932-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь (34 агIо).

1964-чу шарахь Грознехь арахецначу Бадуевн повестийн, дийцарийн, пьесийн сборника юкъа яхана (89—109 агIонаш). ХIинца зорбатуху 1932-чу шеран текста тIера.

1964-шарахь зорбатухуш юкъара дIаевлла, хIинца юха меттахIиттийна меттигаш:

346 агIо, 20 могIа: «...хи чохь сурила а...» дешнашна тIаьхьа — «...ага техкош Iен Рукъият а».

347 агIо, 37 могIа: «...нах санна, ваха гIорта!» дешнашна тIаьхьа — «Ва цавеха!»

352 агIо, 33 могIа: «Дауданий, Жамалдиний Арсби ца го» дешнашна тIаьхьа — «Б а у д д и *(цец)*. Оступуьриллах!»

356 агIо, 38 могIа: «...бIаьстено гайтира вайн Советан...» дешнашна тIаьхьа — «агIо».

358 агIо, 13 могIа: «...ХIара... созаца...» дешнашна тIаьхьа — «...шу а болуш...»

363 агIо, 22 могIа: «...накъостий, вай...» дешнашна таIьхьа — «Сталинан».

363 агIо, 33 могIа: «..кхеташо ян еза» дешнашна тIаьхьа — «Х ь а ь л и м. Иза сов бакъахь хир ду. *(ДIавоьду.)*»

«ПОЛИТОТДЕЛ»

Дуьххьара зорбатоьхна 1934-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь (22 агIо).

ХIетахь дуьйна кхин араяьлла яцара и пьеса.

ХIинца зорбатуху оцу текста тIера.

Ч У Л А Ц А М

Хь. Туркаев. Художникан революционни дош 5
Жайна диначуьнгара 51

Повесташ

Мацалла 55
ЦIеран арц 73
Бешто 89
Пхи туьма 127
Самаяьлла ячейка 144

Роман

ПетIамат 169

Пьесаш

Дайн Iедал 201
ПетIамат 220
Гуттар а ца хуьлу моллина мовлад 290
Марха досту де 304
ЦIен гIап 328
Большевикаллица ялта дерехьа 346
Политотдел 366

Б и л г а л д а х а р ш 383

Бадуев Саид Сулейманович

СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ
В 2-х ТОМАХ

Том первый. Проза, драматургия
(на чеченском языке)

Редактор **А. Д. Осмаев**
Художественный редактор **М. Б. Магомаев**
Технический редактор **С. П. Липатова**
Корректоры **А. Т. Исмаилов** и **З. А-М. Яндарбиев**

Сдано в набор 13.I 1976 г. Подписано к печати 27.X 1976 г.
Формат 60x84 1/16 Бумага типографская № 1
Объем 25,0(23,24) п. л. Уч.-изд. л. 23,03
Тираж 3000 СФ04183

Чечено-Ингушское книжное издательство
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров
Чечено-Ингушской АССР,
Грозный, 21, улица Ленина, 14

Заказ № 1005
Типография имени И. Н. Заболотного
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров
Чечено-Ингушской АССР,
Грозный, улица Интернациональная, 12/33
Цена 97 коп.

ХЬОМЕ НАКЪОСТИЙ!

С. С. Бадуевн гулйиначу сочиненех шайна хетарг дуьйцуш тхоьга яздар доьху оха шуьга хIокху адресца:

364021, Грозный,
Ленинан урам, 14,
Нохч-ГIалгIайн книжни
издательство.